

Liu Jo

Chèmen  
Vérité

Manyèl Edikasyon Kretyén Pou Jèn ak Granmoun

## **CHEMEN VERITE A #10**

Pibliye pa Ministè Antrènman Disip Rejyon Mezoamerik

Kopi yo kapab fêt nan paj sa yo pou liv pèsonèl ak lizay nan legliz la. Ou ka jwenn vèsyon elektwonik liv sa a nan:  
[www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org/](http://www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org/)

Legliz Nazareyen, Rejyon Mezoamerik

Copyright © 2021 Tout dwa rezève.

Tout dwa yo rezève.

Monte Cyr: Editè

Patricia Picavea: Kowòdinatris Literati Rejyon SAM

Prezantasyon kouvèti a: Slater Joel Chavez

Dyagramasyon : Slater Joel Chavez

Tradwi pa Dezama Jeudi

Sèlman si yo endike lekontrè, tout sit biblik yo soti nan Bib Vèsyon Jerizalèm 1999, © Sosyete Biblik Rasanble yo. Tout dwa yo rezève.

ISBN: 978-1-63580-187-3

Enprime nan peyi Gwatemala



# Kontni

Prezantasyon	5
Rekomandasyon	7
<b>PREMYE TRIMÈS- De lèt espesyal: Galat ak Efezyen</b>	<b>9</b>
Leson 1 Levanjil pote libète	10
Leson 2 Viv sèlman pa lafwa nan Jezi	13
Leson 3 Bon libète nan Kris la!	16
Leson 4 Gide atravè Sentespri a	19
Leson 5 Levanjil pou fè byen ak pwochen an	22
Leson 6 Chwazi pou resevwa benediksyon	25
Leson 7 Vrè richès kretyen yo	28
Leson 8 Grandi nan konesans Bondye a	31
Leson 9 Sove pou temwaye avèk aksyon yo	34
Leson 10 Gwo lanmou Bondye a	37
Leson 11 Legliz la: Ekip Bondye a	40
Leson 12 Byen pwofite tan an	43
Leson 13 Youn ak lòt	46
<b>DEZYÈM TRIMÈS-Lavi entegral kretyen an</b>	<b>49</b>
Leson 14 Tanperaman nou nan men Bondye	50
Leson 15 Zouti yo kont fòs demon an	53
Leson 16 Jezi, Liberatè nou an	56
Leson 17 Yon pèsonalite kretyen	59
Leson 18 Kontwòl eta nanm yo	62
Leson 19 Piga nou twouble, aji lafwa nou!	65
Leson 20 Sa ke Bib la di nou sou estrès	68
Leson 21 Bondye padone moun ki padone yo	71
Leson 22 Viv ak kè kontan!	74
Leson 23 Ann pran swen tanp lan!	77
Leson 24 Bondye ki konn geri a	80
Leson 25 Pi gwo esperans lan	83
Leson 26 Sipòte maladi yo nan Bondye	86

**TWAZYÈM TRIMÈS-Defi ak rekompans yo: Kwonik**

89

Leson 27	Kòman nou onore prezans Bondye?	90
Leson 28	Bati kay Bondye a	93
Leson 29	Konsekans ale lwen Bondye a	96
Leson 30	Pwojè ki plis enpòtan pou wa David la	99
Leson 31	Òganizasyon ak distribisyon resous yo	102
Leson 32	Gwo evènman yo	105
Leson 33	Yon gwo demann	108
Leson 34	Yon kay ki diy pou Bondye	111
Leson 35	Wa ki genyen anpil bon konprann nan	114
Leson 36	Fòk nou ekilibre ekip konseye yo	117
Leson 37	Yon lafwa ki egzèse nan leprèv	120
Leson 38	Yon transfòrmasyon entegral	123
Leson 39	Toujou fè sa ki dwat	126

**KATRIYÈM TRIMÈS—Lavi ak vizyon Danyèl yo**

129

Leson 40	Lafwa avèk angajman	130
Leson 41	Obeyi Bondye pito olye nou obeyi lèzòm	133
Leson 42	Rèv ki retire somèy yo	136
Leson 43	Enpòtans entegrite a	139
Leson 44	Yon moun ki tonbe nan pyèj awogans lan	142
Leson 45	Pi gwo echèk yon wa	145
Leson 46	Kouraj nan mitan eprèv	148
Leson 47	Wayòm yo avèk Wa a	151
Leson 48	Manifestasyon fen mond lan	154
Leson 49	Lapriyè, pi gwo nan resous yo	157
Leson 50	Chèche Seyè a nan moman konfli yo	160
Leson 51	Danyèl ak pwofesi lafen yo	163
Leson 52	Danyèl ak esperans pou demen an	166

# Prezantasyon

---

Byen vini nan yon nouvo ane ki plen avèk defi pou nou kapab kontinye etidye ak anseye Pawòl Seyè a! Nou konnen ke kalite travay sa a mande anpil gwo sakrifis ki pa twò fasil pou reyalize, men avèk konfyans nou kapab di ke Bondye fidèl, epi li pap janm kite nou pou kont nou. Konsa, nou ankouraje nou nan non Jezi ki se Kris la pou nou kapab kòmanse ane sa a pandan n ap lage nou nan men Seyè, epi mande li èd li pou nou kapab byen akonpli Gran Komisyon li a: "Ale non, preche moun ki rete nan tout nasyon yo, epi fè yo vin disip mwen..., epi anseye yo tout sa ke mwen te ban nou lòd fè..." (Matye 28:19-20 BPJ). Pa doute ke Bondye vle fè w tounen enstriman li nan domèn ansèyman ak/oubyen fòmasyon disip.

Ane sa a, nou kòmanse premye trimès la avèk etid de lèt ke Pòl te ekri: "Galat ak Efezyen". Ou pral wè jan sa enteresan epi edifyan jan ke w ap aprann kòman Sentespri a te enspire Pòl pou l te ekri moun ki te fenk konvèti nan legliz premye syèk la. Dezyèm trimès la prezante yon seri de lesion ki gen pou wè avèk anpil nesesite ke legliz nan tan kounye yo ap konnen. Chak jou, nou reyalize fason ke estrès ap maltirize anpil vi; fason ke konfli yo kanpe kin nan relasyon entèpèsonèl yo; fason ke moun ap tandem non yon bann maladi ki pa gen gerizon; ak anpil lòt bagay ankò. Nou pa dwe inyore ke Bondye vle gide nou pa mwayen Lespri li avèk Pawòl li pou ke nou kapab afwonte sitiyasyon sa yo avèk bon konprann. De lòt trimès yo, twazyèm ak katriyèm nan genyen yon seri de lesion ki baze sou I, 2 Kwonik ak Danyèl espesyalman. Etidye liv sa yo nan Ansyen Testaman gen pou ede nou anpil pandan n ap mache ak Bondye; yo pral fè nou reflechi anpil sou enpak desizyon ke sèvitè parèy nou ki te viv sou tè a anvan Kris yo te konn pran. Se menm jan an tou, lesion ki baze sou Danyèl yo pral ede nou sonje ke toujou rete fidèl avèk Bondye pote lavi ki pap janm fini an nan tan preznan ak lavni. An nou viv yon fason pou ke nou fè kè Seyè a kontan!

Materyèl edikasyon kretyèn sa te prepare pandan nou t ap panse avèk nou chak. Bondye mete nan kè nou pou nou travay avèk pasyon ak kouraj pou fè resous sa yo rive nan men nou. Souwè nou pou nou se pou nou kapab jwenn yon grann èd nan materyèl edikasyon sa a pou klas nou yo. Epi sonje byen, nan chak lesion ke w ap genyen pou w prezante, Seyè sèl Mèt nou an ap preznan nan mitan nou. Li toujou rete bò kote moun ki pou li yo!

Pou nou fini, n ap mande nou pou nou toujou mete nan kè nou jalouzi pou nou viv sensè ak imilite, epi prepare klas nou yo byen; pou ke non Bondye kapab glorifye.

**Patricia Picavea**  
Kowòdinatris Literati Rejyon SAM



# Rekòmandasyon yo

## **Preparasyon ak prezantasyon leson an:**

1. Kòmanse pandan w ap priye pou ke Bondye kapab pèmèt ou pi byen prepare w. Pou li kapab ba ou bon konprann pou w kapte mesaj ki pou lavi pa w la avan.
2. Li lesyon an plizyè fwa pandan semèn nan pou w ka byen apwofondi ladan li.
3. Eseye fòme dokiman pou w travay la byen. Yon diksyonè an fransè, yon diksyonè biblik epi, si genyen posiblité, apa de Bib pa w la, ou dwe itilize vèsyon ki diferan de Luis Segond ke nou itilize a. Ou dwe genyen kreyon, bwòs ak papye tou.
4. Avan ke w kòmanse prepare leson an, li objektif leson an epi mete tou pre w nan preparasyon an.
5. Ou dwe asire ke w chèhe epi li tout pasaj biblik yo ke leson an prezante.
6. Pran yon fèy epi fè yon kopi eskèlèt leson an. Ekri yon gid nan chak pwen k ap ede w nan moman ke w ap bay klas la.
7. Swiv chak pwen jan Bib la endike l la, poze klas la plizyè kesyon epi fè klas la patisipe anpil. Patisipasyon moun yo ap ede anpil nan pwosesis aprantisaj la.
8. Pa blye kontinye ranpli Fèy aktivite patisipan yo nan moman dewoulman klas la, sa kapab ede pou ke moun yo repase leson an lakay yo epi itilize yo lè y'ap fè devosyon.
9. Chak leson genyen yon vèsè pou aprann. Pote li nan klas la tou memorize epi pran pasyans pou ke moun yo kapab aprann li byen.
10. Fini leson an avèk yon priyè epi ou dwe byen obsève pou si yon etidyan te genyen kèk nesesite nan moman leson an epi priye pou li.
11. Kontakte elèv ou yo pandan semèn nan. Itilize tout mwayen posib yo epi fè yo santi ke yo enpòtan pou Bondye epi w ap priye pou yo.

## **Plizyè lòt sigjesyon:**

Pou ke klas yo kapab enteresan, eseye prezante yo nan yon fason ki diferan epi fè moun k ap asiste klas ou yo patisipe tou. Itilize plizyè teknik diferan nan chak klas pou l pa vin yon woutin. Siprann moun yo pandan w'ap fè tan sa a vin yon moman aprantisaj, akonpayman ak patisipasyon. Patisipasyon nan yon klas ak travay an gwoup fè devlopman leson an enteresan paske li kreye yon klima de konfyans, li pèmèt ou konnen lide lòt moun yo, li motive epi rann aprantisaj la pi fasil.

1. Chanjman dide: Ou kapab ba yo fèy aktivite a pou y al lakay yo epi aprè sa pou yo pataje repons yo. Oubyen ou kpab prezante plizyè postè diferan pou yo diskite ki genyen relasyon avèk yon tèm (padon, twonpe moun, estrès, elatriye.) pou analize nan plizyè pozisyon diferan. Li pa bon pou li itilize nan mitan plis pase venn senk moun.

2. Solisyon pwoblèm yo: Divize gwoup la fè plizyè lòt ti gwoup ki genyen plis pase sis patisipan ki pou rezoud yon pwoblèm ki gen pou wè avèk tèm k ap trete a pandan 10 minit.
3. Kisa nou konnen?: Avan klas la kòmanse, patisipan yo kapab pran pale sou yon tèm oubyen sou solisyon yon pwoblèm, ou kapab pran nòt nan pwosesis la, lè lide yo finache, ou kapab kòmanse avèk lesan an.
4. Chèche yon repons: Chak patisipan dwe ekri repons ke mèt la te gentan prepare, e yo dwe fè sa nan espas yon minit. Après a, se pou yo fòme plizyè gwoup epi chwazi yon kapitèn nan chak gwoup sa yo ki pou rezime repons yo epi fè repons ki bon an. Finalman, se pou yo tout rasamble epi chak kapitèn ap prezante repons ki bon an epi ekri li nan tablo a oubyen nan yon gwo fèy kote ke tout moun kapab wè li. Antrenè a dwe ap ekri tout sa ki sanble yo ak aspè ki kapab manke yo. Sou baz diskisyon chak repons, ou kapab chwazi pa gwoup ki pi pwòch tèm nan.
5. Dramatize: Antrenè a ap prezante sitiyasyon an oubyen pasaj la (jeneralman li aplike pou kèk istwa) pou etidye ak eksplike tout moun sa ki te pase, ki ase klè epi laj ki pou pèmèt patisipasyon tout moun k ap patisipe yo. Sa genyen ladan li, mande tout moun pou yo li pasaj kote yo pran ansèyman prensipal la epi aprè sa pou yon gwoup fè montaj avèk li avèk yon egzanz ki gen pou wè avèk yon kontèks nan tan kounye a. Reyalis la enpòtan. Yo tout pa menm bezwen patisipe. Yon fwa ke pasaj la te li. Moun yo chwazi yo ap soti nan sal la, wòl yo pral distribye epi y ap prepare yo pandan kèk minit pou yo abiye tankou pèsonaj la epi panse kòman yo pral abòde sitiyasyon an pandan moman prezantasyon an. Apre yon tan, y ap eksplike moun k ap obsève yo pwen ke yo dwe siveye epi pran nòt sou (kòman wòl yo te prezante, èske li gen pou wè avèk kontèks oubyen reyalite ke n ap viv jodi a, elatriye.). Fè sal la prepare li epi fè pèsonaj yo pase pou kòmanse reprezantasyon an.

# De lèt espesyal: Galat ak Efezyen

Premye Trimès

Levanjil pote libète  
Viv sèlman pa lafwa nan Jezi  
Bon libète nan Kris la!  
Gide atravè Sentespri a  
Levanjil pou fè byen ak pwochen an  
Chwazi pou resevwa benediksyon  
Vrè richès kretyen yo  
Grandi nan konesans Bondye a  
Sove pou temwaye avèk aksyon yo  
Gwo lanmou Bondye a  
Legliz la: Ekip Bondye a  
Byen pwofite tan an  
Youn ak lòt



# Levanjil pote libète

Macedonio Daza (Bolivi)

## Pasaj biblik etid Ia: Galat 1 ak 2

**Vèsè pou aprann:** “Enben, si yon moun ta vin anonse nou yon lòt bon nouvèl ki pa menm ak sa nou te anonse nou an, moun sa a li te mèt se mwen menm, osinon yon zanj ki soti nan syèl, madichon pou li!” Galat 1:8

**Objektif leson an:** Se pou elèv la apwopriye li nan levanjil la ak benefis ke li ofri lavi kreyen an.

## Entwodiksyon

Nan epòk mwatye premye syèk apre Jezikris, Galasi te yon pwovens Wòm ki te plase nan reydon Santral Azi Minè, ki fè pati Latiki nan moman sa. Nan lèt sa ki te ekri pou moun Galasi yo, yo pale de “legliz ki te nan Galasi yo” san espesifye non okenn vil.

Pòl te defann seryezite levanjil ki te preche moun nan peyi Galasi yo, pandan li te ensiste pou di ke se Bondye ki te ba li misyon pa I la atravè Jezi Kris, men se pat nan men lèzòm li te soti. Se konsa, li te montre tou ke misyon apostolik li a te rekonèt pa tout apot ki te nan lavil Jerizalèm yo (Bib Etid “Bondye pale jodi a”. EIA: SBI, 1996, p. 1759).

Menm jan avèk nan epòk apot Pòl la, levanjil la te sibi manipilasyon, pètibasyon ak pèvèsyon pa mwayen kèk moun pandan tout istwa legliz la, pandan yo t'ap itilize li pou pwòp enterè pèsonèl yo.

Pa egzanp, pou satisfè apeti pèsonèl ak enstitisyonèl yo, yon fason pou ke yo te kapab pran avantaj sou pèp la akoz de inyorans yo. Bagay sa te pase nan epòk Mwayennaj avèk otorite lepap ak endiljans yo; ke yo te konn itilize pou fè komès ak lavi ki pap janm fini an. Se sa ki lakòz ke leson sa genyen enpòtans epi li pral ede nou rekonèt vrè levanjil la ak benefis li yo; epi madichon pou nenpòt sa ki diferan de li.

## I. Levanjil la te resevwa pa mwayen revelasyon (Galat 1:6-17)

### A. Levanjil se revelasyon

Levanjil se rankont sa avèk Bondye ki revele pa mwayen Pitit li a Jezi kris. Li se Bondye avèk nou.

Rankont sa ke apot Pòl te fè avèk Seyè Jezi a te transfòme lavi li; konsa, li te soti nan kategori pèsekítè legliz pou rive vin predikatè levanjil (Travay 9:1-19; Galat 1:15-16). Apati de moman sa a, Pòl te mache selon revelasyon an, jan Galat sa endike nan Galat 2:2.

Yon bagay ki sanble te pase pèp Izrayèl la, lè li t ap mache nan dezè a ki te mobilize lè kolòn nyaj la te deplase; epi chita lè nyaj la te kanpe; epi nan fason sa a, izrayelit yo te rekonèt prezans Seyè a (Egzòd 13:17-22). Se rankont la avèk Kris.

### B. Levanjil la pa resevwa tankou yon eritaj

Levanjil la pa soti nan moun ki te vini avan nou yo. Se sa ki fè, pèsòn pa genyen dwa pou deklare tèt li eritye levanjil la sèlman paske li soti nan yon kilti kreyèn oubyen kilti jwif la (Lik 3:8). Li pa ase pou yon moun fèt nan yon kay kote ki genyen moun kreyen, ni sèlman fèt nan yon dezyèm oubyen twazyèm jenerasyon evanjelik; malgre yon kote, sa kapab ede pou apwoche pi prè verite a. Nou dwe konsyan ke kado lavi ki pap janm fini sa a soti nan Kris la, nan yon rankont pèsonèl avèk Li (Travay 4:12).

### C. Levanjil se pa yon bagay moun aprann

Sa vle di ke levanjil la se pa yon asimilasyon ki gen pou wè avèk konesans. Si sa te konsa, se pou moun ki konn li yo sèlman li t'ap ye. Pou nou kapab sonje sa pi byen, ann sonje vizit ke Nikodèm te fè Jezi a (Jan 3). Nikodèm te yon gwo chèf pamí farizyen yo, yon mèt relije: “Sanble ke se te yon nonm sensè ki te atire pa karaktè avèk ansèyman Jezi a, men li te krent pou farizyen yo pat dekouvri ki kalite enterè ke li te genyen” (Bruce, F. Nouvo Diksyonè Biblik. Espay: Certeza In, 2003, p. 946).

Nan okazyon sa a, lè farizyen sa te chèche Jezi a nan mitan lannwit la, Mèt la te di li byen klè ke li nesesè pou li te fèt yon dezyèm fwa (Jan 3:3). Pliske Nikodèm te yon save epi doktè lalwa jwif yo, san okenn dout, li te konsève lalwa trè byen kòm Pawòl Bondye a. Se poutan, Seyè a te ekzplike I ke sa pat sifi; ni te garanti pou fè li eritye wayòm Bondye a. Men pito se yon nesans espirityèl, yon rankont pèsonèl avèk Bondye, se sèl bagay ki kapab transfòme lavi, se sèlman sa ki te kapab fè yon moun vin konvèti an yon vrè disip (Jan 3:5).

Kidonk, levanjil la se yon eksperyans vivan epi k ap kontinye ki rive atenn tout moun san gade sou klas sosyal oubyen kalite preparasyon ke li genyen. Akoz de sa, Nouvo Testaman te ekri nan lang grèk koiné; sa vle di, nan langaj pèp la, pou ke tout moun te kapab konprann li.

#### D. Levanjil se pa tradisyon, ni reliyon.

Pòl te itilize lèt li a pou l te montre moun lavil Galasi yo batay li kont moun sa yo ki te vle jidayize kretyen yo:

"Jidayizan yo te vle enpoze kretyen ki te konvèti pamí moun lòt nasyon yo obsèvasyon lalwa Moyiz la, avèk agiman pou montre ke li te nesesè pou lavi ki pap janm fini an" (Vila, Samyèl. Nouvo Diksyonè Biblik Ilistre. Espay: Editorial Clie, 1985, p.632).

Akoz de sitiayson sa a, apot Pòl te fè referans avèk pase li ak pawòl sa yo "Nou tande pale sa m' te konn fè nan tan lontan, lè m' te nan reliyon jwif yo. Nou konnen jan m' te san pitye lè m' t'ap pèsèkite legliz Bondye a, jan m' t'ap chache kraze li" (Galat 1:13). Nan kondisyon sa a, Pòl te idantifye li kòm pèsèkite legliz la. Deklarasyon konfime totalman pa Lik, li menm ki te rejistre ke Sòl (aprè, Pòl) te preznan lanmò Etyèn (Travay 8:1).

Lè n ap fè konparezon avèk kontanporen li yo, avèk relasyon nan jidayis la, Pòl, nan youn nan lèt li yo, li te idantifye li kòm farizyen tout farizyen yo (Filipyen 3:5), li menm ki te sèkt ki te plis jalou nan epòk sa.

Koute yon moun ki te pase nan kan farizyen yo pou vini nan levanjil, sa ba li otorite.

Jodi a, genyen anpil moun ki vle mete kèk règ ak fason ke kretyen yo dwe konpòte yo. Yo sèlman gade sou bagay sou deyò yo; sa vle di ke yo enterese avèk fòm nan, men se pa avèk fon an. Sentete seremonyèl la te anfaz Ansyen Testaman. Nan Nouvo Testaman, se sentete moral; li bon pou nou di ke, sentete entèn nan se temwayaj sou deyò, epi se pa alanvè.

Kounye a, lwa ki soti nan Bondye a ekri nan kè yon menm jan ke Bondye di sa nan Bib la: "...M'a mete lwa m' yo nan lespri yo, m'a make lwa m' yo nan kè yo. M'a tounen Bondye tout bon pou yo, y'a tounen yon pèp ki apa pou mwen" (Ebre 8:10).

#### Kesyon Opsyonèl

- Kisa revelasyon an ye? Ki pi gwo ekspresyon li?
- Kòman ou ta kapab esklike ke levanjil la se pa yon ansanm de tradisyon, ni se pa reliyon?

#### II. Levanjil la pote libète, men, se pa esklavaj (Galat 2:1-5)

##### A. Libète anba gwo pouvwa peche a

Nan premye pozisyon, libète ke Kris te ban nou an se te libète anba chèn peche (Jan 8:34; Women 6:5-23); e tou, de tout vye vanite ke lèzòm panse ke yo kapab

genyen nan men yo (Taylor, R. ak anpil lòt ankò. Diksyonè Teyolojik Beacon. EIA: KPN, s.f., p. 399).

Lè nou gade jan sa bon pou nou libere anba peche a, se sa menm ke levanjil la fè. Se konsa ke san Kris la genyen pouvwa pou l libere anba peche ak tout konsekans ke sa pote avèk li (I Jan 1:7). Libète sa kòmanse epi kontinye pwosesis la pou libere moun nan entegralman: Sikolojik, biyolojik, sosyal epi espirityèlman. Plan gouvenman Jezi a, kote Ezayi 61:1-3 te pwofetize a te konfime pa mwayen Seyè a menm nan Lik 4:18-21. Yo tout montre nou gwo libète sa ke Jezi te vin akonpli.

#### B. Libète a se yon aksyon volontè.

Galat 2:3 di konsa: "Ni Tit ki te ansanm avèk mwen... pat oblige sikonsi." Pliske levanjil la se liberatè a, li pa oblige ni soumet anba kapris li yo. Tout moun lib pou yo pran desizyon yo. Libète volontè sa se sa ki fè nou soumet ak Liberatè nou an.

Sa vle di, kretyen an, volontèman, soumet li anba prensip ak valè Wayòm nan. Jezi Kris janti anpil epi genyen anpil respè pou volonte lòm kòm repons envitasyon ke menm li menm fè. Nou dwe sonje ke lavi ki pap janm fini an se atravè gras Bondye (Efezyen 2:8, Jan 6:44). Sa montre nou byen klè ke disponiblite a bay (Efezyen 2:8). Li klè totalman ke gras la se yon kado Bondye; epi pawòl yo "atravè lafwa", siyale pati pa lòm nan ki nesesè pou resevwa kado Bondye sa pou li kapab vin lib.

#### C. Libète a kontrè avèk esklavaj

Esklavaj la se yon bagay ki diskriminan, degradan ak san pitye. Toutotan ke levanjil la se liberatè, li pap redwi anba esklavaj lalwa peche a. Moun ki libere yo vin genyen Bondye pou Papa yo (Women 8:15). Apwòch sa avèk Bondye a fè ke moun ki libere a eksprime entimite sa avèk "Papi Papa."

Levanjil la pa redwi ak kèk tradisyon ak koutim yon kilti. Li menm transkiltirè; se poutèt sa, li anvelope tout nasyon avèk kilti yo.

#### Kesyon Opsyonèl

- Defini kisa libète a ye.
- Depi ke w te fin resevwa levanjil, ki libète ou te jwenn? Epi si w pa fè eksperyans avèk okenn, de kisa w panse ou dwe libere?

#### III. Levanjil la pote jistifikasyon pa lafwa (Galat 2:15-17)

##### A. Jistifikasyon an se pa atravè zèv lalwa

Nan ansyen kontra a, te genyen anpil lwa ki te jeneral pou pèp la; epi te genyen anpil lwa espesifik tou pou chak moun ki te koupab, yon fason pou li te kapab libere anba kilpablite a. E poutan, lwa sa yo te echwe; paske limanite pat kapab reponn ak egzijans yo, pandan ke kondisyon li te déjà kontamine. Se poutèt sa, yon nouvo

kontra te nesesè. Epi se paske pa genyen pèsòn ki kapab jistifye tèt li atravè zèv lèzòm.

Sa se yon referans ki site nan Ansyen Testaman: "... Paske pa genyen okenn lòm k ap jistifye devan ou" (Sòm 143:2). Referans ki nan Nouvo Testaman an twouve li nan Women: "Pa genyen okenn moun k ap gen jisitis devan li akoz de zèv lalwa..." (Women 3:20).

"Lòm nan, nan kondisyon peche ak kòripsyon li pa kapab fè Bondye plèzi... Rèv legalis oubyen moralis la se ke lòm nan kapab soti nan twou peche a poukout li, si sèlman li aplike kòmandman Bondye yo avèk anpil serenite... E poutan, sa pa vle di ke lalwa Bondye yo manke enpòtans pou lòm nan rechèch delivrans li a. Lalwa pa kapab fè nou jis, men li kapab fè nou konnen sa ki mal, paske se atravè lalwa nou gen konesans sou peche a" (Kòmantè Biblik Beacon, Tòm VIII. EIA: KPN, 1985, p. 88).

### B. Levanjil la pote jistifikasyon pa la fwa

Jistifikasyon an aplike nan sans ke koupab la ki anba santans lan jwenn padon. "Atravè kontra Bondye a, peche w yo padone akoz de lanmou Kris la; kilabilité w yo efase, pinisyon eliminate epi jwenn gras nan je Bondye kòm jis" (Wiley, Orton. Entrodiksyon nan Teyoloji Kretyèn. EIA: KPN, 1969, p. 310). Sa vle di, gras avèk san Kris la, genyen pwovizyon pou sove ak libere anba peche. Peche a te antre avèk Adan; epi lajistik avèk Jezi Kris (cf. Women 5,6) "epi libere anba peche, nou vin tounen sèvèt lajistik" (Women 6:18).

Se sakrifis Jezi Kris la ki bay pwovizyon jistifikasyon an; men pou yon moun resevwa li, genyen yon kondisyon: "Se pa lafwa" (Efezyen 2:8-9). Sa se pati pa lòm nan pou li kapab pwofite resevwa kado sa.

### Kesyon Opsyonèl

- Ekri kèp pasaj biblik ki mansyone ke jistifikasyon an se pa akoz de bon zèv yo.
- Kòman yon moun kapab rive vin jistifye?

## IV. Levanjil la se lavi nan Kris la (Galat 2:20)

### A. "...se pa mwen menm k ap viv..." (v.20)

Pòl te demonstre yon konsekrasyon total anvè Seyè a. Se mouri pou pwòp tèt pa nou; paske Bondye fè nou vin bon nèt lè nou koube nou anba volonte li. Se sa ki eksprime atitud konsekrasyon sa. Dakò mouri pou pwòp tèt nou, se blyie pwòp tèt nou.

"Pouwva peche a nan lavi nonm sa detwi, pliske li mouri nan peche a avèk Kris. Siyifikasyon an patikilye nan kontèks sa a, se paske mouri avèk Kris la se sèl mwayen ke moun sa yo ki anba esklavaj lalwa yo kapab jwenn libète... Sa ki mouri a se vye lòm chanèl la, san pwisans epi degrade san espwa akoz de peche" (Kòmantè Biblik Beacon, Tòm IX. EIA: KPN, 1985, p. 54).

Se sakrifis ki vivan, sen epi agreyab la, ki prezante sou lotèl la ki pou konsonmen avèk sèvis Seyè a. Se nouvo imaj sakrifis Nouvo Testaman an ki eksprime nan Women 12:1.

Kris te ban nou egzanp sou kòman pou nou debati nou de pozisyon nou, sa ki te dekri nan Lèt moun Filipyen yo (Filipyen 2:7).

### B. "Kris ap viv nan mwen"

Ala yon gwo asirans sa! Ekspresyon sa manifeste ke Kris la se mèt lavi nou. Sa vle di ke li pa tankou yon senp lokatè k ap viv nan kay la, epi ki kapab retire kò li nan nenpòt moman konsa; men pito ki vini kòm chèf kay la, paske li déjà achte li avèk yon pri. Genyen plizyè lòt imaj ki eksprime depandans sa nan Kris la: Kapitèn, pilòt, baz konstriksyon ak tèt kò a, kote ke figi sa yo ki mansyone la yo eksprime valè esansyèl nan lavi kretyen an. Yon lavi san konsekrasyon a Kris la pa genyen okenn valè.

### C. Levanjil la se viv nan Kris la

Se yon depandans dirab, se yon entèrelasyon ki san fen. Si nou rete kole sou Li, li posib pou nou viv yon lavi ki sen. Viv nan Kris la se yon manifestasyon oubyen temwayaj yon fason pou ke lòt yo kapab wè Kris ki leve soti vivan nan lanmò a; epi daprè sa ke Pòl te di a: "Se nou menm, moun Korent, ki lèt rekòmandasyon mwen, yon lèt ki ekri nan kè m' pou tout moun ki konn li ka li li" (2 Korentyen 3:2). Se yon gwo defi pou yon moun sèvi kòm yon lèt tou ouvè epi kite vwazinay, fanmi, kamarad travay, elatriye yo li nan ou wi. (2 Korentyen 3:3). Pou genyen yon bon temwayaj, li enpòtan pou nou depann de Sentespri a. San kontak sa, nou pap kapab sèvi kòm yon bon lèt.

Kris ki te venk lanmò a te genyen pouwva ak glwa. Epi se menm Bondye viktorye ki pral bay moun sa yo ki kwè nan Li, pouwva pou fè fas ak sitiyasyon difisil nan lavi yo; yon fason pou li kapab glorifye nan lavi nou, epi nan fason sa a, anpil lòt moun kapab konnen Kris la.

### Kesyon Opsyonèl

- Èske ou menm, ou ta kapab di bagay sa a menm jan avèk apot Pòl: "...kounye a se pa mwen menm k ap viv..."? Pou kisa?
- Kòman lòt moun kapab wè ke Kris la ap viv nan nou? Kisa apot Pòl di sou dosye a?

### Konklizyon

Levanjil ke apot Pòl te anonse a, se revelasyon ki soti nan Bondye epi li di anpil bagay sou Jezikris, Ptit Bondye a. Se sèlman Li menm, atravè sakrifis li sou kwa a, li ban nou libète anba peche sou plizyè fòm ki diferan: Esklavaj lalwa, reliyon, elatriye. Se poutèt sa ke kounye a nou jistifye. Sa se pa lafwa nan Jezi ki se Kris la, se kòm si nou pat gen peche. Ebyen, piga nou twonpe tèt nou pa mwayer nouvo endiljans ki nan syèk n ap viv la!



# Viv sèlman pa lafwa nan Jezi

Sergio Solano (Ekwatè)

## Pasaj biblik etid Ia: Galat 3

**Vèsè pou aprann:** "Lalwa pa kapab fè Bondye fè pesonn gras. Se bagay ki klè. Men sa ki ekri nan Liv la: Moun Bondye fè gras paske yo gen konfyans nan li, se yo menm ki va gen lavi." Galat 3:11

**Objektif leson an:** Se pou elèv la konprann ke moun kapab resevwa Lespri Bondye a pa lafwa, men se pa akoz de zèv lalwa.

## Entwodiksyon

Nan premye yo vèsè ki nan Galat 3, nou obsève ke apot Pòl te kontrarye avèk legliz Galasi a; yon fason ke li te menm kalifye kreyen nan reyon sa yo kòm moun fou. Se sèten ke moun sa yo te déjà tandem pale de siyifikasyon krisifiksyon Jezi Kris la, pandan yo te menm ap temwaye osijè de benediksyon Sentespri a te fè tonbe nan lavi yo. Sepandan, reyalite a te yon desepsyon pou apot Pòl; déjà ke kreyen nan lavil Galasi yo te montre byen klè ke yo te sedwi pa vye pratik "chanèl yo" (tradisyon ak zèv lalwa yo) ke kèk manm nan reliyon jidayis la te etabli. Yo te egzòte manm legliz Galasi sa yo pou yo pat kontinye obsève pratik sa yo ke lalwa te etabli; pliske bagay sa yo te kontamine gwo pouvwa Kris la ki t'ap manifeste nan kè yo. Akoz de sa, li te prefere rele yo pou fè yo anbwase, nan lafwa ak lespri, moun sa a ki te bay lavi li pou yo sou kwa a akoz li te renmen yo: Jezi Kris. Li te fè yo sonje tou ke, sakrifis sa se te respons ak akonplisman pwomès ke Bondye te fè ptit li Abraram; epi sa ki fè ke, ansanm avèk li, yo ta vin plase kòm eritye nan benediksyon avèk Kris la. Se atravè lafwa nan Bondye ke yon moun kapab resevwa tout benediksyon, depi nan Abraram pou rive nan nou menm. Se pa atravè zèv lalwa, men pito se atravè lafwa nan sakrifis redanmtè a Jezi ki se Kris la. Se sa ki fè ke, Pòl te fè moun lavil Galasi yo ki te nan mitan konfizyon fas ak lavi nan Kris la wè byen klè ke, kondisyon Ptit Bondye a te depann de lafwa nan Li, men se pa nan akonplisman zèv lalwa. Menm si nou pa kapab inyore ke zèv lalwa yo kontribye nan ede lòm genyen yon lafwa ki sove atravè Sentespri a nan Jezi Kris; epoutan, bagay sa yo pa kapab ranplase lafwa.

## I. Lespri Sen an resevwa pa lafwa (Galat 3:1-5)

### A. Depann de zèv lalwa pa nesesè

Konfwontasyon Pòl la te sevè fas ak lafwa febli moun Galasi yo ki te lakòz ke yo te depann de zèv lalwa. Moun sa yo te tonbe anba foli lè yo te kite yo domine pa pratik reliye yo (legalis) ki t'ap swadizan nour lavi espirityèl yo. Li posib pou ke tradisyon jwif yo te melanje avèk kondwit payen yo, yo sanble ta neglje temwayaj legliz Galasi a. Kòm leson, nou dwe admèt ke menm si tradisyon an avèk kèk prensip (atiran) pou devosyon lavi ta predomine nan kèk legliz kreyèn, sa yo pa dwe ranplase lafwa legal ke Seyè nou an te mande nou. Anpil fwa, vye efò anven pou moun yo vin reliye tante pilonnen laverite ak kominyon avèk Seyè a.

Moun Galasi yo te genyen gwo dezi pou yo te toujou konsève pratik reliye ke levanjil la pat menm egzije, pa egzanp, dat espesyal oubyen evènman istorik ki pa edifye nan anyen (Galat 4:9-10), li te oryante yo lwen lespri depandans ak devosyon nan Kris la. Nou konprann ke devan Bondye jistis la, li pa fè sans pou ke, aprè ke yon moun fin jistifye pa mwayer Sentespri a; aprè sa pou l'eseye melanje lafwa atravè yon chemen reliye oubyen rit tradisyonèl ki pa menm kòrèk, pandan yo kwè anven ke sa a se viv nan libète levanjil la.

### B. Depandans ki nesesè nan Lespri Sen an

Peche a separate lòm nan avèk Bondye. Pechè a, atravè repantans devan Bondye, li aksepte sakrifis la pa mwayer san Jezi Kris la kòm sèl salè pou peche li yo. Bondye jistifye pechè ki repanti a, san ke moun sa pa menm obsève lafwa (zèv lalwa oubyen tradisyon jwif yo). Jistifikasyon an resevwa pa lafwa nan sèl travay delivrans lan ke Seyè nou an Jezi ki se Kris la te reyalize. Sa te rive fèt pa mwayer gwo pouvwa Sentespri a (Women 5:17, 8:11).

Legliz Seyè a dwe ankouraje kongregasyon li yo pou yo vin daprè zèv Sentespri a; epi men se pa daprè zèv lalwa. Li dwe ankouraje lafwa li nan kominyon avèk Bondye, li menm ki adopte nou kòm pitit li. Demonstrasyon kominyon sa dwe parèt nan yon disiplin espirityèl devosyon kòm yon mwayer, men se pa kòm yon fen. Sa a se avèk objektif pou korije ak sipase fo espirityalite k'ap renye nan kèk kè.

Fas avèk gwo aparans relijyosite moun legliz Galasi yo, Pòl te konfwonte yo sevèman avèk eksperyans transfòmasyon ke Seyè a te reyalize nan jistis pandan konvèsyon yo. Se konsa ke apot Pòl te fè moun legliz Galasi yo sonje ke, lè Bondye te travay avèk Lespri li sou yo chak, se pat atravè zèv lalwa, ni pa nenpòt lòt sistèm relije oubyen tradisyonèl; men se pito atravè lafwa pou kwè nan Bondye pwomès la ak rekonsilyasyon an (2 Korentyen 5:18-19, 6:1).

## Kesyon Opsyonèl

- Pou kisa genyen anpil moun ki pa konprann pouwva lakwa epi yo devye nan lòt doktrin oubyen filozofi ajen? (Galat 3:1; 1 Korentyen 1:23-24; 2 Timote 4:3-4).
- Pa mwayer kisa nou resevwa Lespri Sen an? (Lik 11:13; Jan 16:7; Galat 3:2; Efezyen 1:13).

## II. Pwomès lafwa avèk Abraram genyen rasin li nan Kris la (Galat 3:6-18)

### A. Abraram te resevwa benediksyon an akoz de lafwa li

Ansyen Testaman tou bay temwayaj de sou jistifikasyon ke Abraram te resevwa pou lafwa li, men se pa pou zèv ke li te fè. Li te fè eksperyans sa a lè li te rankontre avèk Bondye epi obeyi ak vwa li, pandan li t ap mete an pratik tout sa ke Bondye te mande l fè. Se konsa ke, Jenèz 12:7 di konsa: "Abram fè yon vizyon, li wè Seyè a ki di l'. Men peyi m'ap bay pitit pitit ou yo a. Se la Abram bati yon lotèl pou Seyè a ki te parèt devan li nan vizyon an. Apre sa, li pati ankò, li ale nan mòn ki toupre lavil Betèl, sou bò solèy leve. Li moute tant li la. Betèl te sou bò lanmè, Ayi te sou bò solèy leve. Abram bati yon lotèl pou Seyè a la tou, epi li fè sèvis pou li". Lè Abraram te kite peyi li pou ale abite nan peyi ke Bondye te montre l la, "li te soti san li pat menm konnen ki kote li ta prale" (Ebre 11:8). Lè Abraram te fin rive nan peyi kote Bondye te vle l wè a, Bondye te pwomèt li ke li ta gen pou bay pitit pitit li yo tè sa a. Kòm Abraram te obeyi epi grandi nan lafwa, Bondye te kontinye kontinye ba li revelasyon sou anpil benediksyon ke li menm avèk pitit pitit li yo ta genyen pou resevwa. Pandan ke Bondye t ap ajoute tout sa ke li te déjà pwomèt ras la depi davans

yo, li te di li ke pitit pitit li yo ta genyen pou yo vin anpil anpil epi li te gen pou bay yo tè a pou toutan gentan (Jenèz 15:18-21).

Pwomès sa ke Bondye te fè sèvitè li Abraram se pou tout limanite, avèk kondisyon pou yo ta sèvi Seyè a, adore ak obeyi li. Se nan Jenèz 12:1-3 ke li di konsa: "Seyè a di Abram konsa. Pati, kite peyi ou la. Kite tout fanmi ou. Kite kay papa ou, ale nan peyi m'a moutre ou la. M'ap ba ou anpil pitit pitit. Y'a tounen yon gwo nasyon m'a beni ou. Y'a nonmen non ou toupatou; w'a sèvi yon benediksyon pou tout moun. M'ap voye benediksyon mwen sou tout moun ki va mande benediksyon pou ou. Men, m'ap madichonnan tout moun ki va ba ou madichon. Gremesi ou, tout nasyon sou latè va jwenn benediksyon!" se la ke kontra delivrans limanite a te déjà kòmanse.

Bondye te cwazi Abraram ak desandan li pou yo te kapab sèvi de benediksyon pou tout limanite. Apati de la, sekrè pou moun jwenn benediksyon an se nan obeyisans, separasyon avèk mal ak zanmitay avèk seyè a. se poutèt sa, Bib la fè referans ak Abraram kòm "zanmi Bondye" (Jak 2:23). Apèl sa genyen ladan li kite tout bagay pou obeyi Seyè a.

Abraram "te mete konfyans li nan Seyè a" epi Bondye te konte "pou jistis" Jenèz 15:6). Pòl te itilize evènman sa nan lèt li te ekri moun lavil Galasi yo kòm youn nan baz doktrinal jistifikasyon pa lafwa. Abraram pat genyen merit pou okenn nan zèv li yo; men la fwa li se te baz jistifikasyon li (Demaray, C.E., Metz, D.S., Stuneck, M.A. Eksplor Ansyen Testaman. ElA: KPN, 1984, p.88).

### B. Nou resevwa benediksyon pa lafwa nan Kris la

Fas avèk benediksyon Bondye yo pou Abraram ak desandan li yo, pa genyen dout deske karaktè moral lòm nan, men se pa zèv li yo ta konstitye baz pou obeyisans ak gwo kantite benediksyon Bondye ki gen tout pouwva a pou limanite, atravè Sentespri Li. Se sa ki fè ke, benediksyon ak pwomès Bondye yo kontinye valab pou pitit li yo. Misyon nou kòm legliz la kounye a se asire benediksyon delivrans sa yo avèk pwovizyon pou tout moun sa yo ki fè yon sèl nan plan Bondye pa lafwa nan Jezi Kris. Jouk jounen jodi a nou se frè ak Abraram akoz de menm lafwa ke nou pwofese. Nou beni paske nou resevwa gras sa ki fè nou kwè ak atenn jistifikasyon an. Viv pa lafwa a vle di ke ni zèv delivrans lan tankou zèv jistifikasyon Kris la ap travay nan nou chak pou lavi ki pap janm fini an, epi li delivre nou anba fado, menm fas avèk nenpòt lwa ki konvèti an fo doktrin, tradisyon ke Seyè a te dispoze atravè Abraram, frè nou. Men, eksperyans sa dwe pran nesans nan yon kè ki sensè, men se pa nan konesans oubyen pratik sjipèfisyèl yon lwa.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki pwomès ke Bondye te fè Abraram? (Galat 3:8-9, 14, 22-23).
- Èske w sèten ke ou genyen jistifikasyon devan Bondye ? (Galat 3:6-7)

## III. Lalwa vini avan pwomès la (Galat 3:19-29)

### A. Objektif lalwa

Eritaj nou kòm kwayan baze nan pwomès la, epi se atravè li menm, nou rejwenn nou nan menm lafwa ke Abraram te pwofese a. Sepandan, eritaj sa se pa atravè lalwa; se sa ki lakoz ke li ase. Menm jan ke yon nonm te konsidere kòm madichonnen pou li mouri sou yon kwa, daprè lalwa; nan Jezi kris, nou se moun beni, epi libere de tout fado oubyen tradisyonalis k'ap pilonnen kontra Bondye fè avèk lèzòm nan. Se klè ke lalwa pa kont pwomès la; men se pito tankou yon kanal pou ede konprann jistis Bondye a ki baze nan Kris la. Lalwa manifeste zèv ke moun kapab wè sou deyò; men Kris manifeste zèv entèn nan nan chak kwayan.

Pòl te ofri yon eksplikasyon ak konpreyansyon klè nan Galat 3:2, 5 ak Women 3:20-26, osijè de wòl lalwa (pandan li t'ap konsidere tradiksyon "zèv lalwa" byen), -gr. Ergon nomou-; epi non, "zèv lalwa yo", menm jan avèk lalwa tèrès yo oubyen monden yo". Fraz sa a, "zèv lalwa yo" se petèt youn nan anpil fraz ke moun mal konprann anpil nan Lèt Pòl yo. Konfizyon ki genyen osijè de siyifikasyon fraz sa soti nan yon tradiksyon ki pa klè ki genyen kòm tèm grèk "ergon nomou" li menm ki siyifi literalman "zèv lalwa yo". Fraz sa ki tradwi a, genyen ladan li tout lwa tradisyonèl jidayis ke lòm mete sou pye kòm relijyon, Mak 7:1-13. Sa kapab refere avèk rityèl relijye yo avèk pil sakrifis ke yo te ofri bay zidòl yo, Travay 14:8-18. San dout, Pòl te fè referans avèk gwo pratik "zèv lalwa yo", li menm ki genyen ladan li tout zèv lalwa tout relijyon yo" (Rekipere nan [https://laverdaddios.org/read\\_all.asp?art\\_code=731&group\\_ttyp\\_l](https://laverdaddios.org/read_all.asp?art_code=731&group_ttyp_l), le 30 Jiyè 2017).

Se konsa, Pòl te di ke toutotan ke okenn zèv ki koresponn a kèk lwa ta kapab ofri nou jistifikasyon espirityèl; Bondye, Papa a, ak Jezi ki se Kris la mande chak kwayan ki anba dominasyon Lespri Sen an, pou yo akonpli lalwa lanmou Bondye a anvè lòt yo. "Lè yo gen pwoblèm, se pou nou ede youn lòt. Se konsa yon moun kapab obeyi lalwa Kris la". (Galat 6:2). Konsiderasyon lalwa a ak konsiderasyon jistifikasyon pa lafwa a genyen plizyè objektif ki diferan. Men youn, jistifikasyon an pa elimine lalwa. Se poutèt sa ke lalwa genyen pou bi, mennen nou devan Kris la, epi atravè li menm, li fè lòm

wè jan li pa genyen kapasite pou li jwenn lavi ki pap janm fini an ak pwòp fòs li. Nan menm tan an, lalwa fè lòm pran konsans de Bondye redanmtè a ak yon nouvo chemen ki mennen nan lavi ki pap janm fini.

### B. Privilèj pou moun vin eritye avèk Kris la

Li genyen gwo privilèj pou li vin lib nan Kris la; nouvo lwa nan Kris la kounye a vin pa reprezante kòm yon fado ki lou ankò.

Li kondwi nou nan lanmou atravè Lespri Sen an pou nou kapab mete kòmandman yo an pratik kòm rezulta jistifikasyon nouvo lavi yo. Kris te batize nou avèk lespri lafwa nou; yon fason ke nou kapab abiye avèk san li pou nou akonpli objektif delivrans ke Bondye te rele nou vin akonpli a. Sans bèle eritaj nou an pa fè nou diferan de lòt ras, kilti yo, elatriye., men pito, li fè nou ini epi vin fò nan kominyon, san prejje pèsòn.

Nati apèl sa "nouvo kontra" angaje nou vè yon inite nan vrè lafwa nan Kris, kòm eritye gras liberatè li a.

Nou dwe genyen byen klè ke Sentespri Bondye a nan nou kouvri nou avèk mizerikòd li lè nou te kwè nan Pitit li a Jezi Kris, epi aksepte sèl ak bèl travay ke li te fè pou libere nou anba tout esklavaj lachè. Ebyen, nou dwe pran levanjil verite sa an chaj, akoz de bon doktrin ke li soutni an, epi avèk lafwa ki mete tout kretyen yo ansamn nan. Ann retounen nan chemen ansyen an pou ke tout moun ki pèdi yo kapab wè levanjil Jezi Kris la, fidelite ak otorite espirityèl k'ap fè yo tounen vin jwenn vrè Dye Kreyatè ak Sovè a.

Ann konsidere anekdòt ki rejistre nan Lik 13:10-17 la, epi ann reflechi sou kritik legalis chèf nan sinagòg la ak mirak ke Jezi te opere a. Fanm sa pat sèlman esklav de yon maladi; men tou li te esklav tradisyonalis ki te egziste nan epòk pa l la. Akoz de bagay sa yo, li pat kapab leve poukout li, epi li te antòtye nan "lalwa relijye yo" ki te anpeche li rive pran benediksyon ak gerizon konplèt Mèt la.

## Kesyon Opsyonèl

- Èske w sèten ke ou te jwenn liberasyon anba madichon lalwa (lè w pa genyen pou w akonpli li)? Kòmante (Galat 3:10-14). \_\_\_\_\_
- Èske w konsidere ke ansanm avèk Kris ou beni ak eritye pwomès la (Women 4:13-2, Galat 3:9, 29).

## Konklizyon

Kounye a, menm si nou wè tradisyon nou yo sanble bon, yo kapab fè lafwa nou febli nan Lespri a, epi evite nou resevwa bèl ak gwo pwomès Seyè nou an Jezi Kris.



# Bon libète nan Kris la!

Raúl Soto (Chili)

## Pasaj biblik etid la: Galat 4-5:13

**Vèsè pou aprann:** “Se pou n’ te ka lib tout bon kifè Kris la te delivre nou. Se poutèt sa, ann rete fèm nan libète sa a. Veye kò nou pou n’ pa tounen esklav ankò.” Galat 5:1

**Objektif leson an:** Se pou elèv la konnen epi eksprime remèsiman li anvè Bondye pou libète ke nou resevwa kòm pitit; pandan n ap konprann ke se pa akoz de bon zèv ke nou fè, men se atravè Jezi ki se Kris la.

## Entwodiksyon

Anpil fwa, kòm lèzòm, nou gen tandans pou nou blye moun ki te fè nou rive nan pozisyon ke nou ye kounye a. Nan leson sa a, nou pral etidyé vrè siyifikasyon libète nan Kris la, pandan n ap mete aksan sou bagay sa yo ki anpeche nou jwi libète sa avèk tout nou memm.

Poutèt sa, nou pral chèche konnen kisa ki se baz yon libète ki byen simante; epi kòman sa dwe fè pati non sèlman kèk moman nan lavi nou, men de tout sa ke nou ye. Sans nou kòm pitit Bondye, li santre sou limyè libète sa. Pou nou kapab konprann ak rekonèt dimansyon gwo benefis sakrifis Kris la sou bwa Kalvè a, libète anba peche a paske nou pa pral mete nan leson sa.

Apot Pòl te vizite Galasi nan premye vwayaj misyonè li pandan li t ap etabli yon legliz nan vil sa, jan li te déjà fè sa nan plizyè lòt kote. Malerezman, kèk ane pi ta, li te pran nouvèl kòman reliyion jidayis la te fofile antre nan mitan legliz ke li te etabli nan zòn sa.

Nan zòn sa a, manm legliz yo te kòmanse twonpe jouskaske genyen kèk nan yo ki te kòmanse ale lwen vrè krisyanis la pandan yo t'ap aksepte rityèl ak seremoni jwif yo.

Apot Pòl te rann li kont ke te genyen yon kriz serye nan legliz sa, sa te pote anpil enkyetid ak prewokipasyon nan lespri li.

Se poutèt sa ke apot Pòl deside reyafime doktrin jistifikasiyon nesesè a pou ke yo pa tounen dèyè epi konprann ki vrè siyifikasyon libète nan Kris la.

Lèt apot Pòl te ekri nan yon moman egzat kote ke diskisyon ki pi gwo a se te ant viv anba gras la, oubyen mache anba sikonsizyon, sa te pote konsekans

ki serye sou ministè apot Pòl ki te déjà akize de fo, dèske li t'ap preche lagras epi pa selon sikonsizyon an.

## I. Se Kris ki delivre nou epi Bondye aksepte nou kòm pitit (Galat 4:1-7)

### A. Esklav anba règ lèzòm

Apot Pòl te itilize yon senbòl sou libète ke yon moun resevwa lè li atenn plis laj nan etap lavi a. Senbòl sa gen pou wè avèk esklavaj lè yon moun se timoun epi toujou ap viv anba règ oubyen prensip ke kote oubyen fanmi kote li rete a etabli. Men tou li senbolize libète ke yon moun rive genyen lè li gen laj ase, kounye a, li pa oblige akonpli avèk kèk règ oubyen lwa menm jan avèk lè li te tou piti.

Galat 5:1 di konsa: “Se pou n’ te ka lib tout bon kifè Kris la te delivre nou. Se poutèt sa, ann rete fèm nan libète sa a. Veye kò nou pou n’ pa tounen esklav ankò”. Konsa, yon timoun pa diferan de yon esklav nan sa ki gen pou wè avèk depandans de règ ke yo etabli nan kay la, menm si timoun nan se mèt kay la.

Kòm moun natirèl, nou se esklav lalwa mond sa, menm jan ke timoun yo ap mache anba prensip ki etabli yo, oubyen menm jan ak yon esklav k ap mache anba lòd mèt li. Sèlman mèt la oubyen responsab la kapab di jouskilè li oblige swiv règ sa yo; pliske yo déjà etabli lè pou gen libète.

### B. Akonplisman tan an

Galat 4:4 di konsa: “Men, lè lè a rive, Bondye te voye pwòp pitit li. Li soti nan vant yon fanm, li viv anba lalwa jwif yo”.

Lè tan ki fikse a rive nan bout li, sèl moun ki te kapab fè nou soti nan etap timoun pou nou vin genyen matirite a anba esklavaj pou nou gen libète a

te vini vre. Epi bèl libète sa te vini, lè Seyè a te deside, lè li te jije ke lè a te rive pou sa fèt; kondisyon yo te déjà reyini.

Seyè a fè nou soti nan esklavaj pou nou vin lib. Se poutèt sa, se pa pou bon zèv ke nou te fè nou resevwa libète sa; men se sèlman Kris la ki kapab ban nou libète sa lè nou rekonèt li kòm Pitit Bondye a, epi remèt li lavi nou. Ebyen se konsa ke Papa a deside ke se moman libète a ki rive. Li resevwa nou kòm pitit.

## Kesyon Opsyonèl

- Esklav kilès nou te ye avan ke nou te konnen Kris la?
- Kimoun ke nou dwe bay tout merit libète nou an?

## II. Nou libere anba tradisyon lèzòm (Galat 4:8-11)

### A. Enfliyans tradisyon yo

Se anpil moun k ap viv anba enfliyans tradisyon. E poutan, lè Kris vini viv nan lavi nou, Li fè nou vin yon novo kreyati (2 Korentyen 5:17), epi sa mande yon chanjman de direksyon nan tout fason ke n ap viv.

Jodi a n ap goumen avèk senkretis kretyen an, kote ke malgre anpil moun te déjà konnen Kris la, yo poko janm ka separe avèk vye tradisyon payen ak idolatri ke yo te adopte nan tan pase yo. Anpil nan yo chante pou Bondye le dimanch; men le lendi, y'ap danse pou "Baal", epi yo kontinye viv tankou si yo pat janm konnen Bondye.

Nan Galat 4:8, nou li: "Nan tan lontan, nou pa t' konnen Bondye, nou te esklav yon bann bondye ki pa t' Bondye".

Lè nou aksepte pou Kris libere nou epi nou remèt li lavi nou, Li vin tounen sèl Seyè lavi nou. Pa genyen, ni dwe genyen plas pou pèsòn ankò. Lè Kris ban nou libète anba esklavaj mond lan, li ouvri je nou epi nou kapab rann nou kont ke se sèlman li menm ki se Bondye pa nati.

Galat 4:8 di konsa: "Men, koulye a nou rive konn Bondye, ou pito koulye a Bondye konnen nou, kouman nou fè vle tounen al jwenn ti lespri sa yo ki tou fèb, tou mizerab? Ki jan pou nou vle tounen esklav yo ankò?". Genyen anpil moun ki tounen vin esklav vye mès nan tan pase ak mond lan ankò aprè ke yo te fin libere. Gen anpil lòt ankò tou, ki te fin konnen glwa Bondye, yo tounen mare kò yo avèk tradisyon.

## B. Kris te kase chenn yo

Lè nou resevwa libète Kris la nan lavi nou, nou lib totalman. Sa vle di ke nou pa lib de kèk bagay; men pito nou resevwa libète de tout bagay.

Se poutèt sa, nou dwe konnen ke Kris pa pataje plas li a avèk pèsòn, epi se mwens pou yon moun ki te kenbe nou nan esklavaj pandan tout tan sa yo. Nou dwe toujou konnen ke se Jezi Kris ki sèl Seyè, epi se konsa ke nou dwe wè Li.

Libète Kris sou lavi nou se pou nou kapab koupe tout kontak avèk mond lan, avèk tradisyon ak kilti pase nou ki kontamine a. Pliske nou vin yon lòt moun, nou vin moun ki transfòme pa mwayen lagras nan Jezi ki se Kris la. Li te peye yon gran pri pou libète nou.

Lè nou vin kretyen epi nou kontinye ap viv nan melanj ak mond lan, lè menm kilti ak tradisyon idolat yo gen plas nan lavi nou; nou anpeche travay Kris la (Galat 4:11).

Travay Kris la ekstraòdinè. Libète ke sèlman li menm te kapab ban nou an genyen yon gran pri; konsa, Li te bay pwòp lavi pa li pou ke nou te kapab jwenn delivrans (Jan 3:16). Se sa ki fè ke lè nou deside viv yon doublavi, pandan n'ap kite mond lan enfliyanse nou, nou anpeche travay Kris la fèt nan lavi nou.

## Kesyon Opsyonèl

- Kilè nou vrèman lib de tout tradisyon lèzòm? (v. 8).
- Ki bagay ki kapab lakoz ke nou pa kapab resevwa libète a totalman?

## III. Nou se pitit pwomès la (Galat 5:1-13)

### A. Solid nan libète a

Nan Galat 5:1, nou li: "Se pou n' te ka lib tout bon kifè Kris la te delivre nou. Se poutèt sa, ann rete fèm nan libète sa a. Veye kò nou pou n' pa tounen esklav ankò".

Kris la te fè nou lib epi L'ap atann ke nou soumèt devan li, men se pa anba vye dominasyon move koutim mond sa. L'ap atann ke nou pa viv anba fado esklavaj; men pito, pou ke nou viv kòm vrè pitit Bondye, lib pa mwayen san Jezi ki se Kris la.

Libète a pa vini pou yon kongregasyon sèlman, oubyen pou fè youn oubyen twa bagay andedan yon legliz. Libète a pa vini akoz de sa ke nou fè oubyen paske nou merite sa; men pito, li vini pa mwayen zèv Jezi ki se Kris la.

Nou dwe genyen sètitid nan kè nou ke nou te resevwa libète gras ak Wa ki genyen tout pouvwa a, epi nou pa dwe dekouraje ni fè bak ak libète sa. Youn nan karakteristik ke moun ki resevwa libète nan men Papa a dwe genyen, se fòs nan libète a, kote nou pran pozisyon nou an malgre tout tantasyon mond sa.

Libète a baze li nan fidelite. Nou lib, paske Jezi te fidèl ak plan Bondye a. Pou kounye a, rete fèm nan libète Kris la mande gwo fidelite tou.

Galat 5:6 di konsa: "Paske, lè n'ap viv ansanm ak Kris la, kit nou sikonsi, kit nou pa sikonsi, sa pa fè anyen. Sa ki konsekan an se pou nou gen konfyans nan Bondye, yon konfyans k'ap fè nou viv ak renmen nan kè nou".

Fòs nan libète ke Jezi ki se Kris la ban nou soti nan lafwa ki opere pa mwayen lanmou; se avèk lanmou sa a ke Kris la te delivre nou; se lanmou sa a ke nou dwe genyen pou libète ke Kris la te ban nou an.

## B. Yon ti kras ledven fè tout pat la gonfle

Galat 5:9 di nou konsa: "Pa blyie pawòl la: Se ti kal ledven ki fè tout pa t' la leve".

Ledven an nan tèks sa a pa reprezante mal, men pito se move ansèyman osijè de sikonsizon an, fo ansèyman sa fè pat la gonfle (legliz la). Nouvo Tradiksyon Vivan an tradwi: "Fo ansèyman sa se tankou yon ti ledven ki fè tout pat la gonfle! Oubyen Tradiksyon Lang Vivan an di konsa: "Pa genyen okenn dout ke yon sèl fo antrenè gate tout ansèyman an".

Anpil nan nou gen abitid bay nenpòt kalite ansèyman plas nan lavi nou epi nou panse ke pliske li pa anpil, li pap fè nou anyen. Sa ki reyèl se ke pou yon pat gonfle, li pa menm bezwen genyen yon gran kantite ledven. Nan bon sans, pou ke yon lavi detwi, li pa bezwen anpil gwo peche. Lè nou kite pòt ouvè pou move ansèyman. Nou dwe fè anpil atansyon!

Pa fwa, nou elimine envestisman Kris la, Pa nou menm pou kont nou, nou bay tèt nou libète panse oubyen kwè ke peche kapab rete menm kote avèk sentete ke Bondye te rele nou pou nou viv ladan I lan.

Yon fwa ke nou fin resevwa apèl pou nou viv nan libète Jezi ki se Kris la, Li transfòme nou pou ke nou kapab viv nan sentete. Nan lavi sentete sa, pa genyen plas pou mechanste. Epi si nou vle tante abandone li, sèl bagay ke nou gen pou nou resevwa se deplasman Sentespri a pou ale lwen nou, epi se avèk li, libète nan Kris la.

Galat 5:13 la di konsa: "Kanta nou menm, frè m' yo, Bondye te rele nou pou n' te ka gen libète nou.

Sèlman, pa pran libète a sèvi eskiz pou nou viv dapre egzijans lachè. Okontrè, se pou nou yonn sèvi lòt nan renmen nou yonn gen pou lòt".

Nou te aple pou nou viv nan libète, men se pa anba esklavaj mond lan, ni kilti, ni tradisyon li yo. Yon fwa ke nou te vin jwenn Kris, déjà nou pa gen pou nou kontinye menm moun ke nou te ye nan mond lan. Epi san gade konbyen difisil tan pase nou t'ap viv la te ye, kounye a se pou Kris la ke nou ye. Li te peye pri a pou libète nou.

Libète ke Kris ban nou an konplèt, li total nan tout lavi nou; se rezon sa ki fè ke li mande pou nou mete fen avèk tout kontak avèk tan pase a, mond lan oubyen avèk tradisyon mond sa. Kounye a, se pou Kris la ke nou ye, nou dwe rete fidèl avèk li, epi n ap sèlman kapab demontre li pandan n ap viv solid nan libète sa, pandan ke nou rekònèt ke nou se pitit Wa tout wa yo, epi nou pa genyen pou nou kontinye ap viv kòm esklav mond lan.

Nou pa dwe bay dyab la plas nan anyen ditou. Se pou nou sonje ke an mezi ke nou ba li yon ti espas pou I trayi nou epi fè nou tonbe nan esklavaj mond lan ankò ki se sèl bagay ki toujou ap chèche detwi nou.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki atitud ke nou dwe genyen fas avèk libète ke Kris ban nou an? (v. 1)
- Kisa ki se baz libète nou an; ki eleman ki pral pèmèt nou rete fèm nan libète nou an? (v. 6).
- Ki objektif libète Jezi Kris ban nou an? (v. 13)

## Konklizyon

Kris te peye yon gwo pri pou libète nou, epi se sèlman Li menm ki kapab ban nou libète sa pa mwayen lafwa. San gade ki lès moun ke nou ye; pa genyen okenn fòm pou nou jwenn libète sa akoz de bon zèv nou yo. Men pito, nou bezwen Kris pou nou jwenn li.

## Nòt:

---

---

---

---

---

---

---



# Gide atravè Sentespri a

Loysbel Pérez (Kuba)

## Pasaj biblik etid la: Galat 5:16-26

**Vèsè pou aprann:** "Se poutèt sa, men sa m'ap di nou: Kite Lespri Bondye dirije lavi nou. Pa obeyi egzijans kò a." Galat 5:16

**Objektif lesion an:** Se pou chak elèv vle chèche eksperimente sa sa vle di viv anba dominasyon Lespri Sen an.

## Entwodiksyon

Tout moun ki konvèti nan Kris la kòmanse avèk yon gwo batay andedan kè li: Anvi ki soti nan yon nanm ki pa soumèt, epi avèk yon swaf ki pa satisfè lachè, pral kanpe fas a fas avèk sa k'ap pwodwi nan lespri a atravè aksyon Lespri Sen an. Fòmasyon nouvo kreyati sa nan kè moun nan pote avèk li kèk pwoblèm andedan k'ap fini lè nanm nan (ego) remèt li nan men Bondye totalman, epi Sentespri a pral pran yon kontwòl total k'ap vizib atravè manifestasyon fwi Lespri a.

Kretyen yo toujou nan gwo batay sa toutan ki twadwi kòm aksyon lachè yon jou, epi yon lòt jou, nan favè Sentespri a; paske manke eksperyans ranpli avèk Lespri Sen an k'ap pèmèt Li jwenn yon bon plas andedan kè nou pou ke li dirije totalman. Sa pa rive fèt pandan ke l'ap vyole volonte moun nan; men pito sa rive fèt avèk pwòp desizyon moun nan lè li bay Bondye chans pou ke li pran kontwòl nanm nou, kò ak lespri nou totalman.

Objektif Sentespri a se gide nou, ranpli nou; men desizyon pou ke li rive fè l la se nan moun nan ke li ye. Se poutèt sa, nou kapab obsève ke nan legliz la genyen anpil kretyen ki toujou rete ap viv nan peche toutan, yon lè yo fè efò, epi yon lòt lè, yo tonbe. Epi youn nan rezon prensipal yo se paske nanm nan pot ko fin remèt li bay Kris la pou ke Sentespri a reyalize travay li a konplètman.

Pòl fè yon diferans ki klè ant moun sa yo ki anba dominasyon lachè, ak moun sa yo ki gide pa Sentespri a pandan li t'ap di konsa: "Moun ki moun Jezikri, yo fè kò a mouri ansanm ak tout egzijans li yo, ak tout lanvi li yo" (Galat 5:24).

Pou nou kontinye, nou pral etidye plizyè karakteristik diferan nan moun sa yo ki anba gid Sentespri a.

## I. Yo pa satisfè zèv lachè yo (Galat 5:18-21)

Pòl te dirèk nan mesaj ke li te kite pou moun legliz peyi Galasi yo nan Galat 5:18, se sa ki fè ke si yon moun ap viv anba direksyon Sentespri a, li pa anba lalwa, ni okenn pratik zèv lachè.

Se byen malere, nou genyen andedan anpil legliz kretyèn, anpil kwayan ki pa fè lòt anyen ke bay move temwayaj, pandan y ap pratike tout kalite peche. Sa yo se manm, nan anpil okazyon, nan kantite manm ke legliz la genyen; men, konpòtman yo se bagay chanèl nèt. Moun sa yo pa pou Kris, menm si yo nan lis manm ki sou tè sa a yo; yo rate lis ki pou syèl la. Okontrè, pou moun sa yo k'ap viv anba direksyon Sentespri a yo, yo pa pratike vye zèv lachè yo.

### A. Sa ki dwe klooure sou kwa a (vv. 19-21)

Legliz Seyè a konpoze de yon gwoup de moun ki mache pa Lespri epi yo retire nan lavi yo tout sa ki dezagreyab nan zye Bondye (veye zèv avèk dezi lachè yo): Tout vye zèv yo pase pa lanmò pou moun sa yo ki pou Kris la. Pa mwayer Pawòl la, Sentespri a montre nou dirèkteman kòman pou nou viv nan wayòm Bondye a.

Pòl di ke moun ki pratike zèv ki site la yo pap antre nan peyi Wa ki nan syèl la (Galat 5:21). Chita nan yon tanp ap asiste sèvis pa ase, ni vin yon manm aktif, bay ladim, batize, vin lidè, elatriye. Tout bagay sa yo enpòtan se vre; men fòk nou klooure lachè a sou kwa a, paske lè n ap pratike zèv lachè yo, sa a ap fè ke nou pap kapab antre nan peyi kote Bondye Wa a.

Bondye vle yon pèp k'ap gide pa Lespri li epi viv ranpli ak yon lavi ke li ofri, li menm k ap elimine tout kalite move aksyon ki kontré ak volonte li.

## B. Kloure lachè sou kwa a

Genyen anpil moun nan kongregasyon an ki renmen Bondye, yo vle fè li plèzi, epi y'ap goumen pou yo kloure lachè avèk pasyon li yo. Yo avanse pou byen lwen epi yo tounen tonbe ankò, epi yo santi yo wont avèk Bondye. Sa se yon bon siy lè sa rive; paske se yon siyal de travay ke Sentespri a ap fè nan kè yo. Tan tan avan, yo te pratique li epi yo pat santi sa; men kounye a, yo santi li, pliske Bondye vin preznan nan kè yo.

Nou tout nou vilnerab nan sans sa a; men, jèn yo se yon gwoup kote ke yo genyen anpil pou yo kloure sou kwa a nan domèn seksyèl, epi yo toujou ap plede tonbe.

Men kèk rekòmandasyon:

1. Chèche genyen yon eksperyans reyèl avèk Lespri Sen an.
2. Viv abondans ke Li distribye chak jou a.
3. Rann namm ou, ego, bay Bondye nan tan devosyonèl ou yo.
4. Evite vye kote, moun, moman ki kapab fè w tonbe oubyen tounen dèyè.

Moun nan legliz nou yo bezwen konnen Bondye pèsònèlman, fè eksperyans avèk Li ki make lavi yo. Se sèlman konsa ke pwosesis transfòmasyon pou rive nan imaj Kris la kapab kòmanse.

## Kesyon Opsyonèl

- Èske genyen kèk bagay nan lavi mwen (zèv lachè) ki mare mwen ansanm avèk mond lan, kisa ke yo ye?
- Ki pa ke mwen pral fè pou ke mwen kloure zèv lachè yo sou kwa a?

## II. Yo manifeste fwi Lespri a (Galat 5:22-26)

Manifestasyon fri Lespri a se demonstrasyon ki pi klè de prezans Bondye nan lavi yon kreyten. Jodi a n'ap viv nan yon epòk eklezyastik ki baze anpil sou koze show. Pèp la vle genyen yon eksperyans sinatirèl, chèdepoul, tonbe atè ak anpil lòt manifestasyon, ke anpil fini la (nan sèlman show). Epoutan, show sa yo pa chanje moun nan; nan demen, nou genyen memm kalite kreyten yo, avèk menm kalite peche yo san chanje ni tranfòme. Gwo objektif la se pou ke Kris la

fòme andedan kè nou. Se transfòmasyon lòm ki parèt byen klè atravè transfòmasyon fwi Lespri a.

Si reyèlman kreyten an te fè eksperyans ranpli ak Lespri Sen an; fwi li a gen pou manifeste.

**1. Lanmou:** Lanmou ki eksprime nan tèks sa a se lanmoun ágape a. Vokabilè sa se li ki plis itilize nan N.T, epi li vle di bagay sa: Genyen yon jenewozite san limit, malgre tout sa ke lòt moun kapab fè, lanmou ágape a ap toujou swete sa ki pi bon an. Pa renmen "akoz de", sinon "malgre". Bondye vle pou kwayan an renmen avèk lanmou ágape. Plis ke se pa don pa nou, nou menm ki demonstre si nou ranpli ak Lespri sen an; men pito se lanmou nou anvè Bondye ak frè parèy nou. Se pou lanmou an se sèl bagay ki fè lavi nou fè diferans kòm kreyten! (I Korentyen 13:1-2).

**2. Kè kontan:** Tèm grèk la fè konprann ke lajwa soti nan sa ke kwayan an eksperimente espirityèlman (Women 14:17). Se nan Bondye vrè kè kontan an soti, epi li pa pwodwi pa sikostans lavi a. Se pou rezon sa, yon kwayan kapab pase yon move moman epi li gen kè kontan.

Kè kontan sa gen pou wè avèk akonplisman plan Bondye nan lavi li. Lè bagay sa rive, Sentespri a fè lavi a rete nan kè kontan. Nan Jezi genyen yon egzant ki byen klè: Li pat pèdi kè kontan paske li te genyen pou l te mouri sou kwa a; tout bagay te diferan (Ebre 12:2).

**3. Kè poze:** "Nan Nouvo Testaman an, mo grèk eiréné a koresponn ak mo ebre shalom nan Ansyen Testaman ki vle di, non sèlman absans de pwoblèm ak lagy, men tou, tout sa ki kontribye ak pi gwo byennèt lòm. La li vle di trankilite kè ki soti nan lafwa de ke tout bagay nan men Bondye" (Barclay, William. Kòmantè Nouvo Testaman, tòm X. Espay: Editorial Clie, 1991, p.34).

**4. Pasyans:** Siyifi, rete tann tan Bondye nan chak domèn nan lavi. Sentespri a ede pou konsèvasyon kè poze a epi pèmèt Bondye aji. Gwo diferans sa pou mache ak kanpe nan lavi a efikas lè pasyans lan an fonksyon nan lavi kwayan an.

**5. Konpasyon:** Nan lòt tradisyon yo, yo bay sinonim tèm sa yo: Amablite (BPJ), jantiyès (NTV). Moun sa yo ki anba dominasyon Sentespri a toujou emab epi janti. Sa a se fason pou yon moun sèvi ak frè parèy li yo, sa ki pa eliminé ladwati nan karaktè a.

Yon karaktè konpasif genyen afeksyon, dousè ak jenewozite kòm yon pati ki endispansab nan relasyon an avèk pwochen yo.

**6. Bonte:** Se yon bon kalite ki aktif; se dispozisyon pou toujou fè byen pou lòt moun. Moun ki gen bonte a mete enterè pèsonèl yo yon bò epi enkyete yo pou pwochen yo. Parabòl bon samariten an se yon bon egzanp ki byen klè sou bonte (Lik 10:25-37). La a, nou wè moun nan k'ap sipase tout bagay, yon fason pou li kapab fè byen pou yon moun san kalkile si li merite sa oubyen non. Se atitid pou bay ak bay tèt li.

**7. Lafwa:** "Mo sa a (pistis nan lang grèk) se kouran nan langaj lari grèk la avèk sans pou vin diy de konfyans. Se karakteristik moun nan ki se konfye" (Barclay, William. Kòmantè nan Nouvo Testaman, tòm X. Espay: Editorial Clie, 1991, p.35).

**8. Dousè:** Jezi te ban nou pi gwo egzamp dousè a (Matye 11:29). Dousè a mete vyolans deyò, epi l'i:imilité plas. Kretyen ki vyolan yo po ko ranpli ak Sentespri a jouskaprezan. Dousè a teste se nan fason ke nou reyaji fas ak kritik yo. Yon repons ki pike, oubyen panse ke nou konnen pi plis pase lòt yo, ap fè nou pa pase egzamen an.

Lè eleman fwi Lespri sa nan kè a, menm si yo te anpil, w ap chèche jwenn chèche padon ak byennèt lòt moun.

**9. Tanperans:** Daprè Barclay: Se Sentespri a ki domine anvi ak rechèch plezi li yo. Li itilize disiplin atlèt (I Korentyen 9:25) ak dominasyon sèks ki karakterize kretyen an (I Korentyen 7:9). Nan langaj lari grèk la, li itilize bonte yon anperè ki pa janm kite pou enterè prive li yo egzèse enfliyans nan gouvènman pèp li a. Se bonte moun nan ki fè li vin chèf tèt li, ki ba li kapasite pou l sèvi lòt moun" (Barclay, William. Kòmantè Nouvo Testaman, tòm X. Espay: Editorial Clie, 1991, p.35).

Nou genyen otokontwòl pou nou pa fè sa ki pa fè Bondye plèzi. Lè kwayan an fin ranpli avèk Sentespria, li toujou anba kontwòl; moun pap bezwen siveye li, paske li soumèt anba volonte Bondye a ki san tach

# Konklizyon

Si nou di ke nou se ptit Bondye; men jouskaprezan nou genyen anpil pwoblèm toutan (obstak, chit) pou satisfè oubyen bay plas ak anpil move dezi chanèl; nou dwe chèche mete nou an règ avèk Bondye, epi rann li sensè epi totalman tout nou menm. Pou Bondye, pa gen anyen ki enposib! (Lik 1:37).

**Nòt:**

- Mansyone ki sa ki fwi Lespri Sen an.
  - Kòman fwi Lespri Sen an manifeste nan lavi ou?
  - Pran yon ti tan pou w reflechi sou pwòp tèt ou sou aspè sa.



# Levanjil pou fè byen ak pwochen an

David Balcázar (Perou)

## Pasaj biblik etid la: Galat 6:1-10

**Vèsè pou aprann:** “Pa janm bouke fè byen. Paske, si nou pa dekouraje, n'a rekòlte lè lè a va rive.” Galat 6:9

**Objektif lesson an:** Se pou mond lan konprann ke Levanjil Kris la genyen ladan li fè byen ak pwochen an; epi vrè lavi nan Lespri a se fè byen avèk lanmou.

## Entwodiksyon

Kisa restore ye? Èske kreyen yo kapab restore? Kòman eksperyans lan ye nan legliz kote w mache a? Kisa ki pase lè yon mamm legliz la tonbe nan yon erè? Èske yo lonje dwèt sou li, kritike epi “mete li deyò” pratikman? Oubyen èske yo restore li avèk yon lespri lanmou?

## I. Vrè espirityalite a restore (Galat 6:1-2)

Apot Pòl te pale avèk kreyen nan lavil Galasi yo pou mande yo si yo sippenn yon moun nan kèk erè, se pou yo restore li.... Men, kisa restore ye? Diksyonè AWE bay, ant definisyon li yo, youn ki plis pètinan pou ka sa: “2.tr. Repare, renouvel oubyen retounen mete yon bagay jan ke li te ye a oubyen estimasyon ke li te genyen avan an” (Rekipere nan www.rae.es, le 22 Novanm 2017).

Yon analiz sou definisyon sa fè nou poze tèt nou kesyon: Nan konbyen legliz, sa a se yon reyalite? Sanble ke, nan legliz moun lavil Galasi yo te bezwen sonje nesesite pratik sa ki gen pou wè avèk espri kreyen an. Kòm nou sot déjà wè nan leson avan yo, te genyen kèk moun nan legliz Galasi yo ki te gentan kòmanse elwaye yo de lavi lafwa nan Lespri a, pandan ke yo t'ap pretann ke yo jistifie pa mwayen zèv lalwa. Sitiyasyon sa sanble te mete yo nan yon pozisyon pou jije, kondane lòt moun ki fè erè nan sa ki gen pou wè avèk lalwa oubyen nenpòt dosye ki sanble kòrèk devan zye li; daprè lalwa, lè yo te fè erè, yo te dwe tonbe anba jijman.

Sepandan, nan vrè levanjil la, li pa konsa. Vrè levanjil sa a se levanjil gras la. Lè Sentespri a ap gouvène nan legliz la, li pa baze sou kondannasyon; men pito, sou restorasyon. Lè yon moun tonbe nan yon erè, li pa dwe jije pou l'resevwa kondannasyon; men pito, restore avèk entansyon ke li kapab retounen pran plas li pa mwayen pwosesis ki apwopriye a.

### A. “...nou menm ki espirityèl...” (v. 1b)

An konsekans avèk sa ki di nan lèt la, Pòl te pran responsabilite li epi etabli ke moun k'ap restore lòt

moun yo dwe viv nan Sentespri a; donk, yon moun ki pap viv anba dominasyon Sentespri a, kòman li ta kapab restore?

Yo rele moun k'ap viv anba kontwòl Sentespri a “espirityèl”. Moun ki pa viv anba dominasyon Sentespri Bondye anba kontwòl lachè ak peche (Galat 5); epi moun k'ap viv nan fason sa, li pote non “chanèl”. Konsa, moun k'ap viv nan kondisyon sa yo, li pa kapab restore; pliske li menm, li bezwen restore an premye. Se poutèt sa, yo mande pou moun k'ap restore lòt moun yo espirityèl”.

Dousè a (v. 1c) fè referans ak swen, pasyans ak lanmou ke ajan restorasyon sa dwe genyen nan ministè sa. Li pa dwe restore avèk dezespwa oubyen malèz, oubyen avèk santiman de siperyorite; men pito avèk imilite. Sa pral fè yon sèl avèk sa ki pral mansyone pi devan an. Rekòmandasyon sa enpòtan anpil (v. 1d). Ou pa kapab restore kòrèkteman, si w adopte yon espri de jijman ak kondannasyon ki baze sou “siperyorite espirityèl”. Se pa nou menm ki “pi bon” si nou se jij; sèlman nou se frè ki pa sove paske nou obeyi lalwa byen, men pito se pa lafwa nan Kris la.

Se poutèt sa, lè nou wè yon frè komèt yon erè, nou dwe apwoche kote li avèk lanmou epi ede li reprann lafwa li nan Jezi ankò, yon fason pou li kapab jwenn padon epi sove; menm jan ke atravè lanmou Jezi nou te resevwa padon epi sove.

Konsiderasyon sa vin byen fò jouskaprezan lè nou rekonèt ke nou se moun ki ranpli avèk feblès, epi nou ta kapab sibi tantasyon epi tonbe tou. Se la nou jwenn nesesite pou nou depann de Bondye avèk imilite, li menm ki vrèman pwisan pou venk nenpòt peche; men tou ki ban nou Lespri Sen li an pou nou kapab genyen batay la.

Konsa, nan pwosesis restorasyon an, nou dwe rann nou kont ke se avèk yon moun ki fèb menm jan avèk nou ke n'ap travay, li menm ke, menm si li te tonbe, li

kapab leve kanpe ankò. Epi lè ke li fin leve, li kapab menm sèvi enstriman pou ede nou, si sa nesesè. Nan sans sa a, nou ta dwe poze tèt nou kesyon sa: Si nou menm nou ta tonbe nan kèk erè, èske nou ta renmen yo restore nou? Epi kòman sa kapab rive fèt? (Matye 7:12).

### B. “Se pou nou youn pote chay lòt” (v. 2a)

Nan chemen kretyen sa a, nou pa kapab nye ke nou bezwen youn lòt. Si nou wè yon frè nou nan kèk erè, nou dwe restore li. Si yo jwenn nou ap komèt kèk erè, nou menm tou n'ap bezwen restorasyon avèk lanmou. Se poutèt sa, nou dwe toujou ede youn lòt. Sa pa vle di ke n'ap toujou nan fè peche; se pa konsa ditou. Se pandan, lè n'ap travèse moman difisil yo, lè nou anba tantasyon, frè nou yo va sipòte nou; epi si nou ta tonbe, n'ap jwenn restorasyon, se menm jan ke nou menm tou nou ta fè li pou lèzòt yo.

Pandan restorasyon nan tèt ansam sa ap akonpli, n'ap akonpli laverite lalwa Kris la, li menm ki te bay lavi li pou nou pou ke nou te kapab jwenn padon epi resevwa lavi ki pap janm fini an (I Jan 2:1). Jezi Kris vle restore pechè a nan gran lanmou li!

### Kesyon Opsyonèl

- Kisa yon kretyen espirityèl ye?
- Pou ki rezon ke ou konsidere ke li nesesè pou ke moun sa yo k'ap patisipe nan pwosesis restorasyon yon frè yo dwe espirityèl? (v. 1)

### II. Verite espirityèl la se imilate ak rekonesans (Galat 6:3-6)

#### A. Rekonèt ke san Kris, nou pa anyen (v. 3)

Li pa toujou fasil pou wè relasyon ki genyen ant vèsè 3 avèk sa ki anlè yo; men lè nou konprann tèks la, difikilte a efase. Li klè ke wi, nou youn bezwen lòt pandan n'ap mache nan lavi kretyèn nou. Epi san prezans Sentespri a, nou pap kapab venk zèv lachè yo. Nan verite sa yo, nou kapab konprann byen fasilman ke "...moun ki santi li se yon bagay pandan li pa menm anyen, se pwòp tèt li l'ap twonpe" (v.3).

Nou menm, kretyen yo, san Kris, nou pa anyen; se poutèt sa, nou pa genyen okenn dwa pou nou kondane yon moun ki tonbe nan yon pwoblèm epi tounen vin jwenn Bondye. Okontrè, nou dwe fè yon lòt bagay; sa vle di, ede li antre nan yon pwosesis de restorasyon. Epi se menm jan avèk nou menm ki bezwen Jezi a, se konsa ke frè nou an bezwen l tou. Si nou panse ke nou fin genyen laviktwa epi nou kapab venk avèk pwòp fòs nou; se tèt nou n'ap twonpe. Nou kapab venk peche a sèlman avèk pouwva Sentespri Bondye a.

Li klè ke, vye attid sa ki se panse ke pou kont nou, nou kapab rete fidèl, se sa ki mennen echèk nou. Men konpòtman ki kòrèk lè nou depann de Jezi a, se

li menm k'ap fè nou pote laviktwa a avèk konpasyon nou genyen pou pwochen an. Pou tout bagay sa yo, nou pa dwe twonpe tèt nou...Nou tout bezwen Jezi!

### B. Soumèt bay eprèv la pwòp zèv li (v. 4)

Moun k'ap viv anba pouwva Sentespri a reyèlman, li soumèt bay eprèv la pwòp zèv li, pwòp aksyon li yo. Sa ki pi bon ke nou kapab fè pou nou ede lòt moun jwenn restorasyon, se epwouve pwòp tèt pa nou dabò; epi konsidere an premye si reyèlman nou espirityèl epi ap viv nan lanmou Bondye a (Matye 7:4). Nan vrè espirityalite a, kretyen an soumèt tèt li anba eprèv. Aprè sa, li konsidere zèv lèzòt yo, epi si yo merite restorasyon, li ede yo avèk lespri dousè, pandan ke l'ap konsidere pwòp tèt li.

### C. Se pou chak moun pote pwòp chay li (v. 5)

Chak moun dwe pote pwòp chay li avèk atansyon. Lè nou konprann difikilte ak efò yo ki genyen ladan li pote pwòp chay la; ebyen, nou pral konprann epi nou pral plis poli pou nou ede lòt yo nan chay ke y'ap pote. Sa a trè enpòtan pou restorasyon pwochen an, konprann ke nan Seyè a, nou tout ap lite epi nou tout se konpayon nan chemen sa ki sou wout pou peyi syèl la.

### D. Moun k'ap resevwa bon nouvèl la fèt pou separe tout byen l' yo ak moun k'ap ba li l' la (v. 6)

Nou ta kapab poze tèt nou kesyon, kisa vèsè sa gen pou wè la? Men li enpòtan pou nou konsidere bagay sa yo nan restorasyon ak ansèyman an: Rekonesans.

Ekspresyon: "Moun ki resevwa ansèyman an...", li ta kapab nan kontèks sa a, moun k'ap resevwa restorasyon an. Yon fason ke moun k'ap resevwa restorasyon an aprann di moun k'ap anseye I la mèsi; epi pataje nan benediksyon ke Bondye ba li materyèlman. Sa agreyab nan zye Bondye tou.

Ansèyman pou remèsiman sa ta kapab aplike pou ka sa yo:

1. Lè nou bay legliz la nan byen nou yo pou benediksyon sèvis seyè a, yo menm k'ap travay pandan y'ap anseye epi restore "mouton" yo ki ale lwen pak la.
2. Pataje youn avèk lòt epi ede youn lòt, daprè jan ke Seyè a fè nou pwospere; epi konfòm ak jan l'ap ede nou nan bagay materyèl, epi fè I nan bagay espirityèl tou.

Konsa, nan vrè espirityalite levanjil la, nou dwe rekonesan epi pataje nan byen materyèl nou yo tou. Nou pa kapab blyi li!

### Kesyon Opsyonèl

- Avèk pwòp pawòl ou yo, defini tèm "imilate".
- Sou ki fòm ou soumèt ou anba eprèv pwòp zèv? Kòmante (v. 4).

### **III. Vrè espirityalite a fè byen (Galat 6:7-10)**

Finalman, li nesesè pou konsidere nan konteks sa a, ke vrè kretyen espirityèl la fè byen. Epi sa genyen anpil relasyon avèk sa ke nou sot konsidere a; paske restore pwochen an se yon atitud ki fè pati jeneralite pou fè byen. Se konsa, Pòl te konsidere restorasyon an; men aprè sa, li te elajji, ouvè tèm nan, pou konklî ke vrè kretyen an fè byen pou pwochen li.

#### **A. Sa moun nan simen, se sa l'ap rekòlte (vv. 7-8)**

Pasaj sa soti kòm yon avètisman. Li sèten ke nou pa sove pa zèv; se pandan, li sèten tou ke li genyen vrè lafwa sou kesyon zèv la (Jak 2:18). Nou pa kapab twonpe Bondye; sa ke nou simen, se li menm nou va rekòlte nan tan li.

Men, kisa nou simen epi kisa nou rekòlte? Byen souvan, pasaj sa conn itilize pou manipile moun epi mande yo lajan. Nan itilize tèks biblik, nou jwenn de kalite semans ak de kalite rekòt.

#### **I. De kalite semans (v. 8)**

a. Simen pou lachè ta genyen ladan li:

1.) Pa pataje nan byen nou yo; men pito se sèlman panse avèk nou menm epi viv avèk egoysis (cf. v6).

2.) Pa restore frè a lè li siprann nan yon fot. Sa vle di: Pa ede li, ni montre enterè nan restorasyon li; oubyen jije li avèk yon kouraj ki, olye pou l gide li vè yon pwosesis restorasyon, li detwi ak kouri dèyè li. Kalite konpòtman chanèl sa a se ta simen pou lachè.

3.) Pratike peche epi pa kouri pou mechanste nan lavi pèsònèl nou. Simen pou Lespri.

b. Nan opozisyon, simen pou Lespri a genyen ladan li:

1.) Genyen lanmou pou pataje nan byen yo ki soti nan Seyè a.

2.) Restore pwochen an lè li tonbe nan yon erè; men toujou fè li avèk lespri dousè.

3.) Abandone lavi peche epi viv nan pratike sa ki fè Bondye plèzi (Galat 5:22-23).

#### **2. De kalite semans (v. 8)**

Si w simen pou lachè, w'ap rekòlte kòripsyon. Vèsyon biblik Pawòl Bondye pou Tout moun di: "...y'ap sèlman jwenn destrikson nan sa..." (Galat 6:8).

Destrikson sa a fè referans ak otodestrikson an, pèt Sali pèsònèl la, epi finalman, lavi ki pap janm fini an. Si w simen pou Lespri, w'ap rekòlte kòm rekonpans, lavi ki pap janm fini an!

Apresyasyon sa sou rekòt la sekle pou yon pèspektiv ki kòrèk sou jistifikasyon pa lafwa a; epi menm si nou

sove pa lafwa, "semans nou" vin pi detèminan. Jan nou sot mansyone li anwo a, la fwa a manifeste atravè zèv yo; epi zèv yo vin tounen lavi sentete. Epi menm si nou pa gen lavi ki pap janm fini an pou sa ke nou fè; men si nou ensiste pou nou kontinye ap viv nan peche epi simen pou lachè, n'ap pèdi Sali nou an! Se poutèt sa, li enpòtan pou nou deklare: "...Men, moun ki simen sa ki fè Lespri Bondye a plezi, Lespri a va fè l'rekòlte lavi ki p'ap janm fini an" (v. 8).

#### **B. Piga nou janm bouke fè byen (v. 9)**

Se kounye a nou konprann enpòtans pa dekourage a pi byen nan chemen byenfektè a. Fè byen an pote anpil kè kontan nan nanm nan; men tou nan anpil okazyon yo, li pral difisil epi menm rive lakoz pèsekisyon, fawouch oubyen anpil lòt difikilte pandan ke nou nan mond sa. Men, menm konsa, nou pa dwe fatige; rekonpans lavi ki pap janm fini an se va sèl rekòt nou.

Ann fè byen avèk tout moun, selon opòtinite a (v. 10).

Pou nou fèmen pasaj sa a, Pòl te konkli nan yon fason ki lojik epi laj a la fwa. Li te mande pou, daprè chans ke nou genyen, se pou nou fè byen ak tout moun epi sitou avèk frè nan lafwa nou yo.

Kòman nou kapab fè byen? Nan fason sa a: Restore frè nou yo ki siprann nan erè avèk Lespri seyè a, pandan n'ap pran an chaj, konpòtman ki kòrèk la.

Pataje nan byen nou yo avèk moun ki restore ak anseye nou yo. Asireman, se avèk tout moun ke nou kapab fè sa, menm si nou kòmanse avèk frè nan lafwa nou yo; epi rive fè sa avèk tout lòt moun ki nan nesesite, si sa posib.

Viv yon lavi nan sentete, fè byen avèk pwochen nou yo, sa k'ap vin yon ekspresyon pratik lanmou pou pwochen an, akonplisman lalwa: "Paske tou sa lalwa mande nou, nou jwenn yo nan kòmandman sa a: Se pou ou renmen frè parèy ou, menm jan ou renmen tèt pa ou" (Galat 5:14).

#### **Kesyon Opsyonèl**

- Ak kisa semans ak rekòt la nan pasaj biblik sa fè referans? \_\_\_\_\_
- Mansyone plizyè egzanz pratik sou kòman pou nou fè byen avèk frè nou yo nan lafwa.

#### **Konklizyon**

Vrè levanjil Kris la se levanjil Lespri ki ranpli kwayan an pou ke li kapab viv nan lanmou pafè a. Kwayan an k'ap viv nan lanmou Bondye a ki pafè, li fè byen: Restore moun ki tonbe nan erè a avèk dousè; pandan ke l'ap pataje byen materyèl li yo avèk moun sa yo k'ap anseye li ak tout sa ki posib pou li; epi viv yon lavi nan sentete, separe avèk peche. Rekòt li a se pral lavi ki pap janm fini an pa lafwa nan Jezi.



# Chwazi pou resevwa benediksyon

Macario Balcázar (Perou)

## Pasaj biblik etid Ia: Efezyen 1:3-6

**Vèsè pou aprann:** “Byen lontan anvan Bondye te kreye lemonn, li te chwazi nou nan Kris la pou nou te kapab viv apa pou li, pou n’ te san repwòch devan li. Nan renmen li renmen nou an.” Efezyen 1:4

**Objektif lesoun an:** Se pou elèv la konnen epi jwi tout benediksyon Bondye yo paske li se kreyen.

## Entwodiksyon

Lè yon moun nan chemen levanjil Kris la, sa fè moun nan konnen ti kras pa ti kras sa ke Bondye ye ak sa li genyen pou ptit fi avèk ptit gason li yo.

Nan priye pou Sentespri a dirije nou, an nou penetre nan sa ke Lèt Efezyen an ap anseye nou nan premye vèsè li yo.

### I. Beni pa moun ki conn beni an (Efezyen 1:3)

Nou dwe sonje ke apot Pòl se te jwif li te ye. Yon jwif ki pwofese fidelite ak Pawòl Bondye a. E poutan, aprè ke li te fin konvèti, epi pandan ke li te yon jwif kreyen apati de moman sa a, objektif li se te glorifye Papa Bondye ki nan syèl la, li menm ki te chwazi li nan mizèrikòd li pou vin yon enstriman de benediksyon pou moun lòt nasyon yo (Travay 9:15), pami sa yo ki te nan lavil Efèz.

### A. Èske lòm kapab beni Bondye?

Imedyatman aprè ke li fin salye frè Efèz yo, Pòl te leve yon lapriyè pou beni non Papa a epi di li mèsi: “Se pou non Bondye Papa a beni....”

Pi devan, nou pral prezante kèk konsiderasyon osijè de lapriyè sa.

- Li te yon bagay komen pou ke moun te li nan liv Sòm yo anpil ekspresyon ki gen pou wè avèk tèm sa (Sòm 34:1; 41:13; 96:2; 103:1-2).

Ekspresyon “Beni”, an fè referans avèk Bondye, sa te yon bagay ki komen nan mitan jwif yo. Sa a yo ak plizyè lòt pasaj montre nou kòman ke lòm kapab “beni Bondye tout bon vre! E se sa menm ke Pòl te fè nan Efezyen 1:3.

- Beni, nan ka sa a se “fè louwanj”, “egzalte”, “leve non” Bondye. An rezime, adore li. Sa ke Pòl te anseye nou se ke, premye devwa tout kreyen, se adore Bondye. Rekonèt li nan lavi nou kòm premye nan tout bagay, epi san Li, pa genyen okenn mwayen pou li byen.

- Li nesesè pou ke nou tout kreyen nan syèk sa yo beni Bondye, nan fè aksyon adorasyon chak jou epi sa dwe

fèt nan tout sa ke n’ap fè; pliske se pou Li nou viv, epi san li menm nou pa anyen ditou.

### B. Moun beni an se Papa Kris nou an ki se yon moun ki beni

- Menm si nan Efezyen 1:3, yo pa site non Kris la kòm “Beni”; se pandan, nou kapab afime ke Li menm tou li se beni. Pou kisa? Paske li se Ptit moun ki se Beni an (Lik 3:22); epi se poutèt sa tou, nou dwe adore li. Epi, non sèlman li se Ptit Bondye; men tou, Li se Bondye menm (I Jan 5:20).
- Nou pa kapab sispann ensiste pou montre ke Jezi Kris se Bondye; paske anpil moun ki pa li Bib la avèk pwòp konsans yo, toujou ap afime anpil lide ki kontrè osijè de divinite li, oubyen nye egzistans Papa ak Ptit la, kòm de moun ki diferan; men an menm tan ki se yon sèl Bondye a.
- Pou kreyen yo, Kris se sant lan nan tout sa ke n’ap fè; se poutèt sa, lè n’ap beni non Bondye, nou fè li pou trinite a konplètman, menm si nou fè referans ak Papa a dirèkteman, ak Ptit la, oubyen Lespri Sen an separeman, oubyen yo tou le twa ansamm. Se pou vwa nou leve byen wo pou ke nou beni non bon Bondye nou an.

### C. Moun beni an beni nou depi kote li rete nan syèl yo

Ann kontinye avèk etid nou an sou Efezyen 1:3.

- Bondye te kreye lòm pou I te kapab beni li; sa vle di, pou I fè byen pou li. Pa panse plis, kòman Bondye te kreye mond lan epi ki kote li te mete Adan ak Èv lè ke Li te fin kreye yo? Bondye te kreye yon mond ki byen atiran, bèl, ranpli ak lavi, tout sa yo se pou ke Adan avèk Èv te viv byen, fasil, li te fè yon bèl jaden, avèk anpil bèl bagay (Jenèz 1:31). Anplis de sa, prezans Bondye te parèt byen klè nan jaden sa, epi se la li te mete premye paran nou yo (Jenèz 2:15, 22). Depi nan mitan pye bwa yo, Bondye te vle beni kreyati li yo, epi li pat kite gwo efò pou yo te fè.

- Nouvo kontra ke Bondye te fè avèk limanite atravè Pitit li a se pou li te kapab beni nou tou. Echèk nan kondisyon lòm nan, separe avèk Bondye, se te epi se pou koz peche, rebelyon lèzòm kont Bondye. E poutan, bèl lanmou Seyè a genyen limit; donk, pi gwo ekspresyon li a te manifeste pa mwayen Pitit li a, lè li te voye l pou ke li te mouri sou bwa Kalvè a epi rezoud posiblite ki te genyen pou ke lòm te kapab apwoche bò kote Bondye (Women 3:23). Kris pat sèlman sèvi kòm yon pon; men tou yon medyatè ki fè lèzòm a pati de moman sa a kapab prezante li devan Bondye (I Timote 2:5).
- Nou dwe konprann “plas ki nan syèl yo” nan moman ke n’ap viv la, kòm yon bon gou ke n’ap gen pou nou jwi lè nou va nan prezans Bondye, epi tou paske non nou ekri nan liv lavi a (Lik 10:20). Pou kesyon lavni an, nou konprann li kòm yon eritaj ki pap janm fini pou ptit Bondye yo, ke Li menm achte avèk san li ki chè.

### Kesyon Opsyonèl

- Kòman nou kapab beni Bondye?
- Kisa Pòl te vle di avèk ekspresyon “plas nan syèl yo”?

## II. Chwazi pou vin apa epi san tach (Efezyen 1:4)

Aprè ke Pòl te fin adore Bondye, li te di ke nou menm ptit fi ak ptit gason Bondye yo te chwazi nan Kris la, depi anvan mond sa a te kreye, “...pou ke nou te kapab mete tèt nou apa pou li epi parèt san tach devan li”.

### A. Bondye vle pou tout mond lan genyen lavi ki pap janm fini an

- Pa genyen yon pi bon Papa pase Bondye. Li te kreye premye koup la avèk imaj li epi daprè resanblans li (Jenèz 1:27), pou ke yo renmen ak adore li, epi pou ke yo te sèvi li kòm pòt pawòl, jeran li, epi amplis de sa: Ptit Li (Malachi 2:15). Men, Bondye te vle pou ke lanmou sa, adorasyon ak administrasyon sa yo te fèt nan yon fason ki volontè. Men, plan li se pat pou ke premye koup moun nan yo te vin ptit li; men pito, tout desandan moun sa yo tou.
- Plan Bondye a te vin twouble akoz de dezobeyisans Adan avèk Èv la. Sa te pote lanmò (Women 3:23). Men, plan orijinal Bondye a pat chanje; okontré li te fè plan pou ke limanite pat kondane konplètman, men pito, pou yo tout te sove, men ala bèl sa ta bèl pou tout moun ta rive sove a vre (2 Pyè 3:9). Men yon lòt fwa ankò, Bondye ki deside konpòte li kòm yon nonm janti, li te kite pou lèzòm pran pwòp desizyon yo pou obeyi oubyen rejte li.
- Finalman, plan delivrans Bondye a te rive reyalize atravè Jezi Kris (Lik 3:23-38).

### B. Delivrans lan se atravè Jezi Kris

- Genyen plizyè milye reliyion nan mond lan. Yo tout pale de sove tèt; men, sof krisyanis, pa genyen okenn ladan yo ki pale de vrè chemen delivrans lan.
- Satan, gwo koken an, nan gwo dezi ke li te genyen pou l te pase Bondye nan rizib epi pote lanmò pou tout limanite, se li menm ki se epi k'ap kontinye gwo pwomotè reliyozite moun san Kris. Se poutèt sa, yo tout (sof levanjil) pale de sove atravè zèv yo. Satan konnen byen ke pa pèsòn moun pa kapab sove akoz de zèv ke li fè; se pou rezon sa a, li fè pwomosyon avèk mantò sa a ki afekte krisyanis la, menm si se atravè alkòl oubyen menm plizyè legliz ki rele tèt yo legliz evanjelik yo, kote ke genyen anpil moun k'ap fè jèn, fè vèy de nwi, bay ofrann pou yon seri de pwojè moun, pou yo kapab gen merit, elatriye. Se sa ki rele “delivrans pa mwayen zèv yo”, yon bagay ke Bondye rayi epi ki pa verite totalman (Efezyen 2:8-9).
- Jezi se sèl chemen an, (Jean 14:6). Avan Kris, se te lalwa Bondye a, avèk kondisyon ke moun ki ta obsève li ta jwenn gras nan je Bondye (Detewonòm 28:23); men an reyalite, pèsòn moun pat kapab obeyi lalwa kòrekteman. Se poutèt sa, travay sakrifis Kris la te nesesè, yon fason pou ke lèzòm te kapab genyen aksè ak lavi ki pap janm fini an epi rive vin ptit Bondye (Jan 3:16).
- Pwovizyon delivrans Bondye a atravè Ptit li a se te pou TOUT limanite. Li pa retire pèsòn (Jan 3:15-17). Okenn ras, kilti, gwooup moun, okenn pechè pa san posibilité pou fè pati plan delivrans Bondye a. Tousenpleman, li dwe aksepte li. Nou di Bondye mèsi pou bèl benediksyon sa nan Kris la!

### C. Bondye sove nou pou ke nou kapab vin apa epi san tach

- Bondye ki Sen an renmen abite nan mitan disip ki san peche. Sentete Bondye a pa kapab admèt lòt kalite bagay. Zanj li yo sen, sèvitè Bondye yo te epi yo toujou rete sen.
- Ekspresyon “san tach” la mansyone nan Efezyen 1:4, apati de delivrans lan, nou konprann ke Kris opere nan pechè a lè li wete peche a atravè san li (Women 3:12). Ebyen, se la menm ke gwo delivrans lan manifeste, pandan ke Kris la netwaye nou de tout peche atravè sakrifis li a. Se yon gwo mirak, paske deja, Jeremi te deklare: “Ou te mèt lave kò ou ak gwo savon, ou te mèt fwote kò ou ak potas, m'ap toujou wè kras malpwòpte ou yo sou ou. Se mwen menm Seyè a, Bondye a, ki di sa” (Jeremi 2:22).
- Sakrifis delivrans Kris te fè pou ke moun ki te delivre yo pa mwayen san li yo te kapab sen epi san tach la a epi kounye a sou tè a. Yon fason ke ekspresyon sa a ke tout moun konnen ki se: “Chak jou epi tout jounen an nou fè peche nan pawòl, panse ak zèv”, sa a se: Yon

ekspresyon k'ap chèche anile sakrifis Kris la sou bwa Kalvè a, epi fawouche lavi sentete ke Bondye vle pou nou tout kounye a.

4. Lavi sentete a se kalite oubyen fòm lavi ke Bondye vle pou tout ptit li yo (I Tesalonisyen 4:3<sup>a</sup>); epi se poutèt sa, li pat neglige peye pri a, atravè lavi Ptit ke li renmen an, Jezi Kris. Li fè tout pwovizyon an epi se yon bél benediksyon. Si nou pa viv yon lavi san peche, se pa paske li se yon bagay ki enposib; sèlman paske nou pa vle. Tout bagay yo la, tousenpleman nou dwe kwè, depoze lafwa nou nan Seyè a epi mande li pou ke li batize nou avèk batèm Sentespri a (Jan 1:33).

## Kesyon Opsyonèl

- Kijan ekspéryans delivrans lavi ou te ye?
- Kijan w pataje mesaj delivrans lan ak lòt moun yo?

## III. Chwazi davans epi adopte pa amou pou nou adore li (Efezyen 1:5-6)

Ekspresyon sa ke tout moun konnen sou non: "Nou tout se ptit Bondye a", se pa yon verite. Nou tout se kreyasyon Bondye, sa se verite (Jan 1:3). Men se pa nou tout ki ptit Bondye. Kondisyon pou vin ptit fi oubyen ptit gason Bondye se swiv chemen ke Bondye menm te trase pou nou jwenn lavi ki pap janm fini an: Lafwa nan Jezi Kris, Sovè mond lan (Jan 1:12).

### A. Chwa a se akoz de lanmou

1. Nan kontèks biblik general la, Bondye te chwazi tout moun pou y'al nan syèl. Men, chwa sa a, li kondisyonèl. Toudepann de si lèzòm vle remèt lavi yo bay Bondye epi aksepte SÈL CHEMEN AN ki se Jezi Kris (Jan 14:6).
2. Chwa Bondye a baze sou lanmou li (Jan 3:16). Si se pat poutèt lanmou Bondye a, Kris la pa t'ap janm vini sou latè. Si se pat poutèt lanmou an, sakrifis sou bwa Kalvè a pa t'ap janm fèt, ni rezireksyon an. Kidonk, si se pat poutèt lanmou Bondye a, mond sa pa t'ap genyen okenn esperans (2 Pyè 3:9).

### B. Nou te chwazi pou nou vin ptit Bondye

1. Pòl te sèvi avèk ekspresyon "adopte". Epi nou konprann ke sa ki adopte se yon moun ki pat fèt nan yon fanmi, ki soti nan lòt fanmi. Poutèt sa, fòk genyen yon pwose devan lajistis. Yon fwa ke tout kondisyon legal yo finacheve, jij la ap deklare ke tijan oubyen ti jaklin, apati de kounye a pou ale pou pi devan, se ptit adoptif mesye oubyen madan entèl entèl. Se konsa, pou ke nou te adopte kòm ptit Bondye, Kris te akonpli avèk tout kondisyon legal yo; ki fè ke sèlman li nesesè pou ke nou tout di: "Wi, Seyè". Mwen aksepte pou w adopte mwen kòm ptit fi oubyen ptit gason w". Lèzòm san Kris pa ptit Bondye. Nou menm ki rele ptit pou kounye a, se paske Bondye adopte nou akoz

de lanmou, atravè Kris la ki se Seyè nou an, lè nou repanti de mechanste nou yo ak tout kè nou.

2. Moun ki adopte kòm ptit Bondye a resevwa tout benefis ke Jezi Kris posede. Se pou rezon sa a, jan Pòl di I la, nou se eritye ak koeritye avèk Kris (Women 8:15-17). Premyeman, nou sove anba peche, anba kondannasyon ak lanmò ki pap janm fini an. Dezyèmman, Bondye adopte nou kòm ptit avèk tout dwa Ptit li a Jezi Kris. Twazyèmman, li ouvè pòt la pou nou genyen yon lavi ki diferan, kote ke nou se "...ras chwazi, moun ki apa..." (I Pyè 2:9).

Pliske lavi yon ptit Bondye totalman diferan ak lè li potko sa. Se yon nouvo kreyati, yon nouvo reyalite, yon nouvèl dimansyon, yon opòtinite ki tou nèf, san parèy. Se yon bél benediksyon. Èske w konsidere ke ou déjà nan dimansyon sila a?

## C. Ptit Bondye yo adore Kreyatè ak Sovè yo a

1. Jeneralman, prèske tout ptit renmen papa yo, menm jan tou pou papa yo; toudepann de yo, epi nan nenpòt sikostans, li pale byen de yo. Konsa, epi se pi plis, se relasyon yon ptit adoptif Bondye avèk Li, li menm ke pa mwayen gwo lanmou montre atravè moun ke li ye a, li pa kapab fè lòt bagay ke adore, louwe ak glorifye Papa li ki te adopte li kòm ptit pa li, atravè Jezi Kris.
2. Adore Bondye se plis pase sèlman chante plizyè kè chan, men se pa sèlman sa. Yon ptit Bondye adore avèk plizyè kantik, mo remèsiman, lapriyè ak ekspresyon ki manifeste nan bay; men sitou, adore nan fason ke n'ap viv. Fason ke nou kondwi tèt nou, se pi gwo temwayaj de lanmou ak senserite anvè Bondye. Nenpòt moun ki chante louwanj pou Bondye; men li pase tout lavi ap bay manti, fè adiltè, fè fònifikasyon, elatriye, li se yon chalatan; li pa yon vrè ptit Bondye. Men pito, li se yon fo, yon dasomann ke satan mete pou twouble ak sal bon temwayaj legliz Kris la, li menm ki se kò Li.
3. Tout ptit Bondye ki adore li ap resevwa benediksyon nan men Papa yo, li menm ki ba yo pwoteksyon, anpil afeksyon ak pwomès chak jou yo k'ap akonpli nan lavi yo pou yo kapab sèvi li pi byen. Genyen yon gwo benediksyon nan pèseverans nan prezans Bondye ki mache avèk ptit li yo atravè Sentespri Li (Egzòd 33:14).

## Kesyon Opsyonèl

- Ki avantaj moun ki resevwa adopsyon pa lagras kòm ptit fi oubyen ptit gason Bondye a?
- Daprè lesyon an, eksplike kisa chwa Bondye a ye.

## Konklizyon

Gran privilej lèzòm genyen se pliske li te chwazi pou benediksyon kounye a avèk sa ki gen pou vini an nan Kris la. Se poutèt sa, ptit ki beni yo beni Kreyatè a tou toutan, tou pandan y'ap sèvi li nan mond sa ak aprè, pou tout letènète.

# Vrè richès kretyen yo

Eduardo Velázquez (Ajantin)

## Pasaj biblik etid la: Efezyen 1:7-13

**Vèsè pou aprann:** “Konsa tou, nou menm, moun lòt nasyon yo, apre nou te fintande mesaj laverite a, ki vle di bon nouvèl k'ap fè nou konnen jan Bondye delivre nou an, nou te mete konfyans nou nan Kris la, n'ap viv ansanm nan Kris la tou. Bondye te make nou ak letanp li tou, li ban nou Sentespri li te pwòmèt la” Efezyen 1:13.

**Objektif lesyon an:** Se pou elèv la konnen tout avantaj ke nou resevwa yo lè ke nou fè pati pèp Bondye a, pa lagras ki soti nan Bondye, nan non Jezi Kris.

## Entwodiksyon

Delivrans lan se tèm santral la epi ki plis enpòtan nan tout Bib la. Osijè de doktrin sa a, n'ap wè kondisyon yon moun ki ale Iwen Bondye akoz dezobeyisans, li menm ki te atire lanmò nan tout dimansyon li yo; ak benediksyon yon Bondye lanmou epi ki gen mizèrikòd ki soti al chèche li pou fè li tounen moun li te ye avan lè li te fenk fèt la. Pou rezon sa a, delivrans lòm se tèm fondamantal mesaj ke n'ap pwoklame kòm legliz Jezi Kris, ki fè ke nou menm kretyen yo, nou dwe byen sèten de eleman ak pwosesis ki fè pati delivrans ke Bondye ofri ak limanite a.

Nan sesyon sa nan lèt moun laval Efèz yo ke nou pral etidyé la (Efezyen 1:7-13), apot Pòl te site kèk nan avantaj ke Jezi Kris ofri atravè sakrifis li a, lè li bay lavi li sou kwa a, kòm pri delivrans lòm.

## I. Nou genyen libète (Efezyen 1:7-8)

Tèm libète a baze li sou rezulta aksyon liberasyon ke Seyè nou an Jezi te reyalize a. Se poutèt sa, libète nou an se yon eksperyans ki reyèl, li te fè efò pou nou epi fè eksperyans pou nou atravè san li. Lè fini tou, mo libète a, menm jan avèk adopsyon, se yon tèm legal epi ki fè referans ak yon aspè ekstèn ki gen pou wè avèk Sali nou. Jezi te akonpli tout kondisyon ki nesesè yo pou delivrans nou an.

Genyen kèk etidyan Labib ki panse ke mo sa vle di pri ke Jezi te peye a; sa a se delivrans nou.

Konsèp sa a twouve li nan Levitik 25:47-52, epi li fè referans ak sa ki te dwe peye pou paran yon nonm ki te vann kòm esklav akoz de kèk dèt ke li pat kapab peye. Nan yon sans ki pi laj, li fè referans ak liberasyon pitit Izrayèl yo anba esklavaj nan peyi Lejip. Nonm nan jwenn liberasyon epi sove de yon sitiyasyon kote ke li pat gen kapasite pou l te libere pwòp tèt li, oubyen de yon dèt ke li pa t'ap jam ka peye poukонт li.

## A. Redanmsyon a mande pou san koule

Mo redanmsyon an endike rezulta yon aksyon liberatè Jezi Mo san li koule sou kwa a. Li fè referans non sèlman ak sa ke Jezi te fè a, men tou, kòm rezulta yo.

Nan syèk I, fè referans avèk san Jezi a te yon fòm enpòtan pou pale sou lanmò Li. Lanmò li soliye de bèl verite: Redanmsyon ak padon. Redanmsyon an se te pri ki te peye pou jwenn libète anba esklavaj (Levitik 25:47-54). Atravè lanmò li, Jezi te peye pri a pou libere nou anba esklavaj peche. Pri sa a se te san li. Nou pa dwe panse ke Jezi te dwe peye sa ak yon moun tankou Satan; men pito ke se sa li te koute li, pou l libere nou anba grif Satan.

Nan Nouvo Testaman, san an se yon senbòl biblik ki reprezante lanmò Jezi sou kwa a. Lide sa tou twouve li nan Levitik 17:11 kote nou li bagay sa yo: “Nanm tout bèt vivan se nan san an li ye. Se poutèt sa, mwen menm Seyè a, mwen mande pou yo vide tout san an sou lotèl la pou li ka wete peche pèp la. Nou bay san an pou nanm nou”.

Jezi te bay san li pou efase peche nou yo. Sa fè nou sonje sa Ebre 9:22b di: “Dapre lalwa, san an mete prèske tout bagay nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Si san pa koule, nanopwen padon pou peche yo (padon)”.

## B. Redanmsyon an mande padon

Padon an te konn bay garanti nan baz san vèse animal yo, nan epòk Ansyen Testaman yo daprè (Levitik 17:11). Kounye a, nou resevwa padon nan baz san Jezi a ki te vèse; Li te mouri pou nou epi li te vrè sakrifis ki bon nèt la. Sa vle di, nou tout kretyen yo nou jwenn redanmsyon atravè lanmò li sou kwa a. Redanmsyon an se sa ke nou posede atravè lanmò Kris la.

Nan Efezyen 1:7, nou jwenn yon inite nan lide redanmsyon ak ekspresyon ki se “padon pou peche nou yo”; men yo pa definisyon ki idantik. Dènye konsèp sa vle di remisyon pou peche nou yo nan sans pou nou di yo

orevwa. Transgresyon an la a, se tout aksyon peche nou yo tankou erè ak pil ofans yo, ansanm avèk tò li yo. Bagay sa yo padone; sa vle di, kraze konplètman pa mwayen aksyon redanmtè Kris la. Se konsa ke, nan yon sèl aksyon ki gen pou wè avèk bonte, Jezi te voye peche ak tò nou yo ale, epi li te sove nanm nou nan men dyab la. Konsa, nou wè aksyon paralèl ak imedyat padon ak redanmsyon an.

### C. Redanmsyon an mande gras

Gras la se yon favè ki volontè epi ki genyen lanmou ladan li ke Bondye bay moun ki sove yo. Nou pa kapab rive genyen li avèk pwòp fòs nou, nou pa merite li. Okenn efò relije pa kapab genyen li; men pito ke sèlman li vini pa mwayen mizèrikòd ak lanmou Bondye. San gras ki soti nan Bondye a, pa genyen okenn moun ki kapab sove tèt li. Pou ke nou kapab resevwa li, nou dwe rekonèt ke nou pa kapab sove tèt nou pou kont nou; epi se sèlman Bondye ki kapab fè li, epi se yon sèl chemen ki genyen. Epi tout favè sa vini sèlman atravè lafwa nan Kris la (Efezyen 2:8-9). Mwayen redanmsyon sa eksprime avèk fraz "selon richès gras li" (Efezyen 1:7). Sa vle di ke gras Bondye a anpil, laj epi ase, epi li menm ki pa depann de merit lèzòm. Li san mezi epi pa genyen moun ki merite sa.

Sa dwe San ou bay redanmsyon nou an valè epi jwi li; louwe, remèsi ak sèvi Bondye kòm repons lanmou ak gras li kòm demonstrasyon rekonesans ak remèsiman nou pou gwo delivrans lan.

### Kesyon Opsyonèl

- Kòman w eksperimente redanmsyon ke Kris la te ba ou a nan lavi w (lè w konprann redanmsyon kòm liberasyon)?

## II. Nou resevwa konesans espirityèl (Efezyen 1:8-10)

Gras Bondye sa a se sa "Li ban nou favè l' an kantite, li ban nou tout kalite konprann ak konesans" (v.8).

Pòl te eseeye eksplike avèk ki sans pwofonn ke Bondye te bay bon konprann ak konesans pratik ki nesesè pou yon lavi ki dwat ak yon konpòtman konfòm ak sa ke Li vle a. Nan sans sa a, ekspresyon "Li te bay an kantite" li te pale de yon kantite ki te anpil anpil. Konsekans gras sa ki soti nan Bondye opere nan lavi nou rezulta nan yon konpreyansyon ki fè nou genyen kapasite pou nou konprann volonte li; ak yon brèch nan lespri nou pou nou konnen kèk bagay ki nan plan li yo pou linivè sa. Men, Pòl te fè konprann ke sous sajès ak konesans sa pa soti nan lòm; men pito, nan Bondye.

Genyen yon gran diferans ki egziste ant sajès ak konesans. Pandan ke konesans lan se koze entèlekyèl, sa vle di, yon ansanm de devwa; sajès la se pridans, disèneman, konpreyansyon pratik. Konpreyansyon an se aplikasyon pridan de sa ke yon moun konnen. Li gen pou wè avèk kisa avèk pou kisa plan Bondye a.

Ekspresyon "Li fè nou konnen" (v.9) endike sa ke Bondye te revele nou; li te pèmèt nou konnen kontni yon bagay ki enpòtan anpil. Pòl te rekonèt bagay enpòtan sa ki se "mistè volonte li" (v.9). Mistè sa anglobe plan Sali a ki soti nan volonte Bondye ki te manifeste nan Kris la. Se pa yon sekrè kache epi nwa pou fè sèlman moun ki te kòmanse yo konnen, tankou nan reliyon sekrè yo epi nan ministè Mwayen Oryan ki te egziste nan epòk sa. Okontré, se verite ki soti nan Bondye a ki te revele nan Kris la jous kounye a epi ki genyen pou l gaye nan tout mond lan.

Pou Pòl, sa ki pi bèl la se paske Bondye fè nou konnen li. Pliske nan kòmansman an, mistè volonte Bondye a te yon sekrè, kache de konesans jeneral tout moun epi sèlman pwofèt avèk patriyach yo, epi malgre sa, se te nan yon fòm ki pat konplét. Kounye a, tout moun vin dekouvrir mistè sa atravè Jezi Kris. Kounye a, li pa yon sekrè ki kache ankò se yon aksyon, yon verite ki manifeste devan je tout moun epi gaye konplètman. Se eksplikasyon de tout sa ke Bondye pwopoze nan Kris la, epi ke moun pat kapab eksplike ni konprann jouskaske nan plan Bondye a tout bagay te vin manifeste pa mwayen revelasyon ki soti nan Bondye a.

Ala bèl sa bèl dèske nou menm kreyen yo nou rive konnen plan Bondye a konplètman pou limanite atravè Pawòl li, epi anplis de sa, nou resevwa sajès ak konesans espirityèl pou nou kapab viv yon lavi ki abondan epi ki fè Bondye plèzi! Nou dwe sonje ke Pwovèb yo fè konnen ke sajès la plis enpòtan pase tout richès nan mond sa a. An nou priye Seyè a pou ke li pèmèt nou grandi nan sajès pou afwonte nenpòt sikontans pèsonèl, familyal, sosyal, ministeryèl, elatriye., nan fason ke Kris ta afwonte li.

### Kesyon Opsyonèl

- Reflechi osijè de yon sitiyasyon pèsonèl ke w viv epi ki mande bon konprann pou rezoud li.
- Kòman w panse Jezi ta rezoud sitiyasyon sa?

## III. Nou genyen eritaj (Efezyen 1:11)

Nou te déjà etidye ke nan Kris la nou genyen yon redanmsyon ki gen anpil valè, epi nan Li menm revelasyon plan Bondye pou l te sove limanite a te revele. Atravè sakrifis Kris la, nou te resevwa benediksyon sa yo:

### A. Eritaj kòm pitit adoptif (v. 5)

Lide sa twouve li sèlman nan Nouvo Testaman, epi li vle di ke nou te chwazi kòm eritye oubyen pòsyon li, epi ki soti nan konsèp ki prezante nan Ansyen Testaman an (Detewonòm 9:29, 32:9-10; Sòm 16:6) ki gen pou wè avèk branch fanmi Izrayèl yo ke Bondye te chwazi pou pèp li.

Kòm pitit adoptif, nou eritye tout sa ke Papa a te dispoze. Se yon relasyon ki beni nan tout sans epi li te posib pa mwayen Kris la. Plan an avèk aksyon an yo soti nan Bondye.

## B. Eritaj, paske nou te chwazi davans (v. 11)

Eritaj la (pòsyon) te defini epi detèmine depi davans; epi nou te chwazi kòm vèso li yo. Limit avèk kondisyon yo te detèmine davans nan syèl la, depi avan kreyasyon mond lan. Moun sa yo ki reponn ak sa ki te detèmine davans lan, se yo menm ki gen pou jwi eritaj sa, epi yo se pòsyon ke Bondye déjà chwazi; menm si yon kote, se jouskaske plan Bondye a fin reyalize nèt, lè Kris va vini nèt pou akonpli objektif ki te déjà fikse a. Ekspresyon "nan Li" a, ke vèsè 11 lan te kòmanse a, eksplike konteni vèsè ki an kesyon an. Se pa paske Bondye te chwazi yon pòsyon moun ki pou sove; men pito se Kris ki te moun chwazi a, epi nou menm ki resevwa li kòm Sovè nou, nou obeyi ak sèvi li, epi nou se eli oubyen chwazi pa Bondye nan Li.

Pòl te mete fas ak reyalite yon eritaj ke nou pa imajine nou kòman sa va ye lè li va manifeste konplètman; men tou, li ankouraje nou pou nou goute ak jwi avantaj k'ap vini yo depi kounye a k'ap genyen ladan li prezans Lespri Bondye a nan nou kòm eritaj Papa ki nan syèl la.

Finalman, kòm pèp Bondye, nou dwe anone bon nouvèl sa bay tout moun. Legliz la te gen kòm misyon anone mesaj redanmsyon an ki se pa lagras, epi ki genyen ladan li tout moun ke Bondye renmen yo nan tout totalite li.

## C. Nou sele avèk Lespri Sen an (v. 13)

Apot Pòl fè konnen ke, pliske nou sove paske nou mete konfyans nou nan Kris la, kretyen yo resevwa Sentespri a. Sa a se daprè sa ke Kris la te pwomèt la. Ann sonje sa ke Li te di apot yo: "Mwen menm, ma pral voye ban nou sa Papa m' te pwomèt la. Nou menm, rete lavil Jerizalèm jouk pouffa k'ap soti anwo nan syèl la va desann sou nou" (Lik 24:49a). Pwomès sa te repete ankò nan Travay 1:8, lè Kris te di konsa: "Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n'a resevwa yon pouffa. Lè sa a, n'a sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè"; epi sa te rive akonpli nan jou Lapannkòt la (Travay 2).

Pòl te rekonèt ke kwayan yo ki te resevwa lèt sa a, yo te demontre ke yo te genyen prezans Sentespri a nan lavi yo daprè pwomès Kris la. Bondye akonpli pwomès li yo. Pwomès Sentespri a enprime nan Kris la imaj Li nan moun ke li kwè a, pou make li, idantifye li kòm moun pa li, mete li apa de mond lan epi separe li pou syèl la. Vin sele avèk Sentespri a se deklare kòm yon moun ki pou Bondye. Avèk rezon, Pòl te di konsa: "Pou nou menm, nou p'ap viv dapre egzijans kò nou ankò, men dapre egzijans Lespri Bondye a, paske Lespri Bondye a nan nou. Si yon moun pa gen Lespri Kris la nan li, li pa pou Kris la" (Women 8:9). So ki itilize nan tan Pòl la te siyifi yon mak idantite ak otantisite yon pwopriyete. Se te koutim yon wa oubyen yon moun ki gen otorite ki mete etanp li sou dokiman avèk atik ki genyen anpil enpòtans.

Nan sèk legal ak diplomatik yo jounen di a, so ofisyèl la itilize nan menm fason an. Nan yon sans idantik, panse avèk sele avèk Lespri Sen an vle di ke nou te idantifye ak sètifye kòm zafè Bondye pa lafwa nan Kris la. Prezans Lespri Bondye a nan kwayan yo se garanti aksyon sa. Li reprezante yon depo davans de tout sa ki gen pou akonpli nan nou pa lagras de Dye. Vin sele avèk Sentespri Bondye a se kòmansman bon zèv sa nan lavi nou ki, malgre li se travay Bondye, li dwe vin bon nèt nan Jezi Kris nan tan li (Women 8:23). Lide sa vin elaji avèk pawòl sa yo: "Sentespri sa a, se yon avalwa Bondye ban nou sou eritaj li te pwòmèt li t'ap bay pèp li a. Sa ban nou garanti Bondye gen pou fin delivre moun pa l' yo nèt. Se sak fè, nou menm tou, moun lòt nasyon yo, n'ap sèvi yon Iwanj pou pouffa Bondye a tou" (Efezyen 1:14). Mo "avalwa", ki se yon tèm legal ak kòmèsyal ki reprezante yon depo oubyen kòmansman pèyman, se tankou yon ti lajan annatandan "sou eritaj nou an pou redanmsyon ke nou jwenn nan" (Efezyen 1:14). Lizay mo "nou an" li sèvi ni pou jwif yo tankou moun lòt nasyon yo tou; ki donk, nou tout nou vin fè yon sèl nan Kris la atravè yon lafwa ki komen epi ki la pou delivre nou.

Plan Bondye a se te toujou pou pèmèt ke nou tout jwi lavi ki pap janm fini an. Konpare vèsè 11 lan: "Nou resevwa eritaj la nan Li tou"; avèk vèsè 13: "Nan li menm tou, nou..." Byen klè, nou obsève ke nan tou de vèsè yo nou jwenn eritaj Bondye a. Eritaj se yon konsèp ki fè nou sonje tè pwomès pèp Izrayèl la, ki reprezante sa ke Bondye genyen ki prepare pou bay moun ki kwè nan Li yo.

Ala yon gwo sekirite beni ke Pawòl Bondye a ban nou, lè nou resevwa garanti ke nou genyen lavi ki pap janm fini an! Sekirite sa dwe fè nou gen fòs ke nou bezwen nan moman nwa ak difisil yo nan lavi a.

Se sa ki dwe fè esperans ke nou nan men Bondye a fleri; epi se Li menm k'ap gide chemen nou.

## Kesyon Opsyonèl

- Site twa benediksyon ki ta fè pati de eritaj nou an kòm pitit Bondye, ke ou déjà ap eksperimente nan lavi sa. Defann yo avèk plizyè vèsè biblik.
- Kòman ou menm ou konprann ekspresyon sa a: "nou te sele avèk Sentespri pwomès la"?

## Konklizon

Menm si li difisil pou nou mezire dimansyon ak pwofondè Sali ke Bondye te fè nou kado nan Kris la, nou dwe di mèsi pou tout sa ke Seyè a te fè pou delivre nou anba esklavaj kote peche te kenbe nou an. Yon lòt kote, nou dwe jwi delivrans sa ki ban nou libète, non sèlman anba sa ki te mete nou esklav la; men tou, sa ki te ofri nou libète pou fè byen epi renmen lòt yo avèk menm lanmou ke Bondye te renmen nou an, renmen epi ap toujou renmen.



# Grandi nan konesans Bondye a

Marco Rocha (Ajantin)

## Pasaj biblik etid la: Efezyen 1:17-23

**Vèsè pou aprann:** "Bondye Jezikri, Seyè nou an, fè nou konnen an, se yon papa ki gen anpil pouvwa. Mwen mande l' pou li ban nou Sentespri l' ki bay bon konprann ki moutre nou sa Bondye ap devwale nou an pou nou ka rive konnen l' byen." Efezyen 1:17

**Objektif leson an:** Se pou elèv la grandi nan konesans Bondye a.

## Entwodiksyon

Youn nan rezon ki fè ke apot Pòl te ekri lèt sa a se pou l te kapab eksplike objektif etènèl Bondye yo, sa ki te yon pwen fò. Epi sa a, se pat pou kwayan nan lavil Efèz yo sèlman; men se pou tout kominote kreyèn nan epòk li a, déjà yo te fenk ap kòmanse ak fòmasyon lavi kreyèn yo. Sa vle di ke yo te fenk ap mete fondasyon pou lavi kreyèn yo.

Jounen jodi a, defi ke nou menm kreyen yo n'ap fè fas yo mande fondman esperans nou sou baz ki solid ki pou ede nou genyen plis fòs nan lafwa nou tou, pou ke li kapab grandi chak jou pi plis.

Lè apot Pòl te tande pale de legliz Efèz, li te kontan pou l priye. Lapriyè ki pat gen anyen pou wè avèk fè yon lis pou mande bagay materyèl pou kreyen lavil Efèz yo, li te santre li nan mande bagay ke li konnen ki t'ap endispansab pou ke kreyen lavil Efèz yo pat devye yo de plan Bondye a pou lavi yo, epi mande seyè a pou te ba yo kapasite pou konnen li pi plis toujou nan yon fason ki pwofon.

Lapriyè li a se te san enterè, epi anplis de sa, li te santre li sou bagay ki te vrèman enpòtan, sa ki etènèl ki pou konstwi lafwa nan rasin epi mande pwisans pou kwayan an viv levanjil la nan tout dimansyon li.

Sikonstan ak konfli yo nan lavi, anpil fwa tante fè nou dewoute de plan Bondye. Apati de la a, nou jwenn enpòtans pasaj Efezyen 1:17-23 kote nou jwenn defi pou nou grandi nan konesans Bondye a. Pou sa kapab rive fèt, nou dwe konnen premyèman kisa apèl nou an gen ladan li, pwisans ak legliz la.

## I.Yon apèl san parèy (Efezyen 1:17-19)

Nan vèsè sa a yo, Pòl te kòmanse dekri motif priyè li yo nan favè kreyen yo, pandan ke li t'ap revele Bondye kòm Bondye Seyè nou an Jezi Kris ak Papa laglwa premyeman. Apot Pòl te rekonèt ke se Jezi

Kris ki te montre chemen pou rive jwenn Papa a, li menm ki te glorifye li, epi ki te bay limanite privilèj pou li te kapab rekonsilye avèk Li epi jwi yon lavi ki ranpli avèk lafwa ak esperans nan Sovè li a. Apati de la a, nou jwenn enpòtans pou nou jwenn yon espri de sajès ak revelasyon. Nan pasaj sa a, nou dwe konprann "lespri de sajès ak revelasyon" (v.17) kòm kapasite pou dekouvri sa ke yo te revele nou, pandan n'ap konprann direksyon ak siyifikasyon sa Bondye fè nou konnen an. Anpil moun konnen anpil bagay sou Bondye, epi yo menm di yo kwè nan Li; men, aksyon ke y'ap komèt demanti deklarasyon sa. Yo konnen ke li egziste epi admèt ke li reyèl; men yo pa konnen li, paske yo pa eksperimante li nan lavi yo. Tousenpleman paske konesans yo a se bagay teyorik ak akademik.

Pou disip Kris yo, konnen Bondye siyifi konnen li kòm sous lavi ak verite a; eksperimante revelasyon li nan Kris la; epi sètifye ke l'ap klere lespri nou avèk pouvwa Sentespri a, pandan ke l'ap ban nou yon enstriksyon pwofon sou sa ki etènèl. Nan fason jwif yo pale, mande espri de sajès ak revelasyon, se te menm bagay la. Se poutèt sa, Pòl te priye, se pat pou yo te resevwa enfòmasyon espesyal; men, pou ke moun ki te deja resewva Sentespri yo, te kapab aprann disène epi konnen Bondye ki revele nan Kris la pi byen. Kado ke Sentespri a bay yo kòm sajès, limyè ak revelasyon se te menm don ke jwif yo te kapab rete tann.

Nan tan ke n'ap viv la, genyen plizyè kalite kouran teyolojig diferan ki mete enterè nan espri sajès ak revelasyon an kòm bagay ki espesyal. Men se pa nan sans ke n'ap devlope nan leson sa; men pito se prezante li tankou yon kado ki pèmèt kèk moun resevwa kèk verite tou nèf, e menm andeyò de Bib la, bagay ki menm fè anpi lidè ak kongregasyon yo tonbe nan erè.

Limyè ki klere zye konpreyansyon nou an se aksyon Lespri Sen an ki, nan yon mannyè sinatirèl, pèmèt nou konprann reyalite a depi yon pèspektiv moral

ak espirityèl, epi non sèlman depi yon pèspektiv entèlektyèl.

Limyè sa kounye a pèmèt nou wè benefis pou nou grandi nan konesans Bondye a pi klè, yo menm ki se: 1. Mwen mande l' pou l' louvri lespri nou, 2. pou nou ka konnen kisa n'ap tann nan men Bondye ki rele nou an, ki vle di eritaj Bondye pwòmèt l'ap bay moun ki pou li yo, 3. yon eritaj ki rich anpil, ki bél anpil. Menm si Pòl te fè efò, paske teyoloji li a te kapab manifeste rasyonèlman; men tou, li te konnen ke sa a se t'ap yon ofans san travay sentespri a ki transfòme volante ak lavi kwayan an. Se pou rezon sa a, li te priye pou ke kretyen ki te nan lavil Efèz yo te kapab konprann ke Bondye te vle fè de yo yon eritaj. Menm jan ke Izrayèl prezante nan Ansyen Testaman kòm eritaj Bondye a; apot Pòl te itilize tèm "eritaj" pou li fè referans ak legliz ki glorifye a.

Esperans apèl Bondye a pèmèt nou fè fas ak doulè yo nan lavi; richès glwa li yo fè ke nou kapab rejwi menm nan sikontans ki pi difisil yo; epi depase dekorajman se yon reyalite lè nou sonje pouvwa Bondye ki te manifeste nan rezireksyon Kris la, Seyè ak Sovè nou an.

Moun lavil Efèz yo ki t'ap viv nan yon kontèks reliye kote ke majisyen yo te okipe yon plas ki espesyal, li posib pou ke yo ta konsidere pouvwa zidòl payen Dyàn kòm otorite epi diy pou moun te genyen krentif pou li; men, nan pawòl Pòl yo, li te san valé devan grande san parèy ak san mezi Bondye a ak apèl li pou viv nan esperans lavi pandan n'ap gade bagay ki pap janm fini an.

Non kontèks ke n ap viv la, genyen anpil zidòl ke moun pè tou ki, atravè kèk sitiyasyon ak sikontans, yo tante kwayan an pou ke li kapab kwè ke sa a yo se sitiyasyon ki pi gwo pase grande Bondye ak apèl li a. Se rezon ki fè ke li enpòtan pou nou genyen konesans sou Bondye epi konprann grande ak apèl li a, sa k'ap pèmèt kwayan an viv fòtifye pou fè fas ak tantasyon ak sikontans difisil yo nan lavi a, menm sa ki pi difisil yo avèk sa yo ki sanble gwo miray ki enposib pou moun travèse yo.

Limanite san Kris pa genyen yon direksyon ki defini; genyen anpil ladan yo ki pa menm konnen rezon ki fè yo egziste; epi genyen anpil lòt ki tonbe nan kriz lè y'ap pwoche tou prè jou lanmò yo. Yo kite satan twonpe yo epi plezi mond lan, yo wè pou lavi yo san yon objektif; sèlman pou yon ankourajman pou ke yo kontinye egziste. Genyen anpil lò, fas avèk doulè sikontans difisil ki frape pòt yo nan lavi sa a, yo chèche solisyon majik oubyen echap ki pa menm dirab ki pou ede yo evite sansasyon izòlman ak chagren an. Nan kontèks sa a, menm jan avèk epòk ke kretyen lavil Efèz yo t'ap viv la, pasaj sa fè nou sonje ke nou dwe toujou ap panse avèk moun ki te rele nou an, kilès moun ke nou ye epi ki kote nou prale. Se rezon sa ki fè ke apèl sa li san parèy

ak espesyal, li kache pou konprann yon pati moun ki nan mond lan; men li reyèl epi pwisan pou kretyen yo.

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa sa vle di, konprann Bondye nan yon mannyè ki pi pwofon?
- Nan ki sitiyasyon nan lavi espesyalman se yon ijans pou nou sonje grande Bondye ak apèl li? Pou kisa?

## II. Yon pwisans ki pa kapab konpare (Efezyen 1:20-21)

Nan vèsè sa yo, Pòl te fè wè kòman pwisans Bondye pou kretyen yo se atravè Kris la. Tèm prensipal pati sa nan pasaj la se manifestasyon Bondye nan Kris atravè rezireksyon ak egzaltasyon.

Pou sa ki gen pou wè avèk rezireksyon li an, si nou rekonèt vre ke lanmò Jezi a se prensipal demonstrasyon lanmou Bondye, nou konnen ke rezireksyon an se prensipal demonstrasyon de pouvwa li tou. Nan Efezyen 3:20, Pòl te bay plis detay sou konsèp sa, lè ke li te di ke pouvwa ki te leve Jezi nan lanmò a se li menm k'ap travay andedan nou. Se la nou jwenn enpòtans rezireksyon an pou konesans sou Bondye ak pouvwa li.

Sou egzaltasyon li, pasaj la demonstre kòman pouvwa Bondye te manifeste tou lè li te rele Kris la soti nan tonbo a epi al chita sou bò dwat li. Nan Oryan, premye minis la oubyen ofisyèl prensipal wa a, se sou bò dwat li I chita, sa ki senbolize lonè; men tou, delegasyon pouvwa. Konsa, Kris te resevwa tout pouvwa ak otorite pou li gouvène tout kote ak tout bagay.

Deklarasyon ki afime ke Jezi te leve soti vivan nan lanmò epi chita sou bò dwat Bondye a se te yon tradisyon nan legliz primitiv, kòm yon parafras de Sòm 110:1 kote ke nou li: "Chita la sou bò dwat mwen, jou tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou". Gouvènman inivèsèl la avèk plas lonè yo kote ki anwo nan syèl yo, ki se kote Bondye ap opere a, se Jezi ki te resevwa yo, li menm ki te etabli kote ke pa genyen okenn pouvwa ki kapab konpare avèk pa I la, paske l'ap gouvène sou tout bagay. Ni pou epòk Pòl t ap viv la, ni kounye a, nou dwe konprann atravè pasaj sa a ke pa genyen pouvwa ki kapab konpare ak pa Jezi Kris la.

Ebyen, pafouye konesans nou sou Bondye genyen ladan li konprann ke pouvwa Bondye a ki resiste Kris la travay nan nou epi li ban nou kapasite pou nou viv konfòm avèk reyalite sa. Lè nou fè eksperyans ak pouvwa sa nan lavi nou; donk li posib pou ke nou viv levanjil la konplètman. Pouvwa sa pouse nou preche; pou nou genyen konpasyon pou moun k'ap peri ak sa k'ap soufri yo; li ankouraje nou chèche Seyè a avèk tout kè nou, obeyi ak renmen li avèk tout nou menm. Lè nou aprann fè eksperyans ak pouvwa enkonparab

sa nan lavi nou, nou ranpli nou avèk lafwa ak esperans nan Sovè nou an; epi menm si sikontans yo fè nou twouble, nou pap dekoraje.

Chak jou, nou menm kretyen yo nou toujou ap pran desizyon pou nou viv konfòm ak pouvwa Bondye ki manifeste nan rezireksyon ak egzaltasyon Jezi a, oubyen bay plas ak bagay sa yo ki fè lafwa nou febli epi ki pa edifye nou.

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa ki demonstre ke pouvwa Bondye a ap travay andedan nou?
- Ki aksyon pratik ke nou kapab reyalize pou nou viv konfòm ak pouvwa Bondye?

## III. Yon legliz k'ap triyonfe (Efezyen 1:22-23)

Menm jan ke Sòm 110:1 se yon envitasyon ke Bondye fè Seyè a pou vin chita sou bò dwat li jouskaske li fè lènmi li yo tounen yon ti ban kote li lonje pye I yo; nan Efezyen 1:22-23, Pòl te afime ke Bondye te soumett tout bagay anba pye Jezi. Sòm 8:6 prezante Adan kòm kouwòn kreyasyon an, avèk dominasyon sou kreyati yo, lè li deklare bagay sa yo: "Ou fè yo yon ti kras pi piti pase ou, Bondye. Tankou yon kouwòn sou tèt yo, ou ba yo pouvwa ak respè. Ou mete yo pou yo donminen sou tou sa ou fè, ou mete tout bagay anba pye". E poutan, kounye a, Jezi Kris, se dezyèm Adan, li te kraze pouvwa peche a, epi avèk zèv delivrans li an, li viv Chèf nouvo kreyasyon an. Pou nou konprann pouvwa Bondye k'ap opere nan legliz la pi byen, apot Pòl te itilize de imaj, pa kò a avèk pa abondans lan.

Nan panse Pòl, lè n'ap fè referans avèk Lèt I Korentyen, legliz la prezante kòm yon kò ki pou Jezi epi li fè yon sèl nan Li. Se la ke Kris la domine sou legliz la nan tout bagay yo.

Kris se tèt la, nan sans pou vin baz egzistans legliz la menm, sous lavi li ak gouvènè li (Efezyen 5:24). E tou, legliz la se objè lanmò an sakrifis Kris la. Epi se menm jan ke Papa a te bay Pitit li a pou mond lan (Jan 3:16); Kris la te bay pwòp tèt li pou legliz la (Efezyen 5:25-26), (Taylor, Richard S. Diksyonè Teyolojik Beacon. EIA: KPN, 1984, p. 347).

Lè nou di ke legliz la vin kò Kris la, sa pa fè referans ak yon sosyete sèlman; men pito ak tout kominote sove ke Kris se tèt li a. Se pa yon kò ki gen plizyè kretyen; men pito, kò Kris la.

Kòm Kris la, li dwe pran an chaj aspè ki aktif la oubyen evanjelizasyon legliz la. Sou senbòl sa a, nou mete anpil aksan sou tèt ansanm nan, kwasans ak tout kalite ministè yo ki nan legliz la. Inite legliz la se inite Lespri a (Wiley, Orton. Entwodiksyon nan Teyoloji. EIA: KPN, s.f., p.409).

Konsèp sa dwe ede nou fè diferans nan angajman kretyen nou, kòm yon pati nan kominote lafwa kote n'ap sèvi a; konprann ke nou se kò Kris la, non sèlman lè nou rasanble nan kèk sèvis adorasyon, men tou nan tout ti detay nan lavi nou: Nan fwaye a, nan relasyon avèk fanmi nou yo ak vvazen nou yo, elatriye. Menm si anpil fwa bagay yo pa pase jan ke n'ap tann yo a, menm konsa, nou toujou se kò Kris la, legliz k'ap triyonfe a ki, obeyisan anvè moun k'ap dirije I la, preche avèk pwisans atravè temwayaj ak sèvis.

Pasaj biblik etid la fè konklizyon avèk bèl ekspresyon sa a: "...abondans Moun sa a ki ranpli tout bagay nan tout bagay" (v.23). Konsèp pou ranpli a genyen ladan li devwa pou mennen tout bagay yo vin fè yon sèl ak tèt ansanm nan Kris la, ki se Tèt la. Pòl te priye pou ke nou menm kretyen yo pou nou te kapab konprann ke pouvwa k'ap opere nan legliz la pwodwi tou yon nouvo inivè tèt ansanm ak inite anba dominasyon Kris la. Konsa, inite ant Kris la vèk legliz la se yon entwodiksyon avan final la.

Kòm legliz, nou genyen yon sèl opòtinite pou nou viv epi vin legliz nan tout sa ke n'ap fè, triyonfe avèk Kris la kòm chèf. Kòm nan avan gou de sa ki pral vini, jodi a, kominote kretyèn nan kapab eksperimente lanmou, padon ak mizèrikòd. Epi sa se pa ant kretyen yo sèlman; men tou nan sosyete kote ke l'ap viv la, klere menm kote ki pi fè nwa yo, kote peche nwasi volonte yo. Kretyen yo k'ap viv avèk anpil sitiyasyon difisil chak jou yo, kapab klere avèk lafwa ak bon zèv yo, lè y'ap pèmèt ke mond lan konnen Kris atravè yo menm. Lè Jezi t'ap mache nan ti vale ak bouk yo, moun yo te sezi anpil akoz de gwou pouvwa li. Jodi a tou, legliz li a dwe mache ap triyonfe avèk levanjil ki transfòme lavi a, nan pouvwa ki te resiste Kris la.

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa sa siyifi ke legliz la se kò Kris la?
- Site yon seri de aksyon ke li reyalize, oubyen kapab reyalize, kòm manm yon legliz k'ap triyonfe nan sosyete sa.

## Konklizyon

Jodi a nou kapab grandi nan konesans Bondye a!

Pou tèt sa, premyeman, nou dwe toujou panse ak moun ki te rele nou an; konprann ak eksperimente apèl la; epi konnen kilès moun ke nou ye epi ki kote ke nou prale. Dezyèmman, nou dwe konnen ke menm pouvwa ki te leve Kris la nan tonbo a, se li menm k'ap opere andedan nou. Epi twazyèmman, konsyan ke, kòm kò Kris la, nou klere mond sa nenpòt ki kote n'ale atravè temwayaj ak sèvis nou.



# Sove pou temwaye avèk aksyon yo

Macario Balcázar (Perou)

## Pasaj biblik etid la: Efezyen 2:1-10

**Vèsè pou aprann:** “Se Bondye ki fè nou. Nan Jezikri li kreye nou pou nou ka fè anpil bon zèv nan lavi nou, dapsa li te pare davans pou nou te fè.” Efezyen 2:10

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la fè yon kontwòl pwofon sou chemen delivrans ke li te resevwa nan Kris la, epi pèsevere ladan li, pandan l'ap fè bon zèv.

## Entwodiksyon

“Sali a se pa yon plan dènye lè; se manifestasyon lanmou Bondye a pou nou ki te la depi nan fondasyon mond lan” (Cleverdon, Federico T. Ansiklopedi sit moral ak relije, p. 391).

Se sèlman yon kè ki eksperimente lanmou Bondye ki kapab apresye manifestasyon gwo lanmoun Bondye a nan tout entegralite li (Efezyen 2:4) pou sove nou anba kondannasyon tèrib ak etènèl la. Ann gade bèl pasaj Efezyen 2:1-10 sa avèk je entèlijan ak kè ki rekonesan.

### I. Delivrans yon lavi ki ranpli avèk peche (Efezyen 2:1-3)

Lè yon moun jwenn sovtaj de yon kouran tanpèt pa mwayen yon lòt moun ki renmen li, li enposib pou ke moun ki sove a pa louwe afeksyon sovè li epi toujou sonje sa. Pou nou menm ki te resevwa delivrans nan kondisyon lanmò ak kondannasyon peche a, li enposib pou nou pa genyen pawòl louwanj, lanmou, epi sitou, remèsiman pou moun ki retire nou nan kondisyon sa: Bondye! Toujou demontre li ke gras a Li pou gran lanmou ke li genyen pou nou, li te sove nou anba lanmò espirityèl ak etènèl.

#### A. Nou te mouri poutèt mechanste ak peche nou yo (v. 1)

Apot Pòl te fè kretyen lavil Efèz yo sonje lavi yo nan Kris la, a pati de moman sa a, se te gwo rezulta enpòtan an; pliske depi ke yo te nan Kris la (menm jan avèk tout moun sa yo ki san Kris jodi a), yo te mouri espirityèlman.

Nan panse biblik, lanmò vle di separasyon; epi genyen twa kalite lanmò ki egziste:

Lanmò fizik, separasyon avèk sa ki materyèl ak espirityèl (nanm) moun nan; epi nou tout genyen pou nou pase pa li menm. Genyen lanmò espirityèl la tou ki se separasyon moun nan avèk Bondye, dèske li pa atache avèk Li. Nan lanmò sa a, nou jwenn tout moun ki san Kris yo; kote ke moun nan kapab soti.

Epi finalman, genyen lanmò etènèl, ki se separasyon ak Bondye pou toutan pou tout letènité. Se kondisyon moun sa yo ki rejte delivrans ke Kris la ap ofri a; kote ke li pap janm kapab soti ankò.

Viv san Kris, se viv nan mechanste (transgresyon lalwa Bondye a) ak peche ki fèt kont volonte Seyè a. Sa vle di, viv san Kris se tonbe anba gwo pwoblèm avèk Bondye ak pwochen an.

#### B. Nou t'ap viv konfòm avèk move lespri k'ap viv nan lè a (v. 2)

Nan mond espirityèl la, genyen de wayòm sèlman: Wayòm Bondye a avèk wayòm Satan. Se sa ki lakòz, swa nou nan wayòm Bondye a oubyen wayòm Satan. Moun ki panse ke yo libere nan tout sans yo; paske yo anba dominasyon yon pastè, yon legliz oubyen yon denominasyon, oubyen menm Bondye, yo sèlman ap demontre ke yo obeyisan ak move lespri ki abite nan lè a, nan fè nwa yo. Epi se sèten ke yo se esklav li (Satan).

#### C. Nou t'ap swiv move kouran ki nan lemonn, nou t'ap fè volonte chèf otorite yo ki nan lè a, move lespri k'ap travay koulye a nan moun k'ap dezobeyi Bondye (v. 3)

Soti nan vèsè I pou rive nan vèsè 3, tout vèb ki fè referans ak kondisyon moun Efèz yo konjige nan tan pase: “nou te, nou t'ap mache, nou te konn viv”, elatriye.; sa ki vle di ke nan moman sa ke apot Pol t'ap ekri lèt la, yo te gentan ap viv nan yon lòt kondisyon. Men toutotan ke yo t'ap viv anba dominasyon chèf otorite ki nan lè a, te genyen kat kondisyon ki te karakterize yo:

1. Yo t'ap viv selon move dezi lachè a; sa a se akoz de pasyon ki t'ap gouvène volonte yo.
2. Yo viv nan volonte lachè, nan plizyè lòt mo, yo pat genyen kapasite pou ke yo te soumet yo anba volonte Bondye.

3. Yo te konn fè volonte sa ki te nan panse yo, epi panse yo te toujou ap riminen sa ki mal, bagay ki kontré avèk volonte Bondye.
4. Yo te yon bann ptit kòlè, menm jan avèk lòt yo. Efèz te twouve li nan zòn oksidental Sid nan Lazi Minè, epi te genyen anpil vil nan sektè sa.

Pòl t'ap di yo ke kondisyon peche yo a, avan ke yo te konnen Kris la, se te menm bagay la pou tout abitan ki abite nan vil payen sa a yo, lè yo te lage kò yo nan idolatri ak maji (Travay 19:18-19).

### **Kesyon Opsyonèl**

- Eksplike kisa sa vle di ekspresyon “mouri nan mechanste ak peche”.
- Ak ki kalite lanmò ekspresyon ki mansyone a fè referans anlè a?

## **II. Lavi ki pap janm fini an ki soti nan syèl akoz de lanmou Bondye (Efezyen 2:4-7)**

Menm si genyen anpil moun ki nye li, lèzòm genyen yon dezi ki espesyal pou ale nan syèl la; se pandan, y'ap eseye rabese lide sa akoz de lògèy oubyen akoz de inyorans, Bondye te deja fè plan pou l satisfè dezi sa atravè Ptit li a Jezi Kris. Epi opòtinite a se pou tout moun.

### **A. Yon Bondye ki rich ak mizèrikòd (v. 4)**

Lanmou Bondye pa gen okenn mezi. Lèzòm, ak anpil efò, yo mezire ekspansyon nan linivè a; men malgre tout jan ke yo eseye, yo pap ka mezire lanmou Bondye. Atravè lanmou sa a, li montre misèriòd li anvè tout moun, san okenn patipri (Jan 3:16). Chak jou ki pase nan mond sa, lè nou tandé nouvèl yo, nou tandé yo pale de anpil krim kont ti bebe, manman, papa, elatriye. Genyen anpil ladan yo ki vrèman kriyèl, bestyal, krim ke moun pa kapab padone; men lanmou Bondye a atenn tout ansasen, kadejakè, vòlè, eksplwatè, sa yo, menm si moun pa konprann. Se la nou jwenn richès lanmou Bondye a.

### **B. Li ban nou lavi epi li te fè nou leve byen vivan nan lanmò (vv. 5-6)**

Yo repete deklarasyon ki te fèt nan vèsè I. Bondye te ban nou lavi malgre nou te mouri nan peche. Li ban nou lavi sa atravè Jezi Kris; epi menm jan ke Kris te leve vivan nan lanmò a, nou menm tou ki mete konfyans nou nan Li, nou te leve vivan nan lanmò espirityèl. Sa a se bèl bagay! Kreyen an jwi yon relasyon ki espesyal avèk Bondye, li viv nan prezans li, li konnen ke Kris la se zanmi fidèl li, epi Sentespri a la pou gide li chak jou nan tout bagay. Se poutèt sa, yon ptit Bondye toujou diferan, epi kounye a, li pa pou mond sa, menm si li nan mond sa (Jan 17:14-16). Moun k'ap viv nan prezans Bondye yo, chita “nan bèl plas ki anwo nan syèl yo ansanm avèk Kris”, li pa genyen okenn rezon pou ke li dekouraje, ni pou li pèdi espwa. Nan kreyen an, pa genyen plas pou bagay sa yo.

### **C. Pou li montre richès gras li a nan tan ki gen pou vini yo (v. 7)**

Genyen yon jou ki pral rive kote ke tout bagay ke moun pa wè yo gen pou parèt byen klè devan je tout moun. Bondye genyen anpil bagay pou ke li montre. Moun k'ap viv nan tan kounye a yo prèske pa wè jan lanmou Bondye a manifeste; men, sa déjà ekri nan liv la ke nan syèk ki gen pou vini yo, n'ap konprann kòman lè tan yo ap fini, Bondye pral manifeste “anpil richès ki va soti nan gras li”. Vèsè 5 ak 7 yo pale nou de gras Bondye, vèsè 5 la di nou ke se pa lagras ke nou resevwa lavi ki pap janm fini an. Sa vle di ke nou pa merite lavi ki pap janm fini an; men, tout sa yo se atravè lanmou Bondye a, li fè gras li manifeste gratis pou ban nou lavi ki pap janm fini an.

Bonte Bondye a pou nou nan Jezi Kris la va manifeste lè Seyè a deside fè sa; men pou kounye a, nou dwe rekonesan pou bonte sa epi montre remèsiman nou lè nou obeyisan epi onèt anvè Sovè nou an.

### **Kesyon Opsyonèl**

- Bay yon egzanp sou aksyon mizèrikòd moun, ak yon lòt mizèrikòd ki soti nan Bondye.
- Kisa w vle pou Bondye montre nan lavni?

## **III. Lavi ki pap janm fini an se pa lafwa, men se pou fè bon zèv (Efezyen 2:8-10)**

Relijyon ki pa kreyèn yo, yo tout san eksepsyón, yo pale de sove pa mwayen bon zèv lèzòm; se pa konsa vrè krisyanis la ye. Vèsè 8 ak 9 la yo se tankou yon gwo anpoul ki montre nou vrè chemen lavi ki pap janm fini an.

### **A. Sove pa lagras, pa mwayen lafwa (v. 8)**

“Paske se pa lagras nou sove...” Limanite jwenn Sali a se pa mwayen bon kè Bondye nan Jezi Kris. Menm jan ke Jan 3:16 di ke: “Paske Bondye te tèlman renmen lemonn, li te bay yon sèl Ptit li a vin mouri pou yo, moun ki mete tout konfyans yo nan li, yo pap peri, men yo va genyen lavi ki pap janm fini an”. Sa a se yon kesyon de gras, resevwa tout bagay gratis pou nou; men nou dwe konnen ke gras sa koute chè anpil, wi li koute byen chè. Li te koute gwo sakrifis Kris la sou kwa a!

Nou sove “pa mwayen lafwa”. Nou pa sove paske nou te peye yon bagay pou Sali nou. E poutan, Bondye vle pou ke nou fè yon bagay pou ke nou kapab resevwa Sali sa: Se pou nou mete tout lafwa nou nan Kris la. Lafwa se kwè, konfyé, mete tout konfyans. Si yon moun pa kwè, li pa konfyé ni mete konfyans li nan Kris la, don Bondye ap rete san ke li pa fè efè. Se tankou moun ki malad la, epi fanmi an mennen li kay doktè; doktè a pote medikaman ba li, men, si moun ki malad la refize doktè a epi pa pran medikaman an, sa pap fè okenn efè. Se konsa Sali a ye. Bondye ofri nou li gratis; men li vle ke kòm lèzòm ke nou ye, nou deside kwè nan Li epi aksepte bèl delivrans li a.

Sali a se yon don ki soti nan Bondye, sa vle di, yon kado. Se pa yon bagay ke nou te fè oubyen nou kapab fabrike epi pase men pran.

Genyen yon evanjelis ki t'ap pale avèk yon moun ki te monte sou lotèl la aprè yon mesaj ke Bondye te fin enspire.

Aprè ke li te fin pale avèk nonm nan pou ke li te rekonèt jan li te nan nesesite lavi ki pap janm fini an, mesye sa te kòmanse rele byen fò:

- Pito mwen kite sa! Mwen pa kapab resevwa sa ke w di mwen kapab resevwa a. Li enposib!
- Evanjelis la mande: Men...pou kisa w di li enposib?
- Repons lan se te: "Paske mwen konnen byen ke mwen pèdi, pèdi san opsyon pou m retounen nan lavi; pa gen sove pou mwen.
- Evanjelis la di: Mèsi Bondye.
- Nonm nan di Evanjelis la: "Pou kisa w di Bondye mèsi a?"
- Evanjelis la reponn: Paske Kris la te vini pou sa egzakteman: "Li te vini chèche ak sove moun sa k te pèdi yo. Sèlman kondisyon ki mete devan ou se kwè ke w bezwen sekou Sovè admirab la.

### B. Nou pa sove akoz de zèv nou fè yo (v. 9)

Genyen yon pwovèb ki di: "Pi klè pase dlo." Nou poze tèt nou kesyon sa: E pou moun sa yo ki di ke fòk yo fè zèv pou yo resevwa lavi ki pap janm fini an? Èske se paske yo pa janm li vèsè sa a? An royalite, nou konnen ke anpil ladan yo pa soumèt ak Pawòl Bondye a; men pito ak doktrin ke lidè yo a mete nan tèt yo. Pòl di byen klè ke Sali a se gratis epi se pa akoz de yon bagay ke yon moun kapab fè; paske si se ta konsa, anpil moun t'ap pase tout tan yo ap gonfle lestemak yo pandan y'ap montre ke yo merite lavi ki pap janm fini an. Oubyen yo t'ap kirye pou ke yo konnen si sa ke yo fè a se yon bagay ki kapab fè yo merite lavi ki pap janm fini an. Non. Sali ke Kris ofri a se pa akoz de bon zèv; se pito nan mete konfyans nan merit sakrifis ke Jezi te fè sou kwa a, ak gwo lanmou Bondye ki ofri nou lavi ki pap janm fini an gratis atravè Pitit ke li renmen anpil la.

### C. Sove pou viv nan fè bon zèv (v. 10)

Lè nou pran fòs epi resisite, nou vin rejenerè nou. Se sa ki eksplike ekspresyon "nou se zafè Bondye, fèt nan Jezi Kris..."

Se sa tou ke 2 Korentyen 5:17 temwaye kote ke nou li: "Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a". Nou vin yon nouvo kreyati, nou se kreyati ki soti nan syèl la men k'ap viv sou latè pou bay temwayaj de "...moun sa ki te rele nou soti nan fè nwa pou vini nan bél limyè li a" (I Pyè 2:9).

Apot Jak di nou ke lafwa dwe mache avèk zèv yo "Frè m' yo, kisa sa fè pou yon moun k'ap di li gen konfyans nan Bondye, si li pa fè bagay pou moutre li gen konfyans lan vre?

Eske konfyans sa a ka delivre li? Sipoze gen yon frè osinon yon sè ki toutouni, ki pa manje kont li chak jou, si yonn nan nou di yo: Ou mèt ale. Chofe kò ou, manje plen vant ou, san li pa ba yo sa yo bezwen, kisa sa ap fè pou yo? Konsa tou pou konfyans nan Bondye a: si l' pa fè nou fè sa ki byen, si l' rete pou kont li, li mouri. Men, gen moun ki va di: Ou menm, ou gen konfyans. Mwen menm, mwen fè sa ki byen. M'a reponn li: Moutre m' ki jan ou ka gen konfyans san ou pa fè sa ki byen, mwen menm m'ap moutre ou jan mwen gen konfyans ak sa m'ap fè ki byen. Ou kwè gen yon sèl Bondye. Ou fè byen. Denmon yo tou yo kwè sa, men y'ap tranble sitèlman yo pè. Gade jan ou manke konprann! Eske ou vle wè ki jan konfyans pa vo anyen si l' pa mache ak sa ou fè ki byen? Abraram granpapa nou, èske Bondye pa t' fè l' gras poutèt sa li te fè lè l' te ofri Izarak, pitit li a, sou lotèl la? Ou wè. Konfyans li te mache ansanm ak sa li te fè. Konsa tou, sa l' te fè a te fè konfyans li vin bon nèt. Se konsa, pawòl ki te ekri nan Liv la rive vre: Abraram te mete konfyans li nan Bondye, epi Bondye fè l' gras. Se sak fè yo te rele Abraram zanmi Bondye. Ou wè: se pa sèlman paske yon moun gen konfyans kifè Bondye fè l' gras, men se paske li fè sa ki byen anmenmtan an tou. Se menm jan an tou pou Rarab, fam movèz vi a. Eske se pa t' poutèt sa l' te fè a Bondye te fè l' gras, lè l' te resevwa mesaje jwif yo, lè l' te fè yo pran yon lòt wout pou tounen lakay yo? Menm jan yon kò ki san nanm se yon kò ki mouri, konsa tou, konfyans nan Bondye ki pa mache ak fè sa ki byen se yon konfyans ki mouri" (Jak 2:14-26).

Pa fè bon zèv yo se ta tankou vin inaktif. Bon zèv yo se rezulta natirèl de nati rejenerè ki nan pitit Bondye yo. Pòl te di ke zèv sa se "bagay ke Bondye te gentan prepare davans pou nou mache ladan yo" (Efezyen 2:10). Epi se konsa, nou dwe viv okipe nan bon ki demonstre ke nou se sitwayen wayòm nan syèl yo, epi priyorite nou se fè Bondye nou an plèzi.

### Kesyon Opsyonèl

- Pou kisa w konsidere ke Bondye pa pèmèt Sali a akoz de bon zèv?
- Site senk bagay ke y'ap tann ou fè antan ke kreyen.

### Konklizyon

Gran lanmou Bondye ban nou lavi nan Jezi Kris, atravè gras li, pa mwayen lafwa. Pliske li ban nou lavi, li te pote nou ale nan yon nouvo dimansyon; sa vle di, nan wayòm Bondye a. Epi nan wayòm sa a, nou dwe viv pandan ke n'ap fè zèv ke Bondye te prepare pou nou onore li epi temwaye bél glwa li nan nou epi pou tout limanite.



# Gwo lanmou Bondye a

Fernando Mounier (Pòtoriko)

## Pasaj biblik etid la: Efezyen 3:14-19

**Vèsè pou aprann:** “Wi, mwen mande pou nou rive konnen kalite renmen Kris la gen pou nou, atout pesonn p'ap janm ka rive konnen l' nèt. Konsa, n'a vin plen nèt ak tou sa ki nan Bondye.” Efezyen 3:19

**Objektif lesон an:** Se pou elèv la konprann lapriyè apot Pòl la epi fè li fè pati lavi pa li.

## Entwodiksyon

Poze elèv ou yo kesyon sa yo:

- Èske ou renmen mwen? Kisa lanmou ye?
- Èske moun kapab konprann li?
- Èske moun kapab eksperimente li?

Aprè sa, ekri kèk repons ak reyakson ke ou obsève diran dyalòg la. Sa ap ede w kòmanse tèm lesón an epi genyen yon lide de konsèp ke elèv ou yo genyen sou lanmou.

Nan lèt sa a, apot Pòl te fè de lapriyè pou moun Efèz yo. Nan premye priyè a (Efezyen 1:16-23), demann lan te pou moun Efèz yo te kapab dekouvri grandè Bondye andedan kè yo; epi dezyèm priyè a (Efezyen 3:14-19), demann lan se pou yo te resevwa fòs pèsònèl ki kapab fè yo rive genyen yon konesans ki pi pwofon, epi kòm rezulta, kapab eksperimente tout avantaj espirityèl ke Bondye genyen pou pitit fi ak pitit gason li yo.

Atansyon lesón sa a twouve li nan dezyèm priyè a. Tèks etid la twouve li nan Efezyen 3:14-19, li menm ki kòmanse avèk ekspresyon sa: “Se poutèt sa...”. Detay rezon sa a twouve li nan chapit 2 a ki nan lèt sa. Chapit sa gen pou wè avèk aksyon redanmsyon Kris la pou Izrayèl ak moun lòt nasyon yo lè li t'ap ofri yo dènye opòtinite sa a, non sèlman pou konnen li; men tou, pou rive atenn richès espirityèl yo ki disponib pou moun sa yo ki depoze lafwa yo nan Kris la.

Sa ki mansyone a enpòtan anpil; paske li montre nou lide ke apot la te genyen lè li te fè priyè sa devan Bondye. Se poutèt sa, lè w'ap kòmanse etid lapriyè sa a, li nesesè, oubyen se plis yon obligasyon pou nou konprann rezon ki te fè ke apot Pòl te fè lapriyè sa.

## I. Fòs nan moun enteryè a (Efezyen 3:16)

### A. Kisa moun enteryè a ye?

Lè nou pale sou tèm moun enteryè a, nou fè referans ak eleman sa yo ki fè nati li antanke moun, nou fè separasyon ant aspè espirityèl ak fizik. Teyori prensipal yo ki pretann eksplike nati lòm nan prezante li ak de konsiderasyon sa yo: Dikotomi ak trikotomi. Li ase pou nou konnen ke dikotomi an prezante lòm nan avèk de eleman ki diferan: Fizik la (kò) epi sa ki pa materyèl la (espirityèl). Pandan ke nan ka trikotomi a, lòm nan prezante li avèk twa eleman: Lespri, nanm (yo tou lede se espirityèl) ak kò a (fizik). E poutan, pou objektif lesón sa a, li sifi pou nou konnen ke lòm nan genyen de nati nan li: Youn fizik, k'ap fonksyone avèk mond materyèl la; ak youn ki pa materyèl, ki bay òganis la lavi, li pale ak Bondye epi se la pèsonalite a abite. Lòm genyen yon pèsonalite ki byen entegre; sa vle di ke li fonksyone oubyen manifeste kòm yon sèl inite. Konsa, lè nou byen gade yon moun, nou kapab wè ekspresyon limanite li totalman.

### B. Fòs nan moun enteryè a

Nan priyè sa, apot Pòl prezante nou Bondye kòm sous richès espirityèl yo ki genyen kòm objektif bay kreyati a ki anba dominasyon li a fòs pa mwaven Sentespri a. La a, eleman richès la se yon tèm ke Pòl itilize pou li dekri la gras la, favè ki soti nan Bondye ke moun pa merite a. Jan Wesley te eksprime “richès nan glwa li” nan fason sa: “Gran abondans sajès laglwa li, pouvwa ak mizèrikòd li” (Rekipere nan <https://www.biblestudytools.com/commentaries/wesleys-explanatory-notes/ephesians/ephesians-3.html>, 14 Desanm 2017).

Nou pa dwe blyie ke vèsè 16 la di nou ke fòs sa vini avèk pwisans, epi sa kapab posib sèlman akoz de nati Bondye a menm.

Ranfòsman espirityèl la se pa yon bagay ke moun pa kapab wè ak je yo. Se eksperyans yon kriz ki rive nan lavi yon moun nan yon moman ki detèmine; men k'ap kontinye pandan ke li konsève relasyon li avèk Moun ki bay lavi a. Eksperyans sa a gen pou li manifeste nan lavi moun sa yo ki fè eksperyans avèk li a chak jou nan lavi yo. Sa fè nou sonje pawòl Jezi yo: "Mwen se pye rezen an, nou se branch yo. Moun ki fè yonn avè m', moun mwen fè yonn ak li, l'ap donnen anpil, paske nou pa kapab fè anyen san mwen" (Jan 15:5).

### C. Yon dezyèm zèv lagras

Nan priyè sa a, ta sanble ke Pòl te mande dezyèm zèv lagras la tou yon fason pou ke kè kwayan yo te kapab netwaye epi pran fòs konplètman. Se nan kriz sa, lè batay kè ki divize sa ant sentete Seyè a avèk Papa e mond sa sispann, epi moun enteryè a kòmanse pran plezi li nan Bondye "Paske mwen pran plezi nan lalwa Seyè a, selon moun enteryè a..." (Women 7:22).

Eksperyans oubyen kriz sa a touche totalite moun nan nan tout aspè espirityèl, mantal, emosyonèl ak moral li. Se ranfò sa ki pèmèt nou pwojte nou vè lavni avèk konfyans. Li ban nou kapasite pou ke nou kapab viv yon lavi ki bay viktwa. Sa vle di, yon lavi ki kapab ede nou pou nou kapab kase chèn avèk lapèrèz ki anchene ak paralize lòm, epi konsa, vin libere totalman". (Jan 8:36)

### Kesyon Opsyonèl

- Kisa moun enteryè a ye?
- Kijan epi kilès moun ki kapab bay moun enteryè a fòs?
- Ki demonstrasyon ki klè ki fè ke fòs sa konfime nan lavi yon moun?

## II. Kay Kris la andedan kè a (Efezyen 3:17)

### A. Pou ke Kris kapab abite pa lafwa (v. 17)

Vèsè sa se yon vèsè ki enpòtan anpil nan entèpretasyon pasaj etid la avèk leson sa. Gwoup moun sa yo ke apot Pòl t'ap pale yo se moun sa yo ki te déjà konsyan ke Jezi Kris se Sovè yo; se pandan, nou dwe sonje ke Pawòl sa anglobe nou tout tou, sa vle di, nou menm moun sa yo ki déjà konfese Jezi Kris kòm Sovè nou. Lè nou retounen nan lapriyè a, pa genyen okenn aspè ki kapab reyalize sof si abitasyon Kris la nan lavi moun nan se yon eksperyans reyèl epi ki pa sèlman yon ekspresyon nan bouch.

Nou dwe toujou reflechi ak vèsè 17 sa "pou Kris la rete nan kè nou ak konfyans nou gen nan li a. M'ap mande Bondye pou nou pouse rasin, pou nou chita byen fèm nan renmen..." li pa gen pou wè avèk yon benediksyon adisyonèl oubyen plis pwofon "Nan sans jeneral, tèm pouse rasin nan konn itilize lè moun nan vle rann kont de yon bagay ke li byen fikse, fèm epi dirab ke pèsòn lòt moun pat konsidere. Pa egzanp, lè yon moun prezante yon gwo tandans lè l'ap pratike kèk abitid" (Rekipere nan <https://www.definicionabc.com/general/arraigo.php>, 14 Desanm 2017). Se plis eksplikasyon eksperyans ranfò ki te déjà etidye nan vèsè 16 la.

### B. Abitasyon Kris la avèk Sentespri a

Nan seksyon sa, li enpòtan pou nou obsève konyensidans abitasyon Kris la ak Sentespri a nan lavi Kwayan an.

Ranfòsman pa mwayer Sentespri a avèk Abitasyon Kris la nan kwayan an se pa yon eksperyans ki depaman. Si kwayan an eksperimente prezans Sentespri a; kidonk, nan menm tan an, li eksperimente prezans Kris la. Sa vle di, kote Sentespri Bondye a ye, nou jwenn Kris la tou (Matye 28:20; Jan 14:15-20; 2 Korentyen 13:14).

Nan pasaj sa a, "abite" fè referans ke Kris fè abitasyon li nan kè kwayan an. Kris la pa antre nan kè kwayan an tankou yon envite; men pito, kòm Seyè li, epi li okipe tout lavi kwayan an nan yon fason ki dirab epi sansib. Sa pa vle di ke nou sispann viv tankou moun ke nou te ye avan an epi nou vin tounen yon ti maryonèt; men pito, nan Li, nou vin plis konplè.

Pandan setan, relasyon sa a pa estatik; li dinamik epi eksplike yon patisipasyon aktiv ki gen pou wè avèk volonte kwayan an avèk tout moun ke li ye a nan relasyon avèk Kris la. Anplis de sa, nou pa dwe blyie ke pou ke relasyon sa a kapab vin yon reyalite, apot Pòl te mansyone sèl kondisyon an: La fwa nan Kris la (Women 1:17; Ebre 12:2).

### C. Yon lavi ki pouse rasin epi chita byen fèm nan renmen

Yon lavi ki pouse rasin epi chita byen fèm nan renmen se sa ki beni epi pran fòs chak jou atravè relasyon li avèk Sentespri a. Rezulta ki klè a se yon lavi espirityèl ki estab epi k'ap kontinye grandi. Osijè de sa, Pòl te egzòte nou pou nou pat konpòte nou kòm moun ki genyen doub sans (Jak 1:8), menm pwofèt Jeremi te site bagay sa yo: "benediksyon pou moun ki mete konfyans yo nan Seyè a, wi, pou moun ki mete tout espwa yo nan li. L'ap tankou pyebwa yo plante

bò larivyè, k'ap plonje rasin li nan dlo. Li pa pè anyen lè sezon chalè rive, paske fèy li yo ap toujou vèt. Te mèt gen yon lanne chechrès, sa pa fè l' anyen, l'ap toujou donnen" (Jeremi 17:7-8)

## Kesyon Opsyonèl

- Ki kondisyon ki nesesè pou ke Kris vin abite nan kè moun nan?
- Kisa ekspresyon sa siyifi: "...pran rasin"?

## III. Konesans lanmou Kris la (Efezyen 3:18-19)

### A. Dimansyon lanmou Kris la

Sans zye yo pèmèt ke nou wè kat dimansyon yo (lajè, longè, pwofondè ak wotè) bagay ak peyizay nan nati a. Nan vèsè sa yo, apot Pòl te itilize kapasite pèsepsyon atravè sans zye yo pou eksprime gwosè panorama ki prezante li devan lòm pandan ke l'ap reflechi osijè de chemen Bondye yo.

Osijè de sa, Pòl te fè envitasyon pou moun konprann ke refleksyon osijè de chemen Bondye a pa gen anyen pou wè avèk izòlman; men pito se yon eksperyans ki kiltive nan kominyon avèk tout sen yo; sa vle di, moun sa yo ki pwofese menm esperans nan Kris la. Se poutèt sa, pretann viv yon lavi espirityèl solitè etranj anpil fas ak eksperyans kretyèn nan. Se rete enkonplèt, ak tout desizyon.

### B. Konprann sa ki enkonpreyansib

Èske li posib pou moun konnen lanmou Kris la? Èske li posib pou moun konprann lanmou Kris la? Èske n'ap kapab atenn li? Oubyen, èske se yon imajinasyon; yon ilizyon anven ke nou pap kapab rive reyalize?

Deklarasyon apot Pòl la nan vèsè 19 la prezante yon paradòks: Konprann sa ki enkonpreyansib. Nan lide pou bay yon eksplikasyon ki pi klè osijè de vèsè sa a, vèsyon biblik Nouvo Tradiksyon Vivan an bay yon definisyon ki byen eklèsi: "Mwen swete pou nou fè eksperyans ak lanmou Kris la, menm si li twò gran pou nou ta konprann tout. Nan sans sa a, n'ap vin konplete avèk tout abondans lavi ak pouvwa ki soti nan Bondye a" (Efezyen 3:19 NTV).

Atravè lespri nou, nou genyen kapasite pou nou òdone ak konprann demonstrasyon revelasyon lanmou Kris la; men se pa pou nou konprann li nan tout elajisman li.

Nan pwen sa a, li enpòtan pou ke nou sonje ke realite kretyèn nan baze sou prensip lafwa. Se rezon sa ki fè ke, eksperyans ak relasyon avèk Bondye a yo se aspè ki fondamantal (Abakik 2:4; Women 1:17).

Konsa, atravè relasyon nou ak Bondye chak jou, nou kapab fè lanmou Kris la vin tounen yon eksperyans pèsonèl, san parèy epi viv pa mwayer Lespri Li.

## C. Abondans Bondye a

An mezi ke kapasite pou nou resevwa ap grandi, Bondye ap kontinye ranpli nou youn ak yon lòt fwa. Lide abondans lan genyen andedan li ke nou soumèt lespri nou, emosyon nou yo avèk volonte nou devan Bondye nan Kris la.

Wesley te entèprete ke fraz "tout abondans Bondye a" (v.19) siyifi: Avèk tout lanmou li, limyè li, sajès li, sentete li, pouvwa ak glwa li (Rekipere nan <https://www.biblestudytools.com/commentaries/wesleys-explanatory-notes/ephesians/ephesians-3.html>, le 14 Desanm 2017).

Abondans sa pa vle di ke n'ap bezwen vin tankou Bondye nan sans divinite. Sa pa vle di non plis ke nou pi plis pase moun sa yo ki poko konnen Bondye. Men pito li fè nou sonje ke tout limanite lage ap chèche lanmou nan yon sous ki pap dire, epi mete devan nou, responsabilite pou nou preche mesaj rekonsilyasyon ak esperans nan Kris la.

## Kesyon Opsyonèl

- Kòman nou kapab grandi nan lanmou Bondye?
- Kòman ou ta kapab eksplike eksperyans ke ou te fè avèk lanmou Bondye a ak yon lòt moun ki pa kretyen?

## Konklizyon

Si nou vle grandi nan matirite espirityèl nou, li nesesè pou nou rive atenn konesans lanmou pafè Kris gen pou nou an. Si nou fè sa, n'ap kapab devlope kapasite nou; sa vle di, n'ap rive atenn kapasite nou nan Kris la.

## Not:

---

---

---

---

---

---

---

---

---



# Legliz la: Ekip Bondye a

Elvin Heredia (Pòtoriko)

## Pasaj biblik etid la: Efezyen 4:1-16

**Vèsè pou aprann:** “Nou chak nou resevwa yon kado apa, dapre sa Kris la te bay la.”  
Efezyen 4:7

**Objektif leson an:** Se pou elèv la konprann tout sa ke novo lavi nan Seyè a genyen ladan li, ak sans pratik avèk fonksyon pou fè pati kò Kris la: Legliz la.

## Entwodiksyon

Pandan plizyè ane, mwen te fè pati yon ekip pis (bowling). Mwen sonje ke lè yo te resevwa mwen nan ekip la, yo te fè m konnen ke sa se yon ekip tradisyon; déjà mwen te konn toujou patisce nan tou chanpyona yo. Sa te angaje manm li yo konsève yon plas de referans ke li te genyen pandan plizyè lane.

Lè mwen panse avèk yon legliz, jeneralman, mwen konpare li avèk yon ekip; paske genyen anpil karakteristik ekip yo ki sanble ak karakteristik ki distenge legliz la. Enplikasyon prensipal ke nou jwenn nan fè konparezon legliz la avèk yon ekip dwe sigiere nou, pou plizyè objektif klas la, de konsiderasyon enpòtan:

- I. Fòmasyon pèsonèl nou nan eksperyans lafwa ak kò Kris la, epi
2. Kòman fòmasyon nou an kolabore avèk rès kò a pou atenn objektif ekip la.

## I. Fòmasyon pèsonèl (Efezyen 4:1-3)

Nan Efezyen 4, apot Pòl te prezante nou yon seri de karakteristik ke nou dwe obsève, avèk ton ke li te rele a “konfòm ak jan Bondye te rele nou pou n’ viv la” (v.1). Pòl te mete aksan sou kèk karakteristik ki dwe manifeste nan nou tout moun sa yo ki reponn apèl Bondye a nan Jezi ki se Kris la. Epi nan bon kalite li, kounye a nou fè pati kò li a, sa vle di, legliz la.

### A. Imilite

Daprè diksyonè Larousse, mo imilite a siyifi “kondisyon moun ki aji nan ògèy la, san montre ke li genyen merit epi ki rekònèt defo ak erè li yo” (Rekipere nan <https://www.larousse.mx/>, le 05 Out 2017). Yon lòt kote, Diksyonè Teyolojik Beacon defini mo imilite a kòm yon konpòtman ki fè nou sanble

avèk Kris (Earle, Ralph. Diksyonè Teyolojik Beacon. EIA: KPN, 1995, p.342). Moun ki gen imilite a se moun sa ki soumèt karaktè li avèk objektif pou etabli bon relasyon avèk lòt moun volontèman. Menm jan ke Jezi te fè l la! Moun ki gen imilite a bay pi bon bagay ke li genyen nan li menm, yon fason pou ke lapè kapab renye nan mitan pwochen li yo.

### B. Soumisyon

Nanliv Teolosislaak Fwi Lespria, yodekrisoumisyon kòm yon pouvwa ki anba kontwòl: Soumisyon an se yon karakteristik ki pwòp a yon moun ki dou, epi sa manifeste nan fason ke l'ap abòde lòt moun. Poutan, jodi a nou pral aprann yon konsiderasyon ki tou nèf nan bon kalite sa. “Soumisyon an se yon pouvwa, paske li fè pati gran fwi Lespri an. Men se yon pouvwa ke nou kapab fòtifye nan lespri nou. Se yon pouvwa ki dwe anvayi tout lavi nou, pou ke tout nou menm soumèt epi kontwole pa mwayer pouvwa sa” (Heredia, Elvin. La Teolosis ak Fwi Lespri a. EIA: Amazon CreateSpace, Charleston, 2015, p.139).

Ebyen, soumisyon an vin konvèti an yon eleman tèt ansam, pa mwayer li menm nou konsève lapè ak pwochen nou yo. Se poutèt sa, “soumisyon an se yon pouvwa ke nou kapab pratike. Li nesesè pou nou pratike ak anseye li toutan. Nou pa kapab vin dou... si nou pa sa nan pratik la.

Nan sans sa a, soumisyon an se yon woutin ke nou fè ak pratike chak jou. Soumisyon an fè pati kalite lavi nou” (Heredia, Elvin. La Teolosis ak Fwi Lespri a. EIA: Amazon CreateSpace, Charleston, 2015, p.139).

### C. Pasyans

Menm jan avèk soumisyon an, pasyans lan tou se yon pati nan fwi Lespri a. Konsa, pasyans lan se yon

pati nan karaktè tout kwayan; paske se nan pasyans lafwa pran fòs li. Pasyans lan se egzèsis pratik yon lafwa ki fè epi solid. Moun ki gen pasyans lan konnen kòman pou l rete tann. Se menm bagay la, lafwa nou nan Bondye fè nou rete tann repons li avèk pasyans.

Se menm jan tou, liv Teolosis ak Fwi Lespri a prezante yon definisyon ki pratik sou tèm pasyans lan: "Se prèske pa aksidan mwen te dekoutri reyalite sa. Si nou relye mo "lapè" avèk "syans" n'ap jwenn yon relasyon ki vrèman enteresan pam yo de a. Syans lan toujou ap chèche eseye teyori li yo nan yon fason ki pozitif, sa se, atravè aksyon rechèche ak pwouve.

Ka pasyans lan se Kay on eksepsyón. Piga nou blyi ke pasyans lan se lank lafwa nou. Yon lòt kote, lafwa nou baze sou konfyans ak sekirite nou genyen ki konfime nan Bondye pa mwayen de anpil bagay ke li fè pou nou nan tan ki pase yo. Se rezon sa ki fè ke, nou kapab rete avèk kè poze lè ke nou konnen ke, malgre tout sa ki kapab prezante, lafwa nou asire. Ebyen, pasyans lan se syans ki pwouve pa yon lapè ki pap pèdi, menm si toumant lavi yo maltrete li. Syans sa pap manke. Se pou rezon sa a, nou kapab rete kè poze. Paske payans lan se "syans lapè" (Heredia, Elvin. La Teolosis ak Fwi Lespri a. EIA: Amazon CreateSpace-pace, Charleston, 2015, pp.88, 90).

Kounye a, pou kisa li nesesè pou nou touche karakteristik pèsonèl sa yo nan kwayan an? Pou ki rezon ke li enpòtan pou fòmasyon pèsonèl nou an konsidere eleman sa yo nan karaktè a? Repons kesyon sa yo va ede nou idantifye sans pratik ak fonksyonèl pou fè pati kò Kris la.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki twa karakteristik ke Pòl te siyale nan pasaj biblik etid la?
- Bay plizyè egzanp pratik imilite, dousè ak pasyans.

## II. Entegrasyon nan kò Kris la (Efez. 4:4-16)

Lide prensipal apot Pòl la nan Efezyen 4 la se te montre enpòtan pou kwè nan eksperyans lafwa a kòrèkteman; paske sante ak fòmasyon chak kwayan sa ta gen pou l manifeste nan kwasans legliz la kòrèkteman. Sa vle di, legliz la ta gen pou l montre mond lan efikasite levanjil la nan menm mwayen ke chak kwayan yo oubyen patisipan nan legliz yo ta konprann pwisans efikas levanjil la nan pwòp karaktè pa yo. Nan sans sa a, nou vin konsidere twa verite fondamantal osijè de sa ke nou ye kòm kretyen, yon pati nan legliz la ak yon pati nan ekip Bondye a.

### A. Definisyon karaktè (Efezyen 4:7-10)

Pòl te demonstre ke "Nou chak nou resevwa yon kado apa, dapre sa Kris la te bay la" (v.7), sa ki montre ke nou tout melanje avèk memm eleman karakteristik Jezi yo pou ke nou sanble ak li nan karaktè ak konpòtman nou. Jezi menm te di konsa: "...se pou nou aprann sou mwen, mwen dou epi enb nan kè..." (Matye 11:29). Pòl te repren definisyon sa ki gen pou wè avèk karaktè Kris la nan legliz la pou demonstre enpòtans ke sa genyen nan nivo fonksyonnan. Sa vle di ke, an mezi ke karaktè pèsonèl nou an defini menm jan ak pa Jezi a, se menm jan tou karaktè legliz Kris la ye nan mond lan. Ebyen, Legliz Kris la dwe sanble Kris Legliz la.

Mwen toujou fè konnen ke nou se "vitrin Bondye". Déjà ke pa mwayen legliz la, Bondye montre mond lan sa ke li kapab fè avèk mond lan ak sa ke Li kapab fè nan lavi pechè a. Èske se nou menm k'ap refè zèv transfòmasyon Bondye sa pou tout mond lan?

### B. Angajman avèk ekip la (Efezyen 4:11-13)

Lè n'ap sonje ti istwa ki nan kòmansman an, nou kapab fè yon aplikasyon pratik osijè de entansyon apot la: Nou menm tou nou genyen yon angajman avèk ekip Bondye a. Nou tout dwe amelyore nan karaktè nou. Nou tout dwe chèche atenn sanntifikasyon total la. Se rezon sa ke pasaj biblik la eksplike a. Chak manm nan ekip Bondye a dwe pran angajman pou li grandi pafètman; paske se konsa tou ke tout kò Kris la gen pou grandi ansanm. Nou chak gen responsabilite pou nou fè chak pati ke nou reprezante a pi plis toujou.

Jan nou kapab obsèvè nan vèsè II, nou chak genyen yon patisipasyon ki byen defini nan fonksyonnan kò a. Nan menm tan tou, chak pati nan kò a travay pou benefis kò a an jeneral; donk, jan sa endike nan vèsè I2 la, fonksyonnan chak manm nan ekip la se pou "edifikasyon kò Kris la". Sa vle di, nou tout resevwa benediksyon pou nou akonpli fonksyon patikilye sa ke chak manm ki nan kò a genyen, epi sa gen pou objektif "pèfeksyone sen yo pou sèvis ministè a" (v.12).

Sa pouse nou a konsidere lòt angajman Sa nou genyen kòm ekip Bondye. Epi sa se tankou si kòm ekip, n'ap bat pou nou atenn yon objektif. Ekip bolich nou an te toujou ap bat pou yo genyen chanpyona a.

Nou menm, kòm kretyen, nou genyen de objektif daprè pasaj biblik etid la: Premye a ladan yo se edifye kò Kris la, pèfeksyone pa mwayen fonksyon tout kò a oubyen ministè nou yo.

Dezyèm objektif la se rive vin yon moun ki bon nèt. Pòl te utilize tèm sa pou li te dekri Jezi. Mwayen estati abondan Kris la mande kwasans entegral kretyen an. Pòl te afime eksperyans kwasans sa andedan yon karaktè ki pwogresif, eksperyans kote ke li menm li te konsidere ke "Mwen pa gen pretansyon mwen rive deja kote m' prale a, ni mwen poko fin bon nèt. Men, m'ap kouri sou kous mwen pou m' wè si m' ka mete men sou kote m' dwe rive a, paske Jezikri pou tèt pa l' fin mete men sou mwen deja" (Filipyen 3:12).

Objektif Gran Komisyon an se al chèche moun ki pèdi yo. Kounye a, moun pèdi sa yo ki dwe retwouve (menm jan nou menm nou te te san Kris la), y'ap vin fè pati menm ekip la tou, epi se sa ki fè, fòmasyon disip la vin tounen yon pati ki esansyèl nan objektif sa pou ke nou tout rive "fè yon sèl nan lafwa ak konesans Ptit Bondye a" (v.13).

Lègiz la se yon ekip tou nan "tradisyon chanpyona". Kòm ekip pa Bondye, nou dwe bat pou nou fè yon travay ki kòrèk; Lespri Bondye a ap ban nou kapasite pou travay la, se menm bagay la ki dwe reponn nan karaktè ak fonksyon nan ekselans Kris la.

### C. Fonksyonnan kò a (Efezyen 4:14-16)

Finalman, nou rive nan pwen ki demontre objektif fòmasyon ak fonksyon sa ki tèlman di. Nan premye pozisyon, fòmasyon entansyonèl kò Kris sa a pretann ke nou dwe fè gwo rezistans kont tout van doktrin, kont tout estrateji ak pyèj lèzòm, epi kont tout riz, "Lè sa a, nou p'ap viv tankou timoun ankò, tankou moun k'ap chanje lide fasil, ki kite kouran nenpòt doktrin trennen yo ale, ki tankou jwèt nan men bann rize sa yo ki konn ki jan pou yo pran tèt moun nan bay manti" (Efezyen 4:14). Pòl te prezante rezon sa kòm yon premye liy de defans kò a kont menas ki te kapab afebli oubyen trilbiche bon sante kò a.

Dezyèm rezon an literalman siyale tèt kò a ki se Kris la. Apot la te siyale Kris la kòm tèt ki mennen tout kò a. Pòl te afime nan Kris la yon egzanp direksyon de verite ak lanmou ke nou tout dwe swiv "O kontrè, lanmou an dwe fè nou toujou pale laverite, pou ke nan tout sa ke n'ap fè pou nou kapab sanble avèk Kris la, li menm k'ap gouvène legliz la". (v.15).

Nan sans sa a, si nou grandi ak devlope nan fason ke tèt la panse l la, twazyèm rezon an ap rejwenn sans li.

Vèsè 16 la rezime efè yon kwasans ak devlopman kò a epi jan Kris la vle l pou kò li a; sa a se, legliz la. Kò a genyen pou l ini (relye nan mouvman ak objektif),

byen antrelase nan koneksyon li yo, pou reyalize travay ki pwòp ak pozisyon nou nan ekip la, epi ede youn lòt pou reyalize objektif ak misyon an.

Li enpòtan pou ke nou rekonèt sa ke nou ye nan kò Kris la pou ke nou kapab grandi ak fonksyon nan dimansyon ke nou plase nan Kris la. Pou ke nou kapab mache jan sa diy de apèl ki pèmèt nou la a. Sa ede nou konsidere apèl sa andedan konsèp inite a, kò ak ekip ke nou etabli kòm legliz Kris la. Se sa ki fè, apèl sa fikse konsiderasyon ak refleksyon pèsonèl de ke, nan gwo mezi, fòm kote ke karaktè a defini, se konsa tou ke karaktè legliz la ap defini, e se menm jan tou ke nou pral fonksyon kòm kò Kris la, epi sa pral defini angajman nou an avèk Kris legliz la.

Èske sa vle di ke nou manke sante entegral pou nou rete fèm nan yon mond k'ap chanje toutan? Kòman n'ap kapab kenbe yon ritm nan karyè ki tèlman vyolan, si kondisyon nou an pa pi enpòtan?

### Kesyon Opsyonèl

- Kisa sa genyen ladan lè yon moun se pitit fi ak pitit gason Bondye vin manm kò Kris la?
- Ki enpòtans grandi an sante nan eksperyans nan lafwa genyen?
- Èske n'ap bat pou nou grandi nan fason pou ke nou rive atenn dimansyon moun ki bon nèt la, nan abondans ak karaktè li? Kòman?
- Ki twa verite fondamantal osijè de sa ke nou ye kòm kretyen?
- Kòman ke sa yo pèmèt ke nou vin fè pati legliz la ak ekip pa Bondye a?

### Konklizyon

Ann pran responsabilite nou pou nou grandi ak fòme nou kòrèkteman kò legliz Kris la. Nan fason sa, nou pral reflete mond Kris la ki abite nan legliz la, epi nou pral akonpli objektif ak misyon nou an. Rekonpans la avèk chanpyona ap tann nou!

### Nòt:

---

---

---

---

---

---

# Byen pwofite tan an

Danyèl Pesado (Espay)

## Pasaj biblik etid la: Efezyen 4:25-5:20

**Vèsè pou aprann:** "Se pou nou imite Bondye kòm pitit ke li renmen yo." Efezyen 5:1

**Objektif leson an:** Se pou elèv la konprann ke, kòm disip Jezi, nou aple pou nou eksprime gwo pwisans levanjil ki bay trasfòmasyon an.

## Entwodiksyon

Nan anpil fason kote Bib la eksprime gwo pwisans levanjil la, petèt, sa ki pi klè a se sa ke Lik fè nou wè a nan Travay: "Pou koulye a, Jezi gen pou l' rete nan syèl la jouk lè Bondye va vini pou mete tout bagay nan plas yo ankò, jan l' te fè nou konnen l' lan nan bouch pwofèt li yo depi nan tan lontan" (Travay 3:21); ak sa ke apot Jan fè nou konnen an nan Revelasyon, kote ke nou li ke yon vwa ke yon vwa te soti nan twòn Bondye lè li te di konsa: "Lè sa a, moun ki te chita sou fòtèy la di: Koulye a, mwen fè tout bagay vin nèf. Apre sa li di mwen: Ou mèt ekri sa, paske pawòl mwen se pawòl ki vre, pawòl tout moun dwe kwè" (Travay 21:5). Pawòl sa yo revele ke Bondye pa renonse ak plan orijinèl ke li te kreye linivè a ak lòm avèk amoni, balanse, fonksyon ak bote; nan plizyè lòt mo, bon nèt.

Men, ant plan sa a avèk reyalite ke Pòl te fè fas la, ak sa ke nou menm n'ap fè fas tou nan moman sa, genyen yon gwo defisi; yon gwo nesesite pou renovasyon oubyen transfòmasyon. Pou sa, Bondye te voye Pitit li a; se sa ki objektif levanjil la epi se konsa lavi a pral ye lè wayòm Bondye a vin etabli konplètman.

Pandan tan sa, Pòl te konprann ke li te genyen anpil travay pou l' te fè. Apot Pòl te itilize predikasyon li, ansèyman ak lèt li yo pou ke kwayan yo ki te retwouve yo te kapab konprann kòman ke yo te dwe viv ak temwaye nan konteks li yo, nan demonstre ke yon nouvo lòd te bay an mezi ke levanjil la t'ap preche, rive atenn kè yo epi etabli kòm nòm de vi tout kote ke li te penetre.

Apot la te ensiste, nan lèt ke li te ekri moun Efèz yo nan rès lèt li yo, renovasyon sa ki manifeste gwo pwisans levanjil la kòmanse avèk transfòmasyon lavi chak kwayan: "Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a" (2 Korentyen 5:17).

Pou koz sa, li enpòtan pou levanjil la pratike nan yon fason ki efikas. Epi nan pasaj biblik etid la, nou jwenn kat rekòmandasyon pase obeyi yo, yo pral fè

sa posib pou ke levanjil la eksprime renovasyon li an nan yon fason ki efikas.

## I. "Pa atriste Sentespri a" (Efezyen 4:25-32)

Atriste a genyen ladan li plis pase pa koute oubyen fè tris. Tout sa ke Bondye fè, li fè li pa mwayen de ajan yo, Sentespri a. Pa prete atansyon ak Sentespri Bondye a pral fè ke konsans nou pèsiste nan atitud sa, sispann koute vwa li. Se rejè sa ki fè lòm nan ale Iwen Bondye. Si nou atriste Sentespri a, relasyon nou avèk Bondye kraze; epi patisipasyon nou nan plan Bondye a vin detwi.

### A. Lespri Sen an se ajan Bondye

Lespri Sen an siyale nou atravè de kilès moun, Bondye te pwopoze li pou restore kreyasyon an (Travay 3:20-21). Li toujou egzalte Kris la (1 Jan 5:6). Li te patisipe nan kreyasyon an avèk Papa a e avèk Pitit la tou (Jenèz 1:26). Epi nou kapab siyale ke a pati de lanmò Kris la rive jouk jounen Jodi a, se li menm ki montre nou kijan pou nou viv ak ki fason nou kapab konpare avèk Bondye nan plan sa (Jan 14:16-17).

### B. Sentespri a fè pati de lavi nou chak jou

Lè nou sonje tout sa ke Jezi te anseye yo (Jan 14:26, 16:13). Li toujou mete volonte Bondye a an vòg pou nou. Youn nan fason ki kapab pèmèt ke li fè li se itilize Pawòl Bondye a. Nan fason sa, nou kapab obsèvè ke nan Efezyen 4:25-32, nou resevwa enstriksyon ki byen espesifik ke yo eseye ede nou evite ke kòripsyon an kontinye gaye akoz de peche a.

Si nou pran kèk egzanp, nou kapab obsèvè itilite konsèy sa yo. Pa egzanp:

**I. Manti a (v. 25).** Youn nan pi gwo domaj ke manti a lakoz, se dekonfyans. San konfyans, pa genyen moun k'ap kapab travay ansanm; déjà ke kò a pa genyen okenn opsyon pou fonksyonne nan yon fason ki efektif (Efezyen 4:16).

**2. Kòlè a** (v. 26) Kòlè a kapab genyen yon aspè ki pozitif; li kapab opoze ak enjistis, ak manti, elatriye. Men, lè sitiyasyon an vin konvèti an kòlè, kapasite nou pou rezone ak rezoud pwoblèm yo vin anile. Lè Sentespri a pa kontwole emosyon nou yo, kòlè a vin transfòme an yon emosyon ki negatif totalman. Se sa ki fè ke, kretyen an avèk legliz la pèdi efikasite yo.

**3. Remò, kòlè, gwo rèl, pawòl sal** (v.31) Tout emosyon sa yo ki site nan vèsè sa yo se kèk sentom. Nou jwenn koz la nan fon kè moun nan; se la manifestasyon sa yo soti (Mak 7:21-23). Pliske mesaj la pa kapab separe de mesaje a, konpòtman negatif sa yo se yon obstak pou pwopagasyon levanjil la, epi rann levanjil pwisan an san efikasite.

## Kesyon Opsyonèl

- Nan ki fason ke kretyen an kapab atriste Sentespri a? epi ki konsekans ke sa kapab pote nan lavi yo?
- Ki efè sa fè nan yon relasyon lè gen manti oubyen verite la pa egzanp?
- Ki efè ou obsève lè se verite ki pale?

## II. “Se pou nou imite Bondye” (Efez. 5:1-13)

Pòl te prezante nou vèsè avan yo anpil nan sa ke nou dwe evite yo. Aprè sa, sa mande nou pou nou ta kapab chèche pi bon modèl ke nou ta kapab jwenn, pou ke lè nou imite li, lavi nou manifeste efikasite levanjil la. Modèl la se Bondye (v.1). Pwoblèm nan se paske pa genyen pèsòn ki wè Bondye (Jan 1:18). Konsa, kòman n'ap kapab imite li? Apot la te kite de siyal ki byen klè pou nou:

### A. Mache tankou Kris la (v. 2)

Se sa ki vrè garanti ke levanjil la se zam ki pi pwisan nan tout istwa limanite, epi, se sèl bagay ki kapab sove lòm anba echèk ak lanfè etènèl la.

Lanmou an se rezon ki te fè ke Jezi te voye Ptit li a; epi li te akoz ke Jezi te mouri sou kwa a. San dout, nou kapab di ke lanmou an se bouji ki motive linivè a. Nan menm tan tou, lanmou an se siyal klè ki manifeste nan tout sa ke Bondye fè, epi nan menm sans sa tou, se sa ki dwe menm motivasyon pou tout vrè disip Jezi yo.

Sa vle di ke se lanmou an ki karakterize nou, pliske se atravè lanmou oubyen gras ke Bondye ap soutni nou, epi se atravè konsyans sa ke nou sèvi li. Thomas Merton (Monseyè relije; 1915-1968) lè li te di konsa: “Di ke mwen fèt avèk imaj Bondye se di ke se lanmou ki lakoz mwen viv, paske Bondye se lanmou. Lanmou se vrè idantite mwen. Renonse ak remisyon se kalite lavi mwen. Lanmou se karaktè mwen. Se lanmou ki non mwen”. Pòl te fè referans ak prensip sa nan Efezyen 4:15; men la a, li ban nou yon egzanp ki byen klè ak yon opòtinite pou aplike li nan lavi chak jou. Nan yon fason ke nou dwe obsève lis peche yo ki siyale nan pati sa (Efezyen 5:3-7). Se menm jan an, nou dwe konnen ke gen yon moman

K'ap rive kote ke viv net la, oubyen nan politikman kòrè devan peche a pap yon opsyon ankò. Ki atitud ke nou dwe adopte kòm pitit fi ak pitit gason Bondye? Donk, afime verite Bondye ki ranpli ak lanmou Bondye nan pwisans Lespri Sen an.

### B. Mache kòm pitit limyè

Yon fason ki senp pou ke nou montre ke nou se pitit Bondye se viv chak jou, moman aprè moman, nan limyè Pawòl Bondye a. Salmis la te temwaye depi byen lontan: “Pawòl la se lanp k'ap klere pye m, li se limyè sou wout mwen” (Sòm 119:105).

Mache nan limyè sa a se sèl bagay k'ap pwoteje nou de mal. Mache nan limyè a pèmèt nou rete nan kominyon kòm pitit Bondye; epi pwòp de peche” (I Jan 1:7). Epi lè sa fin rive posib, levanjil la klere nan tout efikasite li; paske “...lè ou mete tout bagay sa yo aklè nan limyè, lèzòm va wè sa yo ye tout bon” (Efezyen 5:13).

## Kesyon Opsyonèl

- Ki lòt ekspresyon nou jwenn nan Bib la ki pèmèt nou konprann siyifikasyon pou nou imite Bondye, ke nou poko wè?

## III. “Se pou nou ranpli ak Sentespri a” (Efezyen 5:14-19)

Lavi kretyèn nan se yon lavi nan Lespri; se pa anven ke menm apot la te detèmine li “Lespri lavi a ki nan Jezi ki se Kris la” (Women 8:2). Nou pran nesans pa mwayen Lespri Sen an (Jan 3:5-6); men tou, n'ap viv soutni, moman aprè moman, atravè travay Sentespri a (Galat 5:25). Lè disip Jezi a rive nan yon dimansyon pou l'konprann byen klè, Pawòl la, tout mesaj la ak levanjil la byen pwofon; l'ap konprann ke kesyon ranpli ak Sentespri a pap yon opsyon, se pral yon kesyon ki esansyèl. Epi li sèten ke sa ap siyifi pou kretyen an yon kesyon de vi ou mò espirityèl.

La kote Sentespri a “simen” lavi, oubyen anjandre li, li pa janm rete san ke li pa fè efè. Si genyen yon bagay ke Bondye vle pou nou, pi wo pase tout benediksyon ki pou yon ti tan, se manifestasyon menm nati li a nan lavi nou. Pa genyen okenn lòt tankou Sentespri a, ki se Bondye, ki kapab manifeste sa ke Li ye a (Efezyen 5:9).

“Limyè a” (Efezyen 5:13) mete tout bagay nan klète. Pa genyen okenn lòt anyen ki menm jan avèk Sentespri a. Nan kontèks sa a, limyè a se Sentespri a menm. Ekleraj la se efè ke Li rive pwodwi lè Li antre nan lespri ak kè moun sa yo ki chèche konnen Bondye avèk tout imilite yo.

Men, mache nan Lespri a tou siyifi bagay ki konkrè, aspè ki byen pratik sou lavi chak jou ke nou dwe mete an pratik, ak anpil lòt ke nou dwe rejte. Sentete a se pwòpte pèsònèl epi ki soti nan Bondye, se estanda jistis ki atache li vè linivè etènèl. Bondye pa konfòme li avèk okenn lòt estanda. Li se estanda” (Evans, Tony.)

Se Sentespri a ki òdone sistèm valè nou yo konfòm avèk estanda Bondye a endike nou kisa ke nou dwe evite; men tou, kòman ak kilè pou nou aji.

Mache se sinonim de viv (Efezyen 5:15). Men Pòl te anseye ke genyen posiblité pou moun “viv nan lachè” tou (Galat 5:17). Se akoz de sa, li rekòmande nou sa: “Si n’ap viv nan Lespri a, se pou nou mache pa Lespri a tou” (Galat 5:25).

Epi sa yo pa sèlman kanpe kont; men tou, li enposib pou moun kache li. Pa genyen okenn fòm pou moun kache okenn nan de bagay sa yo, menm si se kote chanalite domine lavi a, sa vle di ke se pou Lespri Sen an kontwole li.

Non sèlman Sentespri a ede nou “nan feblès nou” (Women 8:26); men tou li transfòme nou pou nou vin kolaboratè Bondye ki efikas nan devlopman sèvis li nan mond lan. Ebyen, kòm disip Seyè a, nou dwe viv yon lavi ki ranpli ak Sentespri a (Efezyen 5:16-19) epi demonstre li jou aprè jou.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki diferans nou jwenn ant sa ke apot Pòl di nou nan Efezyen 1:13 (“...nou te sele avèk Lespri pwomèsla”), l’enperatif la ke nou jwenn nan Efezyen 5:18 (“...se pou nou ranpli ak Sentespri a”)?
- Ki kondisyon ke kreyen an bezwen pou li kapab toujou rete ranpli ak Sentespri a?

## IV. Toujou di mèsi epi pou tout bagay (Efezyen 5:20)

Nòmalman, ekspresyon tankou “toujou” epi “pou tout bagay” laj anpil epi anvlope tèlman anpil, ke li nesesè pou nou itilize yo avèk anpil atansyon. Lè ke la a, yo itilize nan pawòl Bondye a; se sa ki fè, nou pa kapab ni pa dwe mete yo sou kote. Ebyen, èske li posib pou yon moun toujou bay epi di Bondye mèsi nan non Jezi ki se Kris la? Li pa sèlman posib; men anplis de sa, li nesesè epi li jis.

### A. Toujou vle di “toutan”

Se rekonesans de sa ke li fè nan lavi nou. Nou pa dwe janm blye jan ke Bondye te libere nou anba peche epi pèmèt ke, menm si nou pat konprann li konsa, ke tout sa ki te kontribye nan byennèt espirityèl nou (Efezyen 2:8). Tout sa ki bon nan kondisyon ke nou ye kounye a se yon kado Bondye.

Se aseptasyon. Sa a se teren aksyon ke nou fenk posedè nan kè nou pou Bondye. Se ladan li kounye a, Bondye antre annaksyon pou li motive, entwi, korije; sa vle di, travay byen di pou akonpli objektif li a nan lavi nou (Sòm 138:8).

Se lafwa ak esperans. Di mèsi pou lavni siyifi aksepte ke Bondye deja la; ke li deja ap travay pou ke lè “nou rive la”, tout pwomèsla yo vin tounen royalite. Nan plizyè lòt mo, se kwè ke tout sa ki soti nan Bondye, menm si se

aparans nan tan prezan, li bon epi se pou pote kè poze nan lavi nou. Li siyifi tou kwè ke Bondye, menm si li pa fasil pou li aji avan lè ki te fikse a rive, li pa janm rive ta (2 Pyè 3:9).

### B. Tout bagay sa siyifi “chak bagay ki pase nan lavi nou”

Pòl te fè nou sonje sa nan I Korentyen 5:18. Salmis la te byen klè tou nan aspè sa epi li te ede nou konprann pou ki motif ke nou dwe di Bondye mèsi.

1. Di mèsi, paske Bondye se Bondye (Sòm 136:1-3): paske li revele nou ke Li pa youn an plis; men pito reyèlman, Li se sèl vrè Bondye a ki san parèy. Sòm 136 sa fè nou sonje ke zèv li yo bay gwo temwayaj sou divinite ak pouwva li.
2. Di mèsi pou kreyasyon an (Sòm 136:4-9): Tout sa se travay ke li kreye avèk pwòp men li. Li te kreye epi pran swen sa ki te kreye yo. Kreyasyon kote lòm soti a, se li menm ki twouve li pi wo ke Bondye fè pou ke li te antre nan relasyon avèk nou epi demonstre nou pi bon lanmou li nan yon fason ki volontè. Sa yo se motif ki byen pwisan ki pou ankouraje nou di Bondye mèsi.
3. Di mèsi, paske li te padone peche nou yo (Sòm 136: 10-22): Liberasyon Izrayèl, Pèp Bondye a, se menm bagay ak liberasyon nou an anba peche. Bondye te fè yon bagay san panse epi enposib pou rès kreyati yo (mitoloji oubyen reyèl) nan linivè a: Li te voye sèl Pitit li a pou fè padon peche nou yo posib pa lafwa. Li te fè sa ki enposib pou nou yo posib (Women 5: 6-8).
4. Di mèsi, “...Paske li pap janm sispann renmen nou” (Sòm 136: 4a): “Pap janm sispann” se yon fason pou di mèsi pou sa ke Bondye te fè epi pou sa ke l’ap kontinye fè. Bondye, li pat sèlman fè gwo mèvèy yo, men tou li pral fè bagay ki pi gwo toujou.

Finalman, nou rekonesan; paske “Tansèlman, nou konn sa byen: nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l’, pou byen tout moun li te fè lide rele” (Women 8:28a).

### Kesyon Opsyonèl

- Kòman nou kapab pratike Efezyen 5:20 nan lavi chak jou nan nivo ki pèsonèl?

### Konklizyon

Pwisans restorasyon lavi a, lanmò ak rezireksyon Jezi ki se Kris la ki anonse nan levanjil la se sa ke Pòl te eksperimente ak anseye nan legliz la. Si kò Kris la deside mete men ak Bondye pou fè sovtaj ras limanite a posib totalman; ebyen, nan premye lye, li dwe aksepte lavi tou nèf ki anonse nan levanjil la pa lafwa. Epi, nan dezyèm pozisyon, demonstre efikasite li byen klè epi temwaye san poze jouskaske Jezi retounen. Nan fason sa, l’ap byen pwofite tan; “paske jou yo move” (Efezyen 5:16).

# Youn anvè lòt

Germán Picavea (Ajantin)

**Pasaj biblik etid la:** Efezyen 5:21-6:9

**Vèsè pou aprann:** “Se pou nou obeyi youn lòt.” Efezyen 5:21

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la konprann modèl biblik yo ki gen pou wè avèk relasyon entèpèsonèl yo, yon fason pou li kapab viv li nan relasyon li yo chak jou.

## Entwodiksyon

Nan ekpozisyon sa osijè de levanjil Kris la nan Galat ak Efezyen, nou rive nan chapit 5 ak 6 lèt moun Efèz yo kote ke apot Pòl te touche pwen relasyon yo. Li te fè sa konfòm avèk reyalite sosyete ak kilti ke li t'ap obsève a, nan tèm relasyon yo, se yon reyalite ki te vrèman diferan de modèl ki soti nan Bondye a. Tèks biblik ki enterese nou jodi a kòmanse depi nan chapit 5:21 pou rive nan 6:9. Nan 22 vèsè sa yo, Pòl te mete yon pwoblèm ke sosyete a t'ap fè fas sou tab la ki se: Rejè dwa tout fanm yo espesyalman nan espas familyal kòm madanm ak manman; ti moun yo, nan ka sa a, se ti moun yo; ak travayè yo, nan epòk sa se te esklav yo. Swiv byen pou w sek e nan fè referans a chak relasyon sa yo, apot Pòl souliye chak viktim ki nan chak relasyon: pou madanm yo (5:22) epi pou manman yo (6:2), pou pitit yo (6:1) epi pou domestik yo (6:5). Yon detay ki pale nou osijè de entansyon ekriven an pou onore moun k'ap resevwa move tretman yo epi ekspose yon nouvo modèl pou relasyon moun ak moun yo nan plizyè etap diferan nan lavi a.

Jan ke nou déjà kòmanse etide a, Galat avèk Efezyen, se de lèt kote ke nou wè kòman Pòl t'ap sansiblize lektè li yo pou yo onore sakrifis Kris la pandan ke y'ap viv lafwa nan lavi yo chak jou. Depi nan Efezyen chapit 4, apot la te prezante plizyè aspè diferan sou nouvo lavi nan Kris la. Li te fè yon ekspozisyon byen detaye ak konprensib osijè de kòman lafwa nan Kris la dwe mete an pratik nan tout branch nan lavi a. Nan sans sa a, Pòl fòse fè yon paralè ki detaye epi byen pratik ant lavi avan an (4:17-19) ak aprè Kris la (4:20-21). Nou kapab wè entansyon Apot la ki byen klè pou ke moun ki resevwa lèt li yo te kapab konprann ke yo t'ap viv diferan de zanmi yo te genyen ki pot ko gen Kris yo. Nan etap literè sa, Pòl te fè referans ak lavi nan relasyon yo, pandan ke li t'ap afwonte nan yon fason ki byen radikal yon kontèks sosyal totalman kontrè.

Vèsè pou aprann nan se pwen santral tout pasaj la. Se tankou melodi ki akonpanye tout yon chanson. Si nou pèdi melodi a, nou riske chante lòt kantik. Apot Pòl di “youn lòt”. Se sa ki fè ke, tout moun sa yo k'ap viv nan Kris la, yo aple pou yo soumèt yo youn anvè lòt pa mwayen reverans

devan Bondye. Li klè ke nouvo modèl relasyon pou lavi sa rezève pou moun sa yo ki kite Sentespri a gide yo (5:18). Kòmantaris Wliam Barclay di kreyen Efèz yo konsa: “Yo pat pran plezi nan limyè okipasyon yo, pwofesyon ak estati sosyal yo; yo te pran plezi nan limyè Kris la epi se poutèt sa ke yo te dekovri diyite yo chak, epi yo te respekte ak onore youn lòt avèk fasilité”. (Kòmantè Nouvo Testaman, Galat ak Efezyen, William Barclay, Ajantin, 1984, Edisyon Lowò, p.175).

## I. Madanm ak Mari yo

Lè Pòl te ekri lèt sa, maryaj la se te yon kesyon de pouvwa ak dominasyon gason yo sou fanm yo. Tout dwa yo se te pou gason yo epi pat genyen menm yon sèl ki te la pou pwoteje fanm. Sonje byen, apot Pòl te ekri lèt sa a pou moun sa yo ki te fèk ap konvèti nan krisyanis la ki t'ap trennen kalite lavi ak move pratik ki te kontrè ak nouvo lavi nan Kris la. Se poutèt sa ke apot Pòl te bay mesye marye yo kòmandman sa yo ki vrèman sevè (lòd) ki refere ak mari yo (w.25-33) pou relasyon matrimonial la. Pèz aksyon an baze li sou mari a, ak sa nou jwenn ki (endike) a, madanm nan (w.22-24) se pa plis pase repons li anvè mari li k'ap viv anba pouvwa Sentespri a, nan krent pou Bondye (v.21).

Nan I Korentyen chapit 13, depi 10 zan avan, Pòl te prezante lanmou an kòm chemen ki plis ekselan pou relasyon entèpèsonèl yo. Li te byen klè nan panse li yo, li te swiv menm ide a epi prezante lanmou an nan kontèks moun ki marye nan premye syèk yo. Yon bagay ki dwòl epi odasye, epi se plis, paske li pa pale sou nenpòt kalite lanmou, men se pito lanmou agapè, ki renmen menm moun ki pa merite l la; lanmou ke Kris la bay la, yon lanmou ki te bay tout nèt san rezèv (Jan 3:16; Filipyen 2:1-11). Fason ke Pòl te fè referans ak marye yo enteresan anpil, nan yon fason ki espesyal epi li te fè anpil repetisyon lè li t'ap itilize tèm (legliz, kò) ki ede moun konprann nouvo konsèp ke li t'ap prezante a. Pòl te ekri: “Nou menm, mari yo, se pou nou renmen madanm nou menm jan Kris la te renmen legliz la, jouk li te asepte mouri pou li” (Efezyen 5:25). Se pou mari yo renmen madanm yo menm jan yo renmen pwòp tèt pa yo. Yon nonm ki renmen madanm li, li renmen pwòp tèt pa

li tou (v.28). Pesonn pa janm rayi kò li. Okontrè, li ba l' manje, li pran swen l', tankou Kris la ap fè sa pou legliz la (v.29). Men, li bon pou nou tou: se pou chak mari renmen madanm yo tankou yo renmen tèt pa yo, epitou se pou chak madanm respekte mari yo (v.33).

Nouvo modèl sa te revolisyònè pou epòk sa, epi se menm bagay la tou jodi a, si nou gade nan alantou nou avèk atansyon. Ni nan premye syèk la, jodi a, moun ki marye yo pa atenn dimansyon ke Bondye te mete yo pou yo atenn nan. Koze endividiyèl ak posesyon pouvwa (avèk eksplikasyon oubyen san eksplikasyon) se bagay k'ap fonksyone nan silans nan mitan koup nan moman ke n'ap viv la. Apot Pòl t'ap eseye bay koup yo valè ke yo te genyen depi nan tan lontan epi ba yo empòtans kòm kreyati Bondye nan yon relasyon ki pa genyen okenn diferans (5:21).

Pòl te kontinye ap swiv liy panse li yo: "Nou tout, nou te resevwa batèm pou n' te ka viv ansanm ak Kris la, nou mete sou nou kalite ki nan Kris yo. Koulye a pa gen diferans ant moun ki jwif ak moun ki pa jwif, pa gen diferans ant moun ki esklav ak moun ki pa esklav, ant fanm ak gason. Nou tout nou fè yonn nan Jezikri" (Galat 3:27-28). Si ou se moun Kris la, enben ou se ptitit ptitit Abraram. Ou gen pou resevwa eritaj Bondye te pwomèt la (Galat 3:29). La ke apot Pòl te ekri: "Nou menm, medam yo, soumèt devan mari nou tankou nou soumèt devan Seyè a" (v.22) li te fè sa pi devan lè li di konsa "Se pou nou youn soumèt devan lòt nan krentif pou Bondye". Soumisyon sa a dwe pou yo tou de a, pèsòn pa dwe janm panse ke moun nan dwe soumèt paske li se fi oubyen gason. Pòl pat ekri sa pandan li t'ap panse ak otorite oubyen prezante yon estanda chèf, li te fè li nan lide pou restore modèl ki te enplante nan Genèz 2:24. Relasyon ant moun ki marye yo ke ekriven an prezante a fè yo rive atenn linyon pou fòme yon sèl kò. Sa ke Pòl t'ap di a se te: Se pou fi ki marye yo fè yon sèl avèk mari yo paske: (1) yo soti nan menm nati, yon bagay ki totalman diferan ak panse moun premye syèk yo; (2) yo fè pati yon sèl kò, yon bagay ke mari a pat menm panse sou li nan epòk sa; epi nimewo (3) yo responsab fanmi ak relasyon matrimonial yo a devan Bondye, yon bagay ki te yon pouvwa pou mari a epi li pat janm fè yon ti chita pale avèk madanm lan.

Nan pwen sa a, li nesesè pou nou fè yon ti kout je sou vèsè 23, epi espesyalman nan mo ki tradwi kòm "tèt". Mo sa a itilize pou demonstre otorite mari a sou fanm nan. A mwens ke apot la fè yon tounen an won nan panse li, nou pa kapab panse ke lè li itilize mo sa a, se paske li te vle etabli yon gouvènans akoz de kalite sèks, nan konstwi plizyè kategori ant fanm avèk gason yo, defini yon liy otorite nan relasyon matrimonial la oubyen kenbe relasyon matrimonial yo san chanjman aprè ke yo fin anbrase lafwa nan Kris la. Tout sa yo fè nou panse ke Pòl te itilize mo tèt la nan sans "orijin nan" oubyen "sous lavi". Se la ke li te ekri "menm jan ke Kris la se orijin oubyen sous lavi pou legliz la", lòm nan te orijin oubyen sous lavi pou fanm nan (Jenèz 2:21-22). Yon bagay ki ede konpreyansyon an se konklizyon ke ekriven an te itilize nan

trètman menm dosye a lè li te ekri moun korent yo epi di konsa: "Men, nan lavi n'ap mennen ansanm ak Seyè a, fanm bezwen sèvis gason, gason bezwen sèvis fanm. Paske, menm jan se avèk moso kò yon gason Bondye te kreye fanm, konsa tou se nan vant fanm gason soti. Men, tout bagay soti nan Bondye" (I Korentyen 11:11-12). Pòl te montre byen klè ke bò kote relasyon matrimonial yo, genyen yon sèl "chèf" sou tèt yo tout, epi sa se Kris la, li menm ki pat janm delege plas ak otorite li nan okenn sèks; epi lòt bagay ankò, pasaj la pa genyen anyen pou wè avèk dominasyon youn sou lòt, men pito se avèk lanmou youn pou lòt (4:2). Zèv delivrans Kris la reflete nan lavi konjwen yo lè yo swiv prensip soumisyon yo, lanmou ak sèvis youn ak lòt.

## Kesyon Opsyonèl

- Daprè sa ke nou sot wè nan pasaj la, kòman relasyon ant konjwen yo dwe ye?

## II. Ptit ak Paran yo

Yon lòt bagay ki anglobe "se pou youn soumèt avèk lòt nan krentif pou Bondye a" se relasyon ptit ak paran yo. Wi, yon relasyon ki pa mache selon tèks la. Yon relasyon nan premye syèk la ki te otorité, abitrè ak vyolan. Gwo pouvwa absolu a ap tante papa a (nonm nan) epi, san dout, nou kapab di ke timoun yo te sanble esklav plis pase ptitit. Manman an pat konte nan relasyon sa epi si l te konn fè sa se sèlman pou li te swiv enstriksyon papa a. E menm genyen kèk otè ki pale de tèm enfantilizasyon madanm nan, pandan yo t'ap fè kwè ke fanm nan te resevwa trètman tankou yon ptitif anplis.

Pòl te kanpe kont tout sa ki te konn ap pase nan relasyon familyal yo epi ba yo yon nouvo modèl relasyon ant ptitit avèk papa yo. Li te trè dirèk epi klè. Li pote moun sa yo ki te san dwa ak vwa nan mitan wonn sant lan:ti moun yo. Souliye byen epi w'ap wè kòman ke li te dirije li ak timoun yo avan! Se menm jan avèk fanm yo, Pòl te reòdone relasyon yo epi retounen bay ti moun yo plas ki te pou yo a. Apot la te mande ti moun yo pou yo te obeyi paran yo (yo tou lede), epi pou yo fè li nan obeyisans kòmandman Seyè a (v.1-3). Se pou di nan yon lòt fason, se pou nou soumèt nou devan paran nou yo nan krentif pou Bondye.

Yon lòt tradiksyon ki posib nan Efezyen 6:1-3 se ta: "Ti moun yo, se pou nou obeyi papa nou avèk manman nou jan sa dwe ye nan mitan kreyen yo. Onore manman ak papa nou ki se premye kòmandman ki vini avèk yon pwomè, pou ke lavi w kapab vin pi long sou latè". Lè Pòl te fè referans ak timoun yo, li pat fè distenksyon sou sèks, li te trete ptitit fi avèk ptitit gason yo menm jan. Li te bay tou lede lòd epi fè yo tout konnen konsekans ke obeyisans lan gen pou pote. Li te fè yo wè byen klè ke lavi abondans lan se pa yon dwa okenn sèks an patikilye, men pito se yon konsekans dirèk akoz de obeyisans paran yo (tou de) nan krentif pou Bondye.

Yon lòt fwa ankò, Pòl te vrèman klè epi sèlman nan vèsè (v.4), li te siyale paran yo pandan ke li t'ap konfwonte sitiyasyon ki t'ap fè aktyalite nan moman an. Nan bon sans, Pòl te vle mande yo tou pou yo te soumèt ak pitit yo nan krentif pou Bondye. Pa janm bliye ke yo se kreyasyon Bondye, menm jan avèk nou, nou te resewwa yo pou nou leve yo epi itil nan wayòm nan (Pwovèb 22:6). Apot la te frape gwo otorite abitrè papa a (gason) epi li te menm jan avèk timoun yo (manman avèk papa) epi li te montre yo responsablite ki differan nan relasyon familyal la. Responsablite avèk dwa ak obligasyon pou timoun avèk paran yo.

Yon detay ki byen klè sou dosye paran yo, se ke yo tou de (manman ak papa a) yo responsab devan Bondye pou leve, fè edikasyon ak bay timoun yo disiplin. Sa se pa sèlman yon ide Pòl, men pito se yon ansèyman ki soti nan Bib la selon (Jenèz 1:28; Egzòd 20:12; Levitik 1:8, 6:20; Lik 2:51 ak Kolosyen 3:20). Yon responsablite ke pèsòn nan paran yo pa dwe evite, men pito yo dwe mete tèt yo ansanm pou yo asime li yon fason pou yo dakò sou plizyè aspè differan ke levasyon ti moun yo mande.

Pòl pat bay paran yo anpil detay, li te sèlman bay yo lòd pou fè levasyon timoun yo konsa: Leve yo. Nan epòk sa a, mo sa a te fò anpil. Pou moun sa yo ki soti nan branch fanmi payen yo, manda ki te "fè levasyon yo nan disiplin ak egzòtasyon nan Seyè a". Yon lòd ki parèt pou kraze koutim yo sou sa ki gen pou wè avèk levasyon timoun yo. Fè yo fè kòlè, fè yo viv yon lavi nan remò ak tristès se te yon bagay ki natirèl, se la ke apot la te oblige ba yo yon gwo lòd pou di yo ke sa pat dwe kontinye konsa. Nan yon lòt mo, li te di yo konsa: "Fè levasyon yo..., literalman ki vle di, ba yo manje, pran swen yo, fè edikasyon yo epi fè yo devlope. NAn kontèks pa yo a, sa te genyen ladan li pou yo te konsidere ak renmen yo, olye pou yo t'ap refize oubyen touye yo jan sa te konn abilitye fèt, sitou pou pitit fi yo, oubyen sa ki te konn prezante kèk siy feblès oubyen te fèt avèk kèk andikap fizik.

Zèv delivrans Kris la reflete li nan lavi fanmi an se lè ti moun yo avèk paran yo swiv prensip soumisyon, lanmou ak sèvis anvè youn lòt.

## Kesyon Opsyonèl

- Èske w dakò avèk konsèp de ka papa avèk manman yo tout responsab devan Bondye pou yo fè levasyon, edike ak bay timoun yo disiplin? Wi\_\_\_\_ Non\_\_\_\_, Pou kisa?

## III. Esklav yo avèk mèt yo

Yon lòt fwa ankò, Pòl te leve kont lòd ki te etabli a, li te siyale espesyalman relasyon ant esklav ak mèt yo. Deja ke Aristòt, depi 300 zan avan te gentan devlope 30 teyori osijè de esklavaj pou demonstre ke se te yon bagay ki natirèl, daprè li menm, genyen kèk moun ki te fèt pou kòmande epi kèk lòt te fè pou resewwa kòmandman. Filozòf grèk la te fè kwè ke esklav yo se te yon kalite zouti ki vivan ki

pat differan de animal yo epi ki te genyen kò yo differan de kò moun ki te lib yo, sa vle di ke yo te deja prepare pou esklavaj. Nan premye syèk la, kote ke se Anpi Women an t'ap domine a, pi fò nan popilasyon an se te esklav epi yo te konn fè prèske tout travay yo. Yo pat genyen okenn lwa ki te an favè yo pou pwoteje yo epi mèt yo te genyen tout pouwva sou yo, yo te kapab menm touye yo san sibi okenn konsekans pou Krim nan. Yon relasyon ki totalman abitrè ak bestyal.

Nan mitan reyalite sa a, Pòl te pale avèk moun san valè nan epòk sa yo an premye: esklav yo. Nou kapab imajine nou kote moun sa yo ap koute nouvo modèl relasyon yo, deja ke lafwa ki nouvo a se te anbrase ni esklav ni mèt yo tou (Filemon ak Onezim) epi yo tout t'ap viv ansanm nan kominote a.

Nou kapab di ke nouvo modèl ke Pòl te etabli a se yon fason pou l te efase koze esklavaj la. Pòl te deja di moun Korent yo konsa ke lè yon esklav konvèti nan Kris la, li vin yon moun ki lib nan Kris la, epi mèt esklav la te vin yon esklav Kris la (I Korentyen 7:22).

Esklav yo te libere nan travay pou mèt ke yo genyen sou tè a, Pòl te ede yo konprann ke travay yo ta genyen pou yo fè yo se pou Kris la dirèkteman, vrè Mèt yo a (vv.6-7). Nan sans sa a, apot la te plase domestik yo nan yon nivo ke yo pat janm konn konsidere avan antan ke moun. Epi pou fini avèk kritè a, Pòl te itile mo (fè) pou mèt yo, yon fason ke Kris la te konn itilize pou montre egalite pa mwayer sèl Seyè a; pandan yo te dwe kite tout vye abitud avan yo (v.9). E poutan, nou konprann ke lè Pòl te mande yo pou yo te sispann fè menas yo, li te fè apèl ak mèt yo pou yo itilize respè ak jistis anvè esklav yo. Apot la te mete esklav ak mèt yo nan menm nivo. Esklav ak mèt soumèt youn anvè lòt nan krentif pou Bondye (v. 9).

Zèv delivrans Kris la vin reflete nan lavi laboral lè chèf, otorite, siperyè ak travayè, moun ki gen kontra ak sibaltèn yo swiv prensip soumisyon an, lanmou ak sèvis youn anvè lòt.

## Kesyon Opsyonèl

- Lè n'ap swiv modèl relasyon ke apot la prezante a, kisa ki dwe konpòtman mwen nan travay la? Bay opinyon pa ou.
- "...sispann fè menas..." (v.9) Kisa ki ta dwe sèvi pou jodi a?

## Konklizyon

Pasaj ki nan Efezyen an montre nou ke se sèlman Bondye ki pi wo pase tout moun: fanm ak gason san patipri. Ke nouvo nati a nan "Kris la" epi "ranpli ak Lespri a" mande yon nouvo fason pou nou relasyone nou nan plizyè aspè differan nan lavi chak jou nou yo: Se pou nou soumèt youn anvè lòt nan krentif pou Bondye.

# Lavi Entegral Kretyen An

Dezyèm Trimès

Tanperaman nou nan men Bondye  
Zouti yo kont fòs demon an  
Jezi, Sovè nou an  
Yon pèsonalite kretyen  
Kontwòl eta dam yo  
Piga nou twouble, aji lafwa nou!  
Sa ke Bib la di nou sou estrès  
Bondye padone moun ki padone yo  
Viv ak kè kontan!  
Ann pran swen tanp lan!  
Bondye ki konn geri a  
Pi gwo esperans lan  
Sipòte maladi yo nan Bondye



# Tanperaman nou nan men Bondye

Natalia Pesado (Etazini Ameriken)

## Pasaj biblik etid la: Travay 22:1-16

**Vèsè pou aprann:** “Pito ou aji ak pasyans pase pou ou fè fòs sou moun. Pito ou konn kontwole tèt ou pase pou ou gwo chèf lame k'ap mache pran laval.” Pwovèb 16:32

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la konnen epi konprann ke pa gen anyen ki enposib pou Bondye; sa fè ke li kapab fè tout bagay vin nouvo nan tanperaman nou.

## Entwodiksyon

Pou kòmanse panse ak tèm lesion sa a, nou sigjere w poze elèv ou yo kesyon sa yo:

1. Kòman n'ap defini mo “tanperaman”?
2. Kòman ou ta defini pwòp tanperaman pa ou?
3. Kòman w ta defini tanperaman konjwen w lan oubyen pa pitit ou yo?
4. Èske w ta kapab panse ak plizyè nan tanperaman yo ke w ta renmen vin diferan?
5. Èske w te fè yon bagay nan tan pase a pou w te eseye chanje tanperaman yo?

A pati de kesyon sa yo, etabli yon moman pou dyalòg ak pataj repons avèk opinyon ant elèv yo.

Tanperaman oubyen karaktè a (jan nou rele I la byen souvan nan langaj espagnòl la) se yon mo ke nou itilize pou nou dekri pèsonalite moun yo. Konsèp sa genyen ladan li fason ke moun nan ye jeneralman; sa vle di, fason ke yon moun toujou santi li “prèske toutan” fason ke moun nan santi li ak reyaji tou (san panse ak reflechi oparavan). Se yon tèm ki vrèman enteresan; déjà nou se kreyati yon Bondye ki gen bon konprann ki te reyalize yon travay kreyatif ki bon nèt. Konsa, pandan plizyè etap diferan yo nan kreyasyon an, anpil nan fwa yo nou li ekspresyon tankou: “...Epi Bondye te wè I bon” (Jenèz 1:10, 12, 18-21, elatriye.). Se sa ki fè ke Jodi a, nou pral etidyé plan pafè ke Bondye genyen pou tanperaman nou.

## I. Tanperaman lòm nan sikoloji

Tanperaman se yon konsèp nan sikoloji ki dekri tandans karaktè ak konpòtman yon moun. Sikològ yo te etidyé tanperaman moun atravè plizyè etap diferan nan lavi, depi nan timoun pou rive nan granmoun. Otè Gartstein ak Rothbart (2003), avèk Goldsmith ak Herman (1994) di ke “ti bebe yo montre anpil diferans endividiyèl osijè de tanperaman”, “genyen kèk ki kriye pi plis pase lòt, genyen kèk ki plis aktif. GENyen kèk ti moun ki renmen lè moun

anbrase yo; genyen kèk ki rekòde kò yo lè moun pran yo mete sou ponyèt yo. Genyen kèk ki trè reyaktif ak sa ki nan antouraj yo, pandan ke anpil lòt rete byen trankil san yo pa menm enterese yo de sa ke yo wè ak tandé” (Morris, Charles ak Maisto, Albert A. Sikoloji. Meksik: Prentice Hall, 2009, p.388). Syantifik Rothbart, Derryberry ak Hershey (2009) ajoute ke “tou depann de kòman sa ki kòmanse nan tanperaman yon bebe (yo mansyone plizyè eksperyans matènèl pandan gwo sèvèl la), (Morris, Charles ak Maisto, Albert A. Sikoloji. Meksik: Prentice Hall, 2009, p.389). Definisyon sa yo ede nou konprann ke tanperaman moun nan fòme depi tou piti, epi li pran fòm pa mwayer eksperyans ke yon anbriyon fè depi andedan vant manman li epi pandan premye ane yo nan lavi li, anba swen granmoun yo ki pou fè levasyon yo epi edike yo. Nou kapab konkli pou di ke, nan kòmansman, nou pa genyen anpil desizyon pèsonèl osijè de tanperaman. Selon sa ke sikològ yo etidyé, yon fwa ke tanperaman fin pran fòs, li kapab rete nan nou pou yon peryòd de tan ki byen long epi make oubyen gide konpòtman reyakson nou yo.

Bondye, nan pawòl li, kòm Kreyatè tanperaman, li ban nou yon gid tou pou nou konprann yon pati nan pèsonalite nou an pi byen ki kapab koze anpil pwoblèm nan kèk sitiasyon, si tandans reyakson nou yo negatif. Nan sans sa a, tanperaman san disiplin nou an kapab lakoz ke nou peche kont Bondye pa mwayer kòlè dekontwole, koutim fè dezòd yo, ak chwa ki koze doulè kont lòt moun (pa egzanp: Vyolans fizik oubyen vèbal, malonèt ak enfidelite, irresponsabilite ak mank de disiplin, lizay de move aliman, elatriye.).

Apot Pòl di konsa nan Women 7:24-25: “Ala malere mwén malere, mezamni! Kilès ki va delivre m’ anba kò sa a k'ap trennen m’ nan lanmò? Gremesi Jezikri, Seyè nou an, mwén ka di: Mèsi Bondye! Konsa, men ki jan mwén ye: dapre konesans pa mwén, mwén se esklav lalwa Bondye a. Men, dapre sa m’ santi nan tout kò mwén, mwén se

esklav lalwa peche a". Nan lesion sa a, nou pral etidye osijè de pouvwa Sentespri a pou ede nou ranje tanperaman nou vè volonte Bondye epi tou se pou glwa non Li.

Pou gid, nan seksyon sa a nan etid nou an, nou pral pran echantyon ke Gerardito Murillo pataje nan paj entènèt li a. Otè sa eksplike kat kalite tanperaman ke sikoloji a dekri avèk anpil jantiyès ak yon fason ki byen pratik, yo menm ke nou pral wè pi devan la.

## SANGEN AN

Calite: Cho epi ge, li genyen "anpil aktivite". Renmen pale, li toujou gen pawòl pou I di. Li pa genyen okenn enkyetid, demen ki fè I pè, ni le pase pa nwi li. Li fò nan rakonte istwa. Li viv jou li wè devan I lan. Li renmen kapte atansyon moun nan konvèrsasyon li yo. Li vivan. Li genyen yon gwo kapasite pou I jwi de tout bagay. Kòdyal.

Defo: Li kriye fasil. Li pa repoze fasil. Li renmen antre an kòlè trè fò. Li renmen pran desizyon ki emosyonèl. Li achte bagay ki te trè enpòtan. Li renmen konsantre li twòp.

## KOLERIK LA

Calite: Sèten epi solid nan desizyon li yo, li volontè epi fò. Li renmen bay tèt li detèminasyon, li trè pozitif, li entèlijan epi li brav.

Defo: Anpil pwoblèm rive akoz de karaktè vyolan ke li posede. Li renmen riske epi li pa gen sansiblite devan bezwen ki san valè yo. Li pa tèlman emosyonèl epi li frète pi li pa apresye detay estetik yo. Li manke jantiyès epi li genyen yon karaktè ki sèk, li brave pi vyolan, li pa renmen wè dlo nan je, li renmen vanje kont nenpòt moun ki fè abi. Li gen anpil ògèy epi li pa renmen mande eskiz. Li toujou pran pòz ke li plis pase lòt moun.

## MELANKOLIK LA

Calite: Sansib epi li gen bon kè, li renmen fè analiz, li dou epi renmen reflechi.

Defo: Li pa renmen apresye epi li negatif, li renmen bay aparans moun ki nan soufrans. Li toujou aflije, epi li pa renmen pran plezi, li chaje ak ògèy epi li egois.

## FLEMATIK LA

Calite: Konfyab epi ekilibre, li genyen bon karaktè epi li antann li fasil, li renmen viv nan kè kontan epi li renmen lapè menm si li pa renmen pale. Li gen bonte epi li renmen fè moun rekonsilye youn ak lòt.

Defo: Li pa genyen konfyans nan pwòp tèt li, li toujou wè bagay yo nan yon fason ki negative epi li toujou gen la pèrèz, li aflije epi li renmen plen tèt li avèk prewokipasyon, li pa montre emosyon li yo fasil, li twò pasif ak endiferan epi li renmen mete li alèz menm nan mitan sikonstans difisil yo, nan fason ke moun egois.

Kilès nan kat kalite tanperaman sa yo ou kwè ki dekri w pi byen pèsonèlman? Sou entènèt la, ou kapab jwenn plizyè kesyonè ki kapab ede w konprann tèt ou pi byen

pèsonèlman. Èske w kapab panse avèk kèk konsekans defo tanperaman yo kapab pwodwi? Èske w kapab panse avèk kèk "kalite" ke w plis jwi nan tanperaman ou? (Pou kalite avèk defo yo, ann gade deskripsyon ki anwo yo). Li enpòtan pou nou rekonèt ke Bondye te kreye nou chak endividylelman, epi li te fè yon travay ekstraòdinè. Se pandan, peche a kapab afekte tanperaman nou tou. E poutan, Lespri Bondye a prè pou li ede nou vin lib anba sitiyasyon sa.

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa w panse osijè de definisyon ke syans sikoloji a bay la?
- Kisa ekspresyon ke apot Pòl itilize nan Women 7:24-25 a siyifi selon ou menm?

## II. Tanperaman lòm nan men Bondye

Nan Pawòl Bondye nou kapab jwenn plizyè moun ke Bondye te transfòme nan yon fason mirakile (Abraram, Toma, Pyè ki mansyone nan menm sous Entènèt ki pataje anlè a. W'ap kapab li plis osijè de sa la a, pou si w vle wè plis enfòmasyon sou chak pèsonaj yo. v

Lè n'ap li istwa yo, nou kapab remake ke Bondye ki se Kreyatè nou an, li konnen nou pafètman, e menm plis pase sa ke nou kapab konprann sou tanperaman nou. Pliske li konnen nou tèlman byen, se li menm sèl ki kapab fè pi bon "operasyon an nan kè nou" (nou konprann mo kè a la kòm "sous desizyon nou yo") ke nou bezwen pou nou wè chanjman nan tanperaman nou. Ann wè gwo istwa Pòl la ansanm. Youn nan premye aparisyon nonm sa a (nan kòmansman li te rele Sòl, epi aprè li te vin pote non Pòl) li te parèt nan Bib la kote yo t'ap kraze Etyèn anba kout wòch la. Nan okazyon sa a, nou wè kijan ke Pòl te konn wè vyolans jouska lanmò depi tou piti, pou I te defann prensip jwif yo nan epòk pa I la (Travay 7:58, 8:1). An mezi ke tan t'ap pase, nou wè kijan li te vin yon moun majè ki te genyen anpil kòlè ak raj kont kretyen yo ki t'ap pote anpil chanjman nan sosyete a nan epòk li a (Travay 8:3, 22:4). Pòl te konn travay ansanm avèk lidè ki te rete nan kominate I yo, nan mande lèt otorizasyon pou I t'ap masakre kretyen ke li te jwenn sou wout li yo (Travay 26:9-11). Nou kapab obsève ke tanperaman nonm sa te sadik anpil. Se sa ki fè ke Pòl te ekri pwòp agresivite li: "...maltrete yo nan tout sinagòg yo, mwen te fòse yo..." (v. 11). Fas avèk deklarasyon sa yo, nou kapab wè ke li te konn fè yo fè travay fòse. Aprè sa, li te kontinye pou I di konsa: "...mwen te fache jouk mwen pat kapab ankò..." (v. 11). Pa genyen pèsòn moun ki ta kapab di ke nonm sa t'ap kapab chanje tèlman fasil. Poutan, aprè konvèsyon li, kretyen yo pat kapab kwè nan chanjman an epi yo te pè li, pou si se ta yon manti (wè repons Ananyas te bay Seyè a nan Travay 9:13-14).

Nou kapab wè fason ke pouvwa Bondye te opere nan lavi Pòl; ki te fè ke tanperaman nonm sa te tèlman vin chanje, sa te fè ke kòlè li a te vin tounen lanmou. Kretyen li te tèlman rayi epi vle touye yo te vin tounen yon fanmi tou nèf pou li. Apati de moman sa a, Pòl te pare pou l te soufri nenpòt sa ki ta rive li pou yo gen lavi ki pap jamm fini an si sa nesesè. Nan li te ekri pou voye bay kretyen nan lavil Filip yo, Pòl te pale yo de nouvo lanmou ke li te santi anvè yo (Filipyen 1:3,8). Apati de konvèsyon an, lavi nonm sa te vin transfòme; pliske nan plas rayi, Pòl te vin ranpli avèk pasyans ak konsèy pou kwasans espirityèl kretyen yo. Nou wè kijan Bondye te itilize pasyon, fòs emosyonèl Pòl, epi li te transfòme li pou sèvis kretyen an. Ala yon gwo mirak enh! Se pou Bondye renouvele lafwa nou pou ke nou kapab kwè ke Li kapab fè chanjman ke tanperaman nou gen bezwen an!

Finalman, nou jwenn dènye mo apot Pòl yo nan Bib la, (2 Timote 4:6-8). Ala de bèl pawòl! Anverite, nou kapab wè objektif apot la nan plan final la: Lariye li nan prezans Papa a. Nou kapab konprann tou ke bon batay la te genyen ladan li, lit pèsonèl li te livre pou ke li te soumèt tout tanperaman li a Bondye epi dakò pou l te fè volonté Seyè a. Pòl te afime ke li te toujou mete konfyans li nan Jezi ki se Kris la, epi sa ki pi enpòtan an, lavi espirityèl li te gen solisyon, paske li nan men Bondye. Se Seyè a ki va bay rekonpans final la, li menm ki se yon jj ki pa nan patipri epi li konn tout bagay. Si gen yon moun ke nou kapab mete konfyans nou nan li, moun sa se Li menm. Ala bèl sa bèl lè n'ap gade trajekta apot la; lè nou wè transfòmasyon li nan men Bondye; epi li kijan li te rive jouskalafen soutè a avèk kè poze e kè kontan! Epi pi bèl nouvèl la se paske tout sa yo posib pou nou menm tou, si nou vle fè sa (Matye 7:7).

### Kesyon Opsyonèl

- Ki jan tanperaman Pòl te ye anvan li te konnen Bondye pèsonèlman? (Travay 26: 9-11) Dekri li nan pwòp mo pa ou.
- Ki jan tanperaman Pòl te fin konnen Bondye pèsonèlman? (Travay 26: 22-23, 29). Dekri li nan pwòp mo pa ou.

### III. Tanperaman pèsonèl mwen nan sèvis Bondye

Menm jan sa te pase avèk Pòl, nou menm tou nou kapab mete konfyans nou nan pouvwa Bondye jodi a. Prensip la se mete konfyans nan Li, Li menm kòm Kreyatè nou, Li kapab epi vle opere yon chanjman nan tanperaman nou. Anpil moun kapab genyen pwòp opinyon yo pou di ke dosye sa detèmine pa mwayen jenetic epi se sa ki fè ke se yon bagay ki la pou toutan. Mwen kapab konprann ke li nòmal pou ke gen kèk moun ki genyen yon tanperaman ki pi fò epi yon lòt kapab genyen li pi dou; san dout, nou genyen yon tandans ki natirèl nan fason ke nou tout nou ye. Se menm jan avèk koulè zye yo ak kèk predispozisyon

kò a fas ak kèk maladi (pa egzanp: Pwoblèm kè oubyen sik monte nan san), li menm ki detèmine pa mwayen kòd ADN, li menm ki gide nesans ak kwasans sekil yo ki nan kò a. Se pandan, eksperyans ak desizyon pèsonèl nou yo kapab fè sou jenetic la tou. Pa egzanp: Si mwen konnen ke mwen genyen yon predispozisyon nan dyabèt, mwen dwe batay pou m manje manje ki sen, pandan m'ap evite sik ak lanmidon nan rejim nan, epi fè egzèsis chak jou, menm jan ak vizite medsen toutan. Mwen dwe goumenm kont sa; paske mwen se yon lòm epi maladi a fè pati de egzistans mwen sou tè a. Se menm jan an tou, mwen konnen ke Bondye kapab pran kontwòl dyabèt la epi retire li nan kò mwen si se konsa li deside li nan vonlonte Li; paske jenetic la toujou anba pouvwa Bondye. Wòl pa m se toujou rete ap tann avèk lafwa epi fè volonté li chak jou: "paske pou Bondye pa gen anyen ki enposib" (Lik 1:37). Amèn!

Nou dwe kwè ke Bondye vle itilize pou glwa ak lonè non li ki sen. Se li menm ki te kreye chak pitit li yo avèk yon tanperaman ki diferan de lòt. Nou pa kapab di ke li vle pou nou tout menm jan nan sa ki gen pou wè avèk tanperaman; paske se li menm menm ki te fè yo diferan. Men, si peche a te itilize tanperaman nou pou fè peche; nou dwe konnen ke Bondye vle libere nou anba giyon sa. Li vle pou ke tanperaman nou vin itil pou ministè l la sou tè a.

Wòl nou se soumèt nou ak vwa Sentespri a k'ap gide nou, se li menm ki pi gwo konseye k'ap gide nou nan chak etap nan chemen an. Epi lè pafwa nou tonbe, Li va ede nou reprann fòs epi repran chemen ke Bondye te trase a.

### Kesyon Opsyonèl

- Make avèk yon X tanperaman ou wè ki plis sanble avèk ou a.
- Èske w genyen yon tanperaman ki fò, paske li fè w santi w fò epi renmen fè kòlè?
- Èske w genyen yon tanperaman ki twò dosil, prèske pa kapab pran yon desizyon poukout ou san sekou lòt moun?
- Èske tanperaman w jwenn anpil enfliyans nan emosyon yo, sitou tristès ak negativité?
- Ou kapab konsilte moun ki konnen w. Bondye kapab itilize pawòl moun ki nan fanmi nou yo, zanmi ak manm legliz yo pou wè nou k'ap reflete nan glas.
- Ki chanjman ou santi ke Bondye vle fè nan sa ki gen pou wè avèk tanperaman ou?

### Konklizyon

Sa ki plis enpòtan se chèche respons Bondye nan lapriyè; Li konnen kòman tanperaman nou kapab sèvi kòm benediksyon pou lavi nou avèk pa lòt yo. Epi lè Bondye fin travay, li pral montre tout moun a klè ke respons ak reyakson natirèl nou yo gen pou wè avèk volonté li a ki san tach. Epi tout sa yo ap vini avèk pi gwo glwa ak lonè nan pou non Seyè a.

# Zouti yo kont fòs demon an

Marcial Rubio (Perou)

## Pasaj biblik etid la: Mak 9:14-29

**Vèsè pou aprann:** "Se lapriyè sèlman ki pou fè kalite lespri sa a soti" Mak 9:29.

**Objektif leson an:** Se pou elèv la konnen ke posesyon demon an se yon reyalite ki tris; epi si nou pa prepare pou nou afwonte li, nou kapab pèdi batay la ak resevwa imilyasyon epi fè yo dezonore non Kris la.

## Entwodiksyon

Imajine w ke yon jou, yon vwazen w vin frape pòt kay ou pou mande w sekou. Ou kouri byen vit vin ouvè pou w konnen sa k pase. Lè w ouvè pòt la, ou gade ou wè vwazen ki rete bò lakay ou a ki kenbe ptit li a ki se yon adolesan k'ap tranble epi ap pale avèk yon vwa cho frèt. Epi menm kote a, ou gentan rann ou kont ke se pa vwa ti gason an reyèlman. Vwaze an di w konsa ke ptit li a te fenk ap jwe, men kounye a li gen yon demon ki antre sou li, epi li mennen l ba ou; paske li konnen ke ou se kretyen ki konn priye pou moun geri.

**Kesyon:** Kisa w ta fè nan ka sa? Èske w t'ap resevwa li oubyen ou t'ap bay yon eskiz pou w ka pa resevwa li?

Ka sila a kapab vin yon reyalite yon bon jou. Sa vle di, gen posiblite pou y'al chèche w pou yon ka konsa yon jou, oubyen petèt sa te kapab déjà rive w. Nan leson sa ki baze sou Mak 9:14-29, nou pral etidye fason ke Bondye vle pou n fè fas ak sitiyasyon. Nou jwenn istwa sa a nan Matye 17:14-19 tou. Lik 9:37-42. Se te yon ka posesyon demonyak ki te vrèman sevè ki te reziste kont tout efò disip yo.

## I. Imilye akoz de pwisans demon an (Mak 9:14-18)

### A. Yon papa ak yon ptit ki nan boulvès (vv. 17-18)

Evanjelis Mak te prezante ka yon papa ki te nan boulvès ansanm ak tout ptit li. Nou pa konnen si se te yon sèl ptit la; men sanble ke se te yon adolesan ki te konn soufri anpil atak malkadi ki te mete l fas ak lanmò. Paske li te konn lage l nan dlo ak nan dife, li te konn fè li graje atè a e menm fè li bay anpil kim nan bouch li, epi sanble sa te konn fè li pèdi anpil dlo nan kò l tou (v.18). Papa sa a, ki te byen renmen ptit li a epi li te demontre konbyen li t'ap veye sou li, li te chaje l

sou zèpòl li pou kouri avèk li nan yon distans de plizyè kilomèt pou al chèche disip Jezi yo, tèlman li te vle wè ptit li a geri. Ala bon sa ta bon si nou ta wè paran nan peyi nou yo ta tèlman responsab anvè ptit ke yo te fè yo konsa. Anverite nou t'ap genyen mwens pwoblèm nan nasyon nou an. Nan tan n'ap viv la, kantite timoun ke papa yo abandone yo tèlman anpil, se bagay ki kapab fè moun pè anpil.

### B. Yon papa ak ptit li pran desepsyon nan men disip Jezi yo (v. 18c)

Bib la mansyone sa ke papa atriste sa te di Mèt la: "... mwen te di disip ou yo pou yo te chase li pou mwen, yo pat kapab non". E poutan, nan kèk moman, menm disip sa yo te vrèman popilè tèlman yo te konn byen akonpli misyon ke Mèt la te konn voye y'al reyalize yo: Se pou nou geri malad yo, netwaye moun ki gen lèp yo, resiste mò yo, chase demon yo..." (Matye 10:8; Douz disip yo pati; y' al mache bay nouvèl la pou tout moun tounen vin jwenn Bondye. Yo te chase anpil move lespri. Yo te pase lwl sou anpil moun malad, yo te geri yo (Mak 6:12-13).

Mesye sa yo ki te resevwa lòd ak otorite nan Seyè Jezi, epi ki te konn akonpli misyon yo san manke anyen nan yon premye tan, jou sa yo te vrèman tris epi resevwa yon wont devan tout moun ki te fè yon gwo eskandal. Paske bagay sa te pase devan yon gwo foul moun ki te vle wè, epi espesyalman eskrib yo ki t'ap chèche nenpòt ti motif pou ke yo te pale mal kont Jezi.

Fas avèk sitiyasyon sa kote ke tout efò gentan fin fèt pou papa sa ki te genyen yon sèl esperans ki te wè ptit li a geri, ki pat mache; pliske rèv li a te echwe devan feblès disip yo.

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa sitiyasyon nan Mak 9:18 la te montre nan konparezon avèk Mak 6:12-13 ak Matye 10:8?

## II. Libere anba pwisans demon an (Mak 9:14-27)

Nan moman sa, Jezi te fenk ap desann soti sou montay transfigirasyon an ansanm avèk manm gwoup ke li te konn toujou al priye yo, epi li te jwenn ke te genyen nèf nan disip li yo ki t'ap konnen imilyasyon ak lawont ki te pi mal la nan lavi yo.

### A. Jezi te montre prezans li (vv. 14-15)

Nan moman ke disip yo t'ap soufri lawont akoz de echèk yo, epi papa sa menm te santi li mouri ak feblès ak dezolasyon epi desepsyon ansanm avèk ptit li a; epi piblik la te jwi espektak la. Se nan moman sa ke Jezi te vin parèt. Menm kote a, tansyon an te vin plis monte kote ke lènmi Jezi yo te kòmanse ap leve fè gwo bri, epi menm kote a lafwa papa sa ki te pèdi esperans lan vin reyaktive ankò, li menm ki te panse ke tout bagay te fini pou li ak ptit li a. Ala bèl sa bèl pou yon moun genyen yon Seyè ak Mèt ki rive nan menm moman kote nou plis bezwen I lan! Epi sa a se pat yon kout chans; paske Seyè Jezi te konnen sa byen.

### B. Rèl yon papa ki nan boulvès pou sitiyasyon ptit li (vv. 17-18,21-22,24-27)

Nan move sikostans sa a, lè papa ti gason an te gade li wè Jezi parèt, li pat kapab sipòte dezespwa li te santi a, epi li te deside deranje kontantman ke anpil moun te genyen lè yo t'ap antoure Jezi pou salye li. Konsa, li sèten ke papa sa te kriye ak tout fòs nanm li: "...Mèt, ptit mwèn an genyen yon lespri bèbè sou li, men mwèn pote I ba ou" (v. 17). Menm kote a byen rapid li te genyen rakonte Jezi echèk disip li yo.

### C. Jezi libere ti nonm ki te gen move lespri a (vv. 20,26-27)

Aprè ke Jezi te fin repwoche tout moun, sitou pou disip li yo, li te bay lòd pou mennen ti gason an ba li (v. 19). Epi apèn ke yo te parèt devan Li avèk ti gason an, lè demon an te gade li wè Jezi, li te reyaji pandan li te sekwe ti gason an avèk gwo raj (v. 20). Seyè a te mande papa a pou I te rakonte I istwa maladi a; epi aprè li te fin rakonte Jezi tout bagay, li te di Jezi konsa: "...si w kapab fè yon bagay, gen pitye pou nou, epi ede nou" (v. 22). Aprè sa, papa sa rele di konsa: "...Mwen gen konfyans nan Bondye! Men, vin ede m' pou m' sa gen plis konfyans toujou" (v. 24). Epi devan gwo foul moun yo, Jezi te bay move lespri a lòd pou I te sòti sou

ti bway la epi pou I pat janm tounen vin sou li ankò (v. 25-26).

Yon lòt fwa ankò, demon an demontre rezon ki fè li egziste: "Vòlò, touye ak detwi" (Jan 10:10). Men lafwa se pa yon bagay ke lèzòm pa kapab rive atenn. Nou te kreye avèk kapasite pou nou kwè. Se poutèt sa, Kris te di nonm boulvèse a ki se papa ti bway la pou I te kwè sèlman. Matye Henry di konsa: "Menm si "lafwa" nou piti anpil, si li sense, genyen posiblite pou kè a vin mou epi jwenn gerizon anba doulè espirityèl yo" (Henry, Matye. Kòmantè Biblik Matye Henry. Espay: Editorial Clie, 1999, p. 1232).

## Kesyon Opsyonèl

- Ki atitid papa ti bway la te adopte lè li te wè Jezi (v. 17)?
- Èske yon fwa ou te priye pou liberasyon yon moun?
- Èske w kapab di ke sa se travay pastè/ak lidè yo sèlman?

## III. Zouti ki pou rann nou pa pran echèk devan demon (Mak 9:19, 29)

Lè tout bagay te fini, pou disip yo te reponn fas avèk desepsyon an, yo mande Jezi: "Pou kisa nou menm nou pat kapab chase li? (v. 28). Li te enpòtan anpil pou disip yo te poze kesyon sa a; men tou li enpòtan pou nou panse osijè de sa... Pou kisa disip yo ki te jwenn antrènman nan menm pi bon antrenè a, jwenn otorite ak komisyon pou geri malad, chase demon e menm resisite mò (Matye 10:8, Mak 3:14-15), epi avèk yon gwo eksperyans nan ranpli misyon yo te echwe? Kòman yon moun kapab rekipere itilite ak efikasite yon ministè ki pran echèk? Omwen te genyen twa epi se yo menm ki lakoz yon ministè esteril, pa itil ak san efikasite.

### A. Rejte enkredilite (v. 19)

Enkredilite a kontrè avèk lafwa ki konekte nou avèk gwo sous lavi, pwisans gerizon ak sanntifikasyon ki pa janm sispann koule a. Adam Clarke di konsa: "Pou kisa nanm nou yo pa janm fin geri konplètman? Pou kisa tout demon yo pa chase? Pou kisa, lògèy, lanmou pou pwòp tèt, lanmou pou mond lan, lanbi, kòlè, move lanvi [...] pa fin detwi nèt? [...] paske nou pa kwè. Jezi kapab fè menm plis, Jezi vle; men, se nou menm ki pa prè pou nou kite idolatri nou an; nou pa kwè nan Pawòl li; se poutèt sa, peche a rete abite nan nou; li domine lavi nou" (Clarke, Adam. Komantè Biblik, Tòm III. EIA: KPN, 1976, p. 95).

Nou kapab genyen anpil konesans, anpil responsabilite ki enpòtan, gwo eksperyans ministryèl; men... san pwisans. Finalman, sa pa vo anyen; pliske nou pa kapab bay sa ke nou pa genyen, epi nou bay yon desespyon ak mond sa ki nan grangou pou Bondye lè yo vin kote nou pou mande nou sekou. Nan sans sa tou, nou fè Seyè a wont, epi nou bay dyab la bò pou li pase nou nan rizib pandan l'ap montre enkapasite ak inefikasite ministè nou yo. Jodi a nou menm legliz kapab genyen anpil resous ke legliz primitiv pat jam genyen. Yo pat genyen okenn Bib enprime, yo pat genyen anpil tanp, yo pat genyen metòd teknoloji ke nou genyen kounye a; men lè yo te konn rankontre avèk kèk moun ki bezwen sekou Bondye, yo te kapab di li menm jan avèk Pyè: "Mwen pa gen ni lajan ni lò. Men, sa m' genyen an, m'ap ba ou li. Nan non Jezikri, moun Nazarèt la, leve ou mache" (Travay 3:6).

Se menm jan Warren W. Wiersbe di l la: "ala bon sa bon lè yon moun anfò espirityèlman; ou pa janm konnen kilè yon moun ap bezwen èd" (Wiersbe, Warren W. Rechèch Ekspositif Biblik, Tòm III. EIA: Editorial Caribe, 1995, p. 110). Men apa de sa yo, epi menm si yon moun se yon senp manm oubyen minis avèk tit pastè, evanjelis, siyentandan, misyonè, elatriye; li endispansab pou li konsève yon lafwa ki vivan pandan ke l'ap mache avèk Bondye.

## B. Enpòtan lapriyè a (v. 29)

Yon ministè ki manke lapriyè se yon ministè ki manke pwisans; epi mank de pwisans lan ap afekte temwayaj kwayan yo. Mank de priyè a ap fè pasyon pou Kris la vin febli, epi nou pap tèlman genyen gwo tristès pou nanm k'ap peri yo "lanmou nan pasyon pou Kris la pwodwi nan kretyen an yon gwo lanvi nan kretyen yo ki menm jan avèk sa ke Kris la te santi pou Sali moun k'ap peri yo. Kisa ki fè pasyon sa pran nesans menm?... Lapriyè! Priye menm jan ke kretyen nan tan Lapannkòt yo te konn priye a: toujou reyini, nan yon fason ki fò epi kontinyèl" (Greenway, Roger S. Ale epi fè anpil disipl. Costa Rica: Liv Defi yo, 2002, p. 93).

Si nou sispann priye, menm kote a nou tou kòmanse pèdi lavi ak frechè. "Sa ki ta dwe enpòtan, yon kò ki vivan vin tounen... yon bèl kadav" (Barclay, William. Kòmantè sou Nouvo Testaman, Tòm III. Espay: Editorial Clie, 1995, p. 257). Nou kapab genyen pi bon òganizasyon an, pi bon doktrin nan, nou se yon kadav.

Lapriyè a se yon resous ki fè nou rete an kontak avèk Bondye; li kontribye nan nouriti espirityèl nou; epi konsève nou lwen lènmi an (Jak 4:7; I Pyè 5:8).

## C. Enpòtan jèn nan (v. 29)

Nou kapab wè yon gwoup ki te genyen 9 disip ki te tonbe anba fawouch ak echèk [akoz] de mank lafwa yo (Matye 17:20), sa ki te rezulta mankman lapriyè yo ak absans disiplin ke yo te dwe bay tèt yo" (Plizyè otè. Kòmantè Biblik Beacon, Tòm VI. EIA: KPN, 1969, p. 237).

E poutan, eksperyans kretyen ki te pratike jèn pandan plizyè jenerasyon kòm disiplin espirityèl ansanm avèk lapriyè a te sèvi yon nouriti ki bay lavi ak pwisans espirityèl. Lapriyè a se yon mwayen ki fè nou rete an kontak avèk aliman pwisans espirityèl la. Jèn nan li menm li pa genyen okenn pwisans espirityèl; men li ede nou plase Bondye pi wo pase nouriti fizik la, epi pase tan ansanm avèk Li.

Tou lede resous sa yo kontribye pou fè nou konsève yon lafwa ki frèch epi ranpli ak pwisans. Lè nou neglige yo, sa ap mennen desespyon pou moun k'ap chèche sekou yo; lè sa a, nou va sèvi yon fawouch pou satan epi n'ap sèvi yon wont pou non Seyè a. Nenpòt don ke nou resevwa a pa kapab kenbe san nou pa kontinye rete depann de Bondye, Li menm ki bay li a. Kalite pwoblèm ke disip yo t'ap fè fas yo pa kapab jwenn solisyon san yon vi de priyè ki pèsevere ak efikas.

Pil demann san sès yo pa ase. Se pandan, egzòtasyon an vini avèk yon pwomè. "Lè yon moun ap viv dwat devan Bondye, lapriyè moun sa a gen anpil pouvwa. Jak 5:16" (Plizyè otè. Kòmantè Biblik Beacon, Tòm VI. EIA: KPN, 1969, p. 237).

Dyab la pa pè don ke moun posede yo, responsabilite, tit oubyen eksperyans kòm disip Jezi; men li pè epi tranble nan prezans Seyè a.

Anpil konesans sou Jezi, menm jan avèk gwo eksperyans nan tan pase yo pa garanti siksè fas ak gwo rèl mond sa ki pran nan pyèj pwisans fè nwa ap fè.

## Kesyon Opsyonèl

- Kòman w kapab eksplike v.29 la selon lavi chak jou a?
- Kisa w sezi nan lesyon sa pou lavi pèsonèl ou?

## Konklizyon

Lizay mwayen lagras yo endispansab pou kiltive frechè relasyon nou avèk Bondye epi rive atenn akonplisman yon misyon efikas.

Nou pa kapab bay sa ke nou pa genyen. Se sèlman prezans Jezi nan lavi nou, kòm kretyen ak minis Li, kapab garanti nou yon ministè ki efikas devan yon mond ki nan nesesite.

# Jezi, Liberatè nou an

Débora Acuña (Chili)

## Pasaj biblik etid la: Lik 8:1-3

**Vèsè pou aprann:** “Apre sa, Jezi mache ale nan tout lavil yo ak nan tout bouk yo. Li t'ap mache bay mesaj la, li t'ap anonse bon nouvèl peyi kote Bondye Wa a. Douz disip yo te toujou avè li.” Lik 8:1

**Objektif leson an:** Se pou elèv la reflechi, di mèsi ak pataje libète ke Bondye ban nou nan Jezi ki se Kris la.

## Entwodiksyon

Chak moun ki te wè ak konnen Jezi, se te moun ki pat konnen anyen nan plan Bondye yo. Se pou nou sonje ke aprè liv Malachi a ke nou jwenn nan Ansyen Testaman, menm 400 ane te gentan pase, tan nou kapab di ke Pawòl Bondye a pat preche; pat genyen okenn pwofèt ki te pou remèt mesaj li yo, ni wa ke Bondye te chwazi ki te pou gide pèp la selon kòmandman Bondye yo.

Se sèlman woulo liv yo ki te la ki te pale sou ansyen zansèt yo; men pat genyen okenn nan yo ki te wè lè Lamè Wouj te ouvè a ni yo pat gentan manje lamàn non plis. Sa ki te pi frèch pou yo se te predikasyon Jan Batis la. Se sa ki te fè e sa a se te sèl opòtinite ke yo te genyen pou yo te konnen Jezi, Kris pwobab ke yo te pwofetize a.

## I. Swiv Mèt la

### A. Yon nom espesyal

Premye aparisyon memorab ke Jezi te fè se te nan Galile. Li t'ale la pou ke Jan te kapab batize li (Matye 3:13). Tout moun ki te la yo te kapab tande lè Jan te deklare ke nom sa a, Jezi, se te Kris la ki te dwe vini an; se te Mesi a ke tout moun t'ap tann nan depi plizyè lane. Poutèt sa, Jan Batis te di konsa: “Mwen te wè li, epi mwen te bay temwayaj ke nom sa a se Pitit Bondye a” (Jan 1:34). Deklarasyon sa te fò anpil; pliske avèk sa, anpil moun ki te la ki te deja konvèti akoz de predikasyon Jan Batis la yo te konnen pwofesi a, yo te wè akonplisman pwofesi de ke Kris la ta gen pou l vini. Yon bann moun t'ap swiv li. Yo te soti toupatou: te gen moun Galile, moun Dis Vil yo, moun lavil Jerizalèm, moun Jide ak moun nan peyi lòt bò larivyè Jouden an (Matye 4:25).

### B. Kilès moun Jezi te reprezante pou yo menm?

Nan tout peyi a se tout moun ki t'ap nonmen non li (Lik 4:14,37); epi anpil moun t'ap mache dèyè Jezi, yon gwo foul moun (Matye 5:1; Lik 5:1, 15). Genyen anpil anpil moun ki t'ap swiv Jezi; menm si ke se pa tout moun ki te genyen menm entansyon. Nan sans sa a, genyen anpil ki te vle wè mirak ke li t'ap fè yo; genyen anpil lòt ki te vle geri; genyen anpil lòt ki te vle wè nan kisa li t'ap fè erè; epi genyen kèk

lòt ki te vle konnen kijan pou yo te rive jwenn lavi ki pap janm fini an.

Mande elèv ou yo pou yo pase kèk minit ap reflechi rezon ki fè y'ap swiv Seyè Jezi jodi a. Reflechi ansam avèk yo. Anpil nan moun sa yo ki t'ap swiv Jezi te wè li kòm esperans lavi yo; yo pat menm genyen moun pou yo te swiv, yo pat genyen pèsòn moun pou yo te imite. Yo pat genyen yon otorite espirityèl, yon moun ki te pou montre chemen an, yon moun ki te pou sove ede yo nan batay yo, nan maladi yo, nan lavi san esperans yo a. Jezi te yon esperans pou yon lavi miyò.

### C. Kisa swiv Jezi a te vle di?

Jounen jodi a, anpil moun ap mache dèyè zidòl yo, tankou jwè foutbòl, atis Rock yo, ak gwoup ki prezante kontribisyon kèk ansyen bann. Li pa difisil pou swiv yo; paske avèk èd teknolojik yo, yo kapab swiv pwogram ke yo genyen chak jou, ki kote yo pral pèfòme, achte biyè antre a epi fè liy ki kapab pran yo plizyè èd tan avan show a, epi konsa yo jwenn pi bon plas yo.

Aprè moun yo fin viv sitiyasyon an, foul moun yo te retounen lakay yo pou y'al dòmi nan bél chanm alèz yo.

Swiv Kris la se pat konsa konsa nan tan ke Li te sou tè a, men ni jodi a li pa menm jan, menm si anpil moun kwè l konsa. Swiv Kris la se pa chita ap gade pwogram legliz yo epi toujou vin asiste chak dimanch; epi aprè, yo chak te retounen lakay yo pou yo te kontinye viv lavi yo nòmalman.

Se disip yo ki te konn swiv Jezi plis fidèlman, epi Li te anseye yo anpil nan moman ke yo t'ap swiv li. Li te antrenè yo epi Li te modèl yo tou, epi li te fè yo rapwoche pi pre wayòm Bondye chak jou. Pawòl li yo gen relasyon avèk aksyon li yo; rega li te pale verite ak senserite; epi li te pale avèk yo dousman tou, li te konn korije yo, li te konn ankouraje yo, li te konn anseye yo pou vin menm jan avèk Li, pazapa. Pandan ministè publik Jezi sou tè a, Li te mache nan tout peyi Izrayèl la ak nan vwazinay li yo nan plizyè okazyon (Matye 9:35). Nan anpil okazyon, li menm avèk disip li yo ta kapab jwenn kote pou yo dòmi ak manje nan yon fason ki

nòmal, men gen lòt okazyon yo pat jwenn sa menm. Disip yo te aprann gen fòs atravè tout pil pwomennen sa yo; yo te aprann goumen epi pote viktwa sou fatig; jere koze pa byen manje a; fè jèn; sipòte swaf ak anpil lòt malèz ankò. Seyè nou an, san nesesite pou pale, li te prepare yo pou lè ke yo ta genyen pou ale nan kèk rejon ki lwen aprè.

Jezi te konn leve depi devan jou, epi anpil fwa tou, li te konn resevwa moun nan nwit. Nan anpil lòt okazyon, li pat gen tan pou l te menm manje. Yon moun k'ap viv konsa pa kapab yon parese.

Swiv Jezi se viv chak jou pandan ke w'ap aprann de Li; se swiv pa li yo chak segond; aprann ansèyman li yo; obeyi komandman li yo. Mèt la anseye nou pou nou vin tankou Li, pou nou gade je li yo epi swiv verite ki soti sèlman nan Li a, ke li menm sèlman kapab montre nou (Jan 14:6).

## Kesyon Opsonèl

- Lè Jezi t'ap kòmanse ministè li, ki kote li te fè premye aparisyon piblik li, epi kilès moun sa yo ki te wè li? (Matye 3:13)
- Kisa moun yo te fè lè yo te aprann ke Jezi t ap pase nan vil yo? Kisa ou ta fè si ou te nan plas ? (Lik 5:15)

## II. Lè Jezi Kris libere nou

### A. Verite a

Menm si ke pèp jwif lan te jwenn anons ke Kris la te gen pou vini, avan ke Jan Batis te preche li kòm Pitit Bondye a, te genyen anpil enkredilite. Se sa ki fè ke, farizyen yo pat kapab konprann kòman sa te fè posib ke "nenpòt nonm" ta kapab Kris la. Akoz de sa, yo te swiv li toutan pou ke yo te kontrekare pawòl li, aksyon ak ansèyman li yo; yo sèlman te di ke yo genyen verite a, vrè ansèyman Bondye a. E poutan, menm si ke mesaj li yo te trè konpreyansif, malerezman, yo pat kapab konprann vrè ak sèl Mesi a.

Jezi te vini avèk yon pi gwo konpreyansyon osijè de lavi, osijè de wayom Bondye epi osijè de ansèyman biblik yo. Verite li a pat gen limit nan lèt ki ekri nan papye, oubyen nan akonplisman de yon komandman. Li te toujou ale pi lwen; epi li pat itil anyen si li pat genyen yon kè ki en tak soumèt devan Bondye. Osijè de sa, nou dwe konnen byen ke pawòl avèk aksyon yo te dwe egziste pou epòk sa, epi li dwe itilize pou epòk pa nou an tou (Lik 6:45). Verite Kris la te epi se sèl verite total la; se menm nan ki di ke lòm nan te dwe epi dwe sen (i Tesalonisyen 4:3a).

### B. Gerizon ak lavi ki pap janm fini

Jezi te montre pouwva ak otorite san limit li a. Ansanm avèk ansèyman vèbal li yo, Li te fè anpil mirak tou ki te ansèyman de lavi pou moun ki t'ap swiv li yo. Mirak yo demontre otorite pawòl Jezi yo, pandan ke sa t'ap montre atravè ministè li ke Li se Bondye. Se menm jan tou, nou kapab di ke se te bél siyal ke yo te ye. La a, nou kapab sonje gerizon mesye ki te genyen maladi lèp yo ki pale de Lafwa ak remèsiman (Lik 17:11-19); gerizon nonm paralize a te

anseye sou jou repo a (Jan 5:1-18); rezireksyon Laza se te ansèyman sou lafwa epi montre bél pouwva Bondye a (Jan 11:38-44); otorite sou tanpèt la te demontre gwo pouwva Mèt la sou lanati (Lik 8:22-25). Epi ak anpil lòt bél bagay ke Seyè a te fè ke nou menm nou ta kapab ajoute.

Jezi pat sèlman vini pou geri kò fizik moun yo; men tou, verite li a te pote gerizon ak lavi ki pap janm fini an konplètman. Si nou etidye kèk vèsè biblik, n'ap rann nou kont ke pandan tout peryòd Nouvo Testaman an, nan anpil okazyon, Seyè a te itilize ekspresyon sa anpil ki se: "Sove non", olye pou se te "geri non". Nan moman ke l'ap fè gerizon yo, mo sove yo, sove ak lavi ki pap janm fini an genyen rasin yo nan lang grèk la sozo, ki siyifi "sove, chape, libere, pwoteje"; epi li tradwi tou nan Nouvo Testaman, avèk mo geri, prezèvè, sove, fè byen epi restore konplètman. Sa pale de yon kalite bon bagay ki vin pran nesans nan moun nan.

Pou fè swit a sa ki sot mansyone la yo, ann li vèsè biblik sa yo ansanm:

1. Gerizon yon fanm malad ki te genyen yon san k'ap koule sou li: "Jezi vire tèt li, li wè fanm lan. Li di l' konsa: Pran kouraj, mafi. Konfyans ou nan Bondye ap geri ou. Menm lè a, fanm lan geri" (Matye 9:22).
2. Gerizon Batime, nonm ki te avèg la: "Jezi di li: -Ale non, se konfyans ou nan Bondye ki geri ou. Menm lè a, avèg la wè, epi li swiv Jezi nan chemen an" (Mak 10:52).
3. Fanm pechè ki te vide boutèy pafen sou pye Jezi a: "Men Jezi di fanm lan: Se konfyans ou nan Bondye ki sove ou. Ale ak kè poze" (Lik 7:50).
4. Lepre geri ki te tounen vin di Jezi mèsi a: "Epi li di li: Leve non. Ou mèt ale. Se konfyans ou nan Bondye ki geri ou" (Lik 17:19)

### C. Lib anba opresyon

Anpil timoun, fanm avèk gason te temwen de anpil mirak ke Jezi te fè, epi yo te swiv li. Genyen anpil ki te vin gade epi genyen anpil lòt ki te vin chèche mirak; yo tout te kapab wè ke Jezi pat sèlman gen otorite sou maladi yo ak eleman ki nan lanati yo tou.

Yo te kapab sèvi temwen lè yo te wè kijan ke Jezi te genyen otorite sou tout bagay; e menm demon yo pat kapab kenbe tèt avèk Li. Demon yo te konnen byen kilès ke Jezi te ye; epi rezulta a se te liberasyon moun ki nan toumiant epi ki anba posesyon demonyak, yo menm ki te swiv Jezi aprè ke yo te fin jwenn liberasyon. Youn nan moun ki te libere yo se te Mari, li menm ki te pote non Mari moun peyi Magdala, ak sa ki te libere anba sèt demon yo (Lik 8:2). Li difisil pou yon moun kapab sigiere menm yon ti soulajman ke fanm sa te dwe santi lè li te fin libere anba demon sa yo. Se klè ke, aprè li te fin rekiperé lavi ak pwòp volonte li, li pat kapab fè lòt bagay ke swiv Sovè ak Liberatè li a.

Nan moman ke n'ap viv la, li difisil pou yon moun rekònèt opresyon ke satan ak egzèse sou yo. Okontré, yo konsidere atak sa yo kòm kék maladi ki lakoz yo pa genyen kè poze. Petèt, kounye a nou pa fè anpil priyè liberasyon pou ke Seyè a chase demon yo. Men malgre sa, nou pa kapab di ke aksyon lènmi an pa boulvèse moun; nan sans sa a, si li fè li, li sèlman itilize kék zam nouvo pou l'kapab mete toumant lan.

Asireman, ou te konn tande pale de lapèrèz, ensekirite, fobi ak panik ke anpil moun soufri ki fè yo menm pè soti andedan lakay yo akoz de la krent.

Genyen anpil lòt moun ki soufri kriz panik, kriz tristès, estrès ak kriz nève. Se menm jan an tou, genyen anpil ka depresyon ki egziste, toumant rèv, ak anpil lòt bagay ankò. Kalite maladi opresè sa yo anpeche moun yo viv lavi yo nòmal; yo pa pèmèt yo etabli relasyon ki nòmal yo, ni yo kapab jwenn yon travay ki estab. Yo se koz de yon toumant ki dirab; e poutan, genyen anpil lòt maladi kòm eskisofreni, ak anpil lòt twoub mantal, yo pwodwi anpil vizyon ki twouble moun, epi yo rete byen lwen reyalite a ak tout moun ki pwòch yo k'ap soufri pwoblèm sa yo.

Jezi ki se Kris la pat sèlman vini pou sove nou anba maladi fizik oubyen mantal nou yo; men pito li te vini libere lespri nou prensipalman; pou ban nou libète, epi kase tout chèn ki ta kapab fè nou rete anchennen (Lik 4:18). Pa fwa, nou viv ansannm avèk yo; men toujou kondane, nou pa konprann gwo libète ke Bondye ban nou atravè Pitit li a Jezi ki se Kris la. Nou bezwen medite ak remèsyé sa ke Jezi ban nou, epi kite ale opresyon sa pou viv lib, sen ak sove.

## Kesyon Opsyonè

- Kisa w panse ke moun yo panse osijè de pwofesi Mesi a? (Ezayi 7:14)
- Pou ki rezon ke lè Jezi te konn geri yon moun de yon maladi, li te konn di li ke fwa li lakoz li sove? (Matye 9:22)

## III. Kè kontan ak kè poze ke Bondye ban nou

Lè nou pale de benefis ke nou resevwa aprè liberasyon ke Jezi ki se Kris la ban nou an; menm si se yon maladi fizik, mantal, espirityèl, pa gen limit; genyen anpil ke nou kapab di. E poutan, sèlman Bondye epi moun ki te viv pwòp limitasyon yo akoz de tout soufrans ke yo jwenn. Si n'ap swiv depi deyò, nou kapab di ke yon moun ki te soufri ekoulman san pandan anpil tan, déjà li pap janm soufri ekoulman san ankò lè li fin geri a. Nan fason sa, li posib ke moun sa pral kapab genyen plis libète pou soti ak reyalize travay li yo; poutan, nou pa rive konprann limitasyon ak fristrasyon ke maladi sa te kapab lakoz nan moun ki malad la. Nou pa kapab mezire kantite domaj ke yo te andire nan lavi li. E poutan, san okenn dout, nou konnen ke lavi li pat menm jan ankò aprè gerizon sa.

Lè Jezi te vin retire fado ke nou te genyen nan lavi nou yo, nenpòt sa ke li te ye a, Li te pote yo ale byen lwen. Epi

se pat sèlman sa; anplis de ke li te pote chay la, Li ban nou kè poze ak kè kontan. Chanjman an vrèman ekstraòdinè; men li pa fasil, déjà ke chay sa yo ke nou t'ap pote depi anpil ane t'ap fini avèk lavi nou. Epi lè nou vin pa genyen yo ankò, nou dwe aprann viv san yo; refè lavi nou; kòmanse ankò; kòmanse ak yon lavi ki tou nèf; lavi ki ranpli an abondans nan Jezi ki se Kris la.

Ann repase sa ki te avan an, lè n'ap li vèsè sa yo:

### A. Mete chay nou yo atè

Nou pap genyen fado lou sa ankò, li menm ke nou t'ap pote depi yon ti bout tan oubyen lontan. Limitasyon sa pap la ankò, opresyon sa; men pito depi moman sa, desizyon nou yo pa pral depann de limitasyon nou yo. Epi poutèt sa, kounye a nou kapab di vre ke nou libere (Jan 8:36).

### B. Kite pase a dèyè

Nou pap janm tounen vin viv eksperyans sa ankò; Nou pap janm kriye pou bagay sa ankò. Li pap nan dosye nou ankò; men sèlman l'ap fè pati le pase (2 Korentyen 5:17).

### C. Jwi kè kontan ak lapè Bondye

Yon jou, nou rive devan Jezi avèk fado, doulè ak tristès, akoz de opresyon peche a. Epi li te ofri nou ke l'ap pote yo tout, epi kòm chanjman, l'ap depoze lajwa ak lapè nan lavi nou pou nou kòmanse nan men li, pou nou avanse sou chemen ke li te déjà prepare pou moun k'ap swiv li yo (Travay 2:28).

Anpil nan moun ki te sove yo te swiv Jezi. Pou sa, se li menm ki te nouvo lavi ki t'ap kòmanse a. Verite ak gerizon li yo te pote yon nouvo fason pou viv, yon chemen nouvo, plen avèk eksperyans.

Nou konseye w pran yon ti tan pou w dyaloge avèk elèv ou yo osijè de libète ke Bondye te pote nan lavi yo, epi kite yo medite osijè de sa ke yo te fè avèk nouvo chans sa ke Jezi ki se Kris la te ba yo lè li te sove yo a.

Jodi a, nou menm tou, n'ap swiv Mèt la; donk, si n'ap aprann Pawòl li, se paske nou te viv eksperyans delivrans Jezi ki se Kris la yon jou.

## Kesyon Opsyonè

- Ak ki libète w kwè ke vèsè biblik sa fè referans (Jan 8:36)?
- Èske libète sa se yon reyalite nan lavi ou jodi a? Kòman w kapab pataje li avèk lòt yo?

## Konklizyon

Epi menm si nou diferan epi nou genyen nesesite ki diferan, motivasyon nou pou nou swiv li dwe yon sèl la: Di li mèsi, paske li te mouri pou ban nou libète ak lavi ki pap janm fini an. Benefis oubyen benediksyon ke nou te resevwa yo dwe konsidere kòm kado ke nou te resevwa kòm konsekans gran lanmou ak bonte li, epi yo pa dwe motif pou nou swiv li.

# Yon pèsonalite kretyèn

Natalia Pesado (Etazini Ameriken)

## Pasaj biblik etid la: Travay 22:1-16

**Vèsè pou aprann:** “Men, Lespri Bondye a bay renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seriozite, li fè ou gen bon manyè. Li fè ou aji ak dousè, li fè ou konn kontwole kò ou. Lalwa Moyiz la pa kont okenn nan bagay sa yo.” Galat 5:22-23

**Objektif leson an:** Se pou elèv la konnen ak konprann ke pa genyen anyen ki enposib pou Bondye; pliske li kapab fè tout bagay vin tou nèf nan pèsonalite nou.

## Entwodiksyon

Pèsonalite moun nan te jwenn etid li atravè kèk sikològ modèn yo, yo menm ki anvi konprann pi byen kòman desizyon ak konpòtman lòm nan pran nesesans yo. Otè Morris ak Maisto, nan liv li a ki pote tit Sikoloji, yo defini pèsonalite kòm “yon kalite de panse, santiman, ak kondwit moun nan ki pèsiste atravè letan ak sitiayson yo” (Morris, Charles ak Maisto, Albert A. Sikoloji. Mexique: Prentice Hall, 2009, p.438).

Jounen jodi a, genyen anpil liv ki defini an detay plizyè teyori sou pèsonalite a ki devlope pandan dènye syèk sa (pa egzanp: Teyori sikodinamik, teyori moun, elatriye.). Lezon nou an jodi a ap pran yon pèspектив kretyèn osijè de pèsonalite kòm baz.

Pi fò nan nou kapab di wi ke koze pèsonalite a se yon konsèp ki vrèman konplike pou konprann ak etidy. Nou dwe mete konfyans nou nan Bondye, Kreyatè lespri lòm nan, Li se pi bon gid nou pou nou kapab konprann tèt nou yon ti jan pi plis.

Etid sou pèsonalite a tou kapab ede nou konprann lòt yo pi byen; epi sa ap genyen kòm rezulta, kapab antre nan relasyon avèk yo nan yon fason ki efikas, sen, epi sa ap lakoz ke nou pote plis glwa ak lonè pou Bondye.

Nan lòt pwen ki devan yo, nou pral wè kòman yon pèsonalite natirèl kapab chanje konplètman lè pouvwa sinatirèl Bondye a touche lavi yon moun. Lè nou pèmèt ke Bondye patisipe epi jwe wòl santral la, istwa lavi nou chaje direksyon nan yon fason ki fè moun sezi ak enteresan.

## I. Sous pèsonalite kretyèn nan

Nan kòmansman chak vi, genyen yon nouvo kò k'ap devlope, avèk yon sèvèl ak yon lespri ke Bondye bay chak kreyati li. Se lespri sa k'ap ede nou konprann mond eksteryè a, e menm nan relasyon nou yo avèk lòt

moun e Bondye. Nan kòmansman, chak moun kòmanse ap devlope konfòm ak karakteristik natirèl yo, epi tou konfòm avèk gid ke moun k'ap viv nan vvazinay li yo ba li. Pa egzanp: Genyen kèk moun natirèlman ki gen tandans pi rapid pase yon lòt, epi yo pral chèche opòtinite pou yo travay avèk plizyè materyèl diferan epi konprann kòman plizyè mekanis fonksyone. Yon lòt kote, genyen anpil lòt moun k'ap chèche mwayen pou yo antre nan relasyon avèk lòt moun olye de materyèl fizik yo, epi yo pral pase anpil tan ap tante pale avèk lòt yo epi tandem yo. Depi ak yon laj byen bonè (nan de oubyen twa zan anviwon) nou kapab obsève nan timoun yo, e menm sa ki marasa yo, ki genyen plizyè pèsonalite diferan: Petèt youn kapab parèt plis dosil ak nòb pase santiman lòt yo; li pwobab pou lòt yo plis renmen fè kòlè, san pasyans epi renmen eksprime fristrasyon endividyle li; petèt gen lòt ki renmen fè plis kontak ak relasyon emosyonèl avèk lòt yo, epi gen lòt ki kapab renmen rete poukout yo epi vle pase anpil tan san moun bò kote yo.

Jan nou déjà wè I la, nan kòmansman, pèsonalite a baze li sou tandans natirèl yo, li genyen egois pou zafè ti jwèt yo, san pasyans nan sa ki gen pou wè avèk nesesite pèsonèl yo, elatriye. Tout sa yo se karakteristik jeneral prèske tout moun genyen depi nan timoun. Aprè sa, genyen yon etap kote ke nan lavi tounèf la, moun nan pral konprann ke li se yon moun ki diferan de lòt yo epi ki kapab pran desizyon pèsonèl li yo. Se la tou moun nan vin fè fas avèk posiblite pou I chwazi pwòp pèsonalite li; epi si li remèt lavi li bay Kris la avèk yon bon gid espirityèl, moun nan tou kapab rive konnen ke li kapab chwazi devlope yon pèsonalite kretyèn.

Lè nou konprann ke Bondye nan pouvwa li kapab fè yon moun vin nouvo, moun natirèl la kapab chèche eksperimente yon nouvo pèsonalite ki transfòme anba pouvwa Sentespri Bondye a. Moun nan tou kapab fè

angajman epi antre anba gid Sentespri a chak jou pou li kapab eksperimente prezans ak transfòmasyon li nan yon fason ki dirab epi pèmanan pandan tout lavi.

Se nan moman sa nan lavi kote ke moun sa bezwen konprann ke sèl sous pèsonalite yon moun se Bondye menm. Atravè Lespri Sen li, Li kreye yon pèsonalite ki genyen yon echantyon nan nou: Konsa, santiman ak kondwit (wè definisyon ke otè Morris ak Maisto te bay anlè a) gide pa mwayen yon lanmou ki sen an, li menm ki soti espesyalman nan Bondye.

Nan istwa kreyasyon an, (Jenèz 1:26-27) nou wè ke depi nan kòmansman, Bondye te anvi wè pitit li yo sanble avèk li, ki kapab gouvène tout kreyasyon an pou Sali a. Nou kapab kwè ke Bondye genyen menm anvi a pou nou jodi a.

## Kesyon Opsyonèl

- Èske w kwè ke nou kapab chanje pèsonalite nou? Èske w kapab rakonte kèk eksperyans ke ou menm pèsonèlman ou te fè?
- Kisa ki monte nan lespri w lè w li Travay 9:1-19?

## II. Karakteristik pèsonalite kreyèn nan

Lè nou etidye karakteristik ki fòme pèsonalite kreyèn nan pi byen, nou pral pran travay David Stoddard kòm gid. Otè sa bay eklèsisman sa osijè de pèsonalite kreyèn nan: "Yon pèsonalite se yon ansanm de kalite ki konstitye yon moun epi ki fè li differan de yon lòt moun; sa vle di, chak moun differan de yon lòt nan yon bagay kanmèm, men genyen kèk pati ki dwe antre nan dosye pa kreyen yo" /Devlope yon pèsonalite kreyèn", 2013. Rekipere nan <http://obrerofiel.com/una-personalidad-cristiana/>, 6 Novanm 2017).

Nou pral etidye kèk eleman nan fwi Lespri Sen an ki pral gid ki pi bon pou nou kapab evalye pwòp tèt nou epi kontinye pran fòm nou nan plan Bondye a pou pitit li yo. Lè nou pase tan nan kominyon avèk Papa nou ki nan syèl la, n'ap kapab wè imaj li k'ap fleri nan nou menm.

**A. Lanmou:** Nan orijinal la, mo grèk la se "ágape". Tèm sa dekrive yon kalite lanmou ki san kondisyon epi ki reflechi, kote ke moun ki renmen an kontante li sèlman pou li kontinye renmen. Nou wè ke pèsonalite kreyèn sa dirije tout pèsonalite moun nan, nan pwodwi desizyon ki pote benefis pou moun nan li renmen an. Fason panse ak sentí sa kontrè ak egoyis totalman ki se yon pèsonalite ki toujou nan moun natirèl.

**B. Lajwa ak lapè:** Nan Bib la, yo mansyone de bon kalite kreyèn sa yo plizyè fwa. Lajwa espirityèl la se yon eleman ki soti nan fwi Lespri Sen an ki fè referans ak yon santiman byennèt ak trankilite ki pa depann de sikontans

k'ap fè raj nan antouraj moun sa a. La a, li enteresan pou nou obsève ke anvi ekriven pi fò nan lèt ke nou li nan Nouvo Testaman yo se ke nou menm pitit Bondye yo, nou eksperimente lajwa, lapè ki soti nan Bondye. Lòt eleman sa se (lapè a) se yon vrè trankilite enteryè, avèk sansasyon jeneral nan amoni. Nan sosyete ke n'ap viv kounye, vrè lajwa ak lapè a se yon bagay ke moun ap chèche avèk tout fòs yo. Nan plizyè vèsè, nou wè lapè ke Jezi ofri; paske li konprann jan ke nou gen bezwen li (Jan 14:27, 16:33; Filipyen 4:6-7). Se menm jan tou, nou wè lajwa ke Bondye rele nou pou nou eksperimente a nan Bib la, li eksprime tankou yon kòmandman (Filipyen 4:4; I Tesalonisyen 5:16-18), epi kòman ke Bondye se sous lajwa kreyen an (Sòm 16:11, 94:19, 118:24; Abakik 3:17-18).

**C. Pasyans:** Eleman fwi Lespri Sen sa soti nan mo grèk ki siyifi, alonje emosyon, rete tan twòp tan avan moun nan eklate kòlè li. Sa ede moun nan prevwa lizay fòs la (oubyen retribisyon) ki soti nan kòlè a ki san enpòtans (yon reyaksyon pèsonèl) (Rekipere ak tradwi nan <http://biblehub.com/greek/3115.htm>, 6 Novanm 2017). Nou kapab vizite sit biblik sa yo ki gen pou wè avèk pasyans: Egzanp sou pasyans Bondye (Women 2:4, 9:22); egzanp Timote kòm lidè kreyen (2 Timote 3:10); ak apèl yo fè nou jodi a pou nou gen pasyans (Efezyen 4:2).

**D. Lafwa:** Pou lafwa a, nan lang original la ki se grèk, tèm nan se "pistis" epi li demontre "konfyans, fidelite, fidèl yo" (Rekipere nan <http://bibliaparalela.com/greek/4102.htm>, le 6 Novanm 2017). Yon pèsonalite ki kiltive lafwa, se yon pèsonalite ki kapab jwi konfyans li nan Bondye, kòm Kreyatè ak sipòtè, san pèdi kè poze ak kè kontan an. Nan pasaj biblik sa yo, nou kapab li bagay sa yo: Anpil egzanp de kèk moun ki te gen lafwa ke Bondye te itilize (Etyèn, nan Travay 6:5; Banabas, nan Travay 11:22-24); enpòtans lafwa nan chemen lavi a (I Korentyen 16:13; Efezyen 6:52; Travay 14:9-10).

**E. Dousè:** Li fè referans ak yon lespri entèn ki manifeste avèk yon sekirite ki trankil. Se yon sans libète entèn ki pwofon ak dirab pou konnen ke sa ki ta kapab fèt la pa tèlman nesesè pou fè li (pa egzanp, tire revanj). Se jantiyès pou rekonèt pwòp devwa yo epi deside pa fè egzijans avèk yo (Rekipere ak tradwi nan <https://www.skipmoen.com/2007/05/material-distinctions/>, 6 Novanm 2017).

Ann gade kèk referans biblik ki pale sou bon kalite kreyèn sa a: Li nesesè nan lidè ak manm legliz yo (Galat 6:1); se yon kalite pitit Bondye (Kolosyen 3:12); epi se yon apèl pou nou menm jodi a (Tit 3:2).

**F. Tanperans.** Pou bon kalite sa a, mo oriijinal la defini jeneralman kòm otokontwòl; men, yon pi bon definisyon se otogouvènans. Rasin mo a vle di “gouvènman” (Rekipere ak tradwi nan <http://www.Jan-uebersax.com/plato/words/enkrateia.htm>, 6 Novanm 2017).

Nan sikoloji modèn nan, yo obsève ke pèsonalite moun nan karakterize li pa mwayer plizyè wòl diferan. Pa egzanp, pa fwa nou se papa ak manman, pa fwa nou se pitit fi oubyen pitit gason, etidyan, travayè, zanmi, lènmi, elatriye. Chak moun dwe anchaje yo pou relye fasèt sa yo avèk plizyè kalite dezi ki diferan ki kapab antre nan yon konfli youn ak lòt. “La a, moun nan bezwen otogouvènans lan an aksyon... Se la tou kote Sentespri Bondye a pran direksyon lavi nou pou yon sitiayson de tanperans ki evite dezòd emosyonèl ak konpòtman” (Rekipere ak tradwi nan <http://www.Jan-uebersax.com/plato/words/enkrateia.htm>, 6 Novanm 2017). Pou sa ki gen pou wè avèk tanperans lan, nou kapab wè bagay sa yo nan Bib la: Enpòtans tanperans lan pou sipòt tantasyon lènmi an (I Pyè 5:8); danje a/konsekans ke mank de tanperans lakoz yo (Pwovèb 25:28).

Mwen ankouraje w fè yon ti reflechi sou kòman yon pèsonalite t'ap ye si li ta genyen sis karakteristik sa yo devlope. Kisa w t'ap panse de moun sa? Èske w ta renmen konsa?...Ala yon gwo egzanp de pèsonalite! Anverite, pèsonalite sa t'ap yon vrè enspirasyon pou lavi tout moun sa yo ki ta pran kontak avèk li. Nou kapab li osijè de lavi de Jezi nan Bib la epi fini pou di ke Li te pi bon modèl de pèsonalite kreyèn nan.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki aspè fwi Lespri a genyen (Galat 5:21-22), èske w vle devlope li nan lavi w pi plis? Kòman w pral fè sa?
- Pou ki rezon w jije ke w bezwen plis nan bon kalite sa?

## III. Rezulta pèsonalite kreyèn yo

Nan premye pozisyon, rezulta pou kiltive yon pèsonalite kreyèn manifeste atravè lavi pèsonèl nou; sa vle di, jwi de vrè lajwa ak kè poze chak jou, san ke sikostans difisil yo pa efase yo, sikostans sa yo ki pafwa fè pati egzistans lòm nan.

Se menm bagay la tou, pèsonalite kreyèn ki genyen ladan li tanperans, dousè ak pasyans lan, t'ap pote anpil benediksyon sou lavi moun sa yo ki antoure kreyen an. Ap gen anpil tèt ansanm, lanmou san kondisyon, sakrifis pèsonèl pou byennèt lòt yo, sansasyon sekirite ak byennèt, vrè konfyans ak sipò youn anvè lòt, kolaborasyon ki fè youn lòt byen etabli. Se lè sa a, nou ta kapab itilize pwovèb lari ki di ke moun sa se yon “vrè ti moso syèl la ki la sou latè”.

Nan twazyèm pozisyon, nou pral wè rezulta pèsonalite kreyèn nan nan relasyon nou avèk Bondye. Kòm Papa ki plen avèk lanmou, Li vle pou nou kapab jwi lanmou li nan yon fason ki san tach ak entim; e pou ke nou kapab jwi prezans li nan kominyon toutan. Lè n'ap viv yon lavi ki ranpli ak Sentespri a, avèk yon pèsonalite ki devlope tout fwi yo nan Li, nou kapab vrèman jwi tout karakteristik ke prezans Bondye pwodwi yo nan lavi nou. Yon kè kontan ki san fen; yon kè poze ke depase tout sa moun kapab panse; yon vrè lavi ki abondan, jan Jezi anseye nou an (Jan 10:10b).

Eksperyans sa yo kapab ede nou apwoche nou bò kote Bondye, epi anvi rete soude ansanm avèk Li.

Lè fini tou, pou sa ki gen pou wè avèk relasyon nou avèk Bondye, yon vrè pèsonalite kreyèn ki demonstre tout fwi Lespri Sen yo fè moun nan vin genyen yon bon relasyon avèk Bondye. Ted Hughes te ekri: “vin sen an se lè nou nan amoni avèk Bondye. Amoni sa se paske nou vin genyen menm nati...Lè Bondye fè nou pran pa nan nati li a, nou rive panse menm jan avèk Li. Se pa toujou avèk menm sajès la, se pa toujou avèk menm konpreyansyon an, men...nou panse menm jan avèk Bondye. Nou vle sa ke Li vle” (Hughes, Ted. Pwen fò sa rele sentete. Ajantin: KPN, 2004, p.70).

Finalman, avan tout bagay, viv chak jou avèk yon pèsonalite kreyèn fè nou fè Bondye plèzi. Nou kapab kontan anpil lè ke nou konnen ke pèsonalite kreyèn nou fè kè li kontan; li pote glwa ak lonè pou non Li; epi sa ede nan plan Sali lòt moun. Ala yon gwo benediksyon! (Sòm 51:10-13)

## Kesyon Opsyonèl

- Èske w kapab pataje kèk panse osijè de rezulta yo sou kòman yon moun kapab devlope yon pèsonalite kreyèn jounen jodi a?
- Ki aspè w ta renmen ki parèt nan pèsonalite kreyèn ou?

## Konklizyon

Tout fwi Lespri a ki se eleman karakteristik epi diferan nan yon pèsonalite ki vrèman kreyèn kapab ede nou fè yon otoevalyasyon sen epi efikas. Tout sa yo fè ke yon pèsonalite kreyèn bay rezulta ki pote anpil avantaj pou lavi pèsonèl, familyal ak sosyal li. Nou kapab konfye nou ke Bondye, Papa nou ki nan syèl la vle pou ke nou se pitit ki an sante, nan kè kontan epi pwòch Li; epi pwisans li kapab fè sa nan lavi nou chak.



# Kontwòl eta nanm yo

Máximo García (Perou)

**Pasaj biblik etid la:** Mak 14:32-42

**Vèsè pou aprann:** "Lage tout tèt chaje nou yo ba li, paske l'ap pran swen nou."  
I Pyè 5:7

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la sonje ke volonte Bondye se pou nou pa kite okenn eta dam ki pran nesans nan nou domine nou.

## Entwodiksyon

Lòm nan fèt avèk lespri, nanm avèk kò (I Tesalonisyen 5:23). Epi pou twa bagay sa yo fonksyone ansanm, nou dwe viv nan lapè avèk Bondye, Kreyatè nou an, avèk pwòp tèt nou ak lòt yo.

Nan kilti posmodèn nan, nan syèk XXI an, genyen plizyè milyon moun k'ap soufri pwoblèm mank de lapè, epi karans lapè nan kè moun sa bay move konsekans kòm rezulta. Se konsa menm, karans sa fè moun nan mal alèz, doulè emosyonèl ak espirityèl. Sa vle di, mank de kè poze se mank de amoni nan nanm ki rive lè gen absans de kè poze. Epi tout bagay sa yo afekte nanm nan, kè ak lespri a.

Finalman, nou kapab jije ke li klè ke kò a pap kapab alèz.

Menm si ke se pa mank de kè poze ki bay nesans ak tout kalite maladi, nou dwe rekonèt ke nan tan ke n'ap viv la, nou jwenn anpil koz sikolojik ki pou maladi fizik yo, tankou pa egzanp: Ogmantasyon nivo kolestewòl yo; dyabèt; pwoblèm kè yo; ak anpil lòt ankò. Ebyen, nou dwe aksepte verite sa pou ke nou kapab domine emosyon k'ap deranje nou yo, epi nan kèk ka, yo detwi nou.

Fas avèk panorama sa a, nou kapab byen asire nou ke toujou genyen yon solisyon ak yon repons. Repons sa a se Seyè Jezi nou an, li menm ki te di nou konsa: "M'ap ban nou kè poze. M'ap fè kè nou poze nan jan pa mwen. Mwen p'ap fè li pou nou jan sa fèt dapre prensip ki nan lemonn. Pa kite anyen toumante tèt nou, nou pa bezwen pè" (Jan 14:27). Vrè kè poze soti sèlman nan Bondye (Colbert, Don. Emosyon ki touye yo. EIA.: Editorial Betani, 2007, pp. 7-9).

## I. Pataje eta dam mwen avèk zanmitay mwen yo (Mak 14:32-34)

Eta nanm yo se manifestasyon emosyonèl konpòtman ekstèn ak/oubyen entèn yo eksprime, yo menm ki sòti nan atitid yon moun. Manifestasyon emosyonèl sa yo kapab vin toksit ou non; se nan panse a yo sòti, yo menm ki te konn manifeste nan lòd nan tan avan. Sa bay yon ekip reyakson biyochimik nan kò a, tankou sekresyon òmón ki pral bay nesans ak gwo toran sangen an. Epi tout sa yo tradwi nan yon repons de konpòtman pèn, lajwa, fache, kolè, selon sikonstans ke moun nan ap viv la. Nan moman sa yo, li difisil pou nou rekonèt yon moun, panse li, epi finalman, reyakson li fas ak sikonstans yo, yo menm ki kapab lakòz sipriz ak anpil kesyon pou lòt moun. Nan tout ka, kalite reyakson an demontre ak ki moun nou fè fas la.

Koze eta dam yo se nati lòm nan menm. Konsa, nou li nan Pawòl la ke lè nou konnen Seyè nou an ki se Jezi, kote moman pa l la te fini, li te yon kote ki rele jetsemani pou priye avèk twa nan disip ki te pi pwòch li yo: Pyè, Jak avèk Jan (vv. 32-33). Lamenm, li santi yon frison nan rèl do l' ak yon kè sere ki pran li. Li di yo: "Mwen gen lapenn anpil. Mwen santi se mouri mwen vle mouri. Rete la a, pa kite dòmi pran nou." (v. 34). Nou remake ke nan mitan santiman sa, Jezi te deside pataje sa l santi avèk disip ki te pi pwòch li yo. Epi nan fason ke li t'ap soufri a, li te mande yo sipò emosyonèl yo nan lapriyè. Sa montre nou ke nan moman difisil yo, nou kapab chita pale avèk fanmi ak zanmi ki pi pwòch nou yo sou kòman nou santi nou; sa vle di, avèk moun ki nan antouraj nou yo, yon fason pou ke nou mande sipò nan lapriyè. Galat 6:2 di konsa: "Se pou nou yonn ede lòt pote chay yo. Se konsa n'a obeyi lalwa Kris la".

Chay emosyonèl sa yo ki kapab kreye plizyè kalite eta dam nan nou dwe pataje avèk moun ki pi pwòch nou yo; epi lè nou dwe ede lòt moun, nou pap genyen pou nou refize fè sa. Si nou fè sa, nou pap akonpli sa ke Matye di a konsènan renmen ak ede. Nou dwe gen konpasyon ak mizèrikòd youn avèk lòt yo, menm jan ke Bondye ye ansanm avèk nou tout! (Lik 6:36). Men lè nou pataje sitiyasyon an avèk moun ki pi pwòch nou yo epi mande yo priye pou nou, se pa sèlman sa ke nou menm ptit Bondye yo nou kapab fè.

## Kesyon Opsyonèl

- Pou kisa Jezi te mande disip li yo, Pyè, Jan avèk Jak pou yo te veye avèk Li?
- Ki eta dam ke nou kapab idantifye nan Jezi nan moman ke Li t'ap priye nan Jetsemani an?

## II. Rèl nan mitan sitiyasyon difisil yo (Mak 14:35-36)

Nan pasaj kote Mak bay analogi a, Matye te rejistre ke Seyè Jezi te pataje soufrans li a avèk Papa ki nan syèl la nan yon fason ki vrèman espesyal atravè yon lapriyè ki byen pwofon: "O Papa mwen. Si sa te ka fèt, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se sa ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a" (Matye 26:39). Nan fason sa a, Jezi te pataje tout sa ke li te santi avèk Papa ki nan syèl la, epi remèt lavi I nan men Bondye, kote ke li te demonstre ke li te depann de Li totalman kòm moun ki la pou ede Li. Pandan ke n'ap swiv bon konpòtman sa, nou menm tou nou dwe genyen bon zanmi sa: Bondye nou an! Se nan Li menm ke nou dwe depoze tout fado nou yo, epi aprann depann de li ak tout konfyans nou (I Pyè 5:7).

Se menm jan tou, pou nou konprann kri yon moun nan mitan yon sitiyasyon difisil, li nesesè pou nou konnen eta dam li ak kòman ke nou kapab ede li jwenn solisyon. Epi sa ede nou pou ke nou pa komèt erè ki grav yo tou. Pi devan, n'ap wè kèk pèsonej yon fason pou ke nou rakonte sa ki pase a:

### A. Kòlè Moyiz akoz de gwo plenyen pèp la (Nonb 20:1-13)

Nan epizòd sa a, pèp la te mande Moyiz pou li te reponn yo rezon ki lakòz ke li te mennen yo al mouri nan dezè a anba swaf dlo. Fas avèk sa a, Bondye te bay Moyiz lòd pou li te pale avèk woche a pou I te bay dlo; men li menm (nan yon moman de dezespwa ak kolè) li te frape woche a avèk baton li (20:10-12), olye pou I te pale avèk li jan ke Bondye te ba li lòd

fè a. Gwo kolè dezonèt sa te koute Moyiz byen chè. Se poutèt sa, Bondye te di I konsa: "...Paske nou pa t' fin gen konfyans nèt nan mwen pou n' te fè moun pèp Izrayèl yo wè jan mwen se yon Bondye apa, se pa nou menm m'ap kite mennen pèp la antre nan peyi mwen pwomèt m'ap ba yo a" (Nonb 20:12).

Depi la nou kapab aprann ke yon aksyon sou emosyon anba presyon yon eta dam kapab fè nou fè fas avèk konsekans ki vrèman grav ak gwo dega espirityèl. Nan ka pa Moyiz la, li pat kapab antre nan tè pwomèt la avèk pèp la. Ann priye Bondye pou ke nou pa aji avèk emosyon!

### B. Feblès Eli a (I Wa 19:1-4)

Sèvitè Bondye sa te genyen anpil pasyon menm jan avèk nou (Jak 5:17). Se konsa, li te eksperimante kalite eta dam sa yo:

- Li te febli tèlman nan yon moman detèmine ke li te menm vle mouri, menm jan avèk anpil pam nou, nou fè sa fas avèk kèk move bagay ki rive nou (v.4).
- Li te fè eksperyans avèk depresyon. Nou kapab wè sa nan lapriyè tristès ke pwofèt sa te fè devan Bondye: "...o Seyè, ou mèt pran lavi mwen..." (v. 4). Nou kapab konprann kijan priyè nou yo kapab san sans lè ke eta dam nou nan detrès.

Moun ki ekri lesion sa a kapab pataje pwòp eksperyans pa li avèk nou, paske lavi pa li te difisil anpil anpil. Konsa, move sitiyasyon ke mwen t'ap viv yo te fè mwen santi anpil tristès, sa ki te fè m yon sekous selebral. Mwen sonje ke nan moman sa ke mwen te santi ke tout bagay te fini pou mwen epi mwen te vle mouri. Epoutan, aprè epizòd sa te fin pase, mwen kapab di ke bon men Seyè a te fè m leve ankò. Jodi a, pandan ke m'ap ekri epi redije lesion sa a, mwen kapab wè ak santi gwo mirak Bondye nan lavi mwen. Rekiperasyon mwen, nan pi pitit pase twa mwa, se te yon gwo koze. Se te yon bagay ki te enposib pou doktè yo; men Seyè a te fè li!

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa ki kapab rive lè yon moun deside aji avèk emosyon anba dekorajman ke l'ap fè fas?
- Ki benefis priyè yo nan mitan sitiyasyon difisil yo?

### **III. Remèt tout sitiyasyon m nan nan men Bondye (Mak 14:39)**

Fas avèk sa ke Seyè Jezi nou an t'ap viv ak soufri, Li kontinye ap rele menm jan: "li al yon ti kras pi lwen, li lage kò l' fas atè, li lapriyè konsa: O Papa mwen. Si sa te ka fèt, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se sa ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a" (Matye 26:39b).

Nan sans sa a, nou wè ke sa Mèt la t'ap viv la pat fè li pran yon lòt desizyon; men pito pou l te priye epi kontinye mete konfyans li nan Bondye nan mitan tout sitiyasyon sa a.

Mwen tonbe panse sou kòman ke nou ta santi nou si nou ta konnen ke nan yon ti moman n'ap gen pou nou pati kite mond sa. Kisa eta dam nou t'ap ye?

Men sa ki plis enpòtan, se kisa nou t'ap chwazi fè nan menm moman sa yo. Genyen anpil moun ki deside pran desizyon avèk emosyon lè y'ap eksperimente plizyè eta dam diferan, ki fè aprè sa, yo konn menm repanti de move konpòtman yo. An jeneral, sa mennen yo nan kèk sitiyasyon ki menm konn fè yo fè fas avèk plis afliksyon, dout, elatriye...pase sa ke yo te genyen avan yo te aji fas ak sitiyasyon sa.

Sa ki pi bon ke nou dwe fè se priye, priye ak priye. Nou dwe sonje ke Bondye toujou tande rèl pèp li a; rèl chak ptit li yo, epi li reponn nan moman ke li filse pou sa ki gen pou wè avèk gwo volonte li (Jeremi 33:3). Anverite, Bondye te reponn priyè Seyè Jezi a. Li te montre li ke volonte li se pou ke Jezi te bay lavi pou sove nou. Se sa ki te volonte Bondye ki vrèman pafè ak agreyab pou ke nou te kapab sove jodi a!

Pi devan, nou pral etidyé de pèsomaj nan Bib la ak sa ke Bondye te fè pou yo.

#### **A. Ka Azaf la (Sòm 73:1-23)**

Salmis Azaf se te mizisyen David. Aprè li te fin pase 12 lane ap sèvi Bondye, li te sispann mete konfyans li nan Bondye, epi se konsa ke li te santi jalouzi pou payen yo.

Li te menm rive deklare: "Nan kondisyon sa a, gen lè se pou gremesi mwen kenbe kò m' pou m' pa fè move bagay? Se pou gremesi mwen refize mete men m' nan move zafè?" (v. 13). Jrenom sa t'ap eksperimente yon eta dam ki te ranpli avèk plent ak reklamasyon devan Bondye; men sa te chanje lè li te antre nan tanp kote ki apa pou Bondye a (lotèl), epi li te rann li kont de sa ki te rezèvè pou yo (v. 17). Apati de la, Azaf te rekònèt fot li a epi aksepte ke li te nan erè. Se menm jan tou, yon eta dam parèy nan nou ta

kapab fè nou fè bagay ki pa kòrèk tankou nye Bondye epi antre nan batay avèk Li.

Se pou nou fè atansyon! An nou priye Bondye pou mande li tanperans nan tout moman.

#### **B. Konpasyon Bondye pou Eli (I Wa 19:1-18)**

Bondye te reponn Eli pandan ke Li t'ap ba li bagay sa yo:

- Li ba li repo (dòmi) (v. 5). Menm si sa sanble enkwayab; somèy oubyen repo fizik la se yon benediksyon Bondye tou. Panse avèk sa: Konbyen moun ki pa kapab dòmi trankil oubyen nòmalman?
- Li te pran swen li avèk manje ki bon (v. 6).
- Li te pèmèt li konfese afliksyon li. Byen souvan, sa se yon bon fason pou ede lòt moun ki nan mitan dekorajman. Se konsa, Eli te eksplike Bondye sitiyasyon li a epi depresyon li a te jwenn amelyorasyon (v. 10).
- Bondye te manifeste konsa nan anpil nan chemen li yo. Van an, tranbleman de tè, dife epi vwa dousman an se te vwa Bondye (vv. 11-12).
- Seyè a te bay Eli plis travay pou l te fè: Vide lwl sou tèt lòt moun, epi nan fason sa a kontinye itilize li. Se konsa, Bondye te chanje depresyon li a pou travay (aksyon). Sa se te yon terapi konplèt (vs 15-16).
- Li te bay Eli anpil bon nouvèl lè li te di l konsa ke Li ta fè sèt mil rete nan peyi Izrayèl (v. 18). Nan fason sa, santiman nostalji li a te soti (Spurgeon, Charles. Apuntes de Sèmon. EE.UU.: Editorial Portavoz, 1974, p. 55).

#### **Kesyon Opsyonèl**

- Ki pawòl Mèt la te di ki montre ke Li te remèt li nan men Bondye nan sitiyasyon detrès sa ke li t'ap eksperimente a?
- Kisa nou dwe fè, kòm ptit Bondye, avèk bagay ki fè nou aflije, doute, fatige, elatriye?

#### **Konklizyon**

Nan lavi pèsomaj nou, konbyen fwa nou fè fas avèk plizyè sitiyasyon ki fè nou atriste, dezespere, elatriye. Se pou nou sonje ke, nan mitan tout moman sa yo, nou dwe aprann repoze nou sou Jezi ki se Kris la: (Matye 11:28). Pa genyen okenn ptit Bondye ki konn rete abandone nan pwoblèm yo kòm lòm. Seyè Jezi nou an toujou prè pou li ede nou nan sitiyasyon nou yo; Li vle pou nou apwoche nou bò kote Li.

# Piga nou twoouble, aji lafwa nou!

Vivian Juárez (Gwatemala)

## Pasaj biblik etid la: Lik 12:22-31

**Vèsè pou aprann:** “Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikontans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l’ mèsi tou lè n’ap lapriyè.” Filipyen 4:6

**Objektif lesón an:** Se pou elèv la konprann ke an anfan an se yon mal ki atake anpil moun, epi Bondye pa vle pou nou tonbe ladan li.

### Entwodiksyon

Anpil fwa nan lavi, nou fè fas avèk sitiyasyon ki difisil kote nou pa menm kapab wè wout pou nou pase. Nan moman kriz yo, nou poze tèt nou kesyon sou ki desizyon ke nou dwe pran, oubyen ki kote resous yo ap soti pou satisfè yon nesesite. Fas avèk tout dout sa yo, li nòmal pou nou santi prewokipasyon ak dezespwa; sa ki fè ke nou fikse rega nou sou yon demen ke nou pa konnen, men se pa sou yon reyalite ki prezan.

Jezi te konnen byen ke disip li yo ta pral poze li kesyon sou demen yo ak pwovizyon pou bezwen yo.

Nan Lik 12:22-31, nou kapab wè ke Seyè a te pran tan li pou fè yo konnen ke Bondye te gen kontwòl tout sitiyasyon yo, yon fason ke yo sèlman bezwen mete konfyans yo nan sekou Bondye.

Envitasyon Jezi a senp: Olye pou nou dezespere akoz de plizyè sitiyasyon diferan ki difisil nan lavi; Li vle pou ke nou toujou chèche wayòm Bondye a. Sa montre ke pou ke nou rive atenn yon chanjman, nou dwe chanje yon aksyon pou yon lòt. Nan sans sa a, nou dwe ranplase dezespwa ak dekourajman pa konfyans ak depandans nan Bondye.

### I. Orijin dezespwa a

Daprè Akademi Wayal Espanyòl, dezespwa a defini nan sans sa: “Kondisyon ajitasyon, enkyetid oubyen dekourajman” (Rekipere nan www.rae.es, 29 Jen 2018). Sa vle di ke dezespwa a se yon kondisyon ke moun nan twouve li kote li pa gen trankilité. Kondisyon sa se yon reyakson ki nòmal epi natirèl, li menm ki pran nesans lè panse entrankil nou yo aktive reyakson sa ke kò nou pwovoke. Dezespwa sa pwovoke nan nou chanjman fizyolojik ki prepare nou pou ogmante rannman epi fè nou rete ap tann. Sa se yon bagay ki nòmal; e poutan, sa ki pa nòmal se lè sa rive nou souvan, oubyen pou nenpòt ki rezon.

Pou kounye a, dezespwa a se yon pwoblèm ki trè komén. Medsin ak sikoloji yo ofri anpil medikaman pou redwi li. Anpil moun ki santi yo dezespere pa rive idantifye kisa vrèman yo santi oubyen kapab eksplike kisa ki sous dezespwa yo a. Men, dezespwa vini kòm rezulta lè yon moun santi li an danje oubyen menase akoz de kèk sitiyasyon. Konsa, nan tout ka yo, li nesesè pou nou chèche sa ki afekte epi pwovoke kondisyon sa nan moun nan.

### A. Monotòn ak lavi entrankil la

Sekous lavi kounye a avèk chaj aktivite epi prewokipasyon yo se yon sous dezespwa ki toujou la. Lè nou pa etabli priyorite ki adekwa epi nou pèmèt ke sikontans yo, oubyen pou lòt moun pran desizyon sou tan avèk aktivite nou yo; nou kapab fè eksperyans ak moman ki vrèman difisil ki fè nou toujou rete nan tèt chaje.

Nan sans sa a, lè nou toujou okipe a, nou pa jwenn tan pou nou medite ak reflechi sou kous lavi nou; epi sa limite nou nan tan rechèch ak rankont pèsonèl nou avèk Bondye nou an.

Nan parabòl nonm k’ap simen an, Jezi te eksplike nou kòman pikan yo reprezante moman dezespwa sa yo nan lavi nou chak jou ki toufe Pawòl la epi ki pa kite l bay fwi (Matye 13:22). Nou dwe vijilan, epi avèk sekou Bondye, se pou nou aprann konsève moman sa se tou tan pandan ke n’ap chèche prezans li; ak etablisman yon akò ki mache ansanm ak plizyè priyorite nan lavi nou.

### B. Ensatisfaksiyon an

Kè lòm nan pa janm konn satisfè; lanbisyon avèk pasyon yo kapab gouvène nou. Lè je nou pa fikse sou Kris la, epi nou pa kite pou Lespri Sen li an gide lavi nou; nou riske mache dèyè pwòp move lanvi nou yo. Richè satisfaksiyon san fen sa ap fini pa fè nou fatige epi fè nou vin plis vid toujou.

Nan rankont li a avèk fanm samaritèn nan, Jezi te rekonèt bezwen fanm sa a epi li te fè l wè tout desizyon ke fanm sa te pran pou eseye jwenn satisfaksyon. Konsa, li te ofri l ke l'ap pase swaf li epi ba li lavi ki pap jamm fini an (Jan 4:13-14). Se Jezi sèlman ki kapab satisfè tout bezwen nou yo; epi evite pou plezi mond sa pa mwayen plezi lachè.

### C. Kriz ak dout

Dezespwa a tou kapab se rezulta anpil pwoblèm oubyen kriz nan lavi nou. Lè nou pèdi yon moun ke nou renmen anpil kite yon vid ki tèlman gran andedan nou ki kapab fè nou panse ke nou pap janm leve ankò. Nan san sa a, nou fikse lespri nou nan yon demen ki ensèten, epi panse kijan n'ap kapab kontinye ak lavi a apati de moman sa a.

Lè yon relasyon familyal kraze oubyen separasyon yon koup kapab fè nou santi moman dezespwa sa. Se sa ki fè ke, lè nou mete konfyans nou nan yon relasyon; epi wè jan ke plan nou yo ap pran echèk, nou santi nou dezoryante. Lè nou pèdi travay nou tou, konfli youn ak lòt oubyen nenpòt lòt sitiyasyon ki lakoz separasyon, vin fè lespri nou pa an pè, sa vin pèmèt ke n'ap fè yon pakèt lide ki pa pèmèt nou avanse.

Kriz ki parèt nan lavi nou yo anpil fwa fè nou blyie plan pafè ke Bondye genyen pou nou yo. Yo fè nou distrè pou ke nou pa kapab jwenn plan Bondye genyen pou nou nan mitan sikostans ke n'ap fè fas yo.

### Kesyon Opsyonèl

- Nan ki fason lè yon moun okipe anpil kapab lakòz dezespwa? ( Matye 13:22)
- Nan ki branch nan lavi ou, ou te bezwen rekonèt ke Jezi se sèl moun ki kapab pase swaf ou? (Jan 4:13)

## II. Ann aprann nan men zwazo ak plant yo

Si dezespwa se yon reyakson ki nòmal nan lòm, donk, nou dwe poze tèt nou kesyon sa yo: Kisa ke Bondye ap atann de nou ak sitiyasyon sa ke n'ap fè fas nan lavi nou an, yo menm ki fè nou santi dezespwa konsa? Bondye pa rete endiferan fas avèk kondisyon nou kòm lòm; li konnen byen ke genyen kèk moman de dout nan lavi nou kote ke reyèlman nou pa konnen kisa nou dwe fè. Nan Lik 12:22-31, Seyè nou an Jezi te pale avèk disip li yo sou swen ak pwovizyon Bondye pou yo chak.

### A. Nou pa bezwen enkyete nou pou sa ke n'ap gen bezwen chak jou

Lè n'ap panse avèk nesesite de baz nou yo: Manje avèk rad; nou wè ke bagay sa yo sanble bagay ki endispansab pou garanti lavi nou isit sou latè. Epoutan, Jezi te fè disip li yo kijan ke Bondye te enterese pou pran swen kreyasyon li a (12:24b, 28). Lè vire je nou gade afliksyon yo ki nan mond sa a; li fasil pou ke nou

blyie ke se Bondye ki gen kontwòl tout bagay epi soutni tout bagay. Nou kapab asire nou ke Bondye ap pran swen lavi nou ak bezwen nou yo.

### B. Bondye ap pran swen nou

Nan Lik 12:29-30, nou kapab note ke Jezi te fè yon gwo demonstrasyon lè li te konpare nou avèk yon bann enkredil, lè panse nou yo vire toutotou de dezespwa ak preyokipasyon. Pou Jezi, dezesperasyon an se rezulta de ke nou blyie si nou genyen yon Papa ki plen ak lanmou epi k'ap panse avèk nou chak jou, epi ki konnen tout bezwen nou yo.

Lè nou eksperimente dezespwa nan lavi nou, non sèlman li empòtan pou ke nou konnen kote li soti; men tou, li empòtan pou ke nou reflechi sou lafwa nou, epi nan ki moman ke nou te kòmanse doute osijè de pwovizyon ak swen Bondye.

### Kesyon Opsyonèl

- Kòman konfyans nou nan Bondye kapab nouri, lè ke nou konnen kijan li byen pran swen kreyasyon li a? (Lik 12:24-28).
- Ak kisa Seyè Jezi te fè referans lè li te di ke nou sanble enkredil lè nou doute de pwovizyon Bondye? (Lik 12:29-30)

## III. Medikaman ki efikas kont dezespwa a

Nan yon rechès sou entènèt ki tou senp, li posib pou nou jwenn plizyè opsyon sou kijan nou kapab amelyore dezespwa a. Opsyon sa yo kapab kòmanse pa mwayen kèk egzèsis respiratwa, pou rive nan medikaman. Menm si ke anpil nan resous sa yo itil anpil epi pèmèt ke nou domine dezesperasyon an pi byen; li nesesè pou ke nou ale nan rasin pwoblèm nan pou nou kapab rezoud li.

Yon lòt kote, nou dwe konprann ke tout moun pa sibi dezespwa menm jan. Menm si ke genyen kèk moun ki kapab domine li pi byen; genyen plizyè lòt ki kapab bezwen kèk èd pwofesyonèl pou ke yo kapab rekonèt sous kote dezespwa yo a soti epi aprann pi bon fason pou yo kontrekare li.

Anpil fwa, li difisil pou nou venk dezespwa nou yo akoz de vye panse ke nou genyen ki anpeche nou adapte nou avèk sitiyasyon ke n'ap fè fas yo; oubyen paske nou pa wè plizyè altènativ an aksyon nan mitan yon kriz.

### A. Konfyans nou nan Bondye

Yon faktè ki empòtan pou ke nou konprann dezespwa a se konsyan epi rekonèt ke preyokipasyon ak sitiyasyon yo ki lakòz li a ap pran plis espas nan lavi nou ke konfyans ke nou dwe genyen nan Bondye.

Lè nou fè fas ak yon mankman oubyen kriz nan lavi nou, kòm lòm natirèl, nou fikse pwòp resous ak mwayen pèsonèl nou yo (Sòm 20:7). Lè nou kòmanse

depann de bagay sa yo, nou febli konfyans nou nan Bondye. Lè nou vin dekouvri ke pwòp resous pa nou yo pa ase; nou vin santi dezespwa.

Reflechi sou pwovizyon Bondye, sonje kòman ke li te founi nesesite nou yo nan tan pase yo se yon fason pou ke nou kapab nouri lafwa; yon fason pou ke nou kapab repoze epi fè fas avèk move panse yo k'ap pwovoke dezespwa a. Nan fason sa, n'ap reprann konfyans nou nan Bondye yon lòt fwa ankò.

### B. Panse yo nan Bondye

Si nou rekonèt ke nou genyen tandans pou dezespwa ak preyokipasyon; li enpòtan pou nou pwoteje tèt nou de li menm, menm anvan nou kite l'fè nou soufri. Menm jan avèk nenpòt lòt sikontans ki fè nou retire je nou sou Bondye; dezespwa a kapab vini avèk riz, epi nou kapab menm ouvè pòt ba li antre, lè n'ap konsidere ke li nesesè epi responsab pou nou attan sitiyasyon ki fè nou santi enkyetid yo.

Pwoblèm dezespwa a se paske li ajite lespri ak panse nou yo; li retire lapè nou epi li pa kite nou wè avèk klète kisa ki pi bon ke nou kapab fè. Ezayi fè nou sonje ke Bondye, w'ap ba yo kè poze! Moun ki toujou kenbe pwomès yo, wi, w'ap ba yo kè poze, paske yo mete konfyans yo nan ou! (Ezayi 26:3).

Nou dwe ranpli lespri nou avèk panse Bondye yo; rekonèt aksyon li yo nan chak moman nan lavi nou, nan sans sa a nou kapab evite ke preyokipasyon pran plas li epi rann nou distrè.

### C. Remèsiman an

Nou menm lèzòm nou renmen blyie anpil. Sitou, nan moman tristès ak nesesite yo, nou gen tandans blyie jan ke nan tan pase yo jan pwovizyon ak gras Bondye te aji nan favè nou.

Yon resous ki endispansab pou ede nou chanje fason ke nou panse se lè nou viv avèk rekonesans ki rann nou toujou ap di mèsi. Menm si sa ke n'ap viv pou kounye a yo pa fason ke nou t'ap tann li an; n'ap toujou jwenn anpil rezon pou ke nou di mèsi. Mizèrikòd ak fidelite Bondye yo byen vizib nan anpil fason nan lavi nou. Se sa ki fè ke nou dwe toujou rekonesan anvè Seyè a; yon fason pou ke pèspektiv nou kapab chanje.

Pòl te ban nou yon bèl konsèy nan lèt ke li te ekri pèp Filip la. Li te fè nou sonje ke nou pa genyen okenn rezon pou ke nou pèdi espwa ak dekoraje; nou dwe mete enkyetid sa yo devan Bondye, nan lapriyè ak remèsiman (Filipyen 4:6). Remèsiman se yon bagay ki efikas kont dezespwa; sa konstwi yon miray rezistans nan lavi nou fas ak tout bagay ki kapab enkyete nou. Li fè nou wè tou ke, menm si nan yon moman espesyal, nou fè eksperyans ak yon sitiyasyon difisil, nou genyen anpil resous ki genyen anpil enpòtans nan Bondye, li menm nou kapab vin mande sekou nenpòt lè.

### D. Lapriyè

Konsève konfyans nou nan Bondye; panse nou yo santre nan Li; epi yon atitud de remèsiman ap fè nou apwoche nou bò kote li nan lapriyè pi senp lè n'ap fè fas avèk dezespwa. Kòm kretyen, nou dwe viv avèk sekirite ke Bondye ap viv tou prè nou epi li tou prè pou l'reponn priyè nou yo. Nan sans sa a, nou kapab wè ke lapriyè a se yon mwayer ki efikas pou detwi tout atak dezespwa. Disiplin sa pa dwe la pou pèmèt nou dechaje nou de mannyè tanporè; men pito kòm premye rekou nou fas ak tout kalite sitiyasyon. Nan fason sa, n'ap toujou rete konekte avèk Bondye ak volonte li.

Lapriyè avèk dezespwa pa kapab ni dwe abite ansanm. Se poutèt sa, lè nou dezespere, nou pa kapab priye; li difisil pou nou konsantre nou, epi nou distrè avèk fasilité. Li enpòtan pou ke nou konnen ke nou kapab konte sou kèk lòt manm nan fammi lafwa a, pou ke yo kapab soutni nou nan lapriyè lè nou menm nou pa kapab fè li. Kòm legliz tou, nou dwe pare pou lèzòt yo k'ap fè fas ak anpil kriz nan lavi yo, epi akoz de kriz sa yo, yo menm pa kapab kontinye kite je yo sou Seyè a, epi konsa yo kapab santi soulajman ak repo ke sèlman Bondye kapab ban nou.

I Pyè 5:7 fè nou sonje ke nou kapab depoze tout tèt chaje nou yo devan Bondye; pandan n'ap rekonèt ke l'ap pran swen nou. Bondye konnen byen ke nou se lòm, li konnen bezwen nou yo, epi Li se yon Papa ki genyen anpil lanmou ki vle satisfè chak branch nan lavi nou. Mete konfyans nou nan swen li kapab ban nou se pi bon mwayer k'ap libere nou de tout atak dezespwa.

Menm si ke dezespwa a se yon reyakson imèn ki natirèl ki alète nou nan kèk okazyon epi ki soti nan danje ak menas; nou dwe konsyan ke anpil fwa, nou preyokipe epi ajite tèt nou pou anpil sitiyasyon ki sèlman montre jan ke nou manke lafwa ak konfyans nan pwovizyon Bondye pou lavi nou

### Kesyon Opsyonèl

- Kòman Sòm 20:7 mande ou pou w konsidere konfyans ou nan Bondye?
- Pou ki rezon ou kwè ke Pòl te konseye nou yon atitud de remèsiman pou soulaje dezespwa a? (Filipyen 4:6)

### Konklizyon

Bondye ap atann pou ke nou kwè nan li kòm yon Papa ki konn pran swen pitit li epi ki konnen bezwen nou yo epi vle satisfè tout. Lè n'ap fè fas ak sitiyasyon kote ke nou pa wè kòman Bondye kapab ede nou, li nesesè pou ke nou chèche li nan lapriyè ak remèsiman; yon fason pou ke nou kapab flikse je nou sou Li.



# Sa ke Bib la di nou sou estrès

Ely Camas (Meksik)

## Pasaj biblik etid la: Matye 11:25-30

**Vèsè pou aprann:** "Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, m'a soulaje nou." Matye 11:28

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la konprann ke Bondye vle pou ke pitit fi ak pitit gason li yo viv yon lavi repo fizik, espirityèl ak emosyonèl.

## Entwodiksyon

Pandan tout istwa limanite, te toujou genyen anpil gwo pwoblèm ak anpil presyon ki parèt pou kontrarye lavi lèzòm. Presyon yo menm gen pou wè ak tout kalite. Konsa, yo kapab fizik, sosyal, espirityèl ak emosyonèl. Pasaj biblik la prezante nou Jezi k'ap pale ak pèp Izrayèl, yon pèp ki te chaje avèk anpil bagay. Sitiyasyon ke yo t'ap viv la pa tèlman diferan de sa ke nou menm n'ap viv nan epòk pa nou an. Kòm nasyon, izrayelit yo te anba dominasyon Wòm. Si reyèlman yo te kapab konsève tèritwa pa yo a, yo te oblige peye kontribisyon pou yo. Se menm jan tou, si se vre ke yo te genyen yon lye adorasyon (tanp Jerizalèm nan); se te reyèl tou pou ke lidè relije li yo te ranmase kontribisyon pou gouvènman ki t'ap peze yo a. Epi si nou vle ale yon ti kras pi lwen, se vre ke yo te gen libète pou yo te mete konfyans yo nan Bondye; men relijon yo a te ranpli avèk anpil règleman ki enposib pou moun te akonpli.

Deskripsyon sa montre yon ti kras kijan izrayelit nan epòk Jezi yo te konn ap viv. Osijè de sa, nou dwe poze tèt nou kesyon sa yo: Èske yon moun ki antoure ak tout bagay sa yo kapab santi li byen? Èske li posib pou yon moun libere lè ke tout bagay sanble kont li?

Avèk sa nan tèt, ann etidye pasaj biblik la epi ann wè sa ke Bondye genyen pou nou lè nou chèche li avèk tout kè nou.

## I. Koz ak konsekans estrès la

### A. Koz estrès la

An mezi ke tan yo te kontinye avanse, lòm menm pwodwi pwòp pwoblèm li. Kèk pamí yo se bagay sa yo: Kwè ke abondans konesans lan ap rezoud tout bagay; dezi pou bagay materyèl yo; distans avèk Bondye; maladi; presyon sosyal; ak anpil lòt bagay ankò. Vèsè Jak 4:6 anseye nou enpòtans pou nou viv avèk imilite epi pou

nou pa tonbe nan remò.

Limanite mare pye li chak jou avèk plis pwoblèm. Jan ke nou kapab obsève li, lòm tonbe nan yon batay avèk pwòp tèt li, akoz ke li bezwen konnen plis toujou. Sa lakoz ke li fè fas ak tout kalite presyon, pamí yo, kalite emosyonèl la; paske li pa kapab jwenn repons ki fè li egziste.

Menm si li sanble enkwayab, nan yon tan kote genyen anpil syans, vin genyen plis asasina tou; plis konsamasyon dwòg; plis alkòl; ak anpil lòt bagay ki sanble avèk yo. Epi tout bagay sa yo fè nou poze tèt nou kesyon: Pou kisa? Genyen anpil repons; men mwen kwè ke youn ladan yo se paske lòm ap viv anba estrès chak jou akoz li pa jwenn repons yo.

### B. Estrès ak konsekans li yo

Yo difini estrès la kòm yon santiman ki pran nesans epi ki kapab angrave tèlman, li fè moun nan santi li pa kapab domine pwoblèm yo. Se fè moun nan santi li chaje ak preyokipasyon osijè de travay, fanmi, lajan, machin, ak anpil lòt kalite faktè ankò. Tout bagay sa yo kapab kreye nan moun nan, pwoblèm presyon nan san, po, sèlman pou nou site kèk nan yo. Yo kapab pwovoke anpil pwoblèm espirityèl tou, tankou dezespwa, tristès, sa ki kapab fè anpil moun kouri al kay ougan epi fè maji. Pwoblèm emosyonèl ak tansyon mantal sa yo se tankou gwo fòs envizib ki rale ak pouse kont moun nan.

Se menm jan tou, estrès la manifeste kòm kòlè, pèdi apeti oubyen kè plen, anpil erè, remò, depresyon nèye, epi, pa fwa, anpil ensidan avèk aksidan ki vrèman grav.

Apot Pòl fè nou konsidere ke preyokipasyon an komen anpil nan moun, se poutèt sa ke li egzòte nou pou ke nou pa "enkyete" nou (atriste oubyen dezespere) nan moman difisil yo (Filipyen 4:6).

## Kesyon Opsyonèl

- Daprè opinyon pa w, kimoun ou kwè ki toujou ap viv anba estrès?
- Analize lavi ou, èske w genyen kèk sentom estrès? Kisa ki fè w panse sa?

## II. Repons Jezi fas ak pwoblèm estrès la

### A. Sosyete relije nan epòk Jezi a

Pwoblèm pèp Izrayèl la nan epòk pa Jezi a se paske menm relijon an pat ofri yo okenn altènativ solisyon pou tristès yo a. Sa te yon relijon ki te tèlman chaje ak règ ak prensip. Jezi menm te kondane lidè relije yo lè li te di yo ke yo te mete chay sou do pèp la, ke ni yo menm pat kapab pote (Matye 23:4).

### B. Sosyete nan epòk n'ap viv la

Aktyèlan, tout sa k'ap vire alantou lòm se bagay ki fè moun santi estrès; menm si se paske pa fwa, legliz la mache selon anpil règ oubyen tradisyon ki menm fè li kite wout konsekrasyon an anmezi ke tan ap pase, menm si yo pa genyen anpil pou wè avèk Bib la. oubyen tou paske li vin konvèti tankou yon sant divèsyon ki fè ke chak moman moun yo oblige ap chèche plis altènativ, paske yo rann yo kont ke yo pa kapab satisfè, oubyen pandan kèk moman, san sans.

Nan sosyete n'ap viv la, moun yo toujou ap chèche mwayen pou yo posede anpil bagay; se poutèt sa, jèn yo vle jwenn yon bon travay. Epi sa se pa pou yo kapab pi bon; men se pou yo kapab achte yon machin, yon kay, gwo mak rad, elatriye. Yo kwè ke sa ap fè yo santi yo kontan; men reyalite a byen kontrè.

Moun marye yo kwè ke y'ap viv nan kè kontan si yo posede tout bagay ki nesesè pou yo kòmanse nouvo etap sa nan lavi. Men si nou rann nou kont, yon lòt fwa ankò, se osijè de bagay materyèl ke n'ap pale. Nan sans sa, ni relijon, ni lajan, ni pwofesyon, ni bagay ke nou kapab posede ap ede nou viv ak kè kontan. Se la nou jwenn enpòtans ki genyen pou nou renouvelé panse nou yo chak jou pa mwayen Pawòl Bondye a (Women 12:2 NIV).

### C. Sa ke Jezi ofri a

Fas avèk sitiyasyon sa, Jezi te fè apèl sa: "Nou toujou ap viv atriste epi enkyete. Vini jwenn mwen, epi mwen pral ban nou repo" (Matye 11:28).

Tristès la se krent atravè yon opresyon ki pa genyen yon koz ki byen defini, se sa ke sosyete a ap viv jodi a. Poutan, genyen anpil moun ki konsidere ke pwoblèm emosyonèl ke yo genyen an se akoz de kèk pwoblèm fizik. Reflechi sou sa: Konbyen moun ki gen tèt fè mal, pwoblèm entestinal ke yo memm kwè ke se yon pwoblèm kò fizik li ye, lè an reyalite, se yon bann bagay

emosyonèl?

Preyokipasyon an se lapèrèz oubyen entrankilite sa ki reveye nan yon moun.

Konbyen moun k'ap pase nwit san yo pa kapab dòmi; paske yo pè pou kèk bagay ke yo pa kapab retire nan tèt yo?

Si nou kapab obsève tou de pawòl ke nou sot li ak defini yo; sa se estrès li ye egzakteman. Epi fas avèk sa, Jezi te fè yon gwo envitasyon pou ke tout moun ki te genyen pwoblèm sa te vin jwenn Li, epi konsa yo va genyen repo.

An relasyon avèk bèl envitasyon sa, li enpòtan pou ke nou poze tèt nou de bèl kesyon sa yo: Kòman nou kapab vin jwenn li? Epi, ki kalite repo Seyè a ofri a?

Genyen anpil moun ki tandé pale de Jezi, epi yo envite yo rete kwè ke Li kapab padone peche yo epi ba yo yon lavi ki tou nèf. Fas avèk sa, anpil ladan yo reponn pou ke nou pèmèt ke yo ranje kèk bagay nan lavi yo, epi aprè sa, y'ap aksepte envitasyon an. E poutan, verite a se ke nou kapab aranje lavi nou, ebyen pou ki rezon nou gen bezwen Jezi.

Li mande pou nou vini eta ke nou ye a, avèk tout chay nou yo, pwoblèm nou yo; men wi, lè nou kwè ke Li se sèl moun ki kapab padone peche nou yo epi kapab fè nou vin yon nouvo kreyati.

Pa genyen repo ki plis konplèt ke sa ke Jezi ofri nou an; paske lè ke nou vin jwenn Li, n'ap libere anba peche nou yo, anba tristès ak lapèrèz nou yo. An nou sonje sa ke Salmis la te di a: "Renmèt sò ou nan men Seyè a, l'a kenbe ou fèm. Li p'ap janm kite moun ki mache dwat devan li yo rete atè lè yo tonbe" (Sòm 55:22).

## Kesyon Opsyonèl

- Èske legliz lan tan kounye a yo kapab lakozi pwoblèm estrès la nan sosyete a? Eksplike.
- Konbyen moun ki kretyen ke ou konnen k'ap viv epi reflete yon lavi ki vrèman ranpli avèk kè kontan?

## III. Pote jouk Jezi a

Lè mwen te ti moun epi jèn, mwen te leve nan yon joupa. Mwen te konn mete yon jouk sou do de bêt ki rele bêt nan peyi Meksik; bêt sa yo te konn rale dèyè yo yon kabwèt chay. Sa te byen fasil paske se te de animal ki te kapab pote yon sèl chay ansanm; men sa ki te difisil la se lè nou te konn sele yon animal domestik epi lòt la pat domestik. Pwoblèm nan se paske animal ke nou t'ap antrene a t'ap plede fè anpil bagay ki te anpeche lòt la mache byen, epi se klè ke menm bêt sa poukont li te konn fè tèt li mal paske li san donte.

## A. "Pran jouk mwen, mete l' sou zepòl nou."

(Matye 11:29a)

Lè yon moun vin jwenn Jezi, li dwe aprann mache avèk plizyè règ ki tou nèf. Se pa plis ògèy; se pa pran plis kontwòl sou lavi li; se pa plis règ pa li yo. Apati de kounye a, se pral règ pa Jezi yo.

Li enteresan pou ke li di nou pou nou soumèt nou anba jouk pa li; sa vle di, anba ansèyman li yo, epi pou ke nou kòmanse yon chemen nouvo: Chemen imilite, soumisyon, aprantisaj kòman pou nou mache nan lavi a. Jezi te di nou konsa: "...aprann nan men mwen..." (v.29). Men, ki kote ak kijan yon ptit fi oubyen ptit gason Bondye kapab aprann de Jezi? Li menm ankò, li ban nou repons lan: "N'ap plede etidye sa ki ekri nan Liv la, paske nou mete nan tèt nou nou ka jwenn lavi ki pa janm fini an ladan li. Men, se Liv sa a menm ki pale sou mwen" (Jan 5:39).

## B. "... mwen dou, mwen toujou soumèt mwen tout bon devan Bondye ..." (Matye 11:29b)

Li enteresan pou Jezi te bay mesaj sa ki te totalman kontrè ak sa ke lidè pèp Izrayèl yo te ye; déjà yo te yon pakèt awogan, ògeye, legalis epi pare pou monte sou moun yo. Konsa, Jezi te di ke li dou; nan plizyè lòt mo, nan yon kondisyon ki dousman ak anpil bonte. Ala yon gwo diferans ki egziste ant atitid sakrifikatè yo ak vrè sakrifikatè nan tan sa a! Kilès moun ki kapab ofri nou pawòl ki bay nanm nou rekonfò menm jan ak Seyè a Jezi nou an, li menm ki genyen yon nati kè poze? Nan istwa pwofèt Eli a ki prezante nan I Wa 19:1-18, lè li t'ap kouri pou Akab ak Jezabèl la, Bib la fè nou konnen ke pwofèt sa te nan tristès; paske li te anba menas lanmò. Akoz de sa, li antre nan twou wòch epi dòmi pran li, epi se la ke Bondye te pale avèk li. Premyeman, li te fè sa atravè yon gwo van; aprè sa, pa mwayen yon gwo tranblann hè ak dife, men Eli pat wè si Bondye te la. Epi vèsè 12 la di ke Eli te tandem ke te genyen yon "... ti van dous epi byen swa." Se lè sa ke pwofèt la konnen ke Bondye te la, epi se konsa, li te soti nan twou wòch la pou li te rankontre avèk Bondye.

Bondye toujou pale avèk nou nan lapè; sèlman nou bezwen konnen kòman pou nou koute li nan yon mond kote genyen anpil bwi ki pou distrè nou epi k'ap anpeche nou koute vwa ke Seyè a itilize pou Li pale avèk nou. Jezi di nou pou nou aprann nan men li paske li menm li dou; sa vle di ke li konpòte li avèk jantiyès ak modesti. E poutan, vin jwenn Jezi epi swiv li se yon bagay ki konplike anpil fwa; pliske sa se yon bagay ki konplike nan sosyete kote n'ap viv la, paske chak jou pi plis li vin plis menasan, epi malgre sa, nou dwe viv avèk dènye

mòd la; posede denye mak telefòn ki pi chè a, laptòp ki pi sofistike a; kote sant kòmèsal yo kreye aparèy ki pou dire yon vye ti kras tan, epi konsa, nou tonbe nan tristès lè ke nou wè nou pa kapab genyen bagay ke nou wè lòt yo genyen. Jezi di ke pou nou mache avèk Li, nou pa bezwen okenn bagay sa yo. Li pap atann ke nou prezante nou devan li avèk dènye mak ki a lamòd la ni avèk yon langaj ki atifisyèl. Li sèlman ap tann pou ke nou parèt avèk ase imilite.

## C. "... konsa, n'a viv ak kè poze" (Matye 11:29c)

Pi gwo anvi lèzòm se pou li kapab repoze de tout doulè li yo. Nan peyi Meksik, genyen yon ekspresyon ke yon moun atriste oubyen ki te santi anpil enkyetid te itilize. Se ekspresyon DALAI. Sa a, paske malgre pandan anpil tan yo te fè pwomosyon pou yon medikaman ke ajan marketing yo te di ke se orijin natirèl epi li bon pou fè moun dòmi ak soulaje. Se menm jan tou, chak jou pi plis, sosyete nou an konsonmen plis pwodwi ki bon pou dezespwa ki rele kalman; epi chak jou genyen yon lòt ki rele spa ki vin ap ogmante ki soti nan yon sant terapi k'ap ofri soulajman. Sa ki enteresan se paske malgre sant sa yo ap bay plis medikaman pou sèvi kalman, sosyete nou yo vin gen plis estrès toujou.

Nan Filipyen 4:6, apot Pòl envite nou priye pou bagay sa yo ki preyokipe lespri nou, yo menm ki vle retire kè poze ke nou genyen. Konsa, byen senp, nou dwe pale avèk Bondye pi souvan. Si nou te konn priye pou tout bagay ki chaje tèt nou, nou t'ap santi mwens enkyetid.

Aprè sa, nou pral pataje de konsèy pratik k'ap ede nou genyen lapè nan nanm nou.

Premyeman, mete plis tan apa pou w pale avèk Seyè Jezi, mete tan apa pou ou menm, epi sispann ap plede kouri dèyè bagay materyèl.

Dezyèmman, konfòme w avèk yon ti kras, sa vle di, aprann viv sèlman avèk sa ke Bondye ba ou.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki kalite relasyon ou genyen avèk Jezi?
- Èske w jwi relasyon w genyen an avèk Jezi Kris? Eksplike.

## Konklizyon

Bondye vle pou ke ptit fi ak ptit gason li yo viv yon lavi repo fizik, espirityèl ak emosyonèl. Pou sa rive reyalize, nou dwe sispann fikse je nou sou sa ke nou manke oubyen sa k'ap fè nou atriste yo. Okontrè, sa ke nou dwe fè se mete konfese tout devan Bondye nan lapriyè, epi konsa, nou va eksperimente vrè kè poze a ki soti sèlman nan Bondye.

# Bondye padone moun ki padone yo

César Barco (Ekwatè)

**Pasaj biblik etid la:** Matye 18:23-35

**Vèsè pou aprann:** “Ou te dwe gen pitye pou kanmarad ou a menm jan mwen te gen pitye pou ou a.” Matye 18:33

**Objektif leson an:** Se pou elèv la konnen ke volonte Bondye pou lavi nou se padone moun ki fè nou mal yo.

## Entwodiksyon

Youn nan tèm ke Matye te abòde nan levanjil li a se koze padon an. Konsa, nou li ke lè nou se ptit Bondye, nou dwe viv yon vi ki pasifik (Matye 5:9). Se menm jan tou, si depi avan ke nou prezante ofrann nou yo (ekonomik, louwanj, fwi k'ap soti nan lèv nou yo ak men nou yo) devan Seyè a; nou sonje ke nou genyen yon ti pwoblèm avèk yon frè, nou dwe fè yon ti kanpe; se pou n'al rekonsilye, epi aprè sa, nou mèt adore Bondye nan tanp kote ki apa pou Li a (Matye 7:23-24). Li enteresan pou nou wè kijan chapit 5 lan fini avèk yon apèl ki mande pou ke nou renmen lènmi nou yo; pou ke nou kapab rive vin ptit Papa nou ki nan syèl la tout bon vre (vv. 44-45). Ta sanble ke pèfeksyon nou nan sentete a baze sou padone lèzòt yo (v. 48).

## I. Karakteristik padon Bondye yo (Matye 18:23-27)

Pou ke nou kapab konprann grandè padon Bondye a, nou dwe swiv bagay sa yo: Nan premye pozisyon, nan parabòl sa, moun sa ke li te dwe a se te yon wa (v. 23) epi mèt (vv. 25-27, 31-32, 34). Wa sa epi mèt sa fè referans ak Kris la menm. Nan dezyèm pozisyon, kantite dèt ke yon sèvitè te dwe lòt la se te yon total de dis mil talan, sa ki vo yon sòm de 216 tòn ajan (v. 24). Pou epòk ke n'ap viv la, kantite sa ke sèvitè a te dwe wa a epi mèt la ekivo ak 123 milyon dola anviwon.

Anverite, se yon dèt ki te enposib pou peye. Nan twazyèm pozisyon, nan parabòl de moun ki te dwe sa yo, yo montre kote wa te reyalize yon jjiman pou dèt la. Se konsa, li te bay lòd pou yo te mete sèvitè pa l la nan prizon, vann li, madanm ak pitit, epi tout sa ke li te genyen; yon fason pou ke dèt li a te peye (v.

25). Avèk detay sa yo osijè de sitiyasyon an, nou pral konprann grandè dèt ak gwosè padon Bondye a.

### A. Padon Bondye pa chèche enterè pèsonèl

Sèvitè a di wa epi mèt li a konsa: "...pran yon ti pasyans pou mwen non..." (v. 26). Yon bagay ki atire atansyon nou se siyifikasyon a bay mo pasyans lan: "Se fakilte pou konn rete tann yon bagay ke w anvi anpil."

Sèvitè a tou te di mèt li a: "...mwen va peye w tout" (v.26). Repons sèvitè sa te kalme kòlè a; li pat mande pou yo ke retire tout dèt li yo ni yon pati ladan li. Li pat mande rabè nonplis pou rann dèt li a vin pi fasil pou peye. Men okontrè, li te mande yon bagay ki enposib pou li: Paye tout dèt sa yo avèk yon salè sèvitè. Peche a pouse nou wè anpil opsyon ki pa kòrèk olye pou n'ap chèche padon ke Bondye ofri nou gratis la.

Wa epi mèt sèvitè parabòl la te kapab bay favè li avèk demann sèvitè ki te di li: "...mwen va peye w tout" (v. 26). Nan sans sa a, li ta kapab itilize pasyans, si li ta vle pou sèvitè a remèt li tout dis mil talan yo; kidonk, pasyans lan se yon bagay ki kapab fè moun ki gen anpil anvi rete tann. Men, atitud wa epi mèt la demonstre ke li pat tèlman gen tanta pou 216 tòn ajan li yo; li pat vle genyen sèvitè li a kòm esklav non plis, ni nonplis rete avèk dèt la (Egzòd 21:2; Detewonòm 15:12-14). Sa fè nou wè ke padon Bondye a mache ansanm avèk lanmou pafè li a; kidonk, li pa nan chèche enterè pèsonèl li, okontrè, li chèche byen pou tout moun.

## B. Padon Bondye a genyen anpil mizèrikòd

Vèsyon Jerizalèm nan di konsa: "Mizèrikòd la fè Seyè a aji..." (v. 27). Nou jwenn ekspresyon sa anpil nan vèsyon sa (Jij 2:18; Lik 10:33, 15:20, elatriye); epi li siyifi ke wa te santi konpasyon nan fon kè li.

Si nou mete tèt nou ansanm nan desizyon pou nou padone a, lè ke nou rekonèt ke nou menm tou nou bezwen mizèrikòd; ebyen, nou tout ap mete tèt nou ansanm. Konsa, nou pral fè imaj ak resanblans Bondye a vin pi plis nan nou. Nan fason sa tou, nou pral manifeste Jezi Kris nan lavi nou; epi padon an pral fè nou rete nan tèt ansanm epi sa va bay mond lan yon gwo temwayaj (Jan 17:21). La a, nou fini pa konprann tou ke se yon bon rezon pou nou rete soude pou nou kapab kontrekare tout estrateji satanik (2 Korentyen 2:10-11).

## C. Padon Bondye a ofri libète

Nan ka pa nou an, dèt ke nou genyen devan Bondye a ke nou pa t'ap kapab janm fini peye a fè nou wè ke destinasyon nou se te lanfè, yon prizon kote nou pa t'ap janm kapab soti ankò (Lik 16:26). Se pandan, padon Bondye a peye dèt la pou nou; remisyon fot nou an; ak deklarasyon pou di ke nou jis, nan san sa, li garanti libète nou pou toutan, si sèlman nou rete atache avèk lanmou Kris la.

Nou lib, paske padon Bondye a pote jistifikasyon nan lavi nou. "nou kwè ke jistifikasyon an se aksyon beni ak jjiman Bondye a, kote ke li bay padon pou tout peche, remisyon konplèt pou tout peche ki te komèt ak akseptasyon kòm jis pou moun sa yo ki kwè nan Jezi ki se Kris la epi resevwa li kòm Sovè ak Seyè" (Manyèl Legliz Nazareyen 2013-2017. EIA: KPN, 2013, p. 29). Parabòl istwa moun ki te dwe yo montre nou ke nou pap kapab achte libète a ak pwòp efò nou. Gwo ògèy nou pap kapab fè li, bon entansyon nou yo pap kapab nonplis. Se sèlman padon Bondye a ki kapab rann nou lib pou tout letènité (Jan 8:36). Matye 18:27 mete fen pandan l'ap di konsa: "...li te padone dèt li a"

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa ki karakteristik padon Bondye a Matye 18:23-27?

## II. Demonstrasyon mank de padon an (Matye 18:28-30)

Nan menm fason an, pou nou kapab konprann grandè mank de padon ke sèvitè sa te genyen an (sa

ke mèt la te padone dèt li a), nou menm tou, nou dwe konprann ke sa ke li te dwe lòt sèvitè a se te san denye sèlman wi, yon salè pou san jou (v. 28). Nan epòk n'ap viv la, li ta kapab ekivo ak twa salè minimòm, yon dèt ki kapab peye byen fasil; kontrèman ak dèt ke mèt li te padone l la, li menm ki te ekivòk ak plizyè milion dola.

## A. Mank de padon an afekte lèzòt yo

Sèvitè ki te jwenn padon an pat genyen menm konpòtman avèk lòt sèvitè a, menm jan mèt li te fè avèk li a; donk, pasaj la di ke sèvitè sa te mete men sou lòt la epi kòmanse peze kou li (v. 28). Epi malgre ke sèvitè sa te mete ajenou nan pye li epi sipriye li (v. 29) avèk menm kalite pawòl ke li te di mèt pa l la (v. 26); li pat vle padone li.

Sa San ou konprann ke absans atitud de padon an kreye nan nou sa ki rele vyolans kont lèzòt yo. Sa toufe frè parèy nou yo, epi deklanche kolè, plent, elatriye. To ou ta, nou aji menm jan avèk dezyèm sèvitè sa, lè yon moun mal trete nou, Bondye pap gade li byen, li menm ki padone nou an epi nou pral antrave kè nou avèk yon bann kerèl san fen.

## B. Mank de padon an akize

Sèvitè a te di lòt sèvitè a konsa: "...Peye m sa ke ou dwe m nan" (v. 28). Genyen anpil moun, malgre yo andedan kò Kris la, yo pa janm padone avèk tout kè yo, epi pliske yo fas avèk moun ki te ofanse yo a, yo wè opòtinite pou yo mete tout sa ke yo te fè yo nan tan pase. Pliske nou twouve nou nan kondisyon sa a, nou pa sèlman bezwen jwenn padon devan Bondye, men tou, devan pwochen nou an yon fason pou ke nou pa kontinye santi chay kilabilitè a sou do nou.

Men, lè siyasyon an chanje, lè nou twouve nou nan pozisyon ofanse, ala difisil sa difisil pou nou padone moun ki ofanse nou an enh! Èske se vre? ... Nou vle konsidere erè a, epi se pou moun ki ofanse nou an peye tout nèt; paske sa ke li te fè a fè mal, li te vin koute sa ke li te detwi a, elatriye. E poutan, vrè padon an efase tout fot, erè ak peche ki fèt kont nou (Pwovèb 10:12, I Pyè 4:8).

## Kesyon Opsyonèl

- Èske w kwè ke lòt domestik yo te byen fè lè yo t'al rakonte wa a sa ke domestik mechan te fè lòt domestik li a? Kisa w t'ap fè si se te ou menm? (v. 31).
- Kisa mank de padon an pwodwi daprè pasaj la? Eksplike.

### **III. Konsekans lè moun pa padone a (Matye 18:31-35)**

#### **A. Nou pral refere**

Ant pèsonaj sa yo ki mansyonen nan istwa sa a, nou jwenn lòt sèvitè yo, genyen kèk nan yo ki te tris epi plizyè lòt te fache pou sa ke yo te wè a, "Lè lòt domestik yo wè sak te rive, sa te fè yo mal anpil. Y al rakonte mèt la sak te pase" (v. 31) epi "Konsa, lè lòt domestik yo te wè sa k te rive a, yo te an kòlè anpil epi yo te atriste anpil...". Lè sa a, yo leve y'al rakonte mèt la sa ki te pase a (v. 31).

Pòl di ke lalwa se yon bagay ki espirityèl (Women 7:14). Nan fason ke lòt domestik yo te eksplike lalwa kòrèkteman daprè lalwa, se je pou je ak dan pou dan (Egzòd 21:24; Levitik 24:20; Detewonòm 19:21). Men se pa nan sans vanjans; men se pito pou ke wa a te koriye enfraksyon ke li te komèt kont pwochen li a; nan ka sa, lè li pat padone a.

To ou ta, moun yo pral reklame jistis; menm si se nan mande moun ki resevwa ofans lan pou ke li padone moun ki ofanse li a oubyen mande Bondye jistis pou ke kretyen sa ki aple pou padone, kite rankin epi libere lòt chay kerèl li yo.

#### **B. Pote jjiman Bondye a yon lòt fwa ankò**

Jous la mwen te vle pou m mete fen avèk lesoun sa, avèk verite ke Bondye koriye nou si nou pa padone. Se pandan, li nesesè pou ke nou mansyone pou pèp Bondye a ke koreksyon Bondye aplike ak sèvitè ki pat vle padone a, se menm jjiman ki te genyen avan pou ke lòt la te jwenn padon, aprè sa, li te ajoute boulvès la (v. 34).

Sa te fè ke li te mete li nan prizon jouskaske li te fin peye tout dèt li te genyen an.

Sa vle di, dèt ki te enposib pou l peye a te retounen nan memwa wa epi mèt la; men sa pa paske se konsa li te vle li. Se pa paske li te anvi resevwa lajan I lan nonplis, ni nonplis akoz de lòt domestik yo ki t'ap mande I pou l te fè jistis, mwens pou koz de lòt domestik lòt la te kenbe nan kou a epi ki te genyen dèt ki te fasil pou peye a.

Restitisyon dèt premye domestik la retounen ankò akoz de mechanste li; pliske li pat vle padone lòt domestik parèy li a. Pou rezon sa, wa li a te di konsa: "Gade jan ou mechan! Mwen kite tout lajan sa a pou ou paske ou te mande m' fè sa pou ou. Ou te dwe gen pitye pou kanmarad ou a menm jan mwen te gen pitye pou ou a" (vv. 32-33).

#### **C. Pote mank de padon Bondye a**

Nan menm kontèks liv Matye a, padon Bondye a mande yon kondisyon: Aksepte Kris epi genyen yon atitud padon devan Li. Konsa, nou kapab li pwen sa nan gwo lapriyè li te fè kòm egzanz lan lè li te di konsa: "Padone nou...menm jan nou menm nou padone moun ki fè nou kichòy" (Matye 6:12). Sa a se volonte Bondye. Epi pandan n'ap fèmen pasaj sa a, Kris ajoute: "Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou tou" (Matye 6:14). Epi pliske Kris konnen tandans ki nan kè lòm, li te asire mesaj sa lè li t'ap di: "Men, si nou pa padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou p'ap padonnen peche nou yo non plis".

Bondye padone moun sa yo ki padone; epi malerezman, Bondye pa padone moun sa yo ki pa padone. Se sèlman yon kè ki genyen kapasite nan gras Bondye kapab fè premye pa sa a pou ke li padone nenpòt ki kalite ofans, dèt, domaj, erè, peche, fot, vòl, elatriye. Mesaj la di anpil, men se verite. Yon kè ki aksepte Kris, dwe genyen yon kè ki enkline ki padon nan kalite li yo. Genyen anpil moun ki reziste a gras padon sa lè yo bay rankin plas, rayisans, deden, endiferans; oubyen lè yo di a emosyon yo, santiman, meditasyon ak volonte ki enposib pou padone. Se pandan, Kris vle opere bon zèv li nan tout branch nan lavi nou ki te ranpli ak doulè akoz de ofans lèzòt yo. Li vle restore imaj ak resanblans li nan ou menm avèk mwen. Mande Bondye pouvwa ak kapasite pou w padone ak tout kè, epi l'ap travay nan ou.

#### **Kesyon Opsyonèl**

- Kisa pasaj sa yo anseye nou konsènan padone? (Matye 6:12,14-15, 18:34-35).
- Kòman w ta kapab ede yon moun ki viktim padone moun ki ofanse l la?

#### **Konklizyon**

Pou nou menm, l'ap prèske enposib pou nou padone, men lanmou Bondye ki bon nèt ap ban nou kapasite pou nou fè sa. Men, kòman n'ap fè padone yon vyòl, yon vòl, yon desepsyon nan renmen, yon asasina, yon dèt ekonomik, elatriye? Avèk pwòp fòs pa nou yo, nou pap kapab fè li; men nan Kris la, li menm ki te kite egzanz lan pou nou (I Pyè 2:21-23), nou kapab jwenn kapasite pa mwayen Sentespri a.

# Viv ak kè kontan!

José Luis Barrientos (Gwatemala)

## Pasaj biblik etid la: I Timote 6:3-10

**Vèsè pou aprann:** “Se sak fè, si nou gen dekwa manje, si nou gen rad pou mete sou nou, sa dwe kont nou” I Timote 6:8.

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la konprann ke Bondye pou ke pitit li yo viv ak kè kontan avèk sa ke yo posede.

## Entwodiksyon

Daprè pwogram Nasyon Ini pou Developman yo (PNID), Lasyèd se youn nan peyi ki pi rich nan mond lan. Kondisyon byennèt sa te rive pran echèl akoz de yon politik gouvènmantal ki genyen pou priyorite yon bagay ki rele endividyalis. E poutan, sa atire atansyon moun paske Lasyèd fè pati de youn nan plizyè peyi pwotestan yo.

Plizyè dizèn lanne aprè, yo jwenn ke richès ak endepandans ak endividyalis la te vin kraze solidarite epi yo te vin genyen anpil moun ki te tonbe nan solitud ki lakòz anpil moun te touye tèt yo, san ke lòt moun pa konnen anyen de yo menm jous aprè plizyè jou. Sikològ Zygmunt Bauman di konsa: “Abitan lasyèd yo pèdi entèlijans sosyalizasyon an. Pa genyen felisite nan fen endepandans lan, se pito vid nan lavi a...ak yon dekourajman ki tèlman pwisan ke moun pa kapab imajine yo.”

Fas avèk reyalite sa ki dekri a, pasaj I Timote 6:3-10 montre nou yon pi bon chemen atravè konpasyon ak kontantman.

## I. Benefis konpasyon an akonpanye ak kontantman (I Timote 6:3-6)

### A. Konpasyon nan Seyè a Jezi ki se Kris la

Apot Pòl te mize sou konpasyon anpil lè li t'ap egzòte disip li Timote pou ke li te anseye osijè de tèm sa. Se konsa ke, nan I Timote 6:3, li te eksplike byen klè ke anseyman yo te dwe “bon pawòl Seyè a Jezi ki se Kris la, ak doktrin ki dakò avèk verite a”.

Lè Seyè a Jezi ki se Kris la te kòmanse ministè li a, li te endike ki sa verite sa genyen ladan li. Yon jou, pandan ke li te nan sinagòg la, Mèt la te li nan woulo pwofèt Ezayi a jan ke li ta gen pou l pote bon nouvèl

la bay pòv yo, pou fè tout prizonye yo konnen yo lage, pou fè tout avèg yo konnen yo kapab wè ankò, pou delivre moun y'ap maltrete yo (Lik 4:18). Aksyon sa yo montre aksyon lanmou anvè pwochen an, diy de verite a. Jezi te gen konpasyon pou foul moun yo tou ke li te wè ki pat gen pèsòn (Matye 9:36).

Epi anplis de tout aksyon konpasiv li yo, pi gwo jès konpasyon li te montre se te ke li te remèt tout li menm sou kwa a pou nou tout (Filipyen 2:8).

### B. Kontantman an

Kontantman defini nan fason sa: “Mo grèk sa vle di ‘Satisfè nan ou menm’ epi li te soulve pa mwayen filozòf istorik yo pou dekri yon moun ki pa ebranle akoz de sikonstans ekstèn yo. Kretyen yo dwe se moun ki satisfè epi kontan, santi nesesite pou chèche sa ke Bondye déjà ba yo pi plis. Li se sous vrè kontantman an (2 Korentyen 3:5; 9:8, Filipyen 4:11-13, 19)” (Bib Etid MacArthur. EIA: Editorial Portavoz, 2004, p. 1723).

Legliz kretyèn te kòmanse soufri pèsekisyon depi lè li t'ap kòmanse; epi sikonstans sa te toujou prezante yon gwo defi. Se menm jan tou, te genyen anpil evènman natirèl ki te pwodwi e ki te kapab ajoute plis dezas nan sitiyasyon an. E poutan, epi malgre tout sa yo, premye kretyen yo te reyalize yon aksyon ki montre konpasyon lè nan peyi Jide te genyen yon gwo grangou, yo te voye ofrann yo bay lòt kretyen ki te abite la yo (Travay 11:29).

Kontantman an se yon kondisyon ke moun nan ye, malgre nenpòt sikonstans ki prezante a, li kape fèm pou l reziste epi fè fas avèk li, pandan ke nou dwe konsyan ke ni abondans la ap la pou toutan, ni mankman an ap toujou soti nan negligians. Pito, kontantman an se atitid yon moun ki rekonèt

depandans li de yon Dye ki genyen tout pouvwa; epi ki konnen ke nan abondans, mankman, nan maladi oubyen nan lasante, nan tout bagay epi pou tout bagay, l'a anseye nou atravè Sentespri a (Filipyen 4:12).

### C. Benefis konpasyon an avèk kontantman an

Nan I Timote 6:6, apot Pòl te endike ke genyen yon gwo avantaj nan sa lè ke konpasyon an akonpanye kontantman an. Konpasyon an, menm jan avèk tout aksyon lamou, lè li san ipokrizi, li toujou demonstre gwo mouvman. Se konsa, lè Seyè Jezi te vini epi li te bay tèt li sou kwa Kalvè a, li te abandone tout bagay; epi apot Pòl mande nou pou ke nou genyen menm sans sa a (Filipyen 2:5-9). Si genyen aksyon, lojik imen an ta di: Ki kontantman sa gen ladan li?; se pandan, Pòl te fè nou sonje pawòl Jezi yo: "Gen plis benediksyon pou moun k'ap bay pase pou moun k'ap resevwa" (Travay 20:35). Yon kè ki pa gen Kris, pa kapab eksperimente sans sa; men moun ki rekonèt ke remisyon Seyè a se plis pase sa ke li kapab merite, konpasyon an pral genyen kontantman. Yon fwa, yon paste te di pawòl sa: "Lè se pou koze bay, nou pa kapab depase Bondye."

### Kesyon Opsyonèl

- Kisa ki dwe ansèyman kòrèk la daprè vèsè 3?
- Kòman w ta kapab define kontantman ak konpasyon kretyèn nan?
- Èske konpasyon avèk kontantman se yon pratik nan lavi w chak jou?
- Èske jodi a nou kapab wè yon bagay ki sanble ak sa ke Abakik te wè a?

## II. Manifestasyon yon vi k'ap viv nan kontantman (I Timote 6:7-8)

### A. Rekonèt ke w pat vini avèk anyen epi ou pap pote anyen ale

Nan I Timote 6:7, apot Pòl te mansyone youn nan verite ki vrèman empòtan ki akonpanye lavi nou sou tè sa: "...Nou pa t' pote anyen lè nou te vin sou latè. Pa gen anyen nou ka pote ale non plis lè n'a kite li". Nan kèk kilti, yo te konn gen abitid antere moun ki mouri yo avèk kèk bagay ke yo te konn souvan itilize "lè yo te vivan"; sitou si yo te moun ki te posede anpil bagay. Se pandan, avèk sekirite, yo pat kapab itilize anyen nan bagay sa yo. Malgre verite sa, li empòtan pou ke nou konnen ke resous finansye ak byen materyèl yo nesesè ni pou lavi pèsonèl tankou pou misyon ak avansman Wayòm nan. Sa ke pòsyon pawòl sa anseye nou se ke nou pa dwe kite gwo efò ke nou te fè pou sanble byen nou yo fè nou pa detache nou de yo

menm pou nou pa sèvi pwochen nou. Apot Pòl te egzanp de travayè pou l te genyen lajan; epi osijè de sa, li di konsa: "...moun ki pa travay pa gen dwa manje non plis" (2 Tesalonisyen 3:10). Nou kapab sonje yon filozofie ke Jan Wesley te relache konsènan lajan an: "Ou mèt fè kantite lajan ke w kapab, ekonomize tout kantite ke w kapab epi bay kantite ke ou kapab." Fason panse sa pèmèt ke nou prezève konviksyon de ke nou pap pote anyen lè nou prale, pou sa ki gen pou wè avèk byen materyèl nan mond sa.

### B. Jwi lavi senp lan

Youn nan karakteristik mond ke n'ap viv la genyen se tandans pou y'ap achte san pran souf. Akoz de ankourajman mwayen komunikasyon yo, genyen yon gwo pousantaj nan popilasyon mondal la ki santi li anba presyon pa mwayen yon kritè ke nou pa menm abitye: "Achte sa ki tou nèf", menm si nou pa bezwen li. Genyen anpil rejyon nan mond lan, e menm nan anpil gwo vil ki plonje nan povrete ak grangou; kondwit pou achte san pran souf sa plis peze anpil moun sa yo ki genyen yon ekonomi ki pa menm sifi pou yo viv.

Pou fè fas kare avèk bagay sa, I Timote 6:8 ankouraje nou jwenn satisfaksiyon nan lavi a nan bagay ki senp yo.

Pawòl Bondye a egzòte nou itilize resous nou yo avèk anpil entèlijans: "Poukisa n'ap depanse lajan achte manje ki pa ka fè anyen pou nou?" (Ezayi 55:2). Nati lòm nan te trase pou li chwazi pi bon fason pou l viv. Depi nan jaden Edèn nan, lè Bondye te bay lòm nan otorite epi delege li pou l te administre tè a (Jenèz 1:28), li te konnen byen ke li te ba li kondisyon pou l te fè sa. Malerezman, peche a boulvèse plan Bondye yo. Se sa ki fè ke, kapasite lèzòm ap toujou pote anpil kondisyon lavi ki tou nèf, k'ap fè nou genyen pi bon aksè nan lavi chak fwa ke n'ap bezwen itilize yo pou nou konble vid yo, atravè travay la.

Men, anvi pou posede l la pa dwe ranplase nan kè nou, ni depandans de Bondye, ni konpasyon, ni kontantman; men pito, nou dwe fè atansyon avèk yo, lè nou satisfè paske nou genyen sa ki esansyèl yo se travay epi pare pou pataje (Efezyen 4:28). Se la felisite rete.

Youn nan konklizyon ke pwotestan ki li Bib yo rive dekovri, se ke kòmandman pou moun nan rive manje lè li depanse swe nan fwon li a (Jenèz 3:19), fè li rive travay pi di toujou. Avèk sa, yo te genyen anpil bagay; men li te mande yo pou ke yo mennen yon lavi ki senp pou yo kapab fè ekonomi, epi jwenn lajan pou yo envesti. Se poutèt sa, yo te kapab devlope; yon rezulta ke yo pat genyen davans.

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa vèsè 7 la anseye nou?
- Nan ki fason ke atitud nou yo ta kapab nye verite sa (v. 7)?
- Kòman w ta kapab defini viv yon lavi ki senp jodi a (v. 8)?

### III. Konsekans lè moun nan pa viv nan kontantman (I Timote 6:9-10)

#### A. Tantasyon, lyen ak move lanvi

I Timote 6:9 siyale ke move lanvi lòm nan mennen nou komèt anpil aksyon ke nou pa menm konsyans de yo menm. Ale lwen Bondye a fè kè nou tonbe nan yon gwo somèy ki fè nou tonbe nan kondisyon kote ke, nou rele sa ki byen, bagay ki mal (Efezyen 4:17-19). Rechèch yon kondisyon pou nou kapab santi nou alèz, se yon bagay ki soti nan Bondye; men li pa posib pou nou rive reyalize I san Li. Lòm te toujou tante plizyè fwa, men rezulta te toujou negatif epi diferan, li kòmanse tankou yon bagay ki bon, men li toujou fini mal. Esè endividyle la toujou bay nesans ak gwo solitid, totalman lwen doktrin konpasyon an. Rechèch yon felisite san Bondye pote tantasyon sou bagay ki pa kòrèk; lyen konpasyon an; solitid ak move lanvi pou bagay ki pa nesesè, tout bagay sa yo se bagay ke Bondye kondane (Egzòd 20:17).

#### B. Destriksyon ak pèdisyon

Pa gen lontan de pi nou wè kòman mwayer komunikasyon yo ap fè piblikasyon avèk anpil gwo enskripsyon sou kèk evènman kòripsyón gouvènmantal, nan konteks Amerik Latin nan. Jouskaprezan, nou te konsidere moun sa yo ki t'ap egzèse fonksyon gouvènmantal yo avèk anpil lonè; sepan dan, kesyon akizasyon, denonse menm kondannasyon de yon bann fonksyonè enpòtan, nan tout nivo, e menm nan departman espòtif vin fè sitwayen yo pèdi konfyans (Pwovèb 29:2). Se poutèt sa ke moun yo vin pèdi konfyans epi nan fanmi yo, an patikilye nan moun sa yo ki vle genyen yon lavi ki gen lonè; men kounye y'ap viv tou make avèk denons sa yo. Men yon lòt konsekans.

#### C. Deviyasyon lafwa a

Vèsè I Timote 6:10 la di ke "renmen lajan fè moun fè tout kalite bagay ki mal". Nan psaj sa, fraz kle a se "renmen". Jan ke nou te déjà di, lajan an se yon resous itil; sepan dan, yon ekspresyon popilè di konsa: "Lajan

se yon bon sèvitè; men se pi move mèt". Nan lane 2008, te genyen yon gwo kriz finansye entènasyonal ki te kòmanse menase developman tout peyi ki nan mond lan. Te genyen yon bagay ki te deklannche sou nou "panik finansye". Anpil dokimantè te pibliye aprè gwo evènman grav sa; men nan yo tout, men nan tout sa yo, li fasil pou ke nou obsève kòman ke "renmen lajan" se te sous pwoblèm nan. Li klè ke sitiayson sa pat atake lafwa kretyèn nan, pou yo, se te yon bagay nòmal. Se pandan, lè lafwa nou sispann baze sou "mèt" lajan ak lò a (Aje 2:8), epi depoze li nan malèt sa yo; lafwa pa "kretyèn" ankò, epi li tonbe nan idolatri.

Sa se te eksperyans pèp Izrayèl la nan dezè a (Egzòd 32). Si nan mond lan, renmen lajan se yon bagay ki fondamantal pou lafwa; lè sa rive nan legliz la, se dezas total. Nan lane 1517, Maten Litè te kontrekare pratik sa, kote legliz la te tèlman gen tanta pou lajan, li te tonbe nan vann endiljans; e menm pou peche ki pot ko komèt, bagay sa yo te elimine nesesite pou moun nan vini nan repantans, epi se pou rezon sa, yo te devye lafwa. Litè te dekouvre ke "...jis la viv pa lafwa" (Women 1:17).

Litè te gen enkyetid lè li te wè legliz la te pran lajan moun yo epi se pat sèlman pou moun ki genyen anpil oubyen okenn lajan.

Lè n'ap konsidere tandans lòm nan genyen pou l reziste ak detachman an, nou dwe resevwa mesaj Jezi a ak remisyon li sou kwa a pou peche nou yo, kòm gid ak kòmandman nou osijè de konpasyon. Se menm jan an, vrè kretyen an dwe rekonèt ansèyman Mèt la konsènan konpasyon ak kontantman, yo menm ki nesesè pou viv ak kè kontan an kominote ak tèt ansanm.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki mwayer pratik ke ou kapab adopte pou w libere tèt ou de tout konsekans "pa viv nan kontantman"? (vv. 9-10).

## Konklizyon

Si nou kontan avèk sa nou posede epi nou pa dezespere nan kouri dèyè byen materyèl yo; nou kapab repoze nan mèt lò ak lajan an, pandan ke n'ap travay pou nou genyen richès yo, avèk yo n'ap kapab satisfè bezwen nou yo epi nan menm tan tou eksperimente kè kontan pou nou pataje li.

# Ann pran swen tanp lan!

Máximo García (Pewou)

## Pasaj biblik etid Ia: I Korentyen 6:12-20

**Vèsè pou aprann:** “Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp Sentespri k’ap viv nan kè nou, Sentespri Bondye te ban nou an? Nou pa mèt tèt nou ankò.” I Korentyen 6:19

**Objektif leson an:** Se pou elèv la rekonèt ke kò li se tanp Sentespri a, epi li dwe jwenn swen ki nesesè.

## Entwodiksyon

Aktivite pou kòmanse a: Prezante de pèfil kò moun ki fêt avèk papye bristòl ki blan, youn. Youn ladan yo dwe genyen plizyè ti wonn an koulè. Mande elèv yo pou ke yo ekri nan papye bristòl la kisa “tach sa yo siyifi” (peche yo) ti wonn sa yo reprezante. Elèv la ap jwenn lòt pèfil la san tach, li dwe blan totalman, san imaj ni desen andedan li, li menm ki dwe itil pou ilistre siyifikasyon sentete entegral ki nan kè li menm k’ap pote non pitit fi oubyen pitit gason Bondye; epi se poutèt sa, li va fè yo sonje ke kò nou ki san tach la se swen ke nou dwe bay kò nou ki se kay kote Bondye abite.

Nan moman sa nan syèk XXI, kesyon pran swen tanp Bondye a se yon bagay ki fin disparèt (kò nou); ke seswa pa neglijans oubyen kontaminasyon de kilti posmodèn nan, menm jan tou akoz de mank de konesans sou Pawòl Bondye a, bagay sa yo ki trennen anpil kretyen al panse epi fè bagay ki kontrè ak Lespri Bondye ki te sele nou an (Efezyen 4:30).

Kò nou se senbòl tanp pèsonèl ke nou itilize pou ke nou adore Bondye vivan epi ki genyen tout pouvwa a. Nan Ansyen Testaman, kay kote Bondye te abite a se te tabènak reyinyon an, epi jodi a, tabènak sa se kò chak kwayan kote Bondye abite pa mwayer Sentespri a. Se poutèt sa, si kò nou se kay kote Bondye rete, nou dwe pran swen li pou evite pou okenn patiladan li pa rive kontamine. Sa vle tou, nou dwe veye pou lespri nou (panse) kapab rete sen epi san tach; paske Bib la di konsa: “Pou fini, frè m’ yo, mete lide nou sou bagay ki bon, ki merite lwanj: bagay ki vre, ki kòrèk, ki dwat, ki bél, ki p’ap fè nou wont.” (Filipyen 4:8)

## I. Kòman m’ap sèvi avèk kò mwen?

Apot Pòl te ekri lèt I Korenteyen yo; pliske te genyen yon konfizyon doktrinal avèk notisis yo. Moun sa yo te kwè ke kò a se pou latè li ye sèlman; se rezon sa ki lakòz ke yo te di ke se sèlman nanm nan ki pral nan syèl. Sa vle di, yo pat kwè nan rezireksyon an. Pandan ke yo t’ap demonstre ke kò a kapab kòwonpi; paske li pa pral nan syèl la menm jan avèk nanm nan.

Akoz de sa ki te pase anlè a, Pòl te fè yon limyè nan I Korentyen 15 osijè de rezireksyon an; epi , li te mansyone tou nan I Korentyen 6:12 ke pliske Bondye te kreye nou avèk tout libète nou, nou kapab fè nenpòt bagay ke nou vle.

E poutan, avètisman ki soti nan Bondye a montre ke se pa tout bagay ke yon moun kapab fè ap bon oubyen pote avantaj pou kò nou “Genyen kèk pamí nou ki di: “Mwen lib pou m fè nenpòt sa ke mwen vle”. Se vre wi! Men, se pa tout bagay ke yon moun vle, ki pote benefis; se pou rezon sa a ke mwen pa kite anyen domine mwen (I Korentyen 6:12).

Se pou rezon sa ki fè ke Pòl te pale byen klè avèk kretyen lavil Korent yo ke, kòm moun ki refèt pa mwayer Seyè nou an Jezi Kris, yo te dwe konnen ke kò yo chak te patisipe nan transfòmasyon ke Seyè a te opere a. Konsa, kò sa ki se tabènak pèsonèl nou an (kay kote Bondye rete); pa dwe kontamine. Ni nonplis, nou pa kapab itilize libète nou an pou nou pilonnen epi/oubyen kontamine li; déjà li se tanp Bondye ki sen an. Poutèt sa, nou dwe rete libere totalman de nenpòt kontaminasyon ki parèt pou atake kò nou, nam ak/oubyen lespri nou. Pote verite sa nan fon kè pri ap fè nou lib de nenpòt peche k’ap tante sal imaj nou “Kilès Seyè y’ap pale la a? Se Lespri Bondye a. Kote Lespri Bondye a ye, la gen libète” (2 Korentyen 3:17)

## Kesyon Opsyonèl

- Daprè I Korentyen 6:19, kisa kò a ye?
- Apa de dezòd lachè ke I Korentyen 6:13-18 mansyone la, ki plizyè lòt peche ki kapab afekte kò a?

## II. Peche ki detwi entegrite ak sante fizik la

Menm jan ke sou tan Moyiz la, tabènank reyinyon an se te kote Bondye te abite (Egzòd 26, 27, 33:7-11), jodi a, kò nou se tanp ak/oubyen kay kote Seyè a rete, "Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp Sentespri k'ap viv nan kè nou, Sentespri Bondye te ban nou an? Nou pa mèt tèt nou ankò" (I Korentyen 6:19). Epi menm jan avèk tabènak la ki te genyen yon estrikti ki fòme ak plizyè pati; nou kapab di tou ke kò nou fòme avèk plizyè pati: Kò, nanm ak lespri (I Tesalonisyen 5:23). Se poutèt sa, nou genyen kòm responsablite pou nou pran swen kò ke Bondye ban nou an; paske se la li abite, si nou se ptit fi ak ptit gason Bondye (Efezyen 1:13). Epi konsènan sa, li enpòtan pou ke nou poze tèt nou kesyon, ki peche ki kapab detwi entegrite ak sante fizik la. Nou pral abòde tèm sa kounye a.

Nan kontèks istorik sosyal epòk ke frè nou yo nan legliz Korent t'ap viv la, se yon kontèks kote ke te genyen anpil immoralite seksyèl. Konsa, nan kòmantè Biblik Diario Vivir, yo mansyone ke se nan lavil Korent fo dye Afwodit la te ye. Nan rejyon sa, te genyen "plizyè milye de fanm jenès kòm sakrifikatè epi sèks la te fè pati rityèl adorasyon an" (Bilia del Diario Vivir. EE:UU: Editorial Gwoup Nelson, 2007, p.1596). Se la ke apot Pòl te bay avètisman an nan I Korentyen 6:13-18, kote nou li: "Kouri pou dezòd lachè..."

Kontèks ke nou menm n'ap viv kounye a petèt pa tèlman twò differan de sa frè nou yo t'ap viv nan legliz Korent nan epòk pa yo a. Jodi a, nan anpil kote genyen anpil otal ak pwostibil ke nou pa menm kapab konte, kote ke fanm tankou gason ap fè anpil move itilizasyon kont sa ke Bondye ba yo a: Kò a. Kidonk, avètisman ki sen an se pou nou menm tou: "Kouri pou dezòd lachè!"

Men tou, genyen yon danje k'ap rete tann pèp Bondye, epi petèt li menm li kapab plis vijilan. Nou fè referans ak enfidelite espirityèl ki kapab prezante tankou egzil ki kapab bay kòm konsekans, separasyon ak prezans Seyè a. Pòl te di Timote konsa: "Si nou pat rete fidèl..." (2 Timote 2:13<sup>a</sup>). Nou wè ke genyen yon danje k'ap mache kontre kretyen an; epi sa se enfidelite ke li kapab komèt kont Seyè a. Lè nou

aksepte Seyè a, yon lespri nou ye menm jan avèk Li, "Men, moun ki mete l' avèk Seyè a, li fè yon sèl lespri avèk li" (I Korentyen 6:17). Se poutèt sa, nou dwe veye anpil nan fason n'ap mache avèk Seyè a, kòman kominyon nou avèk Li, ki kote kè nou ye, ki kote lanmou nou depoze. Si nou elwaye nou de Seyè a, entegrite nou ap detwi, epi nou pap itil anyen ankò (Jan 15:15).

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa idolatri a ye, epi kisa li pwovoke nan kò moun nan?
- Lè nou konsidere I Korentyen 6:7, kisa enfidelite espirityèl la ye?
- Kòman li afekte byennèt moun nan?

## III. Fason pou nou bay Bondye glwa nan kò nou

Jan ke nou deja sot mansyone l la, kò nou se tabènak Bondye, li genyen yon kalite konstriksyon. Se konsa, nou dwe sonje ke nou fòme avèk kò, nanm avèk lespri "Mwen mande Bondye ki bay kè poze a pou l' fè nou favè pou nou viv pou li nèt ale. Konsa, lè Jezikri, Seyè nou an, va vini, li p'ap jwenn nou ak ankenn defo, ni nan kò nou, ni nan lespri nou ni nan nanm nou" (I Tesalonisyen 5:23). Epi kòm nan tabènak reyinyon an yo te konn adore Bondye; nou memm tou kòm ptit fi ak ptit gason Bondye, nou kapab epi dwe glorifye Seyè a nan kò nou (I Korentyen 6:20). Men, kòman nou kapab fè sa? Pi devan, nou pral prezante kèk pwen ki gen pou wè avèk sa.

### A. Bay Bondye glwa nan kò nou

Nou sipoze goumen pou kò nou rete sen (menm jan ak tabènak Seyè a); li menm ki gen pou wè avèk kalite manje n'ap manje menm jan ke Danyèl te fè sa (Danyèl 1:8). Jounen jodi a, kwayan posmodèn nan genyen yon kilti alimantè ki mache an dezòd. Sa rive lè nou pran repa ki genyen toksik ki antrave bon fonksyonnan sistèm ak aparèy ògànik nou yo; n'ap fè referans ak manje ki pote non "manje chatara" tou. Manje sa yo, jeneralman yo gou nan bouch, men yo fini pa fè kò a mal al final. Okontrè, yon alimantasyon sen sou baz sereyal, pwason ak vyann blanch; anpil fwi ak legitim kapab kenbe yon kò sen epi ekilibre, li menm k'ap ba li sous pwoteyin ki nesesè yo, vitamin, mineral, elatriye, ke nou bezwen pou nou rete sen epi solid. Se menm jan tou, lè nou manje nan orè ki adekwa, epi nou regilye; sa enpòtan tou; yon fason pou ke nou evite dezòd yo. Li nesesè pou nou kontwole sa,

paske nou konnen kòm ptit fi ak ptit gason Bondye, nou koute chè anpil (I Korentyen 6:20). Ebyen, lè ke nou pale de glorifye Bondye nan kò nou, sa vle di nou dwe pran swen lye sen tabènak la (kò); lè nou konnen ke kò nou pa pou nou vre; men pito se espas kote ke Bondye abite.

Nou dwe kontwole sa ke n'ap bwè yo tou, epi se pa alkòl sèlman ki se yon bagay ki mal epi kapab pwovoke vis tou, genyen kèk bwason gazez oubyen ji ki deranje kò nou oubyen lè ke nou pa bwè kantite dlo ke kò a dwe bwè. Tout sa ki pwodwi vis, sa vle di, yon depandans total, se yon bagay ki pa bon pou kò a.

## B. Glorifye Bondye nan nanm nou

Lòt aspè nan kò nou se kalite li yo, daprè grèk yo, yo fè pati branch "psique" (nanm). Jodi a, sa siyifi pati sikolojik lòm nan. Konsènan sa, etid newoloji yo fè konnen ke se lespri a ki dirije koze newonal la (panse); se menm jan tou genyen de kalite panse ki egziste. Ann gade kisa ke yo ye an reyalite.

Panse ki pa toksik yo. Sa yo motive epi bay volonte nou kouraj (kè) pou nou poze aksyon oubyen afiche bon konpòtman. Sous bon panse yo (oubyen ki pa toksik) ki la pou ede nou disène sa ki bon an pamis sa ki mal yo (Sòm 15:1-5, 24:3). Se poutèt sa ke nou dwe pran swen lòt pati (lespri) tabènak pèsonèl sila a, pandan ke n'ap alimante memwa nou byen souvan avèk Bib la; nan sans sa a, n'ap kapab glorifye Bondye nou an depi nan panse nou yo (Lik 6:45a).

Panse ki toksik yo. Se sa yo ki kontamine lespri nou epi pètibe relasyon nou avèk Bondye. Sa ap rann moun pa glorifye Bondye avèk aksyon li yo "Li chich ata ak tèt pa li, ale wè avè ou" (Pwovèb 23:7a). Bib la di ke, jan ke nou panse a, se konsa nou aji. Ebyen, kesyon ki pi empòtan pou nou poze tèt nou se: Ki kalite panse n'ap plede kite antre nan lespri nou; epi finalman, ki kalite temwayaj n'ap bay?

Glorifye Bondye nan lespri nou. Genyen yon twazyèm pati nan tabènak pèsonèl nou an, e se li menm ki lespri a. Nou dwe fè tout efò pou ke nou ranpli ak fwi Sentespri a (Galat 5:22-25); menm jan ke nou dwe kiltive talan ke Bondye ban nou yo, konsakre yo epi mete yo nan sèvis Li ak sèvis legliz li a. Se menm jan tou, nou pral kapab itilize kòm enstriman itil pou edifikasyon legliz la.

Se menm jan, si nou sispann etidye Pawòl la, epi nou pèmèt ke move panse oubyen toksik yo anvayi nou; lespri nou ap kòmanse pèdi lavi ki sen ke Bondye te ban nou an; epi l'ap kapab enfliyanse pa mwayer

nenpòt van doktrin ke lòm envante (Efezyen 4:14). Epi alafen de tout sa yo, yon fwa ke nou renouvre de eta nou te genyen avan an, Bondye ap vin abite nan lavi nou avèk tout fòs li.

Si nou vle pran swen kò nou kòm tanp Sentespri a; nou dwe obeyi Pawòl Bondye pou nou pa kontamine nou avèk move panse toksik yo, yo menm ki kapab pwazonnen panse nou yo, epi chèche fè nou sispann glorifye Bondye vrèman nan tout kò nou.

Etidye ak medite nan Bib la, ap mennen nou nan chemen jistis; epi rekonesans ke Jezi se Sovè ak Seyè nou. Epi tout sa yo, se avèk objektif pou nou glorifye Bondye.

## Kesyon Opsyonèl

- Site twa aksyon ke w kapab itilize pou w glorifye Bondye nan kò ou?
- Kòman etid ak meditasyon kontan nan Pawòl Bondye kapab antre nan relasyon avèk swen panse nou yo?

## Konklizyon

An nou glorifye Bondye nan kò nou, kòm tanp Sentespri a, an nou pa kontamine li, ann rejte tout bagay ki kapab fè l mal, epi nan fason sa a, lavi nou va glorifye non Bondye pou tou tan.

## Not:

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---



# Bondye ki konn geri a

Loysbel Pérez (Kuba)

## Pasaj biblik etid la: I Korentyen 6:12-20

**Vèsè pou aprann:** "... Nonm yo rele Jezi a fè yon ti labou, li fwote je m' ak labou a, epi li di m' al lave figi m' nan basen Siloe a. m' ale. Lè m' fin lave figi m', mwen wè m' wè." Jan 9:11

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la reflechi sou kisa maladi ye, epi kòman ke Bondye vle pou nou awfunte li.

## Entwodiksyon

Maladi a te parèt depi lòm te fin tonbe nan peche, epi genyen anpil ki se mit ak entèpretasyon ke sa te lakòz. Men kèk kesyon ki gen pou wè: Èske se Bondye ki bay maladi? Èske maladi yo se rezulta peche? Èske yon kretyen pa ta dwe janm malad? Èske Bondye toujou geri moun? Sa yo se kesyon k'ap ede nou kòmanse klas la, epi k'ap reponn pandan dewoulman klas la.

### I. Plizyè entèpretasyon sou maladi yo (Jan 9:1-3)

#### A. Entèpretasyon jwif la

Yo te awfunte Jezi, pandan li te nan peyi Izrayèl, non sèlman pou maladi a; men nan plizyè entèpretasyon diferan ki te soti andedan pwen sa. Kesyon disip yo (v.2), an referans ak yon nonm ki avèg depi nesans, li te pase anpil tan nan peyi Izrayèl epi, nan menm tan, te genyen anpil entèpretasyon diferan. Pa konsekan, menm kesyon an te fè referans ak youn ladan yo; se paske pou peyzan Jezi yo, tout maladi te vini kòm konsekans de yon peche, menm si se pèsonèl oubyen rasyal. Se konsa, jwif yo te pase anpil syèk ap diskite pwoblèm sa epi yo te prezante li devan Jezi.

Pou sa ki gen pou wè ak sa anlè a, nou dwe poze tèt nou kesyon sa yo: Ki kote maladi yo soti? Pou kisa gen moun ki fèt tou avèg, soud, bèbè, etc.? Repons lan se ke tout bagay sa yo vin rive akoz de peche ki te antre nan mond lan; sa te lakòz yon defèt nan plan orijinal Bondye a; epi li te pote tout kalite afektasyon nan ras limanite a. Donk, maladi a vini akoz de peche ras limanite.

Li ta kapab anba kontèks sa ki rele "rasyal"; sa vle di, de jenerasyon an jenerasyon.

Apati de pèspektiv sa, kesyon disip Jezi yo pat tèlman mal. Men se pat kalite entèpretasyon sa ke Jezi te vle fè yon konnen. Pito, Li t'ap retire je li sou diskisyon osijè de ki kote peche a soti, epi li te ofri lòt royalite oubyen entèpretasyon sou maladi nonm sa: "...li fèt tou avèg pou ke nou kapab wè gwo pouvwa Bondye" (Jan 9:3c).

Ebyen, sitiyasyon nonm avèg sa pat gen anyen pou wè avèk peche, daprè sa ke Mèt la pou ka sila a; men pito li te gen pou wè avèk sa ke Bondye te vle fè a. Sa a se pou glwa li kapab eklate (v.3).

Menm si ke san diskisyon, lasyans demonstre ke genyen anpil maladi rasyal ki egziste epi ki pase de paran yo pou rive sou pitit yo, nou dwe konprann ke sa yo se pa pou koz peche familyal. Men pito, se konsekans peche orijinèl lòm. Pwosesis jenetik rasyal la se yon bagay, epi peche a se yon lòt.

Li posib pou pitit yon kretyen fèt ak yon pwoblèm fizik, pwodwi de yon eritaj familyal; men sa pa vle di ke li te fèt konsa akoz de peche fanmi an oubyen paran li yo. Menm si ke nou kontinye demonstre ke tout sa yo se pwodwi peche ke lòm te komèt depi nan jaden Edèn nan.

#### B. Entèpretasyon ki gen prejije yo

Menm jan ke jwif yo te genyen entèpretasyon pa yo sou koze maladi yo, legliz nan epòk pa nou an tou prezante anpil kouran panse ak entèpretasyon sou tèm sa, depi nan plizyè kalite konfesyon lafwa, oubyen entèpretasyon kwayan yo an patikilye. Ann analize kèk nan entèpretasyon ki plis fè deba ak prejije yo ki fè anpil tole nan mitan kretyen yo.

#### I. Maladi se yon bagay dyabolik

Maladi a menm se pa yon bagay ki dyabolik; se yon pati nan pwosesis lavi a. Wi, se klè ke genyen anpil maladi ki pwovoke pa mwayen demon yo, epi dènyèman, aprè yon liberasyon, moun nan te tou geri.

Nan plizyè okazyon, aprè ke Jezi te fin libere kèk moun anba demon, moun nan te tou geri de maladi ke li t'ap soufri a (Matye 9:33, 17:18; Lik 8:29-35). Men sa pase sèlman avèk moun ki pa kretyen yo ki poko genyen yon rankont avèk prezans Bondye. Okenn kretyen pa kapab resevwa maladi nan men demon oubyen dyab; paske Sestespri a k'ap viv nan disip Kris la te ba li libète yon fwa e pou toutan. Si kwayan an neglige lavi espirityèl li, sa kapab yon pòt ki ouvè nan favè prens mechanste a.

## 2. Kretyen yo pa janm malad

Pa genyen okenn kote nan Bib la ki di ke kretyen yo pa konn malad; eksperyans lan pa demontre sa non plis. Nou tout konn malad, genyen kèk ki malad plis epi gen kèk lòt ki malad mwens; men maladi toujou frape pòt nou. Men sa ki klè ke Bib la asire nou, se ke Bondye gen pouvwa pou I geri nou (Egzòd 15:26); epi Li toujou rete bò kote nou toutan (Matye 28:20).

### 3. Ou malad paske w manke lafwa

Lafwa fè nou resevwa gerizon; men se pa sèl mwayen ki genyen pou nou jwenn li, pliske volonte Bondye a konte dabò. Se Li menm ki konn geri, menm si yon moun te posede tout lafwa ki egziste nan mond lan, se volonte Bondye k'ap opere. Kidonk, yon kretyen kapab tonbe malad, epi li pa nesesè pou se mank de fwa. Bondye se yon Bondye ki konn geri, menm si w gen oubyen pa gen lafwa. E poutan, menm si sa nesesè, absans li pa kontribye pou bloke volonte Bondye pou I geri yon moun.

### Kesyon Opsyonèl

Konplete kòrèkteman:

- Maladi a rive vini se akoz de \_\_\_\_\_ oubyen \_\_\_\_\_.
- Jezi te bay yon entèpretasyon ki byen klè fas ak kesyon sa, epi nan ka nomm sa ki te fèt tou avèg la, nou kapab konnen bagay sa yo byen klè: Maladi sa se pat akoz de \_\_\_\_\_ ni \_\_\_\_\_, ni \_\_\_\_\_.
- Ki entèpretasyon prejije ke legliz nan epòk ke n'ap viv yo bay konsènan maladi yo?

## II. Volonte Bondye nan mitan yon maladi (Jan 9:4-5)

Sa ki enpòtan ke pasaj biblik la ap montre la se ke nonm sa te avèg jouskaske Jezi te rive epi li te geri I. Pandan ke jwif yo te rete ap fè diskisyon sou ki kote pwoblèm avègman nonm sa te soti, epi aprè sa, fason ke li te geri a; Jan te deklare ke Jezi te mete fen avèk pwoblèm avègman nonm sa. Ebyen, sa ki plis enpòtan nan tèks la se pa maladi nonm nan; men pito se mirak ke Jezi te opere a, epi fason ke li t'ap demonstre ke Li se Bondye. Tout bagay te kapab byen mal jouskaske Jezi te antre nan sèn nan; lè li te parèt nan lavi nonm sa, tout bagay te tou chanje.

Se poutèt sa ke nou dwe konprann volonte Bondye lè n'ap travèse yon pwosesis de maladi. Pandan ke genyen kèk kwayan, nan kèk okazyon, yo wè maladi a kòm yon bagay ki negatif; li posib ke Bondye wè yon bagay ki byen pozitif atravè maladi sa.

### A. Maladi yo pou kwayan yo

#### I. Tout se pou glwa Bondye kapab manifeste

Maladi nonm avèg sa te fè divinité Jezi manifeste; sa te fè limyè li klere (Jan 9:5). Maladi a pèmèt ou konnen Bondye kòm doktè ou; sèl fason w'ap kapab eksperimente

Bondye ki konn geri a, se lè w t'ap travèse yon sitiyasyon ki gen kalite sa epi Li te fè yon mirak.

Se atravè anpil mirak gerizon ke Bondye fè, lè sa anpil moun pran fòs nan lafwa epi genyen anpil lòt ki vin konn verite a. Men si Bondye pa fè mirak la, glwa li ap toujou manifeste nan pitit li yo k'ap fè fas avèk maladi yo san kè sote; epi sa ap bay yon temwayaj piblik sou grandè Bondye. Pandan ke genyen anpil lòt k'ap dezespere; kretyen yo menm ap jwi lapè Bondye.

#### 2. Yo tout vini pou akonpli yon objektif nan lavi nou

Pa gen anyen ki pase nan lavi yon kretyen san yon objektif, menm sa nou konsidere tankou bagay ki mal nan pwòp je lòm nou. Maladi a vini pou akonpli plizyè misyon ke nou kapab wè nan lavi kwayan yo chak jou k'ap viv:

- a) Yo fè lafwa nou vin pi fò. Nou konnen Bondye nan yon fason eksperimental, nou wè pwoteksyon ak swen li chak jou. Nan mitan eprèv yo, Li parèt pi klè toujou.
- b) Anpil konvèsyon nan Kris la. Li pèmèt kwayan an preche lòt yo ki nan menm kondisyon avèk li oubyen sanble, epi transmèt yon mesaj esperans ak bon nouvèl lavi ki pap janm fini an. Fanmi ki pa konnen Kris la genyen yon bon egzanp pou yo swiv; epi lopital yo, konsiltasyon medsen yo, yo tout ap vin tounen chè pou preche.
- c) Inite familyal. Nan anpil ka divizyon familyal yo, maladi a se yon bagay ke Bondye konn itilize pou rasanble tout fanmi an.

- d) Mirak gerizon an kapab pwodwi. Bondye kapab fè mirak gerizon an fèt, menm atravè lasyans medsin.

Genyen anpil bagay ki kapab rezon ki fè yon kretyen malad. Piga nou janm konsidere sa mal; an nou panse ak sa ke Bondye kapab fè epi ann sonje tèks Women 8:28 la ki di konsa: "Tansèlman, nou konn sa byen: nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l'".

Pa genyen okenn kretyen ki kapab rive gen yon maladi si se pa volonte Bondye. Si Bondye pa vle w genyen li, L'ap retire I; okontrè, li la, se paske Bondye pèmèt li.

#### B. Maladi yo nan moun ki pa kwè yo

Ni moun ki kwè, ni moun ki pa kwè, yo tout konn malad; se tankou yon bagay ki nòmal.

Sa te rive depi lè lòm te peche a, jan ke nou te deja di sa nan kòmansman. Nan plizyè lòt ka, se koze demon yo, oubyen kèk alyans dyabolik ke moun nan te fè avèk kèk divinité satanik.

Toutotan ke moun sa pa resevwa Kris nan kè li epi kraze alyans sa, li pap kapab geri totalman.

Nou te genyen kèk ka esterilite ki te konn fini aprè ke moun nan te fè pwofesyon lafwa epi yo te kraze alyans dyabolik ke yo te genyen yo. Sa te youn oubyen fè pati de misyon ke Kris la te genyen: Fè travay moun ki te voye I la (Jan 9:4). Youn ladan yo se liberasyon anba opresyon satanik.

Youn nan objektif fondamantal ke anpil maladi yo reyalize nan moun ki pa kwè yo se ede yo genyen yon konesans sou egzistans Bondye epi aksepte li nan kè yo, malgre se pa tout lè sa rive reyalize.

### C. Viv avèk maladi

Genyen anpil maladi ki vini kòm rezulta de move aksyon nou yo; paske nou pa pran swen kò a. Sa se yon verite ni pou moun ki kwè kòm moun ki pa kwè yo tou. Lè nou pa pran swen òganis nou, lè nou pa respekte règ alimantè ak sanitè yo, sa mennen anpil maladi kòm konsekans. Sa vle di ke, nan anpil ka, se lòm nan menm ki koupab. E poutan, al final, maladi a gen pou l vini nenpòt jan sa ye. Fason pou nou afwontre li a ap fè nou genyen pi bon kalite lavi. Nan anpil ka, nou pa kapab evite li, sèlman nou kapab viv avèk li, epi fason ke n'ap viv li a ap fondamantal.

1. Kenbe Bondye. Li se sèl moun ki kapab ede nou. Priye epi kite lòt yo ki genyen don gerizon fè li.
2. Mete konfyans ou nan pwomès Bondye yo.
3. Jwi sa w'ap viv la atravè lapè Bondye.
4. Fè maladi w la tounen yon rezon pou w glorifye non Bondye.
5. Toujou rete tann sa ki pi bon k'ap soti nan Bondye.

### Kesyon Opsyonèl

- Pou ki rezon ke kwayan yo soufri maladi?
- Site kèk konsèy pou kèk moun k'ap viv avèk yon maladi toutan.

### III. Bondye geri nan yon fason ekstraòdinè (Jan 9:6-12)

Se enteresan lè nou wè ke nan tout levanjil yo, Jezi te itilize anpil fason diferan pou l te geri moun. Li pat toujou itilize menm fòmil la, epi sa fè nou konprann ke gerizon Bondye a pa genyen anyen pou wè avèk etap pou swiv pou geri a; men pito, volonte Bondye.

Genyen anpil moun ki adopte yon fason pou yo fè gerizon; yo pale de plizyè etap; se plizyè fason pou di, kòm yon langaj espesifik pou ke gerizon an kapab rive fèt, oubyen si non, li pap rive fèt. Sepandan, pa genyen anyen nan sa ki gen sans biblik. Verite biblik la se ke se Bondye menm k'ap fè gerizon an epi li fè l jan ke li vle, atravè moun ke Li vle, nenpòt ki kote Li vle, epi avèk nenpòt moun ke Li vle.

### A. Rekonèt Bondye ki konn geri a

Sa ke avèg la ni moun ki te ansam avèk Mèt la yo ta atann se krache epi fè labou, epi avèk labou sa li basinen je nonm avèg la, epi aprè sa li ba l lòd al lave je li nan basen Siloye a, epi jwenn gerizon (Jan 9:6-7). Se pat ni krache a,

ni labou a, ni basen an; men pito se te moun ki te dèyè tout bagay sa yo: Jezi! Se pa aksyon chanèl yo ke moun nan reyalize k'ap fè mirak gerizon an opere; se Bondye ki pran glwa a.

Sèl bagay ke yon moun bezwen pou ke li rekonèt Bondye ki konn geri a se lè li malad. Nenpòt lè a, nan nenpòt fason epi pa mwayer de nenpòt moun ke li chwazi, mirak gerizon an ap opere. Men si sa pa janm rive fèt, rete gade lafwa, nan lapriyè epi kontinye viv yon lavi ki plen ak prezans Bondye. Bondye gen pouvwa pou l kontinye geri toutan.

Nan ka pèsonaj pasaj etid la, pou ke li te kapab resevwa mirak gerizon an, lafwa li se te yon bagay fondamantal. Se sa ki fè ke, pa lafwa, anpil moun te resevwa gerizon (Mak 5:34). E poutan, sonje ke se Bondye k'ap opere li, si l vle.

### B. Misyon pou priye pou gerizon an

Tout pitit Bondye yo, san eksepsyon, yo gen otorite pou yo priye pou moun ki malad yo epi pou yo geri pa mwayer Li menm. Sa se yon responsablite misyon ke Bondye ban nou. Chak opòtinite nou genyen pou nou fè li, kòm kretyen, nou dwe kontan anpil pou ke nou fè sa. Sèvis yo dwe genyen yon espas pou priye pou moun ki malad yo. Responsablite sa se pou tout legliz la; li pat la pou kèk gwooup oubyen moun, pèsòn moun pa mèt yon pwisans espesyal, menm si ke nou konnen ke don gerizon an andedan moun sa yo.

Se legliz la kòm kò Kris la ki responsab pou akonpli misyon Bondye a, epi youn ladan yo ki tèlman enpòtan se lapriyè pou gerizon an. Nan Atik # 14, Legliz Nazareyen ankouraje manm li yo priye pou moun ki malad yo avèk lafwa. Nan anpil okazyon, se paske moun nan pè pou malad la pa geri ki lakòk ke sa pa reyalize. Men si sa pa janm fèt, li pap janm wè Bondye k'ap travay. Mirak yo ap opere si kwayan an rann li responsab avèk akonplisman Pawòl Bondye a pou l fè li. Priye pou malad yo avèk lafwa, epi kite Bondye fè volonte li.

### Kesyon Opsyonèl

- Mansyone twa fòmil ke Jezi te itilize pou l fè gerizon (endike vèsè biblik yo).
- Ekri yon temwayaj byen kout sou yon mirak gerizon ke Bondye te fè nan lavi ou, oubyen nan lavi yon pwòch ou.

### Konklizyon

Genyen plizyè entèpretasyon diferan osijè de maladi; sepandan, nou dwe byen konprann ke li te antre nan mond lan aprè ke lòm te fin tonbe nan peche. Fas ak tout sa yo, bon nouvèl la se ke Bondye pare pou li geri moun yo selon volonte pafèt li a. Fason ke li fè yo a kapab diferan. Se menm jan tou, legliz la dwe sonje ke, youn nan misyon nou se priye pou moun ki malad yo, epi konfye ke Seyè a ap fè li jan ke Li vle a.

# Pi gwo esperans lane

Roberto Sosa (Ajantin)

## Pasaj biblik etid la: Jan 9:1-12

**Vèsè pou aprann:** “Jezi di li: ‘Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri.’” Jan 11:25

**Objektif lesón an:** Ede elèv la mete lafwa li an aksyon; epi lè ke li genyen pou I fè fas avèk lanmò, li kapab mete konfyans li nan pwomès Seyè Jezi ki se Kris yo.

## Entwodiksyon

Pi gwo kesyon nan nenpòt ki reliyon an se sa ki gen pou wè avèk lanmò a. Genyen anpil kesyon ki gen pou wè avèk lavi sa; men pi gwo mistè a se lanmò. Kris ofri nou anpil benefis kounye a menm; men pi gwo nan tout benefis yo se lavi ki pap janm fini an. Li fasil pou moun toujou poze kesyon sa: Eske mò yo gen pou yo resiste? Lavi sou tè sa tèlman kout. Nenpòt moun ki pèdi yon pwòch li, konnen ke koze lavi ki pap janm fini an se yon reyalite ki trè pratik. Si w pa genyen esperans sa lè w fas avèk yon tonbo, anverite w'ap santi w tris anpil avèk melankoli ak dezespwa. Men, gen anpil bon nouvèl tande!

## I. Kòman nou kapab fè fas ak lanmò? (Jan 11:1-4)

### A. Konsènan lanmò Laza

Lè Jezi te pran nouvèl ke Laza zanmi li te malad, li te di ke maladi sa se pa pou lanmò (v. 4) Avèk sa, li te vle fè konprann ke lanmò pat rezulta final maladi sa; paske, menm si se verite ke Laza te gen pou l te mouri, tonbo a pa t'ap kapab kenbe kò zanmi l lan pou anpil tan. Se poutèt sa ke, nou dwe konprann ke Seyè a te fè konprann depi davans ke lanmò pa t'ap pote viktwa, men pito li ta gen pou l pèdi batay lè li ta va resiste zanmi li a.

Se vre ke li ta kapab di: “Laza gen pou l mouri, men l'ap resiste aprè”; men se pa sa ke li te fè. Nan fason sa, malgre Seyè a te konnen ke li ta pral resiste li pita, tout lòt moun te genyen pou ke yo te fè fas ak evènman yo san konnen avèk sètitid sa ke Li te vle fè. Epi se sa menm ki rive nou lè n'ap fè fas avèk plizyè eprèv; men nou dwe sonje ke Bondye genyen yon plan (Wômen 8:28). Byen souvan, nou menm, nou pa konnen li depi davans, se sa ki lakoz ke byen souvan nou poze tèt nou kesyon: pou kisa nou oblige viv eksperyans dezagreyab sa yo.

Nan pasaj etid nou an jodi a, nou wè ke maladi Laza a te fè sè li yo anvi rete pi prè Jezi, se rezon sa ki te fè

yo voye rele I (Jan 11:3). Men, Seyè a pat ale tou swit; men pito li te voye mesaje la retounen avèk kèk pawòl vwale (v. 4).

Pou sa ki gen pou wè avèk ekspresyon “glwa Bondye a”, nan levanjil sa, li itilize pou fè referans ak kalite Bondye genyen yo pou ke li manifeste devan lèzòm. Epi nan okazyon sa, Seyè a Jezi te prezante tèt li kòm “rezireksyon ak lavi” (v. 25); de kalite ki antre nan yon relasyon ki gen pou wè avèk nesesite fondamantal lòm.

### B. Mèt, moun ou renmen an malad wi

La, nou menm kretyen yo nou genyen yon bon egzanp de sa ke nou sipoze fè lè ke nou malad oubyen lè n'ap travèse pa nenpòt ki sitiayson difisil:

Chèche fas Seyè a. Se vre ke nou pa kapab fè li nan yon fason fizik, jan ke Mari avèk Mat te fè l la; men nou kapab toujou apwoche bò kote li atravè lapriyè nou yo. Asireman, sa pa retire posiblite pou ke nou rekipere sante nou; sepandan, avan tout bagay epi sitou, nou dwe pote doulè nou yo bay Seyè a nan lapriyè epi mete konfyans nou nan Li totalman. Epi nou dwe di anpil mèsi tou lè frè ak sè kretyen nou yo leve nou nan lapriyè!

Pou sa ki gen pou wè avèk mesaj ke sè Laza yo te voye bay Jezi a, genyen yon detay ki trè enpòtan epi ki bèl ke nou kapab note: “Seyè, zanmi ou renmen anpil la malad” (v.3). Yo pat ajoute lòt anyen ankò, yo pat fè okenn demann; menm si sa pat enpòtan nonplis. Yo te sèten ke Seyè a t'ap deside fè sa li jije ki pi bon an. Sa se yon vrè prèv lafwa ak imilite ke nou dwe genyen nan lapriyè nou yo.

Epi nou siyale ke konfyans yo pat baze sou lanmou ke Laza te genyen pou Seyè a; men pito nan lanmou ke Seyè a genyen pou Laza. Lanmou ke nou kapab rive genyen pou Jezi ap toujou pa fin bon nèt, flotan epi ensèten; men, lanmou ke Jezi genyen pou nou an se yon bagay ki pafè epi li pa janm chanje (Jeremi 31:3). De medam sa yo te konnen kòman Seyè a te renmen Laza, nan sans sa a, yo pat oblige fè yon lapriyè byen long

pou yo te eseye konvenk li pou fè sa yo te mande l la. Anyen nan sa yo pat nesesè. Yo te konnen ke Seyè a te genyen pwiisans pou ke li te fè sa ke li vle; epi yo te konvenki konplètman ke lanmou li t'ap sekwe li pou pèmèt ke li aji nan favè yo nan pi bon fason an. Se menm jan tou, lè n'al kot Bondye nan lapriyè, nou dwe asire nou ke lanmou li gen pou nou an se yon bagay ki reyèl, epi depi la pou ale pi lwen, nou dwe rete tann repons li avèk anpil konfyans.

## Kesyon Opsyonèl

- Èske Seyè a genyen yon plan pou lavi nou avèk sitiayson difisil ke n'ap travèse yo? Eksplike.
- Mansyone kèk fòm pratik ki kapab ede nou sipòte moman difisil yo akoz de lanmò yon moun ke nou renmen.

## II. Nesesite sèvis finèb la (Jan 11:5-16)

### A. Gwo doulè

Nan mond sa, tout sa ki vivan gen pou mouri. Sèlman sa ki pa vivan ki pap mouri; lanmò a se yon pati ki enseparab avèk lavi, nou toujou pote li ansam avèk nou epi se yon bagay ke nou pap janm kapab evite. Nou konnen byen ke nou tout gen pou mouri. Li enpòtan anpil pou ke nou poze tèt nou kesyon sa nan etap sa: Kòman nou fè fas oubyen pral fè fas ak royalite sa a? Kisa nou santi oubyen pral santi fas ak lanmò yon pwòch nou, yon moun ke nou renmen anpil?

Se...Sèvis finèb! Tristès! Soufrans ki pi tèrib la! Tanpri, nan sesyon sa nan lesion an, pase yon ti moman ap diskite ak elèv yo osijè de soufrans kreyen yo. Ou kapab itilize kèk nan kesyon yo pou w kòmanse dyalòg la: Kisa plenn sò a ye? Èske kreyen yo kapab fè sèvis finèb? Kòman sèvis finèb kreyen yo dwe ye? Kòman sèvis finèb yo afekte lafwa nou, oubyen visevèsa?

### B. Doulè a fè pati lavi a

Lanmò a pwodwi doulè! Se yon bagay ki natirèl... Pèson pa vle lanmò pou yon moun ke li renmen; se bagay ki pi tris ak chokan ki kapab rive nou. Jan fè konnen ke lè Jezi te rive lakay fanmi sa, sè Laza yo te vrèman atriste, yo t'ap kriye san konsole. Bib la, nan vèsè ki pi kout li a, ak de pawòl sèlman, li eksprime kòman ke Jezi te touche, li menm ki se Bondye; men tou kòm vrè lòm nan: "Jezi te kriye" (Jan 11:35).

### C. Tan pou chagren

Yon konsèy: An nou kriye fas ak doulè lanmò; se yon bon bagay li ye! Ann kriye pou doulè nou, epi ann kriye tou fas ak doulè lòt yo. Ann dechaje pèn nou an, epi ann sipòte lòt yo pandan ke n'ap soufri fas ak royalite lanmò a. Men aprè moman tèrib enpak brial sa; aprè jou oubyen mwa natirèl ak nesesè yo

fin pase; ann kontinye viv nou menm!

Ann nou pa "antere tèt nou" ansanm avèk moun sa ki te ale a. Nan antouraj nou genyen anpil moun ki renmen nou epi bezwen lanmou ak atansyon nou. Epi si sa ta rive yo ta vin anonse ke nou pral ale trè byento, aprè dlo nan je premye moman an, ann kontinye viv nou menm! Ebyen, li klè ke nou dwe kriye fas ak lanmò; eksprime doulè nou; viv jou dèy nou yo... men nou pa dwe dezespere! Lanmò se pa fen an, genyen lòt vi tandé!

### Kesyon Opsyonèl

- Konbyen ou konsidere ke sèvis finèb yon moun dwe dire? Kisa nou dwe fè pandan tan sa?
- Eksplike motif kriye Jezi a byen brèf. (v. 35)

## III. Kris, rezireksyon ak lavi (Jan 11:17-44)

### A. "...si w te la..."

Menm kote a, lè sè Laza yo te pran nouvèl ke Jezi te nan wout la ap vin wè yo, Mat te kouri soti byen vit al rankontre li, nan tan sa a, Mari te rete lakay la (v.20). Yon fwa, sè sa yo te demontre kijan youn te diferan de lòt. Mat te toujou pi aktiv, ajite, empasyan; pandan setan ke Mari te toujou tranquil, renmen panse, renmen reflechi. Sepandan, lè tou de sè sa yo te wè Jezi, yo tou de te di l menm bagay la: "...si w te la, frè m nan pa t'ap mouri" (vv.21, 32). Asireman, se pawòl sa ke yo tou de t'ap plede repete lè yo t'ap plede pran lapenn pou frè yo a.

Se menm jan tou, nou kapab souliye yon lafwa ki melanje ak enkredilité. Deja ke nou wè ke medam sa yo pat doute de gwo pwiisans ke Jezi genyen pou l te geri frè yo a, men se sèlman si l te la. Yo pat rive wè si li te kapab fè gerizon an depi byen lwen tou (Jan 4:50). Epi se mwens bagay pou yo ta panse ke li ta kapab fè li leve byen vivan pami mò yo. Lafwa yo te bezwen atenn matirite; men sa se yon nesesite li ye pou nou tout. Konbyen fwa nou febli nan lafwa; epi nou pa rive wè tout grande ak resous gras Bondye! Ann priye pou ke lafwa nou kapab kontinye atenn matirite nan Seyè a.

Nou menm tou, nou gen pou misyon nan lavi kreyèn nou pou nou goumen byen souvan kont tout dezi ki pa satisfè... Epi li klè ke Mari ak Mat pat satisfè; yo t'ap tann yon bagay ke Seyè a pat bay yo. Kounye a, sa fè nou rive poze tèt nou kesyon, kilès ki te fè erè a vrèman.

Pou sè Laza yo, le te sanble ke sa yo t'ap atann de Jezi a pa t'ap kapab royalize; déjà li pat gentan rive alè. Men nou dwe mande nou tou si sa ke yo t'ap tann nan se te yon bagay ki kòrèk. Mande: èske nou dwe panse ke si n'ap mache avèk Jezi, nou pa dwe fè fas avèk bagay ki mal nan lavi? Èske Seyè a angaje li pou

ke li geri nou de kèlkeswa maladi ke nou genyen an; epi toujou libere nou anba lanmò?

Si sa ki anlè a se te konsa, pa t'ap genyen okenn kretyen malad, yo pa t'ap mouri nonplis; men, reyalite n'ap viv nan antouraj nou an se pa sa. Li klè ke lè nou genyen nenpòt maladi a, nou panse ke Bondye dwe libere nou de li menm. Sepandan, èske se sa ke Bondye te pwomèt; oubyen se sa ke nou vle kwè? Si nou plase lafwa nou nan yon bagay ke Bondye pa di; ebyen, n'ap santi nou pran desepsyon an final, malgre se nou menm k'ap responsab konplètman.

### B. "Kounye a, mwen konnen ke tout sa w mande li, l'ap ba ou li"

Malgre tout doulè ke li te santi, Mat te kwè ke Bondye te kapab opere atravè Jezi avèk anpil pwisans. Konfyans li nan Jezi pat ebranle. Konsa, li te rete kwè ke li te kapab toujou fè yon bagay; paske li konnen byen ke Bondye te tande priyè I yo (v. 22).

Men la, nou souliye lide vag ak twouble ke Mat te genyen konsènan Jezi. Li te pale se tankou Jezi ta yon pwofèt tèrès sèlman ki te manke pwisans siplémentè, se kòm si li pa t'ap kapab pase lòd pou yon moun geri si Li pat rele Bondye avan. Yon lòt kote, menm si li te di ke Bondye ta kapab ba li "tout bagay" ke li ta mande I; sanble ke pou li kesyon rezireksyon frè I la pat nan plan ankò.

### C. Mat, frè w la va leve byen vivan ankò

Premye pawòl ke Seyè nou an te pwononse lè li rive nan Betani se te bagay ekstraòdinè. Kote li te gentan pwomèt Mat ke frè I la te gen pou I resiste. Men Mat te kontinye lite avèk lafwa li epi li pat kapab rive entèprete rezireksyon ke Jezi te pwomèt la kòm yon reyalite pou moman prezantou; men pito, Mat te entèprete li pou dènye jou lè tout mò ki nan tonm yo va leve vivan an (v. 24). Se sa ki fè ke, lè aprè yon ti moman, Jezi te mande pou yo te retire wòch la devan bouch kavo a, sanble ke jouskaprezan Mat potko kwè ke Jezi te kapab resiste frè I la, sèl bagay ke li te kapab di se: "li santi déjà wi Mèt"; paske li te déjà pase kat jou antere (v. 39).

Menm jan avèk anpil nan nou, Mat te gen kouraj pou I te kwè ke Bondye ta kapab fè gwo mirak nan yon tan fiti; men, nan menm tan tou, li te demonstre yon lafwa ki fèb fas avèk eprèv ki prezante yo. San gade sou sa ki sot pase anlè a, Seyè a kapab fè bagay ki pi gwo pase sa ke nou mande oubyen ap rete tann kounye a. Li kapab toujou pase pi wo pase lafwa nou!

### D. "Se mwen menm ki leve moun ki mouri yo epi se mwen menm ki lavi a..."

Mat te kwè ke Bondye ta kapab tande priyè Jezi nan tout sa li ta mande li; men, nan moman sa, Seyè

a te di li ke Li menm pèsonèlman, li gen otorite ak pwisans pou bay lavi epi restore li pa mwayer rezireksyon an (vv. 25-26). Li se Otè lavi a" (Ebre 3:15), se Bondye menm ki tounen moun, sous ki bay lavi a, menm si se espirityèl oubyen fizik. Se poutèt sa, pèsòn pa kapab fè yon deklarasyon konsa menm jan avèk Li: "Se mwen menm ki leve moun ki mouri yo epi se mwen menm ki lavi a..." (v. 25).

Sa se setyèm afimasyon Seyè a ke Jan souliye, li menm ki kòmanse avèk "Mwen se". Nan okazyon sa, li te vle montre ke Li genyen tout pouvwa sou lanmò. Se pa tankou ke li ta kapab fè moun ki mouri yo reviv, menm jan ke plizyè pwofèt te kapab fè sa nan tan ki pase yo tankou pwofèt Eli avèk Elize; men pito, Li menm li se rezireksyon ak lavi a.

Jou sa a, Seyè a te deside resiste Laza; men sa se sèlman yon avangou de sa ki gen pou pase yon jou nan mond sa (Jan 5:28-29).

Nan Jan 11:28, nou wè lòd sa ke li di a: Premyeman, rezireksyon; epi aprè, lavi. Sa, se paske rezireksyon an ouvè pòt pou yon lavi ki pap sibi lanmò ankò. Se poutèt sa, nou dwe konprann ke Seyè a t'ap fè referans ak kontèks sa pou moun ki sibi "lanmò" fizik yo. Yo tout gen pou yo leve byen vivan anba gwo pouvwa Seyè a Jezi ki se Kris la epi yo pral viv pou toutan; menm si genyen kèk ki pral sibi kondannasyon; epi genyen anpil lòt ki pral jwi lavi ki pap janm fini an avèk Seyè a.

Aprè sa ki te pase anlè a, Mèt la te pale osijè de kretyen vivan yo, menm jan ke li te pale de kretyen ki te déjà sibi lanmò fizik yo (v. 26). Kwayan an gen pou I lib de lanmò oubyen kondannasyon etènèl la pa mwayer pouvwa Seyè a

### Kesyon Opsyonèl

- Ekri temwayaj pèsonèl ou byen brèf osijè de yon okazyon kote Bondye te fè plis pase sa ke lafwa w t'ap atann. Kòman sa ede w mete konfyans ou nan Seyè a?
- Ki enpak deklarasyon Jezi a fè sou lavi w pèsonèlman, lè li te di ke Li se lavi, fè yon kòmantè byen brèf sou sa.

### Konklizyon

Nan mitan gwo doulè akoz lanmò yon pwòch, nou ankouraje w mete lafwa w an aksyon. Seyè a toujou pare pou I konsole w atravè Sentespri a! Kidonk, mete konfyans ou nan pouvwa pwomèt Seyè a Jezi ki se Kris la, epi kontinye viv atache avèk li pandan w'ap konnen ke avèk lanmò, tout bagay pa fini la. Li se rezireksyon ak lavi! Moun ki mete konfyans nan Li, menm si li mouri, li va reviv ankò. Èske w kwè sa?



# Sipòte maladi yo nan Bondye

César Barco (Ekwatè)

## Pasaj biblik etid la: Jan 11:1-44

**Vèsè pou aprann:** "...Se favè m' ase ou bezwen. Paske lè ou fèb, se lè sa a moun wè pouvwa mwen nan ou..." 2 Korentyen 12:9

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la konnen epi aksepte volonte Bondye a avèk tout kè li nan mitan maladi ki pa gen tretman yo.

## Entwodiksyon

Anpil fwa, nou kwè ke si nou malad, Bondye dwe geri nou; paske konfòm avèk demann nou yo, L'ap aji, oubyen paske nou konfese gerizon an avèk lafwa, etc. Menm si nou menm kòm moun legliz Nazareyen yo nou kwè nan gerizon ki soti nan Bondye atravè lapriyè ki fèt ak lafwa oubyen atravè lasyans medikal; Bondye pap toujou opere gerizon an. Konfòm avèk volonte li, Li va geri kèk epi genyen kèk lòt ke li va di: "Gras mwen sifi pou ou" (2 Korentyen 12:9).

Nou kapab wè sa nan lavi gwo apot Pòl li menm ki te wè anpil gwo mirak ke Bondye te opere nan anpil vi; sepandan, sa pat pase konsa nan lavi pa li, malgre li te priye twa fwa pou Bondye te geri li (2 Korentyen 12:8). Bondye nou an pat geri li; paske li te bezwen fè yon pi bon travay nan lavi Pòl atravè maladi a, menm jan li toujou fè sa jodi a avèk pèp li a.

## I. Giyon nan kò a (2 Cor. 12:1-7)

### A. Giyon Pòl la

Moun k'ap fè kòmantè yo di ke li posib pou ke Pòl te soufri yon maladi ki te akonpanye li pandan tout lavi li. Yo panse ke se te kapab yon avègman akoz de limyè ki te klere I depi nan syèl la sou wout Damas la (Travay 9:3, 8); epi menm si li te geri nan kòmansman epi menm si ke te genyen plizyè bagay ki te soti nan je li ki te tankou kal pwason (Travay 9:18), sanble ke li pat wè byen malgre sa (Galat 4:13-14). Sa ke nou kapab konprann, se ke, li posib pou ke se yon bagay ki tankou yon vwal ki te toujou parèt nan je Pòl, non sèlman ki te fè li pat wè twò byen, men tou, santi doulè. Lòt maladi ke li posib pou l te soufri se malkadi, akoz de tout kou ke li te konn resevwa yo, tankou sa ke li te sibi yo nan lavil Lis (Travay 14:19).

Pa gen moun ki konnen byen maladi ke Pòl te soufri a. Men, maladi nan kò li a te kapab kèk maladi fizik; pliske siyifikasyon pawòl la se "feblès", ki mansyone plizyè fwa nan kò a.

Epi, siyifikasyon mo "maladi nan kò" (v. 7) sanble se kèk defo oubyen domaj kòporèl. Ebyen, maladi nan kò a te kapab yon maladi kwonik ki pa gen gerizon ki te nan kò Pòl.

### B. Yon mesaje Satan

Nan kontèks vèsè 7 la, Pòl te prezante giyon an kòm yon mesaje Satan.

Li bon pou ke nou mansyone ke mo "mesaje" a siyifi "zanj". Sa ke Pòl t'ap di la se ke giyon I lan se te yon èt espirityèl, yon mesaje destrikson ak lanmò ki pat fè pati ekip pa Bondye a; men pito ki te anba lòd Satan (Matye 25:41; Revelasyon 12:7). Sa vle di ke, se te yon zanj rebèl. Sa vle di ke, pliske zanj sa te vini sou lòd Satan, li te la tankou yon opozan, lènmi ak advèsè Pòl. Sa te fè ke akoz de maladi a, li te toujou santi fatig nan kò li. Mesaje Satan sa te toujou la nan lavi Pòl.

Avèk sa, nou pa vle di ke Pòl te konn mennen yon lavi ki gen de fas; men pito, nou vle ke tout moun konnen ke, sa pa vle di ke lè w gen krentif pou Bondye, epi mache dwa devan li, poutèt sa Satan ap kouri lwen moun sa pou toutan. Egzanp sa se Jezi, Pitit Bondye a, li menm lè li te pote laviktw sou tantasyon an, Pawòl la di ke Satan te kite I pou yon moman (Lik 4:13); fè konprann ke de tanzantan li te vin nwi li pou rann li mal alèz. Poutèt sa, pou panse Pòl, batay li yo se pat kont lèzòm parèy li (li pat gen tan pou sa); men pito se te kont objè espirityèl sa yo (Efezyen 6:12), ke li te kenbe tèt avèk yo nan lapriyè (2 Korentyen 12:8, Efezyen 6:18).

### C. Maltrete

Mo "maltrete" Mo nou jwenn nan 2 Korentyen 12:7 soti nan mo grèk "kolafízo" epi ki siyifi "frape avèk kout pwen, bat avèk men, kalote" (Strong James. Dictionary Strong. EE:UU.: Editorial, 2002, p. 118). Kiryezman, se sa ki pwodwi maladi tanporè oubyen kwonik yo nan nou menm, maladi ki kapab geri oubyen non. Nenpòt kalite maladi a vni pou frape nou, pou ban nou kout

pwen, pou fè nou dekoraje, pou fè nou fatige, pou febli nou fizikman, nan sa ki posib, menm nan vi espirityèl nou tou; sa frape lafwa nou. Se sa ki fè ke, Pòl te konpare maladi l la avèk yon zanj Satan.

Lè yon moun soufri yon maladi ki pa gen gerizon; se paske Bondye te pèmèt li. Li konnen ke moun sa kapab sipòte gwo kou sa yo (I Korentyen 10:13). Menm nan mitan yon maladi, Bondye mezire matirite ak kapasite nou genyen pou nou fè rezistans.

Se poutèt sa, nou pa dwe jije lòt moun k'ap pase anba maladi yo pandan n'ap akize yo pou di ke akoz de peche yo (se pou nou sonje sa nou te aprann nan lesyon 11). Laza se yon bon egzanp de sa nou sot mansyone a; li te mouri pòv, malad epi sèl. E poutan, lè li te mouri, li te antre nan lavi ki pap janm fini an dirèkteman; se kontrè ak koze pa nonm rich la, li menm ki te mouri nan pwosperite ekonomik, akonpanye ak bon lasante (Lik 16:19-31). Malgre tout gwo kou ke maladi kapab ban nou, se Bondye ki pèmèt li pou akonpli volonte li.

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa "giyon nan lachè a" vle di? (v. 7).
- Si Pòl, ki te youn nan gwo apot Bondye yo, li te soufri maladi; kisa w di pou lòt sèvitè yo p'at soufri okenn maladi kwonik? Èske yo dwe jije yo kòm pechè?

## II. Anbwase volonte Bondye (2 Korentyen 12:8-9)

### A. Pou nou pa gonfle lestomak nou ni fè lwanj tèt nou

Se yon bagay ki kirye pou Pòl ta bay koz de giyon li a, (2 Korentyen 12:7). Mo "gonfle lestomak" ak "louwanj" se tèm ki vle di "demontre awogans". Malgre apot Pòl ta yon jan gran, sa t'ap montre ke li te gen pwoblèm avèk awogans, menm jan avèk farizyen an, jan Lik rakonte nou li an, li menm ki se disip Pòl (Lik 18:11-12). Si w analize zèv farizyen an; ou kapab remake ke se pat move bagay, an reyalite, li pat yon vòlè, li te jis, li pat konn komèt adiltè nonplis, li te konn fè jèn epi peye ladim. Men sa ki te pase a se paske farizyen an te blyie yon bagay; se paske li te gonfle lestomak li epi fini pa imilye frè parey li yo (Lik 18:11).

Kòm lidè pèp Bondye a, anpil fwa nou konn ap gonfle lestomak nou lè nou wè n'ap fè siksè nan misyon nou yo, genyen yon pi bon ministè louwanj, mennen legliz la nan karil adorasyon, genyen pi bon ekip son, oubyen pi bon esntriman yo, oubyen pi bon vwa yo. Nou vrèman kontan, paske nou panse ke manm kongregasyon nou yo pran devan anpil moun nan lòt legliz yo; oubyen paske n'ap anseye nan kèk enstitisyon; oubyen petèt, paske kòm evanjelis, anpil moun konvèti nan anpil kanpay, elatriye.

Pandan ke an reyalite, moun ki vin konvèti yo pa vini akoz de gwo pouvwa nou; men pito se pa mwayen pouvwa Kris la (2 Korentyen 12:9). Bondye vle sa ki bon pou nou; epi akoz de lanmou, Li pini tout moun sa yo ke li resevwa kòm pitit (Ebre 12:5-6).

### B. "...twa fwa mwen priye..."

Bondye fè sa ke li vle, se sèlman si sa konfòm avèk volonte li, w'ap geri. Si Bondye pa vle w geri, piga w fache avèk Li, ni renye lafwa ou; piga w chanje legliz non plis, ni abandone, ni rann pastè a oubyen lidè a koupab. Bib la di ke Pòl te priye Seyè a twa fwa pou gerizon, pou Bondye te retire mal sa nan kò li; men Li pat reponn Pòl avèk gerizon an (2 Korentyen 12:8).

Èske Pòl pat gen lafwa? Èske se paske Pòl te yon gwo pechè? Èske li pat ase pou l te aksepte Kris pou ke tout bagay te byen mache epi pou ke tout pwoblèm te fini? Se pa paske nou se kretyen pou nou kwè ke nan lavi sa, tout bagay gen pou mache nan pèfeksyon. Se pa tout bezwen nou yo k'ap satisfè; men Seyè a pwomèt nou lavi ki pap janm fini an. Garanti a se lòtbò a, se sa ki fè nou viv pa lafwa. Sèlman lè nou travèse kafou lanmò, se la ke Li pwomèt seche tout dlo nan je nou yo (Revelasyon 21:4). Priye Bondye pou gerizon; men, si li pa geri w, adopte atitud apot Pòl la.

### C. "... Gras mwen sifi pou ou ..."

Seyè nou an te sèlman vle di apot li a: "...Gras mwen sifi pou ou..." (2 Korentyen 12:9). Pa dekoraje.

Bondye pa abandone ou; Li va ba ou gras li. Lè bondye di w: "Gras mwen sifi pou ou". Se konsa ke sa va ye; men nan kèk pamì yo, gras sa pral aji avèk lasante epi pwodwi gerizon; epi nan plizyè lòt, menm gras sa pral pote fòs pou w kapab rete pozitif pou w fè fas ak maladi ke w'ap gen pou w rankontre pandan toutan nan lavi ou.

Nan dènye ka sa, san dout, li gen pou l di anpil; maladi gen pou l frape ou, youn epi yon lòt fwa ankò w'ap venk li. Se yon batay w'ap gen pou w deklare jouskaske jou lanmò w va rive. Men, nan non Jezi ki se Kris la, pa dekoraje, silvouplè! Pa pèdi lafwa nan Li; okontrè adopte atitud Pòl la ki pat renye giyon li te pote a, okontrè, li te byen konpòte li devan Bondye avèk imilite epi glorifye Bondye pou sa (v.9). Kidonk, ou kapab repoze nan Bondye paske li di konsa, nan tout bagay (menm maladi ki pa gen tretman), Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l', pou byen tout moun li te fè lide rele (Women 8:28). Nan mitan maladi w la, ou dwe depann de gras Bondye. Ou kapab sèten ke si Bondye pa geri ou, l'ap toujou la pou l ede w sipòte, pandan ke l'ap fè w vin miyò ak bon kouraj ki pou ede w goumen ak maladi a jouk sa kaba.

## Kesyon Opsyonèl

- Pou kisa ke Pòl te soufri yon maladi kwonik?
- Kisa w panse ke Bondye te vle korije nan lavi li?
- Èske w kwè ke si Bondye fè sa ke li vle, èske li kapab itilize maladi yo pou nou kapab plis konsakre li plis? Eksplike.

### III. Glorifye Bondye nan mitan maladi (2 Korentyen 8:10-11)

#### A. Paske lè ou malad, se lè sa a moun wè pouvwa mwen nan ou

Kisa Bondye vle fè nan ou? Yo di ke li posib pou ke se Pòl ki te ekri lèt moun Ebre yo nan Ebre 12:5-11, yo pale nou osijè de disiplin ki soti nan Bondye a. Sa vle di, Bondye chatye pitit ke li renmen (Ebre 12:6); epi li kite nou san disiplin, se paske nou pa pitit Li (Ebre 12:8).

Objektif disiplin nan se pou nou kapab patisipe nan sentete Bondye a (Ebre 12:10), san li menm, pa genyen pèsòn moun k'ap wè Li (Ebre 12:14). Ebyen, nou kapab di ke maladi se yon disiplin; atravè li menm, li anseye ak korije nou. Se yon fwèt li ye tou, paske li blese po nou; men fen an se pou l kapab pèfeksyone nou nan sentete ke san li menm pèsòn pap kapab wè Bondye a.

Pòl pat wè maladi a kòm yon bagay ki negatif; men pito kòm yon bagay ki pozitif. Menm si ke li ta kapab wè li kòm yon bagay ki negatif pou kò a. Men fen an se lavi ki pap janm fini an, men se pa destrikson etènèl. Epi menm si ke jeneralman, soufrans sa pa jwenn byenvini, l'ap gen pou l pwodwi sentete nan lavi nou, si nou aksepte li kòm volonte Bondye. Se poutèt sa, kite Bondye fè wè bèle pouvwa Li nan maladi w la.

#### B. Ak tout kè mwen, m'ap fè kè m kontan nan maladi mwen yo

Sentete Bondye nan Pòl te pwodwi matirite, se sa ki te fè li di konsa: "...Se poutèt sa, nan fon kè m', mwen pito pale sou feblès mwen pou pouvwa Kris la ka mete m' anba zèl li" (2 Korentyen 12:9). I 2:ankouraje ou pou w kapab genyen "bon anvi" Pòl la; sa vle di, yon bon konpòtman fas avèk kèk maladi. Menm si se pa di y'ap di w pou w goumen kont li, men pito se pou w batay pou kè w toujou kontan. Kò a rete afekte akoz de peche; sepandan, sa pa vle di ke nou sipoze sispann pran swen li, sitou si li malad. Menm si ke Pòl di ke mouri a pi bon toujou, men tou, li di ke viv la pi nesesè akoz de moun k'ap viv bò kote nou yo (Filipyen 1:23-24). Epi ant pi bon ak nesesè, Pòl te chwazi sa ki nesesè a. Se poutèt sa, li pat lage kò l pou li te kite maladi a touye li non plis; kontinye lite, paske madanm oubyen mari w, pitit ou yo, fanmi w yo, zanmi ou yo, oubyen legliz la tou gen bezwen ou.

Moun ki ekri lesон sa genyen yon kalite sik. Mwen

sonje byen lè doktè a te di mwen sa, li te mansyone yon bagay pou l te fè mwen ri: "Trankil, kounye a pa gen okenn moun ki fèt anba kondisyon. Mwen menm tou, mwen fè sik!", epi li te souri. Nan kòmansman, mwen te vle goumen an silans epi yon sèvant te mande pou m te konfese sa nan legliz la avèk konfyans. Lè mwen te fè sa, yon sèvant ki te fè menm maladi sik la di mwen konsa: "Pastè, wavèk maladi sa a, mwen aprann fè bagay ke mwen pat konn fè avan. Pami yo, bwè ase dlo ke kò a gen bezwen, manje an sante ak sa ki nesesè tou, mache pou toujou nan zòn aktivite men se pou moun nan pa estatik. Nan non Seyè a, mwen te rive domine maladi sa, men se pa li menm ki domine mwen". Nou mèt kwè mwen, temwayaj sa te banm anpil kouraj. Sipòte maladi a avèk kè kontan.

#### C. Mete konfyans ou nan pouvwa Kris la

Kòm nou te déjà mansyone sa, fen an se pou ke bèl pouvwa Bondye a kapab manifeste nan lavi ou. Se pa sèlman pou geri non; men pito se pou resevwa lavi ki pap janm fini an atravè sanntifikasyon. Lè mwen te pastè prensipal nan dezyèm legliz mwen, mwen te konn priye pou malad yo ki nan mitan pèp la epi yo te konn resevwa gerizon. Men, genyen yon bagay ki te pase avèk yo, lè yo te mald la, yo te repanti nan peche yo, yo te konn ale legliz, yo te konn montre kijan yo gen krentif pou Bondye, men lè yo te fin geri, yo pat vin asiste nan legliz la, epi genyen anpil lòt te retounen nan lavi lontan an. Mwen te aprann leson: Mwen te sispann priye pou maladi a, men pito se pou volote Bondye te kapab fèt.

Nan mitan maladi yo, pouvwa Kris la va repoze sou nou tout, li menm ki te pote tout chaj peche nou yo, epi se blese li yo ki lakoz nou geri nou menm (Ezayi 53:5). Epi pouvwa li ap la pou geri nou menm kote a, oubyen l'ap la pou li geri nou pazapa, oubyen pouvwa li ap ede nou sipòte maladi sa jouskaske lavi nou fini.

Petèt paske nou pa genyen okenn maladi ki nan faz tèminal, se pou nou resevwa chak moun byen; nou pa konnen ki kalite batay l'ap livre la. Batay sa kapab yon maladi ki pa gen tretman, epi Seyè a kapab itilize w pou pote soulajman a moun sa, epi konsa, w ap gen bon kouraj pou w fè fas ak maladi a.

## Kesyon Opsyonèl

- Kòman ke nou dwe awonte dyagnostik, mwen te anba yon maladi kwonik oubyen ki pa jwenn tretman?

## Konklizyon

Kite pouvwa Kris la repoze sou ou, e menm avèk kò febli akoz de maladi a, Bondye va pran swen ou epi kontinye itilize w pou w fè gwo bagay (I Korentyen 1:27).

# Defi ak rekonpans yo: Kwonik

Twazyèm Trimès

Kòman nou onore prezans Bondye?  
Bati kay Bondye a  
Konsekans ale lwen Bondye a  
Pwojè ki plis enpòtan pou wa David la  
Òganizasyon ak distribisyon resous yo  
Gwo evènman yo  
Yon gwo demann  
Yon kay ki diy pou Bondye  
Wa ki genyen anpil bon konprann nan  
Fòk nou ekilibre ekip konseye yo  
Yon lafwa ki egzèse nan leprèv  
Yon transfòmasyon entegral  
Toujou fè sa ki dwat

# Kòman nou onore prezans Bondye?

Eudo Prado (Venezyela)

## Pasaj biblik etid la: I Kwonik 13-16

**Vèsè pou aprann:** "David chwazi kèk moun Levi pou reskonsab sèvis y'ap fè devan Bwat Kontra a pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, pou adore l', pou di l' mèsi, pou fè lwanj li." I Kwonik 16:4

**Objektif leson an:** Se pou alèv la konprann ke nou dwe onore prezans Bondye konfòm avèk kòmandman Pawòl li yo.

## Entwodiksyon

Endepandamman de opinyon ke nou genyen konsènan tèm nan, Bib la anseye kèk verite fondamantal ke nou tout kretyen dwe aprann. Youn nan pèsonaj ki plis anseye nou sou prezans Bondye se wa David. Li te yon gran adoratè menm jan li montre sa nan anpil nan Sòm li yo.

Leson sa a, ki baze nan I Kwonik 13-16, li anseye nou kòman nou kapab antre nan prezans Bondye konfòm ak kòmandman Pawòl li. An pasan, nou kapab di ke, I Kwonik prèske konsantre li nan rakonte istwa David, yon wa ki te make epòk li a pami tout lòt yo; paske li te renmen Bondye anpil anpil.

### I. Prezans Bondye (I Kwonik 13)

Pandan toutan nan lavi nou, nou tout aprann pran desizyon ki pi enpòtan yo. Sa ki gen pou wè avèk lavi ki pap janm fini yo pi enpòtan pase tout lòt yo. Genyen kèk lòt desizyon ki gen yon enpòtans ki pa benefik, lè yo afekte relasyon nou ak Bondye, ak lòt yo tou. Youn nan premye desizyon ke David te pran se al chèche Lach Seyè a ke moun peyi Filisti yo te sezi depi byen lontan (I Samyèl 4). Genyen kèk kòmantaris ki konsidere ke aprè li te fin etabli Jerizalèm kòm kapital li, se sa ki te desizyon ki plis enpòtan ke wa David te pran.

Desizyon sa te enpòtan pou restorasyon sèvis la, epi pa konsekan, I Kwonik 13 dekri sa osijè de lavi relije pèp la. Reyèlman, plis pase okenn lòt, sa a se te desizyon ki te make destine nasyon Izrayèl la.

### A. Yon priorite nan tout kongregasyon an (vv. 1-4)

Prezans Bondye a se desizyon ki plis enpòtan ke nou menm lèzòm nou kapab pran. Yon moun, legliz oubyen nasyon kapab reyalize anpil siksè; men si li twouve li lwen prazans Bondye, reyèlman li manke pi gwo bagay la (I Jan 5:12).

Lavi kèk nan wa peyi Izrayèl yo fè nou wè prensip grav sa. Separasyon li avèk Bondye pat sèlman pote

konsekans grav pou pwòp lavi ak fammi yo; men tou, pou tout kongregasyon pèp Izrayèl la. Men kèk egzanp ki gen pou wè avèk sa: Sayil (I Samyèl 15:26); Jewoboram (I Wa 13:33-34); ak Akab (I Wa 21:20-21). Okontré, anpil lòt wa ki te onore prezans Bondye te resevwa anpil gwo benediksyon. Nan ka sa, nou kapab wè bagay sa yo: Jozafa (2 Kwonik 17:3-6); Ezekyas (2 Wa 18:5-7); ak Jozyas (2 Kwonik 22:2, 23-25).

Kounye a byen, onore prezans Bondye pa gen pou wè avèk repete yon bann pawòl ni eksprime okenn emosyon. Respè nou devan Bondye gen pou wè avèk demontrasyon aksyon lanmou ak obeyisans ki klè, anvè kòmandman li yo (Jan 14:23).

Nan I kwonik 13:1-4, nou wè ke pi gwo desizyon ke David te pran se vini avèk Lach Seyè a, ke tout kongregasyon an te resevwa avèk anpil jwa. Lach la se te yon bwat oubyen kòf ki fèt an bwa totalman an lò ki te genyen yon kouvèti ki te rele "Pwopisyatwa" (chèz mizèrikòd la). "Klèman, dekalòg la te entèdi pou yo pat itilize okenn imaj oubyen bagay ki sanble ak Bondye. E poutan, pwopisyatwa se kote Bondye te konn fè rankont avèk lòm (Egzòd 30:6; Nonb 2:89), epi se kote sakrifikatè a te konn vin parèt nan jou redanmsyon an pou wouze avèk san, nan favè nasyon Izrayèl la (Levitik 16:14)" (Schultz, Samyèl J. Habla el Antigua Testamento 2yèm ed.EE.UU.: Outreach Publications, 1982, p.62). Pliske Lach la senbolize prezans Bondye ak glwa pèp li a, li te wè sa kòm yon bagay ki te enpòtan anpil.

Men, vini avèk lach la pat vle di ke li te reyalize yon gwo travay. Aksyon sa se te byen obeyisans kòmandman Bondye a kòm rezulta yon enterè pwofon pou fè Bondye plèzi. Se pa aktivite pou n'ap bat pou nou toujou fè nan legliz la; men pito se prezans Bondye a menm. Se sa ki dwe pi gwo priorite lidè yo nan tout kongregasyon yo. Nou dwe toujou sèten pou nou relye aksyon nou yo avèk volonte Bondye.

## B. Yon apwòch twonpe (vv. 5-13)

Nan pòsyon I Kwonik 13:5-14, li rakonte yon epizòd kote David te montre li fristre pou l te monte Jerizalèm avèk lach la (v.10). Nou dwe rann nou kont ke Ouza te genyen bon entansyon lè ke li te vle evite pou lach Bondye a tonbe; men nonm sa pat gen kapasite pou fè li. Se sèlman levit yo ki te gen otorizasyon pou pote lach Seyè a; epi sa te dwe fèt atravè metòd ki preskri nan lalwa a (Nonb 4:5-6). Li nesesè pou ke nou wè ke metòd sa te sevè anpil anpil; déjà se te yon bagay ki te gen pou wè avèk youn nan bagay ki te pi sakre pou Bondye (Nonb 4; I Kwonik 15:12-15).

Sa fè nou panse, konbyen bagay Bondye yo sakre! Yon moun pa kapab sèlman panse aji ak bon entansyon nan travay Bondye a; men pito, obeyi kòmandman li yo kòrèkteman. Nan eseye fè yon bagay ki "bon" pou Bondye, nou kapab twouve nou nan yon kontradiksyon total fas ak Pawòl li. Se poutèt sa, sél mwayen ke nou kapab byen parèt nan prezans Bondye se atravè lafwa nan gras sanntifye a ki pèmèt ke nou obeyi Pawòl li (Ebre 10:19-25).

### Kesyon Opsonèl

- Pou kisa ke yo kondidere ke pote bwat kontra Seyè a tounen nan laval Jerizalèm se te desizon ki plis enpòtan ke David te pran kòm wa nasyon Izrayèl la?
- Pou ki rezon ke Ouza te mouri pa mwayen prezans Bondye lè li te eseye evite kite bwat kontra Seyè a tonbe? Kisa sa anseye nou jodi a?

## II. Benediksyon yo ke prezans Bondye bay (I Kwonik 14)

Nan moman pasaj li nan dezè peyi Jida, akoz de atak pitit li Anbsalon, wa David te konpoze kantik ke nou konnen jodi a kòm Sòm 63. Ladan li, David te eksprime satisfaksyon ke prezans Bondye te pote nan lavi li nan moman difisil yo. Vèsè 5 ak 6 la dekri eksperyans li avèk yon bèle analòg: "Bondye, ala bon sa bon, renmen ou gen pou nou an! Se anba zèl ou lèzòm jwenn pwoteksyon, Yo manje vant plen ak manje yo jwenn an kantite lakay ou. Bon bagay ou yo tankou yon rivyè dlo k'ap koule kote yo bwè kont kò yo" (Sòm 36:8). Nan lavi David, nou kapab wè gwo benediksyon ke prezans Bondye siyifi pou tout kwayan. Se sa ke I Kwonik 14 montre nou.

### A. Bondye akonpli pwomès li nan nou (vv. 1-7)

Prezans Bondye a bay pwosperite ak benediksyon pèsònèl yo. Vèsè 1 pou rive nan vèsè 7 la rakonte nou de aksyon enpòtan ke David te pran ki te fè Bondye plezi. Nan premye pozisyon, rekonesans gouvnènans li pa wa Iram, wa finisi ke li te menm devlope yon alyans politik ak amitye avèk li ki dirab, li menm ki te pote anpil benefis pou tou de nasyon yo. Selon David, sipò wa se te yon senbòl ki te montre ke alyans lan te fè Bondye

plezi epi se te yon konfirmasyon pou wayòm li an. Epi nan dezyèm pozisyon, fanmi li te vin miltipliye lè li te vin genyen anpil pitit fi ak pitit gason. Pami yo, Salomon ki te gen pou vin ranplase li nan twòn nan epi rive vin popilè anpil pamí tout wa ki sou latè yo, akoz de gran sajès li.

La a, nou kapab wè akonplisman pwomès ke Bondye te fè David lè li te di l ke l'ap fè yon Wa k'ap la pou toutan soti nan branch fanmi li, Seyè nou an Jezi ki se Kris la (I Kwonik 17; 2 Samyèl 7:11-16). Nan pati lesón sa, nou konprann ke youn nan pi gwo benediksyon nan lavi kretyen an se akonplisman bèle pwomès li yo. Lè nou onore prezans li ak obeyi Pawòl li, pa genyen okenn nan pwomès li yo ki pap akonpli san fay.

### B. Bondye manifeste pouvwa li nan lavi nou (vv.8-17)

Kòm wa, David te toujou anba men Bondye ki t'ap dirije li. Gwo viktwa li te genyen yo te vini akoz ke li te depann de Bondye ki kapab fè tout bagay la.

Soti nan vèsè 8 pou rive nan vèsè 17 la, yo montre nou gran viktwa li sou filisten yo, lènmi mòtèl pèp Bondye pandan tout istwa li. Nou kapab di ke sa se te yon viktwa konplète ak definitif.

Osijè de sa, ann li vèsè sa: "Menm kote a, David te jwenn defi devan filisten yo, lè li te vin rekonèt kòm wa tout peyi Izrayèl (2 Samyèl 5:17-25). Li te bat yo de fwa, men nan yon peryòd de tan ki byen long, se konplèteman enkwayab pou ke te genyen tout batay sa yo souvan konsa pou li pat detwi yo plat" (Schultz, Samyèl J. Habla en Antigua Testamento. 2 zyèm ed.EE.UU.: Outreach Publications, 1982, p.113).

Ann souliye dependans total ke David te genyen sou Bondye nan ekspresyon sa yo:

- "David pale ak Bondye, li mande l': -Eske se pou m' atake moun Filisti yo? Eske w'ap lage yo nan men m? Seyè a reponn li: -Wi, atake yo. M'ap lage yo nan men ou" (I Kwonik 14:10).
- "David mande Bondye sa pou li fè. Bondye di li: -Pa atake yo pa devan bò isit la. Fè yon detou, pase pa dèyè yo. W'a ataque yo bò pye gayak yo"(I Kwonik 14:14).
- "David fè sa Seyè a te mande l' fè a. Yo bat lame moun Filisti yo, yo kouri dèyè yo depi laval Geba rive laval Gezè"(I Kwonik 14:16).
- Aprè gran viktwa sa sou moun peyi Filisti yo, wa David di konsa: "...Tankou yon lavalas, Bondye sèvi avè m' pou l' louvri yon pasaj nan mitan lènmi m' yo..." (v. 11).

Lè nou mete konfyans nou nan Bondye, n'ap rive atenn anpil gwo viktwa sou pi gwo advèsite ke nou kapab genyen nan lavi a.

Pa fwa, nou pa menm kapab ekplike viktwa sa yo depi yon pwen devi imen; pliske se sèlman avèk yon entèvansyon men Bondye sa kapab reyalize: "Tout lwanj lan se pou Bondye. Paske, ak pouvwa k'ap travay nan nou an, li kapab fè pi plis pase tou sa nou ka mande, pi plis pase tou sa nou ka mete nan lide nou" (Efezyen 3:20)

## Kesyon Opsyonèl

- Ki de aksyon pi enpòtan ki te pase nan kòmansman gouvenman David la, yo menm ki te konsidere kòm siyal ki te fè Bondye plezi ak konfirmasyon prezans Li?
- Kisa I Kwonik 14:10, 14 ak 16 anseye nou, epi kòman nou kapab aplike li jodi a?

## III. Ann nou fè kè nou kontan nan prezans Bondye (I Kwonik 15-16)

Lòt benediksyon ke onore prezans Bondye a pote ankò, se lajwa Sentespri a. Prezans Wa ki la pou toutan an, Seyè nou an ak Sovè nou Jezi ki se Kris la, ranpli kè nou avèk yon lajwa ki pa gen parèy. E poutan, pou ke nou apwoche nan prezans Bondye, kondisyon ki mande a se sentete (Sòm 15). Chapit I Kwonik ak 16 yo anseye nou gwo verite sa.

### A. Sentete nou bezwen pou nou antre nan prezans Bondye a (vv. 1-15)

Nouvo esè David pou pote lach Bondye a tounen nan lavil Jerizalèm nan te rive fêt akoz de obeyisans ak kondisyon moral ak seremonyèl ki te etabli nan lalwa mozayik la byen klè. Pasaj I Kwonik 15-1-15 lan montre nou akonplisman de aspè fondamantal sa yo. Nan okazyon sa, David te mande pou levit yo t'al pran lach la pote lavil Jerizalèm epi avèk tout lwa ki etabli pou sa (Egzòd 25:10-22; Nonb 4; Detewonòm 10:8).

Ann siyale akonplisman kondisyon sentete a espesyalman (I Kwonik 15:12-14). Ekspresyon "sanntifye" soti nan mo ebre Qadash (sanntifye, vin sen), epi li itilize "nan sans pou fè yon bagay oubyen yon moun ki vrèman sen epi ki reyini tout kondisyon ki gen pou wè avèk sentete a nan moun nan oubyen bagay yo pou fè sèvis pou Bondye... Menm si ke nan ka sa yo, anfaz prensipal la se sen, men tou, genyen yon melanj etik-moral" (Vine, W.E. Diccionario Expositivo de la palabras del Antiguo Testamento y del Nuevo Testamento. Colombien: Editorial Caribe, 1999, p.307).

Teyolojikman, sanntifikasiyon an "se zak oubyen pwosesis total ki pèmèt ke moun nan renouvre andedan kè li epi ki vin fè li jistifye" (Diccionario Teológico Beacon. EE.UU.: CNP, s.f., p.625). Nou menm kreyen yo, nou sanntifye pa mwayer san Jezi ki se Kris la, li menm ki ban nou libète total pou nou antre nan prezans Bondye.

### B. Lajwa nan prezans Bondye (I Kwonik 15:16-16:43)

Dènye sesyon leson sa, I Kwonik 15:16 a 116:43, se

nan referans ak gran selebrasyon nasyonal nan okazyon transmisyon lach la avèk restorasyon sèvis levitik la.

Ann souliye kòman levit yo te òganize konfòm ak plizyè kapasite diferan pou adorasyon ak sèvis (don ak minister yo): Pòtè lach yo, chantè avèk anpil mizik, gadyen pòt yo, ak plizyè moun k'ap ofri sakrifis yo.

Vèsè ki anba tou genyen gwo enpòtans: "David te gen yon rad fêt ak twal fin blan sou li, menm jan ak tout moun Levi yo ki t'ap mache devan Bwat Kontra a, sanba yo ak Kenaja ki t'ap dirije travay transpò a. David te gen yon moso twal fin blan tou mare nan ren li" (I Kwonik 15:27). Sa montre nou diyite adorasyon pou Bondye Sen an genyen. Menm aparans ke nou prezante pou ke nou ofri adorasyon bay Bondye, espesyalman, nou menm k'ap dirije li, sa reflete konsèp nou osijè de diyite ak grandè Li.

An diferans avèk selebrasyon Izrayèl la, sa ki parèt nan fen chapit 15 lan, nou wè move konpòtman Mikal, pitit fi Sayil la, li menm ki te mal gade wa David lè li te wè l k'ap vole epi danse devan Seyè a (v. 29).

Lajwa prezans Bondye a kapab eksperimente pa mwayer kè moun ki kwè yo, se yo menm ki kapab apresye grandè li lè y'ap selebre byenfè lavi ki pap janm fini an.

Finalman, nou jwenn yon sòm remèsiman David te ekri. Sa se te yon kantik nouvo pou Bondye nan yon okazyon ekstraòdinè. Li posib pou ke David te gentan ekri Sòm sa depi davans pou okazyon espesyal sa; yo di ke li te chante li akonpanye de Azaf ak frè li yo (I Kwonik 16:7-36). Kantik la fè parèt kèk evènman nan istwa kote ke Bondye te sove pèp Izrayèl, epi genyen plizyè lòt seksyon ke n'ap jwenn nan plizyè lòt Sòm nan Bib la (Sòm 96:1-13, 105:1-15, 106:47-48)

Nouvo Testaman enstwi kwayan yo chante kòm yon fòm pou di Bondye mèsi epi eksprime kè kontan nou nan prezans li (Kolosyen 3: 16; Jak 5:13). Nou dwe toujou genyen yon louwanj nan bouch nou pou Seyè a, pou tout bèl mèvèyo.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki kondisyon endispansab nou dwe ranpli pou ke nou rantre nan prezans Bondye?
- Ki bagay ke nou kapab mansyone nan lavi nou ki kapab fè nou rejwi nan Seyè a?

## Konklizyon

Genyen anpil bagay ki kapab pouse nou onore prezans Bondye; men yo tout dwe soumet anba obeyisans kòmandman yo ki endike nan Pawòl Li a. Se menm jan, onore prezans Seyè a vle di, ba li priyorite nan lavi nou epi apwoche nou bò kote Li avèk yon kè ki sakre ak rekonesan.

# Bati kay Bondye a

Mary Prado (Venezuela)

## Pasaj biblik etid la: I Kwonik 17

**Vèsè pou aprann:** “Se li menm ki va bati yon tanp pou mwen, m’ap fè gouvènman l’ lan kanpe fèm pou tout tan.” I Kwonik 17:12

**Objektif lesón an:** Se li menm ki va bati yon tanp pou mwen, m’ap fè gouvènman l’ lan kanpe fèm pou tout tan.

## Entwodiksyon

Tanp yo, kote ke nou fè sèvis pou Bondye ak reyalize aktivite ki gen pou wè avèk legliz yo enpòtan anpil. Men Bib la anseye ke Bondye “...Bondye pa abite nan kay ki fèt ak menm moun...” (Travay 17:24). Se menm jan tou, wa Salomon di konsa: “Men, Bondye, èske ou ka rete tout bon sou latè ak moun? Ata syèl la pa laj ase pou l’ kenbe ou! Ale wè pou ti kay mwen bati pou ou la a!” (2 Kwonik 6:18). Vrè kay kote Bondye abite a se kè nou ki sanntifye pa mwayen prezans Sentespri a. Se sa ki fè ke pi gwo preokipasyon nou chak jou dwe, vle pou kò nou vin yon tanp ki sen pou Seyè a.

### I. Kay kote Bondye abite a: Pèp li a (I Kwonik 17:1-10)

Konbyen preokipasyon nou menm kretyen yo nou genyen pafwa pou kote nou rele tanp yo! Pafwa, nou tonbe nan yon Pratik ke nou kapab rele “tanplatri”. Sa vle di, yon enterè ki ekstraòdinè pou plas oubyen kote nou reyalize sèvis yo. Sepandan, Bib la anseye nou byen klè ke kay kote Bondye a se nan pitit li yo li ye (I Korentyen 6:19-20).

Pasaj etid ke n’ap trete a ki se I Kwonik chapit 17 la pale nou de kontra ke Bondye te siyen avèk David. Kontra sa te gen pou wè avèk pwomès ke Bondye te fè pou li te abite nan mitan pèp li a pou toutan.

#### A. Preokipasyon pou kay Bondye a (vv. 1-4)

Pandan ke David t’ap fè yon ti pwomennen nan bél pale li a nan lavil Jerizalèm, li te genyen yon gwo preokipasyon: Bwat kontra Seyè a te twouve li nan yon ti tant san valè, pandan ke li menm li t’ap jwi yon bél palè epi byen alèz. David pat kapab aksepte pou Bondye pa ta genyen yon kay ki pi bél pase pa l’ la. Konsa, li te deside konstwi yon bél tan pou Bondye, epi konsa, li te fè konseye konfyans li a konnen sa, non li se pwofèt Natan (v.1). Sa yo rakonte nou soti nan vèsè I pou rive nan vèsè 4 la, nou jwenn ke pwofèt yo site a

te pataje menm preokipasyon avèk wa David, epi li te panse ke sa se te yon bèl inisyativ, epi ki ta menm soti nan Bondye (v. 2).

David te panse ke tant avèk ti rido sa a pat diy pou l’ te genyen prezans Bondye, epi sa se te yon bon ide. Men Bondye te genyen plan ki te pi bon pase sa, li menm ki ta gen pou reyalize nan tan ak fason ke Li vle a. Genyen yon kòmantaris ki di ke “pwojè David la te yon bagay ki kòrèk, men lè a pot ko rive pou sa fèt” (Diccionario Teológico Beacon, tomo II. EE. UU.: CNP, s.f., p. 54).

Desizyon negativ Bondye a fas ak plan David te genyen nan tèt li yo montre konbyen de fwa ke nou kapab fè anpil pwojè ke Bondye pa apwouve (Ezayi 55:8-9). Li enpòtan pou ke tout sa ke n’ap fè pou Bondye gen lye ak volonte li. An reyalite, Bondye pat genyen yon kay moun ak men pou li te abite sou tè a. Priyorite li yo toujou siyale reyalite ki plis enpòtan pase pa lèzòm yo. Nan ka patikilye sa, dezi prensipal li se te etabli yon kominyon ki pafèt avèk pèp li a; se pou pèp li a te sèvi kay kote pou l’ abite a.

Pasaj ke nou pral etidye aprè a endike kòman ke Bondye te toujou akonpanye pèp li a nan tout pelerinaj ke li te fè nan dezè a, epi li t’ap travay pou etabli yon abitasyon ki sèten epi fèm (I Kwonik 17:9)..

#### B. Abitasyon Bondye avèk pèp li a (vv. 5-10)

Pwoblèm pa gen tanp pat janm yon obstak ki te pou anpeche ke Bondye abite avèk pèp li a. Vèsè 5 a 10 endike devlopman plan gras Bondye a nan istwa Izrayèl depi nan liberasyon peyi Lejjip la, pase pa peryòd gouvènmantal jij yo, jous pou rive nan gouvènman wa yo.

Bondye pat janm manke nan pwomès ke Li te fè Moyiz, lè li te di ke l’ap akonpaye pèp li a avèk prezans li (Egzòd 33: 14-15). Pa genyen menm youn nan pawòl li yo ki rete san akonplisman (Jozye 23:14).

Nan seksyon sa nan pasaj biblik la, Bondye te fè David yon pwomès pou ke menm David la te konstwi yon kay pou Li. La a, mo "kay" siyifi fanmi oubyen desandans. Wa David te resevwa pwomès la pou ke li te beni kay li oubyen ras li a pou toutan (vv.10-11).

Men "kay" ke Bondye te anonsel la (v.10), non sèlman se te yon pwomès ki te refere ak ras li; men tou, li te anglobe tout kwayan ki nan Kris yo. Pasaj mesyanik la parèt byen klè nan vèsè 14 la espesyalman. Pou byen di, sa ke Bondye t'ap di a se referans ke Li t'ap di ak Seyè nou an Jezi ki se Kris la.

Yon lòt kote, asirans abitasyon Bondye a avèk pèp li a endike nan plizyè pasaj nan Bib la; men li montre klèman ke se avèk moun ki jistifye yo li antre nan kominyon (Sòm 15; Ezayi 66:1-2). Bondye abite nan mitan pèp li a ki sen, li menm ki genyen menm karaktè avèk Li (Egzòd 19:6; Levitik 19:2, 20:26).

Legliz la se vrè tanp ke Seyè a konstwi. Se kay espirityèl la ki genyen Jezi ki se Kris la kòm premye wòch fondasyon an (Efezyen 2:19-22), Li menm ki rete ladan li pou toutan (Matye 28:20).

Jezi pote non Emayèl "Bondye ansanm avèk nou", nan anons mesyanik pwofèt Ezayi a (Ezayi 7:14).

An rezime, nou wè la ke Bondye nan gran lanmou li, li te beni ras David nan Jezi ki se Kris la, nou menm tou nou beni pa lagras nan Li ansanm avèk ras nou yo (Travay 16:31; I Korentyen 7:14). E poutan, fas avèk bél gras sa a, nou chak dwe kwè pèsonèlman epi simante nou nan Jezi pou nou kapab fè pati kay ak Wayòm li an, epi konsa, n'ap kapab jwi tout bél pwomès ke Bondye bay legliz li a.

## Kesyon Opsyonèl

- Olye pou yo te konstwi yon kay pou Bondye rete, kisa ki te priorite Bondye?
- Kisa w kwè ki priorité Bondye pou pèp li a jodi a?

## II. Wa ki bati kay Bondye a: Jezi (I Kwonik 17:11-14)

Bondye te kanpe kont plan ke David te genyen pou I te bati yon kay pou li; men sa pat vle di mwens benediksyon pou li. Okontré, Seyè a te pèmèt li fè tout preparasyon ki te nesesè yo pou konstriksyon bél sanntyè ke pitit li a Salomon t'ap vin konstwi a (! Wa 6). Tanp sa te fonde nan syèk X avan Kris., epi yo rekonèt li kòm "premye tanp lan", li menm ki te detwi konplètman nan lane 587 avan Kris., anba atak babilonyen yo.

Atravè sa yo rele alyans davidik la, Bondye te beni David ak pèp li a, non sèlman nan bagay materiel ak kado; men tou, nan branch espirityèl epi se pou toutan. Nan I Kwonik 17:11-15, yo anseye ke pwomès Mesi a (Kris) andean kontra sa, Wa ki ta gen pou soti nan branch

David la epi li ta genyen pou li etabli yon gouvènman k'ap la pou toutan ak pou tout letènite.

## A. Yon wa kòm David; men li pi gran pase yo tout

Bondye te revele David ke pi gran Wa a ta gen pou soti nan branch fanmi li, se Seyè nou an Jezi ki se Kris la. Vèsè 11 ak 14 genyen yon pwofesi ki genyen doub referans, youn ki tou prè ak yon lòt ki make lavni. Nan sa ki tou prè a nou jwenn: "...m'ap pran yonn nan pitit ou yo, m'ap mete l' wa nan plas ou. M'ap fè gouvènman l' lan kanpe fèm" v.11b). Li te fè referans ak gouvènman Salomon pitit David la, li menm ki te pran plas papa li sou twòn nan yon tan aprè. Nan mak lavni an: Li te fè referans ak Kris la. Jezi, kòm moun, li te soti nan branch fanmi David, epi li te site kòm "Ptit David la" nan anpil pasaj nan Nouvo Testaman (Matye 9:27, 12:23, 15:22; Lik 1:32; Jan 7:42; Women 1:3). Pou sa ki gen pou wè avèk orijin fanmi David la, tit "Ptit David" te adopte pa mwayen entèprèt jwif yo pou yo pale de Mesi a, Sovè ki te anonsé nan Ansyen Testaman an.

Malerezman, jiskaprezan nan moman ke n'ap viv la, jwif yo kontinye ap rete tann premye vini Mesi a, epi youn nan kondisyon yo se te pou I te soti nan branch fanmi David. Malgre ke tout pwofesi ki idantifye Jezi byen klè kòm Wa ki la pou toutan ki te anonsé nan kontra David la te akonpli san manke anyen, Li te rebat tit "Ptit David la", pandan ke Li t'ap demonstre siperyorite li kòm Ptit Bondye, menm sou David. Jezi te fè diskisyon avèk farizyen yo osijè de sa ke Bib la te anseye sou Mesi a, epi li te montre yo ke David, anba enspirasyon Sentespri a, te rekonèt Li kòm Seyè li (Sòm 110:1; Matye 22:41-46).

Jezi se Wa de Glwa! Li pi gwo pase nenpòt ki lòt wa ki te egziste oubyen ki pap janm kapa egziste. Nan fen revelasyon biblik la, yo prezante li kòm Wa nan syèl la k'ap gen pou I gouvène nasyon yo avèk yon baton fè, epi sa l'ap pote sou vètman ki sou li a se "WA TOUT WA YO AK SEYÈ TOUT SEYÈ YO" (Revelasyon 19:16).

## B. Yon kay (pèp) ak yon wayòm ki pap janm pran fen

Anons mesyanik la genyen mesaj pwofèt Natan ladan li ki te siyale ke Gran Wa sa ta gen pou I bati kay Bondye a: "Se li menm ki va bati yon tanp pou mwen, m'ap fè gouvènman l' lan kanpe fèm pou tout tan" (I Kwonik 17:12). Kay sa fè referans avèk yon fanmi ki menm ale pi Iwen pase pwòp fanmi sangen David, pèp Bondye, legliz la. Legliz la pote non "kay Bondye" (I Timote 3:15) ak "tanp ki sen" (Efezyen 2:19-21), epi li te konstwi sou "wòch la" ki se Jezi ki se Kris la menm, Ptit Bondye a (Matye 16:18). Li san parèy epi se sèl fondman ke legliz la genyen ki la epi k'ap la pou toutan (I Korentyen 3:11).

Wayòm nan poukонт li se yon royalite gouvènman Kris la sou tout bagay. Yon otè te siyale bagay sa: "Moun pa kapab wè Wayòm sa fizikman ak enstitisyonèlman. Se pito gouvènman dinamik ak aktif Bondye, atravè

Jezi ki se Kris la epi atravè Lespri Sen an" (Van Engen, Charles Edward. El pueblo misionero de Dios. EE. UU.: Libros Desafío, 2004, p. 66).

Wayòm sa pa soti nan lachè. Ni se yon bagay ki la pou yon ti tan (Jan 18:36). Chak moun ki mete konfyans yo nan Jezi ki se Kris la pou l sove, li vin fè pati bél Wayòm ki san fen sa, epi moun sa la pou l resevwa eritaj ki pap janm fini an ke li menm li gen ladan li (Matye 25:34). Ala yon bél verite!

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa "kay" vle di nan pwomès mesyanik la?
- Kisa mo "kay" la vle di daprè I Timote 3:15 ak Efezyen 2:19-21)?

## III. Plan Bondye pou kay li a (legliz) (I Kwonik 17:15-27)

David te konprann ke Bondye te fè yon alyans avèk Abraram (Jenèz 12:1-9), ke li te konfime Moyiz (Egzòd 34:27). Yon fason pou li ta kontinye beni Izrayèl avèk rive Mesi a. Alyans sa se te yon alyans ki san fen ki te rive atenn tout moun ki te delivre yo pa mwayen Kris yo, nouvo Izrayèl la. Se menm jan, nan David, nou kapab wè kijan gras Bondye a opere nan nou malgre feblès nou yo kòm moun.

Nan dènye pati pasaj biblik etid la, soti nan vèsè 15 a 17, nou genyen bél priyè David la, aprè ke Bondye te fin revele l plan li atravè pwofèt Natan.

### A. Yon plan lagras

Ann li sa: "Aprè sa, wa David ale nan Tanp lan, li chita devan Seyè a, li di l' konsa: -Seyè Bondye sèl Mèt la, kisa mwen ye? Kisa fanmi mwen ye pou ou te fè tout sa ou déjà fè pou nou?" (v.16). Anons pwofetik la te fè yon gwo efè sou David, sa te tèlman reyèl, sa te menm pouse li antre nan lapriyè pou l te apwoche bò kote Bondye. Fason li te sipliye a se youn nan pi bél lapriyè nan tout Bib la. Se yon lapriyè ki montre respè ak remèsiman anvè Bondye.

Kontni lapriyè a montre nou rekonesans de ke, lè nou baze sèlman sou kapasite nou kòm moun, pa genyen okenn nan nou ki kapab ofri Bondye yon bagay ki akseptab. Se sèlman atravè gran mizèrikòd li ke Bondye menm fè apwòch nou avèk sèvis nou posib devan Li.

Kilès ke David te ye avan ke Bondye te rele ak chwazi li pou vin wa pèp li a Izrayèl? Yon senp gadò mouton (v.7). Men Bondye te leve li pou fè gran koze, yon fason pou ke aprè ke li te tankou yon enkon, kounye a li vin koni kòm wa, li te koni menm atravè tout lòt nasyon ki antoure Izrayèl yo (I Kwonik 14:17).

Kesyon ke David te itilize pou l te kòmanse lapriyè li a se te: "...Seyè Bondye sèl Mèt la, kisa mwen ye? Kisa fanmi mwen ye pou ou te fè tout sa ou déjà fè

pou nou?" (v. 16). Sa montre yon santiman de feblès ki te genyen nan anpil lòt moun nan Ansyen Testaman lè Seyè a te rele yo (Egzòd 3:11; Jij 6:15; Jeremi 1:6). Menm David te siyale tou nan Sòm yo, sans minimal ke lòm genyen devan grande Bondye ki pi wo nan syèl la (Sòm 8:4, 144:3).

Apot Pòl te montre menm sans endiyite sa fas avèk plan apèl li pou pwoklame levanjil nan nasyon yo (Efezyen 3:8). Pliske jodi a nou kapab konnen kilès nou ye nan Kris la, a diferans de moun ke nou te ye avan ke nou te konnen Li, sa dwe fè nou pran konsyans epi kondwi nou antre nan yon gwo remèsiman anvè Bondye. Tankou nan ka David la, transfòmasyon nou an se sèlman bél travay gras Bondye a (vv. 7-8).

Lè nou chak kapab fè yon ti kalkile ak lavi nou, pandan ke n'ap konsidere kote Bondye te retire nou ak kote li te vin mete nou, nou kapab rann nou kont epi di, ala de gwo bagay Seyè a fè pou nou!

### B. Yon plan san fen

Plan ke Bondye genyen pou nou chak tèlman gran, li anglobe letènité. Nou fè pati de yon ras ki beni pou toujou. Jezi ki se Kris la se "...rasin ak ras David..." (revelasyon 22:16), epi akoz de inyon nou avèk Li, akonplisman plan ke Bondye te fè depi avan fondasyon mond lan te fè a rive atenn nou (Efezyen 1:3-14).

Nan fen bél lapriyè li a, li menm ki te kòmanse apati de I Kwonik 17:16, David te santre li sou sa ke Bondye te reyalize nan mitan pèp li a. Sa ki fè ke plan Bondye sa ap kanpe fèm pou toutan, se akoz de fidelite ak chwa pèp li a pa mwayen volonte li (v. 19).

Kidonk, nou kapab sèten ke Bondye ap pèmèt zèv la kòmanse nan lavi nou jouskaske plan li yo reyalize nan lavi nou, malgre nenpòt advèsite, menm jan ke sa te pase avèk David ak pèp Izrayèl la (v.21; cf. Women 8:28-39).

Finalman, lapriyè David la reflete rekonesans kwayan an. Kòm pèp Bondye, nou kapab atache ak yon konpòtman rekonesan anvè Bondye pou lavi ki pap janm fini an ak tout benediksyon li yo (v.24).

### Kesyon Opsyonèl

- Kisa lapriyè wa David la reflete?
- Ki ansèyman lapriyè sa kite pou lavi mwen Jodi a?

### Konklizyon

Depi nan fondasyon mond lan, Bondye te genyen yon plan nan Kris la, pou li te bat yon kay ak yon Wayòm ki t'ap la pou toutan. Se pou nou menm chak kretyen yo, ann fè pati de gran fanmi espirityèl Bondye a ki se pèp li a, legliz la. Sa genyen ladan li, amplis de ke nou se sitwayen epi eritye nan wayòm ki pa gen fen li a. Bèl reyalite sa dwe fè nou toujou konsève yon atitud remèsiman epi sèvi avèk yon lavi ki san peche.

# Konsekans ale lwen Bondye a

Flavio Martínez (Meksik)

## Pasaj biblik etid la: I Kwonik 18,19,20,21

**Vèsè pou aprann:** “Mete gason sou nou. Kouraj! Nou pral goumen rèd mare pou pèp nou an ak pou lavil Bondye nou an. Bondye va fè sa li vle li menm.” I Kwonik 19:13

**Objektif leson an:** Se pou elèv la konprann ke chak fwa ke nou triyonfe nan lavi a, lone avèk glwa dwe pou Bondye nou an sèlman; deja se Li menm ki ban nou fòs ak bon konprann pou nou reyalize li.

## Entwodiksyon

Se klè ke liv Kwonik yo te ekri pou bay pèp ebre pèspektiv ak kontinite istorik, yon kominate ki te nan esklavaj, avèk gwo dezesperasyon li te bezwen konnen si Bondye ki te fè yo pwomèt la te toujou Bondye yo. Istwa pase Izrayèl la montre lanmou fidèl ke Bondye genyen anvè pèp li a.

Kwonik yo reflete pwen devi sasèdotal, li pat redwi sèlman nan repete oubyen ajoute kèk detay pou lavn. Okontré, akoz de pwen devi li, yo bay anpil detay osijè de tanp lan ak enterè sèvis yo, epi negligans ak detay yo enpòtan anpil pou yon pi bon konpreyansyon pou moun ebre yo ak plan delivrans Bondye a. Pasaj biblik pou etid nou an twouve li andedan kontèks gouvenman David la, li menm ki anglobe I Kwonik 11:I pou rive nan I Kwonik 29:30.

## I. David kòm gèrye, li etann wayòm nan (I Kwonik 18-20)

Chapit sa yo rezime gwo lagè yo ke David te deklare kont lènmi yo ki te kanpe kont pèp Bondye a (2 Samyèl 8). Viktwa yo te fè David pran anpil posesyon epi fè non li vin gran nan mitan pèp li a ak pèp ki antoure Izrayèl yo (I Kwonik 14:17). Se menm jan, sa ke li te pran nan lagè ak kontribisyon yo te ba li anpil richès.

### A. Reyalizasyon David yo (I Kwonik 18:1-13)

Aprè kominyon David avèk Bondye, li te avanse nan antrepriz li yo avèk yon detèminasyon ak vigè ekstraòdinè. Detay ke yo bay sou moun peyi Filisti yo, la nan I Kwonik 20:4-8, endike ke se te yon pèp lènmi ki te pwisan anpil. Epi nou dwe konnen ke moun peyi Filisti yo te pase plizyè jenerasyon ap maltrete izrayelit yo; men David te kraze ak imilye yo (2 Samyèl 8:1-14).

Se konsa menm, David te koupe jarèt tout cheval yo (2 Samyèl 8:4). Asosyasyon k'ap pwoteje animal nan epòk n'ap viv la yo pa t'ap ditou dakò avèk aksyon David

la kont cheval yo; se pandan, sa se te yon pratik ki te komen nan epòk sa yo, sitou ke lè cheval yo pat kapab itilize pa twoup sòlda ki konn pote viktwa yo. Se depi lè sa, aksyon sa te montre nesesite ke lènmi yo pat kapab cheval yo.

### B. Richès pou David (vv. 7-11)

Avèk sa ke Bondye beni nou an, se avèk yo ke nou dwe bay Bondye lonè tou. Epi se sa ke David te fè; déjà li te yon chèf sòlda ki te anba lòd Bondye, epi viktwa li yo te vin pi plis pou l te kapab bay Bondye glwa. Se konsa, David te ofri Seyè a tout bwonz ke li te rive pran nan Damas ak tout kado ke wa yo te te voye ba li yo (vv.10-11).

Déjà nou sot wè nan (I Kwonik 18:6), epi kounye a nou wè jan se menm bagay la ki repete: “Li mete kè ganizon sòlda nan teritwa Edon an. Tout moun Edon yo soumèt devan David. Se konsa, Seyè a te fè David genyen tout batay kote l' pase” (v.13). Nan pwen sa a, nou dwe wè byen klè ke Bondye bay lèzòm pouvwa, se pa pou yo kapab gonfle lestomak yo nan sans egojis; men pito se pou yo fè byen.

### Kesyon Opsyonèl

- Kisa ke nou kapab aprann osijè de viktwa sòlda wa David yo? (I Kwonik 18:1-13; 20:4-8).
- Èske sa se yon verite li ye nan lavi mwen jodi a “... Seyè a te bay David viktwa tout kote li te pase” (v.13)?
- Si non, kisa mwen kapab fè pou ke fraz sa vin yon reyalite nan lavi mwen jodi a? Èske genyen bagay ke mwen dwe chanje?

## II. Lagè kont moun peyi Amon yo, moun peyi Lasiri ak Filisti yo (I Kwonik 19-20:8)

Pasaj sa paralèl avèk 2 Samyèl 10:1-19, sof ke li genyen kèk bagay ki varye ak plizyè adiksyon.

## A. Anoun, pitit Naas la (I Kwonik 19:1-5)

Nou pa konnen ki kantite de favè ke David te resevwa nan men wa peyi Amon an; sa ki sèten, se ke avèk anpil onètete, David te sonje amitye ke papa Anoun te manifeste anvè li.

E poutan, te genyen yon bagay ki te pase sanzatann. Moun sa yo ki genyen mechanste nan kè yo toujou sisplèk lòt moun (san yo pa menm genyen okenn motif pou sa) sèlman sa yo panse fè! Sa vle di, move panse ak mechanste. Sa Anoun fè lè sa a, li pran moun David te voye yo, li raze tout yon bò nan bab yo, li koupe anba rad yo ra dèyè yo, li voye yo tounen (v.4).

Sa ke Anoun te bay lòd fè mesaje ke David te voye yo se te raze yo. Sa te yon gwo wont nan kontèks kiltirèl la; menm jan ak koupe rad moun yo nan pati dèyè yo. Epi sa te montre ke yo te déjà planifye sa pou atake David.

Pousa ki te pase anlè a, pliske moun peyi Amon yo pat resevwa òf lapè ke David te voye a, yo tout te detwi ansanm avèk moun ke yo te fè alyans yo (v. 19).

## B. Kè pechè yo vin pi di pou yo kapab detwi (I Kwonik 19:6-15)

Moun peyi Amon yo t'ap atann ke David vin vanje akoz de aksyon lawonte ke yo te fè sèvitè ke li te voye yo; olye pou moun peyi Amon yo te chèche padon akoz de enjistis yo te fè a, yo te pito prepare yo pou fè lagè (v.7). Avèk aksyon sa, yo te sèlman rive jwenn destrikson anba men David. Malgre moun peyi Amon yo te dispoze mil talan lajan pou yo te kapab jwenn anpil mèsenè pou fè twooup pa yo a vin pi fò nan lagè a (v.6); yo pat rive reyalize anyen.

La, li empòtan pou ke nou kapab konsidere ke mil talan se te yon kanti ki te vrèman anpil; déjà ke, avan sa, Amasyas te fè kontra avèk 100 000 gason pou 100 talan (2 Kwonik 25:6).

Lè Joab avèk Abisayi te wè atak la te rive anfas yo nan antre a, olye pou yo te soufle klewon an; avèk sekou Bondye, yo te déjà gen kapasite pou yo te detwi moun peyi Amon yo. Vèsè 13 la demontre ke yo pat genyen okenn enterè egoyis; men pito, yo t'ap chèche byen pou pèp Izrayèl la. Se konsa menm ke zòm sa yo te manifeste yon depandans total sou Bondye; yo te fè efò epi yo te rete tann entèvansyon Bondye (v. 13).

## C. Kanpay kont peyi Lasiri a (I Kwonik 19:16-19)

Moun peyi Amon yo te fè tout sa ki te depann de yo menm pou ke yo te tire bon avantaj de bon pozisyon ke yo te ye. Konsa, yo te Mennen yon gwo up sòlda vini sou chan batay la; men yo te goumen pou yon move koz, se sa ki fè yo te pèdi batay la.

Lè moun peyi Lasiri yo ki t'ap goumen kòm mèsenè ki te vin pote sekou, te wè yo pèdi, yo te kouri al mande ranfò nan men lòt abitan siriyen ki te abite nan lòt bò larivye Lefrat la. Se pandan, tout sa yo se te pou gran

mesi (v.18). Lè yo te wè ke viktwa se te pou pèp Izrayèl la, non sèlman yo te sispan defann pèp Amon an; men tou, yo te fè lapè avèk David (v.19), jouskaske yo te rete soumèt a li menm.

## D. Soumisyon moun peyi Amon yo (I Kwonik 20:1-3)

Yon jou konsa, Joab te rele David, li leve epi li t'ale nan Raba (2 Samyèl 12:26-31), malgre nan kòmansman li te rete nan lavil Jerizalèm. Men aprè sa, David te mete kouwòn wa peyi Amon an sou tèt li, epi mete yo fè travay ki di anpil. Se sèl kouwòn ke David te pran pou li. Nou pa konnen rezon an. David te déjà bay premye richès ke li te pran yo pou konstriksyon fiti tanp Bondye a; men e poutan, li te rete avèk kouwòn nan.

Viktwa se rive yon ane aprè ke Lasiri te fin soumèt li, tan ke wa yo te panse ke yo te kapab ale nan lagè; kèk moun panse ke sanble se aprè sezón lapli yo. Pliske moun ki ekri liv Kwonik yo te genyen objektif demontre obeyisans David anvè lalwa Bondye a ak fason ke Bondye te aji pa mwayen li menm, li te kase fèy kouvrí peche David la avèk Batcheba, li menm ki mansyone nan 2 Samyèl 11:4-12:24.

## E. Lanmò gwo zotobre filisten yo (I Kwonik 20:4-8)

Moun peyi Filisti yo te soumèt yo (I Kwonik 18:1); men jouskaprezan, gwo zotobre nan reydon Gat yo potko detwi. Menm si sòlda David yo te genyen yon wotè ki òdinè, nan chak rankont, yo te parèt twò pwisan fas ak jeyan ki te nan reydon Gat yo. E poutan, malgre moun Gat yo te enpresyonan akoz de diferans ki te genyen nan men ak pye yo; menm konsa, yo te rete fèm, yo te gen Bondye avèk yo (v.8). Sa fè nou sonje ke, lè nou twouve nou nan yon sitiyasyon ki sanble ak pa sòlda moun peyi Izrayèl yo, nou dwe mete konfyans nou nan fidelite ak pwoteksyon Seyè a. Li pap janm abandone nou! (Detewonòm 31:8)

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa ki te atitud moun peyi Amon yo selon vèsè 6-15?
- Kisa yon lòt opsyon ta dwe ye? Kisa atitud mwen ye lè yo ofanse mwen?

## III. David bay lòd pou fè resansman (I Kwonik 21)

Lide istwa a kòmanse byen klè nan vèsè premye a avèk endikasyon pou resansman an. Li menm ki te pwovoke yon gwo diskisyon ant jeneral lame a avèk wa a; sa vle di, ant Joab avèk David. Sitiyasyon te lakoz yo pran yon desizyon ki te dispoze aplikasyon resansman an. Premye sèn nan fèmen jous nan vèsè 4 la, kote ke nou wè kijan diskisyon an te pran fen ant yo tou de, lè Joab te obeyi David epi resansman an te kònanse.

Ou ta kapab panse pou wè ke fè yon resansman pa genyen anyen de mal ladan li.

Sa vin pèmèt ke nou poze tèt nou kesyon: Poukisa ke patè a pa ta dwe konnen kantite mouton ke li genyen? Men li nesesè pou nou obsève ke David te aji selon gwo ogèy ke li te genyen, se sa ki te ofanse Bondye. Pou redaksyon ki te fèt nan vèsè I, nou kapab wè kòman otè liv Kwonik yo akize Satan, lè li t'ap pale de ogèy wa a, li te fè l konte pèp la. Aparamman, David te vle kalkile pwisans militè li; sepandan, lè wa te mande pou resansman te fèt, li te demontre mank de konfyans li nan pwomès Bondye a.

### A. Peche David la ak malediksyon an (I Kwonik 21:1-22:1)

#### I. Resansman an (vv. 1-6)

Langaj orijinal la se "kontakte". Resansman te gen pou wè avèk kantite sòlda. Lè David pat genyen yon relasyon ki kòrèk avèk Bondye, oubyen ankò plis, li te pwovoke li, li te pran pozisyon li nan teren espirityèl lènmi an. Nou obsève ke David pat pran kontak ak Bondye; epi sa te lakoz ke li te antre nan relasyon avèk lèzòm pito. Asireman, wa David te neglje devosyon ak depandans li nan Bondye; epi li t'ap medite ak jan l'ap pran tèren nan gouvènman li a, li te blye si Bondye te pwomèt fè Izrayèl vin anpil menm jan avèk sab ki bò lanmè. Pou ke viktwa yo, pat rezulta estrateji oubyen fòs pa li; men pito, pouvwa Bondye. Ala enpòtan sa enpòtan pou nou pa pèdi kominyon nou avèk Bondye. Nou dwe sonje, lè nou rive nan plas kote Seyè a mennen nou an, se pou depandans nou de li sèvi yon limyè ki pou gide pa nou yo.

Joab te evite bay David rapò a; sepandan, pa genyen okenn kote ke dyalòg ant yo de a rejistre. Nan okazyon sa, David pat pale avèk moun; men pito avèk Bondye. Nan moman sa, olye li te pran otorite sou lòm, li te desann li devan Bondye pou montre ke li te rekonèt tò li (I Kwonik 21:8). Nou kapab di tou, ke lè David te genyen yon kominyon ki kòrèk avèk Bondye, li pat jamm konsidere pozisyon pa l la siperyè a lòt moun kòm wa; men pito depandans li nan men Bondye.

#### 2. Koreksyon ak redanmsyon (vv. 7-13)

David te rekonèt peche li ak foli li devan Bondye, li te priye mande Bondye padone peche I la (v. 8). Men Bondye te gentan detèmine pou l te pini li akoz de move desizyon I lan. Pinisyon Bondye a kont pèp Izrayèl la reflete enflyans ke desizyon yon moun pran kapab genyen sou lòt moun sa yo ki nan antouraj li. David te kapab chwazi juska setan grangou; twa mwa ap pran imilyasyon nan pèdi batay; oubyen twa jou epidemi nan tout peyi a. Li te chwazi dènye a (vv. 12-14). Malgre ke padon Bondye te nan wout, David pat kapab chape anba konsekans peche lè li pat konsilte Bondye avan ke li te pran desizyon yo. Ala enpòtan sa enpòtan se priye Bondye pou nou pa aji avèk foli nan lavi ak ministè nou

yo! Nou sipoze toujou konnen ke genyen moun nan antouraj nou ki kapab afekte an konsekans aksyon nou yo.

#### 3. Epidemi an (vv. 14-17)

Vèsè 12 la prezante twa opsyon ke Seyè a te bay David akoz li te dezobeyi Seyè a: Yon gwo grangou (simen gress yo pou granmesi); kouri devan lènmi yo; oubyen yon epidemi pandan twa jou. David te deside chwazi epidemi an; li te konnen ke men Bondye ta pi bon, paske li genyen mizèrikòd, olye pou l te tombe anba men lèzòm san pitye sa yo. Epi vrèman vre, Bondye te etann mizèrikòd li epi bay zanj lan lòd pou l te sispann destriksyon an (v. 15). David te rekonèt ke destriksyon ki te soti nan men Bondye a se akoz de move desizyon ke li te pran yo (v. 17).

#### 4. Yon lotèl ak yon sakrifis (vv. 18-27)

David te resevwa lòd pou l te leve yon lotèl nan rejon kote Araouna (v.18), li memm ki te tankou yon siyal de rekonsilyasyon. Fas avèk ensistans Araouna pou li te fè David kado bwa ak bèf pou san lajan pou ofri sakrifis la bay Bondye, li te refize ofri Bondye yon adorasyon ki pat koute chè. "Men wa a reponn li, li di l': -Non. Se achte m'ap achte. Se pou m' peye pou yo. Mwen p'ap pran anyen ki pa koute m' lajan pou m' ofri pou boule nèt pou Seyè a. Se konsa, David achte anplasman glasi a ansanm ak tout bèf yo pou senkant pyès ajan." (v. 24).

Bondye te montre li aksepte sakrifis la, pandan ke li te reponn avèk dife depi nan syèl la pou boule sakrifis la sou lotèl la (v. 26). Nan san sa a, chatiman Bondye a te sispann (v. 27).

#### 5. Yon plas pou tanp lan (I Kwonik 21:28-22:1)

Lotèl bwonz ke Moyiz te konstwi a te twouve li nan Gabawon (v. 29), epi se la yo te konn ofri tout sakrifis moun pèp (v. 29), y o. Men David te tranble lè li te wè nepe zanj lan ki te tou dediyennen; se poutèt sa ke li pat kapab ale lòt bò a (v. 30). David te tèlman sezi pou espas sa, li te deside bati yon tanp la (I Kwonik 22:1).

#### Kesyon Opsyonèl

- Eksplike rezon ki te pouse David fè resansman an? (I Kwonik 21:1-4).
- Ki reyakson David te fè nan I Kwonik 21:7-13?
- Ekri an brèf, kòman w santi ke lesion sa pral ede w sou la kòm kretyen.

#### Konklizyon

Men Bondye toujou an favè pèp li a, epi Li genyen anpil pwomès benediksyon pou moun sa yo ki obeyi li. Se konsa, san gade jan bagay yo parèt difisil, men Bondye toujou pare pou beni efò pitit li yo. Sepandan, nenpòt konpòtman ogèy ap ofanse kè Bondye; epi menm si Bondye, nan Kris la, etann mizèrikòd li, gwo konsekans amè dezobeyisans yo dwe jwenn awfowntman.

# Pwojè ki plis enpòtan pou wa David la

Leticia Cano (Gwatemala)

## Pasaj biblik etid la: I Kwonik 22:1-13

**Vèsè pou aprann:** “Koulye a, se pou nou pran desizyon chache fè volonte Seyè a, Bondye nou an, ak tout kè nou, ak tout nanm nou. Pare kò nou pou nou bati tanp Seyè a, Bondye nou an...” I Kwonik 22:19

**Objektif lesón an:** Se pou elèv la idantifye, antre nan relasyon, analize epi aplike tout atitud ak aksyon wa David yo nan sa ki gen pou wè avèk egzekisyon pwojè yo.

## Entwodiksyon

Avèk baz ki nan vèsè pou aprann nan, reyalize yon refleksyon ki tou kout pou w montre jan sa enpòtan pou te genyen yon plas pou moun te adore Bondye, nan epòk wa David la.

Daprè yon ekspresyon lari, sa ke tout moun bezwen nan lavi a se genyen yon pitit, ekri yon liv epi plante yon pye bwa... Men, pa gen youn nan twa bagay sa yo ki fasil pou fèt. Petèt ou pa genyen yon pitit, ni plante yon pye bwa, epi nonplis te ekri yon liv. Ebyen se la lòt kesyon an pran nesans: “Kilès moun k'ap pran plas ou lè w mour?... An relasyon avèk kesyon sa, eseye mennen elèv ou yo nan yon moman refleksyon.

## I. Preparasyon pou pwojè a (I Kwonik 22:1-9)

Se David ki te dezyèm wa nasyon Izrayèl la. Epi lè li te prèske mouri, li te deside konstwi yon tanp kote pou bwat kontra Seyè a te ye (ki te senbolize prezans Bondye), nan plas tabènak la. La, chak izrayelit te kapab eksperimente yon rankont pèsonèl avèk Bondye, epi rann li adorasyon.

Men, pwojè sa pat pran nesans nan yon moman ke David te anvayi pa santiman; men pito aprè yon eksperyans ki trajik. David te bay lòd pou fè yon resansman ke Bondye pat dakò, sa ki te fè anpil moun te mouri nan nasyon an; jouskaske li te rive nan tèritwa yon jebizeyen ki te rele ònan oubyen Araouna, zanj Seyè a rale nepe li mete deyò. Se la menm ke Bondye te mande David pou l te bati yon lotèl pou li epi ofri yon sakrifis ke Seyè a te aksepte (2 Samyèl 24:1-25; I Kwonik 21:2-27). Konsa, David ki te byen kontan akoz de mizèrikòd Bondye, li te deside bagay sa: “Se la Tanp Bondye Seyè a ye, ansanm ak lotèl pou boule bêt yo ofri bay Bondye pou pèp Izrayèl la” (I Kwonik 22:1).

## A. Dekrè pou travayè rasanble (vv. 2, 15)

David te bay lòd rasanble tout etranje ki te abite nan mitan yo, pou yo te kapab travay nan min yo pou taye wòch y'ap bezwen pou pwojè a. Li posib pou ke etranje sa yo se moun ke David te pran nan kaptivite nan tout lagè ke li te deklannche kont lòt nasyon yo.

Wa a pat fè gwo efò pou l te rasanble yon bon kantite travayè. Albanyil, moun k'ap fouye sab, chapantye ak anpil lòt moun ankò ki espesyalize pou chak zòn depatman nan travay la. Sa te gen ladan yo menm moun ki fè atizana ak bwa yo ak lòfèb yo tou, yo menm ki te fè pyès atistik san parèy avèk metal ki byen bèl.

## B. Materyèl konstriksyon yo (vv. 3-4)

Nou pa dwe bay lòt moun fè travay ki enpòtan pou nou anpil yo, si non, nou riske pèdi tan an, epi aprè sa, menm travay la rete san reyalize, oubyen yo mal fè yo. Wa David te vrèman pridan, ni nan planifikasyon an, menm jan avèk rasanble kantite materyèl yo: Wòch, fè, bwonz, bwa rafine, lò ak lajan. Se li menm ki te planifie ak òganize tout, poukout li; men sèl bagay ke li pat kapab fè, se te egzekisyon an.

Moun peyi Ti ak Sidon te bay yon gwo kantite bwa sèd, kalite bwa sa dire anpil, li pa pouri vit epi li santi bon anpil. Li enteresan pou nou wè repetisyon kèk tèm ki gen pou wè avèk jenewozite ak egzajerasyon resous yo: Gran kantite klou, epi plis bwonz pase sa ke li te kapab peze (v.3); yon kantite bwa sèd ki pat kapab fin konte (v.4); san mil talan lò, yon milyon talan lajan, fè ak bwonz san mezi (v.14). Sa anseye nou sou sa ki rele bay ak kè kontan; li pa nesesè ke fòk moun nan rich pou l ofri yon bagay, men pito se genyen dispozisyon kè a. Poutan, genyen anpil pòv ki renmen bay epi anpil rich ki chich.

Wa David te planifie chak detay trè byen; paske lèv la te genyen anpil enpòtans. Se pat tankou youn nan palè ke li te fè nan tan avan yo.

Se konsa, li te di: “...Salomon, pitit gason m' lan, se yon timoun ki poko gen espéryans. Tanp li gen pou l bati pou Seyè a, se li ki pou pi gwo, pi bèl pase dènye tanp, pou toupatou sou latè y'ap pale sou li. Se pou m' pare tout bagay kite pou li. Se konsa, anvan li mouri, David pare materyo an kantite kite la pou sa” (v.5). Se yon bagay ki te nan enterè David anpil pou ke non Bondye ta egzalte pami tout nasyon yo, se rezon sa ki fè li te vle pou tanp Seyè a te mèvye konsa.

Bon egzanz wa a te detèminan anpil pou ke pi devan, pou ke pèp la te kontribye avèk metal ak bél wòch pou konstriksyon tanp lan.

Renmen bay la se yon karakteristik pèp Bondye a ki angaje li epi rekonesan anvè Bondye. Nan ka patikilye sa, David kòm gouvènè, li te genyen yon fòtin ke li te elaji nan preparasyon pou kay Seyè a. Petèt, nou menm nou pa genyen yon gwo fòtin; men, prensip biblik la se bay avèk liberalite (Women 12:8), epi avèk kè kontan (2 Korentyen 9:7). Byen souvan, nou jwenn tanp kretyen yo plen avèk ban ki kraze, fèy tòl ki chaje twou, mi sal, etc.; pandan ke fidèl ki asiste nan legliz sa yo pran swen kay kote yo abite a avèk anpil pridans; men san ke yo pa enkyete yo pou move kondisyon plas kote yo rasanble pou yo adore a ye. A diferans de sa, genyen anpil tanp ki byen bél, men fidèl ki mache la yo ap viv nan ti kay ki prèske tonbe sou yo. Li nesesè pou ke genyen yon ekilib nan sans sa a!

### Kesyon Opsonèl

- Nan sa ki gen pou wè avèk preparasyon pou konstriksyon tanp lan, site kantite konpòtman ki pi parèt ke David te afiche (vv.1-5,14,16).
- Kisa nou aprann nan I Kwonik 22:2, 15?

## II. Enstriksyon ak kondisyon pou Salomon (I Kwonik 22:10-16)

Salomon te byen jèn jouskaprezan. Menm si Bib la pa di konbyen ane li te genyen lè sa, nou konprann ke akoz dejenès ak mank de matirite li, David pat vle riske pou travay la pa ta byen soti jan ke li te vle a. Se sa ki koz ke, non sèlman li te fè anpil efò pou li te rasanble pi bon materyèl yo; men tou, li te byen eksplike ptit gason I lan kijan pou li te rive fè tout bagay lè li ta jwenn lòd pou li kòmanse bél pwojè sa.

David te fè ptit gason I lan konnen ke malgre li te vle batit tanp lan avèk tout kè li, Bondye pat pèmèt li paske li te yon sòlda lagè ki te fè anpil san koule (vv.6-10). Se pou rezon sa, Bondye te dispoze pou ke ptit li a, Salomon ta vin moun ki pou fè I la. Epi li te pwomèt l'ap ede li nan lapè. Se pouèt sa, Salomon pat genyen pou I te defann tèt li kont okenn lènmi; paske David te kite yon wayòm ki estab pou li.

### A. Yon wayòm ki san fen (v. 10)

Vèsè sa enpòtan anpil pou sa ki gen pou wè avèk kominyon ke Bondye te vle genyen ak Salomon, ranplasan David la. Seyè a te vle genyen yon relasyon ki tèlman pwòch epi familial kòm yon papa avèk ptit li. Sa te dwe yon relasyon chak jou epi de konfyans; men tou, nan obeyisans.

Anplis de sa, Seyè a te pwomèt li bagay sa yo: "Se li menm ki va batit yon tanp pou mwen. L'ap yon ptit pou mwen, mwen menm m'ap yon papa pou li. M'ap fè l' toujou gen yon moun nan fanmi l' wa pou gouvènen pèp Izrayèl la". Salomon te mete fen nan jou I yo nan lapè, jan ke Bondye te pwomèt li a. Sepandan, pwomès sa depase wayòm

Salomon an; se yon pwomès mesyanik ki te akonpli nan tout entegralite li nan vini Seyè a Jezi ki se Kris la. Kòm zanj lan te di Mari a (Lik 1:33).

### B. Prezans endispansab Bondye a (v. 11)

Kisa n'ap gen bezwen pou ke nou se moun ki fè siksè? Sa se yon kesyon ki vrèman enteresan ke nou kapab poze tèt nou.

David te fè ptit li Salomon konnen ke prezans Bondye se yon bagay ki te endispansab pou ke lavi li te pwospere epi kapab reyalize rèv pou bati kay Seyè a. Konsa, se menm prezans Bondye a ki ta la pou ap gide entèlijans Salomon epi ta fè li nonce yon nonm ki pridan pou li aji kòm gouvènè Izrayèl.

Ala bezwen gouvènè nan epòk n'ap viv yo bezwen prezans Bondye pou yo gouvènè nasyon yo avèk bon konprann! Anplis de sa, genyen anpil moun ki kase kès leta akoz de soufrans gouvènè yo. Sitiyasyon ki tris anpil!

Men, sa ki ekri anlè a pa vle di ke ptit Bondye yo dwe evite pozisyon lidèchip gouvènmantal yo. Men pito, yo dwe prepare yo pou ke yo se moun ki genyen anpil prensip avèk valè ki fonde sou Pawòl la, epi gouvènè avèk bon konprann epi nan sentete Bondye.

### C. Konpreyansyon ak pridans (v. 12)

Wa David te pale ak Salomon osijè de konpreyansyon ak pridans tou wi, anpil bon kalite ki soti sèlman nan Bondye. Sa ta gide li lè li ta gen pou I gouvènè peyi Izrayèl. Se pa ti enpòtan sa enpòtan lè lidè gouvènmantal yo genyen entèlijans pou yo disène ak analize sikontans yo, pwoblèm oubyen nesesite popilasyon an! Men anpil de sa, li enpòtan pou ke yo genyen yon kè ki ranpli avèk pridans pou disène oubyen distenge bon bagay ki genyen nan move bagay yo, epi rete avèk sa ki bon yo. Lè moun yo antre nan ekip moun ki gen pouwva yo, anpil fwa, yo kòmanse ap fè tèt atè epi glise moralman, menm kont pwòp valè pa yo.

### D. Nesesite ki genyen pou konsèvè lalwa Seyè a (v. 13)

David te anseye ptit li a kòman konsèvè lalwa Seyè a se yon mwayer enpòtan ki kapab pèmèt li fè gwo siksè nan zafè gouvènè a. Pwosperite a pa gen pou wè avèk genyen yon gwo fòtin oubyen anpil enfliyans; men pito se konte sou benediksyon Bondye lè ou obsèvè oubyen akonpli avèk prensip li yo pou lavi nou. Se sa ki fè ke yon moun kapab genyen anpil byen ekonomik; men, li echwe nan tout lòt aspè yo nan lavi li. Konsèvè lalwa Seyè a se sa ke tout moun k'ap gouvènè toupatou nan mond lan gen bezwen.

Absans pratik ki etabli nan lalwa Bondye a se rezon sa ki fè ke genyen tout mechanste sa yo nan soyete nou an, tankou kòripsyon, chomaj, delenkans, povrete, mank de travay, lenjistis, ensekirite, alkolis, ak abi pouwva nan anpil aspè diferan nan lavi chak jou.

Menm sa ke David te mande Salomon an se menm bagay la ke Bondye te mande Jozye avan ke li te kòmanse

dirige nasyon an (Jozye 1:8). Se menm lòd sa ke gouvènè oubyen sitwayen nan tan n'ap viv yo resevwa: Li nesesè pou ke yo gade, obsèvè ak akonpli lalwa Bondye pou ke genyen yon sosyete ki san tach.

Kidonk, sekrè pwosperite pèsonèl la se pa siyen kontra ekonomik yo; men pito se renmen lalwa Bondye a epi mete li an pratik (v. 13).

### E. Efò, valè ak kouraj (vv. 14-16)

David te di pitit li Salomon konsa: "...mete men nan travay la! Mwen mande pou Seyè a toujou kanpe la avè ou" (v.16). Fòmasyon Salomon an te vrèman diferan ak pa papa I la David. David te leve nan yon kanp, li te konn travay ki di epi danjere; li te menm konn fè fas avèk chen mawon sovaj (I Samyèl 17:34-36). Se te kontrèman avèk Salomon ki te leve nan mitan bél rido ki byen fen epi pat genyen okenn nesesite ekonomik. Pou rezon sa a, David te efòse I pou I pat rete san fè anyen; men pito pou I te aji pou mete men epi fini gwo pwojè wa sa a: Kay kote pou Seyè a abite a.

Gwo travay yo mande gwo efò ak pèseverans. Pou koze finans pou konstriksyon kay Seyè a, David te pran responsabilite sa (v.14); men li te bezwen yon bon kontwòl ki gen kalite, anpil materyèl, sipèvizon ak anpil lòt bagay ankò. Epi tou, nan sikoston sa yo, li posib pou ke li te soufri anpil fatig avèk dekorajman.

### Kesyon Opsyonèl

- Kisa Salomon te bezwen pou I te fè siksè?
- Kisa nou menm nou bezwen pou ke nou kapab fè siksè? (vv.11-12)?
- Pou kisa ke David te deside prepare tout materiel yo pou konstriksyon an, epi li pat kite responsabilite sa sou kont Salomon poukонт li? (v.4)?
- Konbyen ou solid nan desizyon pou w chèche Bondye, espesyalman lè ke travay ki di anpil yo atrape ou?

### III. Sipò lidè yo ki nan peyi a (I Kwonik 22:17-19)

David te tounen pran lidèchip la yon lòt fwa ankò epi bay chèf tribi Izrayèl yo lòd pou yo te ede Salomon nan konstriksyon an, pandan ke li t'ap fè yo konnen ke lapè yo t'ap jwi a se te yon kado Bondye te bay.

### A. Pwojè remèsiman an (vv. 17-18)

Nasyon Izrayèl la te pase anba yon gwo eprèv kote yon bann moun te mouri nan mitan pèp la akoz de resansman an, epi David te di Seyè a mèsi pou mizèrikòd li, li te dispoze prepare tout bagay pou konstriksyon tanp lan. Men, Salomon pat kapab fè l poukонт li; se sa ki fè ke li te nesesè pou ke moun sa yo ki te okipe yon pozisyon lidèchip te mete men nan travay la tou, paske Bondye te fè tout nasyon an gras fas ak lanmò. Se sa ki fè ke, tout Izrayèl te dwe patisipe nan pwojè remèsiman sa pou yo te genyen yon bon kote pou yo bay Seyè a adorasyon. Sa fè nou panse ke yon bon lidè mete lòt moun nan sèvis k'ap fèt pou Bondye yo.

Pou kisa David te deside rasanble tout bél ak bon materyèl sa yo, epi bay Salomon ptit li a tout bon konsèy sa yo, pou konstwi tanp lan; e menm mande lidè izrayelit yo sipò yo pou travay la? Rezon an se paske reprezantasyon tanp lan se t'ap yon reflè lagwa Bondye; anplis de sa, li te senbolize prezans Bondye a ki sen nan mitan pèp la. Avèk pwojè sa, David t'ap reyalize enpòtans sèvis san parèy, vrè, sen ak mizèrikòdye Bondye Izrayèl la.

Menm jan ke David te chèche pi bon materyèl yo, jodi a, nou menm nou dwe prezante kè nou, byen dekore ak sentete ak obeyisans pou ke glwa Bondye kapab manifeste nan lavi nou.

Se menm jan tou, David te fè lidè yo konnen ke se Bondye ki te fè yo rive viv nan lapè, lè li te ede yo fè fas ak anpil batay epi rive mete lòt nasyon nan alantou yo anba dominasyon yo, tankou moun peyi Filisti, moun peyi Moab, moun peyi Amon avèk Lasiri yo. David te montre ke tout glwa yo se pou Bondye, lè li t'ap pale avèk lidè yo ki nan mitan pèp la; men se pat sèlman glwa pa li. Gen anpil moun ki kwè ke se akoz de efò pèsonèl yo, yo rive fè anpil bagay, epi yo blye ke se Bondye ki te pèmèt sa fèt.

### B. Yon objektif ki sèten (v.19)

Nou vle pou ke lidè nasyon ak legliz nou yo genyen yon objektif ki sèten nan chèche fas Seyè a pou ke li kapab ba yo bon konprann ak sajès pou gouvène avèk jistis.

Nou bezwen genyen yon gwo detèminasyon pou nou chèche Bondye nan jou ke n'ap viv la! Men genyen anpil moun ki tonbe nan pyèj foli pou byen materyèl nan lavi sa, epi yo pa dispoze kè ni tan pou yo genyen yon kominyon avèk Bondye.

Èske w solid nan pran desizyon pou w chèche Bondye, espesyalman lè w dwe fè travay ki di anpil?

### Kesyon Opsyonèl

- Ki enpòtan ke sa genyen pou ke kòm lidè kretyen, pou ke nou ankouraje epi mete lòt frè kretyen nan sèvis Seyè a?
- Kòman w santi w'ap sèvi Seyè a nan plas kote ke Li mete w la? Ou panse ke w kapab fè li pi byen? Pataje.

### Konklizyon

David te gen anpil pitit, li te ekri anpil Sòm epi kimoun ki konnen si li te simen kèk pye bwa, men li te kite tras nan lavi sitwayen yo lè li konstwi Tanp Seyè a; yon plas kote ke tout nasyon an te kapab adore Bondye de jenerasyon an jenerasyon.

Nou dwe toujou ap riminen nan lavi nou gwo ansèyman ke nou aprann konsènan chèche prezans Bondye, obeyisans anvè kòmandman li yo ak chèche direksyon Bondye chak jou nan lavi nou. Menm Bondye ki te ansam avèk David la ak Salomon an, se li menm ki ansam avèk nou!



# Òganizasyon ak distribisyon resous yo

Marco Cisneros (Etazini Ameriken)

## Pasaj biblik etid la: I Kwonik 23:6, 24-27

**Vèsè pou aprann:** “David te fin vye granmoun, li te fin viv kont li, lè li mete Salomon, ptit li a, wa sou pèp Izrayèl la.” I Kwonik 23:1

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la aplike prensip biblik òganizasyon ak distribisyon resous ke Bondye mete nan men nou.

## Entwodiksyon

Nan dènye ane nan lavi nou yo, nou gen tandans fè yon bann chanjman de anpil bagay ke nou pap rankontre ankò lè nou fin ale, oubyen tou senpleman, bagay ke nou pap kapab wè lòt bò a. Nan fason sa, nou fè aranjman nan finans nou yo, byen materyèl nou yo, relasyon nou yo, etc. Se sa ke wa David te fè avan li te kite twòn nan bay ptit li Salomon. Li te fè aranjman de tout bagay ki te disponib nan wayòm nan, espesyalman resous moun. Se yon gwo lesion pou nou menm jodi a! Menm si ke nou menm jodi a nou pa genyen plizyè milye moun anba lòd nou; se pandan, prensip la pa chanje: Sèvi kòm yon administrate fidèl ak tout resous ke Bondye ban nou yo. Se pou rèv nou se pou nou kapab koute vwa Seyè a k'ap di nou yon jou: "...Sa se bèl bagay. Ou se yon bon domestik ki travay byen. Paske ou te fè ti travay sa a byen, m'ap mete ou reskonsab pi gwo zafè ankò. vin fè fèt ou" (Matye 25:23).

Pi devan nou pral etidyé òganizasyon ak distribisyon resous moun yo ke wa David te fè, li menm ki te divize fè kat gwoup prensipal:

## I. Moun tribi Levi yo pou fè sèvis nan kay Bondye a (I Kwonik 23)

### A. David te fin vye gran moun avèk anpil ane sou tèt li (vv. 1-3)

Bib la fè nou wè ke David te twouve li nan etap final nan lavi li; se poutèt sa ke li te deside kòmanse fè kèk aranjman nesesè avan ke li te mouri (vv.1-3). Sa ki pi bon ke nou kapab fè se kòmanse depi byen bonè nan lavi nou, pou nou òganize, distribye ak pran swen tout benediksyon ke Bondye ban nou yo. Nou dwe toujou mete nan tèt nou ke, avèk benediksyon ke nou genyen pou nou vin kretyen an, nou gen responsabilite tou pou nou viv tankou bon administratè. Konsa, se pap kantite

bagay ke nou posede; men pito se avèk kalite swen nou administre sa ke nou genyen an. Nou dwe konnen ke, fason nou administre sa ke nou posede yo, pral afekte lavi lòt moun k'ap vini aprè nou yo dirèkteman, pou byen oubyen pou mal, yo menm ki se moun pwòch nou jeneralman...Ann reflechi: Ki eritaj n'ap kite pou ptit nou yo?

### B. Òganizasyon gwoup moun tribi Levi yo (vv. 4-5)

Nan vèsè sa yo, nou wè enpòtans presizyon an genyen. Konsa, li pat tèlman nesesè pou konnen konbyen levit ki te nan gwoup la; men pito se byen distribye yo nan chak men ak responsabilite. Nou kapab verifye ke sa te dwe fèt avèk sekirite, yon gran lesion nan jesyon avèk administrasyon:

- a) 24 mil...pou dirije travay nan kay Seyè a.
- b) 6 mil...pou vin gouvènè ak jij.
- c) 4 mil...pou fè lwanj pou Seyè a.

### C. Yon òganizasyon avèk swen epi ki byen detaye (vv. 6-12)

Sa nou kapab apresye nan istwa biblik la, se bon distribisyon ki te fèt pa non ak laj yo (nou dwe sonje ke nan epòk sa, teknoloji konmpitè potko egziste). Sa montre nou ke nou kapab epi dwe fè pridans avèk resous yo, espesyalman an relasyon avèk moun ke n'ap dirije yo. Aprè chak non, genyen yon vizaj ak yon kè. Petèt, pou anpil system, pa egzanz nan tan ke n'ap viv la ki genyen anpil konmpitè ak teknoloji, nou chak t'ap pase kòm yon "nimewo" nan estatistik yo. Sepandan, pou Bondye, nou plis pase yon nimewo. Epi se paske pou Li, nou genyen yon non ke Li rekonèt nou atravè li epi li rele nou ladan li. Kòm lidè, monitè, pastè oubyen paran yo, nou dwe chèche konnen non tout moun ke nou genyen ki nan antouraj nou yo.

## D. Yon pi gwo responsabilite (vv. 13-15)

Tout sèvis ki pou Seyè a se bagay ki sen, epi li dwe sen; paske Bondye se yon Bondye ki sen ke li ye. Genyen kèk bagay ki mande yon sans ki pi klè nan sentete sa, se sa ki gen pou wè avèk responsabilite ke sa mande pou rive reyalize kèk bagay. Pa egzanp, nan Nouvo Testaman, nou obsève ke pou sèvi moun sou tab fòk se moun ki te ranpli ak Sentespri a: "Se pou sa, frè m' yo, chwazi sèt gason pami nou ki gen bon repitasyon, ki anba pouvwa Sentespri, ki gen kont bon konprann sou yo. N'a ba yo fè sèvis sa a" (Travay 6:3). Se poutèt sa, tout travay ke yon moun ap fè pou Bondye se yon gwo responsabilite. Se klè ke petèt kapab genyen kèk ki mande yon atansyon ak swen ki plis espesyal pase yon lòt.

## E. Yon sèvis remèsiman (v. 25)

Pou repons lapè sa ke Bondye te bay pèp li a, David te dispoze tout travay òganizasyon li deyò pou li di Bondye mèsi. Pa genyen anyen k'ap kapab konpare avèk kè poze ke Bondye bay la: "Shalom" siyifi "Seyè a voye lapè". Tout preparasyon selebrasyon yo se te pou di Bondye mèsi pou lapè sa. Se konsa, David te eksprime nan Sòm 29:11: "Seyè a va bay pèp li a fòs, l'a beni yo, l'a ba yo kè poze".

## Kesyon Opsonèl

- Èske w konsidere ke nou dwe tann ke nou rive nan etap gran moun pou ke nou kòmanse fè aranjman tout resous Bondye te konfye nou pandan tout lavi nou?
- Kòmante kòman sa kapab aplike nan lavi ou.
- Èske genyen avantaj pou yon kongregasyon genyen yon resous òganize epi ki byen detaye de sa ke li posede, ki se resous imèn nan ki trè espesyal? Eksplike.

## II. Pitit gason Arawon yo nome kòm sakrifikatè (I Kwonik 24)

Aprè ke levit yo te fin etabli nan pòs yo nan I Kwonik 24, yo di ke David te etabli epi òganize sakrifikatè yo.

### A. Responsabilite sakrifikatè yo (vv. 1-6)

Kèk sinonim mo sakrifikatè a kapab konsakre, egzèse minister a, ministre, sasèdòs. Se paske devwa sakrifikatè yo se te de bagay: Egzekite seremoni relije yo, epi pale avèk Bondye. Nan sans sa a, yo te sèvi kòm entèmedyè ant Bondye avèk pèp li a.

Depi nan kòmansman, Bondye te gentan anonse ke tout moun ki ta gen pou fèt nan fammi arawon yo va vin sakrifikatè: "W'a pran Arawon ak pitit li yo: Nadab,

Abiyou, Eleaza, Itama, w'a wete yo nan mitan moun Izrayèl yo, w'a fè yo vin jwenn ou. W'a mete yo apa pou yo sèvi m' prèt" (Egzòd 28:1). Epi se prèt la ki te konn pale avèk Bondye.

Men kèk ti bagay ki enteresan ki pou ede nou reflechi sou prèt yo: Nan jwèt konsa, se prèt yo ki te fè konplo pou yo moun yo te touye Jezi (Matye 27:1, 6, 20, 41). Nan Nouvo Testaman, li te temwaye bay prèt yo tou (Mak 1:44; Lik 17:14). Genyen kèk prèt ki te rive kwè nan Jezi ki se Kris la kòm Seyè ak Sovè yo (Travay 6:7).

Nouvo Testaman pa rele minis levanjil yo prèt. Lèt moun ebre yo montre nou ke nou pa gen bezwen sèvis sakrifikatè yo ankò, menm jan avèk nan Ansyen Testaman (Ebre 9:11-12). Jezi ki se Kris la se akonplisman sistèm sasèdotal la pliske li te bay lavi li sou kwa a. Kounye a, kwayan yo se sakrifikatè yo ye (I Pyè 2:5, 9; Revelasyon 1:6, 5:10). Se kwayan an ki ofri sakrifis louwanj bay Bondye (Ebre 13:15-16).

### B. Dife etranje

Nan I Kwonik chapit 24:1, yo mansyone non Nadab avèk Abiyou. Pasaj Levitik 10:1 a pale nou de yo: "Yon jou, de nan pitit Arawon yo, Nadab ak Abiyou, leve, yo pran ti recho yo, yo mete chabon dife tou limen ladan yo, yo mete lanson nan dife a, epi y' al ofri l' bay Seyè a. Men, dife a pa t' bon paske se pa t' yon dife Seyè a te bay lòd fè".

Ekspresyon sa ki se "Dife etranje..." reveye lespri nou. Se paske prèt la te dwe akonpli tout endikasyon ke Seyè a Bondye li a te ba li a. Epi nenpòt dezobeyisans, rebelyon, remò, te bay rezulta de yon "dife etranje", se la ekspresyon ki site nan levitik la soti."

### C. Orè chak prèt yo (vv. 7-31)

Nan vèsè sa yo ki nan I Kwonik 24, yo rakonte kòman ke David te òganize sakrifikatè yo fè 24 gwoup. Konsa, li pat sèlman distribye yo; men tou, li te bay yo chak orè travay yo tou nan ministè a.

## Kesyon Opsonèl

- Ki fonksyon sakrifikatè yo te konn reyalize? Kòm prèt Seyè a (I Pyè 2:5, 9; Revelasyon 1:6, 5:10), kisa ki responsabilite nou jodi a?

## III. Distribisyon mizisyen ak chantè yo (I Kwonik 25)

David pat sèlman fè devwa enpòtan sa, menm si li te kapab reyalize li, espesyalman branch sa ki se mizik la; déjà ke li te yon gran mizisyen. E poutan, li te fè chèf lame yo patisipe pou yo te chwazi ak mete apa moun sa yo k'ap gen pou pran pa nan ministè enpòtan sa ki se

mizik la, ministè mizik nan tanp lan. Paske, sa pa gen pou wè avèk enstriman ak talan yo; men tou, mizisyen yo se te moun avèk kapasite epi ki te konsakre pou fè pati ekip k'ap bay Bondye sèvis nan mitan gwo foul moun. Se poutèt sa, moun sa yo te dwe moun ki mache dwat yo menm ki te konn ap itilize yon bon kantite enstriman.

#### A. "... mizisyen ki te fò nan fè mizik, ansanm ak tout lòt moun Levi parèy yo ki te aprann chante pou Seyè a." (v. 7)

Depi se pou sa ki gen pou wè avèk sèvis pou Seyè a oubyen pèp li a, nou pa dwe depann sèlman de aptitud, kapasite, don oubyen talan natirèl yo. Reyèlman, fòk te genyen yon sans angajman ki byen fò nan preparasyon ki te fèt depi davans nan ak prepasyon pou ke travay la te kapab kontinye a.

Yon bon mizisyen, menm jan avèk anpil lòt branch, li dwe fè anpil efò pou l grandi nan tout lòt aspè ki gen pou wè avèk ministè li. Sèvi Bondye atravè mizik dwe reflete yon preparasyon ki serye, ni nan teknik kòm pratik, sitou yon preparasyon espirityèl ki serye tou.

#### B. "... gran kou piti, ni sa ki te fò nan fè mizik, ni sa ki te fèk konmanse aprann, pou yo te ka konnen lè pou yo fè travay yo nan sèvis la" (v. 8)

Yon lòt aspè ki enpòtan anpil nan òganizasyon ak distribisyon wòl patisipasyon an se te opòtinite ke yo tout te resevwa. Yo te sèvi pa relèv, epi yo tout te patisipe. Konbyen leson pratik ke nou jwenn la pou jodi a? Nan fè sèvis pou Seyè a, pèsòn moun pa endispansab; men tout moun yo enpòtan: Ti piti yo, gran yo, disip yo, monitè yo. Nou di Bondye mèsi pou legliz sa yo ki bay moun ki nan tout laj patisipe konfòm ak kapasite, talan ak responsabilite yo!

### Kesyon Opsyonèl

- Ki lòt moun ki te reskonsab aspè mizik la nan adorasyon Bondye a? Poukisa David pa t 'fè li?
- Ki enpòtans mizik genyen jodi a nan adore Senyè a?

### IV. Pitit Levi yo va sèvi gad nan pòtay yo ak ofisyèl (I Kwonik 26-27)

Nan chapit 26 nan etid nou an, nou jwenn bagay sa yo: òganizasyon gad pòtay yo (vv. 1-19); òganizasyon trezorye yo (vv. 20-28); ak òganizasyon ofisyèl ak jij yo (vv. 29-32). Nan chapit 27 la, nou kapab bagay sa yo: òganizasyon lame a (vv. 1-15); òganizasyon branch

fanmi Izrayèl yo (vv. 16-24), ak administrasyon wa David la (vv. 23-34).

#### A. Gad pòt tanp yo (I Kwonik 26)

Gad pòt ki soti nan branch fanmi Kore yo se te sakrifikatè ki te chwazi pou veye antre tanp Bondye a (v.1). Mo gad pòt la vle di "konseye, sekirite". Pòs sa te genyen yon gwo enpòtans; epi depi sou tan Moyiz, yo te kòmanse etabli gad pòt yo. Epi li te nesesè pou ke se te levit (I Kwonik 9:26). Levit yo te gen plizyè travay sou responsabilite yo: Yo te konn pran swen tanp lan (2 Kwonik 23:19); yo te konn pwoteje flèch sòlda yo (I Kwonik 15:23); yo te konn veye ofrann yo (2 Wa 12:9). Travay yo te konn fè chak jou yo se te: Verifye si ekip ak vèsèl yo te retounen nan plas yo; kenbe lòd nan tanp lan; asire ke genyen nouriti prè pou sakrifikatè yo ak sakrifis yo; fè menaj nan tanp lan; melanje lansan ki ize yo pou boule; epi rejistre ofrann ki bay yo. Anpil de tout kondisyon sa yo, sekirite pòt yo te genyen pil karakteristik espesyal sa yo: Yo te dwe brav (vv.6, 9); pwisan (v.7); gwo nèg epi fò (v.8); dilijan (v.8); saj (v.14) epi onèt (vv.22, 24, 26). Ala yon gwo minister ke nou genyen pou legliz nou Jodi a! Karakteristik manm akèy yo, sekirite tanp yo, administrate yo ta dwe montre andedan ak deyò fonksyon yo nan minister a.

#### B. Lame ak chef ofisyèl Izrayèl yo (I Kwonik 27)

Militè peyi Izrayèl yo te sèvi wa a nan tout biznis yo. Lame David la te genyen 12 gwoup ki te fòme li. Gwoup sa yo te fè relèv pou yo te sèvi wa a yon fwa pa lanne; sa se te yon fason pou te genyen twoup yo prepare epi antrene kòrèkteman. A diferans de sekirite pòt yo, sa ta dwe yon gwou ki la pou atake. Kòm kretyen ke nou ye, nou dwe pare nou pou bay sèvis, epi tou, nou dwe pare pou nou deklannche batay espirityèl yo. Bondye fè nou konnen ke nou dwe prepare nou avèk tout zam ke li bay yo (Efezyen 6:11). Pi move lènmi nou an se dyab la, epi nou genyen yon batay kont anpil vye zèt espirityèl mechanste ke nou pa dwe inyore (Efezyen 6:12); epi zam atak nou an se Pawòl Bondye a (Efezyen 6:17).

### Kesyon Opsyonèl

- Dekri fonksyon ke sekirite pòt yo te genyen.
- Kòman sèvis sa ap fonksyone nan legliz ou a? Kote w ye a, èske w ap sèvi?

### Konklizyon

Administrasyon resous pèsonèl yo, familial ak legliz la; distribisyon kòrèk resous moun nan andedan sèvis kretyen an; preparasyon ak devlopman diferan devwa nan ministè a. Nou dwe toujou sonje: Bondye avèk pèp li a toujou merite pi bon sèvis nou!

**Pasaj biblik etid Ia: I Kwonik 28:29:25**

**Vèsè pou aprann:** “David di li: ‘Tout plan travay la ekri an detay nan yon liv d'apre lòd Seyè a menm te ban mwen. Li eslike m' tou sa pou m' fè.’” I Kwonik 28:19

**Objektif lesón an:** Se pou elèv la jwenn enspirasyon pou swiv egzanz wa David, atravè rekòmandasyon ke li te bay pitit li a Salomon, ak jenewozite li nan chèche jistis ak adorasyon pou Bondye.

## Entwodiksyon

David te sèl wa peyi Izrayèl ki, akoz de otorite ak tanperans li, li te kapab rive fè tout bagay. Depi tou piti, li te déjà yon gadò mouton Bib la di nou; li te kapab pwoteje yo kont chen mawon ak Lyon yo. Lè li te adolesan, li te sove pèp Izrayèl ki te nan yon lagè san solisyon. Sayil ki te wa nan epòk sa te twouve li nan mitan nepe ak mi; epi David se te sèl moun ki pat pè epi li te venk yon gwo zotobre ki te twa fwa pi gwo ak pi wo pase li. Paske li te trè jèn, lènmi li yo, filisten yo te wè li kòm yon ti zanj Bondye.

Anplis de sa, li te mizisyen ak chantè, epi li se otè anpil kantik. Sepandan, malgre li te kapab fè tout bagay, genyen yon bagay ke li pat pèmèt li fè. Se te bati yon kay pou prezans Bondye te abite. Li te fè tout sa ki te depann de li pou l te konvenk Bondye: Li te pote bwat kontra Seyè a tounen nan lavil Jerizalèm; men Bondye pat ba l privilèj sa. Sepandan, li te ba l satisfaksiyon pou ke pitit li Salomon te non sèlman vin ranplase li; men tou, se li menm ki ta plase pou egzekite direksyon konstriksyon tanp lan. Ann gade kijan aksyon ekstraòdinè sa te dewoule ak plizyè lòt aksyon ankò nan dènye jou wa David yo, ki rakonte nan liv I Kwonik 28-29.

## I. Plan Bondye yo atravè David (I Kwonik 28:1-8)

David te youn nan wa ki te pi popilè nan nasyon izrayelit la. Sa se akoz ke li te atache anpil ak Bondye li te kwè nan li a. Depi tou piti, li te jalou anpil pou non Seyè a. Jan sa te déjà mansyone nan entwodiksyon an, li te fè fas kare ak yon gwo zotobre, Golyat, epi li te venk li; paske li pat gen kouraj pou l te koute tout move pawòl ke nonm sa t'ap plede di kont Bondye ki gen tout pouvwa a. Akoz de sa, David pat doute pou soti al defann lone Bondye. San gade diferans wotè ak zam ki te egziste, li te konnen ke Bondye ki gen

tout pouvwa a pa t'ap abandone li. Tout sa ke li t'ap fè yo se te nan lide pou onore ak leve non Bondye.

Plizyè lane te déjà pase pandan ke nan kè David te genyen yon gwo preokipasyon pou tanp Bondye a. Nou kapab obsèye sa nan chapit avan yo I Kwonik 28, kote nou wè ke, nan yon chita pale ant zanmi ak zanmi, David te rakonte Natan pwofèt Natan bagay sa yo: “...Gade! Mwen rete nan yon kay bati ak bwa sèd, men Bwat Kontra Seyè a se anba yon kay twal li ye” (I Kwonik 17:1).

Lè ke David te fin etabli pwòp kay ki fèt ak bwa sèd li a, sa te fè l mal pou l te wè kòman bwat kontra Seyè a menm te nan yon ti tant ki bare ak rido twal ak po bèt ki geri, paske se avèk yo tant lan te fèt (Diccionario Teológico Beacon. EE. UU.: CNP, s.f., p.205). David te gen entansyon pou l te bati yon tanp kote pou l te mete bwat kontra Seyè a.

Se konsa, nan dènye jou wa David yo, li te fè yon konvokatwa (I Kwonik 28:1). Li te revele ladan li, dezi ke li te genyen pou l te konstwi tanp lan pou Bondye; men, li te jwenn entèdiksyon, pliske Bondye te genyen yon pi bon plan (vv. 2-3).

Premye pati revelasyon sa se osijè de tanp lan, plas ke li te vle etabli a depi nan fon zantray li. Entansyon David la te tèlman serye ke li te gentan fè tout preparasyon pou egzekisyon tanp lan (vv.11-19). Sepandan, se pa li menm ki te wa ki te byen plase pou fè l la, paske li te fè anpil san koule. Men, pou Bondye pat fè David santi li pran desepsyon, li te fè David konnen ke se pitit li a ki gen pou reyalize pwojè sa (vv. 5-6). Atravè Salomon, Bondye te pèmèt doub benediksyon pou David, sa ki ta an favè pèp Izrayèl la tou. Premyeman, li ta wa ki t'ap vin pèmèt ras la kontinye, epi dezyèmman, li ta gen pou li konstwi tanp lan pou adorasyon non Bondye.

Wa David dwe yon model pou nou nan sa ki gen pou wè avèk renmen epi anvi viv prezans Bondye. Sòm 27:4, 122:1, 84 se reflè gran lanmou ke li te genyen pou l rete nan prezans Bondye. Jodi a, nou se tanp Sentespri a (I Korentyen 6:19), men, kòm ptit Bondye, pa dwe genyen pi bon plas pou yon moun ye ke nan plas kote nou rasanble pou nou patisipe nan adorasyon anvè Bondye nou an nan tèt ansanm.

### Kesyon Opsyonèl

- Pou ki rezon ke Bondye pat kite David konstwi tanp lan (vv. 2-3)?
- Daprè opinyon ou, kisa w panse de Sòm 27:4, 122:1, 84?

## II. Rekòmandasyon David pou pwochen wa a (I Kwonik 28:9-10)

Yon fwa ke yo te fin chwazi pwochen wa peyi Izrayèl la, David ki te genyen anpil eksperyans, te bay ptit li Salomon senk rekòmandasyon. Epi siksè li sou twòn nan va depann de obeyisans li devan Bondye. Pi devan nou pral etidye chak rekòmandasyon sa yo.

### A. "... Salomon, ptit mwen, se pou ou rekònèt Bondye papa ou la..." (v. 9)

David te fè ptit li a konnen ke Bondye vle lonè ak fidelite. Salomon te gen privilèj pou l te koute anpil eksperyans dirèk, menm jan lè gran papa nou yo te konn rakonte nou anpil bél ti istwa. Men, istwa David yo te enteresan anpil, akoz de aspè espirityèl ke yo te genyen. Sa montre nou ke kòm paran, si nou déjà sa nan moman sa oubyen nou pral sa nan lavni, nou genyen responsabilite pou ke nou fòse nou pou ptit nou yo kapab vrèman wè Bondye nan chak aspè nan lavi nou. Nan sans sa, kòm paran tou, n'ap kapab bay ptit nou rekòmandasyon pou ke yo onore epi rete fidèl avèk Bondye.

### B. "Se pou ou sèvi l' ak tout kè ou, avèk bon santiman" (v. 9)

Yon lòt egzotasyon ke Salomon te resevwa, se pou l te sèvi Bondye avèk senserite ak bon entansyon. Sentete nan kè a se so ak temwayaj yon sèvis ki pwòp anvè Bondye.

Bondye enterese ak sèvis nou yo; men sitou, jan kè nou ye, jan nou santi nou e menm entansyon nou yo. "...sèvi l' ak tout kè ou, avèk bon santiman....".

Avèk rekòmandasyon sa, David te vle di Salomon pou l pat fè gouvènman l lan tounen yon eleman aktivite; men se pito yon sèvis ki prezante devan Seyè avèk tout kè. Sèvis la dwe fèt avèk kè kontan; paske Bondye konnen avèk ki motivasyon ak entansyon nou fè li. Konsa, jodi a, redanmsyon Kris la dwe sèl bagay ki motive nou sèvi li.

"...Konsa, si ou chache l', l'ap kite ou jwenn li...". Menm jan ke moun ki grangou a chèche manje epi moun ki swaf la chèche dlo; se konsa pou nesesite pou nou apwoche bò kote Bondye dwe ye chak jou. Li enpòtan anpil pou ke nou genyen Bondye nan lespri nou toutan epi nan chak domèn nan lavi nou.

### C. "...Se pou ou rekònèt se Seyè a menm ki chwazi ou pou bati yon kay pou mete apa pou li ..." (v. 10)

Priyorite nimewo en Salomon te dwe bati tanp lan. Lè sa a, kay Seyè a ta genyen yon plas dirèk. Bati tanp lan pat yon bagay fasil; pliske ta pral genyen anpil obstak. Poutèt sa, nan I Kwonik 28:20 wa David te ankouraje Salomon. Sa ki plis difisil pou lòm se tèmine pwojè yo. Yon fwa, yon moun te di konsa: "Pou w kòmanse yon gwo pwojè, fòk ou brav. Pou w fini yon gran pwojè, fòk ou gen pèseverans".

E ou menm, èske w genyen kèk pwojè ke w te kòmanse san fini? oubyen, ou te kòmanse li yon liv (Bib la), epi ou pat fini li. oubyen ou te kòmanse priye chak maten epi aprè sa, ou te dekouraje, etc. Nenpòt jan ke sa te pase, nou ankouraje w pran kouraj epi pèsevere pandan ke w'ap mete tout konfyans ou nan Seyè a.

### Kesyon Opsyonèl

- Pou kisa ke nou menm lidè yo oubyen frè kretyen yo nan lafwa, nou aple pou ke nou sipòte lidè ki pi jèn kounye yo?
- Avèk kilès nan senk rekòmandasyon ke David te bay Salomon yo ou santi ke Bondye pale avèk ou espesyalman?

## III. Rekòmandasyon pou nasyon an (I Kwonik 29:1-5)

Henry Ford, yon nonm trè populè te eksprime yon lè: "Reyini ansanm se kòmansman an, kenbe fèm ansanm, se progrè epi travay ansanm se siksè a".

### A. Travay an ekip la

Premye rekòmandasyon an se pou yo te travay nan tèt ansanm ak Salomon; paske "sèlman Salomon... [ptit li a] Bondye te chwazi" (v.1a). Daprè I Wa, kote tou nou jwenn istwa ranplasan Salomon an, Adonyas te gen entansyon vòlò twòn nan epi li di konsa: "... Mwen pral gouvène..." (I Wa 1:5); epi li te deside chèche anpil cha avèk kavalye (I Wa 1:5); li te mare konplo avèk Joab tou (jeneral lame a) ak sakrifikatè Abyata tou (I Wa 1:7). Nan sans sa a, Adonyas te genyen tout kondisyon reyini pou l te pran twòn nan. Fas avèk siti�asyon sa, nou li I Kwonik 29:1-5 ke David te rasanble tou gwo gouvènè yo epi li di yo ke se Salomon ke Bondye te chwazi, men se pat Adonyas. Malerezman, menm atitid sa kontinye ap

fè chemen li nan kè anpil moun legliz ki, olye pou yo chèche vrè direksyon Bondye, yo plis konte sou pouvwa konesans ak entèlijans ke yo genyen, sa vin bati konfizyon ak rebelyon nan lavi yo. Fas avèk sa, se pou nou toujou sonje ak reflechi sou sa ke Bondye di nan Pwovèb 3:5-7).

Dezyèm rekòmandasyon ke David te bay lidè izrayelit yo se pou yo te travay nan tèt kole avèk Salomon (I Kwonik 29:1b). Selon kèk moun k'ap fè kòmantè, Salomon te genyen anviwon 16 a 18 ane. Reyèlman, li te vrèman jèn, paske daprè kilti jwif la, genyen kèk pozisyon pou yon moun te asime li, fòk li te genyen laj 30 tan. Men, fas avèk kondisyon sa, Bondye te egzòte pèp Izrayèl pou ke yo pat rabese pitit li a. Li te di yo pou yo te travay nan tèt kole avèk Salomon devan nasyon an.

Anpil syèk aprè, jeneral Simon Boliva te di konsa: "Men ansanm, chay pa lou". Pou David, "travay la te gwo anpil" (v.1), anba presyon ke "kay la se pa pou lòm, men pito se pou Bondye" (v.1).

Jounen Jodi a, nou menm anpil kretyen, nou bezwen konprann sipozisyon sa. Misyon nou vrèman gran; paske se pou Wa tout wa yo ak Seyè tout Seyè yo. Tout sa ke nou fè pou Bondye yo pa dwe nan kouri ni medyòk; yon bagay ki gen vale pa sèlman mande sakrifis, men tou, vrè entansyon. Epi pi gwo egzanp ki montre ke nou bay Bondye sa ki pi bon an se lè nou blyie bagay chanèl ki ranpli kè nou yo. "Si... kay la se pa pou yon lòm, men se pou Bondye, Seyè nou an" (vv. 1-5).

## B. Ofrann liberal pèp la (I Kwonik 29:6-9)

Aprè ke David te fin bay ofrann li a nan yon fason ki liberal, li te fè deklarasyon sa a avèk pawòl sa yo pou I te fini: "...Koulye a, kilès ankò ki vle bay ak tout kè li pou Bondye?" (v.5). Jouskela, David te preche avèk egzanp; epi apati de la, li ta ap rete tann repons pèp la. Travay Bondye a bezwen sìpò tout moun, efò tout moun, se pa pou kèk moun sèlman. Menm si angajman an dwe toujou kòmanse avèk moun k'ap dirije travay Seyè a;

Sa vle di, pastè yo, prezidan yo, monitè yo, etc. Li enpòtan tou pou tout moun patisipe.

Gras a Dye, tout lidè yo te reponn ak apèl David la: "...chèf branch fanmi yo, chèf chak fanmi pèp Izrayèl la, tout chèf rejiman mil sòlda yo ak chèf divizyon san sòlda yo, ak tout jeran ki t'ap travay pou wa a, fè kado yo te vle fè" (v.6); epi "...yo te bay pou fè pou travay Tanp lan" (v.7); yo te bay "Sa ki te gen bèl pyè koute chè bay yo pou trezò Tanp lan ki te sou kont Jeyèl, yon moun Levi nan fanmi 'Gèchon an" (v.8). Pèp la menm te kontan bay sa yo t'ap bay pou SEYÈ a paske yo te fè l'ak tout kè yo. Wa David tou te kontan anpil

(I Kwonik 29:9). Tout ofrann yo te rammase lè sa a, si nou ta konvèti yo nan lajan pa nou an kounye a, se anpil anpil lajan. Se poutèt sa, genyen anpil moun ki rele aksyon sa, pi gwo ofrann nan tout istwa limanite. Sepandan, nou dwe souliye kouraj ke yo te itilize pou yo te bay la; se konpòtman ke nou menm nou dwe adopte nan kè nou, pliske se pou KAY BONDYE A. Epi kay Bondye a genyen ladan li tout sa k'ap fèt nan non Li, chak ministè, ni nan konstriksyon kòm evanjelizasyon.

## C. Lapriyè David la (I Kwonik 29:10-25)

Lè yon kè remèt li konplètman, san rezèv, jan nou te wè sa nan chapit ki anlè a; ebyen li gen tout aksè pou I rive devan twòn lagras la. Avèk anpil kontantman, David te priye devan Bondye. Se te yon lapriyè ki te plen avèk imilite epi ki anglobe senk aksyon ki plis enpòtan yo:

1. Adorasyon pou Bondye, ba li glwa ak lonè (vv. 10-13).
2. Imilyasyon ak rekonesans pou montre se gras li ki fè nou gen kapasite pou nou pataje avèk Li (vv. 14-15).
3. Rekonesans pou batí kay nan non Seyè a (v. 16).
4. Konfesyon onèt pou viv yon lavi ki san tach epi fidèl avèk Li (vv. 17-19).
5. Petisyon bay Bondye pou yon kè ki pèsevere nan jenewozite (v. 17).

Pèp la te beni non Bondye epi yo te ofri sakrifis animal yo avèk anpil kè kontan (vv.20-22). Jodi a, nou se vrè sakrifis vrè sèvis pou Bondye a (Women 12:1-2). Dènye vèsè ki nan I Kwonik yo te konfime fidelite Seyè a (vv. 23-25).

## Kesyon Opsyonèl

- Ki twa lesson ke nou kapab aprann de pawòl ke David te pwononse nan I Kwonik 29:2-5; epi ki opinyon w genyen sou sijè sa?
- Kisa liberalite ke nou li nan pasaj I Kwonik 29:6-9 anseye ou?
- Daprè pasaj sa ki nan I Kwonik 29:10-25, note senk engredyan ke lapriyè nou yo dwe genyen devan Bondye.

## Konklizyon

David te obeyisan anvè Bondye. Malgre te genyen kèk moman de toumant ki te pase nan lavi li akoz de kèk move desizyon ke li te pran, nan fen lavi li, Bondye te fè I kado yon vyeyès nan lapè. Li te jwi sa ke li te toujou vle a, epi atravè li menm, li kite yon bon modèl pou nou imite nan sa ki gen pou wè avèk bay san kontrent ak vrè adorasyon pou Seyè nou an.



# Yon gwo demann

Wilson Sánchez (Pewou)

## Pasaj biblik etid la: 2 Kwonik 1:1-13

**Vèsè pou aprann:** “Ala bon sa bon pou moun ki gen konesans, pou moun ki rive gen bon konprann!” Pwovèb 3:13

**Objektif lesson an:** Se pou disip Kris la konnen ke pa genyen yon pi gwo trezò pase sajès ki soti nan Bondye ki anwo nan syèl la, kote desizyon nou yo dwe repoze.

### Entwodiksyon

Ki resanblans ak diferans ki egziste ant Thomas Young ak Salomon? Yo konsidere wa Salomon kòm moun ki te pi saj nan tout istwa limanite; epi yo di ke Thomas Youn se te dènye moun ki te konn tout bagay. Nonm sa te pran nesans nan syèk XVIII, epi li te aprann li lè li te genyen de zan sèlman, epi lè li te gen kat ane, li te déjà li Bib la de fwa. Lè li te gen 14 ane, li te kapab li 10 lang, e menm ebre tou. Aprè li te fin li sekrè jwif yo, li te fè anpil lòt dekouvèt syantifik. Sepandan, diferans ant de pèsonaj sa yo, sa ki biblik XVIII-XIX, se paske dènye a te genyen anpil konesans ak entèlijans; men Salomon te genyen, anpil de entèlijans, li te genyen anpil sajès. Entèlijans ak sajès se de bagay diferan. Entèlijans lan gen pou wè avèk konesans syantifik; men, sajès la gen pou wè avèk kapasite ke moun nan genyen pou l distenge ant byen avèk mal. Premye a rive atenn atravè etid, epi dezyèm nan se yon kado Bondye pou ke moun nan pa twonpe tèt li epi viv pou toutan.

Men, kòman Salomon te fè rive gen tout sajès sa yo depi tou piti? Ann gade kisa 2 Kwonik 1:1-13 la di.

### I. Yon demann ki plen ak sajès (2 Kwonik 2:1-10)

Daprè kèk moun k'ap fè kòmantè, Salomon te kòmanse gouvène depi lè li te genyen 18 a 20 ane sou tèt li. Sa vle di ke li te genyen yon laj ki pat twò avanse pou yon travay konsa; men li te genyen anpil dispozisyon, yon fwa ke papa I David te etabli li kòm gouvènè wayòm Izrayèl la: “Lèfini, David pale ak tout moun ki te sanble la yo, li di yo konsa: -Salomon, pitit gason m' lan, se li menm Bondye chwazi, men li jenn anpil, li pa gen esperyans. Travay la anpil, paske se pa yon kay pou moun li pral batí, men yon tanp pou Bondye, Seyè a” (I Kwonik 29:1).

Reyèlman, gouvènman yon nasyon se pat yon bagay ki fasil ditou, sitou avèk rekòmandasyon pou

bati kay Seyè a, yon bagay ke David pat kapab fè akoz de lòd ke li te resevwa nan men Bondye (I Kwonik 28:2-3). Nan yon sans ki paralèl, otè ki ekri I Wa, li te ekri nan chapit 2 a kòman David te mande Salomon pou ke li te aji avèk sajès. An nou gade de fraz yon papa ap atann ke pitit li aji avèk bon konprann: “Ou konnen sa ou gen pou fè...” (I Wa 2:6); “Men ou menm, pa padonnen l' sa. Ou gen bon konprann, ou konn sa pou ou fè avè l'. Jwenn yon jan pou fè yo touye l' atout li fin vye gran moun lan” (I Wa 2:9).

David pat sèlman chèche pou ke pitit li Salomon te aji avèk sajès; men tou, li te sèten ke li t'ap aji konsa. Sa demontre volonte Bondye pou ke Salomon te gouvènè wayòm nan epi konstwi tanp lan, yon bagay ke Adonyas frè li a ki, li menm tou te vle twòn nan, li pa ta kapab rive reyalize li (I Wa 1:5-27).

Pou tout kòmantè ki sot fè anlè yo, nou wè ke Salomon pat bezwen plis bagay ke yon kè ki gen bon konprann. Kòman li te rive fè kè papa I kontan, ki moun ki te mete konfyans nan nouvo wa a, pandan ke li te genyen anpil lòt frè ki te kapab fè l tou? Tout pitit dwe genyen kòm objektif, fè kè paran yo kontan. Yon ti tan pita, Salomon te ekri pawòl sa yo menm nan twa okazyon: “Yon pitit ki gen bon konprann fè kè papa li kontan” (Pwovèb 10:1, 15:20, 29:3).

Men okontrè: “Yon timoun ki san konprann, se chagren pou papa l', se gwo lapenn pou manman l' ki fè l'” (Pwovèb 17:25, 19:13).

Pou ke Salomon te rive jwenn sajès, li te kòmanse bay Bondye plas nan lavi li: “Devan Tant Randevou Seyè a, Salomon moute sou lotèl kwiv la, li touye mil bêt li fè boule nèt sou lotèl la” (2 Kwonik 1:6). Kòm repons remisyon ak liberalite li, Bondye parèt devan li epi di: “...Mande m' sa ou vle, m'ap ba ou li” (v.7). Sèl mwayen ki klè pou ke nou jwenn prezans Bondye se lè nou antre nan kominyon avèk Li, an Espri ak verite. Jounen jodi a, Bondye kite Pawòl li

a ki la pou pale avèk kè nou ki toujou nan bezwen. Fas avèk òf Bondye a, Salomon te sonje tout pawòl ke papa I David te di li osijè de gran responsabilite ke li te genyen pou dirije nasyon Izrayèl la (vv.8-9). Se poutèt sa ke, nan entèlijans li antan ke jèn, li te di Seyè a konsa: "Se poutèt sa, ban mwen konesans ak bon konprann pou m' ka gouvènen pèp sa a. Si se pa sa, mwen pa wè ki jan m'a fè pou m' gouvènen pèp ou a ak tout moun sa yo ladan l'" (v.10).

Kòm prens, asireman, Salomon te byen enstwi epi byen edike; sepandan, sa pat sifi pou l te gouvène nasyon Izrayèl la. Papa I David te ankouraje li chèche bon konprann sa nan plas ke li te dwe fè sa: Nan prezans Bondye.

Petèt, nou menm nou pa wa; men...nou dwe pran bon desizyon nan lavi nou. Genyen anpil moun ki tonbe nan anpil gwo twou epi jan pwovèb la di a, yo kontinye frape nan menm wòch la. Rezon an se paske yo pa mande Bondye sajès. Apot Jak anseye nou bagay sa yo: "Si yon moun pamí nou manke bon konprann, se pou l' mande Bondye, Bondye va ba li li. Paske, Bondye bay tout moun san mezire, pou gremesi" (Jak 1:5).

Fè yon evalyasyon nan lavi ou: èske w kwè ke sa ke w ye a se paske Bondye vle l konsa; oubyen paske se rezulta foli w yo? Ann fè menm jan avèk Salomon: Ann mande Bondye sajès.

## **Kesyon Opsyonèl**

- Daprè Pwovèb 10:1, 15:20, 29:3, kisa yon papa ap atann de pitit li?
- Kisa w'ap atann de pitit ou a?

## **II. Yon otorizasyon ki soti nan Bondye (2 Kwonik 1:11-12)**

Nou genyen yon Bondye ki renmen bay, lè ke nou mande l bagay ki benefisyè lavi espirityèl epi ki entèn, Li prêt pou li ede nou. Ann raple nou sa ke Seyè nou an Jezi te di: "Jouk koulye a, nou pokò mande anyen nan non mwen. Mande, n'a jwenn pou nou ka kontan nèt ale" (Jan 16:24).

Nou dwe toujou mete nan nou ke lè Mèt la te di sa, li pat fè referans ak mande bagay materyèl; paske an reyalite, bagay materyèl yo pa satisfè, okontrè, yo fè nou vin gen plis lanbisyon. Sepandan, toujou mande l prezans li atravè Sentespri a se genyen lajwa ki pap janm fini an; epi kè kontan sa "...onkenn moun pap kapab retire li..." (Jan 16:22). Kè kontan se kontré avèk tristès, lapèrèz ak solitud.

Salomon te fè yon demann ki bon nèt epi ki te vrèman genyen bon konprann ladan li: "Bondye reponn Salomon: -Depi se sa ou wè ou ta renmen genyen! Ou pa mande m' ni richès, ni byen, ni lwanj

pou ou. Ou pa mande m' lanmò pou lènmi ou yo, ni ou pa mande m' pou ou sa viv lontan. Ou annik mande m' konesans ak bon konprann pou ou ka kondi pèp mwen an, pèp mwen mete ou gouvènen an. M'ap ba ou konesans ak bon konprann" (2 Kwonik 1:11-12a).

Richès ak popilarite a gen pou wè avèk vye lanvi lòm nan, epi mwen pale sa ki menm andedan anpil kwayan ki wè Bondye kòm yon mwayen pou yo satisfè bezwen ak plan an kachèt yo. Okontrè, te genyen yon bagay byen espesyal nan demann ke Salomon te fè Bondye a. Poutèt sa, Li te souliye sa sou demann li te fè a epi li te leve l byen wo; paske li pat mande ti bagay materyèl. Ansèyman sa dwe transfòme kè kretyen jodi yo totalman; pou ke yo kapab kòmanse chèche wayòm Bondye ak Jistis li (Matye 6:33). Sa se yon bagay ki vin tou senp lè moun nan gen sajès Bondye a.

Selon ekriven ak istoryen liv I Wa, chapit 3, yon fwa ke Salomon te fin resevwa sajès ki soti nan Bondye a, Salomon te fè fas avèk kèk gran dosye pou l te bay solisyon. De fanm te parèt devan twòn nan ap batay pou pwouve ke youn nan yo se te manman sèl ti bebe ki te vivan an. Li pat fasil pou dekouvri reyèlman kilès ki te manman an; pliske nan epòk sa pat gen mwayen ke nou menm nou genyen jodi a pou fè tès la, tankou tès ADN, pou konnen kilès ki papa ti gason oubyen ti fi sa. Nan epòk sa, pou wa Salomon, fòm ki te pratik la se "pwouve si ADN ti bebe a te gen rapò avèk ADN manman an" se te fann ti bebe a fè de bò. Men, desizyon sa se pat lòt bagay ke estrateji pou l te kapab dekouvri mechanste youn nan de manman yo: "Lè sa a Salomon di: -Pa touye pitit la. Renmèt li bay premye fanm lan. Se li menm ki manman ti pitit ki vivan an. Lè pèp Izrayèl la tande jan Salomon te regle kont lan, yo vin gen anpil respè pou li, paske yo te wè se Bondye menm ki te ba li bon konprann sa a pou regle tout bagay san patipri" (I Wa 3:26-27).

Nou souliye twa konpòtman la ke sajès la pase nan paswa: 1) Fo manman an te itilize sajès sa ke apot Jak rele "sajès latè, animal epi dyabolik" (Jak 3:15). 2) Pi fò nan moun k'ap viv yo, non sèlman enkredil yo, men tou kèk kretyen, yo itilize "entèlijans yo" pou yo kapab pwofite lòt moun; men, menm si yo kwè ke se yo menm ki pi etèlijan ak vivan, pito, yo se yon bann moun k'ap veye opòtinite ki yon jou jan ak fanm sa, yo va parèt toutouni epi kouvri anba lawont. 3) Vrè manman an te aji avèk konpasyon; desizyon li te saj nan chèche byennèt pwochen li, ti moun ki te pitit li a. Li te menm pare pou l te pèdi pwòp pitit li a yon fason pou l te eseye sove lavi li. Men kote vrè sajès la soti: "Pou konmanse, moun ki gen bon konprann ki soti nan Bondye a ap fè volonte Bondye, l'ap viv byen ak tout moun, l'ap respekte tout moun, l'ap tande rezon, l'ap gen kè sansib, l'ap fè anpil anpil byen, li pa nan de fas ni nan ipokrit" (Jak 3:17).

Konpòtman de medam sa yo te jwenn pèz atravè sajès ke Bondye te bay Salomon: "Lè pèp Izrayèl la tande jan Salomon te regle kont lan, yo vin gen anpil respè pou li, paske yo te wè se Bondye menm ki te ba li bon konprann sa a pou regle tout bagay san patipri" (I Wa 3:28).

Salomon pat sèlman kapab jije avèk bon konprann; men tou, atravè gouvenman lan nan peyi Izrayèl, li te rive fè twa bagay ke okenn lòt wa te kapab fè: Premyeman, li te konstwi tanp ki pi bél ak plis ekstraòdinè ke moun pat epi pap janm konnen. Avèk tout mezi ak zòn espesyal ke Bondye te mande David yo. Dezyèmman, li te elaji tèritwa nasyonal la san nesesite pou l te fè lagè, ni touye moun jan sa te pase avèk lòt wa yo. Sa te pote lapè ak anpil popilarite pou nasyon Izrayèl la. Li te fè lonè ak siyifikasyon non li: "Pasifik". Nasyon ki nan antouraj li yo te genyen anpil enterè pou yo te fè lapè avèk Salomon pou yo te kapab jwenn plis benefis. Kòm egzanp sa, nou genyen larenn saba (2 Kwonik 9:1-12). Twazyèmman, li te genyen entèlijans pou l te fè komès avèk plizyè peyi diferan; se akoz de sa li te kapab enpòte anpil resous ak materyèl ki te ede li pou konstriksyon tanp lan. Feblès li se te cheval yo ke li te fè komès avèk yo ant peyi nan Nò ak Sid yo (2 Kwonik 1:16; 9:24). Sajès li a te pote anpil pwosperite pou nasyon Izrayèl la.

Anplis de sa, Salomon te popilè akoz de konsèy ak liv li te ekri yo. Kòm powèt, li te ekri twa mil pwovèb ak senk mil kantik (I Wa 4:32); epi kòm filozòf, li te kapab medite sou pye bwa yo, animal, zwazo, zandolit ak pwason yo (I Wa 4:33). Wa sa te ekriven twa liv kanonik: Pwovèb Chante ak Eklezyas.

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa Salomon te mande Bondye pou l te fè kè papa l kontan, epi nan sans sa a, li t'ap pran responsabilite gouvenman li a? (2 Kwonik 1:10).
- Sensèman, kisa ki t'ap premye vini nan lespri w si Bondye ta di w pou w mande l yon bagay kounye a menm?
- Kòman Salomon te rezoud pwoblèm de fanm yo? (I Wa 3:16-28).
- Epi, ki ansèyman sa gen ladan li?

## III. Yon rekompans kòm degi (2 Kwonik 1:12-13)

Vèsè ki nan 2 Kwonik 1:12 la di konsa: "M'ap ba ou konesans ak bon konprann. Men an plis, m'ap ba ou richès, byen ak lwanj pase tout wa ki te la anvan ou, pase tout wa ki va vin apre ou". Lè Salomon te

fè Bondye demann li an, li pat panse ak pwòp tèt li; men pito, li te panse avèk gran responsabilite ke li te genyen kòm wa devan nasyon li a. Sa vle di, ak misyon yo te chwazi l pou li te reyalize a. Li pat genyen kòm priyorite ni richès, ni byen, ni glwa oubyen popilarite ke mond lan te kapab ba li. Epi Bondye te site bagay sa yo ki pat priyorite li ni plezi li; sepandan, li te vle ajoute bagay sa yo pou li kòm rekompans paske avèk imilite, li te sèlman mande sajès ak syans pou l gouvène Izrayèl.

Richès avèk glwa Salomon yo baze nan I Wa 10:14-29, nan: a) Richès (10:14-15). Richès ke li te konn resevwa nan men moun ki te nan kaptivite nan peyi Izrayèl yo chak ane te yon nonb de 666 tòn lò (20.000.000 dola, Berk.). Sa se bagay ki te ajoute sou ekonomi nan kontwòl komès ke Salomon te konn egzèse yo. B) Boukliye lò yo (10:16). Sekirite palè yo te konn itilize boukliye lò sa yo nan kèk okazyon espesyal (cf.14:27-28 ak 2 Kwonik 12:10). Tout bagay sa yo te kache nan kay forè Liban an (17:cf.7:2)...c) Gwo fotèy ak kèk elefan (10:18-20). Twòn nan te byen dekore avèk kèk elefan epi rekoutri avèk lò... Pa genyen yon twòn konsan okenn lòt kote pou li ta jwenn konparasyon...d) Vè an lò pou bwè yo (10:21). e) Vil pou cha yo (10:26). Vil sa yo se te aspè kantite richès ak pouvwa Salomon...f) Lajan ak sèd yo te konvèti an bagay ki nòmal (10:27). g) Monopòl komès cha ak cheval yo (10:28-29)...( Comentario Bíblico Beacon. EE.UU.: CNP, s.f., pp.265- 266).

Tout bagay ke Bondye te pwomèt Salomon yo te akonpli. Sepandan, li te avèti li tou nan 2 Kwonik 7:17-18, ke degi sa yo pat dwe yon objè adorasyon; men pito ke li te dwe rete fidèl avèk Bondye pou evite sa ki mal rive sou lavi li.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki rekompans ke Bondye te ajoute pou Salomon, lè li te mande sajès la?
- Ki tantasyon ki kapab vini ansanm ak richès ak glwa nan mond sa?

## Konklizyon

Bon konprann nan plis pase tout lajan avèk lò yo ansanm, epi li pi enpòtan pase bèl wòch ki koute chè yo. Se sèlman moun ki fou ak awogan yo ki evite li; poutèt sa, yo va fini mal (Pwovèb 8). Kris la se vrè sajès la, genyen krentif pou li se pi gwo richès ke yon moun kapab rive genyen. Si nou fè yonn ak mwen, si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou mèt mande sa nou vle, y'a ban nou li (Jan 15:7).

# Yon kay ki diy pou Bondye

Ela González (Gwatemala)

## Pasaj biblik etid la: 2 Kwonik chapters 3 through 7

**Vèsè pou aprann:** “Lajounen kou lannwit, voye je ou sou tanp lan, tanp kote ou te di w'ap toujou la a. Koute lapriyè mwen menm, sèvitè ou la, m'ap fè nan pye ou.”  
2 Kwonik 6:20

**Objektif leson an:** Se pou elèv la, atravè leson sa rekonèt ke li se tanp Sentespri a ak siyifikasyon sa nan lavi li.

### Entwodiksyon

Bondye te la ansanm ak pèp Izrayèl la lè yo t'ap travèse dezè a nan yon fòm ki te byen vizib, san montre pwòp tèt li. Li te fè sa atravè nyaj pandan lajounen, (ki t'ap gide yo nan chemen ke yo te dwe swiv la), ak kolòn dife ki te dwe klere yo pandan nwit yo.

Bondye te bay respons ak bezwen yo, demann ak plent yo, li te ouvè lanmè a pou ke yo tout te kapab pase san pye yo pat mouye, (lè yo te an danje paske Farawon an te prèske rive pran yo), li te fè dlo soti nan wòch la pou pase swaf yo, li te ba yo manje atravè lamàn ki te soti nan syèl, epi li te voye kaw kote yo, lè yo te mande vyann, tout mirak sa yo se pou l te kapab satisfè bezwen yo.

Pandan pasaj yo nan dezè a, Bondye te fè yo konstwi yon tabènak, kote pou yo te òganize seremoni ak ofri sakrifis, se la bwat kontra Seyè a ta va ye, li menm ke yo te dwe pwoteje ak pran swen li pandan yo t'ap travèse pou antre nan Tè Pwomès la. Tabènak la t'ap gen pou l fèt avèk karakteristik ke Bondye menm te dikte Moyiz epi se sakrifikatè yo ki ta gen pou responsabilite pote li ale nenpòt kote ke pèp la ta prale.

Yon ti tan aprè, wa David te vle bati yon tanp ki t'ap san parèy epi espesyal pou Bondye. Sepandan, rèv li a pat rive abouti, paske te genyen plizyè obstak, (se te plizyè sitiayson ki te nan lavi li) ki te anpeche li rive akonpli dezi sa ke li te genyen an. Atravè istwa sa, nou pral konnen plizyè aspè enpòtan nan konstriksyon tanp sa ki dwe aplike nan lavi kretyèn nan jodi a.

### I. Konstriksyon tanp lan (2 Kwonik 3:I-17)

Tanp Jerizalèm nan oubyen tanp Salomon an se te sanntyè prensipal ki te ranplase tabènak ki te akonpanye pèp Izrayèl pandan li t'ap travèse dezè a, epi pou yon dènye fwa, li te chanm anlè nan Gabawon an, “Men lè sa a, Tant Randevou Moyiz te fè moute pou Seyè a nan

dezè a ansanm ak lotèl pou boule ofrann bèt yo te sou mòn Gabawon toujou, kote yo te mete apa pou Seyè a” (I Kwonik 21:29).

Aprè yon bon bout tan te fin pase, David te santi ke li te bezwen yon plas ki bon pou adore Bondye epi li te panse ke lè a te rive pou yo te bati yon tanp. Men, malerezman li te rankontre yon anpèchman nan je Seyè a, pliske li te fè anpil san koule epi li te fè anpil lagè (I Kwonik 22:8). Menm kote a, yo rakonte ke David te resevwa yon pwofesi ke gen yon lòt moun ki va fè kay la, se va pitit Li a Salomon (I Kwonik 22:9-10). David kòm moun te akseptab nan je Bondye paske men sa ke Bondye te di: “...Mwen jwenn David, pitit gason Izay a. Se yon nomm ki fè m' plezi. Li va fè tou sa m' vle l' fè” (Travay I3:22b), men, aksyon li yo te anpeche l konstwi tanp lan pou Bondye.

Nan I Pyè 2:5, li di byen klè: “Nou menm tou, tankou wòch vivan, kite Bondye sèvi ak nou pou bati kay li a ak pouvwa Sentespri, pou nou ka sèvi l' tankou prêt k'ap viv pou li. Konsa, gremesi Jezikri, n'a ofri bay Bondye ofrann ki soti nan kè nou, ofrann ki pou fè l' plezi”; apot Pyè ekri ke antan ke kretyen, nou dwe konstwi nan twa aspè: kòm yon kay espirityèl, kòm wòch vivan, sa vle di, kòm yon pati nan konstriksyon an, epi kòm sasèdòs ki sen, kòm sèvitè tanp lan nan bay sakrifis lavi ki akseptab devan Bondye. Nou dwe kite Bondye fè lavi nou tounen tanp ki akseptab nan je Li. Salmis la ekri nan Sòm I27:I “Se yon chante Salomon pou yo chante lè y'ap moute lavi Jerizalèm. Si se pa Seyè a ki bati kay la, travay moun k'ap bati yo pa vo anyen. Si se pa Seyè a k'ap pwoteje lavi la, travay moun k'ap veye yo pa vo anyen”, ebyen, sèl bagay ke nou kapab pèmèt, se kite Bondye bati zèv li nan lavi nou, se pou Li travay sa ye, epi l'ap kontinye fè li toutotan ke genyen kè ki pare pou vin konvèti kòm tanp ke Seyè a te bati.

Nou dwe konprann ke antan ke tanp Seyè a “Se Bondye ki fè nou. Nan Jezikri li kreye nou pou nou ka fè anpil bon zèv nan lavi nou, dapre sa li te pare davans pou nou te fè” (Efezyen 2:10)

### A. Kote pou konstriksyon an fèt la

Se nan 2 Kwonik 3:1-2 nou jwenn kote yo rakonte istwa kòman Salomon te kòmanse bati kay Seyè a nan Jerizalèm, nan mòn Morya. Tradisyon jwif la idantifye Morya kòm (menm montay kote Bondye te mande Abraram pou l te sakrifye Izarak ba li a, Jenèz 22:2) avèk Jerizalèm. David te rive pran teren sa lè li te ofri Seyè a yon lotèl la, kote li te ofri yon sakrifis ak ofran lapè bay Seyè a, epi Seyè a te reponn atravè dife ki te soti nan syèl la desann sou lotèl la, kòm repons anvè sakrifis li a (I Kwonik 21:22-26).

Nan Nouvo Testaman, Jezi revele ke Li se wòch prensipal la (Matye 21:42), kote Sòm 118:22 te déjà fè referans. Nan koutim jwif la, sa te yon wòch prensipal ke yo te konn itilize kòm baz, epi se sou li ke tout lòt wòch yo te konn plase pou konstriksyon an rive fèt. Jezi te di disip li yo ke konfirmasyon ke Pyè te resevwa a, se te wòch la, ke legliz li a ta gen pou bati sou li a (Matye 16:18). Jodi a, Bondye bati legliz li a nan lavi chak ptit li yo, epi baz ki pou sèvi pou konstriksyon legliz la dwe sou konfesyon de ke Jezi se Kris la, Ptit Bondye a.

### B. Mezi yo (2 Kwonik 3:3-4)

Sa yo se mezi kay ke wa Salomon te bati pou Seyè a: Salomon te bati Tanp lan sou yon fondasyon ki te gen katrevendis pye longè sou trant pye lajè. Gwo pyès ki te devan Tanp lan te gen trant pye lajè menm jan ak Tanp lan, ak sankatreven (180) pye wotè. Salomon te fè kouvri tout miray anndan pyès la ak bon lò.

An mèt, “kay la te dwe genyen yon longè enteryè ki mezire anviwon 27 mèt, 9 mèt nan lajè ak yon wotè ki mezire 13,5 mèt (60x60x30 pouz)” ([https://es.wikipedia.org/wiki/Templo\\_de\\_Jerusalen](https://es.wikipedia.org/wiki/Templo_de_Jerusalen)).

Kòm tanp espirityèl, mezi kreyen an dwe rive atten mezi wotè plenitid Kris la (Efezyen 4:13).

### C. Materyèl yo

Nan konstriksyon tanp lan, yo te itilize pi bon ak pi bèl materyèl ki te egziste nan epòk wa Salomon an; bagay sa yo se te: Li plake planch bwapen sou tout anndan gwo pyès la. Li kouvri tout bwa yo nèt ak bon lò. Lèfini, li fè yo mete pòtre pye palmis ak ti chenn. Li dekore l' ak bèl pyè koute chè. Yo te sèvi ak bon kalite lò ki soti peyi Pavayim. Li kouvri tout anndan Tanp lan ak lò: travès yo, ankadreman pòt yo, palisad yo ak pòt yo menm. Sou tout palisad yo, li fè mete pòtre zanj cheriben. Nan I Korentyen 3:9, Pòl te ekri: “Apolòs ak mwen, se travay

n'ap travay ansanm pou Bondye. Nou menm, moun Korent yo, nou se tankou yon jaden Bondye bay travay pou li. Ou ankò, nou se yon kay Bondye ap batí”.

Nan konstriksyon sa, gen youn ki la pou mete siman yo, lòt la menm la pou bati, men, yo chak fè yon travay nan tanp lan ki se lavi yo, avèk tout materyèl ki te chwazi yo, epi ki kapab lò, ajan, bèl wòch ki koute chè, bwa, etc, men chak travay sa yo gen pou manifeste epi teste nan dife.

### D. Sa ki te fini yo

Yo tout te kouvri avèk lò ki byen fen, de kolòn te plase devan tanp lan, yo te bay yo chak non. Iram mete poto yo kanpe devan pòt antre Tanp lan, yonn sou bò dwat, yonn sou bò gòch. Li rele sa ki sou bò dwat la Jaken, sa ki sou bò gòch la Boaz (I Wa 7:21). Tout miray yo te plake sou anndan ak planch sèd depi planche a rive nan plafon an. Planche a te fèt ak bwa pichpen. Sou anndan, tout miray tanp lan te kouvri ak planch sèd, ou pa t' ka wè yon wòch. Planch sèd yo te travay ak desen flè ak ti kalbas sou tout kò yo (I Wa 6:15, 18).

Nan Kolosyen 3:10-14, yo mande pou kreyen yo vin renouvelé an yon lòt moun, san diskriminasyon, sen epi nan renmen, avèk mizèrikòd ki pwofon, bonte, dousè, pasyans ak padon, men sitou, reflè vètman yo dwe se lanmou, abiye avèk Kris la, “Se paske nou gen konfyans nan Jezikri ki fè nou se ptit Bondye. Nou tout, nou te resevwa batèm pou n' te ka viv ansanm ak Kris la, nou mete sou nou kalite ki nan Kris yo” (Galat 3:26-27)

### Keson Opsonèl

- Kisa tanp Salomon an te vin ranplase?
- Etan ke tanp Sentespri a, kòman nou kapab kontribye pou nou onore Bondye avèk li?

### II. Mèb yo nan tan plan (2 Kwonik 4:1-5:10)

Tan plan te genyen menaj ak vèsèl yo ki te nesesè pou rayalizasyon seremoni ak rityèl yo (sakrifis ak ofrann yo). Anplis de sa, se sa ke Moyiz te déjà planifie sou lòd Seyè a ki pou te nan tabènak la epi yon tan aprè, David te prepare pou li fè pati de trezò Seyè a. Li te bati yon lotèl bwonz ki te genyen dis fas ak dis tab tou.

Lè tout chèf pèp Izrayèl yo fin reyini, moun Levi yo pran Bwat Kontra a, yo pote l' nan Tanp lan ansanm ak Tant Randevou Seyè a ak tout bagay yo te mete ladan l' apa pou Seyè a. Se prêt yo ak moun Levi yo ki te pote yo.

Wa Salomon ansanm ak tout pèp Izrayèl la sanble devan Bwat Kontra a. Yo touye bèf, kabrit ak mouton an kantite pou Bondye. Moun pa t' ka konte konbe bèt yo te touye jou sa a sitèlman yo te anpil. Lè yo fini, prêt

yo pote Bwat Kontra a nan pyès ki apa nèt pou Seyè a anndan tanp lan, yo mete l' nan mitan de pòtre zanj cheriben yo. Zèl zanj cheriben yo te louvri, yo te kouvri tout kote Bwat Kontra a ye a ansanm ak poto ki sèvi pou pote l' yo. Si yon moun kanpe sou devan pyès ki apa nèt pou seyè a, yo ka wè pwent poto yo nan kote ki apa pou Bondye a tèlman yo te long. Men, ou pa ka wè yo lòt kote ankò. Jouk koulye a poto yo la toujou (2 Kwonik 5:4-9).

Se sèlman de wòch plat Moyiz te mete nan Orèb yo ki te nan bwat contra Seyè a, "Nan Bwat Kontra a pa t' gen pase de moso wòch plat Moyiz te mete ladan l' yo depi sou mòn Orèb la. Se sou mòn sa a Seyè a te pase contra a ak moun pèp Izrayèl yo lè yo t'ap soti kite peyi Lejip la" (2 Kwonik 5:10). Dekorasyon ke Bondye vle nan men nou an se andedan li dwe ye, nan kè a, pliske sa ke li wè nan nou, selon sa ke I Samyèl 16:7 ak I Pyè 3:3 di 3:3.

### **Kesyon Opsonèl**

- Site kèk objè ki te fè pati mèb ki te nan tanp ke Salomon te bati pou Seyè a.
- Jodi a, nou se tanp Sentespri a, kisa mèb sa yo ye jodi a?

### **III. Konsekrasyon tanp lan (2 Kwonik 6:1-7:10)**

Aprè ke gwo konstriksyon sa te fin fèt avèk tout bèl e bon resous nan epòk sa a, se te yon objè de yon gran fèt ki te dwe genyen ladan li, sakrifis, adorasyon, lwanj, egzaltasyon pou moun sa ki te merite tanp sa: Seyè a, sèl vrè Dye a. Nan kreyasyon an, lòm se youn nan zèv li te kreye yo, li menm ki te kreye konfòm ak imaj avèk resanblans li, ni fanm ni gason an, epi lè ke li te fini, yon fason pou li te fè konsekrasyon an, li di konsa: "Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon nèt. Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te sisyèm jou a" Genèz 1:31.

Li te ba li yon volonte ki pèsonèl, sa vle di, kapasite pou li te kapab chwazi a kilès moun l'ap konsakre lavi li (Detewonòm 30:19).

### **A. Seremoni an**

Lè wa Salomon te mete fen avèk konstriksyon tanp lan, li te òganize yon gran fèt pou l' te kapab konsakre li. Wa Salomon avèk tout kongregasyon Izrayèl la te rasanble devan bwat contra Seyè a, epi yo te sakrifye anpil mouton avèk bèf, yo te tèlman anpil, pat gen moun ki te kapab konte yo (2 Kwonik 5:6).

Anplis de sakrifis ke pèp la te pote, Salomon poukонт li te sakrifye vennde mil bèf ak san ven mil mouton. Nan moman konsekrasyon an, wa te fè yon lapriyè devan Bondye pou mande l' padon pou tout peche pèp la epi ofri sakrifis ak ofrann lapè yo: "Lè wa Salomon fin fè

lapriyè sa a, dife desann soti nan syèl la, li boule bêt yo te ofri sou lotèl la ak lòt pòsyon vyann yo te ofri" (2 Kwonik 7:1).

Prezans Bondye te tèlman pwisan la, sakrifikatè yo pat kapab rete nan plas la; pliske te genyen yon gwo nyaj ki te ranpli tout bagay. Menm prezans Bondye sa kontinye manifeste nan nou menm ki kwè nan Pitit Bondye a, pa mwayer Sentespri a, jan Matye 18:20 di a: "Paske, chak fwa de ou twa moun mete tèt yo ansanm nan non mwen, m'ap la nan mitan yo".

### **B. Yon gran fèt**

Anplis de seremoni konsekrasyon tanp lan, te genyen sèt jou fèt ankò avèk kongregasyon Izrayèl la. Apre sa, Salomon bay lòd pou tout gwo chèf pèp Izrayèl yo ansanm ak tout chèf branch fanmi yo ak lòt chèf fanmi pèp Izrayèl la sanble devan l' lavil Jerizalèm pou yo al pran Bwat Kontra Seyè a nan lavil David la, lavil Siyon an, pou yo pote l' nan Tanp lan. Tout moun Levi ki te sanba yo, depi Asaf, Eyman ak Jedoutoun jouk tout ptit yo ak lòt fanmi yo, te kanpe sou bò solèy leve lotèl la ak rad blan sou yo. Yo te gen senbal, bandjo, gita. Lèfini, te gen sanven (120) prêt bò kote yo ki t'ap kònen twonpèt (2 Kwonik 5:2, 12).

Swen sa yo ke David ak Salomon te bay pou konstriksyon Tanp lan dwe imite nan lavi nou, pandan ke n'ap toujou panse ak sa ke Pòl te di a: "Eske nou pa konnen se tanp Bondye a nou ye, se Lespri Bondye a ki rete nan kè nou?" (I Korentyen 3:16). Epi nou sèten ke menm si kay sa ta rive detwi, nou genyen yon pwomèk ki la pou toutan "Wi, nou konnen lè kò nou gen sou latè a va demoli tankou yon kay, Bondye sere yon lòt kay nan syèl la, yon kay byen solid k'ap la pou tout tan. Se li menm menm k'ap batì kay sa a pou nou" (2 Korentyen 5:1)

### **Kesyon Opsonèl**

- Kilès moun sa yo ki te preznan moman konsekrasyon tanp lan? (2 Kwonik 5:2, 12).
- Pandan w'ap konsidere kò w kòm tanp Sentespri a, kòman w panse ou kapab konsakre li pou Seyè a yon fason pou w kapab fè l' plezi fas ak ofrann sa? (I Korentyen 6:19-20)

### **Konklizyon**

Pou ke Salomon te obeyi Bondye, li te bati tanp lan avèk pi bon atitud li, pandan ke li kite kòm mesaj ke Bondye se Wa tout wa yo epi Seyè tout Seyè yo, epi li diy pou ke li abite nan pi bon kay fizik la. Jodi a, nou se tanp Sentespri a, ann viv yon lavi ki san tach epi ki onore Bondye nou an.

# Wa ki genyen anpil bon konprann nan

Eduardo Meza (Ajantin)

## Pasaj biblik etid la: 2 Kwonik 7:11-9:28

**Vèse pou aprann:** “Tout wa toupatou te vin wè Salomon pou tande bél pawòl Bondye te mete nan bouch li.” 2 Kwonik 9:23

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la kapab fè efò pou l chèche sajès Bondye pou chak moman nan lavi li, epi konsa, l'ap fè siksè nan tout bagay.

### Entwodiksyon

Wa Salomon se youn nan wa peyi Izrayèl yo ki te dire 40 ane sou twòn nan (2 Kwonik 9:30). Pami tout lòt wa ke Izrayèl te genyen, sa te kite yon gwo tras akoz de bon kalite li yo, sa ki te fè l vin popilè anpil la se te akoz de “Sajès li” (2 Kwonik 9:23).

Pasaj biblik yo nan lesion sa montre nou ki pozisyon ke wa Salomon te rive okipe ako de gwo sajès ke Bondye te depoze nan li, ak gwo kantite pwosperite ki te antoure li.

Nan epòk sa, tout wa ak tout wayòm te konnen kilès Salomon te ye, epi te vle genyen tout sa ke nom sa te posede. Asire, akoz de tout sa yo, Salomon te resevwa anpil vizit epi yo tout te genyen menm kiryoze a, konnen kòman li te fè genyen tout sajès sa yo. Pou rezon sa, nou dwe analize ak aprann twa pwen kle ki te pèmèt ke wa Salomon genyen tit wa ki plis saj sou tout latè.

### I. Alyans Bondye avèk Salomon (2 Kwonik 7:11-22)

#### A. Yon kè avèk atitud ki kòrèk (vv. 11-12)

Pou ou kòmanse pwen sa, ou kapab poze elèv ou yo kesyon sa sou, kisa kè a ye? Aprè w fin koute yo, ou kapab kòmanse sesyon sa ki demontre enpòtans ki genyen pou ke chak moun k'ap viv genyen yon kè. Daprè etid ki fèt nan anatomi, yo di ke chak moun genyen yon kè ki gen gwòsè yon kout pwen, men se pwòp men pa moun nan. Ki gwòsè kè w genyen? Fè egzèsis la avèk elèv ou yo. An relasyon avèk tèm kè a, ann gade kèk konsiderasyon biblik:

- Mo “kè” nan Bib la se plis pase yon kè yon ògàn fizik esansyèl pou lavi. Menm si ke nan Bib la, mo kè a parèt plis pase 900 fwa, pi fò nan okazyon sa yo se pa ditou nan sans literal. “Kè”, nan Bib la, fè referans pwen enteryè kote tout emosyon yo plase a (Sòm 62:10); panse yo (Jenèz 6:5); volonte a (Sòm 119:2); epi anpil fwa, li reprezante pati ki pi fon nan zantray nou an (Jenèz 6:6).
- Lè Seyè a te parèt devan Salomon ak pawòl Li te di Salomon yo (2 Kwonik 7:11-12) se yon evidans ke li

m toujou lapriyè chak ptit li yo, epi li pran plezi nan moun sa yo k'ap chèche pou ofri l sa ki pi bon (Sòm 145:18-19), epi yo chèche ak tout kè yo (Jeremi 29:13).

#### B. Yon bél pwomès sou pèp li a (vv. 13-22)

San seksyon sa, nou pral pale osijè de gran lanmou Bondye anvè pèp li a; men tou, avèk konpòtman ke Li mande. Nou souliye sa nan bagay sa yo:

##### I. Rega li ranpli ak lanmou.

Je Bondye te toujou fikse sou Salomon; men tou, sou tout pèp li a. Li menm, kòm Bondye, li te konnen sa tout izrayelit yo te gen nan kè yo, epi menm si rega li te epi ranpli ak lanmou, se yon rega ki fè plezi ak sa ki jis ak sen; paske rebelyon pote jjiman (v. 13).

Pase yon moman de refleksyon ansanm avèk elèv ou yo epi mande yo: Kòman mond lan ap viv jodi a? Pou kisa gen tout delekans sa yo, grankou, enjistis, endiferans, fristrasyon, doulè ak lapèrèz? Èske tout sa nou sot wè la yo genyen yon aspè avèk obeyisans anvè kòmandman Bondye yo?

##### 2. Kondisyon yo pou resevwa pwomès la

Menm nan mitan tout reyalite sa, te genyen yon bél pwomès gerizon pou kè lòm ki te tounen vin jwenn Bondye epi imilye yo devan gran otorite li. Konsa, Bondye te pwomèt izrayelit yo twa bagay si yo te imilye yo, si yo te priye Li, si yo te chèche li epi kite tout move zak yo t'ap komèt yo: i) Li t'ap gen pou l koute vwa yo lè yo lapriyè nan pye Li. ii) Li t'ap gen pou l padone peche yo. iii) Li t'ap beni peyi yo yon lòt fwa ankò.

E poutan, pou yo rive atenn pwomès sa yo, kondisyon ke Bondye te bay yo te byen klè (v.14).

- Bondye bezwen pou ke pèp li a enb devan li (Efezyen 4:1-2).
- Bondye bezwen pou pèp li a priye (Kolosyen 3:1-2)
- Bondye bezwen pou pèp li a kite move chemen ke l'ap swiv la (Revelasyon 3:19).

Pwomès Bondye yo toujou la pou pèp li a jouskaprezan, epi pwomèt ke l'ap prete atansyon a

nepòt ki sitiyasyon ke li ta gen pou l pase; epi obeyisans lan kontinye rete kòm yon kondisyon fondamantal pou benediksyon Seyè a (2 Kwonik 7:15).

Menm si ke pwomès sa se te pou pèp Izrayèl la nan konteks konsekrasyon tanp ke wa Salomon te bati, ak sitiyasyon espirityèl ki byen klè ke Pèp la t'ap viv la, nou menm tou nou konprann ke selon I Korentyen 3:16 ke kò chak kretyen konstifye kòm tanp ak abitasyon Sentespria. Nan sans sa a, pwomès "eleksyon", "sanntifikasyon", "letènité", "swen" ak "lanmou" nan vèsè sa, aplike pou moun ki fèt yon lòt fwa yo tou epi rive bay lavi yo pou Li (v.16). Anpil gason avèk fanm te pran detèminasyon pou mache nan yon fason ki fè Bondye plezi, menm jan avèk wa David, papa wa Salomon.

Nan vèsè biblik sa yo, nou wè ke Salomon te gen anpil kouraj pou l te mache menm jan ak papa li: Viv nan obeyisans ak imilité devan Bondye, pou ke gouvènman li a te kapab fè siksè (vv.17-18). Mande elèv ou yo pou yo pataje kèk eksperyans oubyen istwa kote ke akoz de yon bon konpòtman ak obeyisans yo devan Bondye, yo te resevwa anpil bon rekompans.

### 3. Konsekans dezobeyisans lan

Plase Bondye nan dezyèm oubyen twazyèm plas ap toujou fè nou soufri anpil move bagay, epi separe avèk Li pou toutan (vv. 19-20). Literalman epi jewografikman, se sa ke lye sa te vin tounen, menm jounen jodi a. Avan tout bagay, tanp ke Salomon bati a te yon bél plas kote pou yo te adore non Bondye epi pou prezans li te ye.

E poutan, yon fwa ke pèp Bondye te kite chemen obeyisans lan, sitiyasyon an te chanje komplètman. Kounye a, se pa yon kote sakre ki genyen pou izrayelit yo; paske se mezquita de Omar ke nou jwenn la. Epi lè n'ap analize reyalite sa, nou kapab wè ke se egzakteman sa Bondye te di ki te gen pou rive a ki te rive vre. Paske Bondye toujou kenbe Pawòl li epi akonpli li, epi li depase tout kontwòl ak anbisyon lèzòm (vv. 21-22).

Apot di konsa nan youn nan lèt li yo: "Pa twonpe tèt nou. Moun pa ka pase Bondye nan betiz. Sa yon moun simen, se sa li va rekòlte" (Galat 6:7). Konsekans peche a pèsekite moun sa yo ki te pratike li epi ki kontinye nan menm pratik la. Se poutèt sa, nou tout ki vivan, nou dwe repanti de peche nou yo, epi evite ale lwen Bondye.

### Kesyon Opsonèl

- Lè Bib la mansyone mo "kè" de kisa li vle pale?
- Ki ansèyman nou kapab retire pou nou menm jodi a nan 2 Kwonik 7:14?

### II. Bondye te ba li laviktwa (2 Kwonik 8:1-18)

Bondye te rete fidèl ak pawòl ke li te pwomèt wa Salomon an. Epi, bò kote pa Salomon, li te obeyi Bondye kòrèkteman. Konsa, pandan epòk gouvènman I lan, li te atenn bagay sa yo:

### A. Finisman ak retablisman (v. 1)

Tanp lan te yon pwojè ki dire anpil. Li te menm pran mwatye nan tout tan ke Salomon te fè ap gouvènre a pou l te rive mete fen avèk li. Epi Bondye t'ap kontwole tout bagay sa yo.

Yo site sèl batay ki te fèt nan moman ke wa Salomon t'ap gouvènre a. Nou jwenn kote yo montre travay pou yo te konstwi plizyè vil tou nèf tou ak anpil retablisman ki te fè pati pwojè pou fè elajisman, pandan li t'ap itilize yo kòm boutik, fò, kavalye ak parking pou mete cha. Definitivman, wa Salomon te yon bon konstriksyon (vv. 2-6).

### B. Òganizasyon fòs laboral li a (vv. 7-10)

Wa Salomon te mete jenn gason sa yo ki te fè pati menm nasyon pa l la nan lame a epi anchaje yo ak otorite, pandan li t'ap itilize moun ki te soti nan branch fanmi kanaran yo (ansyen abitan ki te nan tè Kanaran yo ki pat moun nan entèvansyon pèp Izrayèl la) kòm domestik oubyen esklav pou travay nan lèv.

"Ant politik administrativ li yo pou moun ki te etranje yo, salomon te genyen kèk pratik ki te byen defini. Li te mete yo nan sèvis laboral. Se etranje yo ki te twouve yo nan echèl ki pi ba nan branch ekonomi izrayelit la. Moun sa yo te fè pati de gwoup moun sa yo ki te soti nan chak batay ke pèp la te rive kaptire nan batay ak imigrasyon yo" (Comentario Bíblico Mundo Hispano. EE. UU.: Editorial Mundo Hispano, 2000, p.335).

### C. Direksyon sèvis an biblik li a (vv. 11-16)

Sa se te yon desizyon enteresan ke Salomon te pran an relasyon ak madanm li, pitit fi Farawon an. Li te fè yon palè pou li byen lwen lavil David la. "Sa te yon onksyon doub ant yon prennsès peyi Lejip ak yon wa ebre, yon adoratris anpil fo dye melanje ak yon adoratè Bondye vivan an. Omwens, sans ki komen an ak sensiblite espirityèl li ki te toujou manifeste, sa te fè li konsidere opinyon Seyè a sou inyon sa, lè li te konstwi palè madanm li an byen lwen plas ki sakre yo (v.11)" (Comentario Bíblico Mundo Hispano. EE. UU.: Editorial Mundo Hispano, 2000, p.335).

Yon entèpretasyon posib ki eksplike rezon ki fè ke Salomon te marye avèk yon fanm prèske nan tout nasyon yo se te pou l te kapab genyen yon avantaj politik. Lè li te marye ak pitit fi kèk gouvènè; ebyen, wa sa pap fasil manifeste entansyon pou l atake nasyon sa ke pitit fi li te laren.

Reyèlman, nou pa konnen si eksplikasyon sa se verite oubyen non, pou ke Salomon te genyen tout fanm sa yo. Men, nan nepòt ka, konpòtman sa te totalman kontré avèk enstriksyon Bondye yo.

## D. Reyalizasyon kòmèsyal yo (vv. 17-18)

Finalman, chapit sa pran fen avèk istwa konsènan Iram, li menm ki te voye lò bay wa Salomon. Se yon bagay ki pat komen pou yon izrayelit te vizite Ezyon-Gebè; déjà izrayelit yo pat konn devlope anyen ki pou wè ak travay nan lanmè a (v. 17). Sa se te yon pò ki te tou prè Nò Lanmè Wouj la epi aksyon li a montre nou gwo vizyon ke Salomon te genyen pou biznis yo, lè ke li te konn voye domestik li yo ale Ofi, yon kote ki te genyen anpil lò (v. 18, 2 Kwonik 9:10; Ezayi 13:12). Malgré Salomon te yon gran gason nan koze biznis, sa fè tris ke menm bagay sa te fè li pèdi kontwòl relasyon li avèk Bondye.

## Kesyon Opsyonèl

- Site twa bagay ke wa Salomon te reyalize pou pi piti; eksplike yo daprè sa ki dekri nan tèks biblik la.
- Ki viktwa Salomon te pote ki te plis fè w sezi? Pou kisa?
- Ki risk Salomon te pran lè li te marye avèk plizyè fanm lòt nasyon? Ak kisa li ta sanble jodi a?

## III. Bondye te fè li pwospere nan richès ak sajès (2 Kwonik 9:1-28)

Seksyon sa genyen yon pasaj ki paralèl nan I Wa 10 kote gen de bagay ki manifeste pou demontre sa ke Bondye t'ap fè avèk wa Salomon: Vizit larenn Seba ak pwosperite nan wayòm li an.

### A. Vizit larenn Seba (vv. 1-12)

#### I. Yon larenn enkredil (vv. 1-2)

Nou pa byen konnen ki kote larenn sa te moun (v.1), malgré ke gen kèk moun ki kwè se nan Yemen li te soti, yon reyyon ki twouve li nan Arabi. Anpil lòt te soti nan yon reyyon ki twouve li nan Etyopi, Afrik. E poutan, sa ki plis pwobab se te nan Yemen; paske li gen pou wè avèk sa Seyè a Jezi te di a nan Matye 12:42.

Daprè konesans jewografik nan tan ke n'ap viv la, yo konsidere ke larenn sa te vwayaje yon distans de 1500 milyas (2,400 km). Se konsa menm, li te akonpanye pa yon gwo delegasyon ak anpil chamo ki te chaje avèk lanson, ki te yon zèb ki te gen anpil valè nan epòk sa, petèt menm jan avèk lò (v.2). Vwayaj sa te tèlman long, li te petèt dire de oubyen twa mwa, menm si ke nou kwè ke li te dwe yon ti kras pi plis, kote yo te dwe travèse yon dezè ki te vrèmen fè chalè. Ta sanble ke wa pat kwè nan sa ke yo t'ap di yo. Li te vle wè avèk pwòp je pa li epi obsèvè de bagay: Sajès ke wa Salomon te genyen, ak bote wayòm li an.

Sa pa dwe fè nou sezi lè ke moun ki pa konvèti yo pa kwè nan gwo mèvèy ke bondye fè yo, non plis nan sa ke li fè nan lavi nou chak.

Larenn sa te poze li tout kesyon ke li te prepare, yo menm ki te dwe anpil epi de tout kalite; sepandan, wa

Salomon te revele li sekrè wayòm li an: Ke Bondye te ba li bon konprann. Pa genyen anyen Salomon pat kapab reponn li (v. 2), epi larenn nan te vrèman satisfè avèk sajès Salomon an.

#### 2. Yon larenn ki te vrèman sezi (vv. 3-4)

Epi sa te pase non sèlman avèk sajès Salomon an; men tou avèk palè wayal la tou (v. 3). Li difisil anpil pou yon fanm ki lidè sezi ak empresyone. Anplis de sa, fanm sa te dwe abitye avèk anpil richès; anplis de otorite li, sa pat anyen devan sa ke Bondye te fè avèk Salomon (v. 4).

#### 3. Yon larenn ki te konfime ke tout bagay yo se te verite (vv. 5-12)

Larenn Seba te rekonèt ke li te yon enkredil fas ak popilarite Salomon an. Li te vrèman difisil pou ke yon otorite te rekonèt siperyorite lòt; sepandan, fanm sa te fè li. Li pat kwè ke yon moun te kapab reyalize yon travay tèlman mèveye epi tèlman saj (v. 6). Men asireman, li pat pran anpil tan pou ke li te rekonèt ke te gen plis bagay pase sa ke Salomon t'ap rakonte li yo. Nou kapab sonje ke Salomon te sèlman mande Bondye sajès pou l te gouvène pèp li a; men Bondye te ba li plis pase sa (2 Kwonik 1:10-12).

#### B. Pwosperite Salomon an (vv. 13-28)

Yo ekri grandè materyèl wayòm Salomon an, e menm kantite pwa ke lò li yo te peze ke li te resevwa, kontribisyon yo nan lò ki te peye yo pa mwayen "kòmèsan enpòtatè yo" ak wa ki te anba dominasyon li yo. Salomon te depase tout lòt wa yo nan koze Richès; pandan ke li t'ap fè yo rekonèt li kòm moun epi pou yo te kapab koute sajès ke Bondye mete nan kè li.

Sa ke pòsyon sa pa rejistre a, li nan paralèl avèk I Wa 11, se lè ke Salomon te kraze epi abondone pwomès ke li te fè devan Seyè a (I Wa 11:1-13).

#### Kesyon Opsyonèl

- Èske w konsidere ke Bondye te vle fè wa Salomon popilè?
- Kisa ki genyen plis valè epi gen plis enpòtan aprè anpil tan fin pase: Richès la oubyen sajès la?
- Sajès ke wa Salomon te resevwa a te fè okenn lòt wa pat kapab konpare tèt yo avèk li; se pandan, kisa wa sa te blye pou ke Bondye te kanpe sou pwomès ke li te fè a?
- Selon 2 Kwonik 9:13-28, kisa w konsidere ke nou gen bezwen nan tan ke n'ap viv la pou ke anpil sitiyasyon sosyal ak politik chanje?

#### Konklizyon

Anpil wa avèk anpil nasyon te rekonèt kijan Seyè a gran akoz de sajès avèk viktwa ke li te bay wa Salomon. Se poutèt sa, li enpòtan pou ke nou genyen yon kè ki obeyi kòmandman Bondye yo. Sa dwe plase pi wo pase anvi pèsonèl yo, otosatisfaksiyon ak pasyon chanèl yo.

# Fòk nou ekilibre ekip konseye yo

César Barco (Ekwatè)

## Pasaj biblik etid la: 2 Kwonik 10:6-14

**Vèsè pou aprann:** "...Si ou aji byen ak pèp la, si ou asepte fè sa yo mande ou la, si ou pale byen ak yo, y'ap toujou sèvi ou." 2 Kwonik 10:7

**Objektif lesón an:** Se pou elèv la konnen ke fòk gen ekilib ni nan konsèy moun ki pi gran pase nou yo menm jan ak moun ki gen menm laj avèk nou yo, pou ke nou pran yon dezisyon.

## Entwodiksyon

Se Roboam ki te vin ranplase wa ki te gen plis bon konprann pami tout lòt wa sou latè yo. Pliske li te pitit wa Salomon, nan kòmansman li te montre eritaj sajès ke papa l te kite a. Konsa, li te toujou mande gran moun yo konsèy epi li te fè ka de jèn ki nan menm laj avèk li yo tou pandan ke li te mande yo konsèy. E poutan, pwoblèm ki te vin pase, se ke Roboam pat konnen fason pou l te balanse tou de konsèy sa yo; epi li te deside chwazi yon sèl ladan yo. Se pat jèn yo ki te pwoblèm nan, pi gwo pwoblèm nan se paske li te chwazi konsèy pa yo a ase ki te twonpe konplètman. Men malgre sa te pase konsa, se pa yon rezon pou ke nou inyore jèn nou yo andedan legliz ak sosyete a.

## I. Konsèy gran moun yo (2 Kwonik 10:6-7)

Nan mitan pèp Bondye a, gran moun yo te gen anpil respè, literalman se moun ki te gen plis laj yo. Nan ka mesye yo, yo te konn konsidere yon moun anyen a pati de 50 an; epi nan ka medam yo, yo te konsidere li kòm ansien a pati de 60 an (Nonb 8:25; I Timote 5:9). Nan tout lòt nasyon yo, se ansyen yo ki te konn gouvène avèk wa a oubyen yo te sèl konseye fas ak nepòt desizyon ke nasyon an t'ap pran; se pat sèlman Izrayèl ki te konn fè sa. Nan ka sa, ansyen ki te nan wayòm Roboam yo te byen klè; kosyè yo te dirèk.

Se twa konsèy ansyen yo te bay nan okazyon sa, si Roboam te rive mete yo nan aplikasyon, li t'ap rive genyen anpil konfyans nan je pèp la. An nou wè ansanm ki kalite konsèy yo te ye:

i.) "Si ou aji byen ak pèp la"(v. 7): Sa vle di, sèvi avèk yo kòm moun, sèvi avèk yo ak bonte, mete yo alèz, trete yo avèk lajwa, avèk mizèrikòd epi sitou, chèche byen nan favè yo. Sa vle di, trete yo kòm moun ki fèt ak imaj avèk resanblans Bondye.

ii.) "...epi fè yo kontan...(v.7): Plizyè tradiksyon biblik defini fraz sa nan fason sa: Trete yo byen (TLA); satisfè bezwen yo (LBLA); sèvi yo byen (Jerizalèm 2001); fè kè yo kontan (DHH); dosil avèk yo (Liv pèp Bondye a).

iii.) "...epi pale bon pawòl avèk yo..." (v. 7): Pi devan n'ap bay kèk siyifikasyon konsènan ekspresyon sa.

Di yo bon pawòl; reponn yo avèk lanmou; ofri yo anpil konsiderasyon ki favorab; ba yo repons ki favorab; si w pale avèk yo avèk anpil lanmou, etc.

Konsèy sa yo se tout bagay ke tout nasyon mande presidan yo. Malerezman, nan istwa Roboam nan, li pat deside swiv twa konsèy sa yo. Nou kapab konpare kalite konpòtman sa nan anpil gouvènè ki pwomèt anpil bagay pou yo satisfè pèp la. Reyèlman, nan kòmansman gouvènman yo, yo reyalize anpil bagay, men nan fen manda yo, tout moun rann yo kont ke presidan yo pat janm fin reyalize tout sa ke yo te pwomèt yo. Okontré, se yon bagay ki tris lè ke nou aprann ke gen anpil nan yo ki itilize pouvwa pou anrichi pwòp tèt pa yo, epi bliye pèp la nan mizè a yon lòt fwa ankò.

Nan twa konsèy ansyen nou kapab wè kijan gouvènman Mesi a pral ye. Se pral yon gouvènman totalman diferan; paske li pral byen aji ak tout moun. Li pral chèche ak atenn pwosperite ak byennèt tout sèvitè li te delivre avèk mizèrikòd yo; l'ap byen trete yo nan tout sans. Se konsa, li va pale avèk yo tout avèk pawòl lanmou, benediksyon men se pap pawòl madichon (Revelasyon 22:3).

Se poutèt sa, nou kwè ke konsèy gran moun rete yon bagay ki enpòtan toutan. Mwen sonje ke nan legliz kote m te grandi a, sè ak frè ligliz ki pi gran moun yo te toujou ap bay nou menm ki te pi piti yo konsèy. Konsèy sa yo te vrèman efikas. Sepandan, jounen jodi a, toupatou sou

latè, genyen yon gwo mank de konsèy de moun ki plis vye yo anvè sa ki pi jèn yo. Sa se akoz de jan tan vin ye a, sa gen pou wè avèk mank de enterè ke pi piti yo vin genyen anvè pi gran yo epi visevèsa, elatriye. Sa lakoz ke lajenès jodi a ap viv yon vi ki dejener totalman; tout sa yo se akoz ke yo pa konnen kijan pou yo kondwi lavi yo. Li nesesè pou ke moun ki pi ansyen yo bay jèn yo bon konsèy ke yo genyen yo epi se pou jèn yo menm ouvè zòrèy yo byen pou koute konsèy moun sa yo.

## Kesyon Opsyonèl

- Èske w sonje konsèy ke paran w yo, grann ak gran papa, tonton w yo oubyen plizyè lòt gran moun te ba ou? Èske w konsidere ke konsèy sa yo te bon anpil?
- Kisa w opine osijè de konsèy ke ansyen yo te bay la? Kòman w ta aplike sa jodi a?
- Èske w panse w kapab dirije yon peyi, legliz oubyen òganizasyon pandan w'ap byen trete moun?

## II. Konsèy jèn yo (2 Kwonik 10:8-11)

Wa Roboam pat obeyi ak bon konsèy gran moun save yo, li te mande jèn parèy li yo konsèy pito. Bon, pou kisa wa te fè sa konsa? Men kote repons lan ye: "Men, Woboram pa koute konsèy granmoun yo te ba li a, li al jwenn jenn gason ki te leve ansanm avè l' yo, lèfini ki te toujou la pou ba l' konsèy tou. Li di yo: Ki konsèy nou ta ban mwen? Kisa pou m' reponn pèp la k'ap mande m' pou m' fè yon leve men pou yo?" (vv. 8-10). Èske w genyen youn oubyen plizyè zanmi ke w rekonèt depi tou piti? Èske w sonje tout sa ke nou te konn fè yo? Èske w sonje kilès moun ki te ede w pou w te rive genyen yon bagay ke w te renmen anpil? Èske w sonje avèk kilès moun ke w te fòme ekip pou fè plizyè jwèt timoun ak adolesans?

Nou konprann ke chwa Roboam nan te lojik; pliske jèn sa yo te grandi ansanm avèk li. Petèt li te kapab genyen kèk manm nan fanmi li tou pami yo, plizyè prens menm jan avèk li, domestik, elatriye. Sepandan, plis pase konseye, moun sa yo te zanmi ak frè nan tout sans, ke li te pase tout peryòd lavi li depi ti moun, epi se avèk yo li te pase etap adolesans li. Ki fè ke petèt, yo te pase tout peryòd ti moun ak jenès yo ansanm, epi sitou pou fòmasyon li nan lalwa Bondye a. Nou kapab imajine nou ke li posib pou ke yo te konn ale nan tanp lan ansanm epi viv yon seri de eksperyans menm jan avèk ou menm avèk mwen kapab panse konsènan zanmi sa yo ki te grandi ansanm avèk nou. Seyè nou an ki te byen konnen Roboam, li te konnen ke wa sa te gen pou l prefere konsèy zanmi li yo, akoz de lanmou, admirasyon,

melankoli, nostalji anvè yo. Epi konsa, pawòl Seyè a te akonpli (2 Kwonik 10:15; I Wa 11:29-33).

Li enteresan pou ke nou li sa ke kòmantè biblik di osijè de "10:14 Roboam te dwe swiv modèl gouvènman ki te mal nan konparasyon ak gouvènman papa I la, Salomon. Kòm aparans, Roboam te wè difikilte pou l te gouvèn peyi a, men se pat opòtinite yo. Li te mansyone sèlman move aspè yo nan gouvènman Salomon an, epi li te deside trete pèp la pi di. Lè w'ap diskite responsabilite w avèk pitit ou yo, ou dwe sèten ke w'ap bwose pawòl ou yo pandan w'ap fè yon melanj, lè w vle pote yon egzòtasyon. Nan yon lòt fason, ou kapab konplike konpòtman pitit ou yo anvè travay ke w fè a epi anvè moun w'ap sèvi yo" (Biblia del Diario Vivir-RVR60, Comentario a 2 Crónicas 10:14. EE. UU.: Editorial Grupo Nelson, 2007, p. 597).

Nou vle fè konnen ke lefè ke jèn zanmi Roboam yo te echwe nan konsèy yo te bay yo, lè pat gen swivi nan modèl gouvènman pwisan ke wa ki pi saj sou latè a te kite pou yo a pa vle di ke jèn yo toujou kontinye ap echwe nan tout sa ke y'ap deside. Se klè ke Pawòl Bondye di konsa: "Pa kite pesonn pase ou nan betiz paske ou twò jenn. Men, se pou ou tounen yon egzamp pou moun ki kwè yo, nan jan ou pale, nan jan ou mennen tèt ou, nan jan ou gen renmen, nan jan ou gen konfyans, nan jan w'ap mennen yon lavi ki dakò ak volonte Bondye" (I Timote 4:12). Yon jèn ki genyen tout kalite sa yo, se yon jèn ki sanble avèk Kris la; Sentespri a ba li kapasite pou l fè pati de yon ekip konseye, komite legliz lokal la, etc. Nan yon lòt fason, Bondye pa ta itilize lidè jèn kòm pastè, misyonè, presidan, etc.

Se menm jan tou, konsèy jèn zanmi Roboam yo montre nou ke li pa toujou bon pou ke nou kontinye sou menm baz yon gouvènman ansyen. Gouvènman wa ki te gen plis bon konprann sou latè a (Salomon) te di anpil selon 2 Kwonik 10:4, (men nou dwe konprann ke li te genyen konstriksyon tanp lan sou responsabilite li).

Epi se byen klè ke sa ki t'ap sanble plis lojik se kontinye avèk kalite gouvènman sa; pliske se konsa ke yo te fòme, avèk yon lidèchip ki di anpil. Sa vle di ke chak gouvènman oubyen administrasyon dwe chèche genyen pwòp kalite lidèchip li epi se pa nesesè yon kontinite de yon gouvènman oubyen jesyon ki te deja pase.

Roboam te dwe konstwi pwòp modèl lidèchip li pou gouvènman li a. Yon lidèchip ke menm pèp la ta konseye pou l pa ta twò di: "Papa ou te di anpil ak nou. Li te peze nou anpil. Koulye a, fè yon leve men pou nou. Kite nou

viv yon ti jan pi alèz, n'a sèvi ou nèt ale" (v. 4). Pèp la pat mande pou l te retire chay lou ke Salomon te mete sou do yo a, men pito, yo te mande l pou l te rann li pi lejè tou piti. Sa vle di ke, yo pat mande yon liberasyon total; paske yo memm ankò te gentan konnen ke si li ta pèmèt yo libere totalman, yo ta kapab vin tounen yon pèp ki parese, vag, distrè, epi yon moman aprè yo ta kapab pèdi fòs yo (Pwovèb 24:10). Li pa difisil pou ke jenerasyon sa ki te mande sa pat jenerasyon ki te travay ak Salomon an; epi pou rive sou Roboam, jenerasyon sa te gentan fin vye gran moun.

Devwa Roboam se te bay moun sa yo ki te travay trè di nan konstriksyon tanp lan avèk kay wa a pandan 20 tan avèk papa li yo soulajman (2 Kwonik 8:1); epi leve yon jenerasyon jèn ke li ta kapab prepare pou travay pou avansman. Sa vle di ke li te dwe travay avèk zanmi l yo; epi itilize fòs travay yo pou devwa ki pi di yo, san meprize konsèy ansyen yo. Li nesesè pou ke jodi a chak jèn koute sajès moun sa yo ki te eksperimente plizyè sekous nan lavi a; epi ki genyen yon bon konsèy pou bay, yon fason pou jèn yo kapab viv epi pran desizyon ki kòrèk.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki opinyon w genyan osijè de travay di a; Ki move tretman, èd oubyen non avèk moun?
- Èske w te genyen oubyen èske w genyen yon konseye nan lavi ou? Èske w genyen yon moun ke w'ap konseye? Èske w panse ke sa se yon bagay ki nesesè?

## III. Move desizyon wa Roboam nan (2 Kwonik 10:12-14)

Se pawòl sa ke wa te pwononse: "Wa a pa koute konsèy granmoun yo, li pale di ak pèp la. Li reponn yo jan jenn gason yo te ba l' konsèy la. Li di yo: -Papa m' te peze nou anba chay lou, mwen menm, m'ap mete sou chay n'ap pote deja a. Papa m' te bat nou ak fwèt, mwen menm, m'ap pase fwèt la anba sann pou nou. Se konsa wa a pa t' asepte fè sa pèp la te mande l' la. Sa se travay Seyè a menm ki te vle pou sa li te voye Akija, pwofèt Silo a, al di Jewoboram, pitit Nebat la, rive vre" (2 Kwonik 10:13-15).

Jan ke nou sot mansyone la talè a, tan sanble ke jèn yo te vle kopye sou modèl gouvènman wa Salomon an, epi li posib pou ke sa te pase konsa: "Si wa ki pi saj sou tout latè a te byen sevè nan gouvènè pèp Bondye a, nou menm tou nou pral gouvènè avèk severite". Chak desizyon, chak aksyon mennen yon konsekans. Wa Roboam te chwazi pran konsèy jèn ki te leve avèk li yo, epi pèp Bondye te tonbe nan rebelyon (2 Kwonik

10:16). Pwoblèm nan se paske li t'ap dirije avèk severite; men pito se paske jèn yo te kwè nan pwòp fòs kouraj pa yo (Pwovèb 20:29), epi yo te vle ajoute plis chay sou do moun yo, youn ki te pi lou pase sa wa Salomon te mete sou do pèp Bondye a (2 Kwonik 10:10-11, 13-14).

Pliske se nan pwòp fòs pa yo ke yo te kwè, jèn yo te echwe nan konsèy yo. Sa anseye nou ke sosyete a fòme avèk anpil jèn ak gran moun; epi nan yon gouvènman ki kòrèk, yo dwe fè tout jwenn byennèt ak atansyon.

Mete anpil travay pou jèn yo kapab jwenn kote pou yo envesti fòs yo epi yo pap panse ak fè moun mal ak prejjie; epi bay gran moun yo ti travay ki pa twò di. Sa ap pèmèt ke genyen yon sosyete ki plis ekilibre, pwodwi epi k'ap viv nan tèt ansanm. Sa se yon bagay ki kapab aplike nan legliz la tou, pou sa ki gen pou wè avèk aktivite ki òganize ak dirije pa mwayer jèn yo avèk konsèy ke yo resevwa nan men moun ki ansyen yo.

Si Roboam te rive tande vwa pèp la (v. 15); petèt, Izrayèl pa t'ap viv eksperyans de wayòm sa yo, li t'ap pratike yon sèl adorasyon pou vrè Bondye epi pa ta genyen koze idolatri a (I Wa 12:25-28). Se menm jan, pa t'ap gen gè nan mitan Izrayèl plizyè ane aprè gouvènman l lan. Sa anseye ke nou pa dwe panche balans lan yon bò; li pi bon konsa lè li ekilibre.

Roboam reprezante modèl lidèchip ki egziste jodi a nan anpil kote sou latè: Yon gouvènman ki pa tèlman pran swen moun yo, yon gouvènman ki di, li menm ki te prefere koute pawòl zanmi li yo olye pou l te koute pawòl gran moun yo. Sa ki te tris la se paske konsekans kalite gouvènman sa yo ap mennen yon divizyon (jan sa te pase nan tan Izrayèl la).

## Kesyon Opsyonèl

- Pliske nou konsidere ke nou tout nou komèt kèk erè nan lavi nou, di kisa ke w te fè pou w te releve tèt ou yon lòt fwa ankò pou w te repare fot yo. Nan pwosesis sa, èske te gen kèk gran moun ki te mete bouch nan koze a?
- Èske w kwè ke ni moun ki jèn yo ni moun ki gran moun yo youn bezwen lòt? Pou kisa?

## Konklizyon

Nou dwe priye pou ke Bondye mete lidè ki pou fè pèp la mete tèt ansanm, petèt moun ki nan mond yo va vin kwè nan Ievanjil la atravè tèt ansanm nan (Jan 17:21). Gran moun yo bezwen jèn yo tou; se sa ki fè ke yo pa dwe meprize yo; epi jèn yo bezwen gran moun yo, epi se poutèt sa ke, yo pa dwe meprize yo.



# Yon lafwa ki egzèse nan leprèv

Sharon Víquez Sosa (Kosta Rika)

## Pasaj biblik etid la: 2 Kwonik 20:1-30

**Vèsè pou aprann:** “Ou se Bondye nou. Se ou menm ki pou pini yo paske nou pa gen fòs pou n’ kanpe devan tout gwo lame sa a k’ap vin atake nou an. Nou pa konn sa pou nou fè! N’ap tann sa ou pral fè pou nou.” I Kwonik 20:12

**Objektif leson an:** Se pou elèv la fòse li pou li devlope disiplin espirityèl yo kòm egzèsis ke Bondye te ban nou pou lafwa nou kapab fòtifye, epi pote laviktwa nan mitan advèsite.

## Entwodiksyon

Yon fwa ankò nan Bib la, nou jwenn kote yon pwofèt egzòte yon wa peyi Jida (2 Kwonik 19:1-27). Wa Jozafa te fè zanmi avèk lènmi Bondye yo (v.2) men li te fè anpil bagay ki bon tou (v.3). Yon lòt kote, Jozafa te ede pèp la tounen vin jwenn Seyè a epi chèche lajistis (vv.6-7). Li te ede pèp la mache nan verite ak yon kè ki sense (v.9).

Lè nou etidye pasaj 2 Kwonik 20, nou pral wè ke lè wa Jozafa te ran li kont ke li te an danje, li menm avèk pèp la te rele mande Seyè a sekou, epi li te reponn yo. Nou pral idantifye kijan ke plizyè kalite disiplin espirityèl te mwayer lagras ki te bay fòs ak Jozafa avèk pèp Izrayèl la nan mitan moman difisil yo.

## I. Moman difisil (2 Kwonik 20:1-3)

Men kòman lapèrèz la te defini: “Krent oubyen lapèrèz, se yon emosyon ki karakterize pa yon gwo santiman (byen souvan ki dezagreyab) ki pwovoke akoz de yon danje ke moun nan kapab sispèk ki kapab, reyèl oubyen non, prezan oubyen nan lavni. Se yon emosyon prime ki pran soti nan avèsyon ki natirèl fas ak lapèrèz oubyen menas, epi li manifeste ni nan moun menm jan ak bèt yo...”

Rezon an se paske fas avèk sitiayson sa yo nan lavi lè ke yon danje, risk oubyen yon menas, an jeneral, nou reyaji avèk lapèrèz, dezespwa oubyen krent.

Se pa Jozafa sèlman ke bagay sa te rive. Genyen anpil pèsonaj biblik ki te santi menm bagay la. Se menm bagay la ke Moyiz te santi lè òg, wa peyi Bazan te atake l la (Nonb 21:33-34). Sa te rive Zakari tou, lè zanj lan te anonse li ke nan vyeyès li a, li t’ap genyen yon pitit (Lik 1:12-13). Epi disip yo te eksperimente menm sitiayson sa sou lanmè a lè yo te wè Jezi ki t’ap mache sou dlo yo (Matye 14:26).

Wa Jozafa te genyen yon menas reyèl sou lavi li: Te genyen twa pèp ki te fè konplo pou vin ataque li (2 Kwonik 20:1). Kòm wa nasyon an, Jozafa te konnen ke lame pa l la pat nan kondisyon pou fè fas avèk yo epi genyen batay la; epi li te santi l fèb, deja ke li pat kapab bay pèp li a yon repons ki kapab satisfè avèk pwòp mwayer pa li fas ak menas sa.

Lapèrèz toujou atake nou nan moman difisil yo; paske li montre nou ke nou pa kapab fè anyen ak ti kras fòs ke nou genyen an. Se konsa ke, li fè nou sonje kòman ke nou depann de youn lòt; epi nou tout ansanm nou depann de yon moun ki pi wo pase nou: Bondye! Se sa ke Jozafa te fè fas ak sitiayson sa (v.3b). Malgre ke lapèrèz te anvayi kè Jozafa, li te konnen ke te genyen yon sèl bagay ki te kapab mete fen avèk lapèrèz li a: Retounen vin jwenn Bondye avèk tout kè li, epi chèche gid ak konsèy li.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki atitud ke Bondye vle ke nou menm pitit fi ak pitit gason li yo afiche lè n’ap fè fas ak moman difisil ki kapab fè nou pè?
- Ki disiplin espirityèl ke nou jwenn nan 2 Kwonik 20?

## II. Egzèse lafwa (2 Kwonik 20:3-19)

Jozafa te mete lafwa li an aksyon ke jodi a nou konnen sou non “mwayer lagras oubyen disiplin espirityèl yo”. Se konsa, Jozafa te kòmanse pran fòs nan relasyon li avèk Bondye; men tou, li te ankouraje pèp la, konsa, li te bay lòd pou ke tout pèp Izrayèl la te fè jèn (v.3). Nan sans sa, li te jwenn repons pou bezwen gen li te genyen an.

Mwayen lagras yo defini kòm “plizyè kanal ke Bondye etabli ki pèmèt ke Sentespri a pale avèk nanm lèzòm” (Taylor, R.S., Grider, Jk, y Taylor, WH. Diccionario Teológico Beacon.EE. UU.: CNP, 1995, p.423). Egzèsis

mwayen lagras yo se yon disiplin ke nou menm kwayan yo nou dwe devlope nan lavi nou. Jean Wesley te egzòte kretyen yo pou ke yo te itilize tout mwayen lagras ki disponib yo.

### A. Adorasyon (vv. 3,6)

Daprè Diksyonè Real Akademi, mo adorasyon an defini kòm "aksyon soumisyon pou rann kilt pou yon èt ki genyen nati Bondye" (Rekipere nan www.rae.es). Lè nou retounen nan istwa biblik la, nou obsève ke premye desizyon ke Jozafa te montre lè li te resevwa nouvèl lagè a, se te adore: "...Jozafa te bese tèt li pou I te konsilte Seyè a..." (v.3).

Beacon defini adorasyon kòm "repons ke moun bay anvè nati ki divin nan" (Taylor, R.S., Grider, Jk, y Taylor, WH. Diccionario Teológico Beacon.EE. UU.:CNP, 1995, p. 32). Anpil lòt otè defini adorasyon kòm "rekonesans devan Bondye pou sa ke Li ye". Jozafa te egzalte kalite Bondye yo kòm yon aksyon adorasyon (v.6).

### B. Lapriyè (v. 4a)

Lapriyè a se yon aksyon byen konsyan ke lòm nan fè lè li ale devan Bondye pou pale avèk Li, oubyen chèche sekou li nan moman nesesite yo. Nan itilizasyon disiplin espirityèl sa, Jozafa non sèlman pat limite pou I te adore epi chèche konsèy Bondye; men tou, li te fè apèl ak pèp Izrayèl la pou mande sekou Li (v.4a).

### C. Lwanj (v. 7)

Lwanj lan santre li nan ofri Bondye egzaltasyon pou tout sa ke Li fè. Yon pati nan adorasyon an se ke Jozafa te rekonèt sa Bondye te fè nan Istwa (v.7).

### D. Kominyon (vv. 9-13)

Lè ke mwen li liv Travay, lavi premye disip yo toujou fè m sezi. Pawòl Bondye di konsa: "Tout moun ki te kwè yo t'ap viv ansanm yonn ak lòt. Yo te mete tou sa yo te genyen ansanm; Tout moun ki te kwè yo te fè yon sèl kò, yo te gen menm santiman yonn pou lòt, yo te gen yon sèl lide yonn anvè lòt. Pesonn pa t' di byen li yo te pou tèt pa l' ase, men tou sa yonn te genyen te pou tout moun" (Travay 2:44, 4:32). Malgre ke se te yon tan ki te vrèman difisil, akoz de anpil pèsekisyon ki te leve kont kretyen yo; yo te rete ansanm epi nan tèt kole (Travay 2:1). Bon konpòtman sa te fè ke frè nou yo genyen anpil respè nan je tout moun ki te wè yo (Travay 2:47).

Se menm konpòtman sa ki t'ap dewoule nan mitan pèp Izrayèl la sou gouvnèman wa Jozafa; déjà ke moun yo t'ap devlope bon kominyon ant yo. Sa te pèmèt ke yo te mete tèt yo ansanm pou rele Seyè a, mande li konsèy ak favè li (2 Kwonik 20:9,13).

### E. Pawòl Bondye (v. 15)

Youn nan plizyè disiplin espirityèl yo oubyen mwayen lagras ki toujou fè lafwa nou fèm, nan ban nou esperans, se repozwa nan pwomès Bondye yo. Pèp Izrayèl la te resevwa pawòl sa nan men Bondye ki te pote ankourajman avèk esperans (v. 15). Kominyon avèk Bondye a fè nou adopte yon pèspektiv ki kòrèk. Jozafa te sonje ke lavi li ak lavi pa pèp la pat depann de li, ni de yon lame. Men pito de Bondye ki genyen tout pouvwa ki te di I ke li pa bezwen pè, sèlman mete konfyans nan Li. Pawòl la di nou tou: "Nan denmen maten, byen bonè, pèp la leve, li pati pou dezè Tekoa a. Le yo tapral leve lamach, Jozafa pale ak yo, li di konsa: -Nou menm moun peyi Jida ak moun lavil Jerizalèm, koute sa m'ap di nou! Mete konfyans nou nan Seyè a, Bondye nou an! Nou p'ap vole gadjè. Se pou nou kwè sa pwofèt li yo di nou an. N'ap genyen batay la" (v.20).

Men, nan relasyon avèk disiplin espirityèl yo, li nesesè pou ke nou konnen ke "se pa fini, men pito ke yo kreye plizyè kondisyon kote ke gras la kapab desann avèk plis libète, se poutèt sa ke , nou rele disiplin espirityèl yo, mwayen lagras. Bondye itilize yo pou li nouri epi soutni relasyon li avèk nou epi fòme nou espirityèlman...tout fòmasyon espirityèl pran nesans nan relasyon avèk Bondye, disiplin fondamantal ki pèmèt gras Bondye desann sou nou an se adorasyon" (Tracy, Freeborn, Formación Espiritual. EUA: CNP, 1999: p. 44).

Vèsè ke nou jwenn nan 2 Kwonik 20:3 di konsa: "Yon sèl laperèz pran Jozafa. Li pran desizyon mande Seyè a sa pou l' fè. Li bay lòd pou tout moun nan peyi a fè jèn". A pati de la nou kapab konprann ke adorasyon an kòm disiplin espirityèl fè moun nan remèt Bondye lavi li epi montre jan ke li depann de Bondye totalman. Jozafa te kwè ke Bondye te diy de konfyans.

### Kesyon Opsyonèl

- Ki enpòtans disiplin espirityèl yo genyen nan lavi kretyen nou epi kòman sa fè efè sou dimansyon konfyans nou nan Bondye?

### III. Yon aksyon de fwa (2 Kwonik 20:20-22)

Lafwa se karakteristik endispansab kretyen an; poutèt sa, yo rele nou "kwayan". Lafwa se mete konfyans nan Seyè a totalman; paske nou mete konfyans nou nan Jezi ki se Kris la kòm Sovè nou. Epi tou, nou kwè nan reyalite pwomès Bondye yo. Lafwa demontre avèk anpil aksyon ki klè, jan ke John Ortberg di a: "Aksyon pou nou defini sa a: nou kwè, nou defini pwòp tèt pa nou" (John Ortberg, lafwa ak Dout, editorial Vida USA, 2008 paj 43).

Se konsa ke pèp Izrayèl la te kòmanse aji ak lafwa: "Nan denmen maten, byen bonè, pèp la leve, li pati pou dezè Tekoa a. Le yo tapral leve lamach, Jozafa pale ak yo, li di konsa: Nou menm moun peyi Jida ak moun lavil Jerizalèm, koute sa m'ap di nou! Mete konfyans nou nan Seyè a, Bondye nou an! Nou p'ap vole gadjè. Se pou nou kwè sa pwofèt li yo di nou an" (v. 20).

Diksyonè RAE defini tèm kwè a nan fason sa: "konsidere yon bagay reyèl san konnen li nan yon fason ki dirèk oubyen san li poko la. Konsidere yon moun kòm moun ki pale verite" (Rekipere nan www.rae.es). Kwè oubyen gen LAFWA se repons lòm fas ak revelasyon Bondye ak soumisyon li fas ak kontwòl verite sa" (Taylor, R.S., Grider, Jk, y Taylor, WH. Diccionario Teológico Beacon.EE. UU.: CNP, 1995, p. 297). Lafwa anglobe yon atid esperans ak konfyans; e poutan, nan bon sans, lafwa vle di mete konfyans nan yon moun, paske li reyalize ke li merite sa.

Jozafa te poze yon aksyon lafwa; li te abandone tout konfyans ke li ta kapab genyen nan pwòp resous pa li epi li t'al devan Bondye pou al mande li sekou pou li ak pèp la. Li te atache ak pwomès viktwa ke Bondye bay la.

Lafwa mande tout konfyans nan Bondye ak obeyisans total devan Li. Lè nou aji avèk lafwa, pèspektiv lavi nou vin transfòme (v.21). Jozafa te fè fas ak moman eprèv la avèk Iwanj. Epi lafwa li te reyaktive lè li te apwoche bò kote Bondye, nan chèche konsèy li nan lapriyè, avèk kominyon pèp la, pandan li t'ap raple yo gwo bagay ke Bondye te fè yo ak karaktè Bondye, m pandan ke li t'ap fè pèp la sonje ke Li genyen anpil mizèrikòd, l'ap kenbe yo atravè lafwa yo nan Li.

### Kesyon Opsyonèl

- Site kèk aksyon lafwa w sonje ki te pase nan lavi w?

### IV. Yon viktwa sinatirèl (2 Kwonik 20:23-25)

Nan tout Bib la, nou jwenn anpil fason ke Bondye manifeste nan mannyè ke lèzòm pa menm kapab imajine yo. Ann wè kèk ladan yo.

Nan Egzòd, Moyiz te kondwi pèp la nan direksyon lanmè a epi li te leve baton li; paske li te mete konfyans li nan pwomès Seyè a (Egzòd 14:16).

Jozye te pran devan pèp la pou ke yo te fè tou miray Jeriko a pandan sèt jou. Epi konsa, avèk kout twonpèt ak gwo rèl. Jozye te fè tout sa yo; paske li te mete konfyans li nan pwomès Seyè a (Jozye 6:2).

Epi Jozafa pat fè eksepsyon; li te déjà mennen ki lame li a kont twa wayòm ki te mete tèt yo ansam. Epi li te fè sa sèlman paske li te mete konfyans li nan pwomès

Bondye a: "Nou p'ap bezwen nan goumen memm. N'ap annik pran pozisyon nou. Apre sa, tann. N'ap wè Seyè a ap ban nou gany. Wi, nou menm moun peyi Jida ak moun lavil Jerizalèm, nou pa bezwen pè, nou pa bezwen gen kè kase. Denmen, mache pran yo, paske Seyè a ap kanpe la avèk nou" (2 Kwonik 20:17).

Lè moman mete zam deyò a te rive epi chèche lye kachkach yo, Jozafa te bay yon lòd ke pèsòn pa ta kapab imajine yo nan yon kontèks lagè. Konsa, Jozafa te di yon gwooup levit pou yo te chante (2 Kwonik 20:21). Konfyans Jozafa nan Bondye te manifeste nan yon fason sinatirèl: "Lè yo tanmen chante ak kè kontan pou fè Iwanj Seyè a, Seyè a lage yon sèl bouyay nan mitan moun Amon yo, moun Moab yo ak moun mòn Seyi yo ki te vin atake peyi Jida a, yo pèdi batay la" (v. 22).

Jozafa, menm jan ak Moyiz e Jozye te aji anba direksyon lafwa; pandan ke yo te konnen ke Bondye pa jamn bay manti epi izrayelit yo ta gen pou wè pouvwa sinatirèl li, li menm ki te pwomèt yo lavikta.

### Kesyon Opsyonèl

- Rakonte yon ti istwa byen kout kote Bondye te ba w yon viktwa sinatirèl, kòman w te santi ou?

### V. Remèsiman ak kè kontan fas ak manifestasyon gras la (2 Kwonik 20:26-30)

Bondye te kontan anpil pou gwo viktwa ke Jozafa te rive pote, epi Jozafa te reponn Bondye avèk remèsiman pou sa ke li te resevwa ki te sòti nan men Bondye menm: "Sou katriyèm jou a, yo te rasable nan vale Beraka, se la ke yo te egzalte Seyè a". (v.26). Remèsiman se yon ekspresyon pou egzalte, akoz de sa ki fè nou kontan pou sa Bondye fè oubyen te pwomèt ke l'ap fè a.

Diksyonè Beacon ajoute ke remèsiman kòm egzaltasyon, ki se yon ekspresyon pou di Bondye mèsi pou mizèrikòd li (1995, p.38). Pèp la te eksprime remèsiman yo avèk jwa (v.27) epi yo te egzalte Seyè a (v.28). Kòm nou te déjà wè sa nan liv Travay yo, tout lòt nasyon ki nan alantou peyi Jida yo te pè ak respekte Bondye Jozafa a paske Li te delivre li anba lèmni li yo (v.29).

### Kesyon Opsyonèl

- Kòman nou kapab eksprime rekonesans ak lajwa nou pou bèl manifestasyon Bondye yo?

### Konklizyon

Se Bondye ki te egzèsis sa yo ki se disiplin espirityèl yo tankou lapriyè, etid Pawòl Bondye a, jèn, ak anpil lòt ankò; k'ap pèmèt ke lafwa nou pran fòs fas avèk moman nwa yo nan lavi. Ann pa sispann pratike yo!

# Yon transfòmasyon entegral

Clever H. Tobar (Etazini Ameriken)

## Pasaj biblik etid Ia: 2 Kwonik 29:3-31:21

**Vèsè pou aprann:** “Li di yo:’Nou menm fanmi Levi yo, koute sa m’ap di nou: mete nou nan kondisyon pou fè sèvis pou Seyè a. Mete Tanp Seyè a, Bondye zansèt nou yo, nan kondisyon pou yo ka fè sèvis ladan l’ pou li. Wete tout vye bagay yo te mete ladan l’ kifè li pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a.” 2 Kwonik 29:5

**Objektif leson an:** Se pou elèv la analize epi konnen enpòtans yon lavi kretyèn nan sentete nan mitan yon sosyete ki pèdi fren ak move enfliyans pou legliz la.

## Entwodiksyon

Pou yon premye entèpretasyon osijè de liv istorik yo nan Bib la, nou kapab dakò ke genyen anpil istwa ki espesyal, tankou anpil dat, lye ak pèsonaj; epi yo se bagay ki transmèt de jenerasyon an jenerasyon pou enstriksyon pèp Bondye a.

“Septuaginta (LXX), vèsyon grèk Ansyen Testaman, tit Kwonik yo se Paralipomenos, ki siyifi “dosye “ki te déjà” pèmèt” nan Wa ak Samyèl. De liv Kwonik yo te fè yon sèl nan kòmansman. Jewonim te tradwi tit ebre a divre hayyamin, “Evènman oubyen kwonik jou yo (tan yo)” (I Kwonik 27:24), nan plas mo laten Chronicorum, oubyen “kwonik tout istwa Bondye yo” (Plizyè otè. Kòmantè Beacon, tòm II. EE. UU.: CNP, 2009–2010, p.347).

Dirèkteman, nan liv istorik yo, nou pa jwenn yon referans ki di kilès moun otè a te ye, sebandan, tradisyon an asosye li avèk Esdras, pandan li t’ap demontre ke liv sa yo fè pati de yon seri de tèks ki soti nan liv Esdras ak Neyemi.

Pozisyon ki pi fò a montre ke liv sa yo te ekri anviwon ant 400 ak 350 av.K., akoz de kalite langaj ki itilize a epi plis espesifikman, pou jeneyaloji ki prezante nan I Kwonik 3:17-34.

Pou sa ki gen pou wè avèk pasaj sa ke n’ap etidyé la, se istwa wa Ezekyas nan peyi Jida espesyalman ki rakonte. Li konsidere kòm youn nan pi bon wa yo, epi presizeman, kòm yon refòmatè responsab epi sakre. Li te sèvi kòm yon refij pou Bondye pou li te reyalize yon travay ki radikal kont yon istwa apostazi. Se konsa, li te fè disparèt tout vye lotèl zidòl ak lye postitision yo, ak imaj vye fo dye yo ki te nan mitan pèp la (2 Wa 18:6-7).

Dimansyon kòripsyon ki te egziste nan epòk sa te kontamine tout bagay; men sitou aspè relije a. Dimansyon idolatri ekstrèm yo te genyen ladan yo

anpil rityèl satanik ke moun pa menm kapab imajine yo (2 Kwonik 28:1-4). Fas avèk sitiyasyon sa, wa Ezekyas te gen kouraj pou l te kòmanse yon refòm total. Nan plizyè lòt mo, li te kòmanse yon transfòmasyon entegral ki te mande yon pwosesis espesifik.

## I. Ezekyas te retabli kominyon avèk Bondye (2 Kwonik 29:2-36)

### A. Analiz pèsonèl (vv. 2-5)

Mande pou elèv ou yo li 2 Kwonik 7:14 epi mande pou yo analize mo imilite, epi pou yo bay kèk egzanp pèsonèl.

Imilite a se yon aksyon kè a fè ki prezante nan Bib la kòm yon resous primè ak prensipal pou kenbe yon kominyon ki reyèl epi pèsonèl avèk Bondye. Nan ka espesifik vèsè sa, li prezante imilite a kòm yon eleman kle ki pèmèt moun nan jwenn repons lapriyè li. Jak 4:6 endike pozisyon favorab ke Bondye pran konsènan imilite; epi l Pyè 5:6 konfime sa tou.

Pou sa ki gen pou wè avèk Ezekyas, pasaj sa kòmanse pandan ke l’ap endike bagay sa yo: “Ezekyas te fè sa ki dwat devan Seyè a tankou David, zansèt li a, te fè l” (2 Kwonik 29:2).

Jijman ke Ezekyas te fè se ke li te jije nesesè pou l te viv kòrèkteman nan lavi pèsonèl li avan pou l te rive pote yon chanjman nan lòt yo. Li te rekonèt ke moun ki te vini avan li yo te aji mal, epi li te ijan pou l te etabli yon pwosesis de konvèsyon. Konsa, li te kòmanse avèk lavi li epi pase pran sakrifikatè yo epi fini sou levit yo. Yo menm tou yo te koupab nan move pratik relije yo, epi yo te febli lè yo pou yo te “anonse” mesaj Pawòl Bondye a. se poutèt sa, ke wa te fè yon apèl avèk yo pou yon repantans ki sevè epi pwofon.

## B. Analiz reyèl fas ak sitiyasyon an (vv. 6-9)

Mande elèv ou yo pou ke yo analize sitiyasyon legliz lokal yo a, legliz kretyèn nan ak legliz an jeneral nan tan ke n'ap viv la. Si sa posib, pote kèk egzanz envestigasyon sou kèk ka espesifik osijè de move temwayaj. Nou konseye w abòde kèk nan tèm sa yo: Seksyalite, finans, enfidelite, fo doktrin.

Apèl ke Ezekyas te fè pèp Bondye a te gen pou wè avèk yon konvèsyon ijan: "Li di yo: -Nou menm fanmi Levi yo, koute sa m'ap di nou: mete nou nan kondisyon pou fè sèvis pou Seyè a. Mete Tanp Seyè a, Bondye zansèt nou yo, nan kondisyon pou yo ka fè sèvis ladan l' pou li. Wete tout vye bagay yo te mete ladan l' kifè li pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a" (v. 5).

Baz biblik la anseye ke apèl sa se te yon apèl pou konsekrasyon devan Bondye, sa ki te dwe fè referans ak obeyisans anvè Seyè a. Ezekyas te fè enstriksyon an pase bay tout moun an jeneral: Jida, Izrayèl ak tout lòt tribi yo. Epi sa ki te pase a se paske kòripsyon te kontamine tout pèp la, tout politisyen yo, tanp lan, reyinyon ak fèt tradisyonèl yo.

Sa pat gen pou wè avèk yon jijman pèsònèl epi limite; men pito de yon konesans detaye epi pwouve ke Bondye menm te siyale, Ezekyas pat pè denonse li piblikman.

## C. Prezante chemen delivrans lan (vv. 10-36)

Mande elèv ou yo ke aprè ke yo fin li 2 Kwonik 29:3-36, pou yo fè yon lis de sa ke levit yo te fè pou yo te sanntifye yo. Yo dwe obsève tou ke sant pirifikasyon an twouve li nan sakrifis la.

Ezekias t'ap sèlman yon sèvitè Bondye ki pa itil si l te sèlman denonse epi fini. Sanble ke jan sa ekri nan vèsè 5, te genyen yon rèl dezespwa. Depi lè sa, mo sanntifye a repete plizyè fwa, menm jan avèk sakrifis la. Jan sa te rekònèt nan epòk sa, sakrifis yo te fèt avèk animal ki san tach kote ke san ki te koule a te reprezante pwosesis padon pechè a.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki premye bagay ke Ezekias te fè pou li te retabli sèvis adorasyon an yon lòt fwa ankò nan tanp lan? Pou kisa?
- Èske w konsidere ke nan tan ke n'ap viv la, genyen kèk kongregasyon k'ap viv kèk sitiyasyon ki sanble ak sa ki t'ap pase nan epòk pa Ezekias la? Kisa ki kapab fèt pou ke sitiyasyon sa chanje?

## II. Ezekias te retabli fèt Pak la (2 Kwonik 30:1-20)

### A. Yon fèt pou rasanble pèp la (vv. 1-6)

Fèt Pak la se te youn nan sèt fèt ki te plis enpòtan

yo ke Bondye te etabli (Levitik 23), pou ke pèp li a konsakre li epi nan tèt ansanm pou yo selebre paske yo se pèp ki te chwazi pou sèvi lòt moun beni. Pak nan lang ebrie a vle di "fè gras" (Diksyonè Teyolojik Beacon. EUA:CNP,p.499). Selebrasyon sa ki tèlman enpòtan te dwe transmèt de jenerasyon an jenerasyon. Se konsa menm ke Bondye te bay Izrayèl lòd pou sa te fèt nan kòmansman ane relije a. Nan 2 Kwonik 30:5, yo di ke, pandan anpil tan, fèt sa pat selebre jan ke sa te ekri a.

Wa Ezekias ak tout levit sanntifye yo te santi yon gwo anvi pou ke yo te retouren nan règleman Bondye yo; sepandan, fòk te genyen yon chanjman nan moman selebrasyon an fas ak sikontans sa yo. Konsa, Pak la ta gen pou l selebre nan dezyèm mwa nan ane a, epi se pa nan premye a, jan ke Bondye te bay lòd la (2 Kwonik 30:13). Nou kapab agimante konfòm avèk sa ki entèprete nan pasaj sa, ke lè Ezekias te deside fè apèl ak tout branch fanmi Izrayèl yo pou koze fèt memoryal la, li te dwe elaji yon tan ki konsiderab, li menm ki te anpeche ke fèt la te selebre nan premye mwa nan ane a, jan ke Bondye te etabli l la.

Se la ke tèt ansanm nan mitan pèp Bondye gen enpòtans kòm enstriksyon ke Li te bay nan liv Egzòd 12:3, kote ke nou li: "Pale tout moun pèp Izrayèl la. Di yo: sou diyèm jou mwa sa a, n'a pran yon ti mouton pou chak fanmi, tande byen wi, yon ti mouton pou chak kay". Non sèlman li te nesesè pou kè sakrifikatè ak wa a te prepare; men tou, sa te mande pou ke pèp la te obeyi apèl sa. Sa se te yon gran opòtinite pou ke tout branch fanmi yo te obeyi ak selebre fèt relije sa.

### B. Yon opòtinite pou apèl repantans lan (vv. 7-20)

Nan 2 Kwonik 30:8, yo rejistre ke wa Ezekias te fè yon apèl ak tout pèp Bondye a pou ke li te tounen vin jwenn Li. Nan apèl sa, li te itilize de rekòmandasyon ijan: "...soumet nou... 'sèvi...'".

Toutan, Izrayèl te konn soufri yon move konsekans nan tout sans; epi non sèlman kòm nasyon, men espesyalman nan anbit pèsònèl tou. Konsa, chak moun yo te konn eksperimente anpil pwoblèm espirityèl ki byen grav ki te lakòz anpil maladi fizik, emosyonèl, ekonomik, familyal tou. Sa vle di ke, lavi pèp la te nan yon sitiyasyon dezespwa totalman.

Izrayèl te sispann soumet lavi li devan Bondye, li te pito ap obeyi wa ak pèp ki mechan yo, ak lòt fo dye yo. Soumet la nan yon lòt mo vle di: Depann, obeyi, aksepte, viv nan fonksyon de yon bagay oubyen yon moun. Konfòm avèk sa, pèp la te dwe konsidere de aspè: Kite ak aksepte. Sa vle di ke yo te dwe kite tout sa ke yo t'ap fè ki mal nan lavi a, epi aksepte yon pi bon prensip. Jak 4:7, Vèsè sa di ke sounmet la se reziste fas ak lemal, ak tantasyon; epi rezulta yo se pral viktwa ak libète.

Dezyèm ki enpòtan an se "sèvi". Pèp Izrayèl la te bliye lafwa ak sèvis Bondye a. Fas avèk sitiyasyon sa, li te enpòtan pou ke li te pran responsablite li pliske li se yon pèp chwazi pou sèvi benediksyon. Chwa sa a se pou ke Izrayèl te kapab sèvi de benediksyon nan mond lan (12:3).

Sèvis la pat sèlman yon repos obéisans fas ak kòmandman Bondye a; men tou se rezulta yon lavi ki soumèt devan Bondye. Sa fè nou konprann ke sèvis la te (epi li kontinye toujou) yon echantyon san dout de yon lavi ki konsakre a Bondye.

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa Pak la ye?
- Ki endikasyon ke Bondye te bay pou fè selebre fèt sa?
- Ki wòl repantans lan jwe nan kominyon nou avèk Bondye?

## III. Ezekyas te retabli sèvis prèt yo (2 Kwonik 31:1-21)

### A. Gide sakrifikatè yo rekiperé idantite yo (vv. 1-2)

Mande yo pou ke yo bay temwayaj sou kèk lidè relije ki te enpresyone lavi nou, epi fè yo di pou kisa yo te enpresyone an.

Pou Ezekyas, li te enpòtan anpil pou ke establete relije a te retabli pou tout pèp la. Poutèt sa, premye etap la se pou ke yo chak te chèche ranje kominyon yo avèk Bondye, soumisyon ak imilyasyon yo devan li. Aprè sa, wa sa te ankouraje ni pèp la, ni sakrifikatè yo pou ke yo te antre an aksyon kont idolatri a. Konsa, yo tout te mete men ansam nan travay la pou detwi tout lotèl yo, zidòl ak imaj yo (v.1).

Finalman, Ezekyas te refòme sèvis eklezyastik yo, pandan ke li pat bliye okenn detay (v.2). Yo mansyone tou kote ke nan 2 Kwonik 29:15-16 ke Ezekyas te ouvè pòt tanp lan tou. Gouvènman Akaz la ki se papa li te fèmen pòt tanp lan pou te evite nenpòt anvi pou retounen vin rann Bondye adorasyon nan (2 Kwonik 28:24, 29:7). Men an verite, plas sa te senbolize prezans Bondye pou pèp la ak sakrifikatè li yo.

Nan sans sa, wa Ezekyas te restore lye adorasyon an; epi sakrifikatè ak levit yo te kòmanse wè sans lavi yo ak misyon yo yon lòt fwa ankò (2 Kwonik 31:2) pou yo te fè travay ke yo te rele yo pou yo te fè a. Konsa, li te kòmanse chemen retablisman sentete a ti kras pa ti kras. Pou yon lavi espirityèl viktorye, wa te kwè ke li te vrèman enpòtan pou ke chak pítit Bondye te okipe nan branch enpòtan: "Pratik sèvis yo".

Nan tan ki te pase yo, Ezekyas te òganize sakrifikatè ak levit yo: "Apre sa, Ezekyas separe prèt yo ak moun Levi yo an gwoup ankò. Li bay chak gwoup lè pou yo pran sèvis yonn apre lòt. Nan chak gwoup, chak moun te

gen travay pa yo pou fè lè y'ap boule bét nèt pou Seyè a, lè y'ap fè ofrann pou mande Bondye padon, lè y'ap di Bondye mèsi, lè y'ap fè Iwanj li, lè y'ap sèvi l' nan papòt Tanp Seyè a" (v.2). Wa te konnen byen klè kisa misyon levit ak sakrifikatè yo te ye, epi li te fè tout aranjman pou ke yo tout te travay konfòm ak ministè yo chak: "... Nan chak gwoup, chak moun te gen travay pa yo pou fè lè y'ap boule bét nèt pou Seyè a, lè y'ap fè ofrann pou mande Bondye padon, lè y'ap di Bondye mèsi, lè y'ap fè Iwanj li, lè y'ap sèvi l' nan papòt Tanp Seyè a" (v.2).

### B. Bondye te sipòte travay la (vv. 3-21)

Pa genyen yon pi bon rezulta pou yo travay ke fè li nan volonte Bondye. Se panse sa ki te toujou ankouraje Ezekyas, menm nan moman eprèv ke li te dwe travèse yo. Nan ka sa, li te wè kòman men pwisan Bondye a te ede nan travay la.

Chak etap, chak prensip, chak desizyon te jwenn sipò nan Seyè a; paske yo te soti nan kè Bondye menm, (2 Kwonik 31:21). Ala gwo ak bèl bagay pou ke nou wè kijan ke Bondye te rekonpanse obéisans Ezekyas! An rezime, nou kapab di ke Bondye te sipòte li lè li te detwi idolatri a, lè aprè Pak la, pèp la te ankouraje pou retire tout vye pòtre fo dye yo. Nan sans sa a, Ezekyas te mennen yo pazapa nan chemen sentete a pou ke kè yo te kapab netwaye, menm jan ak kote yo te abite yo.

Bondye te montre tout moun ke, obeyi kòmandman yo, se pa sèlman pou fè Bondye plezi; men tou pou viv yon lavi ki genyen sikse espirityèl, emosyonèl ak fizik. Nan tout sa ke Ezekyas te pwopoze nan lavi pèsònèl li ak lavi lòt yo, se te bagay ki solid; epi sèl bagay ke li te genyen nan objektif li se te soumèt li anba lòd Bondye yo. Se konsa, li te fè anpil sikse kòm rekonpans.

## Kesyon Opsyonèl

- Nan ki sitiyasyon sakrifikatè ak levit yo te rejwenn yo nan sa ki gen pou wè avèk sèvis Bondye a?
- Kòm yon pati nan pèp Bondye a, kijan w santi sèvis ou yo ye devan Bondye?
- Ki evidans ki konfime sekou Bondye nan tout sa ke wa Ezekyas te antreprann? Konbye m'ap chèche pou m genyen yon ki pwòp epi ede moun ki nan antouraj mwen yo fè menm bagay la tou?

## Konklizyon

Reyèlman, li nesesè pou ke nou viv nan travay la ak pouvwa Jezi ki se Kris la avèk tout kè nou. Pou ke sa kapab posib, nou dwe asire nou ke sa ap posib sèlman atravè pouvwa ke nou resevwa atravè Lespri Sen an. Yon lavi kretyèn an deyò de pouvwa sa se yon bagay ki dekourajan, epi anpil fwa, byen tris. Se sèlman pa lagras ak operasyon Sentespri a ke nou kapab viv yon lavi sentete ak viktwa toutan sou sa ki mal!

# Toujou fè sa ki dwat

J. Víctor Riofrío (Etazini Ameriken)

## Pasaj biblik etid la: 2 Kwonik 33–35:19

**Vèsè pou aprann:** “Jozyas te fè sa ki dwat devan Seyè a. Li mache pye pou pye dèyè David, zansèt li a. Li fè tankou l’ nan tou sa l’ap fè, san li pa janm fè sa ki mal.” 2 Kwonik 34:2

**Objektif leson an:** Ankouraje elèv yo toujou fè sa ki dwat devan Bondye, espesyalman si yo okipe yon plas nan ministè a.

## Entwodiksyon

Tout moun ki okipe yon plas nan ministè a gen pou make yon epòk, nan youn oubyen yon lòt fòm. Nan plizyè lòt mo, nou kapab di ke, kalite lavi yo gen pou l manifeste byen klè pou byen oubyen mal konsènan non yo. Y’ap toujou nan lespri lòt moun, swa kòm bon oubyen move lidè.

Sa nou sot di la a yo te rive tout wa Izrayèl ak peyi Jida yo. Otè liv Kwonik yo rezime lavi yo pandan yo t’ap di pawòl sa yo: “Li te fè sa ki mal”, oubyen “Li te fè sa ki dwat nan je Seyè a”. E poutan, li vrèman difisil pou ke nou jwenn dezyèm opsyon kote yo ajoute bèle fraz sa: “...san li pat tounen ni adwat, ni agoch”; tankou pou otè a ta vle di: “Nonm sa te toujou fè sa ki dwat devan Bondye”.

Kòman nou pretann ke moun ap sonje nou swa ke nou te nan yon plas nan ministè a oubyen non?

Istwa biblik pou etid sa prezante TWA KALITE lidè ki te make epòk pèp Bondye a. Jodi a nou kapab aprann anpil sou siksè ak echèk yo pou ke nou kapab fè efò pou nou rive atenn bèle fraz sa: “Sa te fè sa ki dwat devan je Bondye, san li pat tounen ni agoch ni adwat.”

## I. Premye kalite lidè a (2 Kwonik 33:1-20)

Lidè ki te kòmanse mal epi fini byen se te Manase. Tèks biblik la pase 20 vèsè ap pale de wa sa. Li te pase 55 an ap gouvènè Jerizalèm. Li te genyen 12 an lè li te kòmanse gouvènè (v.1). Vèsè 2 di konsa: “Li fè sa ki mal devan Seyè a, dapre vye prensip kriminèl lòt nasyon Seyè a te mete deyò pou fè plas pou moun pèp Izrayèl yo”; sepandan, vèsè 13 la siyale: “Li lapriyè Bondye, Bondye tandem lapriyè l’ la, li ba li sa l’ te mande a. Li fè l’ tounen lavil Jerizalèm pou li al pran plas li ankò. Se konsa Manase vin konprann se Seyè a ki Bondye vre”.

Manase se yon wa ki te make epòk peyi Jida yo. Nan kòmansman, li te komèt anpil erè, ke nou menm nou dwe fè anpil efò pou nou evite komèt.

## A. Li te fè anpil zidòl, li te adore yo epi fè seremoni pou yo (v. 3-7)

Nan moman sa, Manase te bati plizyè lotèl pou Baal epi li te fè plizyè imaj an bwa; li te adore yo epi fè sèvis pou yo. Sa se te yon abdominasyon pou Bondye. Jounen jodi a, genyen plizyè kalite zidòl ki egziste k’ap pran plas Seyè a Jezi ki se Kris la, tankou sa yo: Travay, lajan, posesyon byen materyèl yo, yon manm nan fanmi an, etc. Sa te ogmante abdominasyon li. Se pou Bondye ede nou pou ke nou pa sal kay Bondye a avèk mank de reverans nou an, avèk anpil pratik ki menm satanik, avèk move itilizasyon lotèl ak vèsèl li yo, etc. Li te boule anpil ti moun, li te konsilte agwe, li te lage kò li nan koze divinò, li te konn rele mò ak bat kat.

An reyalite, Manase te pratike tout bagay ke Bondye te defann pèp li a fè yo. Li te vin pi mal chak jou. Se yon bagay ki tris anpil pou wè ke genyen kèk moun ki nan yon pozisyon ki byen wo, men ki anvelope nan yon bann vye pratik fè nwa.

“Aksyon Manase yo se menm bagay avèk pratik aktyèl yon seri de kretyen ki antre nan legliz, men ki kontinye avèk menm adorasyon yo te genyen lè yo te nan mond lan “kilt ekimenik” oubyen “fèt pou divèsyon”, men Bondye rele yo yon lòt jan. Epi li pap janm retire etikèt “pa vle wè” a sou li! (Wendland, P.O. 2 Crónicas. Milwaukee, WI: Editorial Northwestern, 2002, p. 378).

## B. Li pat vle koute vwa Bondye (v. 10)

Bondye te vle avèti li pou ke li menm, Manase antan ke wa ak pèp la te tounen vin jwenn Bondye; men yo pat obeyi vwa Bondye. Se tris pou nou wè ke nan tan n’ap viv la, pèp Bondye a avèg pa mwayer pwòp panse ak doktrin yo; epi li pa vle koute vwa Bondye ki byen klè nan Pawòl li a.

Men Manase, aprè ke Bondye te fin fè ke Babilòn te pran yo mennen nan esklavaj, li te fè anpil siksè ki bon pou moun imite, epi konsa, konsidere kòm yon moun ki te make istwa pou byen.

## I. Li te imilye li nan pye Bondye epi li te priye (v.12)

Yon lapriyè repantans ki sensè ak yon kè ki soumèt, se sa ke Seyè a ap tann pou li restore nou epi byen mete fen avèk karyè nou an (Sòm 51:17b). "Byen souvan, moun aprann lesion espirityèl yo nan vale tristès; se kriz nan lespri yo ki kondwi lòm nan vin rekonsilye avèk Bondye (v.13a), menm jan ke Pòl te fè eksperyans lan (Travay 9:3-5). Nan obsèvasyon espirityèl otè liv Kwonik yo, youn nan gouvènman ki te pi long nan Jida pat kapab yon echèk total. Santans li: Se lè sa, Manase te rekonèt ke Seyè a se Bondye (v.13b), aprè sa, li te retire tout vye fo dye ak zidòl etranje yo nan kay Seyè a (v.15a)" (Carro, D., Poe, J. T., Zorzoli, R. O. Kòmantè biblik mundo hispano I y II Wa, y 2 Kwonik. 1° ed., El Paso, Texas: Editorial Mundo Hispano, 1993, p.474).

## 2. Li te ranje epi pwoteje vil la (v. 14)

Yon lidè ki vle pase pou yon moun ki fè sa ki dwat nan je Bondye, dwe fè bèle enstalasyon fizik epi antoure ak kèk moun ki pare pou defann yo kont lènmi yo.

## 3. Li te retire fo dye yo epi li te repare lotèl la (v. 15-16)

Se te bagay ki pi piti ke Manase te fè. Se menm bagay la ke nou menm tou nou dwe fè jodi a: retire tout bagay ki vin okipe plas Bondye nan lavi nou.

Menm jan ke li te detwi epi sal lotèl Bondye a, Manase te oblige repare li epi adore sèlman Bondye nan plas sa. Se menm bagay la ke nou dwe fè jodi a; li nesesè pou ke nou bay lotèl Bondye a plas ki pou li a epi adore li menm sèlman la.

Manase te kòmanse mal, men li te fini byen. Sa anseye nou ke, si nou kòmanse mal, genyen chans pou nou fè koreksyon epi fini byen.

## Kesyon Opsyonèl

- Kilès wa sa ki te kòmanse mal, men li te fini byen?
- Ki eksperyans ou kapab pran nan fason ke wa ou te mache?
- Ki erè ke wa sa te komèt ke w dwe evite nan lavi ou, epi ki bon bagay ou dwe imite de li?

## II. Dezyèm kalite lidè ki make epòk pa yo a (2 Kwonik 33:21-25)

Lidè ki te kòmanse mal epi fini mal la se te Amon. Tèks biblik ki te pale konsènan wa sa se sèlman senk vèsè. Li te pase dezan ap gouvènè nan Jerizalèm. Li te genyen 22 zan lè li te kòmanse gouvènè a (vv. 21-22). Wa Amon te fè sa ki mal sèlman. Li enpòtan pou nou analize yo pou ke nou menm tou nou pa tonbe nan menm erè yo. Tèks biblik la afime ke Amon te depase kantite peche ke papa li Manase te komèt nan kòmansman gouvènman li a (v. 23). Sa vle di, li pat swiv egzanz etap lè papa I te imilye I devan Bondye epi abandone peche a. Amon te fini byen mal (v.24). Yo

pa di si li te antere menm jan ak papa li oubyen kòm pwochen wa Jozyas (2 Kwonik 33:20, 35:24). Amon te kòmanse mal epi fini mal. Sa anseye ke si nou viv mal epi nou pa chanje, menm sonje moun pap sonje si nou te egziste; oubyen si yo sonje nou, se sèlman pou pran nou kòm move egzanz pou lòt moun evite..

## Kesyon Opsyonèl

- Kilès wa ki te mal kòmanse epi li te fini mal?
- Ki ansèyman ou pran nan fason wa sa te konn mache a?
- Ki move bagay ke wa sa te komèt ke w dwe evite nan lavi ou?

## III. Twazyèm kalite lidè ki make epòk pa yo a (2 Kwonik 34 -35:27)

Lidè ki te kòmanse byen epi fini byen se te Jozyas. Tèks biblik la itilize 60 gwo vèsè pou pale de li. Li te pase 31 ane ap gouvènè Jerizalèm. Li te genyen 8 ane lè li te kòmanse gouvènè (v.1). Nan 2 Kwonik 34:2, nou li: "Jozyas te fè sa ki dwat devan Seyè a. Li mache pye pou pye dèyè David, zansèt li a. Li fè tankou l' nan tou sa l'ap fè, san li pa janm fè sa ki mal".

Aprè sa, nan 2 Kwonik 35:25 li siyale: "Pwofèt Jeremi te fè yon chante pou plenn sò wa Jozyas. Depi lè sa a, se yon koutim nan peyi Izrayèl: chak fwa fi yo ak gason yo ap chante nan yon lanmò, yo chonje Jozyas. Yo mete tout chante lanmò sa yo ansanm nan yon liv".

Ak diferans de Amon, Wa Jozyas te fè gwo siksè ki bon pou moun imite si nou vle pase kòm yon moun nan istwa ki te fè sa ki dwat nan je Bondye. Pi devan, nou pral prezante pwogrè sa yo:

## A. Li te netwaye tèritwa li a, lè li te retire tout idolatri (2 Kwonik 34:3-7)

Jozyas te kòmanse chèche Bondye menm jan ke David te fè I nan epòk pa li a. Li te retire tout vye plas adorasyon fo dye yo, tout vye imaj ak desen, e menm imaj ki fèt ak ajan. Li te kraze tout imaj baal yo. Li te kraze imaj soleò la fè miyèt mòso. Li te kraze epi fè tout zidòl tounen pousyè. Li te boule zòsman tout prèt idilat yo. Nan fason sa, non sèlman li te netwaye Jida; men tou, Manase, Efraim, simeyon ak Naftali.

Tout bagay sa yo endike ke Jozyas vrèman te fè sa ki dwat nan je Seyè a. Bondye se yon Bondye ki jalou epi l'ap beni sèlman moun ki adore Li menm sèl. Seyè a mande nou menm tou jodi a, pou ke nou netwaye kay avèk tanp nou yo kont tout idolatri si nou vle rekonèt kòm moun sa yo ki te toujou fè sa ki dwat nan je Bondye.

## B. Li te repare kay Seyè a (2 Kwonik 34:8-17)

Jozyas te reyalize yon gwo kontribisyon pou l te repare kay Bondye a. Chapantye ak bòs mason avèk anpil lòt travayè volontè te travay di jouskaske travay la te pran fen. Kòman pou Jozyas ta fè pa rekonèt kòm yon wa ki pat tounen ni adwat ni agoch volonte Bondye!

Jodi a, nou gen apèl pou nou fè tout sa ki depann de nou pou ke nou dekore kay Bondye a. Nou dwe dispoze talan ak don nou yo pou ke kay Bondye nou an kapab resevwa admirasyon ak lonè jan sa dwe ye.

## C. Li te anonse epi asire li ke tout moun te obeyi

### Pawòl Bondye a (2 Kwonik 34:18-33)

Lè Jozyas tande pawòl ki te ekri nan Liv lalwa ke Ilkjia te li a, li te sezi anpil (vv. 18-27). Lè li te tande Pawòl Bondye a, kè Jozyas te twoouble anpil. Se sa nou menm tou nou dwe fè nan syèk XXI. Nou dwe mete anpil atansyon, chak fwa ke y'ap li epi preche Pawòl Bondye a, epi nou dwe kontan jouskaske nou kriye akoz de priviléj ke nou genyen pou nou genyen Pawòl Bondye a ekri nan men nou.

Wa Jozyas pat sèlman koute, li te touche epi obeyi Pawòl Bondye a (vv. 32-33). Sa se konpòtman yon lidè ki fè sa ki dwat devan Bondye. "...li pat janm vire do bay Bondye zansèt li yo, pandan tout tan ke li t'ap viv. Li te pwoteje l pou l pat tonbe nan sèvi zidòl. Tout jou sa yo se te jou ki te tankou yon fren pou yo; men, sa menm te pèmèt ke yo te genyen entansyon pou yo te tounen dèyè. Jozyas te aji avèk tout senserite, men jouskaskprezan, pi fò nan pèp la te kontinye gen panchan pou vye zidòl yo. Bondye te konnen sa, epi, se poutèt sa, lè yon moun ta panse ke li mete siman pou li genyen yon lapè ak sekirite total, se lè sa ke Bondye bay dekrè pou yon destrikson (v.25)" (Henry, M., La cueva, F. Kòmantè biblik Matye Henry s.l., s.e., p. 468).

## D. Li te selebre fèt Pak la pou Seyè a

### (2 Kwonik 35:1-19)

Ta sanble ke anpil tan te pase depi yo pat selebre fèt sa ke Bondye menm te etabli pou yo te reyalize chak ane. Se te Jozyas ki te retabli fèt sa kòm wa epi li te fè sa avèk tout detay ki nesesè yo. Se te yon vrè sèvis pou Bondye liberatè a li menm ki toujou akonpli pwomès li yo.

Wa a te egzòte, enstwi ak ankouraje sakrifikatè ak levit yo pou ke yo te reyalize chak ane. Pou ke sa te byen fèt, li te fè bagay sa yo:

- i). Li te fè yo sonje ministè ke yo te resevwa pa mwayer lalwa Moyiz la (v. 6), ak òdenasyon ke yo te fè nan gouvènman David ak Salomon an (v. 4).
- ii). Li te bay lòd pou ke yo te mete bwat kontra Seyè a nan plas li (v. 3).
- iii). Li te bay levit yo responsabilite pou yo te sèvi Seyè a Bondye yo a ak pèp li a Izrayèl (v. 3);

iv). Li te ba yo responsabilite tou pou ke yo te sanntifye ak prepare frè parèy yo (v. 6). Travay minis Bondye yo dwe kòmanse depi lakay yo; men li pa dwe fini la, men pito, yo dwe fè tout efò ki posib pou ke yo prepare frè yo atravè amonestasyon, enstriksyon, egzòtasyon, ankourajman ak konsolasyon.

v). Li te ankouraje yo (pi bon pase konfime) nan ministè lakay Seyè a (v. 2); sa se, li te pale avèk yo avèk severite.

Sakrifikatè ak levit yo te fè devwa yo avèk fidelite (v. 10), epi yo te onore Bondye tou lè ke yo menm tou, yo te patisipe fèt Pak la (v. 14). Chantè yo te eksprime kontantman kongregasyon an, epi sekirite pòt yo te veye pou ke pèsòn pat vin mete latwoublay ni sal asanble a. Konsa menm, pou ke pèsòn moun pat mache nan piblik la jouskaske celebrasyon an te fini. Tout fèt la te selebre daprè prensip lalwa (v. 16-17).

Nan tan ke n'ap viv la, anpil kongregasyon rasanble mwens pou selebre travay delivrans Kris la. Okontré, kounye a nou kapab obsèvè anpil ekstravagans, espektak, sipèfisyalite, vanite; men, mwen celebrasyon pou Seyè ak Sovè nou an Jezi ki se Kris la.

## E. Te genyen antèman diy pou yon bon wa (2 Kwonik 35:20-27)

Plis pase gran papa li Manase ki te mal kòmanse epi fini byen, Jozyas te genyen tout lonè posib nan moman antèman li; paske li se yon wa ki te fè sa ki dwat devan Seyè a, pandan ke li t'ap swiv pa David, san tounen ni agoch ni adwat.

Yo te sonje Jozyas pandan plizyè jenerasyon. Se konsa nou swete ye, epi n'ap rive atenn li si nou swiv egzanz gran wa sa ke peyi Jida te genyen an.

## Kesyon Opsyonèl

- Kilès wa ki te kòmanse byen epi li te fini byen?
- Ki ansèyman ou kapab pran nan fason wa sa te konn mache?
- Ki bon bagay ke wa sa te reyalize ke ou dwe imite nan lavi ou?

## Konklizyon

Menm si nou nan yon plas ministeriyèl oubyen non, nou aple pou ke nou toujou fè sa ki dwat devan Bondye. Nou dwe se moun pou lòt moun sonje kòm gason avèk fanm ki te kòmanse karyè a byen epi fini byen. Si nan ka ke nou ta mal kòmanse, Bondye envite nou atravè egzanz wa Manase a pou ke nou korije nou epi fini byen.

Pou okenn motif, nou pa dwe swiv tras wa Amon te mache a. Okontré, wi, nou dwe swiv modèl Jozyas. Li te yon wa ki te deside fè sa ki dwat devan Bondye depi lè li te tou piti.

# Lavi ak vizyon Danyèl yo

Katriyèm Trimès

Lafwa avèk angajman  
Obeyi Bondye pito olye nou obeyi lèzòm  
Rèv ki retire somèy yo  
Enpòtans entegrite a  
Yon moun ki tonbe nan pyèj awogans lan  
Pi gwo echèk yon wa  
Kouraj nan mitan eprèv  
Wayòm yo avèk Wa a  
Manifestasyon fen mond lan  
Lapriyè, pi gwo nan resous yo  
Chèche Seyè a nan moman konfli yo  
Danyèl ak pwofesi lafen yo  
Danyèl ak esperans pou demen an



# Lafwa avèk angajman

Walter R. Rodríguez Castro(Irigwe)

## Pasaj biblik etid la: Danyèl 1:1-7

**Vèsè pou aprann:** “Bondye bay kat jenn gason sa yo konesans, lespri ak bon konprann pou yo te ka li tout kalite liv. Lèfini, li bay Danyèl don pou l’ te konprann sans tout kalite vizyon ak tout kalite rèv.” Danyèl 1:17

**Objektif leson an:** Se pou elèv la rekonèt epi aplike lafwa ak angajman nan lavi li chak jou.

## Entwodiksyon

Danyèl se sèl liv nan Ansyen Testaman ki konsidere kòm yon pati nan literati apokaliptik jwif la. Jan literè sa te parèt nan yon epòk yo te sisplèk yon kriz byen grav. Sa enteresan pou wè kòman kretyen yo plase liv Danyèl lan ansanm avèk lòt gwo pwofèt yo. Li pwobab ke se paske Danyèl te yon gouvènè epi Bondye te konn sèvi avèk li kòm pwofèt; menm si okipasyon prensipal li a se pat wòl pwofèt.

Menm si ke genyen kèk ti dout sou sa ki gen pou wè avèk moun ki ekri liv sa; pi fò save nan Bib la dakò ke se Danyèl menm ki te ekri liv la; epi pozisyon sa te toujou rete valab nan istwa legliz la.

Liv Danyèl la divize fè de pati: Yon seksyon istorik ak karaktè narrativ (Chapit 1-6), epi yon dezyèm seksyon jan apokaliptik ki genyen vizyon Danyèl yo (chapit 7-12).

Pasaj ke nou genyen pou nou etidyé jodi a montre nou ke malgre ke pèp Izrayèl la de toujou ap dezobeyi Bondye, epi yon bon kantite nan pèp Jerizalèm nan t’al nan esklavaj nan peyi Babilòn; Bondye pat janm abandone yo. Danyèl ak jèn yo nan istwa sa yo se yon egzanp sa. La a, yo rakonte kòmansman yon bél istwa lafwa ak angajman. Danyèl avèk twa zanmi l yo te chwazi pou fè travay ki siperyè akoz de fidelite yo devan Bondye ak prensip ke yo te resevwa fòmasyon nan peyi Izrayèl.

Nan moman kote ke evènman sa yo t’ap pase konsa, istwa wayòm Jida nan moman sa, epi anpil nan sa ke li t’ap pase nan lòt pati sa nan mond lan; nou pral wè yon mond ki k’ap tramble, ki byen sanble avèk sa ke n’ap viv aktyèlman. Yon fason ke, lè n’ap etidyé mesaj liv sa, avèk asirans nou va wè li avèk anpil enpòtans pou nou.

## I. Kisa ki te pase nan epòk Danyèl avèk zanmi li yo t’ap viv la? (Danyèl 1:1-4)

“Peryòd ki te anglobe sèvis Danyèl nan peyi Babilòn nan te koyenside avèk plizyè gwo kriz entènasyonal. Moun peyi Babilòn, Mèd ak Esit yo te elimine peyi Lasiri ki te pase plizyè syèk ap kraze reyon Mwayen Oryan yo. Lejjip te eseje domine Lafrik ak lòt tèritwa Mediterane yo pandan 1000 ane, li te tonbe anba esklavaj. Anba poussa wa Nebikadneza, tè kaldeyen yo te rejwenn yon pozisyon pwisans, richès ak lidèchip mondal siperyè sou tout lòt peyi yo” (Kòmantè Biblik Beacon, Tòm 4.EUA: CNP, 1991, p.633).

Babilòn te plase nan zòn Sid Mezopotami (se li menm ki rele Irak jodi a) bò kote larivyè Lefrat la. Vil sa se te kapital pwisan ki te kontribye nan sivilizasyon kreyasyon astwonomi an; li te pote developman medsin; li te etabli syans langaj; li te prepare premye kòd legal yo; epi li te anseye grèk yo règ matematik yo, fizik ak filozofi. Se konsa, Mezopotami te fè jwif yo benefisyè konesans sa yo, yo menm ki te pase l bay arab yo. Nou genyen konesans sou lasyans ak konstriksyon kòm egzanp.

Nan syèk VII av.K., wayòm Jida te anba dominasyon Lejjip. Nan 608 av.K., 60 8av.wa peyi Jida te mouri; 60 8adapr 2 Kwonik 36:l-4, se pitit li Joakaz ki te ranplase li. Sepandan, farawon an ki se Neko, te ba li kou deta epi mete Elyakim nan plas li, li menm ki se ti frè Joakaz, li menm ki te vin pote non Jojakim.

Si nou elaji vizyon nou an yon ti kras pi plis, n’ap rann nou kont ke moun peyi Lasiri yo te pase prèske kat san ane ap gouvènè reyon an; men, yo te vin febli akoz de aparisyon moun peyi Mèd yo, yo menm ki vin libere Babilòn avèk sekou Nobopolasar epi yo te etabli wayòm endepandan, anpi neobabilonik la (626 av.K.-539 av.K.) (Diksyonè Biblik Ilistre.EUA: Editorial

Caribe, 1982, p.73). Pou lanmò Nabopolasar (605 av.K.), se ptit li a ki te vin wa peyi Babilòn epi kòmandan an chèf lame a, Nebikadneza, ki te enperyalis lejandè ki mansyone nan liv Danyèl la.

Ane sa yo se te moman ki te vrèman difisil pou wayòm Jida; konsa yo te pase yon enperyalis pou rive nan yon lòt, non sèlman ke pwofèt yo te avèti gouvènè yo konsekans ki prevwa pou dezobeyisans anvè Bondye, yo menm ki te gen responsablite pou gide pèp la pat pran sa an chaj. Se konsa, pandan gouvènman Jojakim sa, Jeremi, pwofèt Bondye a te egzòte wa a jan sa rejistre nan liv Jeremi an (Jeremi 25:1-11). Men sa ki te vin pase, aprè ke Jojakim te fin pase twa ane ap gouvènè, nan syèk 605 av.K., Nebikadneza te venk ejipseyen yo nan gwo batay Kakemis la (Jeremi 46:2), epi li te rive pran yon gwo pati nan Pwòch Oryan li menm ki te genyen wayòm Jida andedan li.

Lè Jida te fin tonbe anba dominasyon an, te genyen yon gwo kantite moun ki t'al nan esklavaj nan peyi Babilòn. Nan gwoup sa nou jwenn Danyèl ak zanmi li yo. Yo te rete nan esklavaj pandan tout gouvènman wa Nebikadneza, ak twa premye ane gouvènman Si a, nan peyi Pès la. Babilòn te tonbe anba men peyi Pès la nan ane 539 av.K.; epi se aprè twa ane gouvènman an nan 536 av.K.

## Kesyon Opsonèl

- Itilize plizyè liy pou w relye chak non sa yo avèk siyifikasyon yo.
  - ◊ Danyèl - Seyè a se èd mwen
  - ◊ Ananyas - Bondye se jij mwen
  - ◊ Misayèl - Seyè a te fè gras
  - ◊ Azarya - Yon moun ki te soti nan Bondye
- Yon moun ki te soti nan Bondye?

## II. Kisa moun sa yo te kwè nan reyon sa nan mond lan? (Danyèl 1:5-7)

Chak anperè te vini ak pwòp dye pa yo epi te ese ye enpoze kilt pou chak divinite sa yo. Akoz de anpil siksè militè ke Nebikadneza te fè, li te konsidere ke dye li yo te plis pwisan pase tout lòt yo.

Konsa, popilasyon Jida a te twouve li anba presyon pou li te rann adorasyon pou fo dye yo epi abandone Seyè a. Asireman, rete fidèl avèk Bondye pat yon bagay ki fasil nan jou sa yo; espesyalman, lè ke gouvènè jwif yo pat yon egzanp pèseverans nan fidelite yo anvè Seyè a. Nan ka pwofèt yo, san dout, sèvi Bondye epi prezante li devan pèp la pat yon devwa ki te fasil non plis. Li enteresan anpil pou ke nou li nan liv Jeremi an pou nou

wè sa pwofèt la te ekri sou epòk sa.

Nan anpi babilonik la, reliyyon an te pran chè anpil nan lavi sosyal ak politik; akoz de karaktè nasyonal ak ofisyèl kilt yo. E poutan, nou kapab konsidere ke te genyen yon reliyyon ofisyèl ak yon lòt pou pèp la. Wa ak gouvènman li a te anchaje yo de reliyyon ofisyèl la, espesyalman nan òganize kilt yo epi pran swen tanp lan. Yo di ke nan peyi Babilòn, te genyen anviwon 50 tan ki te dedye ak plizyè kalite dye diferan.

Babilonyen yo pat konn souvan patisipe nan selebrasyon ofisyèl yo, sof nan fèt dye Ista, youn nan divinité prensipal yo nan wayòm nan avèk Bèl, li menm ki te pote non Meodak daprè ebre yo, li te idantife tou sou non Madouk, dye solèy la ak prensipal divinité babilonyen yo. Selebrasyon Ista yo te kolore avèk anpil lajwa, ak kilt la nan tanp li a ki te genyen ladan li, postitisyon sakre a.

Ista te resewwa anpil non; epi mitoloji I la tou te chanje nan plizyè ti bouk ki te nan rejon Pwòch Oryan. Dye sa se te dye fètilite a, lanmou ak lagè. Li te prezante li kòm yon famm toutouni; nan anpil lòt okazyon, avèk tèt animal, tankou pa egzanp, tèt yon towo bèf, yon cheval oubyen bourik, ak anpil lòt kalite senbòl. Nan moman esklavaj jwif yo, moun peyi Babilòn yo te genyen anpil kalite dye ak mitoloji diferan, genyen anpil ladan yo ki te soti nan peyi Lasiri. Anplis de sa, babilonyen yo te etabli kilt nan favè nasyon yo a.

Paralèlman ak anlè a, reliyyon populè a gen pou wè avèk yon kanti de fo dye pèsonèl ak familyal; se yon bann fiksyon ki t'ap devlope oralman de tanzantan. Se konsa, moun ye te konn itilize gad, fetich ak rityèl pou rezoud yon bann sitiayson ak maladi. Moun yo te konn toujou patisipe nan kalite manifestasyon reliyye sa yo.

Chanjman non ki mansyone nan Danyèl 1:7 la genyen yon gwo kontni reliyye, epi nou kapab verifye li lè nou obsève siyifikasyon non sa yo.

Nou dwe sonje tou ke non yo te enpòtan anpil pou jwif yo epi li te genyen yon siyifikasyon ke moun ki te pote non an te dwe pran oserye. Nan opinyon kèk istoryen, chanjman non pou anchajman sèvis nan palè a te vle montre ke apati de moman sa, jèn yo ta ap viv anba yon nouvo otorite espirityèl.

Konsènan sa ki mansyone anlè a, Kòmantè Biblik Beacon ban nou siyifikasyon non sa yo: "Danyèl vle di "Bondye se jij mwen", epi yo te chanje li pou Bèlchaza li menm ki siyifi "Trezò (oubyen sekrè) Bèl". Ananyas siyifi "Seyè a te fè gras", yo te bay jèn sa non Chadranki vle di "Enspirasyon solèy la". Misayèl siyifi "Yon moun ki

soti nan Bondye", epi yo te ba li non Mechak". Finalman, Azaryas ki siyifi "Seyè a se èd mwen" vin pote non Abèd-Nego ki siyifi "Sèvitè Nego" (ki se zetwal nan maten)" (Kòmantè Biblik Beacon, Tòm 4. EUA: CNP, 1991, pp. 638, 639).

Nebikadneza, daprè istwa biblik la, li te chèche yon bon kantite save, divinò ak majisyen pou yo te fè tout kalite konsiltasyon ke li ta bezwen. Espesyalman, kaldeyen yo, ki mansyone nan liv Danyèl la, se yo menm ki te gwo syantifik epòk la epi yo te di ke yo te genyen kapasite pou yo te entèprete tout kalite siyal. Yo te genyen konesans sa yo atravè anpil etid; epi akoz de sa, wa te bay lòd pou moun li te gen pou l te chwazi pamí moun ki te nan esklavaj yo te dwe etidye pandan twa zan pou yo te kapab sèvi palè wayal la (Danyèl 1:4-5).

### Kesyon Opsyonèl

- Ki resanblans ou jwenn ant reliyon sa yo ki egziste nan reydon kote w'ap viv kounye a ak reliyon lanpi babilonik la?
- Nan ki fason ke w panse w kapab reprezante Bondye lanmou, mizèrikòd ak jistis ke w kwè nan li a devan kominate w la?

### III. Kisa nou kapab aprann nan istwa sa?

Pwobableman, tout moun deja obsève ke genyen yon resanblans ant sitiyasyon kontrè entènasyonal nan epòk Danyèl la ak anbyans ke mond nou an ap viv jodi a. Nou kapab obsève anpil bagay ki sanble tou ant konteks relije babilonik la avèk kantite reliyon ki genyen nan tan n'ap viv la. N'ap viv nan yon mond ki fatige ak konfli; anpil batay pou yon gouvènman pou fè lòt soumèt avèk yo, epi pou dènye sa yo rive defann tèt yo; genyen anpil diferans ekonomik ak yon sistèm ekonomik mondal ki an favè kèk gress.

Nan aspè relije a, mond oksidental la resevwa anpil "of" relije, anpil opsyon andedan krisyanis lan avèk anpil lòt ke nou pral kalifye kòm sedokretyèn; yo pa atache ak ansèyman Pawòl la, malgre yo plede di ke yo se kretyèn. Nou rele sa yo Islamit, boudis, jwif, menm jan avèk animis ak frè "nouvo epòk yo". Menm jan avèk nan peyi Babilòn, nan anpil kote, yo te konn itilize reliyon yo avèk yon entansyon politik e menm militè.

Nan Amerik Latin nan, pousantaj kretyen yo kontinye yon tandans k'ap diminye pandan ke kantite ate yo ap ogmante, a pa de ate yo, genyen plizyè lòt ankò tankou notisis ak yon gwoup ki genyen anpil moun ki pran desepsyon avèk legliz kretyèn nan. Se yo menm ki pote non "kwayan san legliz". Li klè tou pou ke nou rann nou kont ke genyen anpil kretyen ki eksperimente diskriminasyon, fawouch epi menm kèk fòm pèsekisyon

an sekrè. Konsa, yon fwa ke genyen yon bon kantite otorite eklezyastik ki se move egzanp, sa pa ede bon non levanjil la nonplis. Lè nou obsève panorama sa, nou rekonèt ke prensip istwa Danyèl yo avèk zanmi li yo anseye nou ke yo se bagay ki ekstraòdinè totalman.

Nan premye pozisyon, Danyèl ak zanmi li yo te genyen byen klè nan tèt yo ke, malgre tout kontraryete ki te genyen fas ak sitiyasyon an, Bondye te sou twòn li epi, asireman, yo te asire fidelite pèsonèl yo. Konviksyon yo pat baze sou sikontans yo ni nonplis nan sa ki itil oubyen negosye relasyon yo avèk Bondye pou koze enterè pèsonèl yo.

Nan ka jèn ebre sa yo, mo kle a se te "soumisyon" devan Bondye ke yo te remèt lavi yo a. Nan priyorite yo, Bondye te an premye avèk tout klète nan lespri yo, epi aprè, vini lòt bagay yo. Malgre ke sa sanble yon tèm relije, an reyalite, sa gen pou wè avèk koute ak aksepte ansèyman Pawòl la; pou sove valè ak kalite sa yo ki bay kretyen an idantite li kòm moun transparan, bon sitwayen ak onèt nan tout aspè nan lavi.

Nan dezyèm pozisyon, pliske Danyèl avèk zanmi li yo te fè pati manm ki nan gouvènman an (Danyèl 1:3-4), yo pat swiv move egzanp wa a (2 Kwonik 36:5); okontrè, yo te rete fidèl avèk Bondye malgre ke yo te jèn. Jèn entelijan sa yo te jiye ke li pat nesesè pou yo t'ap lage chay la sou do moun ki pi gran yo, oubyen move egzanp kèk dirijan; okontrè, yo chak te responsab de prensip ak valè ke yo te deside adopte nan lavi yo oubyen non.

Desizyon ke jèn gason sa yo te pran yo anseye nou ke, nan yon fason oubyen yon lòt, nou dwe responsab de pwòp chwa nou yo nan lavi a. Yon ti kras pi devan nan istwa Danyèl la (Danyèl 3:17-18), twa zanmi li yo te rete fèm nan angajman yo te genyen ak seyè a avèk kouraj ak imilite nan menm tan. Yo te genyen yon gran detèminasyon nan tèt yo pou yo te onore Bondye nan nenpòt pri. Sa sanble ke yo te nan pozisyon pou yo te pran desizyon yon gèrye; men li enpòtan pou ke nou siyale ke menm detèminasyon sa nesesè nan ti bagay ke nou deside chak jou yo epi k'ap kontinye siyale wout lavi nou.

### Kesyon Opsyonèl

- Kòman nou kapab imite jèn sa yo nan lavi nou chak jou?
- Ki ansèyman prensipal ou resevwa nan lavi ou jodi a aprè ke w fin etidye leson sa?

### Konklizyon

Nou bezwen sèten ke nou konnen Bondye nou mete konfyans nan li a, epi aplike ansèyman li yo nan lavi a chak jou.

# Obeyi Bondye pito olye nou obeyi lèzòm

Francisco Borralles (Meksik)

**Pasaj biblik etid la:** Danyèl 1:8-20

**Vèsè pou aprann:** "Seyè a ap goumen pou nou. Nou menm, poze san nou." Egzòd 14:14.

**Objektif leson an:** Se pou elèv la konprann ak pratike pèseverans nan konviksyon li yo osijè de Bondye, grandè ak pouvwa li, nan nenpòt sikontans ke li twouve li; pandan y'ap sonje ke Bondye onore moun ki onore li.

## Entwodiksyon

Yon frè kreyen ki t'ap travay kòm direktè kominate pou fè makadam nan yon branch konstriksyon, te pataje temwayaj sa: "Nan yon okazyon konsa, mwen te jwenn chans pou m te travay kòm direktè nan yon kontra pou fè makadam nan lokalite kote mwen rete a, pou m te fè atè ak beton nan tout lari yo, epi se mwen menm tou ki te responsab kontwòl materyèl y'ap itilize nan beton an. Pandan travay sa yo t'ap kòmanse, epi nan youn nan premye okazyon ke mwen t'ap resevwa materyèl ki nesesè yo tankou (siman, sab, grès, etc.), mwen te remake ke kantite mwen t'ap resevwa yo te pi piti pase kantite ki te ekri nan resi ki soti nan antrepriz k'ap founi materyèl yo. Lè mwen te mande ki rezon ki lakoz sa, yo te fè m konnen ke yo te depoze rès materyèl yo lakay youn nan fonksyonè yo; epi yo di m tou, ke mwen menm kòm fonksyonè travay la, mwen dwe siyen papye a kòrèkteman pou di ke mwen toujou resevwa tout materyèl yo jan sa ye nan nòt la".

Nan branch laboral la, epi asireman, nan travay sosyal yo, lekòl e menm familyal yo, li posib pou ke nan kèk okazyon nou fè fas ak kèk siyasyon ki kontrè avèk fason ke Bondye mande pou pitit fi ak pitit gason li yo fonksyon. Poutèt sa, li enpòtan pou ke nou prete atansyon ak tout sikontans sa yo ki kapab pwovoke nou kòm kwayan nan Kris la, epi ki kapab fè nou bay move temwayaj osijè de gras Bondye a ki kapab menm fè nou abandone lafwa nou.

## I. Danyèl ak zanmi li yo pat kontamine tèt yo (Danyèl 1:8)

Pou ke nou antre nan kontèks leson sa, nou dwe sonje ke yo te chwazi Danyèl ansanm ak twa zanmi li yo (Ananyas, Misayèl ak Azarya), pou travay nan palè wa Nebikadneza, kote ke yo te jwenn favè nan je pèsonaj sa menm jan ak Jozèf nan peyi Lejip.

Kòm manm palè wa Nebikadneza, Danyèl ak zanmi li yo te gen dwa pou yo te patisipe nan manje sou tab

kay wa a, menm jan ak tout kalite bwason ak lòt meni yo tou (Danyèl 1:5).

Lè n'ap analize privilèj ki sot mansyone a, nou dwe konfime ke se te yon pozisyon wayal, pliske se yon lòd ki te soti dirèkteman daprè dekrè wa a.

Se poutèt sa, sitiyasyon sa te parèt difisil anpil pou Danyèl ak twa zanmi li yo; déjà se te kat jèn izrayelit ki te genyen anpil konviksyon ki byen solid epi ki te dispoze lavi yo pou yo sèvi Bondye nan nenpòt teren oubyen sitiyasyon kote Li ta mete yo. Men kisa difikilite sa te ye: Aksepte privilèj pou patisipe nan manje wa, avèk manje sa yo, yo t'ap gen move privalèj pou yo kontamine lavi yo; oubyen refize privalèj sa lè yo ta refize dispozisyon wayal la, men rete fidèl ak Bondye epi Seyè yo a.

Pou kisa patisipe nan manje wa a te gen pou wè avèk kontaminasyon? Se paske pwovizyon yo mansyone yo te toujou ofri bay ziddòl yo nan kilt yo fè nan lonè yo a. Sa vle di ke manje sa yo te nan kontak avèk tout zidòl yo; se poutèt sa, depi nan yon pwen devi jwif, se te yon seremoni ki te gen pou wè avèk salte, epi manje yo te reprezante vyole lalwa Bondye a. Konsènan dosye sa a, men sa ke nou li nan Egzòd 34:15: "Pa antre nan ankenn konfyolo ak moun ki rete nan peyi a, paske lè y'ap sèvi bondye yo, lè y'ap touye bét pou yo, sa y'ap fè a se menm bagay ak fanm k'ap fè jennè. Lè sa a y'a konprann pou yo vin envite nou. Konsa nou ka tonbe nan manje vyann bét yo te ofri bay ziddòl yo".

Avèk kòmandman sa ke Seyè a te bay nan tèt yo avèk kè yo, Danyèl te montre konviksyon li pou l te rete fidèl ak sèl vrè Bondye a epi "Danyèl te pran desizyon nan kè l' pou l' pa t' manyen ni manje ni diven yo sèvi nan palè wa a pou l' te ka toujou nan kondisyon pou l' sèvi Bondye l'. Se konsa, li al jwenn kòmandan nèg konfyans wa a, li mande l' pèmisyon pou l' pa blije manje sa yo" (Danyèl 1:8).

Nan pwen sa a, nou dwe souliye detèminasyon Danyèl pou l te rete fidèl nan konviksyon li yo, ke menm dout li pat genyen pou l te refize privilèj ke yo te ofri li ni pou l te dezobeyi yon lòd dirèk wa Nebikadneza. Amplis de sa, li te fè dekrè li te bay la soti piblikman, "...Se konsa, li al jwenn kòmandan nèg konfyans wa a, li mande l' pèmision pou l' pa blije manje sa yo" (v.8).

Fas avèk sitiyasyon sa a, Danyèl ak zanmi l yo te pran responsabilite pou yo te pase yon egzamen paske yo pat vle kontamine lavi yo avèk manje wa a, lè yo te kapab chwazi pwòp manje pa yo a (legim ak dlo). Aprè dis jou, yo te kapab konpare vizaj yo avèk vizaj lòt jèn sa yo ki te manje sou tab lakay wa a. Si nan konparezon sa, ta genyen yon diferans ki pat favorab; sèvitè lakay wa a yo t'ap kapab pran nenpòt dispozisyon ke yo ta jije bon (Danyèl 1:13).

Yon konpòtman ke tout ptit fi ak ptit gason Bondye yo dwe manifeste se rete fèm nan konviksyon yo, epi deside san kondisyon lè yo twouve yo nan pozisyon kote fidelite yo ak Bondye epi temwayaj yo kòm kretyen menase. Se sa ke Seyè nou an Jezi ki se Kris la di nan Matye 5:37 kote nou li: "Men, lè w'ap pale se wi ak non pou ou genyen ase. Tou sa ou mete an plis, se nan Satan sa soti".

### Kesyon Opsyonèl

- Ki kalite manje ke Danyèl te mande pou yo te ba li avèk zanmi l yo, epi pou kisa?
- Èske w konsidere ke nan epòk ke n'ap viv la genyen kèk kalite manje ke nou dwe evite paske lè nou manje li sa kapab afekte nou espirityèlman?

## II. Bondye te rekonpanse entegrite jèn yo (Danyèl 1:14-20)

Danyèl avèk zanmi l yo te pran yon angajman fidelite anvè Bondye; men tou, yo te pran angajman pou yo te obeyi moun ki t'ap gouvène yo a nan moman sa. Si tout bon vre ke jèn jwif sa yo te deside refize manje manje wa Nebikadneza, yo te pran angajman pou ke sa pat afekte kapasite fizik yo ni ta anpeche yo reyalize travay yo te bay yo lòd fè yo. Yo te etidyé lasyans, lang ak anpil lòt bagay ankò (Danyèl 1:4).

Depi menm kote ke Danyèl te pran desizyon pou l te rete fidèl avèk Bondye san li pat okipe l de sikontans ki te antoure l yo, Bondye te fè entèvansyon l nan lavi sèvitè li nan desizyon ke li te pran an. Nan Danyèl 1:9-10, nou jwenn ke Bondye te fè Danyèl jwenn gras ak bon volonté devan chèf kwizin nan; men menm konsa, nonm sa te fè konnen dout ke li te genyen konsènan pou l te reponn demann Danyèl la pozitivman. Li te ajoute ke lè wa fè obsèvasyon pou l wè jan y'ap diferan de lòt jèn yo akoz yo pa ta manje aliman ki te prepare

pou yo a, sa kapab menm rive koute li pwòp lavi li.

Yon bagay ke Danyèl avèk zanmi li yo te kapab konstate ke, yon fwa ke yo pat deside kontamine lavi yo avèk manje wa a, Se Bondye menm ki te anchaje li de sitiyasyon ke yo t'ap travèse sa. Konsa, nou dwe toujou konnen ke se Bondye ki kapab fè nenpòt sikontans chanje pou moun sa yo ki mete konfyans yo nan Li, moun ki onore li epi gade kòmandman li yo (Women 8:28). Epi nan epizòd sa nan lavi Danyèl, nou kapab obsèvè wè favè Bondye yon lòt fwa ankò, li menm ki remakab totalman, pou li te konfime ke gras li vini sou tout fòm, li menm ki te manifeste nan plizyè aspè diferan:

### A. Aparans fizik (v. 15)

Figi yo te genyen yon pi bon prezantasyon epi pi gra pase lòt moun ki t'ap manje manje wa yo. Sa anseye nou ke, e menm nan enpresyon ke nou bay lòt moun, prezans Bondye nan ptit li yo se bagay ki remakab.

### B. Konesans ak entèlijans (v. 17)

Se Bondye menm ki te bay kat jèn sa yo konesans ak entèlijans; men se pat sèlman sa, amplis de sa, yo te resevwa kapasite pou entèprete lèt ak lasyans wayòm Nebikadneza. Danyèl te resevwa entelijans pou l te entèprete rèv ak vizyon tou; nan sans sa, sa ki di nan Pawòl la te jwenn konfirmasyon li: "Lè ou gen krentif pou Bondye, se lè sa a ou konmanse gen bon konprann. Si ou konnen ki moun Bondye ye, ou gen lespri" (Pwovèb 9:10).

### C. Rekonesans wa a (v. 19)

Lè tan yo te bay pou fè egzamen pou wè si detèminasyon ke yo te pran pou pat manje manje wa a pat afekte yo nan okenn fòm, chèf kwizin nan te mennen kat jèn yo devan wa Nebikadneza pou fè yon seri de egzamen. Aprè egzamen yo te fin fèt, wa te deklare ke li te wè ke pat genyen okenn lòt moun ki te pi byen reprezante pase Danyèl ak twa lòt zanmi l yo. Wa Nebikadneza te rive konkli ke aprè li te fin fè tout tchèk ki nesesè yo sou plizyè domèn nan sa ki gen pou wè avèk sajès ak entèlijans, yo te demonstre plis kapasite pase tout majisyen ak astwològ ki te genyen nan tout wayòm nan.

### Kesyon Opsyonèl

- Kisa entegrite a ye?
- Ki demonstrasyon sa te genyen nan lavi Danyèl ak zanmi li yo?
- Kòman Bondye te rekonpanse fidelite twa jèn jwif sa yo?

### **III. Defi ki menm jan jodi a**

Ka ki pataje la, se temwayaj reyèl yon kretyen ki, pou kèk motif ki pa menm gen sans, li te antre nan yon sitiyasyon tèlman difisil, li te twouve li nan yon advèsite ki te sanble ak difikilte Danyèl, Ananyas, Misayèl ak Azarya nan pale wayal Nebikadneza. Men temwayaj la.

Kote Fernando ap travay la (se pa vrè non li), yo te fè yon reyinyon pou moun vin travay. Yo te mande ke nenpòt anplwaye ki reponn ak tout kondisyon ke yo mande yo, y'ap chanje l pwomosyon e menm nan ogmantasyon sale tou, men, pou sa rive fêt, fòk chak ouvriye prezante dokiman yo ak tout yon papye ki di ke kite pase yon kou atelye. Men, Fernando pat gen chans pase kou atelye a, youn nan kamarad travay li yo fè li konnen ke se pa yon bagay ki difisil ditou paske li konnen yon moun ki kapab fè l jwenn papye a (san li pa menm pase kou a), se sèlman avèk yon sètifica medical.

Fas avèk sitiyasyon sa, Fernando te deside epi enfòme ke li pap patisipe nan reyinyon an epi li va rete tann yon lòt okazyon kote li t'ap kapab genyen tout dokiman yo legal ak onèt, temwayaj sa se pou montre kòman ke pitit Bondye yo mete konfyans yo nan non Seyè a (Sòm 20:7), epi yo bay Seyè a "...lonè akoz de non Li" (I Kwonik 16:29).

Pou sa ki gen pou wè avèk temwayaj frè kite responsab kontra a, ke nou te prezante depi nan entwodiksyon lesan sa, nou kapab di ke li te twouve li fas ak yon batay menm jan ak sitiyasyon Fernando a. Nou wè ke, pou l te konsève travay ke li te jwenn nan t'ap bon nan domèn ekonomik la; men nan menm tan tou, li te gen pou wè avèk aksepte epi sipòte Pratik vòl yo ki pat sèlman reprezante yon move temwayaj pou lafwa kretyèn nan devan legliz li a, fas ak otorite yo ak sosyete a; men tou, menm nan je moun sa yo ki te fè li pwopozisyon an li t'ap pèdi entegrite li san konte konsekans legal li t'ap genyen pou l soufri aprè pou aksyon sa yo. Fas avèk sitiyasyon sa, frè ki nan istwa sa te deside pèdi travay li a pou l te kapab glorifye non Bondye avèk yon atitud ki diy epi li te mete konfyans li sèlman nan Li.

Nan premye lèt moun Korent yo, apot Pòl te di yo konsa: "Se sak fè, kit n'ap manje, kit n'ap bwè, nenpòt kisa n'ap fè, fè l' pou sa sèvi yon lwanj pou Bondye" (I Korentyen 10:31). Nou menm ki se pitit Bondye ki te resevwa padon lè nou te lave ak netwaye pa mwayer san Jezi ki te koule a, nou dwe mete nan tèt nou ke sa ki plis enpòtan pou nou nan lavi se travay pou nou bay Bondye glwa ak lone nan nenpòt sikonsans ak tout aksyon ke n'ap poze. Nou dwe sonje ke nou genyen anpil temwen ki nan antouraj nou ki dwe pouvwa Kris ki konn transfòme a nan lavi nou. Se poutèt sa, nou pa dwe kite presyon sosyete kote n'ap viv kounye a enfliyanse nou pa menm yon ti kras, avèk move mès li

yo pou fè nou renonse ounbyen afebli bon konviksyon moral ak espirityèl nou yo ke nou te resevwa kòm benediksyon yon lavi ki renouvre pa mwayer Seyè ak Sovè nou an. Nou dwe sonje ke "Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a" (2 Korentyen 5:17). Se menm jan tou, se pou nou toujou sonje apèl pou nou viv nan sentete ke Bondye fè nou chak pitit li yo: "Okontré, nan tou sa n'ap fè, se pou nou bon nèt, tankou Bondye ki rele nou an bon nèt tou" (I Pyè 1:15).

Ann nou viv nan yon mannyè pou ke nou pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè la fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, n'a ka konprann sa Bondye vle, n'a konnen sa ki byen, sa ki fè l' plezi, sa ki bon nèt ale (Women 12:2).

Nou dwe mete konfyans nou nan pwomès ke Li te fè nou atravè Pawòl li: "...Nou pa bezwen pè. Pran kouraj. Louvri je nou pou nou wè jan Seyè a pral delivre nou jòdi a. Moun peyi Lejip sa yo nou wè jòdi a, nou p'ap janm wè yo ankò. Seyè a ap goumen pou nou. Nou menm, poze san nou" (Egzòd 14:13-14).

### **Kesyon Opsyonèl**

- Nan kontèks n'ap viv la, genyen plizyè kalite presyon diferan ki prezante devan nou pou ke nou kraze pwomès fidelite nou ak Bondye. Mansyone yon egzanp pou yo chak?
  - a) Sosyal:
  - b) Laboral:
  - c) Sivil:
  - d) Familyal:
- Lè n'ap travèse yon sitiyasyon difisil nan lavi nou, kisa ke nou dwe fè pou ke nou bay temwayaj osijè de fidelite anvè Bondye? Kòman nou kapab eksprime konfyans nou nan Li?

### **Konklizyon**

Nou dwe toujou genyen nan tèt nou avèk lespri nou ke Bondye nou an se Bondye ki gen tout pouvwa, Kreyatè syèl la avèk tè a; epi pa genyen okenn sitiyasyon ki depase kontwòl li. Se poutèt sa ke nou dwe mete konfyans nou nan Li ak pwomès ke Li fè nou nan Pawòl Li: Epi pou kòm rekonesans avèk yo, an nou viv nan yon mannyè pou ke nou pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè la fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, n'a ka konprann

Sa Bondye vle, pandan ke n'ap evite imite fòm lavi mond sa, nan itilize pratik li avèk koutim li yo; ann demontre ke Jezi ki se Kris la ap renye nan lavi nou.



# Rèv ki retire

## somèy yo

Danyèl Pesado (Espay)

**Pasaj biblik etid la:** Danyèl 2:1-48

**Vèsè pou aprann:** "...gen yon Bondye nan syèl la ki devwale tout sekrè ki kache."  
Danyèl 2:28

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la konprann ke Bondye toujou ap chèche moun ki  
konnen li, yon fason pou l kapab fè mond lan konnen volonte li.

### Entwodiksyon

Reve a se yon pati nan lavi lòm epi se poutèt sa ke nou rele plizyè bagay ki diferan "rèv". Pa egzanp, "genyen yon rèv", esperans pou ke yon bagay vin reyalite, "rèv yè swa", "rèv adolesans mwen", etc. Men, "genyen yon rèv" avèk "reve" se pa menm bagay. Nou tout genyen kèk "rèv" epi "han menm tan, nou tout konn reve. Genyen kèk fwa nou konn fè rèv nan nwit; anpil lòt se "rèv" ki nan lespri a, menm nan je klè. Nou kapab "reve" tou ke yon bagay ke nou anvi anpil rive reyalize; epi menm rive dòmi epi nou "reve rèv sa". Men kòm nou déjà konnen li, se pa tout "rèv" ki reyalite.

Yon egzanp ki byen aparan ki gen relasyon ak sa ki te pase avan an, nou kapab wè lè Bondye pale ak yon moun atravè rèv yo; men rèv sa fè moun sa pa gen somèy. Sa se te ka wa Nebikadneza. E poutan, malgre ke wa sa te pèdi somèy akoz de rèv ke li te fè a pandan ke li t'ap dòmi; epi gen plizyè lòt moun ki swete ke Bondye fè revele yo ke sa yo t'ap tann nan vin yon reyalite, kòm Danyèl ak zanmi li yo.

Nou konnen ke lè Bondye revele yon plan atravè yon rèv, nou kapab déjà di se yon bagay ki déjà fêt; sa vle di, l'ap fêt tout bon vre. Nan pasaj etid liv Danyèl la; nou menm ki se temwen privileje yo, paske nou te wè epi jouskaprezan nou kontinye wè ke rèv pwofèt Bondye a te entèprete a te vin yon reyalite epi li kontinye akonpli nan tout detay yo. Petèt la a, nou kapab poze tèt nou kesyon sa: Ki rèv ke nou genyen? Èske n'ap tann pou Bondye fè yo vin reyalite? Èske sa ke nou vle yo ak volonte Bondye ki revele a se menm bagay?

Men nan istwa sa ki gen pou wè avèk rèv ak reyalite lavi ak lanmò, liberasyon aktyèl ak pwochen konsomasyon, nou bezwen distenge de aspè ki kle nan rèv ke Bondye te montre wa Nebikadneza a: Entèpretasyon ak revelasyon. Lòm fè anpil efò pou l entèprete; men sa se yon kalite ki soti sèlman nan Bondye; se menm bagay la tou pou revelasyon an, se Li menm sèlman ki kapab

montre lòm plan ke li genyen yo. Pou fè sa, Bondye bezwen plizyè moun tankou Danyèl. Ann wè kòman diferans sa manifeste nan sa ki te pase a.

### I. Nebikadneza te fè yon rèv (Danyèl 2:1-13)

Wa Nebikadneza te fè yon rèv nan dezyèm ane gouvènman li a; men li pat konprann kilès ki te lakòz rèv sa yo. Li pat konprann rezon yo non plis, ni objektif yo. Istwa biblik la di nou ke akoz de rèv sa yo "lespri li te boulvèse anpil epi li pat kapab dòmi" (v. 1). Sa pèmèt nou rekonèt bagay sa yo:

#### A. Yon wa majik (vv. 1-4)

Nebikadneza te yon wa menm jan ak tout lòt wa nan epòk li a, li te majik anpil. Kounye a, gwo enpòtans mitoloji a se yon bagay ki byen koni nan chak wayòm ke Bib la mansyone yo, nan sans sa a, wa Nebikadneza te menm fè "...chache divinò, moun ki li zetwal, moun ki fè cham ak nèg save pou yo vin esplike wa a rèv li fè yo. Lè yo rive, yo kanpe devan wa a" (v. 2).

Konsa, yo te genyen anpil liv kote yo te pretann genyen siyifikasyon rèv yo; epi lè yo te reve yon bagay tankou pen, oubyen lalin nan, oubyen kèk animal, yo te konn al gade nan liv la epi se kòm si ke se ladan li yo t'ap jwenn siyifikasyon an. Se menm bagay la ak sa ke moun yo ap pratike nan tan n'ap viv la lè moun yo chwazi yon nimewo pou jwe bòlèt; lè ke yo fin reve avèk yon bagay espesifik. Menm genyen kèk moun ki konsilte tawo oubyen owoskòp. Men nou dwe poze tèt nou kesyon sa...èske sa se yon pratik ki fè Bondye plezi?"

#### B. Yon wa entèlijan (vv. 5-11)

Nebikadneza se te yon wa ki te majik, men li te entèlijan tou. Li pwobab ke nan epòk ki te deja pase yo, kèk majisyen, kaldeyen, etc, ta deja twonpe li avèk kèk fo entèpretasyon. Petèt se poutèt sa ke li pat vle pou menm bagay la te rive. Poutèt sa, li pat sèlman mande yon entèpretasyon; men tou, rèv ke li te fè a. Kondisyon sa ke li te etabli a te vrèman detèminan; paske pa sèl mwayer ke yon moun kapab entèprete rèv li a se lè

moun nan konnen sa ki ladan li epi se sèlman wa a ki te konnen li. Moun ki te nan antouraj wa a, se te yon bann "gran save" nan epòk la, se yo menm li te konn konsilte pou I te pran desizyon ki enpòtan yo. Pou kèk motif ke nou pa rive konnen, men nou apèsi ke Bondye te montre, wa Nebikadneza te sispek ke rèv sa te genyen anpil enpòtans.

### C. Yon wa ki byen kriyèl (vv. 12-13)

Akoz ke wa Nebikadneza te sispek ke "gran save" li yo te tante twonpe li, li te fache anpil epi li te deside touye yo tout. Diktatè sa te genyen yon karaktè byen vyolan nan tanperaman li (chapit 3, 4 ak 6 yo montre aspè sa nan pèsonalite Nebikadneza). E poutan, desizyon tèrib sa demontre nan menm tan ke detèminasyon ke li te genyen pou chèche entèpretasyon rèv la se te yon bagay ki byen serye.

### Kesyon Opsyonèl

- Lè nou gade Danyèl 2:I-4, èske w kwè ke sa egziste jodi a tou? Nan ki fòm?
- Kisa ke nou kapab reponn yon moun ki konsidere ke bagay sa yo enpòtan?

## II. Bondye te revele Danyèl rèv la (Danyèl 2:14-23)

Astwològ ke yo te konsilte yo te pale verite pou yon premye fwa: "Pa genyen okenn moun sou latè ki kapab deklare koze wa a" (Danyèl 2:10). Danyèl te afime verite sa tou (Danyèl 2:27). Nan menm tan, si nou li istwa Danyèl chapit 2 a avèk pasyans, n'ap kapab siyale byen vit yon seri de tèm kòman yo eksplike yo (v. 2), entèprete (vv. 4-7 ak anpil lòt ankò), montre rèv la (v. 9), deklare (vv. 10-11), fè konnen (v. 23), ak anpil lòt ankò. Tèm oubyen ekspresyon sa yo te itilize jouskaske moman ke Danyèl te konsilte Bondye a te rive (v. 19).

Nan liv Danyèl la, yo itilize tèm revele a plizyè fwa; li te konnen ke sèlman Bondye ki te kapab fè li, epi nan sans pwofite montre lòm nati ak plan ke li genyen. Poze tèt nou kesyon: Kilès moun Bondye revele plan li yo.

### A. Bondye revele plan li yo a moun sa yo k'ap swiv li (vv.15, 19)

Bondye te bay Danyèl kapasite pou I te entèprete rèv yo. Li te chwazi kòm youn nan pi bon jèn sa yo ki te nan lavil Jerizalèm pou ale nan esklavaj nan peyi Babilòn. Nan karakteristik li yo, non sèlman li te genyen yon bèl imaj fizik, "Se pou jenn mesye sa yo bèl gason san okenn enfimite. Se pou yo gen bon konprann, bon levasyon ak anpil konesans pou yo ka sèvi nan palè wa a. Achpenaz te gen pou I' te moutre yo jan pou yo li, jan pou yo ekri lang moun Babilòn yo" (Danyèl 1:4). Men Danyèl te pran yon desizyon enpòtan depi lè li t'ap antre nan anbyans payen peyi Babilòn nan. Jèn jwif sa "...te pran desizyon nan kè l' pou l' pa t' manyen ni manje ni diven yo sèvi nan palè wa a pou l' te ka toujou nan kondisyon pou l' sèvi

Bondye l'. Se konsa, li al jwenn kòmandan nèg konfyans wa a, li mande l' pèmisyon pou l' pa blije manje manje sa yo" (Danyèl 1:8). Lè li te kapab bay Bondye yon atansyon san fay, Bondye pat sèlman revele li sa ki te andedan rèv wa Nebikadneza; men tou, li te pwoteje lavi li, epi li te di Bondye mèsi epi pou zanmi li yo tou paske li te fè yo sitwayen nan yon gouvnènman ki etranj pou yo.

### B. Bondye revele plan li yo a moun sa yo ki brav (v. 16)

Danyèl te oblje genyen anpil kouraj pou ke aprè li te fin konsilte kapitèn gad Nebikadneza (v. 15), pou li te prezante tèt li devan wa a li menm ki te deja bay lòd pou touye tout save ak astwològ ki te nan wayòm ni an (Danyèl ak zanmi li yo t'ap ladan I tou). Istwa biblik la di nou ke yon dekrè te déjà pibliye (v. 13) epi, menm jan avèk anpil lòt istwa ke nou konnen, publikasyon yon dekrè te deja yon bagay ki te difisil pou anile (cf. Estè 3:14-15, 8:13, 9:1, 13; Danyèl 6:8-9, 15; ak anpil lòt ankò). Se sèlman si te genyen yon lòt bagay ki pi enpòtan ki ta di pou yo ta elimine dekrè sa (Estè 8:13-9:1). Tankou nan ka David, Jozye ak anpil lòt pèsonaj ankò, valè ak fòs la vini lè moun nan konnen sèl vrè Bondye a.

### C. Bondye revele plan li yo a moun sa yo ki imilye yo devan Li (vv. 17-18)

Danyèl te gen imilite ase tankou pou I te ale lakay li al diskite bagay ki ijan avèk zanmi li yo, Ananyas, Misayèl ak Azarya. Sa fè nou reflechi ke menm si lafwa nou reyèl epi solid, genyen repons k'ap vini sèlman lè nou mete tèt nou ansanm pou nou priye; men, sa dwe manifestasyon yon tèt ansanm ki vrèman reyèl epi pwofon. Se konsa, jèn sa yo te priye epi jene menm jan avèk nan tan Estè a avèk legliz primitiv la, yo menm ki te rete nan lapriyè ansanm pou rete tann Sentespri a (literalman sa vle di "nanm", Travay 1:14, 2:4). Itilizasyon mwayen sa pou chèche Bondye montre ke l'ap manifeste nan mitan pèp li a.

Anplis de sa, Danyèl ak zanmi li yo te priye yon Bondye ki "...fè lemonn antye ak tou sa ki ladan l', se li menm ki Mèt syèl la ak tè a. Li pa rete nan kay moun batì ak men yo" (Travay 17:24), "Bondye ki nan syèl la". Sa ki empresyonan nan demann Danyèl te fè zanmi li yo pou entèsede a se pa pou I te mande fòs fwa sa, ni kouraj oubyen entèlijans; men pito se pou I te mande "Bondye ki nan syèl la mizèrikòd" (v. 18). Sa fè nou remake ke Danyèl te konnen byen sou ki baz li t'ap aji epi sou ki baz Bondye li t'ap tann nan t'ap aji tou.

### D. Bondye revele plan li yo a moun sa yo ki mete konfyans yo nan Li (vv. 19-23)

Kòm li lojik pou nou konprann, tout sa ki anlè yo montre nou ke Danyèl te mete tout konfyans li nan Bondye, Bondye zansèt li yo. Jèn sa te kwè bagay sa yo: Se nan Bondye ke sajès ak pouvwa soti; Bondye kontwole tan; Li retire epi li mete wa yo; epi Bondye revele sa ki pwofon ak kache.

Pou kisa li tèlman enpòtan pou nou konnen kisa Danyèl te kwè? Men rezon prensipal la: Tout sa ke li te konnen de Bondye te ba li konfyans pou li kwè ke sèlman volonte Bondye a k'ap triyonfe kòm reyalite.

## Kesyon Opsyonèl

- Nan Danyèl 1:17b, kisa li di ke Bondye te bay Danyèl?
- Ki kalite don ke Li ban mwen? Èske mwen prè pou m itilize don ke Bondye te ban mwen yo?
- Ki avantaj ke Danyèl te genyen sou lòt astwològ ak divinò Babilòn yo, daprè Danyèl 1:3-4?

## III. Volonte Bondye te manifeste devan nou (Danyèl 2:24-49)

### A. Nou dwe mete tout bagay ki kapab distrè nou de kote

Nou bezwen konnen nan ki direksyon nou dwe gade. Lè Danyèl te konprann grandè defi a, li te konnen nan ki direksyon pou l te gade. Lè nou anvi konnen volonte Bondye, nou dwe fè tankou Danyèl, fikse je nou sou "Bondye ki nan syèl la" (v.18).

Pou ke nou tande vwa Bondye, menm jan avèk Danyèl, fè diferans ant sajès mond lan (gran save peyi Babilòn yo nan epòk Danyèl la; oubyen grèk yo nan epòk I Korentyen 1:18-29) ak sajès ki soti nan syèl la (Jak 3:17), ki se Bondye (Danyèl 2:27-28). Se sèlman Bondye Bib la ki se sous "pwiisans ak sajès la" (Danyèl 2:20) anyen pa dwe fè nou distrè.

### B. Nou bezwen konnen volonte prezans Bondye a avèk koneksyon li nan reyalite lavni an

Plizyè materyèl differan nan materyèl gwo estati ke wa Nebikadneza te reve a te reprezante pi gwo wayòm oubyen gouvènman ke gran zotobre nan epòk Danyèl yo te konstwi (Danyèl 2:32-33). Men wayòm sa yo ta fè konnen ke menm "wòch" ki "te koupe, men pa avèk menm" (v. 34); sa vle di, pa atravè lòm, limen tout sa ke lòm ki te kontamine avèk peche ta kapab konstwi. Tout sa ke lòm te konstwi; tout efò ke li te fè pou li travay, san repo ke Bondye ofri a; pou tout sa ke li te batay e menm touye; sa ki te fè yo ògeye, tout gen pou kraze epi van gen pou trennen yo tout jouskaske tras yo pa rete nan tè a.

### C. Nou bezwen konprann ke istwa tounen akote konsomasyon wayòm Bondye a

Pase Nebikadneza ak wayòm li an, ki rele "wa tout wa yo" (v. 37), pral swiv anpil lòt wayòm (vv. 38-42) ki ta kontinye melanje pou siviv (v. 43), jouskaske yo tout fin detwi. Men Bondye va mete fen avèk wayòm yo a. Piga nou doute si l'ap fè li; poutèt sa, Danyèl te sèten de bagay sa yo: "Ou te wè ki jan yon wòch te pran desann soti kote l' soti a, san se pa pesonn ki voye l', epi li kraze gwo estati ki te fèt an fè, kwiv, tè krich, ajan ak lò a, pa vre? Bondye ki gen anpil pouvwa a fè mon wa konnen sa ki gen pou rive nan tan k'ap vini an.

Rèv ou te fè a klè. Sans mwen fè ou konnen an sèten" (v. 45). Nou pa konnen konbyen tan pwojè Bondye sa gen pou l dire. Men jou ke Ezayi te anonse a gen pou l rive vre (Ezayi 9:6-7) epi li refere pa Danyèl (Danyèl 2:44); Jezi ankouraje nou chèche Rayòm Bondye a plis pase nenpòt lòt bagay (Matye 6:33); paske nan Wayòm sa genyen tout bagay epi volonte Bondye pral manifeste sou tout kreyati.

## D. Nou dwe konprann ke Jezi te vizite Wayòm nan

Ki kote li ye, kòman li ye, kilès ki vizite li, kilès moun ki reprezante Wayòm sa? Jezi, Mesi ke Bondye te voye a, se "pyès enpòtan", fondman an epi se li menm ki te vizite li avèk vini li sou tè a (Matye 12:28; Lik 17:21). Jezi se wòch la (Matye 16:16-18, 21:42), ki pat koupe avèk men lèzòm; men se Bondye ki te voye li, ki va enpoze gouvènman li a sou latè (Danyèl 2:35). Pòl rezime reyalite sa nan fason sa: "Se li menm, Bondye, ki fè tout bagay. Se gremesi li tout bagay la. Se pou li tout bagay ye. Lwanj pou Bondye tout tan tout tan! Amèn" (Women 11:36).

Pòl te ekri Timote ke yon jou... "Si nou kenbe l' fèm nan soufrans nou, n'a gouvènen ansanm avè l' tou. Si nou lage l', la lage nou tou" (2 Timote 2:12a; ak Revelasyon 3:21). San konnen, Nebikadneza te gentan anonse sa davans avan Danyèl lè li te ofri li "anpil lonè avèk anpil kado" (Danyèl 2:48); anplis de ke li te gouvènè pwovens lan epi chèf lòt save yo ki te pase tèlman anpil tan ap mete konfyans yo nan wa sa. Men Danyèl pat konfòme li avèk sa; li te mande pou zanmi fidèl li yo te okipe gwo pòs nan wayòm peyi Babilòn nan. Kòm nou déjà wè a, Bondye pat chanje plan li kote lòm administre ak gouvènre kreyasyon an; epi li pa dwe pèsòn nonplis. Li toujou akonpli sa ke Li pwomèt epi, jan ke li te fè Abraram pwomèt depi nan tan lontan (Jenèz 12:2), pou l te leve moun sa yo ki mete konfyans yo nan li ak sèvi Li.

## Kesyon Opsyonèl

- Si youn nan karakteristik Danyèl yo se paske li te prè pou koute vwa Bondye, kisa ki anpeche ou prè pou tande vwa li jodi a?
- Danyèl 2:35-45 fè referans ak yon wòch ki pral detwi tout bagay epi li pap kraze sinon l'ap vin fòme yon gwo mòn ki pral ranpli tout latè, yon nouvo Wayòm. Kilès ki va gouvènre nan wayòm sa (Matye 12:28, 16:16-18, 21:42, Lik 17:21)?

## Konklizyon

Anpil moun fè rèv (kò Nebikadneza); men se sèlman Bondye ki kapab revele. Pou rive atenn sa, Bondye chèche kilès nan pitit li yo ki genyen entegrite Danyèl la pou entèprete volonte Li. Men si chemen ak panse li yo pi wo pase nivo pa nou, pou kèk rezon, Bondye chwazi pitit li yo pou ke yo kapab kopere avèk Li nan fè mond lan sonje ke li pa la pou lontan epi wayòm yo a se pou yon ti tan, se tout kontrè avèk wayòm Bondye k'ap dire pou toutan.

**Pasaj biblik etid la:** Danyèl 3:1-30

**Vèsè pou aprann:** “Wa a di konsa: ‘Lwanj pou Bondye Chadراك, Mechak ak Abèdnego a! Li voye zanj li delivre sèvitè l’ yo ki te mete konfyans yo nan li.’” Danyèl 3:28

**Objektif lesón an:** Se pou elèv la ankouraje pou rete fidèl ak entèg devan Bondye nan mitan fo adorasyon payen yo; epi toujou bay yon vrè temwayaj konsènan pouvwa Bondye.

**Entwodiksyon**

Yon jou, mwen te li yon refleksyon konsènan yon endijèn ki te kouri vin kote yon misyonè byen tris; paske chen li a te devore kèk fèy nan yon Bib ke misyonè a te fè li kado kèk jou avan nan misyon an.

--Misyonè a te reponn li: “Ou pa bezwen enkyete w pou Bib ou a paske nou kapab fè w jwenn yon lòt byen fasil”.

--Endijèn nan te reponn li: “Se pa liv la non ki pwoblèm nan, se chen m nan wi. Li se yon gran chase, kounye a kijan m'ap fè bay fanmi mwen manje.”

--Misyonè a te reponn li: “Kisa w vle di? Endijèn nan te reponn li, mwen pral eksplike w.”

-- “Mwen te obsève anpil ka moun ki te vini nan misyon an; epi akoz de maji liv sa, moun ki te gèrye ak agresif vin byen dou tankou mouton, kounye a yo pa vle goumen ni touye pèsòn. Si chenm nan tonbe anba maji liv sa, ebyen l'ap vin dou tou, epi lè sa, mwen pa konnen kisa m'ap fè pou m soutni fwaye mwen ekonomikman. Elas pou mwen!”

Misyonè a te eksplike li ke sa l te wè a se pa yon maji, epi tou, animal la pap gen anyen. An reyalite, li te vle eksplike ki kalite chanjman ke li te wè nan moun k'ap viv nan kominote l la pliske yo te kwè epi aksepte ansèyman sakre liv la, Bib la.

Men, agiman endijèn nan ak deklarasyon li sou sa ke li te wè nan sitwayen parèy li yo ki te resevwa enfliyans levanjil la, se te yon motif lajwa pou misyonè a, ak yon prèv pouvwa Pawòl Bondye lè yo aksepte li avèk senserite ak entegrite.

Istwa Sadrak, Mesak ak Abèd-Nego a se yon gran egzanp pouvwa Pawòl Bondye tou nan lavi moun sa yo ki aksepte li. Akoz de fidelite yo anvè Kreyatè a, wa Nebikadneza te glorifye Bondye; ak anpil lòt moun ki te

temwen bèl pouvwa Kreyatè a. Pi devan, nou kite pou ke Danyèl 3 revele nou ansèyman Bondye yo konfòm ak plan li genyen yo pou nasyon nou an.

### **I. Adorasyon ke Nebikadneza te mande a (Danyèl 3:1-7)**

Depi nan kòmansman, lè pèp Izrayèl la te fòme, Bondye te mande pèp li a pou li te rete fidèl; pou rezon sa, pèp Izrayèl la pat dwe adore lòt dye (Egzòd 20:2-5). Sepandan, se pa egzakteman sa ke Izrayelit yo te fè; men yo te fè tout sa ki te kontrè. Se poutèt rezon sa, yo te pèdi batay epi yo te mennen yo ale nan esklavaj nan peyi Babilòn. Nan moman sa, epi lwen peyi yo, presyon idolatri a te vin pi rèd toujou.

Nebikadneza reprezante otorite tèrès tan pase ak preznan, menm jan sa te ye avèk Farawon peyi Lejip la oubyen kòman sa te ye pou Ewòd nan Nouvo Testaman an; sepandan, yo tout avèk tout lòt sa yo ki te leve kòm ògeye ak brav nan chak syèk te tonbe nan batay anba pouvwa sinatirèl Bondye a (Egzòd 15:19; Travay I2:21-23).

Se menm jan tou, nou kapab di ke Nebikadneza se kalite otorite ke reliyion an te konn itilize pou chèche pwòp enterè li. Sa a, se paske li te konvenki devan pouvwa Bondye pou montre imilite aparan ke li te genyen; men lè lapèrèz li a te pase, li te tounen montre ògèy li a. Se konsa ke Danyèl 2, nou li ke Nebikadneza te bay Bondye glwa aprè ke li te fin soti anba tristès; deja ke Danyèl te ba li revelasyon rèv la anba pouvwa Bondye (Danyèl 2:47). E poutan, konpòtman Nebikadneza a pat yon egzanp imilite; men pito pou chèche enterè, paske nan Danyèl 3, nou kapab wè menm wa sa te mande pou yon adorasyon idolat paske li te kontinye ak menm ògèy li a.

Petèt, wa Nebikadneza te panse avèk imaj ke li te wè nan rèv li a avèk ensistans, se de imaj sa ke Danyèl te pale lè l te di l ke li te reprezante tèt lò nan imaj sa

(Danyèl 2:32, 37-38). Se kapab akoz de sa, epi nan vanite li, li pat sèlman mande pou yo te fè yon imaj ki gen tèt lò; men pito se te tout kò a, ki ta mezire 27 mèt nan wotè (sanble yon kay ki genyen 9 etaj anviwon) epi 2 mèt edmi nan lajè.

Pou konsekrasyon estati a (Danyèl 3:2-3) wa sa nan peyi Babilòn te pase lòd pou ke tout moun ki genyen yon pòs politik nan wayòm li an rasanble, epi pam yo, nou jwenn nouvo fonksyonè yo: Sadrak, Mesak ak Abèd-Nego, deja ke Danyèl te fè demand pou ke yo te responsab biznis ki nan pwovens Babilòn yo (Danyèl 2:49). Lòd te pase pou ke lè yo sonnen klewon gouvènman an, se pou tout moun ki te reyini yo te mete ajenou pou adore gwo estati an lò a (Danyèl 3:4-5).

Mond nou an plan avèk batimán ki demontre idolatri. Genyen anpil dat espesyal tou ki te chwazi nan lonè plizyè fo dye ke legliz katolik te etabli nan syèk ki pase yo. Pa egzanp, nan Saragòs (Espay) genyen "Fèt Pilar" ki te rasanble plis pase yon milyon moun nan ane 2017. Yo fè konnen tou ke yo te fè anpil ofrann ki te genyen plis pase wit tòn flè, ki kapab egal ak plizyè milyon ewo. Tout sa yo te dedye a yon estati lavyèj ki te genyen yon wotè de 15 mèt ak 16 mèt nan lajè. Moun ki te asiste fèt sa yo te soti nan anpil lòt peyi; menm si ke pi fò nan vizitè yo soti nan anpil nasyon ki pale Espanyòl, yo te defile avèk rad ki gen pou wè avèk kote yo te soti a.

Genyen anpil selebrasyon tankou sa ke nou sot dekri la yo ke n'ap jwenn nan anpil reyinyon ki gen pou wè avèk idolatri ki egziste nan peyi nou yo.

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa Nebikadneza te mande yo fabrike epi kisa li te mande pou moun te fè?
- Devan ki kalite estati moun nan tan ke n'ap viv yo mete ajenou?
- Kisa zanmi Danyèl yo te fè devan idolatri a?
- Kisa konpòtman nou dwe ye fas ak fòm idolatri k'ap manifeste nan tan ke n'ap viv la?

## II. Yon atidid sevè nan mitan eprèv yo (Danyèl 3:8-20)

Avèk anpil mechanste, genyen kèk kaldeyen ki te rann yo kont ke twa zanmi Danyèl yo pat obeyi lòd wa a; poutèt sa, yo te denonse desizyon jèn ebre yo kòm "mank de respè" pou estati Nebikadneza (vv.8-12). Nan pasaj biblik sa, nou kapab obsève de ansèyman enpòtan:

Premyeman, (Danyèl 3:12) nou wè fas avèk ki enpozisyon Sadrak, Mesak ak Abèd-Nego t'ap fè fas. Kaldeyen sa yo te panse ke dèske jèn jwif yo te travay nan gouvènman an. yo ta pral fè tout sa ke wa te bay lòd

fè. Pou kounye a, n'ap viv nan mitan yon mond ki mande nou pou ke nou viv daprè estanda ak règ li yo.

Sepandan, se nou menm ki pou dekoutri sa ke dyab la ap pwopoze ak sa ke Bondye ap atann de pitit li yo. Pwopozisyon bagay materyèl fè anpil kretyen abandone lafwa yo. E poutan, nou dwe sonje ke menm si travay ak biznis yo enpòtan; yo pa pi bon pase obeyi Bondye, rete fidèl ak onèt.

Dyab la konnen byen ke travay la se yon nesesite, epi li itilize li pou l trennen nou. Se poutèt sa, avètisman sa enpòtan anpil: Fè atansyon pou w pa bese tèt ou devan estati nan tan sa ke n'ap viv la! Sonje byen, ke nou genyen pou ke nou pase nan eprèv sa, epi lafwa nou dwe rete an viktwa, nou dwe mete tout konfyans nou nan pwomès Seyè a. Sonje ke Sèvis ak adorasyon se pou Bondye nou an sèlman ke yo dwe ye; aprè sa, Li va ajoute sa ki manke a (6:25-33).

Dezyèmman, twa zanmi Danyèl yo anseye nou ke nou pa dwe konfòme nou avèk sosyete kote n'ap viv la. Genyen apil kretyen ki rive tonbe nan konfòmis ak relijyozite sèlman paske y'ap viv avèk anpil byen nan mond sa. Petèt nan kòmansman y'ap di non; men aprè yon tan y'ap kòmanse abiye avèk sa ke sosyete a ofri yo jouskaske yo tolere li epi konsidere l kòm yon bagay ki nòmal. Se menm bagay sa ki pase avèk "estati yo" nan mond lan tankou mizik, lamòd, divèsyon, etc. Konfòmite a fè nou vin febli lantman, epi nou vin pa sevè kont bagay sa yo. Tolerans sa kapab lakoz ke nou adopte kalite lavi payen an.

Konfòmis la se yon bagay ki genyen yon pwisans an sekrè; li kòmanse depi nan lespri nou, aprè sa li pase nan aksyon nou yo. Se poutèt sa, apot Pòl te mande pou ke nou konsakre lavi nou, san ke nou pa konfòme nou avèk syèk sa; men fè sa ki kontrè. Kòm disip Kris, nou dwe kite pou Sentespri a transfòme lespri nou pou ke nou kapab viv konfòm ak volonte Bondye (Women 12:1-2). Sa kapab vin reyalite sèlman lè ke nou fidèl avèk Seyè a epi lè nou kenbe Pawòl li. Zanmi Danyèl yo pat konfòme yo avèk ni syèk, ni kontèks sosyal ke yo t'ap viv la; okontrè, adorasyon san pran souf yo a te ede yo kanpe fèm san ak eprèv la, lè yo te konnen sa ke yo te dwe fè, epi san mezire sa ki te kapab pase lavi yo (Danyèl 3:16-18).

Pastè epi konferansye Felix Ortiz prezante nou kat konsekans ke kretyen yo ap rankontre lè yo antre nan pwosesis de konfòmite: 1) Nou vin sanble avèk moun ki nan antouraj nou yo. 2) Nou vin pèdi sansiblite ke nou te genyen anvè Bondye a ak plan li yo nan lavi. 3) Nou vin pèdi otorite pwofetik nou nan sosyete a. 4) Li anpeche

nou reyalize ministè rekonsilyasyon an (Ortiz, Félix. Koleksyon Resous yo; Anpil Tèt chaje! Espay: Editorial Clie, 1998, p.31).

Antan ke legliz, nou aple pou nou itilize kòm sèl ak limyè nan mond lan. Se poutèt sa, nou pa dwe ni kapab mache daprè panse mond sa; okontrè, nou dwe fè diferans (Efezyen 5:7-8, 11). Twa jèn yo nan istwa nou an, malgre ke yo te konnen yo t'ap dezobeyi yon lòd ki te soti nan bouch wa Nebikadneza dirèkteman, yo pat alèz kò yo nan demontre ke yo te etranje ni al kache; okontrè, yo te pale avèk anpil kouraj ak konfyans. Nan fason sa, legliz la dwe fè ladiferans menm si sa koute sa ke li koute a.

### Kesyon Opsyonèl

- Kisa ki te atitud jèn yo daprè Danyèl 3:12?
- Ki ansèyman ke Matye 6:25-33 prezante?
- Kòman nou kapab fè enpak avèk mesaj delivrans Kris la nan mond ke n'ap viv jodi a?

### III. Fidelite Bondye ak egzaltasyon li (Danyèl 3:21-30)

Sadrak, Mesak ak Abèd-Nego te rive an fas gwo pinisyon Nebikadneza. Se te yon espas oblige. Akoz de fidelite yo anvè Seyè a, lavi jèn sa yo te an danje de mò devan founo dife a ki te chofe sèt fwa pi plis (Danyèl 3:19). Se te tèlman reyèl, mesye ki t'al lage yo nan founèz dife yo te boule sann (v.22). Epi konsa, pèsonaj jwif nou yo te fini pa mare epi lage nan founèz dife cho a (v.23).

Sepandan, te genyen yon bagay ke moun pat espere epi enpresyonan ki te pase devan de je wa, sa te menm fè li sezi epi mande: "...èske se pat yo twa nou te lage nan dife a?..." (v.24). Yon fwa ke kesyon li a te fin konfime, li te toujou rete sezi epi li di konsa: "...Ki jan fè se kat moun mwen wè k'ap mache nan dife a? Yo yonn pa mare. Dife a pa fè yo anyen. Katriyèm moun lan menm sanble yon ptit bondye yo" (v.25). Se pouvwa Bondye ke Nebikadneza te wè a ki te la pou pwoteje ak pran swen ptit li yo.

Bib la plen ak anpil mirak ki onore pouvwa, majeste ak gwo pwisans Bondye. Istwa sa se youn ladan yo. Bondye fidèl nan pwomès li yo, epi akonplisman yo se pou glwa li. Menm si tout nasyon an te abandone kòmandman Bondye yo epi, finalman, li te vini nan esklavaj; te genyen yon ti gwoup ki te toujou pare pou swiv Bondye avèk fidelite. Ti gwoup sa te soufri esklavaj tou; sepandan, Bondye te gade li de tout mal. Se konsa ke Bondye pran swen moun pa li yo, moun sa yo ki se vrè disip li, moun sa yo ki make ladiferans nan mitan yon nasyon kote ke prèske tout moun se yon bann relije.

Fidelite Bondye a te manifeste, se paske yo te diy pou yo te resevwa swen a; men se paske temwayaj ke yo te pote a te glorifye non Li. Nan anpil lòt mo, Bondye pwoteje nou; paske li konnen ke genyen yon plan pou glwa non Li. Nan Nouvo Testaman, nou jwenn Pòl; li te prè pou l te mouri pou ke levanjil la te rive jwenn tout moun.

Sepandan, te genyen anpil kretyen ki te defann li monte Jerizalèm; paske se la ke lanmò t'ap tann li (Travay 21:4.14); men apot la te konnen nan kilès moun konfyans li te ye (Travay 21:13). Malerezman, genyen anpil kretyen ki plis chèche fidelite Bondye pou pwòp benefis yo olye pou yo ba li lonè jan ke li merite l. Konsa, yo mande pwoteksyon Bondye pou pwòp plezi yo; sepandan, se yon vye ti kras ki prêt pou soufri pou ke lòt moun konnen Kris la. Genyen yon vye kwayans ki egziste ki di ke kòm ptit Bondye nou pa gen pou nou soufri, nou pa dwe manke anyen; sepandan, Bib la plen avèk egzanp sèvitè avèk disip Kris ki te viv nan mitan mankman avèk soufrans tankou apot Pòl li menm. Menm Jezi pat gen kote pou l te repoze tèt li (Matye 8:20).

Fidelite Bondye te fè twa zanmi Danyèl yo soti nan founèz dife a san yo pat gen anyen de mal; menm sant dife a rad sou yo pat genyen. Glwa pou Bondye! (Danyèl 3:27). Epi nou dwe sèten ke yon jou tankou jodi a, ap genyen yon dife menm jan k'ap rete tann moun sa yo ki pat rete fidèl avèk Seyè a (Revelasyon 21:8). Sadrak, Mesak ak Abèd-Nego te resevwa rekompans fidelite Bondye; epi kòm rezulta, twa jèn sa yo te soti san domaj, epi menm wa sa te bay Bondye glwa devan tout gouvenè ak dirijan li yo (Danyèl 3:27-29). Se yon bagay parèy ke nou jwenn nan Danyèl chapit 2, kote menm wa a te leve non Bondye Danyèl la.

### Kesyon Opsyonèl

- Kòman fidelite Bondye te manifeste nan lavi Sadrak, Mesak ak Abèd-Nego? Ki plan fidelite Bondye nan lavi ptit li yo?
- Èske soufrans mwen yo se pou koz temwayaj Kris la, oubyen se akoz move fason ke m'ap viv la?

### Konklizyon

Devan nou an, genyen estati yo, dekrè yo epi pa konsekan, demonstrasyon yon fo adorasyon. E poutan, menm jan ke twa jèn ebrie yo te rete fidèl ak Bondye; se konsa ke nou menm tou nou dwe rete fèm, epi reflete yon temwayaj ki baze sou prensip biblik yo. Konsa, n'ap jwenn pwoteksyon ak sekirite nan Bondye. Epi se pa sèlman sa, lè ke nou pran desizyon ki saje pi kòrèk konfòm avèk fidelite Bondye; se lè sa nou va vrèman adore ak egzalte non Kris la.

# Yon moun ki tonbe nan pyèj awogans lan

César Barco (Ekswatè)

## Pasaj biblik etid la: Danyèl 4:1-37

**Vèsè pou aprann:** “Li konn jan pou l’ fè ak moun ki kite lògèy vire tèt yo. L’ap desann kòlèt yo.” Danyèl 4:37b

**Objektif lesón an:** Se pou elèv la reflechi sou peche awogans lan kote Nebikadneza te tonbe a, yon fason pou ke li evite li epi /oubyen chèche fason pou l libere anba mal sa.

## Entwodiksyon

Danyèl 4 la pale nou osijè de awogans wa Nebikadneza. Genyen anpil moun, (menm kretyen) ki te genyen pwoblèm avèk koze awogans lan, sa te fè anpil nan yo vin gen lògèy, soti nan gonfle lestomak, antre nan mank de padon, soti nan san pratik mizèrikòd, antre nan kè di tankou wòch, etc. Sa vle di, awogans lan fè anpil moun tonbe nan anpil peche ke nou pa kapab rive konte (Pwovèb 16:18). Pi devan, nou pral devlope tèm awogans lan. Osijè de sa, nou kapab di bagay sa yo: Si se pat poutèt gras Bondye, awogans lan t’ap gentan detwi nou tout konplètman. Se te epi se gras Bondye ki vini pou leve nou atè a, epi ede nou renonse ak chèche netwaye nou de tout awogans.

## I. Rèv Nebikadneza ak revelasyon li (Danyèl 4:1-27)

### A. Pye bwa a, wa a avèk wayòm nan

Nebikadneza te prezante tèt li kòm wa tout nasyon yo. Li rekonèt atravè istwa kòm yon moun ki te konvèti Babilòn kòm yon nasyon ki posede yo nan tout gwo mèvèy ki egziste nan mond ansyen an; sa se akoz de jaden tèt anba li yo. Anplis de sa, Babilòn se te youn nan gouvènman ki te genyen plis enflyans non sèlman nan Mwayen Oryan; men pito, nan lemon antye. Petèt se poutèt sa ke, pye bwa ki mansyone nan vèsè 11 ak 20 an, te demontre ke si yon moun ta monte sou li, li t’ap kapab wè dènye bout latè. Sa te fè referans ak glwa babilonik la ak wa li a Nebikadneza.

Yon lòt kote, pèsepsyón Danyèl la pliske li te soti nan branch fanmi wa David la, lè li mansyone Nebikadneza kòm wa, li te deklare ke Bondye te chwazi wa sa pou yon misyon gouvènmantal nan anpi a. Se konsa, Bondye te bay Nebikadneza tout nasyon yo, epi espesyalman, pèp Bondye a ki te nan esklavaj nan kapital peyi l la. Bondye te bay lòd ak anpil wa ki gen oriijin jwif pou te gide pèp li a; men pi fò nan yo te echwe. Kounye a, li te bay yon etranje responsabilite sa, Nebikadneza (Jeremi 29:7, 14). E poutan, nou dwe toujou mete nan tèt nou

ke Seyè a gen kontwòl tout bagay, ki fè ke Li genyen kapasite pou l itilize menm lènmi yo pou beni pèp li a.

### B. Lespri dye sen yo oubyen prezans Bondye a

Pasaj etid la mansyone tou ke nan Danyèl te genyen lespri dye ki sen yo, li menm ki site menm twa fwa (Danyèl 4:8-9, 18). Sa fè nou konprann ke bagay sa te enpòtan apil pou wa a, pou nasyon an; epi se akoz de sa, li te dwe sa akoz de posterite a tou. Lè nou mansyone ekspresyon “lespri dye ki sen yo”, li ta kapab fè referans ak espri sa yo ki nan mond espirityèl la. Danyèl 4:13, 17, 23 yo mansyone plizyè gadyen, ak yon gadyen, ki sen. Nan tou de ka yo, se zanj Bondye ke yo te ye; pliske se sen ke yo te ye, men tou se paske se volonte Bondye ke yo t’ap fè. Se menm jan tou nou obsève ke, li mansyone ke se santans ke Bondye ki nan syèl la egzekite atravè santans gadyen yo (vv. 17, 24).

Pou panse jwif nan Ansyen Testaman, medyatè ant Bondye avèk lèzòm se te zanj yo (Ezayi 6:1-7; Travay 7:53; Galat 3:19; Ebre 2:2). Sa se akoz de Ansyen Kontra a; zanj yo te pote non pitit Bondye (Jenèz 6:1-2; Job 1:6, 2:1, 38:7; Ebre 1:13-14, 12:9); epi zanj yo, kòm pitit Bondye, yo te figire kòm moun ki te dwe vini an, Jezi ki se Kris la, Pitit Bondye a. Se poutèt sa, otè lèt moun ebre yo te prezante Kris kòm siperyè pase zanj yo (Ebre 1:5-14), epi apot Pòl prezante Jezi ki se Kris la kòm nouvo ak sèl medyatè ant Bondye avèk lèzòm (I Timote 2:5). Avèk Jezi ki se Kris la, nouvo kontra te kòmanse, pafè, refòm, yon sasèdòs ki la pou toutan; li toujou ap viv pou li entèsedé pou nou (Ebre 7:25).

Sepandan, ekspresyon sa (“lespri dye sen yo”) kapab fè referans ak Bondye tou, jan ke li tradwi nan vèsyon sa: “...mwen konnen ke w kapab fè li, paske lespri sèl vrè Bondye a nan ou” (Danyèl 4:18). San dout, tradiksyon sa eksprime pawòl Nebikadneza te dwe yo pi byen toujou. Se pat prezans dye ki sen yo; se te prezans Bondye ki te abite nan Danyèl. Malerezman, Nebikadneza te refere don sa ak dye li yo, epi se pat ak pa te pi vrè Bondye a.

## C. Yon pinisyon esperans

Finalman, nou kapab wè ke Danyèl 4:27 di konsa: "Se poutèt sa, monwa, koute konsèy m'ap ba ou. Fè sa ki dwat devan Bondye pou kouvari peche ou yo. Gen pitye pou pòv malere yo pou kouvari tout mechanste ou yo! Konsa, monwa, w'a ka viv alèz ak kè poze pou lontan ankò". Sa anseye nou ke jjiman Bondye a ap vini menm si li ta oubyen bonè. Yo sèlman bay lòm tan pou l pwolonje tan pinisyon li nan lavi sa.

Sepandan, genyen yon detay ki genyen esperans nan entèpretasyon Danyèl 4:25 lan ki di: "Yo pral voye ou byen lwen pou ou pa mache sou moun. Ou pral rete ak bêt nan bwa pandan sètan. Ou pral manje zèb tankou bèf, ou pral dòmi deyò pou lawouze bat ou. Apre sa, w'a rekonèt se Bondye nan syèl la ki kontwole tout chèf sou latè. Se li menm ki bay moun li vle dwa pou yo gouvènen".

Yon bagay ki sanble avèk ekspresyon anlè a, nou kapab wè li nan Danyèl 4:32. Genyen opsyon repantans pou moun nan restore, geri, retabli; men sa kapab rive fèt sèlman lè ke nou rekonèt Bondye siperyè pase nou.

Aprè yon jjiman oubyen yon pinisyon Bondye, aprè ke Bondye fin kite nou peye konsekans pwòp peche nou yo, L'ap entèvni pou restore nou lè genyen yon repantans ki sensè. Se menm bagay ki te pase avèk Izrayèl (Oze 6:1), ak wa David ki pat pèdi pòs li a, pliske te genyen yon repantans ki sensè. Men, de tout fason, David te oblige peye konsekans aksyon li yo; li te pèdi kat pitit (2 Samyèl 11-18).

## Kesyon Opsyonèl

- Kòman w ta kapab defini awogans? Kisa li pwodwi?
- Kisa yon vizyon ye; epi kisa yon rèv ye?
- Èske yo se menm bagay, oubyen yo diferansyon nan kèk bagay (Danyèl 4:9)? Eksplike.
- Selon Jeremi 29:1-7, ki opion w genyen osijè de pasaj sa?

## II. Konsekans awogans lan (Dan. 4:28-33)

### A. Awogans lan, pwoblèm tout moun

Pandan toutan nan istwa, awogans lan se yon wòch ke nou tout frape ladan li; pliske se nan li menm ke tout peche soti. Nebikadneza te di pawòl sa yo: "...Gade jan lavil Babilòn lan vin gran non! Se mwen menm ki batì l' ak fòs kouraj mwen pou l' sèvi m' kapital peyi a, pou fè wè jan mwen gen pouvwa, jan mwen grannèg" (Danyèl 4:30).

Moun ki ekri lesón sa, mwen menm, mwen soti nan ras pewouvyen; epi mwen te marye avèk yon fi ki fèt nan peyi Ekwatè. Nou chak genyen yon bèl pitit, epi aktyèlman n'ap viv nan peyi Ekwatè. Lè mwen te jèn, mwen te konn mache nan lari lavil Lima; epi yon jou, mwen te wè yon gwoup ki te rasanble nan plas Sen

Maten. Nan plas sa, se la ke tout moun k'ap panse nan vil yo te chita ap reflechi. Sa te atire atansyon mwen, epi yon jou mwen te chita pale avèk yo. Mwen di Bondye mèsi paske mwen te genyen yon bon monité lekòl dominikal, li menm ki te prepare nou pou nou te kapab defann lafwa kretyèn nou. Pami tout tèm diskisyon yo, nou t'ap pale osijè de travay avèk sa ke moun rive atenn. Mwen sonje ke mwen te di yon bagay ki te atire atansyon yo: "Se Bondye ki ban nou tout sa ke nou genyen". Men genyen youn nan yo ki te reprann mwen epi di konsa: "Bondye ban nou fòs ak lasante, se nou menm ki bay tèt nou rès bagay yo avèk pwòp efò pèsonèl nou". Mwen remake ke repons sa te genyen awogans ladan li.

Bondye itilize nou kòm enstriman. Nou travay avèk swe nan fwon nou, men lòm dwe rekonèt ke se Bondye ki bay fòs ak lasante pou nou genyen bagay materyèl yo, reyalizasyon akademik yo, etc. Nou dwe rekonèt tou ke tout bagay sa yo ke nou "rive genyen avèk fòs nou yo" se pou Bondye, se konsa ke wa David te deklare I (Sòm 24:1). Pou mwen fini avèk istwa ke mwen t'ap rakonte nou an, mwen dwe konfese nou ke mwen te rive konvenk yo ke se Bondye ki bay fòs ak lasante pou ke nou kapab travay epi fè byen nou yo. Epi Bib la di ke menm byen nou yo se pou Bondye; se poutèt sa, nou dwe rekonèt li kòm moun ki ban nou tout sa ke nou genyen. Finalman, jèn ki te replike a pa santi I byen avèk repons sa.

Genyen yon bagay ki sanble avèk istwa m sot rakonte nou an ki te rive Nebikadneza. Li te konfese ke li te batì wayòm li an se pat pou l te glorifye non Bondye; men se pou pwòp glwa li. Li te demontre avèk tout egois li ke avèk pwòp fòs pa li, li te batì gwo koze sa, pandan ke an reyalite, pawòl li a te dwe...gras a Dye, li te kapab batì, fè ak egzekite. Se Bondye ki te, epi se li menm ki bay epi ap toujou bay fòs pou rive atenn yon byen komen, yon reyalizasyon akademik, yon fanmi, yon travay oubyen pòs, yon lidèchip sosyal oubyen ministryèl, etc. Tout sa ki pa glorifye Bondye, Li va korije li; pliske tout bagay se pou Bondye, epi tout bagay ki egziste se akoz de li menm epi se pou Li (Women 11:36).

### B. Nebikadneza te pini epi korije

Aprè repons awogan Nebikadneza:

#### 1. Li te pèdi wayòm nan.

Danyèl 4:31, 36 konfime sa. Wa Nebikadneza te pèdi wayòm ni an, nan yon fason ki tanporè pou sèt ane. Sa montre nou ke disiplin Bondye nan lavi sa se yon bagay ki sevè; men li pa la pou toutan. Nan ka pa Nebikadneza a, li te dire sèt ane epi aprè sa, pinisyon sa te pran fen.

#### 2. Li te ale lwen lèzòm (vv. 32-33).

Sa vle di, anpil fwa, disiplin Bondye a fè nou ale lwen pwòch nou yo, zanmi, fanmi, legliz, sosyete, e menm Bondye. Se yon bagay ki menm jan ke Pòl te

mansyone nan I Korentyen 5:11; men, disiplin sa se pou yon ti tan (2 Korentyen 2:6-8). Si se pat konsa, nou tout t'ap fin echwe (Ezayi 57:16).

### 3. Li te viv tankou bêt nan savann (vv. 32-33)

Nebikadneza te rive manje zèb nan savann, kò li te mouye avèk lawouze ki soti nan syèl la; plim sou kò li te pouse tan plim mal fini; epi zong li yo te pouse tankou zong zwazo nan bwa yo. Nou pa byen konnen si Nebikadneza te transfòme fizikman tankou yon moun-bêt; men nou kapab fini pou nou di ke peche transfòme moun fizikman ak espirityèlman an bêt, tankou bêt ki pa gen rezon, akoz ke yo kite move panse ki nan tèt yo ap mennen yo. Se sa awogans lan bay.

Peche a rabese limanite a yon eta bêt defigire nan imaj moun etewoseksyèl an omoseksyèl, touye, vyole, chanje valè, etc. Moun sa yo ki te kreye konfòm ak imaj ak resanblans Bondye; men ki vin transfòme kòm moun ki touye pwòp ptit yo anba drapo dwa ak elekson moun ki fè vyòl abi seksyèl ak sikolojikman sou lòt moun, moun ki kòwonpi tèt yo akoz ke yo renmen lajan, etc. Yo tout defigire imaj Bondye a nan yo menm; men menm nan mitan konpòtman animal pèsònèl ak sosyal sa, genyen esperans.

### Kesyon Opsyonèl

- Avèk ki konsekans ke Nebikadneza te fè fas akoz de awogans li a?
- Ki opinyon w genyen osijè de awogans jodi a?

### III. Repantan ak restitisyon (Dan. 4:34-37)

#### A. Gras pou repantans lan

Danyèl 4:34 mansyone ke lè sèt ane yo te fin pase, wa Nebikadneza te leve je li gade syèl la, ekspresyon ki vle di demann mizèrikòd ak sekou, epi se tankou siyal repantans, imilyasyon ak rekonesans awogans li devan Bondye. Seyè a te fè kè wa tounen nòmal ankò aprè ke li te fin repanti de awogans li a epi li te bay sèl Bondye a glwa (vv. 34-37).

Lè Nebikadneza te di pawòl sa yo: "...Apre sètan sa yo, mwen menm Nèbikadneza, mwen leve je m' mwen gade syèl la. Bonnanj mwen vin sou mwen. Mwen di Bondye nan syèl la mèsi, mwen fè Iwanj Bondye k'ap viv pou tout tan tout tan an, mwen rekonèt jan li gen pouwva. L'ap domminen pou tout tan. Gouvènman li ap la jouk sa kaba" (v. 34); li te vle di ke lasante mantal li te restore. Aprè sa, li te resevwa lasante fizik; li te kite kategori bêt la, epi li te vin tounen moun ki fèt ak imaj ak resanblans Bondye ankò. Men Bondye te kòmanse ak lasante espirityèl li avan, lè nom sa te rekonèt li kòm sèl Wa syèl la ak tè a.

### B. Retablisman total la

Li te tounen resevwa palè a ankò (v.36). Anpil fwa, tonbe pèsònèl yo konn trennen sa ke nou posede yo tou. Wayòm nan kapab entèprete kòm travay, pòs, yon sosyete, kliyan, zanmi, fanmi, fwaye a, etc. Yon adiltè kapab pwovoke yon fanmi detwi, fwaye a, e menm pèt materyèl. Sepandan, lè nou repanti, Bondye gen pouwva pou I restore yon fwaye ki divòse, yon travay ki pèdi, zanmitay ki elwanye, kliyan ki retounen kote nou, ak anpil lòt bagay ankò. Otorite ke Bondye te ban nou epi nou te pèdi li akoz de awogans nou, nou kapab rejwenn li pa mwayer gras Bondye. Diyite ak grandè li yo te retabli (v.36). Tonbe nan kèk peche a pwovoke pèt diyite tou. Pa egzanp, lè yon pastè oubyen yon lidè tonbe, li pa sèlman pèdi plas li; li pèdi tit li oubyen diyite ki te fè moun rekonèt yo tou kòm: Pastè. Sepandan, lè genyen yon kè ki imilye ak repanti, Bondye kapab restore moun sa ki tonbe nan diyite a.

Lidè li yo chèche li (v. 36). Tonbe nan peche a afekte nenpòt gwoup moun ke nou fè pati tou. Men genyen yon apèl pou moun ki tonbe yo; paske lè youn geri, tout lòt yo geri (2 Korentyen 2:10-11). Lidè yo dwe chèche moun ki te tonbe a. Bondye pral itilize yo menm pou pwosesis restorasyon an. Sa rive fèt lè ke genyen yon kè ki konfese peche li epi mande Bondye padon; men tou, tout moun ke peche sa afekte yo.

Li te retabli nan wayòm li an (v. 36). Mwen koute temwayaj kèk lidè ki te tonbe; men aprè ke yo te fin repanti, yo retounen pran plas yo, menm si se ministryèl oubyen laboral. Epi nan fason ke Nebikadneza te retounen vin wa sou Babilòn nan pa lagras Bondye a; mwen konnen ke genyen anpil moun ki konn retounen rekipere tout sa ke peche te pran pou yo. Bèl transfòmasyon sa fè pati de gras Bondye.

Li te resevwa yon otorite ki te pi gran. Pou nou analize, nou ta kapab di ke lè Bondye blese, li geri; lè li pran, li remèt. Bondye jis. Sepandan, Bondye pa sèlman jis; men tou li renmen bay, paske non sèlman li pran epi remèt, men tou li ajoute sou sa ke li te pran epi ajoute sou sa ke li te remèt la. Sa se glwa gras li. Bondye bon, epi li genyen yon bonte ki ekstraòdinè.

### Kesyon Opsyonèl

- Lè yon manm legliz la tonbe nan peche, èske w kwè ke li dwe padone ak restore; oubyen li dwe tonbe anba disiplin epi mete deyò legliz la? Kòmante.
- Kisa restorasyon yon moun nan legliz genyen ladan li jodi a?

### Konklizyon

Menm jan avèk Nebikadneza, genyen anpil moun ki te rive teste akoz de awogans yo epi se pa yo tout ki te soti ak laviktwa. Sepandan, bonte Bondye ak mizèrikòd li yo se bagay ki renouvre chak maten epi bagay sa yo atenn kè ki repanti epi chèche li.



# Pi gwo echèk yon wa

Wilson Sánchez (Pewou)

## Pasaj biblik etid la: Danyèl 5:1-31

**Vèsè pou aprann:** "Men, li kite lògèy vire tèt li, li vin mechan anpil, li santi li pa kanmarad pesonn. Se konsa yo wete l' sou fotèy wa a, li pèdi bél plas sa a." Danyèl 5:20

**Objektif lesón an:** Se pou elèv la kapab konprann ke peche a pote destriksyon nan lavi nou. Se poutèt sa ke, nou pa kapab chape poul nou anba men yon Bondye ki gen tout pouvwa epi ki genyen kontwòl tout bagay.

## Entwodiksyon

Lè nou gade fon istwa liv Danyèl la, nou kapab jwenn ke yon istwa ki te rive nan peyi Babilòn. Pasaj Danyèl 5 lan rakonte nou ke wa Beltechaza se te dènye nan fanmi Nebikadneza; paske gouvenman babilonik la te vin tonbe nan men moun peyi Mèd ak Pès. Pèsonaj ki itilize kòm pwotagonis nan pasaj sa san dout se Danyèl ki te youn nan prens ki te vini nan esklavaj nan peyi Babilòn sou gouvenman Nebikadneza. Jenomn jwif sa te angaje li anpil avèk Bondye, deja ke depi lè li te pi jèn li te gentan pwopoze nan kè li pou l te obeyi lalwa Bondye yo, epi sèvi kòm yon temwayaj benediksyon pou tout moun ki nan antouraj li nan pale kote li t'ap viv la pou kèk tan.

Lè Beltechaza t'ap gouvène a, ptit pitit Nebikadneza, gouvenman Babilòn nan te twouve li nan pi wo nivo a. Tout peyi nan mond lan te soumèt yo anba direksyon politik, relije, ekonomik ak kiltirèl gouvenman an, kòripsyon, idolatri ak tout kalite pèvèsyon te lakoz nasyon sa tonbe. Danyèl chapit 5 anchaje li pou di nou kisa ki te koz echèk sa. Pasaj sa kòmanse avèk kè kontan; ann gade kisa ki te pase.

Bondye gen tout pouvwa, sa vle di ke li genyen otorite sou tout bagay nèt; ni anyen ni pèsòn pa kapab pase pi wo pase otorite sa. Li mete epi retire otorite yo nenpòt lè Li vle (Danyèl 4:25). Nan lesón avan an, nou te wè kijan ke Bondye te demontre pouvwa li fas ak gwo wa Nebikadneza; epi nan lesón sa, nou pral wè ke li te manifeste devan wa Beltechaza tou.

## I. Yon gwo fèt (Danyèl 5:1)

Nan tan lontan, yo pat konn di "gran papa"; yo te konn di "papa". Se poutèt sa, yo te rele Nebikadneza "papa" Beltechaza. Pou moman sa, wa Nebikadneza ki te repanti a te gentan fè fayit. Ptit pitit Nebikadneza se te wa Beltechaza nan Babilòn. Pasaj biblik etid la kòmanse avèk mansyon de yon gwo fèt ke wa Beltechaza te òganize nan lonè yon dye payen peyi Babilòn. Avèk motif sa, wa sa te envite mil nan prens li yo, madan marye ak

konkibin yo. Nan moman sa, tout envite yo te dejá chita ap bwè diven epi fè Iwanj pou dye payen yo; sa vle di ke nan tout antouraj palè a se te fèt, kè kontan, plezi ak divèsyon. Mizik la te vin pi cho, likè, manje ak tout vina liman ke pèsòn pa kapab imajine yo: Se te yon moman ranpli ak plezi! Se wa a ki te sant tout atansyon yo; epi se li memm ki te objèt tout aplodisman ak admirasyon nan pi bon sosyete wayòm babilonik la.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki sèn ke Danyèl te dekri nan dènye jou gouvenman Beltechaza?

## II. Yon gwo fèt bwason (Danyèl 5:2-3)

Lè genyen anpil abondans ekonomik san krent pou Bondye, sa vin tounen yon malediksyon pou lòm nan. Kòm like a te vrèman anpil nan moman sa, wa Beltechaza te deside fè yon pa amplis pou demontre glwa li pi plis. Li te deside itilize vessel sa yo ki te nan tanp Seyè a ki te soti nan peyi Jida lè Nebikadheza te atake vil sa. Sa ta pral fen wayòm li an.

Bib la di konsa: "Paske, renmen lajan fè moun fè tout kalite bagay ki mal. Gen moun ki sitelman anvi gen lajan, yo pèdi chemen lafwa a nèt: se pa de ti soufrans ki tonbe sou yo" (I Timote 6:10).

Nan Pawòl Bondye, povrete pa janm yon bagay ideyal. Seyè a toujou vle pou lòm nan fè pwogrè nan tout sans; men, se pou l byen itilize riches ke Li ba li yo. Nan ka pa Beltechaza, li te itilize pouvwa ekonomik li pou l te demontre apeti chanèl li yo; epi nan foli moral li a, li te konnen yon lòt etap nan echèk pèsonèl li. Akoz de foli ak feblès Beltechaza, ptit pitit Nebikadneza, gwo Babilòn ki ranpli ak lògèy la ta pral tonbe touswit. Kòm se te yon koutim, akoz ke wa te jèn anpil, li te prè pou l te pataje otorite wayal la. Li te gonfle lestomak li akoz de pouvwa l la, epi kè li te vin anfle kont Bondye ki se mèt syèl la. Men nan bwè anpil tafya ak pratike libètinaj nan sware tèrib sa, pòt ki te sou bò rivyè yo te rete tou ouvè, jan ke

pwofèt Ezayi te déjà pwofetize sa sa fè depi plizyè ane davans avèk pawòl sa yo: "Seyè a te chwazi wa Siris pou fè travay li. Li ba li men pou tout nasyon soumèt devan li. Li voye l' pou l' wete poussa wa yo, l'ap louvri de batan pòtay lavil yo devan li. P'ap gen pòtay k'ap rete fèmen pou li" (Ezayi 45:1).

Beltechaza te tèlman bwè diven, li te vin pèdi tèt li. Oze 4:I I di ke fònikasyon, diven ak kleren fè moun pèdi tèt yo. Pandan ke Beltechaza te sou a, li te mande pou pote vini vèsèl sakre yo ki pou Seyè a, yo menm ki te nan tanp lan pou ke yo te kapab bwè ladan yo, epi pou fè sèvis pou fo dye payen yo tou. Malgre ke nan anpil okazyon, Nebikadneza te gonfle lestomak li devan Bondye ki la pou toutan an, li pat janm fè erè itilize vèsèl yo ke li te konnen ke se te bagay ki sakre pou Seyè a. E poutan, pipit pitit li a Beltechaza te fè sa li menm. Sa ke gran papa a pat janm tante fè, pitit pitit li a te fè li, epi tout sa te rive akoz de efè alkòl la. Pandan ke Beltechaza te pèdi tèt li nan moman fèt la tèlman li te bwè kleren, li te bay lòd pou al chèche tout vèsèl sakre pou sèvis Seyè a ke gran papa li Nebikadneza te fè monte soti nan peyi Jida lè yo te anvay Jerizalèm nan, Beltechaza te pran yo pou bwè ladan yo avèk madanm li yo, prens ak manmzèl li yo. Wa a te vle demonstre ke pa genyen anyen ki twò sakre pou men li yo. Nan moman sa, moun sa yo te bwè diven epi yo te adore dye lò a, ajan ak bwonz lan.

## Kesyon Opsonèl

- Kisa ki te pase lè Beltechaza te anba efè diven an?
- Kòman nou kapab asosye I Timote 6:10 ak sa ki pase nan Danyèl 5:1?
- Kòman nou konekte I Timote 6:10 ak epòk ke n'ap viv la?

## III. Yon gwo ofans (Danyèl 5:4-31)

Èske w konnen kisa yon ofans ye? Ofans lan se manke Bondye respè; se mal itilize tout sa ki pou Bondye yo. Se konsa, Beltechaza te pran bagay Bondye yo a lejè lè li te itilize koup ki soti nan tanp Jerizalèm yo pou bwè avèk prens li yo. Sa te fè ke Bondye nou an ki gen tout poussa te retire poussa nan men li; epi se plis ankò, se la ke gouvènman babilonik la te tou tonbe, menm jan ke Danyèl te pwofetize li.

Wa Beltechaza te bwè nan vè sakre yo pou I te eksprime rayisans li kont pèp Izrayèl epi kont Bondye Danyèl la.

Bondye te temwaye bay wa Babilòn nan atravè pwofèt Danyèl; men, bann moun enkredil sa yo te meprize gras Bondye a ki t'ap chèche fason pou I te rann lèzòm alèz. Olye pou wa Beltechaza te resewwa oubyen aksepte Pawòl Bondye, li te refize Seyè a; epi konsa li te eksprime mank de konfyans li kont Bondye lè ke li te komèt yon gwo ofans.

Bib la di konsa: "Pa kite bweson pran nanm ou, ou te mèt wè jan li bèl, jan li klè nan vè a. Lè ou bwè l', li desann dous nan gòj ou. Men, pita ou santi se tankou yon move sépan ki mòde ou, yon sépan aspik ki pike ou" (Pwovèb 23:31-32). La a, li bon pou ke nou sonje konsèy Salomon an: "Lemwèl monchè, yon wa pa fèt pou nan bwè bweson. Chèf pa fèt pou nan bwè gwòg" (Pwovèb 31:4).

Genyen plizyè milyon echèk, aksidan, etc., ki genyen nan mond lan akoz de koze bwè alkòl la. Lèzòm kapab genyen pasyon ki menm jan ak sa bèt kapab santi lè yo anba efè alkòl; men sans sa, moun nan ap kontwole tèt li. Se poutèt sa, lè moun nan anba efè alkòl oubyen dwòg yo, moun nan riske komèt zak ki pi gen lawont lan. Nan bankèt Beltechaza a, yo te bwè diven an avèk motiv fèt la; men likid sa tou te fè wa komèt yon gwo ofans kont Bondye.

Yon bagay ki te parèt nan kòmansman kòm yon mouvman inosan, men ki vin tounen yon gwo trajedi. Peche a pa toujou prezante li jan ke li ye a depi nan kòmansman; paske byen souvan li rive kòm yon bagay ki atiran epi inosan. Men lè moun nan rive tonbe ladan li, se lè sa ke li montre vrè nati li. Beltechaza t'ap kontrekare Bondye avèk aksyon sa (ofans). Jodi a, lèzòm kontinye ap pwovoke Bondye nan aksyon ke y'ap poze yo. Anpil fwa, nou plenyen epi poze tèt nou kesyon lè nou di, pou kisa Bondye pa antre an aksyon kont moun sa yo. Bon elèv mwen yo, Bondye genyen anpil tan. Li pa prese pou I aji. L'ap pran kontwòl sitiyasyon an, menm jan ke li te anchaje li de ka wa Beltechaza a. Nou pa dwe janm bliye ke Bondye se yon Bondye ki jis.

## A. Yon gran jijman (Danyèl 5:5-28)

Danyèl 5:5 rakonte nou bagay sa yo: "Nan menm moman sa te genyen plizyè dwèt men yon moun ki t'ap ekri devan chandelye a, sou miray palè wayal la, epi wa te wè men ki t'ap ekri a". Lè moman sa te rive, Bondye te fè entèvansyon li dirèkteman. Li pat pale atravè yon rèv oubyen yon vizyon; paske sa te yon nonm ke Bondye pat gen entansyon rekipere. Bondye pa ta kapab sipòte ofans mechanste sa kont syèl la; se poutèt sa ke li te ekri nan miray salon fèt la. Nou kwè ke menm moun sa ki te ekri sa nan miray la se menm moun nan ki te ekri sou sab la lè yo te prezante li fanm sa ki te komèt peche a (Jan 8:1-11). Nan okazyon sa, sa Jezi te ekri a se te yon mesaj padon; men nan fèt Beltechaza a, se te yon mesaj jijman, a mò. Wa peyi Babilòn sa te inyore Bondye ki nan syèl yo, epi touswit Danyèl ta gen pou I te deklare I tout sa. Ann gade gwo reyakson wa a: "Li chanje koulè, li vin pè. Li santi tout kò l' aprale, jenou l' yo pran tranble" (Danyèl 5:6).

Li posib pou ke nonm sa pat kapab rete kanpe sou pye li nan moman sa; paske li te twò sou pou I te pran ekilib li. Men fas avèk mistè sa, li te vin klè byen vit. Sa li te

wè ki ekri sou miray la te fè l pè anpil; epi li t'ap tranble akoz de lapèrèz tou. Menm kote a, men sa ki te pase: "Li rele byen fò, li mande pou fè chache tout divinò, tout moun ki li zetwal ak tout nèg save ki rete lavil Babilòn yo. Lè yo vini, wa a di yo konsa: 'Nenpòt moun ki ka li sa ki ekri la a, lèfini ki ka fè m' konnen sa li vle di, m'ap mete gwo manto wouj la sou li, m'ap pase yon chenn an lò nan kou l'. Apre sa, m'ap ba li twazyèm plas apre m' nan gouvènman m' lan'" (v. 7).

Jan ke nou te déjà di l anlè a, ann obsève la ke rekompans lan se ta vin "twazyèm pèsomaj nan gouvènman an". Danyèl te egzak epi klè! Nonm ki ekri liv sa te dwe la, epi konprann tout sikorans wayòm sa. Nan gwo show ak eksitasyon fèt la, te genyen yon gwo fenomèn ki te pase nan salon kè kontan an: "Menm kote a, yon men te parèt epi kòmanse ekri pawòl sa yo nan miray la "MENE, MENE, KETEL, UPARSIN" "KONTE. KONTE. PEZE. SEPARE" (v. 25). Menm kote men an te parèt ap ekri a, Bib la di ke fèt la te kanpe, mizik, dans, kout ri yo, son koup yo, louwanj ak aplodisman yo tou. Tout bagay te fini, men Bondye te kont wa mechan sa.

Menm kote a, tout janm wa Beltechaza te pran tranble epi youn t'ap frape kont lòt. Wa te tranble devan yon sèl men. Panse avèk kòman sitiyasyon pechè yo pral ye lè pou yo rann kont pou peche yo devan gwo jij la, Seyè nou an, Jezi ki se Kris la, Wa tout wa yo epi Seyè tout seyè yo.

Aprè ke Beltechaza te fin bay lòd pou al chèche mennen nan palè a, tout majisyen yo, divinò ak lòt pèsomaj ki gen relasyon avèk maji yo, se te yon bagay ki byen komen nan peyi Babilòn; pèsòn pat kapab rive bay wa a yon entèpretasyon. Se sèlman Danyèl ki te kapab fè li, paske se sèlman moun ki genyen krentif pou Bondye ki kapab entèprete Pawòl Bondye, moun ki viv nan kominyon avèk Bondye pa lafwa nan Ptit li a Jezi ki se Kris la. Pwofèt Danyèl te bay wa entèpretasyon sa ki te ekri nan miray la avèk anpil valè ak pridans. Men avan ke li te bay entèpretasyon an, li te di repeète wa tout peche li te komèt kont Bondye yo, epi se akoz de sa ke li te gen pou l te fè fas ak Bondye jistis la (vv. 22-23).

Bib la di ke Bondye se lanmou; men tou, li se yon dife devoran (Ebre 12:29). Pwofèt Danyèl te di wa Beltechaza ke Bondye te mete fen nan gouvènman l lan. Li te di l tou ke Bondye te peze li nan balans, men li te jwenn li lejè anpil (Danyèl 5:27). Li te di wa a ke moun peyi Mèd ak Pès yo va pran wayòm li an tou (v. 28). Fèt la mennen diven an, diven an pwovoke ofans lan; epi ofans lan te pwovoke jjiman Bondye. Nou dwe fè anpil atansyon avèk sa ke n'ap fè yo! Galat 6:7 di konsa: "Pa twonpe tèt nou. Moun pa ka pase Bondye nan betiz. Sa yon moun simen, se sa li va rekòlte".

## B. Yon gwo pinisyon (Danyèl 5:29-31)

Lekriti ki te nan miray la te genyen pawòl sa yo: "MENE, MENE, TEKEL, UPARSIN". Kounye a, pou sa ki gen pou wè avèk entèpretasyon an, ann note yon varyasyon nan dènye pawòl la. Peres se fòm sengilye Uparsin. Literalman, li kapab tradwi kòm "konte, peze ak divize". Pi devan, n'ap jwenn entèpretasyon sa ki ekri nan miray la (vv. 26-38). MENE: Bondye te konte pou wayòm ou an, epi li mete fen nan li. TEKEL: Bondye te peze li nan balans, men li te jwenn li lejè anpil. PERES: Se moun peyi Mèd ak Pès yo ki va pran wayòm ou an.

Yon bagay ke nou kapab note se ke sa se pawòl ke nenpòt kaldeyen te kapab konprann. Kòm fè ke save yo pat kapab li ? Genyen anpil opinyon osijè de sa. Gen moun ki di ke petèt pawòl yo te ekri san vwayèl. Genyen anpil lòt ki kwè ke pawòl la te ekri tankou yon blòk lèt ki pat fòme yon fraz espesifik. Oubyen tousenpleman, Seyè a te konfond konpreyansyon zòm sa yo. Nan Ezay 44:25, Seyè a di konsa: "Se mwen menm ki fè siy yo te predi yo pèdi sans yo. Se mwen menm ki fè divinò yo depale. Mwen demanti pawòl moun save yo. Mwen fè yo wè tout konesans yo se bagay moun fou".

Aprè sa ki te pase anlè a, wa Beltechaza te mouri nan menm sware a (v. 30). Li te mouri avan lè li. Anpil fwa, peche kont Bondye yo akselere vwayaj pou letènité a. Yo te pran wayòm li an; tout glwa li a te disparèt nan yon ti kal tan. Ann remèt lavi nou bay Seyè a Jezi ki se Kris la pou ke li kapab padone ak transfòme nou; epi n'ap kapab genyen esperans lavi ki pap janm fini an.

Rezulta peche a se lanmò. Nan istwa Beltechaza, nou kapab obsève sa; wa sa te tonbe nan plizyè peche tankou lògèy, soulay, ofans, epi Bondye te jije tout bagay sa yo ki te lakoz li detèmine lanmò imedyat wa babilonik sa.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki zak ofans ke Beltechaza te komèt, epi kisa sa te pwovoke al final?
- Ki aksyon Bondye te fè pou sispann fèt wa a? (Dan.5:5-28).
- Kisa ki te peche Beltechaza? Pou kisa peche l la te tèlman egzajere? (Danyèl 5:29-31)
- Ki pi gwo peche nou genyen nan lavi nou? Ki solisyon nou genyen pou yo jodi a? (Jak 4:17, Jan 9:41)

## Konklizyon

Menm jan avèk Beltechaza, yon jou nou genyen pou nou konparèt devan Bondye pou nou jije selon jan nou te mache sou tè sa. Èske w genyen kèk peche kache nan lavi ou? Tounen vin jwenn Bondye avèk tout kè ou, epi mande Seyè a padon! Men, si w santi ke chak jou, w'ap mache pi pre Bondye; priye Seyè a pou ke w kapab kontinye avanse avèk pye fèm nan chemen sentete a.

# Kouraj nan mitan eprèv

Elí Porras Salinas (Pewou)

## Pasaj biblik etid la: Danyèl 6:1-28

**Vèsè pou aprann:** “Bondye mwen an voye zanj li, li fèmen bouch Lyon yo pou yo pa fè m' anyen. Li fè sa paske li konnen mwen inonsan.” Danyèl 6:22a

**Objektif leson an:** Se pou elèv la santi li konfwonte pou I mete konfyans li nan pwomès Bondye yo epi detèmine pou I pa bay legen nan mitan eprèv yo.

## Entwodiksyon

Tout gwo wayòm ki etidye nan istwa limanite yo te toujou antre nan rejis, an mezi ke tan yo ap pase. Se menm jan pou ka, Lejip, Lasiri, Babilòn ak anpil lòt ankò. Liv Danyèl la pale nou osijè de gran wayòm babilonik la ak politik mete anpil pèp anba dominasyon li. Nan liv sa, yo mansyone Danyèl tou, li menm ki te ansam zanmi l yo, yo te ale nan peyi Babilòn nan yon fason ki brital lè yo te jèn ti moun toujou.

Pandan tout lavi Danyèl, li te fè fas avèk anpil chanjman epi li te soufri anpil kriz politik tou nan plizyè peryòd.

Pandan peryòd sa, te genyen anpil evènman ki te pase ke nou jwenn yo nan liv Danyèl la (Chapit 1 a 5). Aprè sa, te genyen yon nouvo gouvènman ki te pran nesans ki te frape wayòm babilonik la, li menm li te vin etabli yon nouvo sistèm pi solid, fwa sa a, li te vin plis òganize epi plis laj, se li menm ki te vin pote non gouvènman Medo-Pès la.

Gouvènman Medo-Pès la te pi laj pase Gouvènman Babilòn nan, li te soti depi nan gòlf pèsik la, li te rive jous nan Iwès Masedwàn, pou etann limit li yo ki te rive jous nan Nò Amani, nan Sid peyi Lejip pou rive nan lariyè Lefrat.

Gouvènman sa pat pi rich pase Babilòn malgre lame I la te pi pwisan pase pa Babilòn nan. Gouvènman Mèd ak Pès la te dire 208 an, depi 539 av.K juska 33 I av.K.

## I. Lè lafwa ap teste epi twouve li nan egzamen (Danyèl 6:1-13)

### A. Pozisyon Danyèl nan sèn politik la (vv. 1-2)

Danyèl te travay nan gouvènman babilonik la nan yon pòs ki te vrèman enpòtan, nou konnen ke li te menm rive entèprete rèv wa Nebikadneza yo. Se poutèt rezon sa, li te chanje pwemosyon nan wayòm babilonik la (Danyèl 2:48). Pliske gouvènman t'ap chanje a chak enstan, soti

nan yon gouvènman pou antre nan yon lòt, Danyèl te twouve li nan plas enpòtan sa akoz de kalite ke Bondye te ba li yo, se poutèt sa tou, li te la sou gouvènman Dariyis la, wa peyi Mèd la, epi Si, wa peyi Pès la. Pandan peryòd gouvènman wa Dariyis la, nou obsève yon nouvo sèn politik ki te bay nesans ak yon konsolidasyon de yon gwo wayòm epi ki te byen òganize de plizyè gwo prefè lokal. “Prefè a se te tit ofisyèl vis wa ke wa peyi Pès la te chwazi pou egzèse otorite sivil ak militè sou plizyè ti pwovens ki te fè pati de yon administrasyon. Chak pwovens sa yo te genyen pwòp gouvènè yo (Esdras 8:36, Est 3:12). Tit prefè a parèt nan lang arameyen aprè konkèt peyi Pès la; se gwo fonksyonè babilonik yo ki te pote non sa yo sou lomedians wa Dariyis (Danyèl 3:2; 6:1)”.

(Nouvo Diksyonè Biblik Ilistre, editorial CLIE).

Se konsa ke, nan Danyèl chapit 6, yo montre ke wa Dariyis te nome 120 prefè ak twa administratè (gouvènè) avèk entansyon pou I te kapab pi byen kontwole sistèm gouvènmantal li a (vv.1-2). Prefè sa yo te genyen kòm misyon pou yo te toujou rann kont ak administratè oubyen gouvènè sa yo, epi nan menm tan tou, twa mesye sa yo ta gen pou yo rann wa a kont dirèkteman. Epi Danyèl te youn nan twa administratè prensipal sa yo (v.2).

Nou kwè ke twa gouvènè sa yo se te moun ke yo te fè anpil konfyans akoz de entegrite yo. Se konsa tou, se yo menm sèlman ki te genyen pou misyon rann kont devan wa; déjà, yo te pi gwo chèf pase prefè yo ki te administratè plizyè pwovens diferan tou.

Nome gouvènè sa yo te genyen yon objektif: “...pou ke wa pat genyen pwoblèm nan repitasyon li” (v.2). Sa vle di ke twa gouvènè sa yo te genyen pou misyon pou yo te evite ke nenpòt bagay la te afekte enterè wa; déjà ke nenpòt fonksyonè biblik nan wayòm nan te kapab tante pran wayòm nan pou li.

Kidonk, Danyèl te youn nan twa zòm konfyans sa yo ke wa te mete kòm gouvènè li; epi sa ki atire atansyon an se paske li pat yon pès, li te sèlman yon jwif avèk yon kalite entèg san dout (Se yon moun ki mache dwat, ki san tach ki te di pawòl sa" (Rekipere nan www.rae.es).

### B. Entegrite yon nonm ki rete fidèl (vv. 3-4)

Danyèl 6:3 di: "Danyèl sa a te fè travay li pi byen pase tout lòt gwo chèf ak prefè yo paske li te gen lespri pase yo. Se konsa wa a te fè lide mete l' reskonsab tout peyi a". Se poutèt sa ke wa a te panse "mete li tout wayòm nan" (v. 3). Rezon an te klè anpil; se paske jwif sa, administratè gouvènman an te entèg epi li te genyen yon konpòtman ki te vrèman serye. Ala enpresyonan sa te enpresyonan nan branch sa yo oubyen plas otorite sa yo!

Akoz de sa ki mansyone osijè de Danyèl yo, asireman, lòt fonksyonè yo te dwe santi yo fristre, lè yo te wè ke yon senp jwif te jwenn gwo konsiderasyon nan je wa Dariyis. Li fasil pou ke nou imajine nou ke moun ki te antouraj Danyèl yo avèk rès fonksyonè politik yo te dwe santi yo boulvèse, epi tou, pou yon nonm tèlman entèg gen kontwòl pòs fiskal la ki pa t'ap aksepte okenn mounvman kòripsyon nan administrasyon piblik wayòm nan.

Se poutèt rezon sa ke yo te tante desann grad li pou montre ke li pat diy pou ke wa te fè l' konfyans. Bib la di ke lòt gouvènè ak prefè yo te tante akize li nan plizyè okazyon osijè de kèk move fòm administrasyon oubyen kèk fot nan fason ke li t'ap jere travay li a; men yo pat jwenn okenn fot. Sa vle di ke "lòt gwo chèf yo ansam ak prefè yo t'ap chache yon okazyon pou yo antrave Danyèl nan travay leta a. Men, yo pa t' ka jwenn anyen pou yo repwoche l' sitèlman Danyèl te yon nonm serye nan tou sa l'ap fè. Li pa t' pote ankenn negligians ni pa t' gen ankenn mank nan travay li" (v. 4).

### C. Pyèj mechanste (vv. 5-9)

Fas avèk difikilte ke fonksyonè yo te genyen pou yo te rive akize Danyèl, yo te rive reyalize ke sèl fason ke yo te kapab jwenn pou fè sa se nan fason l'ap sèvi Bondye. Sa vle di, nan bagay ki gen pou wè avèk "lalwa Bondye li a". Se poutèt sa, yo te mete tèt yo ansam pou yo te pran li nan yon pyèj (v. 5).

Konsa, yo te mete tèt yo ansam, yo te mande li pou ke tout gwo chèf nan peyi a ansam ak prefè yo, gouvènè yo, minis yo ak lòt chèf yo, nou tout, nou dakò pou wa a pase yon lòd sevè ki mande pou tout moun lapriyè nan pye wa a ase pandan trant jou. Nenpòt moun ki ta dezobeyi lòd sa a, epi ki ta lapriyè nan pye yon bondye osinon yon lòt moun pandan tan sa a, se pou yo jete l' nan gwo twou lyon yo (v. 7). Nou kapab imajine nou

ke, komite gouvènmantal sa te demontre yon kondwit egois anvè Dariyis, lè yo te fè l' santi ke li se sèl moun ki te gen plis enpòtans nan wayòm nan. Wa a te tonbe nan pyèj la vre san dout, lè li te siyen yon dekrè ke, daprè lalwa leta babylonik la, li pat kapab defèt li; sa vle di, li te oblige akonpli li nan tout fason. Se klè ke objektif dekrè sa se te pou deranje Danyèl, epi fè li soti mal devan je wa a.

### D. Devosyon pou Bondye nan mitan opozisyon (vv. 10-13)

Lè Danyèl te pran nouvèl dekrè a, olye pou l' al kache oubyen pè, li te leve l' al priye Bondye (vv. 10-11). Li pat sispann fè devosyon li devan Bondye. Genyen moun ki t'ap fè pridans petèt, oubyen kache pou l' priye oubyen obeyi dekrè a pou l' pat fè priyè devosyonèl li twa fwa pa jou a. Yon nonm ki entèg, li pa sèlman konsa nan travay l'ap fè yo; men ki demontre devosyon li devan Bondye san gade si lènmi li yo ap mete pyèj. Sa fè nou sonje sa apot yo te reponn gran konsèy la: "...Se pou n' obeyi Bondye pase pou n' obeyi moun" (Travay 5:29). Konpòtman sa pa genyen anyen pou wè avèk dezobeyisans sivil; men pito, se yon gwo detèminasyon ki gen pou wè avèk obeyisans ak devosyon anvè Seyè a.

### Kesyon Opsyonèl

- Kòman w ta defini entegrite? Ki plizyè aksyon ke entegrite Danyèl yo te montre?
- Kòman nou kapab demontre entegrite jodi a? Mansyone kèk egzanp nan lavi chak jou.

### II. Bondye pwoteje epi akonpanye moun ki fidèl avèk li yo (Danyèl 6:14-24)

#### A. Yon wa ki pat kapab libere yon sitwayen (vv. 14-20)

Lènmi Danyèl yo te akize li kòm moun ki pat obeyi dekrè wa a. Li klè ke pyèj ke yo te tann nan te fè siksè (Danyèl 6:13). E poutan, wa Dariyis te santi sa fè l' mal dèské li te reponn demann sa pozitivman (v. 14). Se te yon bagay ki te nan lalwa ke wa a pat kapab retire yon bagay ke li te fin deklare (v. 15). Si yon bagay konsa te rive pase, se t'ap vrèman grav nan yon gouvènman pou moun ki te gen kontwòl politik la nan moman sa.

Egois wa a te pote konsekans; men sa te siprann anpil moun pou yo te wè kijan wa te apresye Danyèl, se chak jou li t'ap chèche yon eleman legal pou l' wè si l' ta kapab defèt dekrè legal li te fè pou li libere Danyèl (v. 14). Sepandan, chalatan yo te fè li sonje ke pa genyen okenn eleman legal ki kapab fè Danyèl evite kondannasyon gwo twou lyon yo v. 15). Obligatwaman, dekrè a te dwe rive akonpli kòrèkteman.

Konsa, yo te lage Danyèl nan gwo twou kote Lyon yo ye a.g Epi kè Dariyis te fè l mal anpil, li te repete plizyè fwa, yon sèl esperans pou fonksyonè li a Danyèl se: "Mwen mande pou Bondye w'ap sèvi san dezanpare a delivre ou!" (v. 16).

Bib la di nou ke wa te rete byen tris, epi li pat kapab dòmi, petèt li te santi l mal alèz dèské li te siyen dekrè a twò prese ki te lakoz ke li t'ap domaje youn nan pi bon fonksyonè ki te fè pati de gouvènman li a (v. 18). Nan demen maten, premye bagay ke wa te fè se te kouri al gade twou Lyon yo epi mande kòman sa te ye pou Danyèl (vv. 19-20).

Li klè ke wa tèrèsa pat kapab libere Danyèl, menm si li te chèche fè sa anpil ; men Wa tout wa yo, Bondye, li te fè sa, paske pou li pa genyen anyen ki enposib (Lik 1:27), epi li pa janm kite moun ki mete konfyans yo nan li soti wont (Sòm 22:5).

#### **B. Prezans Bondye pou moun ki mete konfyans yo nan Li (vv. 21-23)**

Kiryozite Dariyis la se paske li te bezwen konnen si Bondye Danyèl la te kapab sove li nan mitan Lyon yo (v.20). Epi sa ki te yon sipriz pou li se lè li te tande vwa ak repons Danyèl ki t'ap di konsa: "Bondye mwen an voye zanj li, li fèmen bouch Lyon yo pou yo pa fè m' anyen. Li fè sa paske li konnen mwen inonsan. Epi ou menm tou, monwa, ou konnen m' pa fè ou anyen ki mal, pa vre?" (v. 22).

Se te yon gwo sipriz! Sa te fè wa kontan anpil; sitou, se te yon gwo temwayaj pou yo wa ki payen! Bondye te libere sèvitè fidèl li a vre! Danyèl pat genyen menm yon sèl ti blese lè yo te lage l nan fos Lyon yo (v. 23). Eksplikasyon biblik fas ak evènman sa se yon bagay ki senp: "...paske li te mete konfyans li nan Bondye l'" (v. 23).

Bondye te la nan moman difisil sa. Se poutèt sa ke Sòm 138:7 di konsa: "Menm lè mwen nan gwo tèt chaje, ou pa kite m' mouri. Ou leve men ou pou rete lènmi m' yo ki ankòlè. Ou sove m' avèk fòs ponyèt ou".

#### **C. Li bay moun ki sensè jistis li (v. 24)**

Li pat nesesè pou ke Danyèl te mande yon dedomajman pou move eksperyans ke li te viv yo. Paske sokonstans yo te parèt byen klè: Lènmi Danyèl yo te "pèdi konfyans" nan je wa Dariyis menm kote a. Se poutèt sa, yo te pran moun ki te akize Danyèl yo lage nan twou Lyon yo ansanm ak tout sa ke yo te posede; an diferans de Danyèl, Lyon yo te devore yo tout (v. 24). Bondye konn kijan pou l bay moun ki sensè ak tout kè yo a jistis!

#### **Kesyon Opsyonèl**

- Kisa ke Devosyon Danyèl la te lakoz?
- Panse avèk kèk egzanp kote devosyon w anvè Bondye te teste.

### **III. Glwa anvè Bondye a se konsekans kouraj ki deplwaye (Danyèl 6:25-28)**

#### **A. Gwo zotobre yo rekonèt Bondye vivan an (vv. 25-27)**

Rezulta final temwayaj sa te pèmèt wa a te soti yon lòt dekrè ankò pou mande pou tout moun popilasyon ki fè pati wayòm li an te onore epi tranble devan Bondye Danyèl la (Danyèl 6:22-27). Dariyis te fè konnen ke Bondye se yon Bondye "vivan"; sa vle di, reyèl. Se konsa tou, li te rekonèt ke wayòm Bondye a pa genyen fen (v. 26). Nan sans sa a, wa te konprann ke ofans lan se pat kont Danyèl reyèlman; men pito se kont vrè Bondye a. Se poutèt sa ke li te siyale ke Bondye kapab fè anpil mèvèy nan syèl la ak sou tè a (v. 27). Se Wa menm ki te temwaye ak pawòl sa yo: "Li sove, li delivre, li fè bèle bagay ak gwo mirak nan syèl la ak sou latè. Li sove Danyèl, li pa kite Lyon yo devore l'".

#### **B. Devosyon an pote pwoperite (v. 28)**

Jan ke nou sot wè li nan istwa sa, sistèm devosyonèl Danyèl la pa t'ap sibi chanjman sou okenn pretèks. Jennonm sa pa t'ap janm trayi konsyans li; li te menm pare pou l'al nan twou Lyon yo pase pou l te abandone lafwa li. Sa te pèmèt Danyèl vin fè plis siksè yon lòt fwa ankò.

Nan tan ke n'ap viv la, genyen anpil sitiayson ki prezante kote ke kretyen yo twouve yo nan anpil eprèv; sepandan, nou pa dwe negosye relasyon nou avèk Bondye ditou. Rezulta ap toujou bon lè moun nan rete fidèl. Ann raple nou sa Pawòl la di: "Zafè Danyèl te mache byen pandan tout rèy wa Dariyis ak wa Siris, moun peyi Pès la" (v. 28)

#### **Kesyon Opsyonèl**

- Pou kisa wa Dariyis te egzalte non Bondye?
- Èske pwosperite nan lavi Danyèl la te pote kèk chanjman?
- Kisa w kapab fè pou ke pwosperite pa fè w ale lwen plan ke Bondye genyen pou lavi ou?

#### **Konklizyon**

Bondye toujou la nan mitan eprèv ke pitit li yo ap travèse. Epi l'ap jwenn glwa nan entegrite ak detèminasyon pitit ki rete fidèl avèk li yo.

# Wayòm yo avèk Wa a

Loysbel Pérez (Kuba)

## Pasaj biblik etid la: Danyèl 7:1-28

**Vèsè pou aprann:** “Men, moun k’ap viv pou Bondye ki anwo nan syèl la pral resevwa gouvènman an nan men yo. Y’ap kenbe l’ pou tout tan tout tan.” Danyèl 7:18

**Objektif leson an:** Motive elèv la pou l kontinye ak kous kretyen an, epi menm si li pa wè tout rezilta ke li t’ap tann nan nan kèk okazyon, piga li dekoraje; men pito, se pou li kontinye avanse jouskaske li rive tout sa ke Bondye te planifye pou l ye.

## Entwodiksyon

Liv Danyèl la se yon liv ki eskatolojik konplètman epi ki prezante yon bon kantite imaj, senbòl ak vizyon yo. Se menm jan tou, li genyen yon langaj pwofetik epi li ranpli ak figi estil. Poutèt sa, tout moun vin obsève ke li yon ti jan difisil; sa ki enpòtan an se prezante opinyon ki parèt konsènan sa.

Nan prezantasyon leson sa, nou dwe rann nou kont ke se pa vrè repos lan, ni nonplis pi bon entèpretasyon tèks la; men pito se yon apwòch tou prè de sa ke nou te konprann istorikman ak sajès aktyèl.

Nan pasaj vizyon kat bét yo, pi fò nan moun k’ap fè kòmantè yo genyen entèpretasyon ki sanble anpil ke nou pral etidyé pi devan.

## I. Vizyon kat bét yo (Danyèl 7:1-14)

### A. Kontèks istorik ak entèpretasyon vizyon an

Avan ke nou entèprete tèks Danyèl la, nou dwe konprann ak analize li byen, yon fason pou ke nou kapab pi byen konprann vizyon an.

Danyèl te fè yon rèv epi li wè plizyè vizyon nan premye ane gouvènman Bèltechaza nan peyi Babilòn ((v.1)). Vizyon sa pa plase nan yon lòd kwonologik pou swiv pa gwo twou Lyon yo.

Vizyon ki nan Danyèl chapit 7 la te fèt depi avan fèt Bèltechaza a, depi nan lane 16 oubyen 17 ane anviwon. Se sa ki fè ke, aranjman liv Danyèl la li teknologik men li pa kwonologik.

Danyèl te wè kat gwo bét vivan ki te soti nan lanmè a, yo chak te diferan youn ak lòt (Danyèl 7:3). Langaj sa sanble anpil avèk sa ke apot Jan te itilize nan liv Revelasyon an lè ke li te di ke te genyen yon gwo bét ki te monte soti nan fon lanmè a (Revelasyon 13).

Premye vizyon Danyèl la (Danyèl 7:2-14) genyen plizyè vizyon senbolik ladan li.

Lanmè a: Se senbòl tout nasyon yo ki nan mond payen yo (Ezayi 17:12; Revelasyon 17:15). Sa l 7:kapab l 7referans avèk gwo twou san fon an, li menm ki defini kòm kote gwo mons ki kontré avèk bondye (Jòb 26:12; Sòm 74:13-14).

Toumant lan: Se senbòl lagè mondal (Ezayi 17:12).

Bèt yo: Se senbòl gouvènman pouvwa mondal yo. Nan chapit sa, bét sa yo vle di menm bagay avèk metal imaj Danyèl 2. Sa vle di: Babilòn, Mèd-Pès, Grèk ak Wòm.

Ansyen jou yo: Fè referans avèk Bondye (Danyèl 7:13).

Ptit Lòm nan: Ki mansyone nan Danyèl 7:13 la reprezante imaj Jezi a pwofetikman. Tèm nan pran sans li nan levanjil yo; men depi nan Danyèl li te gentan siyale Kris la nan sans diven, lòm ak Mesi. Youn tankou “...yon pitit lòm...” (v.13) te rive vin Ptit Lòm nan, Sovè mond lan. Nan rankont avèk dominasyon bét yo, li vin fè referans ak wayòm inivèsèl ak etènèl la. San dout, tèminoloji sa ke Danyèl te itilize fè referans pwofetikman ak Jezi avèk etablisman Wayòm li an.

### B. Kat bét yo (vv. 4-8)

#### I. Premye bét la: Li dekri tankou yon Lyon (Danyèl 7:4)

Yo senbolize bét sa tankou nasyon Babilòn nan. Nan mitan tout lòt konklizon yo, yo rive montre ke selon revelasyon Danyèl chapit 2 a, se kote yo te idantifye tèt lò a kòm Nebikatneza, wa peyi Babilòn nan. Senbòl sa egziste tou; paske nan peyi Babilòn te genyen anpil estati ki te gen imaj Lyon ki gen zèl, epi tou pwofèt Jeremi te pale de Nebikatneza kòm yon Lyon (Jeremi 50:17).

#### 2. Dezyèm bét la: Yo demonstre ke li sanble avèk yon chen mawon (Danyèl 7:5)

Li reprezante Gouvènman Medo-Pès la, sa ki te vin aprè Gouvènman babilonik la. Istorikman, se konsa li rekonèt. Nan peyi Palestin, se yon bagay ki te vrèman komen pou yo te konsidere chen mawon an kòm dezyèm bét aksòz de jan li fewòs, men se aprè Lyon.

### 3. Twazyèm bét la: Yo demontre li kòm yon lewopa (Danyèl 7:6)

Epi pandan ke Babilòn te genyen de zèl, gouvènman sa te genyen kat zèl. Sa te fè referans avèk Lagrè, gwo nasyon ansyen sa ki te anba lòd Aleksann Magno ak ti lame fèb li a te rive venk mond sivilize a nan yon tan ki byen kout. Konsa, li posib pou ke "kat tèt lewopa yo" se senbòl kat divizyon gouvènman grèk yo.

### 4. Katriyèm bét la (Danyèl 7:7-8)

Pou sa ki gen pou wè avèk bét sa a, nou kapab souliye ke malgre twa bét avan yo te sanble avèk animal yo; twazyèm sa pat montre sa. Li sèlman di ke li te diferan de lòt bét avan yo. Se te yon bét ki te plis pwisan. Bét sa te fè referans ak Gouvènman Women an. Se Wòm ki te ranplase Lagrè nan istwa a.

Tout deskripsiyon ki reyalize nan vèsè sa yo ke Danyèl te fè a gen pou wè avèk Gouvènman women an.

### Kesyon Opsyonèl

- Eksplike siyifikasyon vokabilè sa yo:

- \* Lanmè a:
- \* Toumant lan:
- \* Bét yo:
- \* Ansyen jou a:
- \* Pitit Lòm nan:
- Relye chak mo ak deskripsiyon pa yo.

I. Premye bét la 2. Dezyèm bét la 3. Twazyèm bét la 4. Katriyèm bét la

Chen mawon (Wayòm medo-pés la), Wòm, Lewopa (Lagrè), Lyon (Babilòn)

### II. Eksplikasyon vizyon an avèk eksplikasyon eskatolojik la (Danyèl 7:15-28)

#### A. Entèpretasyon Istoriko-biblik

Pasaj Danyèl 7 la montre nou devlopman ak pwogrè gouvènman lòm nan, nan peryòd payen an. Sa manifeste atravè senbòl bét fewòs, tèrib ak sovaj yo. Tout sa yo se karakteristik wayòm yo nan mond sa; ki lakòz ke tout bagay rive reyalize avèk anpil fòs brital, sa yo ki se bagay ki kontré avèk wayòm Bondye ki gen anpil glwa ak etènèl pou tout pèp ak lang; epi ki pap janm pran fen (Danyèl 7:13-14).

Vèsè sa ki nan Danyèl 7:17 se kle pou konpreyansyon an. Ekriven an di nou byen klè ke kat bét yo reprezante kat wayòm ki pral parèt sou latè. Sa montre nou yon presizyon istorik; epi Danyèl 7:18 fè nou pi byen konprann entèpretasyon eskatolojik vizyon sa.

Men Danyèl te vle konnen siyifikasyon katriyèm bét la an detay; paske sa te parèt plis agresif pase lòt bét yo (Danyèl 7:19). Karakteristik katriyèm bét la (Wòm) parèt nan vèsè 23-25.

Pi devan, nou pral wè kèk bagay ke kat bét yo genyen ki sanble ke Danyèl 7:7-8 ak Revelasyon 13:1-7 mansyone.

- Yo tou de monte soti nan lanmè a.
- Pa genyen okenn lòt bét ki kapab konpare avèk yo de a.
- Yo tou de genyen 10 kòn.
- Danyèl avèk Jan te wè ke gouvènman an ta genyen pou l divize fè 10 wayòm. Yon bagay ki dwe rive nan lavni.
- Yo tou de t'ap fè lagè kont sen yo.
- Yo tou de egziste pandan menm peryòd tan an.

Li enpòtan pou ke nou siyale ke pat janm genyen etablisman 10 wayòm nan gouvènman women an. Depi yon pèspektiv istorik, sa pat janm rive fèt, se sa ki te vin bay divizyon sa yon sans pou lavni. Nan tan ki gen pou vini yo, pral genyen yon gouvènman k'ap parèt nan pwofesi sa kòm Wòm; men se pral gouvènman antikris la ki pral anchaje li de direksyon politik 10 wayòm yo, kote ke 10 wa yo pral rann tèt yo (Revelasyon 17:12-13). E poutan, nimewo sa yo pa dwe konsidere literalman. Reyalizasyon gouvènman sa gen pou l rive atenn tout nasyon yo (Danyèl 7:23), gouvènne pa antikris la nan plizyè branch: Politik, relije ak kòmèsal. Men jijman Bondye a va repoze sou antikris la avèk gouvènman li a (Danyèl 7:11; Revelasyon 17). Tout lòt nasyon yo (lòt bét yo) pral pèdi dwa yo, epi yo va gouvènne pa mwayen baton ki fèt avèk fè a (Revelasyon 12:5).

#### B. Entèpretasyon eskatolojik katriyèm bét la

Se yon bagay ki byen klè nan tèks biblik la , ke apati de Danyèl 7:19, otè a montre yon enterè ki diferan pou katriyèm bét la; déjà li te byen diferan. Se poutèt sa ke nou dwe wè kèk entèpretasyon menm jan avèk sa yo:

Istoriko-women an. Entèpretasyon sa konsidere ke bét sa se te Wòm, epi dis kòn yo reprezante yon bon kantine nimewo wa ki pa menm kapab konte ak anpil gouvènman jouskaske Kris la vini. Ti kòn nan se pral gouvènman k'ap rive etann li nan fen tan yo epi ki pral oprime pèp Bondye a. Kris la pral retounen, li pral detwi epi jije mond lan.

### Kesyon Opsyonèl

- Site kat nan karakteristik katriyèm bét la.
- Pou sa ki gen pou wè avèk legliz la, kisa Danyèl te ekri osijè de abondans wayòm sa?

### III. Ansèyman li jodi a

Menm si li byen difisil pou ke nou defini tout mistè ki revele nan liv Danyèl yo, men wi, nou konprann ke ekspresyon pwofetik li a te yon akonplisman istorik, epi eskatolojik tou. Se poutèt sa, kounye a nou rekonèt ke genyen anpil evènman ki ekri nan liv sa ki gentan akonpli, epi genyen anpil lòt ki prèske akonpli.

Lè nou fè yon analiz avèk anpil atansyon, nou obsève ke nan sis premye chapit liv Danyèl yo, li se entèprtèt rèv ke lòt moun te konn fè; men nan dènye chapit yo, se li menm ki te fè vizyon ak rèv yo, epi li mande èd pou entèpretasyon li.

Nan chapit sèt sa, ki kapab genyen yon langaj ki pa tèlman itilize ak kompreyansif pou kèk moun, nou kapab jwenn anpil ansèyman pratik pou legliz la jodi a.

### A. Bondye bay pitit li yo vizyon (Danyèl 7)

Tout revelasyon Danyèl yo te pote konsolasyon pou pèp Izrayèl la ki te nan soufrans. Pa mwayen pawòl sa yo, Bondye te montre pèp Izrayèl la ke li te toujou la avèk yo, menm jan li te avèk Danyèl ak zanmi li yo. Sa te youn nan objektif vizyon sa.

Tèks biblik la montre nou ke Bondye pale avèk pitit fi ak pitit gason li yo menm nan moman dezespwa, Pawòl li pa janm manke. De vizyon sa yo ki revele nan Danyèl chapit 7 la reflete karaktè yon Bondye ki pale avèk pèp li epi anonse sa ki gen pou rive; ki genyen kontwòl lavni. Bondye bay revelasyon ak moun sa yo ki mache nan entegrite, moun ki pa fè li defo menm si sa ta koute yo tonbe nan twou Lyon.

Bondye kontinye pote ekleraj revelasyon li pou legliz kounye a. Li kontinye bay pitit fi ak pitit gason li yo vizyon avèk yon objektif ki byen defini (Travay 2:17).

Revelasyon ak vizyon ke Bondye bay yo genyen de karakteristik fondamental:

- i.) Se pou edifikasyon kò Kris la. Se pa pou benefis pèsonèl yon moun, ni pou egzaltasyon kèk lidè; ak
- ii.) Li genyen gwo koneksyon avèk Bib la. Pa genyen anyen 2-kont sa Bib la di kapab yon revelasyon Bondye.

### B. Bondye gen kontwòl gouvènman yo ki nan mond sa (Danyèl 7:10-11)

Malgre ke genyen anpil gwo gouvènman pwisan ki te eggiste nan istwa menm jan avèk kat gouvènman sa yo, ak anpil lòt ke nou konnen jodi a; Bondye gen kontwòl yo tout, yo tout soumèt anba pouvwa ak otorite li. Gouvènman sa yo pa la pou lontan. Yon jou, yo parèt, yo fè anpil gwo pwodij; men aprè yon tan, yo tonbe epi yo pran fen. Tout gouvènman yo ki nan mond sa twouve yo anba jjiman Bondye (v. 10). Yo tout anba kontwòl Seyè a.

Genyen yon lè k'ap rive kote tout liv yo pral ouvè epi jj la va chita pou I jije, epi tout moun va rann kont devan Li. Apot Jan presize sa nan Revelasyon 20:12.

### C. Bondye toujou bay pèp li a laviktwa (Danyèl 7:27)

Danyèl reflete yon prensip ki parèt nan tout Bib la: Bondye toujou bay pèp li a laviktwa. Menm si ke bèt, nasyon, demon, etc... leve kont pèp Bondye a, Li bay laviktwa. Nou fè eksperyans ak yon Bondye ki bay pèp li laviktwa de jenerasyon an jenerasyon; men, viktwa final la va fèt nan retou Kris la. Pasaj ki nan Danyèl 7 la montre

ke moun ki mache dwat yo te pase anpil tribilasyon epi genyen anpil lòt eprèv ankò ki gen pou rive; men, men Bondye va toujou la, Li pap janm abandone moun ki mete konfyans yo nan Li (Detewonòm 31:8).

### D. Bondye pwomèt yon wayòm san parèy (Danyèl 7:14, 18, 22, 27)

Youn nan mo ke nou rankontre anpil nan pasaj Danyèl chapit 7 la se "wayòm". Menm si ke nan premye vizyon an, yo montre kat bèt yo kòm kat wayòm, Bondye revele grandè ak karaktè Wayòm li; li anonse wayòm Mesi a pwofetikman, ki se Kris la, kote ke Wa a se Pitit Lòm nan (v. 13). Otorite a soti nan Bondye (Ansyen jou yo). Sa pa gen pou wè avèk yon wayòm lachè, men pito espirityèl. Gouvènman ki pwomèt la la a se yon bagay ki inivèsèl; se pa pou yon gwoup moun ke yo chwazi, ni pou moun sa yo ki kwè ke yo genyen gwo lafwa. Wayòm nan se pou tout kò li a (legliz la), epi li domine sou tout nasyon yo, pèp, ak lang yo (vv. 14, 27). Li gen pou l san fen, li pap janm detwi (v. 14). Gouvènman yo ki nan mond sa ap gen pou yo domine sèlman jouskaske wayòm Kris la rive (vv. 9-10).

Pou sa ki gen pou wè avèk legliz la, Danyèl te ekri osijè de abondans wayòm sa:

- i.) Moun ki mache dwat yo resevwa li (v.22);
- ii.) Li bay moun ki mache dwat yo otorite ak pouvwa nan Wayòm nan (v.27).

San okenn dout, Danyèl te prezante yon avan gou wayòm Kris la. Jodi a, se legliz la k'ap jwi tout privilèj Wayòm sa. Jezi te di ke "...wayòm Bondye se nan nou menm ke li ye..." (17:21). Menm si ke konsomasyon final la se lè ke tout fanmi yo va rasanble avèk Seyè a.

Legliz jounen jodi a dwe genyen yon bon lide osijè de wayòm Bondye a. Pliske tèm sa pale anpil nan literati vetewotestamantè a, epi li nan akonplisman li jodi a. Nou dwe viv nan abondans wayòm sa, wayòm Bondye a, li menm k'ap fè nou tout ki kolabore nan akonplisman li vin pitit li.

### Kesyon Opsyonèl

- Ekri sa ke wanti ke Bondye anseye ou jodi a avèk etid lesion sa.

### Konklizyon

Genyen anpil wayòm ki te senbolize kòm bèt epi yo chak genyen karakteristik patikilye yo nan lachè ak fason ke yo te fewòs, yon bagay ki nòmal nan moun ki san Bondye a. Men li deklare grandè wayòm li an nan Pawòl li, li menm ki pa genyen okenn konparezon avèk okenn lòt sa ki soutè a. Sa se yon Wayòm ki san parèy ki pote esperans pou lèzòm.

# Manifestasyon fen mond lan

Sergio Solano (Pewou)

## Pasaj biblik etid la: Danyèl 8:1-27

**Vèsè pou aprann:** “Epi li di: ‘M’ap fè ou wè sa k’ap rive lè kòlè Bondye a va fin pase. Wi, lè pou tout bagay fini an pral rive.’” Danyèl 8:19

**Objektif lesson an:** Se pou elèv la reflechi sou gwo manifestasyon mechanste yo nan fen an ak gwo otorite fidèl Bondye a nan favè pèp li a.

## Entwodiksyon

Sa ki atire atansyon anpil nan Danyèl chapit 8 la se paske panorama pwofetik la pran fen jous nan vèsè 14. Nan rès vèsè yo ki nan chapit sa, e menm rive jouska chapit 12 la, yo ajoute plizyè deskripsiyon senbolik pa mwayen zanj Gabriyèl, yo menm ki baze espesifikman sou evènman yo ke nou jwenn nan chapit 7 ak 8 menm liv la.

Istwa ki rakonte nan vizyon Danyèl la se yon bagay ke moun pa kapab imajine yo; senboloji ak motif depase istwa ki atire atansyon nou. Plas jewografik baz vizyon sa se Oryan Mèd nan jou sayo.

### I. Vizyon mouton ak bouk kabrit la (Danyèl 8:1-14)

Sou twazyèm ane pouvwa Bèltechaza, Danyèl te wè yon vizyon ki te kòmanse avèk deskripsiyon yon mouton (mal mouton) ki genyen de kòn, ki te vini aprè yon bouk kabrit ki te genyen yon sèl kòn (vv. 1-5). Sa ki komik nan pasaj sa se jan sa montre ke kòman mouton an te kòmanse ap domine kat kwen latè. Li te anfle avèk lògèy epi aji kont tèritwa yo san ke pèsòn pat kapab estope li (v. 4). Sepandan, anpil tan pat pase pou pouvwa mouton sa te kaba avèk aparisyon bouk kabrit sa ki te sòti nan lwès (v. 5). Bouk kabrit sa te kraze mouton an avèk anpil severite, pandan ke li te blese epi kase kòn li yo. Anplis ankò, li te pilonnen li anba pye l yo, epi li pat genyen pèsòn pou defann li! (vv. 6-7). Konsa, bouk kabrit la te vin gen anpil pouvwa (v. 8). Sa ki atire atansyon moun nan istwa sa se kwasans bouk kabrit la nan yon nouvo dimansyon. Paske yon sèl kòn li an te kase, epi te vin genyen kat lòt ki te vin pouse nan plas li ki te siyale kat kwen latè (v. 8).

#### A. Objektif aparisyon bouk kabrit la

Nou dwe souliye ke reprezantasyon ti kòn ki mansyone nan Danyèl 8:9 epi ki te parèt byen vit kòn

kat kòn yo nan menm chapit la, se menm figi “ti kòn” ki nan Danyèl chapit 7 la. Objektif aparisyon li se te pou domine ak gouvène tout tèritwa ki sou latè yo, e menm “tè lagwa a” (Danyèl 8:9), li posib pou ke se Palestin. Mistè ke nou jwenn nan seksyon sa se yon bagay ki tris. Kòn sa t’ap chèche domine tout bagay tèrès ki te nan antouraj li, e menm syèl yo avèk tout sa ki ladan yo. Sa se daprè Pawòl la, rive posede pouvwa ke Gran Prens tout prens yo genyen an (v. 25). Atak sa gen pou I santre li pi plis nan “sanntyè” “Pren sila a”. Evènman dezolasyon sa ankouraje nou medite sou move entansyon lènmi an, nan istwa a ak objektif redanmsyon ki soti sèlman nan Bondye a, epi konsève yon espri de adorasyon ki dirab ke menm Bondye a te déjà mande pèp li a pandan tout jenerasyon.

#### B. Objektif prezans zanj yo

Migèl avèk Gabriyèl te fè aparisyon yo nan mitan konfizyon ak lapèrèz pwofèt Danyèl (vv. 15-16). Pwofèt sa te kapte dyalòg yo tou de. Yo te fè referans avèk manifestasyon pwolonje ensipòtab lespri malen sa yo. Espesyalman, sou reyalizasyon viktorye pou fen tan an yo; sa vle di, nan fen “2300 aprèmidi ak maten” (v. 14).

Sèn nan montre nou eksperyans espirityèl yon sèvitè ki nan konfizyon ak dezespwa paske li te bezwen yon entèvansyon diven imadyat. Youn nan zanj yo te kòmanse eksplikasyon ki nan Travay la, lè li te fè referans ak yon fen ki byen lwen vizyon sa.

Malgre ke se pa tèlman klè sou pwolonjman tan sa, entèpretasyon yo anpil, possibleman pou bay plas ak anpil entèpretasyon fè istorik ak apokaliptik.

Nou dwe souliye ke, deklarasyon ke zanj Gabriyèl la te fè Danyèl la pat yon konsolasyon ase; sa ki te lakoz gwo feblès nan pwofèt, jouskaske li te bezwenn reprann fòs a epi akonpnye pa mwayen zanj lan (v. 18).

## Kesyon Opsonèl

- Daprè Jenèz 15:9, 22:13; Egzòd 12:5, 29:1,27; Levitik 1:10, 5:15; ak Detewonòm 14:4, kisa ke yo te konn fè avèk de bét sa yo (mouton ak bouk kabrit la) nan Ansyen Testaman?

## II. Gabriyèl esklike vizyon Danyèl la (Danyèl 8:15-27)

### A. Siyifikasyon belye mouton an ak kabrit la

An rezime, se zanj Gabriyèl ki te eksplike reprezentasyon destriktiv chak animal sa yo. Mouton an te reprezante pouvwa Mèd ak Pès (v. 20); epi bouk kabrit la te reprezante Lagrès (v. 21).

“Lè ti wa sa yo va rive nan bout yo, lè y'a fin fè kont peche yo, gen yon wa k'ap parèt, l'ap san respè pou Bondye, l'ap woule tout moun” (v. 23). Epi dènye sa va parèt avèk gwo pouvwa li, gwo fòs ponyèt li pou domine avèk gwo kòlè, avèk yon gwo kategori politik ak militè. L'ap chèche genyen tout pouvwa ke lèzòm genyen. Li te pran tout tèritwa jewografik yo pou li, li te domine anpil moun k'ap viv sou latè, epi li te menm rive pèsekite pèp Bondye a (vv. 24-25).

### B. Dominasyon san fen ak pouvwa ti kòn nan

Malgre Bib la dekri yon final nan kè kontan nan lavni konfòm avèk aparisyon kòn sa ki reprezante yon gouvènman enperyal; penetrasyon li nan limanite ak pèp Bondye a gen pou fèt nan yon fason ki izole nan tan ak espas ke sa gen pou rive a. Avan pou mal sa ta detwi, fòk ta genyen anpil tan ki pase. Pou Danyèl, vizyon sa te yon eksperyans ki bay anpil kè sote. Pliske li te déjà vle wè Seyè a k'ap parèt nan glwa li ansanm avèk kominote jwif la ki se pèp kontra a. Se pandan, lè li te konprann tout tan ki te gen pou pase pou ke konsolasyon ki soti nan Bondye a te parèt, pwofèt sa te tèlman pè, li te endispoze. Konbyen fwa ke anpil fwa legliz la pa gen pasyans pou li fè eksperyans ak move moman yo! Sepandan, Seyè a pare pou l ban nou fòs nan mitan dezolasyon nou yo, menm jan ke zanj Gabriyèl te reyaji fas avèk reyakson Danyèl la, sèvitè Bondye a (Danyèl 8:18).

## Kesyon Opsonèl

- Istorikman, ki nasyon sa yo ki te pwotagonis nan Danyèl chapit 8 la?
- Kòman Danyèl te santi li aprè li te fè wè vizyon an ak resevwa entèpretasyon an? Daprè ou menm, pou kisa w kwè li te santi l konsa?

## III. Pozisyon entèpretasyon pasaj biblik la yo (Danyèl 8:1-27)

### A. Senbòl mouton an nan liv Danyèl la (vv. 1-4)

Nan Danyèl chapit 8:3, nou jwenn premye imaj vizyon an: Yon mouton; men, sa se pat yon bét menm jan ak sa ki dekri nan chapit sèt la. Animal sa (mouton an) te reprezante yon nasyon oubyen yon gouvènman (v.20). Nou dwe sonje lizay reliye ke yo te konn bay bét sa, mouton an, nan mitan pèp Bondye a. Sa se te pou fè sakrifis nan sanntyè a chak jou. Animal sa toujou fè moun sonje sakrifis Jezi sou bwa kalvè a, li menm tou ki te pote non Mouton Bondye a (Jan 1:29).

Nan Danyèl chapit 8, nou jwenn vrè siyifikasyon deklarasyon zanj Gabriyèl te fè nan sèn nan (v. 20). Deskripsyon sa te anonse destrikson Babilòn nan mwens de dis lane, akoz ke wa Bèltechaza t'ap mal gouvène.

Se yon bagay ki etranj anpil se ke nou rekonèt yon mouton kòm yon bét ki dou, epi kounye a nou jwenn ke se li menm ki manifeste tankou yon chen mawon ki leve kont tout moun. Tout deskripsyon ak karaktè “militè” sa reponn istorikman ak kanpay byen vyolan ke peyi Mèd ak Pès la te aplike kont lwès, nò ak sid. Istwa di ke nan batay sa te genyen yon bon kantite pouvwa ki te dekline tankou, Si II, gran operatè Pès la, ak pitit li a Kanbiz II; wayòm Lidi yo ki te plase li nan lwès; epi yon ti tan aprè se te peyi Babilòn, nan nò; ak Lejjip, nan sid. Sèlman nan yon espas de venndezan, wayòm sa yo te tonbe anba men Mèd ak Pès, selon Danyèl 8. Sèn sa sanble ak sa ke Danyèl te dekri nan chapit 7 la, sou twa gouvènman ki te senbolize pa twa kòt nan bouch chen mawon an (Danyèl 7:5).

Menm jan avèk mesaj ki nan Revelasyon an, nou pa dwe konsantre nou sou evènman destrikson yo; men pito sou esperans ak konsolasyon pou pèp Bondye a. Danyèl ak pèp Izrayèl la te viv menm bagay sa tou. Jous nan moman sa, gouvènman Mèd ak Pès la te etann li pandan de syèk, sa vle di, depi nan ane 539 pou rive nan ane 33 l av.K.

### B. Senbòl bouk kabrit la (vv. 15-18)

Nan seksyon sa a, bouk kabrit la te reprezante twazyèm gouvènman greko-masedwàn nan (v. 21). Li klè ke nan peryòd istorik sa, dezyèm gouvènman an (medo-pès) te vin tonbe anba dominasyon peyi Lagrès la; pliske animal sa te soti depi nan lwès. Nan Danyèl 8:8, yo dekri otorite menm animal sa; men nan okazyon sa, kondisyon li se te plis pou mete divizyon. Sèl kòn li an ki te déjà montre karaktè yon gwo pouvwa brital depi nan kòmansman, lè li te reprezante Aleksann III peyi Masedwàn, li pat pase plis pase wit ane sou pouvwa a; li te déjà mouri avan lè li. Reprezantasyon kòn kase sa ta pwovoke nesans kat lòt kòn: Kat wayòm, men avèk mwens fòs. Ni nan chapit sèt la kòm nan chapit wit la, yo fè divizyon enperyal sa. Zanj Gabriyèl dekri deklarasyon evènman istorik la nan vèsè 21 ak 22.

## C. Ti kòn brital divizyon an (vv. 9-13)

Nan Danyèl 8:9-12, yo fè referans ak aparisyon sovaj "ti kòn nan"; ki te pwisan anpil epi kanpe sou destrikson masiv. Se li menm ki ta gen pou l' detwi sa ki pi fò yo, e menm sa ki pi mal yo, menm ptit Bondye yo tou. L'ap yon koken ki la pou twonpe moun epi l'ap parèt avèk gwo kolè kont Prens tout lòt prens yo (v.25).

Sa ki etranj lan se paske antite sa k'ap fè aparisyon I lan ap rive afekte mond relije a tou atravè eleman politik ak militè li. Se tèlman vrè, zanj lan te déjà fè referans ak sa nan deskripsyon li a (v.25), Pawòl Bondye a fè referans ak yon entèvansyon sinatirel, kèk siyal ki kapab fè nou panse avèk yon kontèks ki plis pa gen rapò ak revelasyon ke istorik.

Meditasyon ke nou rive fè konsènan fen tan yo ak konsekans dominasyon yon move dominasyon ki reprezante pa yon pouwva tèrèsa gen pou wè avèk lizay senbolik de bët ke yo te konn itilize kòm sakrifis yo nan lye sen an pou Seyè a (v. 14).

Reprezantasyon animal sa, plis entèvansyon "ti kòn nan", ta kapab yon pouwva "relijye" epi ki predomine sou tout lòt aspè politik-relijye, nan eseye otorite li sou baz mansonj, menas, e menm pèsekisyón, tankou pa egzamp menm jan avèk dezolasyon ki te anrejistre nan tan pase yo nan Jerizalèm; oubyen gwo kwazad pouwva katolik women nan dènye syèk limanite a. Yon lòt fwa ankò nou dwe sonje ke pou "ti kòn sa" pa genyen okenn reprezantasyon senbolik yon animal; se tou senpleman yon nouvo fòs pwisan ki pran otorite li pou dirije tout "tè laglwa a" (v.9). Sou ti kòn sa, li menm ki genyen enterè li dekri espesyalman anvè sid, oryan, ak "tè laglwa a"; nou konkli pou nou di ke aparisyon li soti nan nòdwès, aprè divizyon pouwva Aleksann nan; sa vle di, lanpi women an. Lè gouvènman sa t'ap kòmanse, malgre li te piti anpil, aprè sa li te vin devlope pouwva li sou lòt yo; epi san dout, nan pwosesis sa a, li te rive mete lapat sou Jide, nasyon jwif yo: "Tè laglwa".

Nan Danyèl 8:10, nou li: "Li grandi toujou, jouk li rive atake lame ki nan syèl la, zetwal yo menm. Li jete kèk ladan yo sou latè, li pilonnen yo anba pye l'"'; nou poze tèt nou kesyon ke si nan ka sa li fè referans ak yon Wòm enperyal nan jou nou yo kote l'ap chèche depase pouwva politik pou zafè relije ak espirityèl la. Si entèpretasyon enkyetan sa ta reyèl vre; ebyen nou ta sipoze kapab dekri pèp Bondye a kòm pèp ki plis pèdi ak imoral nan reyon, katolisus women an. Selon Danyèl 8:13, pouwva ki manifeste kont "sakrifis dirab la", kapab elaji pou anpeche manifestasyon delivrans ki toujou la pou limanite a atravè gras Bondye a (I Timote 2:5; Ebre 7:25). Sou sa, istoryen A.C. Flick ekri: "Nan mitan destrikson Wòm politicize a, te genyen yon gouvènman moral ki te pran nesans sou fòm

"jeyan" legliz Womèn nan" (Flick, A.C. The Rise of the Medieval Church. EE. UU.: Ed. GP. Putnam, 1900, p.150).

## D. Tan final ki bay kè sote a (vv. 14-27)

Bib la di konsa: "Lòt zanj lan reponn: -Se pou nou tann mil sansenkant (1150) jou ankò pase anvan yo rekomanse ak ofrann bët pou Bondye yo. Se lè sa a Bondye va rebati tanp li a ankò" (v. 14). Petèt gwo enpresyon ke Danyèl te genyen an se osijè de pwolonjman tan an; se poutèt sa ke li pat kapab sipòte enpresyon de yon moman soufrans tèlman long kont pèp li a, Bondye I la ak sanntyè a.

Pou pèp Bondye a se pap yon bagay k'ap ditou fasil pou fè fas ak gwo boulvès ke malen an va prezante atravè yon pouwva tèrèsa, avèk degizman relije ak entansyon ki bay anpil doulè. Pawòl Bondye a di nou nan Revelasyon 18:4-5: "Apre sa, mwen tande yon lòt vwa ki t'ap soti nan sièl la, li t'ap di: Nou menm pèp mwen, wete kò nou nan mitan lavil sa a, pou nou pa patisipe nan peche l' yo, pou nou pa tonbe ansanm avè l' anba kalamite ki pral frape li yo. Paske, peche l' yo fè pil sou pil rive jouk nan sièl la. Bondye chonje tou sa li fè ki mal".

Nou pa dwe rete endiferan fas ak verite Bondye a ki eksprime nan plan delivrans li yo; se pou nou rete fò epi fèm nan ak tout atak ke lènmi an ap fè kont pèp Bondye a. Se anpil metòd, anpil estrateji ak anpil konplo ke satan ap pretann aplike kont tout sa ki rele levanjil oubyen krisyanis la. Se pou nou rete fidèl ak Bondye nou an jouk sa kaba!

Ann nou konsantre nou nan "ti kòn nan" li menm k'ap prezante yon "nouvo sakrifis" lè l'ap atake tout verite Bondye yo. Pou akonpli objektif la "ti kòn" sa pral kreye yon nouvo sasèdòs ak plizyè nouvo lotèl adorasyon. Pou Danyèl, mesaj sa ta siyifi yon atak kont Bondye ak pwomès restorasyon li yo.

## Kesyon Opsyonèl

- Daprè ou menm, ki rezon ki fè ke Bondye te itilize senbòl mouton an ak bouk kabrit la?
- Tout evènman sa yo difisil anpil pou moun entèprete, men, kòman nou prepare nou pou moman difisil ki gen pou rive yo?

## Konklizyon

Se sa ki fè, nou dwe pran kouraj nan lajwa ak retounen Seyè nou an Jezi ki se Kris la. Nou rete kwè avèk tout kè nou ke tout bagay ki mal yo gen pou fini; epi pandan moman sa, ann kenbe fèm ak gwo konfyans nou nan Bondye. Ann pa gade okenn pwen kadinal; men pito anlè, sou vrè Bondye a: "Avèk Bondye bò kote nou, n'a fè bël bagay nan lagè. Se li menm k'ap kraze lènmi nou yo anba pye l'" (Sòm 60:14). Amèn.

# Lapriyè, pi gwo nan resous yo

Raúl Soto López (Chili)

## Pasaj biblik etid la: Danyèl 9:1-27

**Vèsè pou aprann:** “O Bondye papa nou! Tanpri, tande lapriyè sèvitè ou la ap fè nan pye ou. M’ap mande ou, tanpri souple, voye je ou sou tanp ou a ki fin kraze, pou tout moun ka konnen se Bondye ou ye.” Danyèl 9:17

**Objektif lesón an:** Se pou elèv la reflechi sou kantite gwo benediksyon ak byenfè Bondye yo ki pou fè li devlope yon vi de priyè, menm jan ak Danyèl.

## Entwodiksyon

Pwofèt Danyèl te gen chans devlope ministè li pandan li te twouve li nan esklavaj. Yo te mennen li nan peyi Babilòn nan premye depòtasyon jwif yo te resevwa anba atak wa Nebikatneza (605 av.K.). Nan fason sa, yon pati nan pwofesi pwofèt Jeremi an te akonpli, li menm ki te deja anonsé destrikson tanp Bondye a avèk Jerizalèm (Jeremi 25:11).

Danyèl te viv nan moman ke wayòm wa Nebikatneza t’ap klere a, epòk sa te konsidere kòm epòk lò pou peyi Babilòn, Decheyans wayòm nan men Bèltechaza, rive fè fas ak nesans wayòm moun peyi Mèd ak Pès yo sou manda wa Si, li ta vin tounen yon pwen enpòtan pou restorasyon wayòm Izrayèl la.

Danyèl te jwe wòl li kòm pwofèt pandan plizyè ane; men lè li te kòmanse antre nan laj epi wè ke esklavaj la te prèske genyen 70 zan, Danyèl te etidyé liv Jeremi an kote li te jwenn kantite ane esklavaj la te dwe dire. Sa te fè li priye Bondye anpil pou ke Li te akonpli pwofesi li a (Jeremi 25:11-13).

## I. Danyèl priye pou pèp li a (Danyèl 9:1-19)

### A. Lapriyè

Lè li te fin fè rankont avèk Pawòl la nan liv pwofèt Jeremi an, dezi chèche fas Bondye te monte sou kè Danyèl atravè lapriyè. Yon dife devoran te kòmanse limen nan kè li.

Nan menm fason ke Bondye te ankouraje Danyèl chèche fas li a, se menm jan tou li mande nou pou ke nou chèche fas li kounye a. Li vle pou nou genyen yon dife devoran pou nou chèche prezans li atravè lapriyè (Sòm 105:4; Amòs 5:4).

Danyèl pat sèlman priye, men tou li te chèche Bondye nan lapriyè (Danyèl 9:3). Priyè a avèk siplikasyon an se de bagay ki byen sanble avèk lapriyè a; sepandan, pawòl sa genyen yon siyifikasyon ki san parèy.

David Reagan bay yon definisyon nan adrès li a ki genyen pou tit “Learn the Bible”: “Daprè istwa

mo siplikasyon an, li te fè referans ak yon soumisyon total ajenou oubyen fas atè. Plenyen oubyen sipliye se mande avèk anpil imilite epi byen serye. Li plis fè referans ak konpòtman ke nou afiche nan lapriyè nou”.

Plenyen oubyen sipliye Seyè a montre depandans nou nan mizèrikòd Bondye. Se konprann ke se sèlman li menm ki gen kontwòl tout bagay ak otorite; epi pa genyen yon lòt. Bondye san parèy epi li pa kapab konpare ak pèsòn lòt.

### B. Jèn nan

Danyèl pat sèlman pran desizyon li pou chèche Bondye nan lapriyè; Pawòl la di tou ke li te chèche li atravè jèn (v. 3). Sa se youn nan zam ki plis pwisan ke Bondye dispoze pou kretyen an. Pou nou itilize zam sa, nou dwe konprann li epi konnen kijan pou nou itilize li. Se konsa, nan Ezayi 58, Seyè a te reprann pèp li a, paske yo te konn ap plede fè jèn, pandan ke yo te konn ap viv diferan de fason ke li te mande yo viv. Se sa ki fè ke obeyisans lan enpòtan anpil nan moman ke n’ap chèche Bondye atravè jèn. Jèn san Pawòl la se sèlman yon pwolonjman grèv de fen. Se poutèt sa, obeyisans pandan moun nan ap jene a genyen yon gwo enpòtans nan rechèch li a. Se moman ke nou tout mete apa pou ke nou fè yon rankont sèlman avèk Jezi ki se Kris la.

Nan Nouvo Testaman, nou wè ke menm Seyè a nou an Jezi ki se Kris la te fè jèn tou. Konsa, aprè ke Jezi te fin batize, Lespri Bondye te mennen li nan dezè a kote ke li te jene pandan karant jou ak karant nwit (Matye 4:1-2). Seyè a Jezi nou an fè nou konnen tou ke genyen anpil gwo move lespri ki pap soti, sa vle di ke ki pap kapab chase, si se pa atravè jèn avèk lapriyè. Nou li nan Mak 9:29: “Li di yo: -Se lapriyè ak jèn sèlman ki pou fè kalite lespri sa a soti”.

Jèn nan enpòtan anpil pou ke Bondye kapab koute lapriyè nou yo, epi yo kapab genyen repons pozitif ki soti nan volonte Bondye.

## C. Silis

Silis la se yon gwo wòb ke yo te konn itilize nan tan lontan kòm siy de dèy oubyen tristès. Sepandan, nan anpil sèk kretyen, silis la vle di kite kabann epi dòmi atè pou chèche Bondye. Sa rive pase paske nan kèk vèsè nou jwenn kijan moun yo te konn bese tèt yo rive tous atè e menm dòmi nan sann dife (Estè 4:3; Jonas 3:6). Men yo pat konn toujou fè de bagay sa yo.

Menm si ke nan moman ke n'ap viv la, nou pap bezwen demontre doulè nou avèk yon abiman ke moun kapab wè; men wi nou dwe mete abiman sa nan kè nou. Nou dwe sonje ke abiman sa pa dwe mete akoz de yon bagay ki chanèl oubyen egoyis; men pito akoz de lanmou nou pou Seyè a ak travay li lè ke Sestespri li dirije nou fè sa.

Kouche nan sann dife a te yon ekspresyon de imilyasyon ak pi gwo doulè pou moun k'ap viv nan Mwayen Oryan yo nan tan lontan. Jan nou sot déjà di li, nou menm nou pap bezwen kouche nan sann dife pou demontre ke nou santi doulè oubyen nou imilye nou devan Seyè a. E poutan, siyifikasyon ke pratik sa te genyen an dwe fè pati de sa kè nou santi.

Nan lapriyè Danyèl la, li te konfese li devan Bondye pou peche li yo ak peche pèp la (Danyèl 9:4-6). Malgré li te rete fidèl ak Bondye nan peyi Babilòn, epi Bondye te revele li anpil gwo bagay, Danyèl te genyen imilite pou ke li te rekonèt ke li pat gen plis enpòtans pase lòt yo. Lapriyè li a te touche kè Bondye, epi san ke Bondye pat menm kite I fini, Seyè a te voye zanj Gabriyèl al pale avèk li (Danyèl 9:20-21).

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa w panse de lapriyè demann ke Danyèl te fè pou pèp Izrayèl la ki se pèp li?
- Ki eleman oubyen mwayen lagras ke nou genyen sou dispozisyon pou ke nou pwoche nou bò kote Bondye?

## II. Manifestasyon Bondye a (Danyèl 9:20-23)

### A. Gen Bondye

Danyèl 9:20-21 di konsa: "Mwen t'ap pale toujou nan lapriyè a, mwen t'ap rekonèt peche m' yo ak peche pèp Izrayèl la, pèp mwen an devan Bondye. Mwen t'ap mande Seyè a, Bondye mwen an, gras mizèrikòd pou mòn ki apa pou li a."

Wi, mwen t'ap pale toujou nan lapriyè a, lè Gabriyèl, zanj mwen te wè nan premye vizyon an, vole desann kote mwen te ye. Se lè yo te konn fè ofrann bèt aswè a".

Vèsè sa montre nou byen klè ke lè nou chèche Bondye, asireman, n ap jwenn li. Li manifeste lè lafwa nou kòrèk: Kwè nan yon Bondye ki vivan, reyèl epi ki la. Epi aparisyon zanj Gabriyèl la (pat nan yon vizyon ankò, men pito an pèsòn) se te yon manifestasyon sinatirèl ke Bondye te fè (v.21). Lè nou priye Bondye, nou dwe apwoche nou avèk lafwa epi fèm asirans ke n'ap jwenn yon repons

k'ap soti nan Bondye. Konsènan tout sa, Pawòl Bondye a egzòte nou nan fason sa: "Nou konnen pesonn pa ka fè Bondye plezi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kot Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun k'ap chache li" (Ebre 11:6).

Pou nou kapab resewva yon repons nan men Bondye, li enpòtan pou lafwa nou reyèl, fèm epi fonde nan egzistans Kris la. San lafwa sa, li enposib pou nou fè Bondye plèz; epi si nou pa fè l plèz, pap genyen okenn repons. Kòman nou ta kapab fè resewva repons yon moun ke nou pa menm konnen si li egziste!

Danyèl te chèche Bondye avèk tout kè li. Se menm jan tou, jennom sa te itilize tout resous ke li te aprann konfòm ak relasyon li avèk Bondye. Sa demontre ke Danyèl te konnen Bondye te la, epi Li te kapab ba li yon repons pou lapriyè l la. Sa montre nou ke lè nou priye Bondye, nou dwe fè li avèk tout lafwa nou ki montre ke Li reyèl; epi li toujou la, epi li pare non sèlman pou ke li tande nou, men tou, pou Li ban nou yon repons.

### B. Bondye manifeste

Bondye ke Danyèl t'ap priye a se yon Bondye ke li te wè nan vizyon; epi li pat janm gen dout si li te reyèl. Lafwa li te solid epi byen simante, kote ke pat genyen anyen ni pèsòn ki te kapab fè li souke, li pat jam montre feblès pou abandone lafwa non plis, men si sa te kapab koute l lavi li.

Nan okazyon sa, Bondye te ale pi lwen; li te pèmèt ke zanj Gabriyèl te manifeste vizibman epi pi prè (v.21). Sa te yon evènman enpresyonan pou pwofèt la; paske se te ale pi lwen pase nenpòt repons ke li ta kapab rete tann nan men Bondye nan lapriyè li. Sa ede nou panse ke anpil fwa, nou kapab priye epi rete tann yon repons ki gen pou wè avèk lafwa nou. Nan moman sa yo ke lafwa nou fè n'ap rete tann yon bagay la; men Bondye kapab sippren nou lè li ban nou plis pase sa ke nou t'ap mande a (Efezyen 3:20-21).

Lafwa pa sèlman santre sou asirans ke Bondye ap reponn nou; men tou Li la ansanm avèk nou, epi li prè pou l voye zanj li yo vin pote nou sekou (Lik 22:43).

Danyèl 8:16 di konsa: "Mwen tande yon vwa moun ki soti lòt bò larivyè Oulayi a ki t'ap di: -Gabriyèl! Esplike nom sa a vizyon an non!". Bondye kapab itilize anpil fason diferan pou l reponn demann ke nou fè li yo. Konsa, nan okazyon sa, lè ke Danyèl t'ap priye a, se yon zanj ke Bondye te voye. Menm si ke Bondye te kapab itilize nenpòt lòt manifestasyon. Ann priye non sèlman avèk lafwa nan repons lan; men tou, avèk tout konfyans ke Bondye va jwenn glwa atravè lafwa nou nan Li ki genyen tout pouvwa a.

### C. Bondye bay konpreyansyon ak sajès

Danyèl 9:22-23 di konsa: "Li vini, li pale avè m'. Li di

m' konsa: -Danyèl, koulye a mwen vin la a pou m' ede ou konprann mesaj la. Depi lè ou te fèk konmanse ap lapriyè nan pye Bondye a, li te gen tan reponn ou. Se mesaj sa a mwen vin fè ou konnen. Ou se yon moun Bondye renmen anpil. Koulye a, louvri zòrèy ou pou ou ka konprann sans vizyon an byen".

Ala bèl pawòl sa yo te dwe bèl nan zòrèy ak kè Danyèl! Bondye te bay Danyèl repos sa; paske li te renmen I anpil. San okenn dout, nou kapab aprann anpil osijè de vèse sa yo. Nou kapab sèten ke repos Bondye yo toujou vini nan yon fason ki sinatirèl; paske kominyon Danyèl avèk Bondye te pwofon epi solid. Genyen anpil moun k'ap chèche yon repons ak yon manifestasyon sinatirèl ki soti nan Bondye; men lavi yo montre sa ki kontrè. Yo pa menm genyen yon relasyon ki pwofon nan lafwa, yo pa menm genyen yon lavi ki konfòm ak kòmandman Bondye yo. Sa dwe fè nou reflechi sou lè ke nou vle resevwa yon repons nan men Bondye, nou dwe genyen yon lavi ki san tach kòm sipò. Danyèl pat sèlman montre lafwa li nan moman lapriyè a, men tou li te montre li nan fason ke li te viv nan sentete. Nou dwe sonje ke repons Bondye a gen pou wè avèk yon bon temwayaj pandan tout lavi a.

Se Bondye ki te bay konpreyansyon ak sajès pou konprann vizyon an. Chanèlman, Danyèl pat konprann li konsa, melgre li te resevwa li avan; men aprè, Bondye te ouvri lespri ak kè Danyèl pou ede li konprann. Menm jan tou ke Bondye sèvi avèk nou. Si nou mande Li, l'ap ban nou sajès ak entèlijans pou ke nou konprann repons ke L'ap bay la (Pwovèb 2:6).

### **Kesyon Opsyonèl**

- Defini epi eksplike avèk pwòp pawòl pa ou kisa sa vle di "manifestasyon Bondye".
- Èske w kwè ke Bondye kontinye manifeste nan epòk ke n'ap viv la? Eksplike?

### **III. Repons Bondye a (Danyèl 9:24-27)**

#### **A. Restorasyon Izrayèl**

Nou dwe sonje byen ke Danyèl t'ap chèche yon repons nan men Bondye konsènan dosye peryòd esklavaj kote li menm avèk konpatriyòt li yo t'ap viv nan peyi Babilòn nan. Danyèl te konnen ke te genyen yon pòsyon nan Bib la ki te di ke Bondye ta gen pou l pote yon restorasyon, epi konsa mete fen avèk peryòd esklavaj pèp Izrayèl la.

Konsa, sa ke zanj Gabriyèl t'ap revele Danyèl la se te epòk egzat ke sa ta gen pou li rive a; men nan menm tan tou, li ta gen pou l fè li rive pi lwen ke tout sa yo (Danyèl 9:24). Li te fè l konprann ke vrè libète a pat vini sèlman pou restore Izrayèl; men pito, avèk vrè sakrifis pafè a, li t'ap gen pou l fè yo lib anba tout esklavaj espirityèl.

Nan Danyèl 9:25 nou wè kòman pwofesi a te kòmanse akonpli sou wa Si a, lè li te bay lòd pou konstriksyon Izrayèl la, epi sa ki te rive sou entèvansyon Neyemi an.

### **B. Tan yo**

Prèské tout moun k'ap fè kòmantè yo rive dakò ke swasann dis "sèt" yo dwe konsidere kòm swasann dis "semèn" nan ane yo; nan plizyè lòt mo, yon peryòd de 490 ane. Vèsè sa yo montre yon espès de "relò" ki bay yon lide sou kilè ke Kris la te dwe vini an avèk kèk lòt evènman ki ta gen pou akonpanye aparisyon li. Pwofesi a montre divizyon 490 ane yo pa plizyè inite: Youn se 49 ane, lòt la se 434 ane, ak yon lòt ki genyen sèt ane.

Dènye "semèn" sèt ane yo sibdivize pa mwatye, nou li sa nan Danyèl chapit 9:25.

Danyèl te konprann ke se pa lòm ki dirije vrè peryòd libète a; men pito se Bondye ki responsab pou fè sa, epi tout bagay gen pou pase jan ke Li menm li vle sa fèt. Se konsa, repons lan montre ke lè ke n'ap chèche Bondye, nou dwe pare pou ke nou obeyi daprè jan ke li deside aji.

Koze restorasyon an se te yon bagay ijan; men pou Bondye, lè a pot ko rive. Se sa ki fè ke Bondye te montre sèvitè li Danyèl objektif ke li te genyen an.

### **C. Krisifiksyon an**

Nan Danyèl 9:26-27, nou li yon gran revelasyon. Vèsè sa yo pale de krisifiksyon Seyè nou an Jezi ki se Kris la sou kwa a, Moun ke Bondye te chwazi a. Pi lwen konpreyansyon pwofesi a, se ke nou dwe aprann la a ke repons Bondye te bay pou lapriyè Danyèl la te klè epi dirèk. Lè nou chèche Bondye nan yon fason ki kòrèk, se menm jan ke nou va resevwa repons lan nan yon fason ki dirèk tou.

Petèt, anpil fwa, repons lan pa vini jan n'ap rete tann li an; men, chèche Bondye avèk yon kè ki sensè e vrè se chèche li avèk yon lespri obeyisans total ki fè nou pare pou ke nou resevwa nenpòt ki repons epi obeyi nan fason ke Bondye deside l la.

### **Kesyon Opsyonèl**

- Èske w kwè ke obeyisans total la nesesè pou nou kapab resevwa repons nan men Bondye? Pou kisa?
- Èske Bondye ta dwe analize plan ke nou genyen yo, avan ke li bay yon repons pou lapriyè nou yo?
- Èske w te déjà fè eksperyans lavi devosyon sa ak Bondye? Si w poko fè li, èske w ta renmen aksepte defi a? Menm Bondye jodi a, se li menm ki te Bondye Danyèl la.

### **Konklizyon**

Lapriyè a se pi gwo resous ke yon kretyen kapab posede; men nan menm tan tou, li se youn nan pi gwo defi yo, pliske sa mande nou anpil bagay pou ke nou kapab wè glwa Bondye manifeste. Paske sa mande yon obeyisans ki total pou nou kapab konprann repons la, aksepte epi viv li nan tan Bondye. Ann pa sispann priye; okontrè, ann pèmèt ke sa ankouraje nou viv yon lavi ki aktive glwa Bondye sou nou!



# Chèche Seyè a nan moman konfli yo

Marco Rocha (Ajantin)

**Pasaj biblik etid la:** Danyèl 10:2-21

**Vèsè pou aprann:** “Li di m’ konsa: ‘Ou pa bezwen pè, Danyèl. Bondye te tandé lapriyè ou la depi premye jou ou te pran desizyon soumèt ou devan Bondye ou pou ou te ka rive gen bon konprann. Se poutèt lapriyè ou la mwen vin ba ou repons Bondye a.’” Danyèl 10:12

**Objektif leson an:** Se pou elèv la deside chèche Seyè a avèk anpil kouraj, espesyalman nan moman difisil yo.

## Entwodiksyon

Kòmanse klas la pandan w ap mande elèv ou yo kòman yo reyaji fas ak konfli ak sitiyasyon difisil ki prezante devan yo nan lavi a. Aprè sa, ekri yon lis sipò sou tablo a. Aprè sa, montre kijan sa enpòtan pou moun chèche Bondye nan moman difisil yo nan lavi a. Ou kapab mande kèk temwayaj tou ke w konsidere ki kapab itil pou ede w pi byen kòmanse etid la.

Twa dènye chapit liv Danyèl yo dwe konsidere kòm yon sèl init, kote ke nou jwenn aksyon gouvènè yo ki nan mond lan avèk afliksyon pèp Bondye a jouskaske wayòm li an konsonen. Revelasyon sa ki genyen plizyè aspè diferan konfòm avèk revelasyon ke Danyèl te fè avan yo, sa te pèmèt li konn glwa Bondye a pi byen ak manifestasyon pouwva li nan moman konfli yo pou pèp li a; sa ki gen pou rive pran fen jous nan dènye jou a tou. Pasaj Danyèl chapit 10 la fè nou konnen enpòtans jèn nan pi byen, admire bote Bondye a epi bay Pawòl li a valè.

## I. Jèn nan, yon zanm pwisan (Dan. 10:1-3)

Kat ane te gentan pase depi vizyon swasann dis semèn yo, nan yon tan konfli politik epi fas ak yon lavni ki te parèt san ensèten pou pèp Bondye a, Danyèl te déjà gran moun, li te deside kòmanse yon kanpay lapriyè ak jèn. Se konsa, yon tan ke pwofèt Danyèl te defini kòm afliksyon, li deside chèche prezans Bondye ak sekou li pi plis toujou. Epi mwayen ke li te itilize pou l te reyalize objektif sa se te kote li te sispann manje ak bwè (v.3). Nan sans sa a, yon lòt kote, li t’ap fè tout sèvis li nan rechèch fè yon pi bon bagay: Prezans Bondye ak gid li pou fè volonte li. Sa te pote anpil rezulta imedyat pou tan pwofèt sa; menm jan ke li pral fè enpak sou letènité tou.

Lè nou twouve nou fas ak plizyè konfli diferan nan lavi, genyen anpil nan yo ke nou pat jamz espere, ki mande pou ke nou pran yon desizyon sou kòman pou nou kontrekare yo; li posib pou ke nou tante plonje nan tristès ak doulè. Nan anpil tan tankou sa yo, disiplin

espirityèl tankou jèn, lapriyè oubyen lekti Pawòl yo va pèmèt ke lespri ak kè nou enkline sou Bondye. Tout bagay sa yo ap fè nou antre pi fon nan kominyon nou avèk Li; ranfòse lafwa nou epi grandi espirityèlman lè nou konsantre nou espesyalman sou objektif ki pap janm fini yo sou tout batay n’ap deklannche chak jou yo. Se poutèt sa, nou dwe konsidere jèn nan kòm yon zam pwisan, espesyalman nan moman konfli yo.

Men kisa Taylor di osijè de tout sa: “Jèn nan se yon disiplin espirityèl, ki genyen relasyon avèk lapriyè jeneralman ki se yon bagay ki mache ak abstainans volontè de tout aliman. Tèm nan kapab itilize nan sans jeneral sispann tout aktivite nòmal yo oubyen plezi nan objektif pou mete plis tan apa pou lapriyè a. Pa egzanp, sispann dòmi, rekreyasyon oubyen woutin travay ki se yon bagay ki nòmal” (Taylor, Richard. Diccionario Teológico Beacon. EE. UU.: CNP, 1984, p. 81).

Kounye a li rete pou nou menm nou adopte disiplin espirityèl sa nan benefis kominyon nou avèk Bondye, epi espesyalman nan jou ki plis difisil yo nan lavi nou.

Yon lòt kote, genyen kèk danje ki gen relasyon avèk abi kont disiplin espirityèl sa ke nou dwe souliye lè na va genyen pou nou itilize zam pwisan sa pou kwasans espirityèl nou. Youn nan danje sa yo se kwè ke jèn nan se pou yon enterè pèsonèl, jan Pawòl la mansyone sa nan Ansyen Testaman an: “-Pale ak tout moun ki nan peyi a ansanm ak prêt yo tou. Mande yo pou mwen: Sa fè swasanndizan depi n’ap fè jèn, depi n’ap pran lapenn sou chak senkyèm ak setyèm mwa. Eske se pou mwen nou te fè tou sa?” (Zakari 7:5). Si jèn nan se pa gen pou wè avèk Bondye; ebyen se sèlman yon pratik chanèl k’ap bay rezulta ki pap edifye ni fè moun grandi espirityèlman, men pito se kontrè, li fè nou ale lwen li pliske nou mize efò nou, lespri avèk kè nou nan nou menm ak reyalite nou. E poutan, lè ke nou konsantre nou sou Bondye, nou dechaje nou de pwòp enterè ke nou genyen pou ke nou obeyi ak volonte li.

Lòt danje ankò, se lè ke nou panse ke avèk jèn nan nou kapab jwenn favè Bondye, menm jan ke Seyè a Jezi ki se Kris la anseye nou sa nan istwa sou farizyen ak piblikan an kote ke farizyen an t'ap gonfle lestimak li paske li te konn fè "jèn de fwa pa semèn" (Lik 19:12), Pandan ke li te mete konfyans li nan tèt li kòm moun ki san peche epi li t'ap dezapresye lòt yo li te menm inyore piblikan an ki te bò kote l la, ki t'ap mande padon pou peche li yo, ki ta resevwa gras nan men Bondye avan li (Lik 18:9-14).

Finalman, lòt danje ankò se demontre relijyozite oubyen fè lòt moun wè nivo espirityalite siperyè ke yo genyen. Seyè nou an Jezi ki se Kris la te avèti nou osijè de sa nan Matye 6:16, kote ke nou li: "Lè n'ap fè jèn, pa pran pòz kagou nou tankou ipokrit yo: Y'ap mache ak figi yo rale konsa pou tout moun ka wè y'ap fè jèn. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Konsa, yo tou jwenn rekompans yo".

Menm jan ke Danyèl te deside fè jèn avèk yon kè ki sensè epi enb nan moman konfli ak konfizyon; se menm jan tou nou menm nou kapab fè epi adopte disiplin espirityèl yo tankou jèn (zam pwisan), yon fason pou ke nou fè fas avèk moman ki plis difisil ki gen pou rive yo.

## Kesyon Opsyonèl

- Dekri jèn Danyèl la.
- Ki kèk nan plizyè danje ke yon kretyen ki dispoze pou li fè jèn kapab tonbe?

## II. Seyè a montre Danyèl bote ak bèl glwa li (Danyèl 10:5-9)

Nan Danyèl 10:5-9, nou jwenn istwa jèn jwif sa avèk yon èt ki gloriye, li menm ki fè nou sonje vizyon ke apot Jan te fè nan zile Patmòs la (Revelasyon 1:9-20). Genyen pwen komen ant de ka deskripsyon nan èt gloriye sa. Konsa, nou kapab wè ke nan tou de ka sa yo, èt sa te fèt avèk lò, li te klere depi nan tèt pou rive nan pye avèk limyè, zye li yo te klere tankou yon flanbo dife, epi li te genyen yon vwa ki te sonnen tankou bwi yon gwo foul moun. Moun ke Jan te wè a te idantifye li nan fason sa: "Mwen se moun ki vivan an. Mwen te mouri, men koulye a, mwen vivan pou tout tan. Mwen gen pouwva sou lanmò ak sou peyi kote mò yo ye a" (Revelasyon 1:18).

Kilès moun ki ta kapab doute de ke Danyèl te wè menm èt la, Pawòl ki la pou toutan an nan yon kontèks ki diferan? (Comentario Bíblico Beacon, tomo 4. EE. UU.:CNP, 1991, p.474).

Daprè vizyon Danyèl la, rad nonm sa te gen aspè len, menm materyèl ki te itilize pou fè rad sakrifikatè yo. Epi reflè kò li te tankou loja. Loja a se yon mineral ki kapab pran plizyè kalite koulè lè l'ap bay orijin ak plizyè jèm ki byen bèl, byen chè, e menm nan jou nou yo.

Nan ka pa Danyèl la, vizyon sa ke li te resevwa a , se te pou li sèlman, menm si ke moun ki te akonpanye li yo te kapab santi ke genyen yon bagay ki t'ap pase; se poutèt sa, yo te kouri epi kache paske yo te vrèman pè (Danyèl 10:7). Sitiyasyon sa sanble avèk menm bagay ki te pase nan ka Sòl nonm peyi Tas la, li menm ki te fè yon rankont avèk Seyè Jezi sou wout Damas la. Nan moman sa, tout moun ki te ansanm avèk li yo te rete byen sezi sa ke yo pat kapab wè sa Sòl te wè a; men yo te kapab koute yon vwa ki te konfwonte yo avèk glwa Seyè a (Travay 9:3-7).

Lè nou menm ki kretyen n'ap pase pa kèk sitiayson konfli ki fè nou aflije, nou kapab tonbe nan moman dezespwa ak doulè, oubyen chèche Seyè a avèk plis fòs. Nan moman konsa, disiplin espirityèl tankou jèn ap ede nou konsantre nou nan gwo rechèch sa ki se sekou ak prezans li. Eksperryans Danyèl la fè nou sonje ke pa genyen anyen ki rive nou k'ap kapab chanje bote ak glwa Seyè nou an. Menm nan moman ki plis difisil nan lavi yo, nou menm ki kretyen nou kapab pwoche bò kote limyè prezans li yon fason pou nou kapab jwenn klète ke nou gen bezwen, epi konsa rekipere kapasite pou nou wè sa ki pase nou avèk yon rega espirityèl, avèk yon rega ki soumèt, se pap yon bagay ki di nan reyalite k'ap fè nou soufri, men pito se ak pouwva epi lafwa ke bote ak limyè Seyè nou an antoure nou.

Fas ak bote Bondye nou an, kretyen ki twouve li nan tristès la, epi anpil fwa, ajenou anba pwòp pwoblèm ak difikilte li yo nan lavi, sezisman ak admirasyon pap sifi, men pito l'ap enpòtan pou moun nan konte sou yon kè ki sensè epi ki enb, ki prè pou desann li pou koute vwa li epi fè volonte Li. Bote avèk limyè Seyè a pral konfwonte empèfeksyon kwayan ak nesesite pirifikasyon li. Se poutèt sa, yon se ki anfle avèk ògèy oubyen ki pa pare pou depann de Seyè a ap difisil pou l rekonèt glwa Bondye, okontrè li gen pou l rete ap soufri anba pwòp difikilte pèsonèl li yo.

Fas avèk konfli yo nan lavi, epi espesyalman nan moman afliksyon yo, nou kapab deside chèche Seyè a, sekou avèk prezans li pi plis toujou pou lavi nou. Avèk objektif sa a, jèn nan se yon zam ki plis pwisan ke Bondye ban nou; sèlman, nou dwe evite tonbe nan pyè sa yo k'ap toujou ap aji kont vrè sans disiplin sa ki tèlman enpòtan.

## Kesyon Opsyonèl

- Kisa ki rive lè nou chèche Seyè a avèk tout kè nou?
- Mansyone tout kalite ke yon kretyen k'ap chèche Seyè a nan lapriyè kòrèkteman dwe genyen.

### III. Seyè a bay Pawòl li (Danyèl 10:11-21)

Nan Danyèl 10:11-12, yo mansyone tout sa ke Seyè a te di Danyèl yo avèk tout detay yo. Konsa, touche Seyè a te akonpaye de yon pawòl de rekonfò ak asirans (vv.11-19). Nan yon moman konfli politik ak afliksyon nan kè, Danyèl te gentan priye pandan twa semèn; sepandan, Seyè a te gentan konfime li depi sou premye jou lapriyè li a ke Bondye te gentan tande priyè li (v.12).

Lè nou menm ki kretien yo nou dispoze nou pou ke nou desann nou devan volonte Seyè a avèk fidelite nou chèche li epi nou adore li avèk tout kè nou, nou dwe evite tonbe nan tantasyon al kwè ke Seyè a pa tande lapriyè nou yo, sitou si n'ap travèse yon moman konfli oubyen si genyen afliksyon nan kè a. Okontré nou dwe kontinye pèsevere nan lapriyè, "Pa janm sispann lapriyè. Pa kite dòmi pran nou. Toujou chonje lapriyè pou di Bondye mèsi" (Kolosyen 4:2), epi avèk asirans konnen ke Seyè a tande lapriyè nou yo; sa vle di, avèk yon lafwa ki nesesè pou fè Bondye plèzi, jan ke Nouvo Testaman eksprime l la: "Nou konnen pesonn pa ka fè Bondye plezi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kot Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun k'ap chache li" (Ebre 11:6).

Lafwa okipe yon plas enpòtan nan lavi moun k'ap priye a, moun ki di Seyè a mèsi, ki priye epi ouvè kè li ba Li avèk konfyans konnen ke Li toujou prêt pou l tande kri li. Konbinezon disiplin espirityèl yo tankou jèn ak lapriyè ap ede kwayan an jwenn sa ki nesesè nan Seyè a pou li simonte sikontans ki plis di epi sanzatann yo nan lavi. Seyè a bay pèp li a kapasite pou l soti venkè (e menm nan moman ki pi difisil yo ki sanble menm enposib pou simonte), se pa atravè pwòp efò pèsònèl li yo; men pito paske li depoze tout volonte li yo nan pye Kris la, kote l'ap resevwa lavikta atravè lakwa kòm avantaj.

Li pa posib pou nou konnen anpil bagay sou batay ki te fèt pandan twa semèn avèk prens wayòm Pès la; men nou kapab wè jan batay sa te di ki te menm fè zanj Migèl al chèche envestigasyon (v.13). Pi fo etidyan pasaj sa yo dakò ke "tèm prens lan se referans ak kèk èt sinatirèl ki egzèse enfliyans espesyal sou dosye nasyon yo. Pliske prens wayòm Pès la menm jan avèk prens wayòm Lagrès la (20) nan batay avèk Gloriye a ak sipòtè li a, Migèl, ta sanble enteresan pou wè ke te genyen kèk nan zanj yo ki pat bon zanj" (Comentario Bíblico Beacon, tomo 4. EE. UU.: CNP, 1991, p.474).

Lapriyè a prezante li nan yon moman batay espirityèl; se sa ki fè ke kwayan jounen jodi yo dwe adopte disiplin espirityèl enpòtan sa. Lizay pawòl vid yo, repete oubyen pawòl anpil yo; men san angajman nan antre an aksyon kòm kretien, yo se yon demonstrasyon kriz ke anpil fwa, lizay disiplin espirityèl sa pa itilize. Lapriyè a se yon lòt zam pwisan pou fè rankont avèk Seyè a ak glwa li, menm

jan ke apot Pòl te mansyone li nan 2 Korentyen 10:4-5 kote ke nou li: "Zam m'ap sèvi nan batay m'ap mennen an, se pa menm ak zam moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn yo. Zam mwen se zanm ki gen pouvwa devan Bondye pou kraze tout gwo fòs. M'ap kraze tout pawòl esplikasyon ki pa bon, m'ap kraze tou sa lèzòm nan lògèy yo ap fè pou anpeche moun konnen Bondye. M'ap mare tout vye lide ki nan tèt lèzòm yo, m'ap fè yo vin obeyi Kris la". Menm kretien yo deside inyore dimansyon sa nan lavi kretièn nan, sa pap janm diminye nesesite yon legliz dirab, cho epi fidèl nan lapriyè.

Nan fen pasaj etid la, Danyèl te jwenn lòd pou l'al li "sa ki te ekri nan liv verite a" (v.21). Pwofèt la pa ta koute anyen ki kont Pawòl Bondye; déjà ke li te pare pou moman prezan ak lavni tou.

Jan Wesley rezime sa ki ekri nan Liv la konfòm ak lavi kretien an pandan ke li t'ap pran egzant sou 2 Timote 3:15-17, lè li te eksplike bagay sa yo: "Nan pawòl ke Pòl te di Timote yo, nou aprann ke sa se yon mwayen ke Bondye itilize pou ke non sèlman li bay, men tou pou konfime ak devlope vrè sajès la. Menm verite a ki se: Ke Bondye te etabli mwayen sa pou l fè lèzòm konnen gras li yo..." (Wesley, Juan. Tomo I, Sermón XVI "Los medios de gracia" USA, CNP, s/f, p.244).

Nan moman kote n'ap viv la ke anpil kretien ap sibi tantasyon pou yo bay plas ak anpil doktrin ki pa biblik la, mesaj revele ak Danyèl la fè nou sonje enpòtans ke Pawòl Bondye a genyen pou evalye verite oubyen manti nan nenpòt ansèyman oubyen pratik. Jodi a, nou dwe konsidere Bib la ke Bondye te ban nou an kòm yon règleman final ak otorite nan lavi legliz la. Bib la se yon revelasyon definitif pou kwayan yo, epi li pap janm kapab ranplase pa panse kretien yo. Menm si genyen anpil ansèyman pratik sanble enteresan kòm mwayen pou renouvele legliz la, kretien ki fidèl yo dwe analize yo avèk anpil atansyon avèk limyè Pawòl la.

### Kesyon Opsyonèl

- Ki plas ke Pawòl Bondye a dwe okipe nan lavi kwayan an?
- Ekri yon lis aksyon ke w pral fè pandan semèn nan Pou w chèche Seyè a avèk volonte li avèk plis entansite.

### Konklizyon

Lè nou chèche Seyè a pi plis, Li va ban nou fòs epi li va montre nou chemen pou nou mache, pliske se bote ak ekla li ki fè nou rann nou ak volonte li epi adore li. Nou dwe rekonèt ke Seyè a va gide nou nan Pawòl li tou, li menm ki pap janm kapab ranplase pa okenn lòt ansèyman oubyen pratik chanèl. Seyè a, tankou nan épòk Danyèl la, l'ap chèche kretien k'ap chèche li atravè jèn, lapriyè ak pasyon pou Pawòl li avèk senserite.

# Danyèl ak pwofesi lafen yo

Elvin Heredia (Pòtoriko)

## Pasaj biblik etid la: Danyèl 11:2-39

**Vèsè pou aprann:** “Chonje tou sa ki te rive nan tan lontan. Rekonèt se mwen menm sèl ki Bondye. Pa gen lòt! Se mwen sèl ki Bondye. Nanpwen tankou m’! Depi nan konmansman, mwen te di jan sa pral ye. Depi davans mwen te fè nou konnen sa ki tapral rive. Mwen te di plan travay mwen gen pou rive fèt vre. M’ap fè tou sa mwen te vle fè a.” Ezayi 46:9-10

**Objektif leson an:** Se pou elèv la konprann objektif pratik pwofesi biblik yo, yon fason pou ke relasyon li ak Bondye vin solid.

## Entwodiksyon

Pwofesi biblik yo se te toujou youn nan tèm ki plis enteresan pou kreyen yo, epi asireman se youn nan tèm pi reprezante pi gwo defi pou teyolojen yo. Malerezman, menm konbinezon enteresan ak anvi pou konprann pwofesi yo fè anpil moun devye atansyon yo nan aplikasyon pratik yo chak jou nan lavi kreyèn yo. Avèk afimasyon sa, pa genyen okenn pretèks pou kontrekare merit oubyen enpòtans tèm pwofesi biblik yo; men pito se yon bagay ki genyen yon konsiderasyon ki byen nesesè, lè n’ap antre nan kèk dosye ki “nwa” nan teyoloji a, pa blye ke nan premye pozisyon, genyen kèk nan bagay sa yo ki konn sanble mistè ki soti nan Bondye ke lespri nou pa t’ap janm rive atenn sou tè sa. Yon lòt kote, genyen kèk nan pwofesi biblik sa yo ki akonpli, se sa ki lakoz ke konesans ak konfirmasyon li se yon pati nan reyalite ki defini teyoloji nou an.

E poutan, kòm twazyèm pwen nan vizyon an, genyen kèk nan pwofesi yo ki jiskaprezan fè pati de pwogram akonplisman Bondye, se rezon sa ki fè ke fòk nou byen etidyé yo pou evite konfizyon ak mansonj “fo pwofèt yo”, yo menm ki gen objektif pou twoouble objektif ak esperans lavi ki pap janm fini an. Se poutèt sa, entansyon nou nan leson sa se kreye yon mak pwofetik nan pwofesi Danyèl yo depi yon vizyon nan tan (pase, preznan ak fiti). Se konsa tou, prezante yon analiz pratik sou kòman pwofesi sa yo enfliyanse dinamik nou nan lavi kreyèn nou.

## I. Konsiderasyon istorik ak pwofetik avanse yo (Danyèl 11:2-4)

Avan ke nou antre pi fon nan tèm nan, nou pral bay yon definisyon osijè de pwofesi. Pwofesi. “(Nan langaj laten an se tardio prophetía, epi ki se nan lang grèk propheteía). Don sinatirèl ki genyen kòm objektif fè konnen bagay ki gen pou pwodwi nan yon tan ki byen lwen sou enspirasyon Bondye.

Don sinatirèl pou anonsé Pawòl la nan non epi pa mwayen espirasyon Bondye. Lijman ki fèt sou yon bagay pa mwayen anpil siyal ki obsève ladan yo” (Rekipere nan [www.rae.es](http://www.rae.es)).

Pwofesi ki nan Danyèl 11 lan genyen detay patikilye sou anpil gwo gouvènman ak pouvwa politik ki gen pou afekte pèp jwif la nan moman final yo. Nou dwe remake ke depi sou rèv Nebikatneza a (Danyèl 2), ak vizyon kat bèt yo (Danyèl 7), Bondye te déjà kontinye ap revele Danyèl osijè de kat wayòm mondal yo, yo menm ki ta gen pou parèt avan wayòm Bondye a. Vizyon ki nan Danyèl 11 lan genyen entwodiksyon li nan chapit ki vini avan an, daprè Danyèl 10:I: “Siris t’ap mache sou twazan depi l’ te wa nan peyi Pès lè Bondye fè Danyèl, ki te rele Beltechaza tou, konnen yon mesaj. Se te bon koze sou gwo batay ki gen pou fèt la. Se nan yon vizyon yo te fè l’ konprann mesaj la”.

Aprè sa, Danyèl te prezante kèk detay ki vrèman enpòtan epi ki plis espesifik osijè de kat gouvènman sa yo ki gen pou pran nesans daprè jan ke li te

resevwa revelasyon an nan men zanj ke Seyè a te voye a. Danyèl 10:14 endike ke Bondye te voye zanj lan pou fè Danyèl konnen bagay sa yo: "Mwen vin fè ou konprann sa ki pral rive pèp ou a nan jou k'ap vini yo. Vizyon an fè ou wè sa ki pral rive jou sa yo". Sa montre byen klè konfirmasyon vizyon ki nan Danyèl chapit II lan konsidere tan Wayòm nan ak Pès la, premye a nan kat gwo wayòm sa yo, pou rive jous sou wayòm k'ap la nan tan final la, jous avan retou Kris la.

### A. Eleman pwofetik akonpli

Tout eleman pwofetik ki nan Danyèl chapit II yo déjà jwenn akonplisman yo. Se poutèt sa, katriyèm wa yo pale de li a se wa Atajèkjès (v.2). Wa sa te anvayi peyi Lagrès epi gouvène pandan ane 485-464 av.K. Aprè sa, "wa vanyan an" ki mansyone nan Danyèl chapit II:3 se te Aleksann Legran san dout, li menm ki te rive atenn yon viktwa militè ki plis enteresan nan tout istwa limanite pandan yon peryòd de wit ane.

Danyèl chapit II:4 endike nou ke wayòm sa se ta "Mwen vin fè ou konprann sa ki pral rive pèp ou a nan jou k'ap vini yo. Vizyon an fè ou wè sa ki pral rive jou sa yo".

Sa te akonpli lè ke wayòm Aleksann Legran te vin divize fè kat lòt ti wayòm. Detay patikilye ki montre ke wayòm sa yo pat rete pou okenn desandan Aleksann Legran tou te akonpli lè ke te genyen kat nan jeneral li yo ki te ale epi yo chak te pran youn nan wayòm yo: Antipat avèk ptit li a te pran rejyon ki sou bò peyi Lagrès ak Masedwàn nan; Lisimawo te pran rejyon Trasi a (Tiki ak rejyon Iwès sou kontinan Lewòp); Seleko Nikatò te pran rès Lazi a ak yon pati anlè nan Lasiri; epi Petolome te pran yon pati ba nan Lasiri, Palestin ak Lejip. Se de dènye wayòm sa yo ki mansyone nan pwofesi Danyèl yo kòm dominasyon "wa nò a" ak "wa sid la". Enpòtans istorik pou mansyone de wa sa yo (gouvènman ki kòresponn yo ak tout wa ki ladan yo) yo te dwe ant yo de a jwenn pèp jwif la, pèp Danyèl la. Se poutèt sa ke nan kèk fason, nou wè ke de lòt wayòm yo rete andeyò de pwofesi a, pou bay ouvèti ak wayòm sa yo ki gen pou wè avèk pèp Bondye a.

### B. Eleman pwofetik ki gen pou akonpli

Danyèl chapit II lan pa revele non wa nò avèk sid yo; e poutan, eleman istorik akonplisman pwofetik yo prezante nou non sa yo atravè menm istwa a. A pati de la, sa pa enpòtan pou n'ap kontinye chèche non wa wayòm sa yo ki nan batay, sa ki pap kapab detaye nan leson sa akoz de pwoblèm espas.

Anplis de sa, nou kapab di tou ke ekspresyon "wa nan nò" ak "wa nan sid" la yo se fason ke yo te konn site wa yo depi nan tan lontan nan istwa, se poutèt sa ke yo pa pale de pwofesi yon wa nò ak sid espesifikman; men pito de chak moun ki te okipe yon pòs nan wayòm sa yo. Yon lòt kote, idantite wa tan final sa yo pa defini; pliske detay revelasyon sa yo gen pou wè avèk plizyè pati ki byen koni nan pwofesi a, epi pati sa yo, nan plizyè lòt, yo te gentan gen so sou yo pou tan final la (Danyèl 12:4).

### Kesyon Opsyonèl

- Kisa ke Bondye t'ap revele atravè pwofesi Danyèl 2 ak Danyèl 7, epi li ta konfime li nan Danyèl II?
- Daprè Danyèl 10:14, pou ki dat akonplisman pwofesi chapit II lan te etabli?

### II. Wa nò ak sid yo (Danyèl II:5-39)

Pou nou kòmanse, ann souliye kijan ke gouvènman ki nan nò lavil Jerizalèm nan se te pou wayòm Lasiri a, epi wayòm ki etabli nan sid lavil Jerizalèm nan se te pou peyi Lejip. Istwa anrejistre atak Antyoki Lasiri nan Jerizalèm, ak lagè kont moun makabe yo, yon fanmi jwif ki kanpe fèm kont envazyon gouvènman peyi Lasiri (Danyèl II:7). Aprè sa, soti nan lane 65-30 av.K., ni Lasiri ni Lejip te tonbe fas ak anpi women an.

Kounye a, ann fè remak ke soti nan vèsè 39 ak 40 ("lè moman te rive"), nou gen enpresyon ke te genyen yon mouvman istorik ki te vrèman fò ki gen pou wè avèk kontèks tan final ki pale nan pwofesi a. Sa reponn ak de konsiderasyon istorik:

1. Non wa nan nò ak wa nan sid sa yo nan peryòd tan sa pa rive posib pou moun rive idantifye yo, malgre ke genyen yon gwo konfli ki egziste ant de wayòm sa yo.
2. Petèt rezon prensipal la se paske pandan tout peryòd de tan sa, pat genyen yon nasyon Izrayèl ki te déjà etabli. Kreyasyon leta Izrayèl la nan lane 1948 te make yon akonplisman pwofetik ekstraòdinè; epi depi lè sa a, wayòm nò ak sid (Lasiri ak Lejip) la vin rejwenn enpòtans yo ankò nan moman pwofetik pèp jwif la, menm jan ke nou wè sa nan Lagè pandan 6 jou yo, nan lane 1967.

Pèp kretyen ki t'ap swiv avènman istorik ak pwofetik sa de prè dwe mete atansyon, paske jodi a pliske jamè, tout akonplisman pwofesi yo prèske rive nan bout yo, epi l'ap kontinye vire otou de pèp Izrayèl la. Se poutèt sa, nou dwe swiv relò Bondye a avèk

anpil atansyon nan Mwayen Oryan. Izrayèl kontinye rete kòm pèp Bondye; se poutèt sa, pwofesi ak tan final la ap toujou genyen Izrayèl andedan yo nan mak istorik ak pwofetik li.

## Kesyon Opsonèl

- Ki de gouvènman ke Danyèl te idantifye kòm "wa nan nò" ak "wa nan sid"?
- Ki de konsiderasyon pwofetik istorik ki pèmèt ke akonplisman pwofesi a déjà etabli "lè tan va rive nan bout li"? (vv. 39-40).

## III. Enplikasyon pratik yo (Danyèl 11:5-39)

Nan tout ansèyman ke nou kapab jwenn nan pwofesi Danyèl yo, nou kapab souliye bagay sa yo:

- I. Pwofesi biblik yo konekte youn avèk lòt nan plizyè epòk biblik ak istorik ki differan. Menm pwofesi Danyèl 2 ak Danyèl 9 la sanble gen relasyon ant yo de a, epi yo tout te déjà kòmanse akonpli. Pwofesi 70 semèn yo genyen relasyon avèk Jeremi 25:1-11. Yon lòt pwofesi ki anrejistre nan Revelasyon chapit 17 la tou gen pou wè avèk Danyèl 11; men sa poko akonpli li menm.
2. Akonplisman pwofetik yo se demonstrasyon ak konfirmasyon egzistans Bondye. Depi nan pwofesi Ezayi yo, pase pa Danyèl, nou wè tras yon Bondye ki vrè sou tout lòt fo dye nasyon payen yo, fo dye sa yo ke pèp Izrayèl la te kite Bondye plizyè fwa akoz de yo menm. Kounye a, nan tan ke n'ap viv la, egzamen pwofesi biblik yo tounen vin afime egzistans ak prezans Bondye nou an nan tout evènman istorik lèzòm.
3. Pwofesi ki déjà akonpli yo se garanti ke pwofesi fen tan yo gen pou akonpli vre. Pliske menm istwa konfime verite pwofesi Bondye a ak egzistans reyèl Bondye atravè pwofesi yo, nou pa kapab genyen okenn dout sou egzistans Bondye nou an, epi kòman pawòl li gen pou rive vre jan ke sa te déjà anonse a san manke anyen ditou.

Li enpòtan pou ke nou souliye ke evènman pwofetik ak detay difisil li yo pa dwe fè nou dewoute sou objektif ke nou genyen ki tou trase nan Kris la. Genyen yon danje ki byen grav nan anvi fè fas ak bagay ki gen pou rive yo, epi anpil "fo pwofèt" pwofite kouran teyolojik pou twonpe ak twoouble moun k'ap mache dwat yo. Pwofesi Danyèl yo reyafime nou menm pawòl Jezi yo nan Jan 14:3 kote nou li: "Lè m'a fin pare plas la pou nou, m'a tounen vin chache nou.

Konsa, kote m'a ye a, se la n'a ye tou".

Sovè nou an gen pou l retounen pou nou. Pwofesi ki akonpli yo asire nou verite sa. N'ap rete tann retou li. Sa se pwofesi vrè Dye a.

## Kesyon Opsonèl

- Kisa ke pèp kretyen an dwe kontwole ki gen pou wè avèk pwofesi yo avèk pèp jwif la?
- Ki ansèyman ke nou kapab pran nan pwofesi Danyèl yo pou lavi nou kòm kretyen jodi a?

## Konklizyon

Nan kèk mannyè, pwofesi Danyèl yo te reprezante yon konsolasyon ak yon demonstrasyon pou pèp jwif la ke Bondye pat abandone, malgre ke yo t'ap viv nan esklavaj. Jodi a, nou kapab reyafime verite sa pamí nou ki soti nan Bondye. Nou kapab konfye nou ke Bondye gen pou l akonpli sa ke li te pwomèt nan Pawòl li a, epi malgre tout siyal lafen ki gentan ap manifeste nan dènye tan yo, pèp Bondye a ap toujou resevwa rekompans li.

Yon lòt kote, pwofesi Bondye yo konfime sa ki rele fidelite Li. Pwofesi ke Danyèl te resevwa yo fè nou konnen depi davans moman difisil ki gen pou rive; sepandan, li fè nou sèten kijan ke nou va pote laviktwा sou tout fòs mechanste yo.

## Nòt:

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

# Danyè ak esperans pou demen an

Elvin Heredia (Pòtoriko)

## Pasaj biblik etid la: Danyèl 12:1-13

**Vèsè pou aprann:** “Li di m’ ankò: ‘Bon. Koulye a, Danyèl, fèmen liv la. Sele l’ byen sele jouk lè a va rive pou tout bagay fini. Anpil moun pral bat kò yo pou yo konprann sa k’ap pase. Lè sa a, plis konesans pral gaye toupatou sou latè.’” Danyèl 12:4

**Objektif leson an:** Se pou elèv la konprann pwofesi tan final yo kòm esperans fiti ak delivrans k’ap soti nan Bondye, epi pou sa motive li etabli yon relasyon ki plis pwòch avèk Bondye.

## Entwodiksyon

Pwofesi ki anrejistre nan liv Danyèl yo anonsé nou tan ki gen pou rive yo avèk anpil difikilte pou mond lan. Danyèl chapit 12 la sanble plase nou nan tan istorik imedyat nan restorasyon nasyon Izrayèl nan lane 1948, yon evènman istorik avèk anpil gwo enplikasyon pwofetik pou tan final yo. Anplis de sa, vèsè premye a te kòmanse pandan ke li t’ap fè yon referans ak kontèks yon pasaj ki te déjà mansyone (Danyèl 11:36-45), sa ki montre ke pwofesi ki nan Danyèl chapit 12 la vize tan ke n’ap viv la.

Nou pap pretann eklèsi tout mistè pwofesi sa, nin nonplis antre nan diskisyon ki pa itil yo. Menm pasaj la fè konnen ke genyen kèk eleman pwofetik ki gentan “sele” pou rete tan final la (v.9); men, nou kapab konsidere pwojeksyon pwofetik de sa ki gen pou rive kòm yon opòtinite pou reyafime verite Bondye a pou nou, ak ijans ke nou genyen pou ke nou fè konnen misyon legliz la atravè predikasyon levanjil.

Jezi te site pasaj ki genyen nan Danyèl chapit 12 la nan Matye 24:21: Paske lè sa a, va gen yon gwo lafliksyon moun poko janm wè depi nan konmansman lè Bondye t’ap kreye latè a jouk jòdi a. p’ap janm gen yon lòt tankou l’ ankò. Revelasyon 12:13-17 di nou ke se sa k’ap fè tan tèrib sa rive pran nesans. Li dekri gwo kòlè malen an deklannche kont pèp jwif la pandan peryòd sa. Twonpèt yo, so yo, ak gòdèt ki nan Revelasyon yo, yo tout dekri kondisyon tèrib mond lan an jeneral pandan epòk sa. (Rekipere nan <http://bendicionescristianaspr.com/daniel-12-el-tiempo-del-fin/>, el 23 de diciembre de 2017).

Nou pral konsidere twa pwen enpòtan nan analiz pasaj la pou pèmèt nou pi byen konprann ak aplike pratik la menm.

## I. Yon pwomès delivrans ak rezireksyon (Danyèl 12:1-2)

### A. Elajisman nan dimansyon

Pou premye fwa, nan Ansyen Testaman, yo konsidere rezireksyon an kòm yon rekompans oubyen renimerasyon pou moun ki mache dwat yo. Rezireksyon nan tan final la genyen konsiderasyon li andedan mak libète ke Bondye te pwomèt pèp li a. Depi lè sa, epi jan ke Danyèl sigiere I la nan Danyèl 12:2, Jezi menm te vin mansyone li aprè nan Jan 5:29, rezireksyon nan tan final sa se yon evènman ki apa (“pou rezireksyon lavi”) de lòt evènman ki sanble, avanse epi ki genyen sans diferan de premye rezireksyon sa. Selon Jan 5:29, evènman rezireksyon sa gen pou I rezèv “pou moun ki te fè sa ki mal yo”, epi pou rezon sa a, l’ap vin konsidere kòm yon “rezireksyon pou kondannasyon”.

Pliske déjà genyen yon premye pwofesi sou rezireksyon kòm yon evènman ki separe pou delivrans moun ki chwazi yo, epi pliske evènman sa pwente tou pou moman final yo; ebyen moun ki mache dwat yo nan tan final sa yo (konprann kòm kwayan nan Kris yo oubyen “moun ki te mouri nan Kris yo” daprè I Tesalonisyen 4:16) pral resevwa rekompans yo ki se lavi ki pap janm fini an.

Nan sans sa a, pwofesi ki nan Danyèl chapit 12 la genyen yon pwojeksyon istorik pou pèp Bondye a, Izrayèl, nan tan ki gen pou vini yo epi aprè Danyèl, li menm ki anglobe nou tou jodi a, epi ak tout lòt kwayan nan tout syèk yo.

## B. Migèl, gran prens lan

Figi Migèl nan pwofesi sa se te objè de plizyè konsiderasyon enpòtan akoz de patisipasyon li nan evènman final sa yo. Genyen anpil moun ki konsidere Migèl kòm prens nan mitan zanj yo (akanj); menm jan avèk akanj Gabriyèl, mesaje Bondye a. Migèl prezante nan Bib la kòm yon zanj lagè, li menm ki te vin ede zanj mesaje a (anpil konprann ke zanj sa se te zanj Gabriyèl) pou ke li ta kapab remèt mesaj pwofetik Danyèl la (Danyèl 10:13). Zanj lagè sa parèt kòm lidè lame Bondye a nan gran batay la kont dragon an avèk zanj li yo (Revelasyon 12:7); epi nan pwofesi sa ki nan Danyèl chapit 12, li mansyone kòm "gran prens lan" ki soti bò kote ptit Bondye yo. Nenpòt jan ke konsiderasyon ke pèsoraj sa ta genyen, menm li menm li rann li kont de asirans akonplisman pwofesi a, ak egzistans Bondye a ki pa janm kapab inyore.

### Kesyon Opsyonèl

- Nan ki fason rezireksyon an konsidere nan mak pwofetik Danyèl la?
- Daprè Danyèl 12:2, pral genyen de evènman rezireksyon. Eksplike mak pwofetik tou de.

## II. Tan lafen an (Danyèl 12:3-9)

### A. Misyon pèp Bondye a

Vèsè 3 genyen yon rekompans pou nou menm ki te pote mesaj levanjil la bay tout moun, epi pou nou menm ki rete fèm e fidèl jiska lafen. Se poutèt sa, legliz Bondye a dwe rete fidèl ak Gran Komisyon an. Pou sa ki gen pou wè avèk pawòl pwofetik Danyèl yo, li bon pou ke nou souliye ke nou menm ki se legliz la, oubyen pèp Bondye a pou tan final yo, nou se moun sa yo ki "...konprann [ki] pral klere tankou zetwa nan maten; ak moun sa yo ki anseye foul moun yo jistis, tankou zetwal ki la pou tout tan ak tout letènité yo.

Se pa yon kout chans lè ke Jezi te rele moun li chwazi yo kòm "limyè mond lan" (Matye 5:14). Legliz la genyen kòm responsabilite pou l pote mesaj Bondye a ki pale sou lafen mond lan. Nan gran jan, pwofesi Danyèl la se reyafimasyon jistis Bondye anvè tout moun ki te aksepte mesaj Jezi a. Legliz nan moman ke n'ap viv la gen pou konsidere kòm legliz dènye tan an, epi li te genyen misyon sa depi ke menm Jezi te bay lòd ak disip li yo (Matye 28:18-20), ke nou menm tou nou fè pati de gwoup sa.

### B. "Sele liv la"

Ann nou siyale, sepandan, nan vèsè 4, Danyèl te resevwa lòd pou l te fèmen pawòl yo epi mete so sou liv la, sa ki enplike yon konfizyon pou anpil

moun. Si nou dwe preche levanjil, epi predikasyon levanjil la genyen pwofesi evènman lafen ladan li; Pou ki rezon pou rido a desann tèlman vit? Pou kisa ke genyen kèk bagay nan pwofesi a menm ki difisil pou nou konprann, si menm pwofesi a fè pati mesaj nou?

Ann konsidere kèk pwen. Kòmantè Biblik Matthew Henry mansyone Charles C.Ryrie, konsidere kòm youn nan teyolojen ki te plis popilè nan syèk XX, defansè panse premilenè a, epi li menm ki eksplike sa kontradiksyon aparan sa vle di.

Ann li sa: "Se pa paske siyifikasyon li (pa liv la) te dwe rete san eksplikasyon, men se paske liv la te dwe prezèvè san tach, pou ede lòt moun sa yo k'ap gen pou yo viv nan moman gran Tribilasyon ki gen pou vini an" (Henry, Matthew Henry. Comentario Bíblico de Mattew Henry. España: Editorial Clie, España, 1999, p.970).

Sa genyen plizyè bagay ladan li. Nan premye pozisyon, li te sigjere ke genyen kèk mistè nan pwofesi a ki pap kapab devwale pou legliz dènye tan an, sa ki konvèti mesaj legliz la an mesaj delivrans pa lafwa ke nou preche a.

Yon lòt kote, epi daprè kòmantè biblik Ryrie, sekrè kach kach ak sele yo nan pwofesi yo pral sèvi pou moun sa yo k'ap konprann pyèj antikris la, epi k'ap gide lòt yo tou nan verite a pandan peryòd gran tribilasyon an.

Sa enpòtan anpil; paske san ke nou pa konsidere entèpretasyon sa kòm yon bagay ki presi, sa ap pèmèt ke Pèp Izrayèl la repran misyon li ki lage nan men legliz la nan moman sa, epi pou ke evènman pwofetik Revelasyon Latè Sent reyalize pi vit.

Se poutèt sa ke misyon nou an kapab sibi yon twoub danjere Sen ou vle konnen ak jije dosye pwofetik ki pap janm kapab revele; men pito se pou jiskaske sa nesesè.

Nou genyen mesaj ki nesesè ak espesifik pou ke nou pote a. Piga nou ap fòse pou nou foure tèt nou nan ministè ki pa menm pou epòk sa, ni yo pa pètinan pou misyon ke nou genyen an. Se menm atitud sa ke Danyèl te resevwa (vv.8-9). Danyèl menm jan avèk nou, li te vle konnen tout detay byen detaye epi egzat osijè de mistè sa yo. Genyen anpil moun ki kwè ke yo defini li; se pandan, nou konnen déjà rezon ki fè ke pasaj biblik an kesyon, se paske mistè sa yo po ko revele jiskaprezan, li pap revele non plis nan favè legliz la ki dwe vole pou ale nan syèl. Avèk sa nan lespri a, ann konsidere dènye pati Danyèl chapit 12 la.

## Kesyon Opsyonèl

- Ki misyon legliz la andedan mak pwofetik Danyèl la?
- Pou kisa ke se yon danje pou yon moun pran pozisyon li pou fè yon entèpretasyon konplèt nan pwofesi Danyèl chapit 12 la?

### III. Kesyon Danyèl Ia: Kesyon tout moun (Danyèl 12:10-13)

#### A. Plizyè detay sou zafè tan final la

Vèsè 10 a 12 genyen plizyè eleman ki vrèman enteresan, epi ki te konsidere pami tout posiblité eskatologik ki rekonèt yo. Sa pa gen anpil enpòtans pou nou ta di ke konpreyansyon pwofesi sa mande yon mantalite espirityèl ak asistans dirèk Sentespri a.

Nimewo a se 1290 jou ak 1335 jou ki te parèt nan entèpretasyon pwofesi a kote ke genyen plizyè konsiderasyon espesyal nan peryòd ki rele gran Tribilasyon an. 1290 jou yo reprezante twa zan edmi ki vini aprè peryòd fo lapè a ki pral obsèvè pandan manifestasyon antikris la. Jou sa yo va sekwe pa mwayen yon tribilasyon k'ap tèrib, sitou pou pèp Izrayèl la.

45 jou ki gen pou ajoute yo, epi k'ap konplete nonb 1335 jou yo, sigjere yon peryòd devlopman novo estrateji administratif milenè a. 45 jou sa yo ki vini aprè 1290 jou pwofesi yo sigjere ke pral genyen peryòd netwayaj jeneral, kote ke moun ki te simontre Tribilasyon 1290 jou pase yo pral konsidere kòm moun ki beni (v.12).

Lòt detay ki byen enpòtan konsènan peryòd final yo se ke mechan yo, yo menm ki malgre tout revelasyon ak mesaj ki soti nan Bondye atravè legliz la, y'ap kontinye rete san chanje lide< sa vle di, yo pap konprann ni yo pap kapab disène tan lafen an (v.10). Erezman, epi akoz de gras Bondye, opòtinite pou disène tan yo, resevwa mesaj la epi ale lwen peche a toujou ap kontinye kòm yon royalite. Se poutèt sa, misyon nou kontinye valab, nesesè epi vital pou lavi ki pap janm fini an pou nanm yo. Ann kontinye pésevere nan misyon nou an. Jiskaprezan anpil moun kapab sove.

#### B. Konsolasyon Bondye a

Finalman, Danyèl te resevwa pwomès konsolasyon an nan men Bondye ke tout kwayan nan Kris yo resevwa. Atravè pwofesi sa, Seyè a afime ke rekompans moun ki mache dwat yo garanti nan Jezi ak nan akonplisman pwofesi yo.

Konsolasyon ak garanti sa pap janm disparèt avèk lanmò nou; men pito, rezireksyon moun ki mouri nan Kris yo se pral pou delivrans lavi ki pap janm fini an, epi menm rezireksyon Kris la se premye egzanp asirans ke nou menm nou genyen (I Korentyen 15:20). Se poutèt sa, I 5:kapab repoze trankil I 5konfysans nan pwofesi sa, ak sekirite nan pwomès Bondye yo. Danyèl repoze avèk menm konfysans ke nou menm nou pral fè sa, si nou dwe ale nan letènite a avan retou seyè nou an.

Nou pa dwe doute de verite Bondye a ni de asirans ke Li ofri nan Pawòl li. Pwomès Papa a garanti pa mwayen menm prezans Bondye a nan istwa, ak nan akonplisman reyèl pwofesi yo.

## Kesyon Opsyonèl

- Pou ki rezon ke misyon legliz la kontinye rete valab nan tan ke n'ap viv la?
- Pataje byen brèf kòman sa ke w aprann nan lesyon jodi a enpresyone ou.

## Konklizyon

Pwofesi ki déjà akonpli yo di nou ke Bondye reyèl. Pwofesi ki gen pou akonpli yo di nou ke pwomès Bondye yo pral akonpli. An nou kenbe fèm epi rete solid nan misyon nou. Jodi a se nou menm k'ap klere; paske nou se limyè mond lan. Si nou rete fèm nan Seyè a epi nou akonpli misyon nou; rekompans nou va gran nan syèl la. Travay nan Bondye pa janm an ven (I Korentyen 15:58).

## Not:

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## **Liv edikasyon kretyèn pou jèn ak gran moun yo.**

Bib la pa janm sispann siprann nou ak istwa ak ansèyman li yo. Nou jwenn ladan li anpil istwa anpil moun ki fè nou sezi avèk lavi yo pou jan ke yo te livre yo nan obeyisans anvè Bondye. Chak ane genyen nouvo defi ki parèt nan pawòl Bondye a, yo menm ki ankouraje nou chèche kwasans espirityèl ak yon lavi ki angaje totalman avèk Seyè a.

Chemen verite a nan ane sa prezante 52 leson ki divize an 4 trimès kote nou pral fè fas avèk plizyè tèm tankou:

De lèt espesyal: Galat ak Efezyen  
Lavi entegral kretyen an  
Defi ak rekompans yo : Kwonik yo  
Lavi ak vizyon Danyèl yo

Piga nou janm sispann etidye ak anseye Pawòl la, l'ap ede nou konnen plan Bondye yo pou lavi nou pi byen toujou, “tout sa ki ekri nan Bib la se mesaj Bondye, epi li itil pou anseye moun nan, pou ede li ak korije li, epi pou montre li kòman li dwe viv” (2 Timote 3 :16).

